

Angka 1            Kamis 5 Januari 1865

Juru martani v n

Serat Jurumartani wedalipun saben Kemis reginipun ing dalem setahun 12 rupiah petak.

Pambuka kabar ingkang kakentunaken ing griya pangecapan ing dinten Rebo enjing, badhe kapacak ing serat Jurumartani. pangaosing pamacak wau salarikipun 50 sen kajawi.....serat segel.

Tegesipun salarik larikan ingkang isi gangsal tembung. Regin-ing serat segel ing dalem satembung dumugi 50 tembung ing dalem satembung dumugi 100 tembung, 60 sen pangaosing pamacak wau kedah kabayar rumiyin.

Para priyantun ingkang mendhet Serat Juru Martani ing tahun 1865, sami kaaturan malih, mugi angintuna tumunten arto pengaosing Serat Juru Martai. Menggah mengaos wau manawi anggenipun amendhet sangang wulan laminipun kaetang wiwit saking wulan April dumugi ing wulan Dhesember 1864, punika 9 rupiah, dene manawi pamendhetipun Serat Juru Martani wau, 6 wulan laminipun, wiwit ing wulan Juli dumugi wulan Dhesember 1864, punika amung 6 rupiah.

Sarehning kathah wragatipun Serat Juru Martani wau, ingkang punika badhe andadosaken bingah ing manahipun ingkang gadhah pangecap....saget atampi arta pengaosing serat Muru Martani ingkang kasebut ing nginggil wau, benjing dinten pos ing ngajeng punika, kados ampun ngantos kendel ing pangintunipun Serat Jurumartani dhateng ingkang sami badhe mendhet serat punika ing tahun 1865.

(tidak kelihatan)...ndening para priyantun ingkang apra-jangji, badhe ambiyantoni pawartos kapacak wonten ing Serat Jurumartani, sami kaaturan tumuli.... pawartos wau.

Kulawisudhan

Ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan Ing Surakarta, kapa tanggal kaping 29 wulan Desember 1864 angula wisuda Raden Ngabei Mas Atmaja dados wadana polisi ing Bayalali, kaparingan nama

Raden Tumenggung Suradipraja, kalih dene raden Ngabei Citrawirya kula wisuda dados kaliwon Polisi ing Larangan, karingan nama Raden Ngabei Wiryadipraja.

Pawartos warni-warni.

Serat saking Cilacap anyariyosaken, manawi anyepeng apyun=teng wonten ing lepen Sirap ing Cilacap, awit saking prakawis punika para priyantun ing Cilacap sami kabanjuran, kados ing ngandhap punika.

Jaka Salandrat angsal 8000 rupiah

Jaka Alit angsal 2000 rupiah

Wadana ing Ngadireja, kaliwon satunggi. mantri pulisi kalih, priyantun satunggilipun sami ... 3561 rupiah, sanesipun

priyantun pulisi inggih sami angsal sadaya.

Pawartos ing tanah jawi, katiti mangsan kapung 9 wulan Desember ingkang sampun kapengker, anyariyosaken kawrat ing serat Wewahanipun serat Pawartos tanah Jawi wau, bab pame... la ing tahun 1863 tuwin 1864 kagunganipun kanjeng..... (rusak)...

Tahun punika suda 620.945 pikul, katimbang kaliyan pamedalipun ing tahun ....wisa punika etang bathinipun resik ing dalem sapikul 25 rupiyah, dados...kanjeng lurah sedaya 15,518,900 rupiyah.

Kala ing tahun 1863 pamedalipun gendhis pasir, 1.104,250 pikul, ing tahun 1864 punika kawatawis pamedalipun gendhis wau 1.116.726, pikul datan kala tahun punika mindhak 12.470 pikul.

Dene pandumanipun gendhis para tuwan pabrik ingkang sampun kaparingaken dening kanjeng Gupremen (...rusak) dados gaduhanipun, punika suda wonten saking 200.000 pikul.

Dene pamedal sanesiun punika nila suda wonten saking 70.000 epun sampur.... pamalih Keningar badhe suda kirang langkung saking 10.000 epun amterdam, teh suda 560.000 amterdam, manawi kaetang sudanipun teh wau kaliyan ingkang wonten para tuwan pabrik tahun punika wonten saking 210.000 epun amterdam, katimbang kaliyan ing tahun ingkang kapengker.

(...rusak/sobek) Tuwan Dhokter, Yosodlum ingkang anggadahi pasiten ing sindhanglaya tanah Batawi...damel panggenan

anyarasaken titiyang sakit, sarta kadadosan Dhirektur wonten ing...paringen lilah dening Kanjeng Gupremen, adamel loterei arta kayhahipun, 10.000rupiah. Menggah pamedalipun loteng Rei badhe kadamel wregad angrampungaken pandamelipun griya ing Sindhanglaya, dene bab prajanjiyaning Lotherei, punika ka-pratelaaken wonten ing sangandhaping serat Lotherei, ingkang anyebutaken, badhe anyukani ganjaran ingkang amendhet Loteng Lotherei sawatawis kathahipun.

Pikajenganipun Lotherei punka saestu andadosaken pangaleming titiyang kathah sampun asring kemawon kawartosaken wonten ing serat pawartos ing Batawi bab saenipun siti Sindhanglaya, tuwin awanipun ing ngriku ingkang sami kaliyan awaning tanah.....gadah.... titiyang kathah sami kapotangan panrimah dhateng panggenan wau bab anggenipun anyarisaken sasakit, ing wekasan para titiyang sami pikantuk kasarasan tuwin lejaring manah. Sinten dereng sumerep panggenan wau, enggala kesah dhateng ing ngriku, manawi saged pikantuk liburing sawatawis dinten.

Kala tuwan DOKter Dlum anyumerepi panggenan endah wau, punika taksih wana, nunten.... dening tuwan Dokter Dlum, sanadyan kikirangan wragad ingih kalampahan saged...dados ingkang ambingahaken, amung griya ageng ingkang dereng wonten, dene tuwan dokter.....damel griya wau, amargi kikiranga arta, ingkang punika....ingkang ami.....

---manis ingkang tingal tan kena pinuruk ugi, wit wus tumrap ing rupa wanguning mata, ana kang netyanya, lir dares kukila ratri, yekuu tan kena diniwang, mrih rum manis panduluning, liring duking singgih, lan ngati-atи puniku, datan kena winulang, metyeng pustaka sasuwir, wong basa kapariwarahan. Kang sung wuwulang utama, sakabehe kawruh budi, dayaning

janma ....amangkono, wit timur tekeng ngakir, balek ingkang atmajaku, sakeh ingkang tan...katungkulon ,....utawi santana tuwa kang kajibah. Arang utawa tan ana, kang sura neng ba-pakneki, ....sepuh liyan yeku tanpa gawe singgih, kawulang janma liyaning, karana dhihin lareku, ...tumekeng jaka, rinumatan sakabehing, marang wong tutuwan dadyo rumongsa. Datang gagal saking werdunira sami, kapindhone nurutan jrihing bendu myang gigitik....waluaning, giris awit rumangsaku, tan

nyonggah pragalbanya, tan dungkap kawasisaning, amanungsa kang pinasthiyang. Dadya umat kang madibya, tanjriha mring rama bibi, sanajan kewan tanaya alit samya anggiris mring bapa biyangneki, tuwin kang langkung asepuh, demi tuhuning....kang sung udani, sampurnaning ngaurip neng ngalam donya. Uga datan akaryanya, dene guruneki, wit nggonging maguru ika, wasiyat mituhu maring, kweh ingkang wiyatani, wusing...dong rikang guru, dadya pitaya nyata, yen uriping purna luwih, was tuwrin pribadi tanpa.... Demrih jrih mring srinarendra, tanpa gawe den sunguning, pit sakehing ing ....pawonge purun aji, tuhu kaukum yekti, nadyan tan jrih mring sri prabu, byakta jrih ukum mitutur sembah dununing, yeku riwayat kang neng Jayalengkara. Kabeh kang darmawasita, wus tumrap ing nguni, sruwi wulang reh kang sarta, sanasunu lan papali, katrangan yen wulanging, Jeng Pangran tanpa....ru, wit saderenging ana, wuruk neng Jurumartani, padha wus kalakuan wong tanah jawa. Kanjeng Pangeran arsa byata, murih marang utamning, basaning wau wong jawa, prayoga den aputra santana abdi, lakulawarga sadarum saben narika perdiya, pada amalebu maring, pamulangan Walanda ika. Kang oneng saben nagara, tuwin kutha gedhe cilik kang den degna guru, amulang kawruh lan budi, daya ingkang linuwih, mrih pinter kapwasadarum sarta trang pamikirnya, luwih prayogi, tinembang karya pepethikan wulang.

Kaserat ing Prabapandha, tatanggal kaping 4 wulan Januawari tahun 1865. Katandhan Mas Ngabei Wedadhaekarma.

Tuhan Se, Fanderlinden ing Tulung, angupados mandhor, kathahipun wolu....puna angguta wonten ing patebonan, Balanjani-pun wiwit saking 8 rupiyah badhe kaindhakaken manawi sampaun katingal damelipun, sinten ingkang sami purun anglakoni dados mandhor, dhateng ngapiyambak ing Pabrik Cakra.

Tulung, 7 Januari 1865.

---Para tuwan ingkang ngecapaken Serat Jurumartani badhe kajibahaken dening parentah.....(rusak).

Pananmangsaing ngayuda, datan lenggana driyane, nglungguhi satriya tama tan surud tekandira, mung cipta labuh praja gung, myang anoleh yayah rena. Lan luluhuring reng nguni, wus lawas mukti wibawa, neng ngalengka tanpa tondha, ing mangkya arsa rinusak, dening bala wanara, marma punagining kalbu, suka matiya ing raga. Yogyo malih kang kinardi, tepe palupi kang utama, nateng ngawong kang namane, Prabu Karna Surya

Putra pan kadanging Pandhawa, seje yayah tunggil ibu, suwita aneng Ngastina. Kandel kinasiyan dening, sang aprabu Suyudana, mongka gulagul palugon, manggala golonganing prang,

nalika Bratayuda, narendra karna jinunjung, Senapati ing ngalaga. amungsuh kadang pribadi, prangtandhing lawan Arjuna, Sri Karna suka manahe, dene ta kapassang yogya, rumangsa antuk marga, den arsa malesihipun, sang Aprabu Duryudana. Marmanira angluwihi, denya ngetog kasudiran, ametokaken kaseten, ngadu kaprawiraning prang, wekasan Prabu Karna, kataman warap pra lampus, sumbageng rat Wirotama. Titi kang sudarsa nadi, cinitreng ari anggara, ping lima sakbaning kang lek, warsa wawu sinangkalan, guna trus sabda tunggal, kaspta ing kuruwelut, sajroning windu sengara.

Katandhan, Candradiningrat Pangeran ing Surakarta.  
=====

Kang wilapa kaoatrapan Srinata kusuma adi, Purbaning amangun sastra, ring Jurumartai, pariwaro darmadi, panawung trah pinunjul pangeran Candradiningrat tur luki tatraping tulis wong nyagung ciriyasan kang wuwulnag. Kapya bakta tanpa karya, wit wastu wasiteng nguni, dadya jeng Pangeran duk karya, pariwaro kang linuwih, darpa yun wruh ken maring tondha semaba marang kang tan wruh, mrih kweh syumurupa, yen apanjenengan luwh, Jeng pangran Candradiningrat karya wulang. Dewing makanang wilapa, tuhu pepethikan saking, wuwulang ing kuna-kuna, kang kaowah sawatawis sanadyan wulang nguni, tan tinrapaken puniku, neng Jurumartaninya, pandhining janma ingkang wein sastra samya kweh unngeng wulang ika. De wong mangun kara, ing jurumartani iki, samo awis trang ing sastra, dadya wulang kang tumrap sami, sama tanpa karyeki, mandar sawetara iku, pan samya ing Ngeseman sakweh janma kang udani, Nggoning asru arsa ginunggung mring liyan. Pakirtyaning kang wuwulang, yekti gampang nya linuwih, wong nyaewuh lonakonan malah kweh sujana linuwih, waskitheng pakaryaning, wiyata ring srat manawung, nging srting kewran nganggeya, pribadi wulangan singgih, mila ja srting karya darsari wasita. Traping tata parikrama, andhap asor mring wong tuweki, yeku

wis lama klakyan malah wus duk Nabradama....., deba saha rum manis tumrap ring dhasaring iku, wong pribadi tan owah, tataning janma alinggih, yeku tan kena winulang ing tulis. Nging kudu wruh nglakonnana, sadina-dina pribadi, yen wonten nadyan maca, wulang mau ping sakethi, byakta datan udani, tata pantes sing ngalungguh, krana tan kadarsa, manglunging jangga lemesing, kalambung kalawan pandinging asta. Sayekti tan akang bisa, anglakoni tuduh iki, luya kang wasis abeksa, dhadhap lawung lawun panji, tuwin panungalaning, daruna kaladi-----

## Angka 2 Kemis kaping 12 Januari 1865

### Jurumartani

Serat Jurumartani wedalipun saben Kemis reginipun ing dalem setahun 12 rupiah petak.

Pambuka kabar ingkang kakentunaken ing griya pangecapan ing dinten Rebo enjing, badhe kapacak ing serat Jurumartani. pangaosing pamacak wau salarikipun 50 sen kajawi regining serat segel.

Tegecipun salarik larikan ingkang isi gangsal tembung 26 sen ing dalem 50 dumugi 100 tembung, 60 sen pangaosing pamacak wau kedah kabayar rumiyin.

### Pawartos warni-warni

Samarang kaping 19 Dhesember, serat saking Brebes katiti mangsan kaping 7 wulan Desember ingkang sampun kapengker anyariyosaken, manawi sitinipun redi Bongkong tuwin Kendheng ing distrik Demak ingkang sami celak ing ngriku, kalampahan ngantos angrisak griya kathahipun sadasa awit saking kaurugan 9ng siti, saben gangsal bau tuwin uwit kopi, 1100, sami kaurugan ing siti, ananging rahajengipun boten wonten tiyang ingkan pejah kaurugan ing siti.

Menggah pratelaning pitunan ingkang resik pangetangipun awit saking kaurugan ing siti, punika dereng wonten, para tiyang sami pangajeng-ajeng dhatengipun komisi ingkang bade amrik-sani bab patuna wau.

Tuwan Dokter Blandet amratelakaken wonten ing panglempakanipun ingkang sami amarsudi kawruh, prakawis tilem ngantos lami, tuwan dokter punika miwiti anyariyosaken bab lampahan-ingkang sakalangkung elok ing ngatasingipun prakawis wau, punika kenging kapitados alelendhehan ing kasagedanipun tuwan dokter wau, menggah cariyosipun makaten, wonten tiyang estri ngumur 20 tahun, punika tilem seket dinten laminipun boten mawi medhot pedhot, lalampahan punika kala ing tahun 1954 punapa malih ingkang sakalangkung sanget elokipun, manawi tiyang estri wau panuju ihg wanci enjing kala wiwitipun ing tahun 1862 atilem malih ingkang boten saronta, tanginipun kala ing wulan Maret 1863, sasaged-saged tiyang estri wau

kajampenan kalayan jampi ingkang saalakung keras, supados angicalna anggenipun tilem wau, ananging tansah tilem sakeca kemawon, menggah ambekanipun tiyang estri ingkang tilem wau, punika meh boten katawis, keduting keteg sakalangkung alon, cahyanipun sae tuwin katingal seger karasan, dene salamini-pun tilem inggih boten anedha.

Serat Pawartos padagangan ing Japan anyariyosaken kados ing ngandhap punika prajuriting baita kapal amrikah kathah ingkang sami wonten ing Japan, sareng dumugi.....(rusak).....japan punika anitih Joli karembat ing abdinipun, ing sanalika para prajurit sami sumingkir

saking margi, mawi akutmat kalayan angewahi panyepenging sanjata, kados ingkang sampun dados ngadatipun ing tanah ngriku, pangintenipun para abdi ingkang sami angrmbatjoli, manawi para prajurit wau mirantos badhe anempuh dhateng pangagenging tanah Japan abdinipun sadaya, mila kaget sanget, sarta tumunten sami lumajeng, angebrukaken joli wonten satengahing radinan, ing waktu punika pangagenging Japan katilar ing ngabdinipun sadaya, sarta kedah angupados gesang piyambak, pangageng wau ingkang rumiyin sakalangkung kaget ing manah saking ajrihipun, ananging sareng aningali manawi para prajurit wau sami gumujeng, tumuten pangageng punika andugi, manawi boten wonten kawatosing manah lajeng aduduka ingkang sakalangkung sanget, kadadosanipun ing wingking, bilih para abdi ingkang sami andherek kathahipun gangsal welas, sami kaparingan lilah luwar saking paukuman, manawi purun sami ambedhel wetengipun piyambak-piyambak.

Serat saking Bojanagara anyariyosaken kados ing ngandhap punika.

Ing dhusun Dhandhangilo dhistrik Tinawun bawah Kabupaten ing Bojanagara, wonten sumberipun ingkang amedalaken lisah latung, sapunika saking karsanipun Bupati ing ngriku amundhut lisah latung wau kathahipun sawatawis, lajeng kacoba dipun gadhog kalayan kapahat, kadamel lisah dilah, kadadosanipun prayogi. Menggah warnipun bening, sampun sami kaliyan lisah siti ingkang saking nagari Walandi, wekasan sampun kacoba

dipun suled ing latu, urubipun inggih prayogi.

Subrangtaning tyas marsudi, Jeng Pangeran Cakradiningrat, mangun wasita kinaot, denya mrih raharjeng janma, kang si-nungka utaman, traping kawajibanipun, hyang punggelleh wus linakyan. Engeta tepa palupi, kang pantes sinudarsana, wong Wirata malebete, cukuping reh mangkupraja, denya mong para wadya, samya nilada silarju, kalakuwan kang utama. Kaya caritaning nguni, Prabu Arjunawijaya, ing Maespati prajane, kang minongka andelira, aran patih Suwonda, dene lalabuhani-pun, anetepi tri prakara. Guna kaya puru nenggih, kang den antepi ing tekad, nuhoni trah utamane, lwirre kang satunggal tunggal, labuhan tri prakara, buna iku tegesipun, bisa sanis-kareng karya. Pinarsudi ing pembudi, dadining sarwa widanda, ngungkulana sasamane, kawula iku yektinira, duk bantu prang Manggada, Jayengrana wekasipun antuk tawan putri Dhomasa. Kabeh katuring narpati, dene purune punika, wus tetela kayek-tene, duk prang tandhing lan Rahwana, Suwonda mati ngrana, anganntepi tyas pinuntu, teteping prawiratama. Wonten tutulan dan malih, satriya gung ing ngalengka, Sang Kumbakarna namane, tur iku warna raksasa, parandene tyas arja, anggayuh utama tuhu, prayoga yen tinulada. Nalika wiwiting jurit, prajeng Ngalengka samana, Sang Kumbakarna ature, maring raka mrih raharja, nanging Sri Dasamuka, tan keguh ing ngatur tuhu, dening amungsuh wanara. Sang Kumbakarna tumuli.....

Kabingahaning ngagesang ingkang kalebet ageng punika pawong-mitran, salaminipun amimitra satuhu tuwin mesep ing manah, amesthi boten wonten sumelangipun manawi andadosaken...ageng,

ingkang karaosaken ing titiyang wonten salebeting ngalamdu-nya, angindahaken kabingahan, sarta amayaraken kangelaning ngagesang manawi titiyang sami gadhah rumaos resep dhateng pamimitran wau.

Sanajan awis para raja kagungan mitra ingkang temen-temen ing manah, inggih ugi boten kikirangan tutuladan ingkang kalebet ing carios, punika ayektosaken, manawi pamimitran tuwin katemenan para raja boten kikilapan, kados ing ngandhap

punika cariyosipun.

Hendrik ingkang kaping 4 raja ing Pangkrik akagungan mitra ingkang temen temen ing manah, tuwin sakalangkung kathah pangowelipun dhateng kangjeng rara, kasagedan tulus kasaenan manah tuwin katemenanipun angindhakaken resepung galihipun kanjeng raja dhateng Hertolsuli, sarta andadosaken perlu sanget, Hertosul lir boten saged awicanten ingkang amung adamel mamanis kemawon, manawi wicanten ing saleresipun boten mawi tedheng alingaling, dene sang nata ingkang kabrangasan sring duka manwi kaemutaken datengHertohsuli, ananging manawi sampun ical dudukanipun, mindak rumaket anggenipun amimitran kaliyan Hertosuli, sarta mindhak....dadosipun dhateng Hertosuli wau kadadosanipun anyamahaken ing pangawon-awonipun para priyantun ing salebeting kadhaton dhateng Hertosuli, para priyantun punika sami se..... dhateng Hertosuli awit saking kameren sihipu Kanjeng Raja dhateng Hertosuli wau.....Raja angandika: sawatara ana kang padha awawadul, lan asring ana sababee ing wawadule....Hertosuli wawatakane kasar lan ora sabaran, sarta asring amadoni, ana kangngarani, manawa Hertosuli kaduk kawanen lan pakarepane amung angangarah, apa dene angendel-endelake ing pikir lan pagaweyane, sarta ora angajeni ing pamikir lan pagaweyan, kang iku ingsun abelaka, menawa Hertosuli iya isih anduweni kaluputan...ing prakara mau, ewadene katesnane ingsun marang Hertosuli ora suda sathithik-thithikan. Kaluputuning wis ora ingsun pikir, malah mundhak banget ing pangaji-ajine ingsun, sarta ingsun ora aninggali Hertosuli, amarga Hertosuli tresna satuhu marang ingsun, angarep-arep kalayan kekencenganing ngati mung suwur kurmatan kaluhuraning sun tuwin karatoning sun, wasana ingsun abelaka, sanadyan Hertosuli ora lumrah ing wong akeh pikire lan kapara bara ngan..... ingsun durung anemoni wong kang bisa amupus ing kasengkelan ingsun, kajaba ngemungake Hertosuli dhewe.

Priyantun ing....ingkang sami kamoren ingsihipun ...dhateng Hertosuli.....rurukunanwaheaken dhataeng Hertosuli.....kawon-kawonanipun dhateng Hertosuli boten wonten kayektosanipun, tumunten sa....king utusan titiyang ingkang sampun tondha ing katemenanipun,kapurih atiti pariksa ing ka...waktosanipun, wekasan pangawon-awon wau dora sadaya, dados tetepana piarsa Hertosuli boten gadhah kalepatan, nunten Kanjeng Raja Rumaos boten saged yen apisah alami...lami kaliyan Hertosuli, ing nalika punika lajeng kaupadosan dhateng Kanjeng Raja, sareng sampun....kapanggih

kaliyan Hertosuli, Kanjeng Raja lajeng andangu Hertosuli,  
"apa kowe oraarep matur apa apa marang panjenenganipun",

wangsulanipun Hertosuli, manawi Boten badhe matur punapa-punapa. Sareng makaten Kanjeng Raja lajeng ngandika malih, ingsun arep tutur apa apa marang sira. Ing waktu punika Kanjeng Raja atindak lumampah kaliyan Hertosli, ingkang karangkul ngantos kapung kalih dening Kanjeng Raja, Panfandi-kaningpun makaten: Mitraningsun wis ana rongpuluh tahun ingsun anguningani bab katemenan lan rumaketmu marang ignsun, ingsun kongsi angenengake marang sira kang ....tah, mulane karsaningsun saiki, anjateni marang sira bab pawartane mungguh ing ngatas sira, ....padene sakehing paeka kang tindakake amurih sulayaning sun lawan sira, kang iku panjenengan ingsun maring sira, ing yasa jarwaha aja nganggo wedi-wedi, ingsun ora bakal andukani sathithik.....ka marang sirra bab pambalanira. Sampunipun sami amratelakaken kathah kathah prakara ....nginggil wau, tumunten tetela manawi Hertosuli resik boten gadhah kalepatan dhateng sang nata, ingkang lajeng rumaos kasengkelan ing panggalih, awit sampun sumelang saked-hap dhateng rumaket tuwin katemenanipun Hertosuli dhateng Kanjeng Raja, dene Hertosuli kagendheng ing manah bab kaduwunging galihipun sang nata, tumunten badhe anyungkemi sampeyaning kanjeng raja, ananging kapabengan dening pangandikanipun sang nata ingkang makaten: Ahsuli, aja nyngkemi sampeyaningsun, awit ana wong kang nginjem, mbok manawa ong iku angarani manawa ingsun aparing sun aparing pangapura marang prakasira, sasampinipun ngandika makaten, lajeng tindak wangsul, mawi angantri astanipun suli, tumunten ngandika dhateng para priyantun ingkang sami anganjeng-ajeng wangsulipun sang nata: ingsun tutur marang sira kabeh, yen katresnanin sun marang Hertosuli luwih banget saka sabene. Tumunten sang Nata angandika dhateng Hertosuli, sira mitraningsun, aja pegat ing tresnanira, angladeni marang ingsun, kaya kang wus kalakon.

Angka 3-----Kemis kaping 15[error for 19] Januari 1865

Jurumartani

Serat Jurumartani wedalipun saben Kemis reginipun ing dalem setahun 12 rupiah petak.

Pambuka kabar ingkang kakentunaken ing griya pangecapan ing dinten Rebo enjing, badhe kapacak ing serat Jurumartani. pangaosing pamacak wau salarikipun 50 sen kajawi regining serat segel.

Tegecipun salarik larikan ingkang isi gangsal tembung 26 sen ing dalem 50 dumugi 100 tembung, 60 sen pangaosing pamacak wau kedah kabayar rumiyin.

Ing serat Jurumartani tanggal kaping 29 Dhesember ingkang saweg kapengker punika, kula amaos wulang kang kakidungaken yasanipun kanjeng Pangeran Ariya Cakradiningrat, sarehning boten anyondongi saking kaengetan kula, mila kaliyan serat punika kula amratelakaken pamanggih kula:

Kanjeng Pangeran anggenipun yasa wuwulang, aming badhe andehaken tondha asmanipun ing kathah kemawon, sumados samiya sumerep yen wonten panjenenganipun kanjeng pangeran wau, dene cariyos ingkang dipun pratelakaken sadaya memethikan sa-kingserat kina kina ingkang sawatawis dipun ewahi, mila sanajan wulang wau dipun ecapaken ing serat Jurumartani, sayektos sampun kathah tiyang ingkang sami sumerep sadaya ingkang sami saged maos serat kabar punika, saestu sampun kathah ingkang wuninga, mila ngadados tanpa damel malah sawatawis kaeseman ing kathah anggenipun sanget karsa kagungunging sanes.

Dene pandamelipun wuwulang, sanget gampilipun ananging pakewed ingkang nglampahi, malah kathah tiyang ingkang damel wuwulang tumraping serat nanging asring boten saged angangge piyambak.

Bab traping tata tuwin parikrama, andhap-asor dhateng tiyang sepuh, punika sampun sami kalampahan ing salaminipun malah sampun awit kala panjenenganipun kanjeng Nabi Adam.

Wondene basa Arum pancen dhasar bektanipun tiyang piyambak-piyambak.

Dene tatanipun tiyang lenggah, boten kenging kawulang medal saking serat nanging kedah uninga tuwin ngalampahi ing sadinten-dintenipun piyambak, yen tiyang dhusun sanajan maos pawulang punika kaping sewu, saestu dereng sumerep tatanipun lenggah ingkang pantes awit boten wonten ingkang dipun telad.

Bab mangungi Jongga, lemesing lambu sarta panudingipun asta, tuhu boten wonten ingkang saged anglampahi, kajawi tiyang ingkang sampun baudeksa dhadhap Panjilawung saha sapanunggalanipun awit sampun kagladi alit mila.

Makaten ugi manising tingal boten kenging kawulang, amargi

sampun tumraping rupi sarta wanguning mripat piyambak piyambak wonten tiyang ingkang mripatipun kados seksi darees punika boten kenging kaewahan amrih manisipun.

Dene dugi prayogi tuwin ngatos-atos boten kenging kawulangaken kalayan serat tan delanceng sasuwir, ananging kedah menadal saking pamulangan kang amulangaken ing sadayanipun wruh ing budidaya, makaten punika pamulangipun kedah awit taksih alit dumugining ageng.

Lare kang katungkulon dhateng tiyang sepuhipun awis utawi boten wonten ingkang purun dhateng rama ibu sarta tiyang sepuh sanesipun, sabab kang sapindah, lare wau awot bayi dhumateng akir balek dipun rimati dhateng bapa bibinipun utawi dhateng tiyang ingkang kajibah, dados sami rumaos kawajibanipun piyambak akurmat dhateng tiyang sepuh wau.

Ingkang kaping kalih, anggening ajrih sarta nurutan amargi yen boten makaten ajrih dipun srengeni utawi kagitik dados amesthi ajrih saha miturutipun makaten ugi dhateng tiyang sepuh sanesipun anggening ajrih sabab rumaos kirang rosaning awakipun sarta dereng dungkap kasagedan tuwin pamanggihipun, punapa malih manungsa ingkang kaganjar luhur piyambak saking saminipun umat botena ajrih dhateng tiyang sepuh sanajan kewan yen taksih alit sadaya sami ajrih dhateng ingkang langkung sepuh.

Ajrih sarta kurmatipun titiyang dhateng guru kang anedahaken sampurnaning ngagesang, tan padamel kawulanga malih, alit purwanipun wonten tiyang gugaru, sabab sampun niyat badhe mituhu waulangnging sadaya, sampunning condhong ing wulangi-

pun tuhu lajeng pitados yen gesangging sampun dipun sampurna-kaken dening guru, saestu lajeng ajrih piyambak tanpa pitedah malih.

Dene ajrih dhateng narendra, punika sampun amesthi, sabab sinten tiyangngipun ingkang boten ajrih, yektos badhe kaukum saupami boten ajriha ing ratunipun saestu ajrih dhateng ukumanipun.

Wondenten wulang dunungnung sembah, sadaya sampun kasebut ing serat Jayalengkara, wuwulang ingkang sae, sampun sami kapratelakaken ing serat Wulangreh, Sanasusu, Papali saha sapiturutipun cariyos ingkang kina-kina.

Katranganipun yen wuwulang yasaning kangjeng Pangeeran wau tanpa damel awit saderengipun kanjeng pangeran yasa pitedah, sampun sami kalaphaan sadaya dhateng tiyang jawi.

Dene yen kanjeng pangeran karsa amurih dhateng kasaesnanipun bongsa kula tiyang jawi, prayogi putra santana kulawarga tuwin para abdinipun alit utwinemneman sami dipun sedi beditten malebet a ing pamulanga jawi tuwin walandi yasaningpun kanjeng Guermen ingkang wonten ing saben nagari sarta kitha ageng alit kang amulang sadayanipun kawruh ing budidayaning manungsa, supados samiya pinter ...tatrag ing pamikirripun punika sayektos langkung utami katimbang kaliyan pemethikan wulang sae ingkang kacithakaken ing serat .....Kaserat ing Praba Pandita tanggal kaping 4 wulan januari tahun 1865.

Katandhan, Mas Ngabei ing Wedadhaekarma.

Cariyos Aneh

Ing karaton Maroko tanah Afrikah wonten tiyang julig sawatawi

s kathahipun, sami sowan dhateng ngarsanipun Kanjeng raja ing Moroko, lajeng sami munjuk ing sang nata manawi saged anenun rimong ingkang endah ing warni, sarta gadhah sawab angerameramaken, tuwin wawatekipun amung katingal manawi katingalan dhateng tiyang ingkang medal saking semah ing ngajeng, dene anawi katingalan ing titiyang ingkang medal saking wingking, punika boten katingal.

Kanjeng raja sakalangkung suka ing galih, amireng aturipun para juru tenun wau, ciptaning galih manawi badhe kathah pikantukipun arta ingkang badhe angebaki gedhonging arto

nagari, amargi ing ngatasipun bongsa koja amung anak ingkan g medal saking semah ing ngajeng saged pikantuk warisan saking titilaraning tiyang sehipun, dene anak ingkang medal saking wingking boten pikantuk punapa-punapa saking pandumaning titilaran wau, dados manawi boten wonten anakipun ingkang medal saking ngajeng, warisan wau ingkang darbeni nagari.

Kala semanten Kanjeng Raja dadawah, anyadiyani griya ageng stunggil dhateng para Juru tenun, sarta sami kaparingan samukawis badhe kangege ing pandamelipun rimong ingkang sakalangkung kathah ajinipun, kadosta kaparingan mas, mutiara, sukra ingkang kathah pengaosipun, benang mas tuwin pethakan punapa dene sang nata amaringi abdi ingkang sami angladosi para juru tenun ing salaminipun anenun rimong wau, wah para juru tenun kaparingan tedhanipun ingkang medal saking nagari.

Sasampunipun angsal kalih tahun anggenipun anenun rimong, kasabaraning nagari tuwin Kanjeng Raja judheg, amargi sampun kathah sanget wragadipun panenuning rimong, mongka dereng wonten kadadosanipun, sareng makaten tumunten wonten Juru tenun ingkang satunggil sowan ing ngarsanipun sang nata, angunjuki uninga, manawi rimong sampun rampung, akathah kathah pangalemipun Juru Tenun wau dhateng kakaendahaning rimong, sarta sang nata kaaturan aningali, Kanjeng Raja boten karsa nyoba aningali rimong rumiyin, amargi kuwatos ing ggalih, nunten angutus priyantun satunggil saking kadhaton, kapurih aningalana rimong ingkang saweg dados, priyantun punika lajeng kenging lumebet piyambak dhateng ing griya panggenanipun anenun rimong, supados aningalana rimong ingkang badhe damel eram memanahipun, sareng makaten para juru tenun sami amratelakaken kaendahaning rimong wonten ing ngajenganipun priyantun wau, adnadosaken sakalangkung gumun tuwin kuwur ring manahipun, amargi boten aningali punapa-punapa. Priyantun wau ajrih manawi angakenana boten aningali punapa-punapa, awit badhe kawastanan anak ingkang medal saking wingking, amangke sanadyan boten aningali punapa-punapa, kedah angaken manawi aningali rimong, tumunten enggal angalem kathah kathah dhateng kaendahaning rimong, sarta lajeng anyaosi pratela bab kaendahaning rimong wau dhateng sang nata.

Sang nata angutus malih priyantun satunggal saking kadhaton, priyantun punika inggih ajrih, bingung, samubarang..... gadhahanipun badhe kapendhet ing nagari, mila lajeng angalem dhateng kaendahaning rimong, .....boten aningali punapa-

punapa, inggih angalem ugi, dene priyantun sanesipun ingkang

kautus ing kanjeng raja aningali rimong, inggih kados makanan, lajeng sami angalem dhateng kaendahaning rimong ingkang boten wonten kawujudanipun, amargi ajrih ajrih manawi barang darbekipunkapendhet ing nagari.

Wasana kanjeng raja piyambak ingkang tedhak, badhe nyoba aningali rimong, sareng dumugi ing panenunan, para juru tenun sami arubung wonten ing ngriku, wonten ingkang ngalem sekarانing rimong, wonten ingkang angalem mutiaraning rimong, kaupamekaken kados ebun, kathah kemawon pangalem ming para juru tenun satunggil tunggilipun, nunten kanjeng raja anyelaki panenunan, galiphipun sangsaya kekes, sarta sotyanipun sangsaya wiyar anggenipun angeleken, ananging boten aningali punapa-punapa, dados ingkang kacariyosaken sareng juru tenun tuwin para priyantun ingkang kathah-kathah wau, boten wonten wujudipun, andadosaken sakalangkung kuwuring galihipun snag nata, ngantos amedal riwenipun darodosan, ciptanipun sang nata, bilih boten aningali rimong ingkang kacariyosaken ing titiyang kathah wau, inggih saestu dede putranipun ingkang rama kanjeng raja swargi, sarehning sang nata rumaos ajrih manawi badhe kaundur saking panjenenganipun dados nata, kados ingkang sampun dados anggering nagari Moroko (Maroko), mila sang nata lajeng enggal tumut angalem dhateng kaendahaning dadamelanipun rimong para juru tenun. Sareng sang nata kondur wangsl dhateng kadhaton, sakalangkung kuwuring galihipun, manawikacariyos, amesthi boten cekaping tembunganipun.

Wiwit kala sang nata angalem dhateng kaendahaning rimong, nunten misuwur ing salebetung nagari Moroko bab kaendhaning rimong wau, para juru tenun kaupamekaken dewa, dene kasaenaning kantukipun saking rimong dhateng nagari sakalangkung anggenipun sami anyuwuraken, sinten ingkang purun purun ambeni, amesthi badhe tiwas, lepatipun karampok, inggih kalebetaken ing katung kadodoman rapet lajeng kakelem ing toya.

Kuwatosing galihipun sang nata sangsaya wewah-wewah, tumunten sang nata arembagan kaliyan pangagenging prajuritipun, ingkang etang kalebet tiyang saged wonten ing salebetung nagari

Moroko, pangageng punika lajeng dhateng ing panenun, ing sanalika sumerep manawi nagari tuwin sang nata sami kaapusan, ananging pamanahanipu titiyang kathah angrujuki dhateng para juru tenun, dene kanjeng raja katawis manawi taksih kenceng ing pitadosanpun, bilih pangagengng prajurit badhe boten angetohaken kasuyudaning titiyang kathah dhateng piyambaki-pun, sarta boten purun angetohaken bondha tuwin sejahipun, mila sakiten dereng dumugi ing mangsaning amiyak ing kayekto-saningpun, aturipun pangagengng prajurit dhateng sang nata, akathah kathah pangalemmipun dhateng kaendahaning rimong.

Atur makaten punika dadosaken wewahing kasengkelanipun sang nata, ingkang lajeng boten sumelang ing galih bab kasangsara-nipun, ciptaning galih manawi dede putranipun ingkang rama kanjeng raja swargi, sarta kedah angrawati wawadosanipun.

Kala samanten tumunten wonten dinten pasamuwan ageng, para abdi sanagari tuwin para priyantun sami darbe panuwun dhateng

sang nata, kaaturan miyos siniwaka mawi angagema rimong endah, supados kenginga katingalan ing para abdi sadaya, sang nata kabentel anuruti ingkang dados panuwun wau awit saking kuwatosing galih, anunten para juru tenun sami ambekta rimong endah ingkang boten wonten kawujudanipun, kabekta lumebet dhateng kadhaton, mawi kakurmatan sakalangkung ageng ing pambektanipun wau. Sareng makaten sang nata kalukaran pangag-emipun dening para juru tenun, sarta lajeng kaageman rimong ingkang boen wonten kawujudanipun wau, sareng sampun, para priyantun lajeng sami sujud angaras siti sarwi amumudya pangalembana dhateng rimong endah, ananging amung sang nata ingkang tansah wewah kasengkalaning galihipun, pangraosipun sang nata, manawi ingkang sariraboten rumaos angem punapa-punapa, malah pangraosipun manawi kawudanan denng para juru tenun wau, dados lajeng jumeneng wuda wonten sangajenganipun para abdi sadaya.

Para abdi alit sadaya sapuun lami sami sumerep bab kukuwatan-ing sawabipun rimong, mila sareng sang nata tedhak saking kadhaton, sami angalem kathah-kathah dhateng kaendahan tuwin saening warni punapa dene kathahipun raja brananing

rimong.

Ing wekasan wonten tiyang satunggil ingkang boten gadhah punapa-punapa, sarta boten angajeng-ajeng wawarisan, punika gumujeng sanget sareng aningali sang nata, wicantenipun, manawi boten aningali punapa-punapa sanesipun anjawi sang nata wudu, sarta manawi titiyang sanagari sami ewah sadaya, awit purun katubeda ngantos samaten laminipun, sareng makaten wonten malih tiyang ingkang boten badhe kecalan warisan, awit saking boten gadhahipun pusaka, awicanten manawi boten aningali punapa-punapa, tumunten wonten tiyang satunggil kalih sanesipun sami purun awicanten ing saleresipun, wekasan saderengipun sonten tiyang ing salebtng kitha sadaya sami condhong ing manah, amastani manawi sami kaapusan. Sareng snag nata kondur angadhaton, dumugi wonten ing sangajenging korining kadaton kapethuk kaliyan saradhadhu satunggil ingkang amangambek wanter, punika matur dhateng sang nata manaten: Gusti, kula boten apraduli manawi kawastanan anak medal saking wingking, kula abdi dalem ingkang temen-temen dhateng panjenengan dalem, sarta kawajiban umatur ing sayektosipun, mila ing make kula matur ing panjenengan dalem, pejah gesang kula sumongga ing karsa dalem, panjenengan dalem punika boten angagem rimong, malah boten angagem punapa-punapa, panjenengan dalem wuda blejed.

Sang nata ingkang rumiyin boten pitados ing aturipun saradhadhu wau, nunten amireng raraosanipun para abdi sadaya bab pangapus wau, dene para priyantun inggih tumunten wiwit sumelang ing manah dhateng kayektosanipun, wekasan juru tenun sami katimbalan, supados amratelakna ing kayektosanipun, sarta anykanana etangipun raja brana ingkang sampun kangge ing pandamelipun rimong, punapa dene anedahna kasaenaning pikantukipun rimong dhateng kanjeng raja tuwin nagari, ananging para juru tenun sampun sami minggat sadaya.

-----

Para tuwan ingkang ngecapaken serat Juru Martani badhe kajibahaken dening parentah, bab pamacakipun warnining pawartos

ingkang boten mawi tondha astanipun ingkang ngintunaken.  
Kaecap ing surakarta wonten ing pangecapanipun Tuwan De Groot  
Ko lef en ko



Angka 4 Kemis Kaping 26 Januari 1865

Serat Jurumartani wedalipun saben Kemis reginipun ing dalem setahun 12 rupiah petak.

Pambuka kabar ingkang kakentunaken ing griya pangecapan ing dinten Rebo enjing, badhe kapacak ing serat Jurumartani. pangaosing pamacak wau salarikipun 50 sen kajawi regining serat segel.

Tegecipun salarik larikan ingkang isi gangsal tembung 26 sen ing dalem 50 dumugi 100 tembung, 60 sen pangaosing pamacak wau kedah kabayar rumiyin.

Kulawisudhan sapanunggilanipun

Kanjeng Tuwan BMW, Panderkah, Asisten residen ing Cilacap, ing mangke kakula wisudha dhados Residen ing Kediri.

Tuwan Eyesese, Naimanes tuwin tuwan Minter Ye, pangkat Open Kalih pisan dados priyantun kareh dening Kanjne gTuwan Residhen ing Lampung, ing mangke sami kakulawisudha dados Kontrolir Dherdheklas saking paparentahan lebet ing Pare-sidhenan Lampung wau.

Tuwan Gehenbein tuwin tuwan M.Y.Panerep talmanip, kalih pisan dados priyantun kareh dening Kanjneg Tuwan Asisten Residhen ing Bangkahulu, ing mangke sami kakulawisdhia dados Kontrolir Dherdheklas saking paparentahan lebeting asisten Residenan ing Bangkahulu.

Ing serat kakancinganipun Kanjeng Maharaja Walandi, atiti-mangsan kaping 10 Oktober 1864 angka 43 tuturutaning serat kakancinganipun kanjeng Maharaja wau, ingkang titimangsa kaping 22 Maret 1864 angka 71, punika amratelakaken anggenipun amaringi ganjaran minongka kurmat prakawis prang wonten pasiten ing Cantong tanah Borneyo kidul tuwin wetan, wiwit kala kaping 26 dumugi kaling 30 Agustus sarta prakawis prang wonten tanah ing ngriku, kala wulansepu Desember, 1861, dumugi ing wulan Februari 1863 bab prakawis prang ingkang kantunwau Kopraling prajuritan Fanteri ing bregada Nederlan Indiya, anampelan Saingel kaliyan Se, Nastiles, sami kakulawisudha dados Lider saking Wilem Ardhepirdheklas.

Tuwan M N Nisen Priyantunkareh ing Kanjeng tuwan Guprenur ing

Sumatra pasisir kilen, ing mangke kaparingan pamit kalih taun dhateng nagari Walandi.

Tuhan YW Moiyen tuwin tuwan CH B Pnseldeyong, kalih pisan dados kontelir Twedeklas, ing mangke kakulawisudha dados Kontelir ing Hirsteklas.

Tuhan Mister LY Seleger, Kontelir Dherdheklas, ing mangke kakula wisudha dados Kontelir Twedeklas.

Tuhan DH Bliken, priyantun karehing kanjeng tuwan Dhirektur

saking tanemtuwuuh, ing mangke kakula wisudha dados Kontelir Dherdheklas.

Tuhan H Mulokhawer, ingkang dereng lami wangsul saking pamit dhateng nagari Walandi, ing mangke kakula wisudha malih dados Kontelir Twedeklas.

Kanjeng Tuwan Mister, DYYC Faniwenopen Elbah Uperpanjustisi ing rat Fanjustisi ing Samarang, ing mangke kakulawisudha dados opsi panjustisi ing rat panjustisi ing Surabaya.

Kanjeng Tuwan Mister YWH, Fansekele, ratsambang ing Batawi, ing mangke kula wisudha dados Opsi Panjustisi ingratPanjustisi ing Samarang.

Tuhan E C Klusen tuwin tuwan Y C Tinge, kalih pisan priyantun Twedeklas, ing mangke kareh ing kanjeng tuwan Gubernur ing Sumatra pasisir kilen,

Tuhan N.F.Tensiof kontelir Hirteklas skaing paparentah an lebeting paresidhenan ing Palembang, ing mangke kaparingan pamit kalih tahun dhateng nagari Walandi, amargi saking sakit.

Kanjeng Tuwan C.Y.D.H D. Bos Residhen ing Kediri, ing mangke kakulawisudha dados residen ing Ngayogyakarta.

Kanjeng Tuwan LL.Y.Geifanpitius Asisten Residen ing Banjarnagara paresidhenan Banyumas, ing mangke kakula wisudha dados Asisten Residen ing Bojanagara paresidhenan Rembang, angiras dados Pendhimister.

Tuwan Y.G. Bomgaret, kontelir Irnteklas, ing mangke kakula wisudha dados Asisten Residen ing Banjarnegara, karesidenan Banyumas.

Kanjeng Tuwan Y.R. Asbeg, sekretaris ing Paresidhenan Palembang, ing mangke kaundur saking kalenggahanipun kalayan kurmat mawi kaparingan wahgel.

Tuwan E.Skalek kontelir Dherdheklas ing Bali, ing mangke kakula misudha dados kontelir Twedeklas saking paparentahan lebet ing Bali.

=====

Raden Riya Purwakusuma ing Ngayogyakarta, agadhah agadhah Juru Madharan estri picak, sawatawis pangertosipun ocal-ocal kados tiyang saras, ananging sabarang ingkang kaocal mawi dipun icipi rumiyin, mila boten nate lepat, samanten punika andadosaken umunipun ing ngakathah awit saking genahipun.

Ardawilangun mangeksi, ing ngatase wrastaruna, kang samya mengo ing gawenor pisan marsudiya, kawruh kang munggeng

sastra,murih kalwewiyanipun angiribiri satriya.

Ulah sastra tembang kawi, dene dene yen awon, amengku kawigyan akeh tan kaib jel neng kandhutan tur dadya genging ngamal ingkang datan kenging lebur, malar geyet sandhang pangan.

Kanyatane aris tipis gung kawruh dadya ra sangganing kabegjan singgihe gendholaning kakasaran kasebut serat kabar, angka tigangdasa wolu (38), winaryan sinawung tembang.

Satriya mung kawiwinih, tatepaning kalepiyan wit nguni wus pinarsa peng jeng sultan Agung Mataram tan arsa ngangken darah, mring gung putra wayahipun kang tan murih kalewiyan.

Mongka kasupananing dadi, luhur wicaksanaan, kasusraliyan para dyeng tan lyan surahsaning sastra, winantu winantama, tembang kawiwedharipun lelangen kang tanpa puwas.

Ingkang satuji granggoni, wentaring kang bongsa kalam tuwin warastra lungude kawengku bongsa satriya: artinengran satriya, satunggal tri iku telu, ya singgih keratanira.

Amengku tigang prakawis nistha madya lan utama; muskagebag sedayane wikan wus ananing dadya, bingkasana nambungira, ambeg darma among tuwuh mrawenda lir ning prakara.

Lir ning asthabrata, sruti, patraping gagarakrama, mekuthara-ja lungguhe kawengku para satriya,lir kerataning sastra, landhep nora katon pupul sura datan gora godha.

Tegese ing ngaran kawi, nggon pasenetaning basa, wilepas wur damrihe tembang pakedaling sebda, lalingsening sagala, yen kongsi sor gunem wuwus nyuda pacatranipraya.

kang sungkanan mupus kambang, kaloreyan ulah nalar, tan nuli katon asile tuwase mung ing ngeseman makaten ing pratingkah, salagyane knag kadulu, mila temah gagar pudhar.

Sanes lan bongsa Walandi, yen purwa kagunanira, estu ageng pikantuke pramila sen saya brebda, marsudhi ambudya, murih kaindhekanipun mrih luhur kang wicaksana.

Lirkanwaka. timbul saking tirta wening, ahat sumasela, tang-guh-tangguh mrih prayogi mring kang sami pramastra. Sampun ngantya, nahen karsaa mrih singgih, asmedhar walrita: mame-thet misil prelambi, lila kuhankang utama. Kadi mboten badhe bremaga sesmi,ngunarken tiyasa, amurih tineki teki, pananduke kang wilapa. Tan lyan amung, mimbuhi juru martani, mongka karameyan makaten saking panggosthi, karsanira jeng pangeran. Arya cakradiningrat tanpa pamurih, tang witi punika, dene ta kimasngabei, weda paekarmahantya. Saknalika, lir kabranang sotang galih, amedhar wanita, nging pandugi kula yekti, tan satuhu panyampahnya. Malah mandar,karya panginggaring galih,

mumungu jeng pangran kang supadya den wigati, adreng pamarsu-

dyeng sita. Nanadakaken pamriksa tuwin pamanggih. ingkang bongsa sastra, mring pratuwan ingkang sasmi, marsudhika wruh pujongga. Geng pikantuk ira yantu biyantuni, jeng gupermen antya, cecadhang pradana adi, mring kang sami ulah sastra. Pamedhare, tumangkar kang tembang kawi, myang ullah pakaryan kang mikantuki mring siti, pangledhunging tetaneman. Mila sampun sami kaduk bela tampi, wau jeng pangeran tuwin wau mas ngabei, malar dadya palantaran. Rebut yasa rumuhun sampun praduli, nging wusanana, den sebyantu satubundhi, abipraya wulang karsa. Amba dahat ngimar dhateng kalih-kalih, pamawas kawula kadisamipramengkawi, mila yugya supeketa. Dahatwana, kudangane mitra mami, puteng lulut janma papenya kang nganeng belik tulus napa wong sudara. Katandhan 8, 1,

=====

Ing ngandhap punika mira dipun serat uran-uran sekar dhand-hangendhis sadasa pada.

Abdi kanjeng Gupermen Walandi, nama Panji Gus Wilapa, amanggen ing nagari Surakarta, umur sawidag tahun, sampun sabarang damel, nyenyambi awon nganggur, nganggit serat uran -uran tinrap ing serat Jurumartani, ngirib pandameling sujana tegesipun tiyang linuwih, sarajag tiyang lantip, kadamel panyandetiing galih.

1. Sami amuia nucekaken panggalih, sumados manis angemper solah bawaning satriya utami kang temen, solahipun priyonggi katulad satriya kang kocap kala rumiyin rumiyin trah narendra Matawis, ambekipun sareh angasrapi manah ing ngabdi, saged aminta minta pangandika, arum amanis dhumateng sesamining tumitah, tansah adamel dana: lan sae pangandikanipun.

2. dipun pepantes winetawis ing tembung, amrih suka pirenani-pun kang den pangandikani, kang pantes binasan kakang, inggih dipun basani kakang, kapantesbinasan adhi, inggih dipun basani adhi, kang pantes binasan kaki, wonten pantes binasan paman, tuwin binasan uwa, sami kapariksa ing pamriyonggini-pun, kasedyakaken ing kasatosaning galh, amont angasrapi ing dasih solah pangadikanipun.

3. Ing lair kados angrerep pamendhet manah ing pra abdi, ing

batos engku amisesa, nanging lampahipun sasab, kang dados pangajeng namung legawaning galihipun kang kadamel nasabi mirantosing galih, samu kang wis pangandika kang kawedal, kagalih sampun ngantos dhumawah nistha, sabab yen ngantos nistha pangandikanipun, badhe dipun yektoni: sarta coinireng tiyang sanes, mila anulad panggalih kang temen legawa prapteng pejah sabar lila ing dunya.

4. Kang dipun singkiri sampun ngantos kagungan ambeg sumeged edak ladak edir, punika ambeg tanpa guna, anebihaken darajad lan ngicalaken kajadmicikan, mengakaken kori kang dumatheng bodho bingung, presasat anutupi kori kang dumateng kawigyan kawicaksanan, tiyang gesang punika, menawi bodho bingung, tanpa damel engganipun tumitah ing ngalamdunya, margi kang leres tansah katutupan, dados namung margi panasaran kang dipun sumerepi.

5. Menawi tansah ngambah margi panasaran, boten wande badhe kenging bilahi, yen boten kenging bilahi, apesipun kenging piduwung, ing ngirku badhe tansah anelongsa engganipun bi-

nendhon ing ywang sukma, tanpa dados sabarang kang dinarsanan, enggonipun amrih senenging galih boten saged kadugen tansah lepat tuna boten kenging katata.

6. Kengingipun kedah sinanget tan ing pangangkah, pinapulih tinalatosan winantu-wantu, amemangun ing panggalih sareh ririh ruruh, sampun ngantos sereng ing sabarang pangandika, anggalih atutuladan kang priyonggi den ngeketna, sarta anggalyuha ing karaharjan, pinenta pirangipun antawis ing janma linuwih, lan janma nistha, den waspaos ung pedahipun.

7. Punapa pendahipun panggalih kang tanpa dados, linajengna adamel sang saraning sarira, temah kang sangsara kat sabarang kawigyanipun, mila tanpa damel panggalih kang tanpa dados waulinampahaken sineru, boten mawi parah parah enggonipun amemicikki, pance lampah cacah-cacah: yen dipun agem cacad ageng, menawi kajarag temtu badhe tuman, resmen amemancah memaoni, punika angririsak pandamel kang temen, angindha-kaken manah bodho.

8. Saengga dhedhangkel anggenipun angraketi manah bodho wau: tansah gendhulak gendhulik tan mawi kendhakkendhak, yen

sampun makaten amesthi sadinten dinten amberrubul medaling nepsunipun kang puguh, ambebauwur ing trapsila kang temen, awit karad ing nepsu luamah, nepsu amaraha ngideri, memetengi ngalingi panggalih kang wening terang ana rawang: tunggila wandating sukma jati, sajatining kasampurnan.

9. Sampun tamat enggenipun ananganggit, wonten pondhok kampong Loji Wetan, panyeratipun ing dinten Selasa enjing pukul wolu, tanggal kaping sangalas wulan Saban amarengi warsa Wawu kang lumampah, angka sewu pitungatus sangangdasa tiga, amumuji karaharjanipun ing sapulojawi, utawi nagari Surakarta.

10. Katandhan dening abdi dalem kanjeng Gupremen Walandi: Raden Panji Guspawilapa.

=====

Para tuwan ingkang ngecapaken Jurumartani badhe kajibahaken dening parentah, bab pamacakipun sawarnining pawartosingkang boten mawi tondha astanipuningkang ngintunaken, kaecap ing Surakarta wontening pangecanipuntuwan De Gro Kolep and Co.

Angka 5 Kemis kaping 2 Februari 1865

Jurumartani

Serat Jurumartani wedalipun saben Kemis reginipun ing dalem setahun 12 rupiah petak.

Pambuka kabar ingkang kakentunaken ing griya pangecapan ing dinten Rebo enjing, badhe kapacak ing serat Jurumartani. pangaosing pamacak wau salarikipun 50 sen kajawi regining serat segel.

Tegesipun salarik larikan ingkang isi gangsal tembung 26 sen ing dalem 50 dumugi 100 tembung, 60 sen pangaosing pamacak wau kedah kabayar rumiyin.

Ruslan

Kala tanggal kaping 2 September ingkang sampun kapengker ing kitha Simbrik tanah Ruslan (Rusia) kabesmen laminipun sangandinten, sareng angsal kalih dinten anggenipun kabesmen wau, sakathahing titiyang sami amastani, bilih jalaranpun kabesmen punika saking kirang pangatos-atos, ananging sareng tigang dintenipun titiyang sami amanggih wonten ing tokonipun sudagar satunggil dhus blek isi sandawa tuwin kanthong satunggil isi timah, mawi kadekeken serat tan ungelipun: Londhon, punapa dene ingsacaketing dhus blek tuwin kanthong punika wonten buntelan alit satunggil ingkang kasegel inggih mawi serat tan ungel ..... bukak, dene buntelan wau inggih isi sandawa. Kala samanten sakathah ing titiyang sami kekes manahipun, amargi anginten manawi anggenipun kabesmen wau kajarag, tumunten paparentahan ing ngriku adamel komisi, kapurih atiti priksa tuwin anyepengi titiyangkang sami ambesmeni griya griya ing kitha Simbrik wau, ananging kala-wiwitipun titipriksa boten amitkantuki, sareng angsal kawan dinten malih griya ingkang kabesmi sangsaya kathah, sarta latunipun amraman ngantos dumugi ing wana, sareng makaten wonten panyolompret tuwin saradhadhu satunggil kace[eng nalikanipun saweg sami ambesmi griya satunggil, tumunten panyolompret kaliyan saradhadhu punika patrapan paukuman denng pangadilan prang, kasanjata ing sanalika, dene anggenipun atiti priksa angupdos siti tiyang ingkang sami ambesmi griya kala-jengaken, pangajengajengipun para titiyang, sageda tumunten kacepeng ingknag sami ambesmi griya wau, menggah kathah ing griya ingkang kabesmi: griya yasaning nagari 30 dene griya-griya sanesipun, 14800, amung griya alit-alit kathahipun,

810, ingkang panceñ kadamel panggenanipun titiyang miskin,  
punika wilujeng boten kabesmi.

=====

Ditslan

Tuhan Insinyur, WBandawer amratelakaken ing kayektosanipun,  
manawi amanggih sarananipun saged anglampahaken baita kapal  
sapirantossipun dadamel wonten ing salebetung toya, sarta  
awit dening lampah ing baita kapal wau wonten salebetung  
toya, saged angrisak boten ngantos dangu para baita kapaling  
mengsañ ingkang sakalangkung santosanipun sami risak sadaya,

dene baita baita kapaling mengsañ punika boten saged alala-wan, punapa dene boten sumerep pangrisakipun wau. Tuwan Bangdawer punika sampun adarbe panuwun dhateng parentah ageng, mugi kaparingana arta, sumerep tatempah anggenipun badhe amratelakaken ing pamanggihipun wau dhateng parentah ageng. anunten dereng lami kangjeng tuwan Minister ingkang anguwasani baitabaita kapal sadaya, aparing wangulan ing panuwunipun tuwan Bangdawer, manawi kanejgn tuwan minister punika sampun adamel komisi, kapurih atiti priksa prakawis pamanggi wau, dene komisi sampun anglapuraken ing prayogini-pun bab pamanggih wau. Ing mangke tuwan Bangdawe kadhawahan dening minister, kapurih anyariyosana sasaged-saged ingkang tumunten, punapa ingkang andadosaken sagedipun, anenrangaken ingkang sakalangkung prayogi ing ngtasipun prakawis wau, punapa dene kados pundi anggenipun saged angungelaken meriy-eming baita kapal wontensalebetung toya.  
Ing wekasananipun sapunika badhe anyoba ing pamanggih wau, wiwit saking adamel baita asep alit manut ing pranataning pamanggihipun tuwan Bangdawer punika wau.

=====

Sekar Dhandhanggendhis ing ngandhap punika leresipun kapacak rumiyin wonten ing serat Jurumartani kala kaping 26, wulan Januari punika, miradaipun kantun, ananging awit saking kiranging papanipun tuwinskiing lepastipun ingkang angecap, mila dados mirad wau karumiyanaken.

Dhandhang

Abdi Kanjeng Gupremen Walandi,panengran Panji Guspawilaga,

Surakarta denya manggen umur sawidak taun, sampun suda sabarang kardi,.....naran nyambi awon nganggur, ing jurumartani tinrap, ngiri brehing sujana: sarajanadi, karya panyandhiting tyas.

Sami mardiyeng wardaya suci, manis mangun parikramaningkang, satriya tama titine, titi katinartantu, nguni-uni nguna dikani, trah pama seng mataram ye kang ambeg sadu, paramarta pariminta, sih ing dasih mardaweng sameng dumadi, dadek kendrana krama.

Pina pantes ing ling winatawis, ing panamudana mrih pirena, kang pantes kakang basane, kina kang kakang tuhu, ingkang pantes binasan adhi, kaki paman mung uwa, uwa basanipun, den parikseng upakara, karanankna, panggahena trus ing galih, motmerta parikrama.

Ing lair lir mangrepa Metasih, ing batine mengku amisesa, naning asasab lakune legawa munggeng ngayun, pan amare ing tyas miranti, aywa tumibbeng nistha, yen nistha ning wuwus, tiniten ciniren ing lyan, darsana asetya legawa ing pati, sabar lila ing dunya.

Ywa kuminter edakladak edir, tanpa guna, ngedahaken darajad, ngilangken kajatmikane ambuka lawang kumprung, anutupi lawang kang maring, kagunan wicaksanan lamun tekeng kumprung, tanpa guna ing tumitah, angalingi dadalan kang maring sidik, ambuka

dalan ina.

Lamun marga ina den margeni, tanwun kakenaning poncabaya, yen tan mangkanatan wande, kakenan ing piduwung, analongsa denya reh sisip, kasengoning hyang Suksma, nirdon kang ing ngayun, denya mrih melu teng rena, tan karenan tuna sabarang kinapti, tinata wus tan kena.

Ing kenane suu mikena malih, amumulih talaten tinula, amaman- gun ing tyas sareh, ririh amara ruruh, aywa eru sabbarang ngiling, anganglang ngalukita, leket den katayuh, angayuh ing

kayuwanan, pirantaraning janma dijanma nisip, ing pedah den waspada.

Apa pedah budi kang tan dadi, binanjurna akarya sangsara, kasarakat kagunane, tanpa guna siniru, nora parah-parah marinci, papancen cacah cucah, cacad yen tinemu, numsnii ywan ywan tinemaha, amamancah ngrurusak pakarti yucti, ngundaki manah midha.

Adhedhangkan ing tyas mindhik-mindhik, tanpa kendhak yen sampun mangkana, amberubul ing wetune wijiling nepsu pungguh, ambebabur ing silastuti, pangiriding luwamah, amarah nyarandu, ngalingi tyas ening terang: kang nerawang nunggal dating sukma jati, jatining kasampurnan.

Sampun titi dening rahang nganggit, aneng pondhok kampung Loji wetan, ring anggara panitrane enjing ing tabuh wolu, lek sangalas Saban marengi, warsa wawu lumampah,s angkala ing ngetung, guna trus kawa reng raja, amumuji karaharjaning rat jawi, myang nagri Surakarta.

Katandhan dening abdi dalem kangjeng Gupremen Walandi: Raden Panji Guspawilaga.

Kadi guntur madu sarah gendhis: Sekar suksmeng tyas pangran dipatya: surya sasraningrat ajeng luri dining Matarum: ring sang mahardi kyeng Gupremen wiragyeng antya dera: lir pyuh brantaningkung, mring sobat para sumitra: tuwan tuwan myang para pya ywa gung jawi, temen apawong sanak.

Susetyeng jeng karatuhu asih, kyati puja wantya mugi tulusa dinulur rasa anggyane karsa yuwana nulus; dinohena keh ning bilahi, ing saklir duka cipta: pareking rahayu, budya mardu kasenengan: winantu wanugraha wisesaning din: kabegyan kauntungan.

Purnaning puji entyar senggalih mahyan trap pirang para sumitra: laywan kang swarga tanpa elir ning kulen sih patat: rumakete sata tatunggil: maring Pakualaman: sayoga lestan tun: sobat laywan trangring cipta: reh sabyantu rasika ang geng Gupremen: tekap ing saklajengnya.

Prayojananing tindak memuri, ring yhang gusti Pepakualam: kapisan jenengane dumugi kaping catur, anuhoni kuntra kapara-

jangji, nireng Kanjeng GUpermen: Swarjana setyanung, memang-sul sih kapenedan: laywan tekeng manujweng karsa tamadi, mraharjeng pramudita.

Pangrasmaning mahdigbya winuni, ing gelung Jayengasmarasipta: nuntea gyeng sastra karaseng sumrik mar durum-arum: nentremi ngrat kang den wengkoni, widandhang kawiredya; Brongtarjawehyungyun: len setya legaweng karsa; sagra rasa tar limput sumendhe takdir, nut bawa kridaning rat.

Lukita darma alusing budi, tan ngendrani setya lumuh ngwirang, mantep langgeng piyangkuhe nateng mangsilane tyangju, raras kongas ngenaki ati, ncripteng madu sedana: ring wadya sawegung, para marteng kramaningrat: wening krus tang jejeg peksakaning bumi, titipaning ywang suksma.

Enjing jam sapta muryweng palupi, wagyarinan sak bandasa astha; anuju wawu warsane mongsaakhir kapitu, duk manitreng wukunya Tambir, guna trus wiku raja; sengkalaning tahun, aneng bangsal awatama; lelingsen sakselaning perlu ginalih, tyan lyan sestraditama.

Utamaning wrasjarjaning kawi, kang kasebut pujangganing sestra; aywata jaman semangke lumrah sumrahbahsagung, tan lyan gugung badan pribadi, selaning lyan kawawang; alane ngendhukur, tan ngrasa nora kerasa; palupyane ing kuna Prabu Subali, nalikeng tawanbran.

Kungkalan bruwrara yang linuwih, panwarasta digbya agemira; narpameng ngayogya kaot; kadiranya pinunjur; rago putra wijayengbumi, Subali nguman-uman; tanwin rayanipun; penacad akathah-kathah; riwus sira tinedhahken ing ngasisip; nembah angaras pada.

Dahat paminteng Aksama mugi, saking katambetan ring paduka; estu wijayengrat kaot, ywan ta dasih pukulun, datan nedya manggih basuki, smapurneng kalanggengan, ywantar sinung ampun, sangkarya diwlas tumingal, mring Subali rinengga

mulyaning pati, ing ngater maring swarga.  
Katandhan kangjeng Gusti Pangeran Adipat Surya Sasraningrat  
Ngayogyakarta.

Kayungyun lirsmarabrangti, kang medhar ing srat punika,  
nalika ing panjarwane wonten ing Pakualaman, nagri Ngayogyakarta,  
dingingrat ywan ratri muhung, namun ywa mung eca nendra.

Tanpa wusaneng pambudi, manahura bombra-umbra, leheng nurat sayogyane yen wonten kanggening karya, ingkang tepang pemangiya, samining pra priywa gung, kang widagdheng sestra dharma.

Lukita sarah ing tulis, kumpul dununing pambektya, kekalih rongron tunggile tata kramaning panembah, majajang ing kalai-

ran, kaki kisembah ing ngulun, sumekeng ring samurwengrat.

Kang akarya bumi langit, bekswaning sak isining ngrat, mancirijining dumados kang tumiyeng dalem dunya, tanana kang kalikiyan: tekeng uler jroning watu, sela dalem ming samodra.

Saha nya pinanci-panci, pepancening kauripan, sarywa na sang kepasak lire kang dumadya ing sadunya, samya mudji anembah, ingkang saestu, dera dununing panembah.

Ing kalahiran Majaji, lelima wajib sinembah, yayah rena dera wajib binektenan, mongka jalaran marga, lantaran ananing wujud, anganaken sariranta.

Kadwi guru den bekteni, mruhken ing litarasa, ning ngurip sampurnane tekap maring kalanggengan, kaping trima ratuwa, karan binekten derangsung, dana rasa ingkang mulya.

Kaping pat dunungnging bekti, wajib maring kadang tuwa, ing pramilanya binekten, gegentining yayahrena, wus wusing nirba-

pa biyang, gangsal paraning mangulun, mringgusti deramiseswa.

Wanggasungsu kaprihatin, sung bogabusanamulya, sangking gusti  
panguwasane kang minongka pengauban, panglindhungane wadya,  
wah estri bekti mring kakung, dera kawisesweng priya.

Tan utamaning ngestri, wutatuli lungguhira, ngiywakalirutam-  
pane kaliru budheg lan picak, tegese tan aningal ywan tan lan  
pakoning kakung, wus dening datan miyarsa.

Ywan priya tan sumiarsi, lungguh ing wanodya tama, tamatta  
matrah dadine ing purwa madya wusana, nistha madya utama,  
ngagesang sayogyanipun, amiliha mring utama.

Nging awarat denya ngalkoni, apese dawah mring madya, aywa ta  
mring kanisthane panembah lirmang perkara, tan kena ginam-  
pang, mesti duraka tinemu, wong nedya amburah tata.

Katrap beneraning adil, wong nrakwa walering ngadat, ngaran  
wong penceng keblate inggih tamimdhak punapa, salokaning  
ngagesang, lir dagang pasar wewarung, tan lyan mamrih kaun-  
tungan.

Ngingkah tuna anikeli, utange tambah entresan, linandrat  
kalebeng buwen, seyos kang wus kasinggiyan, artine kabener-  
an, ing sakpatrap tindakipun, kapanujon sedyanira.

Tan lyan panedyaning urip, marih alem ginunggunga, keringan  
ing pepadhane ing srat pepali linarang, aywa ngarah keringan,  
keh ning janma pinrih anut, lir ning weda paekarma.

Ing Serat Jurumartani, kedhik kewala jinarwan, wedawadapena-  
cada ingkang seyos sekereman, yen tan kasititoya, tan gampil  
pratikelipun among winong ing sakaptya.

Sacara-carem ngemori, pratingkah matra kelas, denya mrih  
tepung bebuden, budining liyan sinuksma, nora katragal kecap  
ameme nganteni wuwus; Prayitna Tandadinala. Sinerat tanggal  
kaping 18 Januari tahun 1865.

Para tuwan ingkang ngecapaken serat Jurumartani badhe kajibahaken dening parentah, bab pamacakipun sawarnining pawartos ingkang boten mawi tondha astanipun ingkang ngintunaken.

Kaeecap ing Surakarta wonten ing pangecapanipun Tuwan De Groot Ko lef en ko.

Angka 6 Kamis kaping 9 Februari 1865  
Jurumartani

Serat Jurumartani wedalipun saben Kemis reginipun ing dalem setahun 12 rupiah petak.

Pambuka kabar ingkang kakentunaken ing griya pangecapan ing dinten Rebo enjing, badhe kapacak ing serat Jurumartani. pangaosing pamacak wau salarikipun 50 sen kajawi regining serat segel.

Tegesipun salarik larikan ingkang isi gangsal tembung 26 sen ing dalem 50 dumugi 100 tembung, 60 sen pangaosing pamacak wau kedah kabayar rumiyin.

Kulawisudhan sapanungalanipun

Tuhan F.Beker eserte komisi punkanjeng tuwan Algemene sekretaris, ing mangke kaparingan pamit kalih taun dhateng nagari walandi, amargi saking sakit.

Kanjeng tuwan M.Y. Ful asisten residen Panarukan paresidenan Basuki, ing mangke kakula wisudha dados asisten paresidenan Kedhiri, angiras dados Pendhimister.

Tuhan Y, Baretelah Faile, kontelir Irteklas, ing mangke kakula wisudha dados asistren residhen ing PanarukanParesidhenan Basuki.

Pawartos warni-warni

Pawartossipun ingkang satuhu, manawi kanjeng tuwan Mister, A, Laudhon, lit ing Netherland Indiya, ing mangke kakulawidha dados Vice Presiden ing rat Netherland Indiya, dene kanjeng tuwan Mister W.Laparet, Prokurung Jendral ing pangadilan luhur, ing mangke kakula wisudha dados lit ing rat Netherland Indiya.

Pawartos saking Bojanagara anyariyosaken, manawi wonten talaga ing satengahipunwana kawastanan Kayangan Api, awit ing salebetipun talaga wau amedalaken latu, talaga punikakabawah ing dhusun Karangpaing dhistik ing Ngumpak, saking nagari tebihipun kali welas epal, manawi mongsa rendheng Kayangan api wau wonten toyanipun, ingkang umob kados kagodhog, ambete

toya kados walirang, ananging asrep kemawon, saupami toya wau kasuled ing latu obor, sanalika talagalajeng murub, dene urubing latu wonten sangginggilipun toya, botenkenging kacelakan ing tiyang awit saking pansipun, menggah urubipun latu wau ngantos sadinten sadalu lajeng pejah, manawi ing mongsa katiga toyaning talaga punika asat, sitinipun anela, sarta amedhal latunipun saking telaga wau, dene manawi katiganipun panjang sanget, latu punika sangsaya ageng, urubipun sadedeg, sarta boten pejah-pejah manawi boten kajawahana, latunipun inggih keinggaing kadamel ing samukawis kados latu-latupunika. Wondene wiyaripun Kayangan Api punika amung sacengkal pasagi, sarta ing tengah wonten sumurranipun, ananging boten lebet.

Pawartos ingkang andadosaken tataosaning titiyang kathah kados ing ngandhap punika. Wonten tiyang Rus kalebet bangsa luhur, dereng lami dhateng ing kitha Paris, punika katingal kados kakelan ing manah, angagem supe ingkang sakalangkung elokipun, supe punika agengipun sami kaliyan gelang, sarta anutupi astanipun tengen ingkang ngangge kados tameng, dene warnining supesemu ijem mawi serat abrit, andadosaken gumuning pata tiyang ingkang sami aningali, ananging boten wonten ingkang purun taken ing wadosipun susupe dhateng tiyang Rus wau, nunten wonten tiyang estri satunggil ingkang purun aputaken, tembungipun makaten: Sampeyan punika angagem supe endah, tiyang Rus sanalika badhe angumpetaken astanipun, tumunten amangsuli: punika dede supe, sayektosipun pakuburan. Ing waktu punika kapaa tiyang ingkang wonten ing ngriku sami kaget tuwin gumerter, sareng amireng wicantenipun tiyang Rus makaten wau, ingkang lajeng andumugekaken wicantenipun, supe punika bojo kula, ingkang pejah sawatawis taun laminipun wonten ing Ruslan, bojo kula wau wedalan ing tanah Italy, sarta ajrih dhateng luwanganing kubura ingkang sakalangkung asrep, mila kalampahan jisimipun kula bekta dhateng tanah Ditlan ing ngriku kula gadhah tetepangan tiyang saged, panedha kula dhateng tiyang ingkang saged wau, jisimipun bojo kulakadados nama ujud satunggil, supados kenging ngakula angge saben dinten, tiyang saged punikaanyagahi ingkang dados panedha kula, sareng angsal wolung dinten laminipun, kula

katapurih dhateng ing griyanipun, wonten ing ngriku tiyang saged wau anedahaken dhateng kula tabelanipun jisiming bojo kula ingkang sampun kothong, sarta anedahaken pirantos pirantosipun kdamel anjenang jisim ming bojo kula, punapa dene anedahaken pamahatan, wah anedahaken maujud ingkang kula damel supe punika, kadekekaken ing meja alit, menggah maujud ingkang kula damel suoe way kadadosanipun saking jisim bojo kula jalaran saking jampu ingkang anebihaken bosoking jisim, tuwin saking kapipit ingkang sakalangkung alik, mila ing mangke maujud punika boten kesah saking kula.

Pangkur. Cangkriman jarwa belaka, ana reget ginegem tangan kering, akubuntut manjing irung, tumanem sukunira, ana bungkul tuwuwing sasocanipun, pisan dheng anjebol sirah, selawe sunguting gangsir. Mangunreja.

=====

Sinom. Srinateng ngastina praja, sang ngaprabu Parikesit, kocap ing pustakaraja, srat darmasarana kapi, jarwanira winardi, mangkana ingkang winuwus, ironing mongsa kartika, narendra nuju marengi, acangkrama mider maringksa nagara. Prapteng marga parapatan, ana wong jalu kakalih, sami arebut sawala, amburu bener pribadi, datan kena sinapih, ilang parikramanipun, lali yen sri narendra, tindak angubengi nagri, duk samana wong kang arebut wicara. Kiinen sami angi-rida, marang baleponcasiti, ing sarawuhira nata, saking ngubengi naraga, sarta amariksani, bubukaning dadya padu, kang siji tinimbalan, praptaning ngabyantaraji, dyan dinangu umatur wasta pun kapwa. Sangkaning rebat sawala, ing ngajeng atepang gusti, babara nanem sabaranging kebon kang andarbeni,

pun palastha wawangi, makaeten pirembagipun, pun palastha punika, boten kaur ananemi, kebonipun ngantos kalampahan bera. Amba kinenaenmana, janji ing dalem triwarsi, lila kajenange bora, nedha urup urupw argi, maesa tiga estri, ing rembag samya saujur, pan sampun kalampahan, kebon kawula tanemi, karo wonden sawontenipun kewala. Dupi ing ngantawis angsal, sawarsaanem, ing pakebonan punika, pun Palatha amanggihi, dhateng kawula gusti, tembung nedha antukipun, kebon kang kataneman, ujaripun yen ing mangkin, sampunjang-

kep saking janji tigang warsa. Kawula ananggi krama, amba kinten bok manawi, amung sembranan kewala, wekasan teka sayekti, wau wonten ing margi, wek sare andhadhal purun, ngantos saru ing tingkah, muwus tanpa krama niti, sora swara rehning wikara. Pun Palastha tinimbalan, kadangu aturing riris, inggih sayektos kawula, darbe panembung manawi, sampun jangkep dumugi, janji amung tigang taun, pun kapwa teka kekah, mastani saweg sarti, amba andrang sampun jangkep tigang warsa. Mekaten pangetang amba, kala wiwit ananemi, tumapak mongsa kartika, mongsa pusa lan mangga sri, Sitramangga kaleki, nayan tuk satengah taun, palguna lan wisaka, jitashrawana dumugi, padrawan asuji jangkep sawarsa. Nunten nyandhak mongsa pula, tutuka lan mongsakani, naracasiirsa-wangkawa, wregunan alawan malih, kiswira wrasabeki, mestrid wiwala satahun, pan sampun kalih warsa, tumunten awiwit malih, mongsa kasa kato katiga sakawan. Gangsal kanem lan sapta, kawolu kasanga malih, kasada sadhasa-sadha, jangkepi-pun tigang warси, sagung kang ngamiyarsi, samya gumuyu sadarum, andikaning narendra, bener karepmu pribadi, eh palastha sun tanya ngendi wismanta. Aturira pun Palastha, panggaren Wisma amba gusti, prabu malih angandika, ing ngendi oma-hireki, matur panggeren malih, naendra pangandanganipun, pantimu eh Palastha, ing ngendi matur raja ti, aturira inggih ing panggeran amba. Ngandika sri naranata, teka pijer wala-wali, ing pangeran wismanira, paran genahe sayekti, pun Palastha wotsari, asma ajrih aturipun, pukulun Sri Bathara, wa-dosipun kados pundi, ingkang dados dhawah paduka punika. Andangu wisma kawula, ing panggeran kang sayekti, malih andangu sri yamba, inggih ing pangeran ugi, nunten andangu panti, matur ing pangeran tuhu, pangraosing tyas amba, aleres kelwala gusti, rehning wisma inggih panti inggih griya.

Narendra mumujeng suka, lah dene iku udani, bisa angawani si jro yen wisma iktu sayekti, tan beda lawan santi, atawa omah yaiku, lamun mangkana sira, yekti bisa angarani, mongsa siji arane iku titiga. Kayata mongsa kartika, iya mongsa pula sami, den arani mongsa kasa, sapanunggalane yekti, tutuging rolas sasi, jejere amung sataun lah panggene ya sira, ngarani wus telung warси, apa sira iku wani ngaranan. Lamun sangyang girinata, seje lan Hyang Pasupati, muwah sanghyang Nilakondha, ing ngaran ana pribadi, sayekti iku sisip, dadi duraka tinemu, samana pun Palastha, tumungkul konjeming siti, lang-kung ngajri rumasa yen kaluputan. Mangkya karmaning narendra, pakebonan wangsul malih, maring pun kapwa samana, sarta pinaringan wiji, akeh maneka warna warni, minongka pituwasi-

pun, kagyat ginoragadha, pun Palastha den paringi, kebo siji  
pituwasing kalingseman.

---

Rasikaning sarkara kinardi, sudarta neng ngambek darmotama,  
kataman apa murwangreh, pawarah kang rinuruh, amet saking  
watdining kawi, serat darma sarana, wurtyawaning nganuwung,  
duk jaman proja ngastina, panjenenganira Prabu Parikesit,  
antuk ptbelaswarsa. ana desa pamigirring nagri, ing galungan  
karajan raharja, akathah isen-isene, mangkana kang pinuwus,  
wong ngasugih tukang memelik, kasuba genga monca, wasta sang  
tambin, kang mongka pangupajiwa, mung memelik sawatara anyu-  
kupi, ing kauripanira. Denya wiwit bisa dadi sugih, sang  
Tambin anemugganamas, kadi hyang Guru wangune, datan kawatang  
agung, mung sawawrat saking watawis, laju pinetri mongka,  
pupundhen sinuhun, aneng sanggar pamursitan, ing pangrasannya  
wabi wuwuh gampil, pangupajiwanira. apan kongsi kalakon  
andadi, kasugihanira tanpa sama, sadesa ing kono bae, marma  
kasub kasebut, Ki Tambin ratuning sugih, dupi antara lama,  
ana tangganipun, kang aran sang Pratihata, amanggihi maring  
sang Tambin nguni, samisileng panirat. Ngamasaken supenaning  
ratri, katon tuku kang gana kancana, mas sakati tiurupane,  
katampan sang Tambin, durung kongsi sunggana rukmi, maring  
sang pratihata, selak tangi turu, marma gupuh papangihan, bok  
manawa sang Tambin ,mangkyu kumbi, denya tompa urup mas. Bla  
tampaning tyas angarani, impen dora ing kaleresan nyata, yen  
mangkana supenane, kang gana mas tinembung, kapalaran sang-  
kaning ngaris, nanging Tambin kekah, tan aweh jinaluk, kongsi  
dadya garejegan, pratiahta adreng mintagana rukmi, Tambin  
wasangkengan. Iya saking tan angtasa tam[i, uruping mas  
sakati wratira, mangkyu tongga teparone, myarsa prapta sada-  
rum, atatanya witing pradongdi, winartanan samana, samya bul  
panembung, maring Tambin kapeksa, kinen angulungna ingkang  
ganarukmi, rehning wus benerira, . rong prakara pilih  
sawiji, apa ngulungaken kang ganamas, apa ta ambalekake, ,as  
ak kati pangurup, sang Tambin tan arsa milih, denya durung  
sanyata, tompa urup tatur, samana kadawan dawan, kongsi katur  
ing sang prabu parikesit, dinangu kang bubuka. Gatining reh

denira pradongdi, smapun katur kang purwa wasana, sagunging punggawa kabeh, samya suka gumuyu, prabu mesemdhawuh angambil, punanggana kancana, prapta laju katur, sak sanamundhut paesan, kang gana mas aneng ngarepan cermin, katon wayangani-ra. Warna kadi sanghyang Utiwati, Prabu ngatagma ring Prati-hata, lah ara ambilen dhewe, kang nganeng jro kadulung, ing paesan apa ta yekti, kaya kang kasupana, pratihata matur, pukulun sri naranata, kados pundi pamendheting ganarukmi, salebetung paesan. Sisip sisim amba den wstani, tiyang boten darbe dugaduga, wawayangan kedah pinet, datan kenging kadumuk, mongsa dadak saged dangabil, andikaning narendra, lah dene sireku, bisa ngarani wayangan, nora kena pinet yen mangkana ugi, sira bisa angira,. Tataning wong angampi sayekti, datan kena lamun cinekela, ginugu apa gawene, pratihata tumungkul, sang Tambin mangkyा atampi, wangsuling kang ganamas, kato samya sinung, kanccana sakati sewang, pituwasing kagyat lan kacuwan ati, adiling nata dibya.

---

Benjing tanggal kaping 17 Februari, kula adamel lelang, wonten ing griyakula wacinan Surakarta, barang bekakas griya, utawi sapanunggalanipun, barang sela, utawi jene, lemati pakeyan kapal kateta, bendhi, lembu utawi kapal, gedhogan griya limasan utawi griya kampung, gebyok mubeng, wah malih baita kajeng jatos, kawade sak pajengipun boten mawisropaho, awitipun lelang wanci pukul 8 enjing. Katandhan CIYUKIM SUWI.

Para tuwan ingkang ngecapaken serat Jurumartani badhe kajibahaken dening parentah, bab pamacakipun sawarnining pawartos ingkang boten mawi tondha astanipun ingkang ngintunaken.

Kaeecap ing Surakarta wonten ing pangecapanipun Tuwan De Groot Ko lef en ko.

Angka 7 Kemis Kaping 16 Pebruari 1865  
Jurumartani

Serat Jurumartani wedalipun saben Kemis reginipun ing dalem setahun 12 rupiah petak.

Pambuka kabar ingkang kakentunaken ing griya pangecapan ing dinten Rebo enjing, badhe kapacak ing serat Jurumartani. pangaosing pamacak wau salarikipun 50 sen kajawi regining serat segel.

Tegesipun salarik larikan ingkang isi gangsal tembung 26 sen ing dalem 50 dumugi 100 tembung, 60 sen pangaosing pamacak wau kedah kabayar rumiyin.

Kulawisudhan Sapanunggalanipun.

Kanjeng Tuwan R.Wd.S, Setin Setrahtangwasan, Asisten Residhen ing Galuh Paresidhenan Cirebon, awit saking panuwunipun piyambak ig kamantunan anggenipun dados asisten Residen kalayan kurmat, taksih mawi andarbeni leres pikantuk pensi-yun.

Kanjeng Tuwan Y.Y.Broiman, sekretaris ing karesidhenan Madi-un, ing mangke kaparingan pamit kalih taun dhateng nagari walandi, amargi saking sakit.

Kanjeng Tuwan G.M. Panlasen ingkang tampi wahgel ingkang wau dados Asisten Residen kareh ing Kanjeng Tuwan Residhen ing Surakarta, ing mangke kaparingan pamit kalih taun dhateng nagari Walandi.

Tuwan R.R.Y. Sekilter, Ister Komis ing kantoripun Kanjeng Tuwan ing Samarang, ing mangke kaukula wisudha dados Sekretaris ing Paresidhenan Palembang, angiras dados Pendhimister.

Kanjeng Tuwan N.Ofan Stedheng, ingkang wau dados Asisten Residhen wonten ing Montrago tanah Borneyo sisih kilen, ing mangke kakula wisudha dados sakretaris ing parensidhenan Madiyun, angiras dados pendhi mister wonten ing ngriku.

PAWARTOS INGKANG MEDAL SAKING TELEGRAP ING BATAWI

Kanjeng Tuwan Jong Hir, A.W. Kornetles de Brut, Sekretaris ing Bagelen, ing mangke kaparingan pamit kalih taun dhateng nagari Walandi.

Kanjeng Tuwan Ogendorep, ingkang kasuwak anggenipun anglampa-hipadamelanipun dados Asisten Residhen, ing mangke kaundur pisan saking kalenggahanipun dados asisten residhen wau.

Tuwan Neis, kontelir Irsteklas, ing Mangke kaula misudha dados asisten Residhen ing Cilacap.

=====

Cariyos aneh.

Wonten pandung kakalih sami atempang rembag, badhe ambabah ing griyanipun Opsir satunggil, nunten durjana kalih wa ami lumampah dhateng griyanipun opsir, sarta lajeng kababah. Sareng sampun anggenipun ambabah, pandung ingkang satunggil lumebet medal ing babahan dhateng kamaripun opsir, dene ingkang satung lipun anjageni wonten sangajenganing babahan, sareng makaten durjana ingkang lumebet ing kamaripun opsir wau, aningali panganggenipun opsir, sarta sakalanagkung kasengsemipun dhateng panganggen punika, tumunten panganggen wau kaangge, sasampunipun angrasuk panganggening opsir, lajeng amedalaken barang barang saking babahan, kaulungaken dhateng kancanaipun ngkang wonten sajawining babahan, sareng barang wau sampun sami ngalempak wonten ing jawi, durjana ingkang wonten salaebeting griya tumunten medal, kancanipun ingkang wonten ing jawi sakalangkung kaget aningali opsir medal saking babahan, sanalika lajeng lumajeng, sarta anilar barang barang ingknag kappungan wau, dene kancanipun ingkang angrusak panganggening opsir inggih sakalangkung kaget ing manah, aningali palajenging kancanipun wau, lajeng anututi, ciptanipun manawi konangan dening ingkang gadhah griya. Sareng pandung ingkang lumajeng rumiyin sampun dangu anggenipun lumajeng, wekasan ambruk wit saking sayah, sarta kacandhak dening kancanipun, lajeng kancanipun punika apitaken

punapa ingkang dados sababipun lumajeng, wangsulanipun, andugimnawi kancanipun ingkang lumebet ing griya kaepjahan dening opsir, ingkang katingal lajeng medal badhe anyepeng dhateng piyambakipun.

=====

Serat saking Sismis Paresidhenan Cirebon anyariyosaken kados ing ngandhap punika; kala yanggal kaping 26 wulan Januvari ingkang sampun kapengker, nalika pipit pandekekipun banon adamel dalemipun enggal Bupati ing Ciamis, kula sami amanggih kabingahan kathah, kados sabenipun manawi yasa dalem mawi pasamuwan. Bupati wau ing waktu punika sakalangkung sukanipun ing nggalih, sarta sanget ing pamundhi panunuwunipun dhateng Kanjeng Gupremen ingkang sampun amarengi arta kathahipun 16000 rupiyah, kada-mel wragad dipun adamel dalem wau. Wondening pangandikanipun bupati dhateng kula tuwin dhateng titiyang ingkang sami wonten ing ngriku, asuka milujeng makaten: Punika minongka pratondha, bilih kanjeng Gupremen sapunika boten kagungan sedya, amedalaken ing padamelan dhateng titiyang alit manawi boten mawi kkabayr, mila titiyang alit kedah agenge ing pamundhi panuhunipun dhateng kanjeng Gupremen, pamuji kula mugi kanjeng Gupremen anglilanana ing panuwun ingkang sampun katur ing Kanjeng Gupremen, badhe amaosi siti bera wonten Kabupaten kula ing ngriki, wawatonipun bdhe angicalaken gugon tuhoning titiyang alit ingkang taksih sami kalindih ing gugon tuhon wau. Para ngulami ingkang wonten pasamuwaning ngriku kaatandening bupati, kapurih samiya kenceng ing pamundhi panuhunipun, dene titiyang alit kaparingan tondha ing kayektosipun, manawi kanjeng Gupremen pangerehipun ing

tanah jawi amungrih kabegjaning titiyangipun sadaya, kayek-tosipun titiyang wau sapunika langkung begja katimbang kaliyan kala rehaken ingkang rumiyin dening pangagengipun jawi. Sareng sampun anggenipun asuka wilujeng Bupati ing Ciamis, kula lajeng amangsuli ing pambukanipun wilujeng bupati wau, pamuji kula mugilulus ngantos lami anggenipun jumeneng dados bupati wonten ing Ciamis, sarta ugikanjeng Gupremen ingkang sampun angabdekaken bupati ing Ciamis laminipun tigang dasa taun, amaringana sapisan kakurmatan ingkang sampun pantes

bupati wau apikantukna, sarta amaringana kasenenganmanawi sampun kendel anggenipun angasta padamelaaning kanejgn Gupremen, punapa dene ing benjing mugi lestantuna kagentosan dening putranipun ingkang badhe anut lalabatanipun ingkang rama, kados ing sayektosipun manawi bayunipun kadunungan darah ing ariya kusuma.

=====

//Asmaradana// Kataman asmarakinkin, sajroning wrajeng ngastina, surem sunaring karaton, Prabu Parikesit dahat rudah rudatining tyas, sasedaning garwaningpun, yayah belatumutura. Mangkyu prabu Parikesit, anggung wista sang krama, angimurimur wirage, kang umiring sawatara, mung patih lan pandhita, samana nalika rawuh, aneng dhesa ing gagraghma. Kagyat denira miyarsi, gwaraning janma karuna, sarta sumanti rerepen, dadya wong narendra asmara, saksana pinariksa, saton anawriya lungguh, nangisi arca titiga. Anggung kinuswa kang siji, ring nungrum ing ngaras-aras, sarya ngawuha ngatuhon, Prabu Kampiteng wardaya, marperki atatanya, eh wong apa sira iku, teka anangisi arca. Aturira amlas asih, wuh Batharaning bawana, kang ngambek para martengreh, titahing hyang jaganata, tan wonten tumimbanga, amung dadu kapukulun, kang kawasa amisesa. Dhumateng titiyang nisthip, ingkang sami bongsa sudra, kasub talitining ngasor, kados kawula punika, wastapun pados paya, awis mung ku salya dhusun, kalebet celake kewala. Saking Gragraghma ing ngriki, kaprenah wetan lebt jurang, kalingan garumbul sigrong, smpun sawarsa punika, anggen namba tumirah, wonten ing gragraghma dhusun, anggung anangisi arca. Tiyang sadhusun ing ngriki, samya nembeti kewala, boten wonten kang tataken, tanggeh yen angopenana, asung tedha lan tirta, sadaya tan nedya ingus, malah sami assumewa. Mongka jatossipun gusti, arca titiga punika, wajib dadosa pupundhen, tiyang ing ngriki sadaya, karanten kadadosan, saking lulurah ing dhusun, kang wasta kyai Anala. Sarabi sutaning restri, kang ngawastara ramilag, pacangan amba duk rare, ngantos praptaning diwas, sampun meh kawiwaha, dhaup lan amba pukulun, ing wekasan dados arca. Tansah kawula tangisi, awit sangeting kacuwan, dhateng sanis karasupe, sanak kadang boten ketang, singa angadanana, tan wonten amba pituhu, muhung reh gandrung asmara. Pangandikaning narpati, ing nalika dadi arca, kaya parad bubukane, ature datan uninga, sangkaning dados arca, amung jumegur ing dalu, kapyursa saking kusalya. Ejing kawula tuweni, sampun sami dados arca, titiyang dhusun anon, ing lurah kang kacitraka, ngungun trus ardatikbra, ananging

nunten pinuwus, rehning dede kadang warga. Yata wikukang umiring, resi guru nadi mangkya, sumambung alon ature, kapa-

renga ing kasendra, arca tiga punika, rinuwat prayoginipun, mangke kawulasajarwa. Prabu Nurut wus amusthi, sundhamani samantara, mijil dahana gung manggon, ing ngarcatrikabasmaran, sireping hyang nganala, kang roro kadon dadya wu, amung sawiji nirmala. Waluyajatining estri, katingal angum ing sendhang, narendra lon pangandune, umatur wastapun Milag, sutaning unala, kang bongsa brahma kestu, wardeng dhusun ing grahgrahma. Dinangu sangkaningnguni, denya sami dadya arca, matur tanwrin bubukanepun milag samapun sinungan, busana kinan mentas, mareking byantara Prabu, sendhang pulih dadya kisma. Matur resi guru dadi, pukulun srinaranata, kados makaten purweane, ki anala dados arca, dik mongsa pra drawana, taun kang sampun kapungkur, kawula atatamuwan. Pun pados payawawangi, wismeng dhusun ing kusalya, ambata keneng sed-yane, ngaken yen darbe pangangkah, dhateng ngestri pun Milag, suteng anala puniku, kamisepuh ing Grahgrahma. Nanging ke-wraning pambudi, temah wegah tan kuwagah, rumaos alit bangsane, minta pitulung sageda, angrabeni pun Milag, kula wulang montra lulut, lan sinung guna sarana. Tinandukaken kawarti, tahab kang montra sarana, kasagahan panembange, ananging papanggilira, minta golek kancana, padopaya nunten wangsul, pawarti dhateng kawula. Sanalika kawula tuding, amet sela sumayana, ambacipta sampun dados, warni pratima kancana, kabekteng padopaya, antawis satengah tengsu, ki Anala ingkang prapta. Tembung minta tulung yekti, sinunganan panulakan, guna montra saraning doh, pun padopa ya wandeya, denya ngangkah pun Milag, kula boboleh kalangkung, kathah-kathah awawarah. Adat luwange ing nguni, yen tiyang nyeled wicara, kang mijil kasagahane, dados gegething dewa, meksa ngudi kewala, kala samanten anuju, semah Ambawaranggana. Wasta dewi Nawangsasi, mintonaken pambabaran, yasan pribadhi dadosa, dalancang tanpa domdoman, amrih kula anggeya, yen sesak logranipun, badhe nunten kaewahan. Kyai Anala udani, amuwus manadukara, punika kalangkung aleng, ananging taksih kuciwa, dene tan mawi praba, angiras wonten intg kethu, kawula kagyat tatanya. Punapa wonten sayekti, dalancang angiras praba, mangsuli

angaken darbe, pusaka saking sudarma, warsinipunkang yasa, waranggana duk rumuhun, nama dewi Wilotama. Semah ambanawangsasi, kawistareng nityarengat, denya cinacad yasane, dados mintarso uninga, ing ngambil sanalika, kiyai anala wangsul, dalancang kang ngiras praba. Mulung sampaun den tampeni, ing semah pun Nawangwulan, sadangunipun katongton, sangetdenya kagawokan, mimisik ing kawula, yen kethu punika tuhu, yasaning sang Wilutama. Wonten tandanipun wami, uwer wonten ing kawasa, Iwir pusak kang paksi tinon Ki Anala Nilakrama, punapa kaparenga, yen kagem sumanggeng kayun, angger sinungan sarana. Kawula kendel antawis, sampaun angsal pangartika, tataken atur-ature, kang saking pun padopaya, nguniwarni punapa, sajarwa yen tampinipun, warnipratima kancana. Nunten kula ken angambil, sanalika sampaun prapta, nuju ing ratri sirep wong, punang pratima kancana, saksana ambaruwat, mantuk sajatining watu, taksih awarni pratima. Kula ken mangsulken aglis, dhumateng pun Padopaya, kawula wulang pabene, yen sayekti ing ngapusan, dene pratima sela, sinulap awarna tatur, paran sidaning daupa. Dening teka angapusi, datan

kokumpira-pira, makaten pratikeling reh, saking wuwulang kawula, wekasan pun anala, mantuk ing sapengkeripun, wonten swara kapiyarsa. Jumegur ngebeki bumi, ngantos kapileng kawula, meh satengah kantakengon, dupi enget kawistara, wujuding badan amba, mangkyu warni sangsam jalu, semah kula waranggana. Inggih warni sangsam estri, ruwat saking padukendra, makaten ing watawise, ki anala dados arca, lan saanak rabinya, sarengan sami sadalu, lan duk ambawarni sangsam. Sang Aprabu Parikesit, suka denira miyarsa, wus mangkana karsa katong, Milag lawan padopaya, dhinaupaken sarta, jinungjung lulungguhipun, dadya punggaweng narendra.

Para tuwan ingkang ngecapaken serat Jurumartani badhe kajibahaken dening parentah, bab pamacakipun sawarnining pawartos ingkang boten mawi tondha astanipun ingkang ngintunaken.

Kaeecap ing Surakarta wonten ing pangecapanipun Tuwan De Groot Ko lef en ko.



Angka 8 Kemis Kaping 23 Pebruari 1865  
Jurumartani

Serat Jurumartani wedalipun saben Kemis reginipun ing dalem setahun 12 rupiah petak.

Pambuka kabar ingkang kakentunaken ing griya pangecapan ing dinten Rebo enjing, badhe kapacak ing serat Jurumartani. pangaosing pamacak wau salarikipun 50 sen kajawi regining serat segel.

Tegesipun salarik larikan ingkang isi gangsal tembung 26 sen ing dalem 50 dumugi 100 tembung, 60 sen pangaosing pamacak wau kedah kabayar rumiyin.

Kulawisudhan Sapanunggalanipun.  
Tuwan C.W.Walbim Uf Komis ing Kantoripun Kanjng Tuwan Algeman Sekretaris, ing mangke kalilan pamit kalih tahun dhateng nagari Walandi, amargi saking sakit.

Kanjeng Tuwan Mester C.Y.W. Cornetes De Groot, lit ing rat panjustisi ing Batawi, ing mangke kakula wisudha dados ratsambang ing Batawi.

Tuwan H.F.W.Cornetes Dhegroot, Kontelir Irsteklas saking paparentahan lebet ing paresidhenan Borneyo sisih kilen, ing mangke kakula wisudha dados Asisten Residhen ing Sintang Paresidhenan Borneyo sisih kilen.

Tuwan C.G. Eligeres lit ing rat Panjustisi ing Bandhah, ing mangke kamantunan saking anggenipun dados Litwau kalayan kurmat mawi kaparingan tarima kasih nbab anggenipun samapun anglampahi padamelanipun.

Tuwan G. Langenberg, Irst Litenan saha Kumendhan saking prajurit Atilei ing Bandhah, ing mangke kakula wisudha dados lit ing rat Panjustisi ing Bandhah.

=====

Carios Warni-Warni

Serat saking Kedhiri anyariyosaken, manawi Kanjeng Tuwan Residhen Bos ingkang kalulutan sakathah ing titiyang sanagari

ing Kedhiri, nalika angkatipun saking Kedhiri badhe dhateng ing ngayogyakarta, anjawi saking kadherekaken minongka kurmat, ngantos dumugi ing pos Gringging, tebihipun saantawis wolung epal saking nagari, sareng dumugi ing ngriku para tuwan wau sami anyaosi bandherasa tunggil ingkang sakalang-kung sae, minongka dados pratondha pangemut-emut.

=====

Batawi kaping 1 Februari 1865. Pawartosipun manawi Kanjeng Tuwan ingkang wicaksana Gubernur Jendral dereng lami ing wanci pukul sanga dalu tindak lumebet dhateng kantoripun

Panyeratan aningali wonten tiyang jawi lenggah ing meja panyeratipun, sareng tiyang punika kadangu, tiyang saking pundi: sarta punapa damelipun wonten ing ngriku; wangslanipun, manawi piyambakipun punika kanjeng raja ingkang maha agung ing nagari Walandi. Kanjeng Tuwan ingkang wicaksana tumunten anyepeng astanipun kanjeng raja wau, sarta kabekta amedal, sareng titipriksa, lajeng tetela manawi tiyang wau ewah.

=====

Cariyos aneh  
Wonten pandung satunggil kaladosaken dhateng ing parentah, amargi mandung kapal satunggil, sareng dumugi ing ngarsaning parentah, pandung wau lajeng kadangu dhateng pangagenging kang ngasta parentahan; e, gentho, ya gene kowe wani-wani ambrabad jaran ana ing dalan awan-awan, pandung amangsuli: kula sayektosipun boten amandung kapal, pandugi kula sampeyan dereng sumerep lalampahaning prakawis, dene kula ngantos sampeyan dhatengaken ing ngriki, manawi pareng kula anyariyosaken lampahing prakawis wau, ing nalika kula langkung enggal-enggalan wonten ing margi ingkang ciyut, panuju ing ngriku wonten kapal amambengi lampah kula, kula gusah boten purun kesah, malah lajeng malang wonten satengahig margi, kula anyimpang badhe medal sawingkingan kapal wau, ananging lajeng kaemutaken ing tiyang, wicantenipun makaten: Kapal punika asring mengkal, dika ampun langkung ing wingkingipun, sarehning lampah kula wau sanget prelunipun, dados kula manah

kadangon manawi kula angentosna sakesahing kapal, mila kula lajeng badhe langkung wonten ing sangajenging kapal punika, ananging tumunten wonten tiyang malih ingkang angemutaken dhateng kula, pitembunganipun: kapal punika kagak sanget, dika ampun sembrana, mbokmanawi kabrakot, awit saking anget-ing kodhengipun pamanah kula, kula lajeng boten gadhah wiweka sanesipun, amung amedal sanginggiling kapal, mila kalampahan kapal lajeng kula cengklak, pamurih kula sampun ngantos kapengkal utawi kabrakot, sareng kapal sampun kula sengklak, kula lajeng kabekta ambandhang, ngantos dumugi ing ngriki, tebihipun saking margi wau sawatawis 5 epal menggah palajeng-ing kapal sakalangkung rikat, samininpun kados peksi mabur wonten ing gegana. Ingkang punika kula boten tarimah, mugi wonten karsa sampeyan angadili ing saleresipun: punapa kula amandung kapal, punapa kapal kang amandung badan kula.

---

"Asmara". aneng Ki Juru Martani, kipenda kinen carita, inggih sak saged-saged denging wus pesthi ing ngeseman, tehning mangkyia maarajak. kathah pyagung bijaksanu, ngeseman sumang-geng karsa. Satuhu ngebat-ebat, sri maha gung ing Nenerlan, warna-warna prajurite ingkang jagi nguasai indiya, jinise rupa-rupa, kulit pethak malihipun, kulit cemeng: kulit abang. Dene ingkang kulit putih, puniku bongsa Eropa, agagah-gagah warnine sembada lan gegamannya, sikep korbin myang pedhang, rowa rikat tandangipyn, memetdeni yen winulat. Kang tinempuh ing ngajurit, ingkang malangsirna gempang, rastas ingkang rawe rawe prang laut miwah prang dharat, titih angarah-arah,

patitis ta rajangipun, prajurit bangsa Eropa. Kang kulit cemeng lir mangsi, puniku bongsa Afrika, ageng aluhur dedege ambeluju kadi reca, busana sikeping prang, Korpbin lan barang neng lambung, tandang tangkeping ngayuda. lan bongsa Londa meh sami, awit wus lantah ing ngajar, sabarang tindak tanduke mirib prajurit walonda, mung kaot kulitira, cemeng anjanges lir angus, yen panuju baris ajar. Ajejer separik-parik, awor prajurit Eropa, dutan siwah lan bandheranya. Sutra cemeng lawan putih nginggil pisan sutra abang, warni tiga bandherane prajurite sinembadan,kulite warni tiga, kang pethak bongsa

Eropa kang cemeng bongsa Afrika. Ingkang abrid bongsa Jawi, ambon ternate samine, koyub maring abang kabeh puniku kang sami jaga, ing Indiya Nederlan, rinujuken marang semu, kang abang dhateng amarah. Ingkang pethak dhateng gusti, kang cemeng mring kalanggengan, yeku pasemoning pupoh yen wus katon mengsastra, amarah pikantuknya, karya kuwating prang pupuh, yen unggul antuk nagara. Kalamun wus antuk nagri, gusti trang resik prentahnya, langgeng salami-lamie yekku pasemon bandhera, tutungkul ing Nederlan, amgnkaten pamangihipun, kang anganggit urun-urun. Dene titah ing hyang luwihi, kang nama bongsa manuswa, kang sami linairake tanah asrap saurutnya, bubudenipun beda, lan kang linairken sagung, tanah panas arurut. Tanah asrab budineki, kandel awuled wiletan, pethel miluta telaten kumpul panggah tan miyaghahm gagahe sinembadan, sinidik aken ing kalbu, kadadening kabudayan. Sabarang ingkang binudi, lestarining kadadeyan, gumeleng lilig agolong anetepi ing agama, sumingkir ing drigama, kalamun mangun prang pupu, konca sewu upaminya. Kang saangan-gatus ngemasi, kasor ngasmara dilaga, kantun satus ingkang milih manahe tan ana gempal, kandel meksih atatagm kang kantun wau wong satus, ngamuk sedya tumpes ing perang. Kang nganggit serat punikim nguninga lampahi ayahan, dinuta kan-jeng Gupremen dhateng nagari Nederlan, kinen akarywa sastra, jawi ing drin mangkay kang wus, kanggesaindi Nederlan. Neng Nederlan ngantos lami, sumerep lampahanira, Opsir tuwan Pansedhek tindhah baita kapala prang, prajurit ing Nederlan, anom pekik warnanipun, neng laut Supitan Braban. Baitane den ingahi, mengsa balgitan pawilang, soldadhune mawut kabeh samya anggebyur samudra, nglangi ngungseken gesang, wit saking karoban mungsuah, datan tolil luriahira. Pansedhek kantun pribadi, aneng baita kapal prang, gya lumebet ngandheping dhev de kang ngaran dhev punika, tumraping tembung jawa, tatabaning kang perahu, palatraraning nginggil pisan. Mengsa Balgitan pawilis, munggeng dhev sami ngarayah, datanya ngandaping dhev maksih kkantun opsirira, kinenten wus lumajar, sareng lan soldhadhunipun, Pansedhek ajagajaga. Uduud srutu astankeri, apikir jroning wardaya, paran kang sun walesa kesih ing gusti sriNederlan, Sun kinarya punggawa, madani abdinipun, prajurit ing kapal perang. Wus lama sinung kamukten, pinita jeng among lampah, andi soldadu reh ing ngongsih ing gusti srinarendra, kang wus sun sandhang lama, pejah ngong mongka wwwewangsulan, sun ngukurken ngalam dunya. "Pangkur". Tuwan Pansedhek seman, astha keri udud srutu cinangking, meksih wonten latunipun, asta kanan anyendhek,

tongsandhawa: agenge kang saketi pung, ttiga lundhung pira-

pira, ngandhaping dheg enggeneki. Kinumpulaken sadya, winor-mimis kacipta jroning galih, nadyaning sun manggih lampus, antuk kabelatusan, wusnya ngumpul tongsandawa ngundhung-undhung, Pansedhek opsi taruna, kebed umatur ring widdhi. Rama ulun kang neng swarga, ulun pasrah, arsa mamales sisih, sri Nederlan ingkang ngasung, kamukten dalem dunya, mangkya ulun andedherek nedya ngaub, gusti kangjeng Nabi Ngisa (Isa), kang ws ngatoni swargadi. Sasampunira mangkana, srutu ingkang munggeng astanya keri, sinuledken ngobat gupuh, mubal medal dahana, kadya guntur swaraning ngobad jumegur, mumbul ngayuh ing gagana, lir kocak kang jala nidhi. Palwa kapala prang kawlagar, mengsaah Belgi: kang sami ngrarayahi, munggeng dheg sadaya lampus, atusan kang palastra, dening latu: wangkene sadaya angus, Tuwan Pansedhek wangkenya, dadya areng: duk kapyarsi. Saking dharat ing Nederlan, sigra soldhat numpak palwa lit-talit, tutulung mring enggenipun, kapal prang kang kawlagar, siniraming pompa wong kathah angrebut,ngrubut baita kapal prang, amrih sireping ng ani. wusnya sirep kang dahana, lapis palwa; tembagi saubenging, kapal teksih smi wutuh, tuwin kang warni tosan, abahaning palwa teksih sami wutuh, soldhadhu wus samya minggah, ngulati wangkening reki. Pansedhek kang sedeng palwa, anglenggahi pati Senapati di, dadya areng jisimipun, ri sampunya kapanggya, soldhadhuning kapal prang sadaya sudjud, anungkemi kunarpanya, sami kelara anangis. Karya eram kang umulat, titindhih ing kapal perang walandi, nom pekik tan ajrih lampus, iklas ing patinira, anetepi patining prajurit luhung, layon areng dinadosan, sang anom dinekek peti. "Sinom". Binekta minggah saksana, mring dharatan nagri wlandi, kunarpa sang opsi muda, peti winot baita lit, aran palwa sekoci, soldhadhu kapal prang sagung, sami anupak palwa, iing sekoci alit-alit, samya ngayab bayak tinom semandrawa. Tan pegat sami karuna, soldhadhune ing samargi, sasambating opsi rira, kathah pasambating tangis, nata methuk pribadi, aneng satepining laut, jeng pangerner dipatya, umiring rama sang ngaji, lan kang rayi, jeng pangran Admiral jendral. Lawan Ertofansakswamar, jendral kolonel mayor Kapten, opsi andherek sadaya, sapangandhap

praprajurit, tuwin para ngulami, andherek tindak sanga prabu, amethuk ing kunarpa, Pansedhek kang sodeng jurit, opsi siji; bela pepeati atusan. Sapraptanira ing dharat, layone rinakit malih, rinengga nginggahken rata, soldhadhune anjajari, para Jendral mung opsi, ngapit kanan kerinipun, prajurit lan ulama, lumampah myang puri, ana ingkang anggarebeg sri narendra. Pinetak ing Amsterdham, kita gung ing nagari Walandi, layone sang palastra prang, nunggil lan pondokireki, kang nganggit srat puniki, marmatrang deninra tutur, wit sumerep papriyongga, datan kadi mongsa mangkin, wus maratah sami pasista carita. Tutur denira nunular, panganggepe wru pribadi, agupruk yen cacarita, datan kenging den selani, kalamun den wancini, mengeleng tumuli nepsu, lajeng ngajak bantahan, rebad kawruh rebad inggil, pangrasane tan ana janma kang wigya. Mung dheweekang susastra, mung dheweje luwih inggil, ngungkuli rad pramudita, mung dheweke andheweki, padu balung tanpa isi, yen menang tanpa angukup, denira garejegan, kaya menang ngukup nagri, kang wus awas mulat mesem jro

wardaya. De bubudening manuswa, kang linairken hyang Widhi, tanah panas urutnya, getas budinipun titis, kesen jail methakil lan bangsane arang rukun, remen cacad cinacad, Sami bongsa kerep bengkrik, kadi ancung; angacung lancang linancang. Kalamun amangun yuda, kanca kawanatus sami, kalong tridasa pejah prang, kang triyatus pitung desi, manahe sampun lirip, aliti kepyur-kepyur, rembun diyadiniya, teksih kathah ingkang urip, tigangatus pitungdasa; bubar lanjar. Titi denira carita, pakeni juru martani, sidrat kampung loji wetan, nagri Sirakarta enjing, tabuh astha januari, Tumpak ping kalihlikur, ing wulan ramelan, warsawawu kang lumaris, sinengkalan weda ngleng wiku narendra. Abdi Dalem Kanjeng Gupermen Walandi, Raden Panji Gusdhawilaga.

Para tuwan ingkang ngecapaken serat Jurumartani badhe kajibahaken dening parentah, bab pamacakipun sawarnining pawartos ingkang boten mawi tondha astanipun ingkang ngintunaken.

Kaeecap ing Surakarta wonten ing pangecapanipun Tuwan De Groot Ko lef en ko.



Angka 9 Kemis Kaping 2 Maret 1865

Jurumartani

Serat Jurumartani wedalipun saben Kemis reginipun ing dalem setahun 12 rupiah petak.

Pambuka kabar ingkang kakentunaken ing griya pangecapan ing dinten Rebo enjing, badhe kapacak ing serat Jurumartani. pangaosing pamacak wau salarikipun 50 sen kajawi regining serat segel.

Tegesipun salarik larikan ingkang isi gangsal tembung 26 sen ing dalem 50 dumugi 100 tembung, 60 sen pangaosing pamacak wau kedah kabayar rumiyin.

=====

Kulawisudhan sapanunggalanipun  
Tuwan Mister W. Stortenbeker enim Erstekomis, ing mangke kakula wisudha dados Urpkomisasi pun Kanjeng Tuwan Algemene Sekretaris.

Tuwan W.C. Pinsetrah tuwin tuwan Jong Hir, C.H.A. Vandhirwik kalih pisan T.W. De Komisipun Kanjeng Tuwan Algemen sekretaris, ing mangke sami kakula wisudha dados Irtekomisipun Kanjeng Tuwan Algemen Sekretaris wau.

Kanjeng Tuwan Y.B. Wentenberg, Asisten Residen ing Ilah tuwin Lari kebawah Gupremen kapulon Moloko, ing mangke kakula wisudha dados asisten Residhen ing Galuh Paresidhenan Cirebon.

Tuwan Mister Y.D. Metman, priyantun Irteklas, ing mangke kakula wisudha dados asisten residhen ing Ilah tuwin lari kebawah Gupremen Kepuloan Moloko, angiras dados Pendhimester.

Tuwan Y.C. Sogeres Kontelir Tewedeklas saking paparentahan lebet ing Gupremen sisih kilen ing mangke kakula wosuda dados kontelir Irteklas sajung paparentahan lebet ing paresidhenan Palembang.

Tuwan Y.H.H. Gorensaif priyantun kareh ing jeng Tuwan residhen ing Palembang, ing mangke kakula wisudha dados kontelir Dherdheklas saking paparentahan lebet ing paresidhenan Palembang.

Tuhan W.A. Keeniyus kontelir Tewedeklas, ingkang dereng lami wangsul saking pamit dhateng nagari Walandi, ing mangke kamanggenanken wonten ing Paresidhenan Surabaya, kareh ing Kanjeng Tuwan Residhen ing ngriku.

Tuhan H. Mulok Angwawer, kontelir Tewedeklas, ingkangdereng lami wangsul saking pamit dhateng nagari walandi, ing mangke kamanggenaken wontening paresidhenan Cirebon, kareh ing Kanjeng Tuwan residhening ngriku.

Tuhan Jonghir, C, Dhegeislar, kontelir Tewedeklas ing pare-

sidhenan Surabaya, ing mangke kaelih dhateng paresidhenan Madura, kareh ingkang tuwan residhen ing ngriku.

Tuhan T. Meiyer, kontelir Irteklaas ing paresidhenan Madura, ing mangke kaelih dhateng paresidhenan Kediri, kareh ing Kanjeng Tuwan residhen ing ngriku.

Tuhan Y. H. Agen kontelir Tewedeklas ing Kediri, ing mangke kaelih dhateng Banyuwangi, kareh ing Kanjeng Tuwan Asisten Residhen ing ngriku.

Tuhan C.W. Eldhelur, kontelir dherdheklas ing Pacitan, ing mangke kaelih dhateng ing Pasuruwan ing Kanjeng Tuwan Residhen ing ngriku.

=====

Surabaya kaping 17 Januari 1865. Saking pawartosipun, manawi ing mangke tuwan F Dhekok agadhah panuwun ing Kanjeng Gupremen, mugi kalilanan andhatengaken toya wening kadamel ngunjuk, kaerdalaken ing srumbung tosan saking siti parenden kadumugekaken ing kitha Batawi, Samarang, tuwin ing kitha Surabaya, Pangajengipun ing ngakathah, mugi kanjeng Gupremen angllanana panuwunipun tuwan Dhekok wau, sarta tuwan Dhekok awit saking kathah ing panjurungan sagea anuhoni ingkang dados pikajenganipun wau, boten wonten sumelangipun bab proyogining kadadosanipun.

=====

Akal kaliyan sami akal

Wonten satunggal tiyang awasta Wongsa, ingkang wau padamela-nipun Wade samukawis barang remeh, ing mangke panggautanipun anglampahaken arta, punika kaken manahipun awit rancangipun ingkang anamapun cidra, asring purun angresahi dhateng gagad-hahanipun anggur, pun wongsa anedha piirembag dhateng sadher-ekanipun awasta: Truna, pun Truna asagah apados akal ingkang badhe anedhahaken icaling barangipun, sampaun antawis lami pun Truna, dhateng panggenanipun pun Wongsa, sartaawicanten seru: Saiki aku uwis oleh akal sasumurupku, ing sajroning kelermu wadhab anggur kang nganggo kothakan sanga, ana anggur telung puluh roro gendul saiki tatanen mangkene

-----\-----\-----\\  
| 1 | 7 | 1 |  
/-----/-----/  
| 7 | | 7 |  
\-----\-----\-----/  
| 1 | 7 | 1 |  
\-----\-----\-----/

Kowe banjure bakal sumurup apa anggurmu kalong apa ora, sabab kabeh panggonan pajupat saka ing dhuwur, ngisor, tuwin saka ing kiwa lan tengen, kowe bakal angetung cacah sanga kabeh.

Pun cidra, andhepel wonten ing pipi konten amirengaken pisan-jangipun Truna, ciptaning manah ing tembe badhe boten saged anyolong anggur malih. Pun Cidra angunandika. Apa aku dikira

ora bisa angakali polah kang mangkono kuwe, Cidra lajeng upados akal.

Sampaun antawis lami anggenipun anyoba bapu cidra lajeng amaggih akal badhe boten kasumerepan menggah amendheta anggur sakawan gendul yen panatanipun gendul kaewahan makan-ten.

/-----\-----/-----\  
| 2 | 5 | 2 |  
\-----/-----\-----/

| 5 | | 5 |  
-----/-----/-----/  
| 2 | 5 | 2 |  
-----/-----/

Enget sadinten pun wongsa, angetang gadhahanipun anggur,  
manut pitedhah ing sadherekanipun wau, sarta kapanggih jang-  
kep, dene pun cidra, aningali yen pamendhetippun anggur boten  
konangan lajeng amendhet malih sakawan gendul sakantuniun  
kakawan likur gendul katata makaten

-----\\  
| 3 | 3 | 3 |  
-----/-----/---/  
| 3 | | 3 |  
/-----/---/  
| 3 | 3 | 3 |  
|-----/-----/---/

pun Wongsa angetang gadhahanipun anggur malih, saking pan-  
graosipun inggih ugi taksih jangkep. Pun Cidra, sakelangkung  
sukaning manahipun bab anggenipun adamel patrapan dekek ing  
gendul tiga kaping tiga, boten kasumerepan dhateng ingkang  
gadhah, sanadyan pun Cidra, ugi amanah yen kalonging angur  
sangsaya kathah dados badhe kauningan dhateng ingkang gadhah,  
piyambakipun badhe anyoba mendhet anggur sakawan gendhul  
malih, kakantunanipun ingkang kantun sakedhik katata makaten.

-----\\  
| 4 | 1 | 4 |  
|-----/-----/---/  
| 1 | | 1 |  
-----/-----/  
| 4 | 1 | 4 |  
-----/-----/

Kabeh isih genep, makate wicantenipun wongsa, ananging nge-  
tung maju pat iki saiki aku uwis bosen, mulane supaya salin  
patrap kabeh iki arep dak wujudake satemene. Sareng kawuju-  
daken sanget kageting manahipun apita anggur 32 namung kantun  
20 gendul dados pun Wongsa sampun kasep ing manahipun yen pun  
Truna juligipun taksih kaungkulon kaliyan Cidra.

Pun wongsa awicanten, apa ora ana akal kang luwih gampang,  
kang angetdahake maliinggaanggur, ugi pun wongsa upados akal  
boten antawis dangu lajeng awicanten, saiki aku nemu akal

awit ing dina iki kelwe ku anggur bakal ndak kunci soroge dak

gembol ana sajroning kanthongan aku, ing tembe aku bakal  
anjupuk anggut dhewe.

//Gambuh// wuryaning sekar gambuh, Kanjeng Gupremen anggelar pangawruh, sawawengkon bawah kraton nagri Wlandi, wes Indi; nguwasa indi sagung, sinung pamulangan manggon. Nagari alit agung, kathah abdi dalem para guru, pangkat ageng tuwin gurupangkat alit, kang kinarsakaken mumuruk, Neng mulangan seyos-seyos. Ing nguwasa indiya sinung, warnawarna mulangani-pun, myang ing pulo jawi satelatah neki, warata prajalit agung, sinung pamulangan kawruh. Tembung londo myang tembung, jawa tuwin kang tembung malayu, tembung sundha tembung madura lan malih, kawruhe etung kawruh ukur, siti geneng, rataled-hok. Myang kang ingang ngaran kawruh, ngelmubumi; de ngelmu bumiku, nedhahaken ing sawijiwiji bumi, paepae namanipun, saprenahing ngenggon. Tuwin amaning laut, pekas jagad ler lan jagad kidul, ingkang toyyanipun kendhel den jarwani, tined-hahken namanipun, aneng ngelmubumi kono. Yeku tumraping tembung, londo Ardhreksikindheh namanipun, lawan malih kawruh teken warni-warni, Tekeniku tegesipun, anggambar rurupan kaot. Karsanipun sang ulun, kanejng Gupremen paring pitulung, dhateng para jinis kang kawengku sami, Sri Willem ingkang mahagung, aja ana sami bodho. Ing selot-selotipun, tinelatan pinarsudeng kawruh, kang supadi ngahayoni badaneki, malar dadiya pandudud, ing darajating sakeh wong. Sapangkat pangkatipun, sami antuk kabarkating kawruh, ngupajiwa marang kauripaneki, marma sagung para guru, bongsa jawa kang nom-noman. //Sinom//. Mugi sami angaliya, bongsa ngong jawi gung ngalit, carita nginggil punika, kangjeng Guermen Walandi, kalangkung denya asih, apali marma mring sagung, titah ing rahiyan suksma, kang bongsa manuswa sami, kang kawengku bawah karaton Nederlan. Sami pinurih raharja, nagri satitiyang neki, wineruh ken becik ala, kanejng Gupremen mregdi, supaya sampun kongsi, sakyeh titah ing yang luhur, sami kalebeng sasar, sru adadalan kang sidik, ingkang pantes minargan wening trus terang. Mila pantes den iriba, pambekanning bongsa Wlandi, ingkang wus katon tetela, tinitah luhur

neng bumi, panedhane kang nganggit srat puniki; bongsa ulun, sang ggyaning bongsa jawa, kang tinitah ageng ngalit, putra-nipun jalu yuswa sangangwarsa. Pinardiya mring mulangan, jeng gupremenneki, kang wus wreta saben praja, supados benjing ing ngakir, ruta yen sarwa bangkit, tan karua susah wong sepuh, denira ngupajawa; mendas awake pribadi, sawab barkarting kawigyan sumarambah. Nabi kita rasullullah, Mukamadinilmus-tape, sajroning kang kadis wus den esa, bodho cilaka wus pasthi, bangkit iku sayekti, benja kauripanipun, mung sinekak mangkana, dhawuhira kangjeng nabi, marma sagung umat jeng nabi mukamad. Wajib sami binudiya, kang wus sinebut ing kadis, dhawuh jeng nabi panutan, kang sampun tinutur ngarsi, sami mardiyeng siwi, wiwit saking alitipun, ing tembe yen diwasa, dimen wigya aywa nganti, dadi bodho ngong piyambak wus kalakyan. Sutajalu mung sepala, rehning ngong wong dama miskin, wonten tuwan-tuwan welas suteng ngulun meksih alit, pinundhut putra yekti, ing ngajar kawigyan sagung, tuwin tembung walonda, ing ngajar awit duk alit, kawruh etang

kawruh ukur sasaminya. Sasampunnura diwasa, umur pitu likur warsi, tuwankang ngambil atmaja, gerah aneng pulo jawi, tirah mring nagri Walandi, wonten ing Nederlan surud, suteng ngong kang tinilar, kantun wonten pulojawi, datan lama: pinundhut jeng tuwan besar. Jeng tuwan kang wicaksana, Gubernur Jender-al nguwasa Indiya, kinen anggarap damelan, ing algemeen Sakretaris, nagari ing Batawi, pinaringan nama sepuh, Panji Yasawilaga pethel denya garap kardi, pinaringan tondha urmat medali mas. Sawab barkating kawigenya, saha sih iring hyang Widdhi, mijil sing jeng tuwan besar, gubernur ngwasa Indhi, asih dasih kaswasih, kang taruna ruta uln, nama Guspadipura, duk alit kirang taberi, denya ajar, datan kadi ingkang tuwa. Kawaged denipun kirang, darajate datan sami, lan suteng bong ingang tuwa, Guspa dipura ing mangkin, griya kilen seragi, wana petiraning dhusun, bawah alaman, andherek ing kanjeng gusti pangran dipati Surya Sasraningrat. Kawagedan ukur limrah, nanging barekating ngelmi, dhatan kirang kasinand-hang, utawi ingkang binukti, walaualam wingking, mila sanget atur ulun, ing Dyangung kang awirya, tuwin priyantun lit-alit, samawon, tiyang kang ngalit belaka. Mugi sageda klampa-

han, putra wayahipun sami, linebetna pamulangan, rahayu wong amrih becik, Hyang Suksma anuruti mring wong kang nedyarahayu, pramila hyang wisesa, sinebut rahman lan rakim, ing tegese ingkang asih lawan murah. Titi denira akarya, srat panuwun mring sesami, namung aturmuh karana, lamun tanpa panujweng galih, sampun sami anuntik, binucal datan gumibrug, dene lamun kadhahar, langkung sukur ngong ing widhhi, dukmanitra aneng kampung Loji wetan. Siyang tabuh kalih welas, lek wolu likur marengi, sukra ing wulan Ramelan, warsa wawu kang lumaris, sangkalane kang warsi, Jatha wukiring sang ratu, ing nagri Surakarta, tansah mumuji hyang Widdhi, luhuripun karonagri Nederlan. Sri Willem kang kaping tiga, (III) dama sagung nagri Walandi, luhura prentahanira, ing Saneder lan Kolonin, Wes Indi lan ngwasa Indi, tetepa raharjanipun, ing satitiyangira, aywana sangsayaneki, lestari yasami sumungkem sumembah. Abdidalem kanjeng Gupermen Walandi, Raden Panji Guspawilaga.

Para tuwan ingkang ngecapaken serat Jurumartani badhe kajibahaken dening parentah, bab pamacakipun sawarnining pawartos ingkang boten mawi tondha astanipun ingkang ngintunaken.

Kaeecap ing Surakarta wonten ing pangecapanipun Tuwan De Groot Ko lef en ko.

Angka 10 Kemis Kaping 9 Maret 1865  
Jurumartani

Serat Jurumartani wedalipun saben Kemis reginipun ing dalem setahun 12 rupiah petak.

Pambuka kabar ingkang kakentunaken ing griya pangecapan ing dinten Rebo enjing, badhe kapacak ing serat Jurumartani. pangaosing pamacak wau salarikipun 50 sen kajawi regining serat segel.

Tegesipun salarik larikan ingkang isi gangsal tembung 26 sen ing dalem 50 dumugi 100 tembung, 60 sen pangaosing pamacak wau kedah kabayar rumiyin.

=====

Kula wisudhan sapanunggalanipun

Tuhan E.I. Gade, Kontelir Tewedeklas, ing mangke kakula wisudha dados Kontelir Irsteklas.

Tuhan F.L.Watendherep tuwin tuwan D.Dles kalih pisan kontelir Dherdheklas, ing mangke sami kakula wisudha dados kontelir Tewedeklas.

Tuhan E Kecen , Tuwan Y.W.G. Temehelen tuwin tuwan H.L.C. Temehelen tiga pisan priyantun kareh ing Kanjeng tuwan Direktur saking tanem tuwu, ing mangke sami kakula wisudhan dados kontelir Dhedheklas.

Tuhan C.R.L.Y. Dherdheondeweiser ing pamulanganipun Kanjeng Guermen ing Samarang,ing mangkekaparingan pamit kalih tahun dhateng nagari Walandi, amargi saking sakit.

Tuhan R.Dhehan kontelir Tewedheklas, ing mangke kakula wisudha dados kontelir Irsteklas saking paparentahan lebet ing Sumatra pasisir kilen.

Tuhan Y.D.G.Krit, tuwin tuwan C.F.E.Gretoriyus, kalih pisan kontelir Dherdheklas, ing mangke sami kakula wisudha dados kontelir Tewedheklas saking paparentahan lebet ing Sumatra pasisir kilen.

Kanjeng Pangeran Ariya Cakranagara, Irste Litnan Kapeleri, ing mangke kakula wisudha dados Ritmister.

=====

Panunggilani panjurung ingkang kapacak ing serat Jurumartani kathah ingkang kasekaraken malah kenging kawastanan meh boten wonten ingkang tanpa sekar. Boten pisan yen kula badhe amao-nana utawi bobongah akarsanipun para nganggit sekar wau, kula

malah sanget jumurung, denten ing mangke wiwit wonten ingkang karsa ngintunaken anggitanipun dhateng griya pangecapan pratondha remen dhateng kasusastran ananging sarehning tembung utawi babasan jawi ingkang jarwa lugu, ingkang tanpa sekar, sanget kangge ing ngatasipun samukawis ingkang mangge-pokan lalampahanipun ing ngagesang, saking pamanah kula kathah paedahipun manawi para ahli kasusastran karsa anengenaken indhaking kautamenipun tembung jawi, kalih dening malih kirang jangkepipun sarta badhe boten wonten tetimbanganipun manawi angemungna anggitan ingkang mawi sekar kemawon. Rumiyin mila kathah ingkang mrelokaken anganggit sekar,

kaliyan tembung jarrwa, wondening ingkang minongka saksi, serat serat titilaranipun para saged meh sadya mawi sekar, dados sapriki babasan jawi boten wonten ingkang marsudi amurih angutamekaken sarehning wujudipun saestu makaten tembung jawi wau kenging kawastanan kathah kikitanganipun manawi kapirit saking cara panganggenipun ingkang tumrap ing serat iber sapanunggalanipun wiwit kala rumiyin dumuginipun jaman punika, pinten bagi boten kalajeng risakipun mongka saking pamanggih kula boten kirang para priyantun jawi ingkang saged mangun babasan jawi, mekaten ugi ingkang kenging kadamel bubukanipun anganggit inggih boten kirang, mila manawi sami angrojungi sadaya ingkang sampun kula atur akening nginggil wau, praoji sami anggaliha kalampahanipun angutamekaken babasan jawi. Wontenipun serat Jurumartani sanget amikantuki dhateng para marsudi kasusastran Jawi, awit ing mangke pikantuk margi anggenipun badhe andumugekaken karsa anglimahaken samikawis ingkang maidahi ing ngatasipun kasusastran mila ngiras kadamela sarana amurih utamenipun tembung jawi wau punika.

---

Bab ingkang sami anglebetaken, pawartos ingkang tumemplek wonten ing Jurumartani, awit ing sakserep kula piyambak, buyah kados raden panji Guspawilaga, dhasar terang sarta genah, tuwin mawi wonten papethikanipun, inggih punika kenging kawestanan sae, punapa dene boten mawi pegat, anggenipun anandhani asmaranipun wau, inggih punika terang.

Tegecipun ingkang kula aturaken nginggil wau, yen ta katimbanga kaliyan, Mas Bei Weda Paekarma, utawi Kanjeng Pangeran Arya Cakradiningrat, punika boten wonten ingkang priyogi, ugi sami bujeng saenipun piyambak-piyambak, ing penga kenipun priyantun kalih wau, ugi sami awassis sadaya, nanging boten mekaten trapipunn, samubarang wau ingkang dados mupakating ngakathah. wonten tempelanipun malih, ugi bab priyantunkakalih wau, kados ta tiyang jagong mantu, sarta mawi kasugata nayuban, tiyang salebetung tarub wau, ing pangraosipun sami ngaken arjuna utawi Janaka, Buyah wonten kang sami ngaken balakurawa, sadaya wau ngaken bagusing salira. Aliyas, Baut, asli Samawis.

---

Cariyos aneh, jaman ing nagari Surakarta.

Kala panjenengan dalem ingkang sinuhun Kanjeng Susuhunan Pakubuwana kaping III wonten sutaning sujana murang sarak, anyeret, anginum awis, angabotohan, angstiri, dereng lami wonten sarjana ingkang uninga, laejng tataken, kowe iku sutaning sujana teka murang sarak mengkono, wangulanipun, kula amituhokaken wewelinging tiyang sepuh, kala bapa kula badhe ngajal, tilar pitung kas kawrat ing serat sarjana badhe sumerep, sutaning sujana lajeng amendhet serat kapariksaken dhateng sarjana, ungelipun kados ing ngandhap punika.

1. Becik anyeret, karana dadi karusaning badan
2. Becik angombe arak, karana dadi kabuling iman
3. Becik Ambotohan, karana amuwuh ing kasilan

4. Becik amadon, karana amarahi kiyat,

Sareng sarjana sampun maos, gumujeng sarta wwicanten, kowe kang bodho banget, ora ana wong tuwa muruk ala, lan ora ana bapa ana sarake maing anake, tulisané bapakmu iki dhasar ditema akuranging aksara, sesasesa enggon mu anampani, dene ganeping ngaksara mengkene unine:

1. Becik aja nyeret, karana dika rusaking badan
2. Becik aja ngombe arak, karana dadi kabunteling iman
3. Becik aja botohan, karana amuwuh ing kasiyalan

4. Becik aja madon, karana amarahi kiyanat,

Ing mengko kowe marenanana solah mu kang calawendhah iku,  
luwih prayoga kowe angguguruwa kawruh kang bakal aman pangati  
ing kauripan mu. Sutaning sujana lajeng anguoados kasagedan  
anguguru salwiring pangawikan.

=====

Wonten pangageng jawi tiga ing anu, ingkang kendel pamendhetipun, serat jurumartani, dene awit kanddelipun wau dipun galih boten wonten pikantukipun, lajeng angaendeikan kaliyan abdinipun, nujulenggah wonten ing pandhapi, mekaten pangadnikanipun: aku sakiki wis mari jukuk layang jurumartani, marga tak pikir pikir ora ana paedahe, mongka pembayarku ing dalem sataun 12 rupiyah slaka, tak etung ing dalem sesai dadi cukuk sarupiyah, yen sarupiyah sesasi dadi, patang duwit sadina, kaya ta dhuwit mau, songka pengrasaku ora karuhan tumanjane, angur ditukokna uyah digawe kelan, iku trekadhangan rata wong sakomah, selagiya ditukokake injet, ginawe nginang kang mesthi kanggo sepasar apese telung dina, Mila kalebetaken ing jurumartani, abdinipoun pangageng wau criyos dhateng ing pangecapan, margi awit dipun dukaning sanget, selajengipun muring muring tiyang wau, ananging tiyang ingkang dipun cariyosi dereng patos paham dhumateng abdi wau.

=====

Tan mungkur batang cangkriman, angka nenem kasebut Jurumartani, lir lare anggegem entut, ing ngukubaken grana, manjing ngirung, tuma nenem sukunnipun, bung epring thukul ing soca, yen uwi sing sirah thikil. Namung saben nang anggenya, sungut gangsir sayekti boten luwih, punika pambatangipun, Mas Bei Wiryawinata, kang Palungguh wedana ing Distrik Wedhung, kaabdi ing Jeng Pangeran, nagri Demak kang Bupati.

=====

Sinerat Wareng kaping 7 Pebruari 1865.

Nilastuti tingkah tang ngutami, tumirah ring ngumat mrih slamet, tuntun-tuntunan tumane, tuma neming tya mrikrum, ruming manjrah ameratani, mareng makluk kang suksma, sumady-ning ngayu, yuwana wasis waskitha, katungkungan kethah ning cithakan mendhil, Thelpothel kang thukulan. Kumaleker tatar tuwuuh malih, meng mumuri murih ngamah-amah, dererege reregene, targege gengengipun, gugup gugon kedah gegehi, paksan gulmi nanggala, golongan trah luhung, anging ameksa kawentar,

pawartane manawur wras Jrumartani, tan tumanem taninya.

mangkya anaran jurumartani, ngluluri re tatanen artinya, miyah tatanen tatane, tarkena tiru-tiru, mirating kang mangsaning tani, tan keni ing ngapesnya, wit tuk barkatipun, kae ageng tarub malah, tumerah ring kae agung selamalih, putra pengging rahadyan. Apanengran raden Jaka Tingkir, den mas Karebet gung dhangir gaga, iku wus mula-mulane, paran biseng tumuwuh, mamong tani datan dinangir, tenapi siniraman, banyu myang bun-ebun, badyan dhinangir siniraman, yen tan tulatan trang kurang keng taberi, kathungku kungan kabeh. Lir ning kathung rubeda ngeseki, kidang menjangan mongsa tanduran, tan gedhe wit tanpa gere, selagi jeng sinuwun, kalijaga wali linewih, tarliwan wawulangan, tetanen tinutur, rajakaya kandhangana, aywa nedhak tanduran sasaba nebih, mangrukseng kungkum molah. Paran bekang samya antuk sih, ngasta kuwasa wahyu karatyan, kanabenrang kebangiwen, mambeg tanya winestu, panutubing rabya sinelir, anggung mananem kurma, mongka kang sabipun, gumati tinalatenan, ametik wuh kur pribadi jeng nabi, ing Kanjeng nabi Adam. Sinung wahyu miwiti dumadi, kinendur tatanen kuna, wiji kang saking suwarge, tinerahaken sinung, mrang bagenda adam matampi, tumular reh punika, kantya mangkeneku, tinulatulatumulat, dadalane dalujur didya gegaris, galengwates kothakan. Wiyosi siti kang pinarsudi, glis geng ngudan kang ginadhang gadhang, ningali mongsakalane, tanduran kang maledhung, yen kithanga udan tanpa ji, karaharjaning tanah, sanget tanpa kantuk, tititamat kang manitra, Raden Purwakusuma mantri Pulisi, nagari Kuthaarja.

=====

//Kaki Pucung// Sarehipun sampun sepuh, wonten kalongkangan, denya pratela ing ngarsi, bab amerdi, lampah-lampah ing atmaja. Ingkang sampun medal ongka sangga nuju, ing kali ing wulan Maret dinten Respati, taune wawu, wolungngatus sawidak gangsal. Mugi dipun apunten nareh wong sepuh, sampun limrah mratah, tiyang werda: asring lali, marmanepun sagung bongsa wong jawa. Yen wus sepuh pinerlokaken satuhu, ing jariginira, ngangge sesran kang supadi, karya tulak ing lalen sawetara-nya. Kaki pucung sajuga sesrantan gadhuh, wit saking langip,

sesran iku ali-yali, mila lalenipun ki pucung kawawang.  
Sutaulun Yasawilaga ing dangu, anggarap damelan, ing algemen  
Sekretaris, dupisampun kauningan pethelira. Sang ngaulun,  
kanjeng Gupermen sihipun, aparig ganjaran, yatra sewu, lan  
medhali, medali mas karya tondha kaurmatan. Kang ing ngayun,  
medhali mas wus kasebut, kang sewu rupiyah, ganjaran tan  
kocap ngarsi, wit kasupen wong tuwa tan ngangge sesran. Marma  
perlu snusulaken wit jrih ulun, menawi winastan, tan ngatoken  
sih ing gusti, sajatine mung saking kasupenira. mangkyu ulun  
juwet amantu ing ngatur, ing panggung kang wirya, len priyan-  
tun kang sesami, atur ulyng kang sampun katur ing ngarsa.  
Kawrat juru martani kang sampun metu, ingkang angka 9, tang-  
gal kaping kalih respati, wulan Maret mugi sami kagaliya.  
Sinerat ing nagari Surakarta, kampung Loji Wetan Septu kaping  
6 wulan Sawal ing warsa wawu angka 1793.

Para tuwan ingkang ngecap serat Juru martani badhe kajibahak-  
en dening parentah, bab pamacakipun sawarnining pawartos

ingang boten mawi tondha astanipun ingkang ngintunaken.  
kaecap ing Surakarta wontening pangecapanipun Tuwan Dhe Groot  
Colep En Ko.

Angka 13, 30 Maret 1865

Kulawisudhan sapanunggulanipun.

Kanjeng Tuwan F.R.Y.M.Eigeres, ingkang wau dados Sekretaris ing Paresidhenan Ternate, sarta mentas wangsl saking pamit dhateng nagari Walandi, ing mangke kula wisudha dados asisten Residhen ing Ilah tuwin Larine, bawah gupremen pulo-pulo Maloko, angiras dados Pendhimister.

Tuwan E.Y.Permendhel, priyantun ingkang pikantuk wahelingkang wau dados atministratur saking melikan timah sari ing dhis-trik Sungilan bawah Bangkah, ing mangke kakula wisudha dados Sekretaris ing Gupremen pulo-pulo Moloko, angiras dados algemene onfanger.

Kanjeng Tuwan O.W.Swaping, ing mangke kakendelan saking anggenipun dados Asisten Residhen ing Cianjur Paresidhenan Priyangan.

Kanjeng Tuwan Y.A.Oren Asisten Residhen ing Sukapura pare-sidhenan Priyangan ing mangke kaparingan pamit kalih taun dhateng nagari Walandi.

Tuwan C.Dhehan, kontelir Irsteklas, ing mangke kaparingan pamit kalih taun dhateng nagari Walandi, amargi saking sakit.

Tuwan Mister Y.G.F. Miter Manes, Opsir Panjustisi ing Rat Panjustisi ing Ambon, ing mangke kakula wisudha dados Litrat Panjustisi ing Surabaya.

Kanjeng Tuwan W.C.Ponsekirbran, jendral Mayor saking Seni tuwin prajurit Sapir, ing mangke kaparingan pamit kalih taun dhateng nagari Walandi.

Tuwan Y.Y.H.Poptah, kapitan saking prajurit Infanteri, ing mangke kaparingan pamit kalih taun dhateng nagari Walandi.

---

Panggelaring barang pamedalipun saking Taberen wonten ing Batawi salebetipun ing taun 1865.

Komisi ing ngatasipun prakawis badhe anggelaraken barang

pamedalipun saking Taberen wonten ing Batawi salebetipun ing taun 1865, asuka uninga dhateng sawarnining titiyang, manawi sampaun anamtokaken badhe anyukani:

8 medhali mas

11 medhali pethakan

48 medhali sanguban.

Dhateng titiyang ingkang angladosaken barang ingkang kaprate-laken ing ngandhap punika, sarta ingkang badhe kawastanan sae piyambak dening komisi ingkang badhe kapatah ing tembe:

Bongsa barang ingkang kapendhem ing siti, kadosta:awarni tosan tembagi, kuningan pethahkan mas sapanunggilanipun, sosotya utawi sela warni-warni, punika ginantungan:

1 medhali mas, 1 medhali pethakan

2. Medhali sanguban.

Bongsa maujud ingkang kenging kadamel tetedhan omben-omben utawi panganggen kadosta: uwos, kopim panile, kapas, sapanunggilanipun, punika ginantungan

1 Medhali mas, 1 medhali pethakan

5 Medhali Sanguban.

Bongsa maujud ingkang medal saking sato kewan utawi saking tataneman tuwin sawarnining babadhe ingkang amikantuki ing panggaotan kadosta: wacucal singat malam karet sapanunggila-nipun, punika ginantungan:

Pirantos ingkang kangge anyambut damel warni-warni, punika ginantungan:

1 medhalimas, 1 medhali pethakan

5 medhali sanguban

Barang tenunan , punika ginantungan:

1 medhalimas, 2 medhali pethakan

10 medhali sanguban

Pola warni-warni, punika ginantungan:

1 medhalimas, 1 medhali pethakan

1 medhali sanguban

Barang praboting griya, barang wacucal, dadamel tuwin barang ingkang pancen kadamel reregen, punika ginantungan:

1 medhalimas, 3 medhali pethakan

10 medhali sanguban

Barang damelan ing panggenan sajawining tanah indiya nederlanmingkang amikantuki dhateng lalampahing tatanen utawi dhateng Taberen ing tanah Indhiya, punika ginantungan

1 medhalimas, 1 medhali pethakan

5 medhali sanguban

Supados ananangi dhateng karemenan Taberi, komisi badhe anyukani 1 medhali mas, 1 medhali pethakan, tuwin 1 medhali sanguban dhateng nagari ingkang angladosaken barang ingkang sakalangkung amikantuki dhateng lalampahing tatanen tuwin Taberen.

Kajawi saking punika kanjeng tuwan ingkang wicaksana guprenur jendral badhe amaringi:

1 medhalimas minongka ganjaranipun tiyang ingkang angladosaken barang tenunan.

1 Medhali Pethakan minongka ganjaranipun tiyang ingkang angladosaken damel

1 medhali sanguban minongka ganjaranipun tiyang ingkang ngladosaken barang anaman sadaya kedah damelanipun tiyang indhiya.

Kanjeng Nyonyah Barones Seslut Pandhebele badhe amaringi medhali mas 1 minongka ganjaranipun tiyang ingkang angladosaken barang mas utawi pethakan damelanipun tiyang indhiya.

Pakalempakan ing Indhiya Nederlan ingkang ngudi amikantukaken dhateng lampahing Taberen tuwin tatanen badhe anyukani:

Medhalimas 1, dhateng tiyang ingkang angladosaken pirantos saking pamanggihipun piyambak ingkang kainten badhe sakalangkung amikantuki dhayeng lampahing tatanen.

Medhali pethakan 1 dhateng tiyang ingkang angladosaken pinton kapas ingkang sakalangkung sae saking tataneman ing Indiya

Nederland.

Medhali Sanguban 1 dhateng tiyang ingkang angladosaken pinton lisah kacang ingkang sakalangkung bening.

Barang-barang ingkang badhe ginantungan ganjaran medhali wau, kedah kakanthenan serat pratelan bab pratileing pandamel pangolah, utawi pananemipun.

Kuwasanipun pakalempakan ing Nederlan ingkang ngudi amikantu-kaken dhateng lamaphing gagamen badhe anyukani:

Naskah ini untuk halaman ke-3 dan 4 tidak ada (hilang)

Angka 14, 6 April 1865

Kulawisudhan sapanunggilanipun

Kanjeng Tuwan Y.A. Bakeres Asisten Residhen ingkang kakathe-kaken dhateng kanjeng Tuwan gupremen ing Selebes sabawahipun, ing mangke kakula wisudha dados Residhen ing Bangkah.

Kanjeng Tuwan L.W.C.Bos, Asisten Residhen ing Madura, ing mangke kakula wisudha dados asisten Residhen ing Banyuwangi, wah dados kuwasan saking prakawis ing Bali tuwin Lombok.

Tuwan B.Y.E.Roskot, Kontelir Dherdheklas ing nagari Kayeli Pulo Buru, bawah gupremen Pulo pulo Moloko, ing mangke kakula wisudha dados Kontelir Dherdheklas saking paparentahan lebet ing paresidhenan Menado.

Tuwan F.A.Niwen Nisen, ingkang wau dados priyantun kareh ing Kanjeng Tuwan Guprenur ing Sumatra pasisir kilen sarta dereng lami wangsul saking pamit dhateng nagari Walandi, ing mangke kakula wisudha dados kontelir Dherdheklas ing nagari Kayeli pulo Buru, bawah gupremen pulo-pulo Moloko.

Tuwan W.F.Panoren Kontelir Twedheklas, ing mangke kakula wisudha dados kontelir Irsteklas saking paparentahan lebet ing Sumatra pasisir kilen.

Tuwan Pesser, tuwin tuwan M.L.E. Alewin kalih pisan Kontelir Dherdheklas, ing mangke sami kakula wisudha dados Kontelir Twedheklas saking paparentahan lebet ing Sumatra pasisir kilen.

Tuwan T.Trenite, tuwin Tuwan Y. Paniwekeik kalih pisan priyantun kareh ing kangjeng Tuwan Guprenur ing Sumatra pasisir kilen ing mangke kakula wisudha dados Kontelir Dherdheklas sking paparentahan lebet ing Sumatra pasisir kilen.

Kanjeng Tuwan Mister, Y.Sibeniyustrip Ratsambang ing Surabaya tanah Jawi, ing mangke kakula wisudha dados Atpokat Jendral Rat Luhur ing Nederlan Indhiya.

Tuwan T.A.F.Pandherpalek Guru ongka 2 ing pamulangan calon guru-guru jawi ing Surakarta, ing mangke kaparingan pamit

kalih taun dhateng nagari Walandi, amargi saking sakit.

Tuhan E.Kecen ingkang mentas kakula wisudha dados Kontelir Dherdheklas, ing mangke dipun panggenaken wonten Paresidhenan Smarang, kareh ing Kanjeng Tuwan Residhen ing ngriku.

Tuhan Y.W.P.Temeelen ingkang mentas kakula wisudha dados kontelir Dherdheklas ing mangke dipun panggenanken wonten Paresidhenan ing Tegal, kareh ingkangjeng Tuwan Residhen ing ngriku.

Tuhan H.L.C.Temeilen ingkang mentas kakula wisudha dados Kontelir Dherdheklas, ing mangke dipun panggenanken wonten paresidhenan ing Rembang, kareh ingkangjeng tuwan residhen ing ngriku.

Tuhan E.D.Lepisonorman, Kontelir Twedheklas, ing mangke kaelih saking Paresidhenan Kedhu dhateng Paresidhenan Surabaya, kareh ing kangjeng tuwan Residhen ing ngriku.

Tuhan P.Y.A.Sepan Kontelir Dherdheklas, ing mangke kaelih saking Paresidhenan `Kedhu dhateng Paresidhenan Surabaya, kareh ing kanjeng tuwan residhen ing ngriku.

Tuwsan P.Y.A.Sepan Kontelir Dherdheklas ig mangke kaelih saking Paresidhenan Surabaya dhateng Paresidhenan Kedhu, karewh ing kangjeng tuwan residhen ing ngriku.

=====

Ing dinten Senen tanggal kaping 29 wulan Sawal tahun wau angka 1793, putra dalem ingkang sinuhun Kanjeng Susuhunan Panujuwana ingkang kaping 9 Bendara Radrn Mas Iman Kanapi, kaangkat Pangeran, kapatedha nama: Kanjeng Pangeran Ariya Mantaram, utawi putranipun swargi Kanjeng Pangeran Ariya Suryabrata, Raden Mas Ariya Surya Mantaram kaangkat Pangeran Kapatedha nama: kanjeng Pangeran Ariya Suryabrata. Katandhan Kanjeng Pangeran Ngabei ing Surakarta.

=====

Serat saking Demak ingkangkatandhanan ing nama Pak Bun B. Punika bpten kenging kapacak ing Serat Jurumartani, amargi ingkang ngintunaken serat wau boten angantheni serat mawi katandhan ing namanipun ingkang sayektos ing pangintunipun dhateng tuwan ingkang ngarang serat Jurumartani.

Anjawi saking serat pawartos nagari ingkang kakintunaken minongka panjurung dhateng serat Jurumartani, sawarnanining serat ingkng kakintunaken dhateng tuwan ingkang ngarang serat Jurumartani wau, badhe kapacak wonten ing serat Jurumartani, punika ing salaminipun boten kenging kapacak manawi boten kinanthenan serat mawi tondha astanipun ingkang sayektos tuwin terang, kados ingkang kasebut ing nginggil wau.

Katandhan Tuwan Ingkang Angarng Serat Jurumartani.

---

Sinom.

Yen inggiya lan andika, daweg sami damel sai, ingkang sabar kang saronta, kang arum alusing budi, kang praini prakawis, kang ambek sudarmeng kayun, kang sabda kang raharja, kang asrap nalangseng galih, ingkang emut ing benjing manggih pralaya.

Kaleres sampun kacacad, utawi amada jalmi, adamela kang raharja, kasenengan ingkang wingit, polah tindak respati, busana kang raharju, kang respati apa..., dados pangaleman janmi, yen alinggih katingala sekar mulya.

Sumilih sae citranya, yen tan wingit ing prakawis, tan wande nistha raganya, nirsaya kucema tandhing, tanpa guna salindri, yen tan wigyeng sastra arju, suba sita kamusnan, pugung dumeling waradina, gagat gagap nir krenah ingkang raharja.

Citra pelag tanpa sasatra, lwir gedhah tibeng pratiwi, remek luluh tanpa karywa, tanpa regatan kapilih, kacampur ing prakawis, umpamaning wastra mumur, sinten ingkang nganggeya, kajaweng jalmi kapilih, arsa brana kangelan antuk karya.

Kadi kang wigya ing sastra, kang respati angrenggani, kang milih warneng raharja, kadi gajah kang pinilih, gadhinge ingkang sai, lampuhe alus kadulu, merak butnya medhar, kening kadamel angilir, rase ingkang dhedhese wangi kamertan.

Sumilih ingon-ingona, kewan paksi kedah milih, kang kinten kadamel bungah, kang sae ungele nenggih, kang ina warnaneki, kapendheta kang raharju, damel usadeng nala, supados engeta wingit, amrih medhar sampun sumpeg panggaliyan.

Sampun asring akagetan, utawi gugup tan asil, utawi gugup tan

asil, sumilih kadhatengana, pawaka ingkang kapranis, sampun muneng amikir, amurih akang raharju, dados kalajengan, pangalem jalma kang wardi, sapun suwengatangleta ana lara.

Sampun kasirepa nistha, utawi papa kang gggalih, kang kekah anggalih arju, ngupadosa akal sae, kna gbangkit ing prakawis, kang asrep sabda kang arum, waged damel warna, utawi dadosan asil, pagriyan lan patileman palinggian.

Wawadah miyah panggenan, curiga waos kang sae, turongga pinetha garwa, bahabah kang sarwa wingit, kang kekah kang respati, busana ingkang raharju, kang wonten kaasilnya, kang ulung dhateng kang mangking, kalangen mradongga kenging sakedhap.

Sampun karem ing mradongga, miyah kalanganan neggih, dados icaling graita, temah nistha nyulayani, tan ulih ing prakawis, kaemta arsa raharju, tan enget ing susastran, enget estri kang jalanthir, lindri-lindri pinangku ing ngaras-aras.

Tan nyipta liyan kapranan munek-munek tan amikir, tan enget papalang kekah, tan enget asonggarugi, pijer anurut brai, kantos acum cahyanipun, nanging yen priya wigya, tn awet umangkah estri, yen kacipta brangtanya musna kang trisna.

Kang anganggit datan kathah, engetanipun anenggih, kedah damel kasaenan, nanging bodhotan lumaris, yen nyerat amimikir, kantos sajam dereng cukul, tyase satmolahkalam, gumeter sastri disisip, lakar bodho garaya antan pahajar.

Yen wageda pipikiran, yen rikata anunulis, kapingin adamel arja, dadosa nalaring janmi, kang anem anem neggih, kang dereng wageding arju, tan raos yen kanggeya, dhateng tiyang kang ngawingit, anggit papatan wandi kagujeng janma.

Dhuh lae mongsa rugiya, mongsa dadiya sasakit, sanajan boten karsaa, tan ical arta sadhuwit, bilih-bilih sakedhik, manawi wonten kang jujur, kenging kapireng uga, kadamel pananding pikir, rehnin gkedah dados nyerat pagujengan.

Kawula mireng carita, kados tiyang ngarti nulis, utawi ngartos babasan, guru karta langkung wingit, anganggit samukawis, kapinteran dipun kumpul, kantos dinamel gambar, ngelmu palak dipun pethik, ngetung lintang miyah grahana sinerat.

Punapa kang liyan liyan, ukuran ardi mwang warih, miwah dhatenging anginan, ageng sarating kang warih, tuwin lebeting siti, pinanggih sadayanipun, kang wonten mas selaka, walirang warangan wesi, inten sela ....

Utawi kang padhukunan , sekar godhong den serati, kewan ulam dipun awas, kang kenging damel jampi, kajeng-kajeng cinobi, pinendhet kadamel jamu, kantos janma den bukak, tiningalan uratneki, kapinteran saya punika nalar.

Sampun kandel anenalar, punapa ingkang pinanggih, nulya sami graitaha, cinobiya ingkang titi, pundhuta ingkang sae, kang awon bucala mamprung, pareh ucal raharja, dados sadadosan wingit, samubarang galih ana pariksaha.

Candhakipun punika badhe kalajengaken.

Bupati alit ing Sampang Raden riya Kusuma Adiningrat.

---

Kula boten saged mangsuli kathah, ingkang dados pangunguning galihipun tuwan kyai ageng mayor Wedapeakarma, ingkang awit katara galing kecap kula, kang mijil saking kang kaolah, tegesipun temen gusti Allah nunggil ing kawula, ing tembung yahudi, EMANUEL, ing tembung Walandi Good Seremet Ons, ing tembung Arab Walaubatinunasi: Insanilairlulahu, yen kula amangsulna kathah, persasat amangsuli angin, ddos kula kasebut tiyang bodho, sabab wonten ungel-ungelan nanging boten tetela kang damel, ngandhap sering ngangge teken nama pal Saewedapeakarma, punika dede asmanipun kang leres, ewadene menawi tuwan kyai ageng Mayor Wedapeakarma wekca asnabipun kang leres ing serat Jurumartani, sahamrateaken namaning nagari kang den dunungi, lan kampung kang den dalemi, kados ingkang mupakat limrahiing kathah, para priyantun kang sami andhawahaken teken asmanipun ing serat Jurumartani, yen tuwan kyai ageng mayor kersa ngagem mupakating kathah, kados prate-la kula ngajeng wau, kenging katemtokaken yen kula badhe anjawab kalangkung trang: ing serat Jurumartani, kang andadosaken suka pirenaning galihipun tuwan kyai ageng mayor Wedapeakarma, yen boten sami trang: angungalaken dhadha, kula badhe namung sapisan punika kemawon mangsuli serat boten malih, ingkang sampun sapisan punika, namung dados sapratandhaning kaurmataan lan kawilujengan.

Ing tembung Hindu: Kummar, punika tumraping tembung jawi;

penyu, tumraping tembung Walandi: Segilpadh, mila yen kula ngingling tekening asma, dede asma Walandi, dede asma Pranman, dede asma Inggris, wonten iripipun tembang Hindu wau, sering kula manah-manah, pun asma karma, meh saliringan kaliyan tembung Hindu Kurma, punapa tuwan kyai ageng Mayor Wedaphaekarma punika, kang wau tilas mayoring prajurit Hindu, sabab kula punika, sampun lantah kados bongsa Walandi, menawi ngingleng srat saderengipun kula waos tembungipun, tekening asma: ang kula tingallu rumiyin, nmenawi kulatingali tekening asma palsu, boten kula lajengaken pamaos kula, serat lajeng kula bucal kemawon, awit pamanah kula: tanpa damel amaos tembung angin, miola serat damelanipun tuwankayai ageng Mayor Wedaphaekarma, ingkang dumugi ing kula, tumrap ing serat Jurumartani, menawi kulatingali tekening asma palsu, boten susah kula waos lajeng kula bucal kemawon, terkadang kadamel bungkus bubukan kopi; dhumateng rencang kula, dados samudayaning seratan kang saking Wedaphaekarman, kula boten sumerep pisan-pisan suraosipun, mila sareng kula galih memancah memaoni, ragi dheleg, kados pundi enggen kula memaoni, kula boten sumerep suraosipun katara galing kecap kula sakedhik, punika kemawon kula supe, inggih tiyang sepu punika: kathah temen supenipun, mila yen kula sumerep padamelamanipun tuwan kyai ageng mayor wau, badhe nyuwun jampi lalen, pepenting priyantunipun belaba dhateng tiyang sepuh; sabab dhumateng sabarang tembung teka belaba sanget, boten wonten kadi dipun kewrani.

Sinerat ing nagari Surakarta, kampung Loji Wetan Septu kaping

1 April 1865

Panji Puspawilaga.

=====

Ing dinten Sabtu kaping 8 wulan April punika tuwan ingkang suka tondha asma ing ngandhap punika badhe adamel lelang, amargi badhe ngelih teojonipun, menggah ingkang badhe kabginglang warni barng-barang toko, inuman, barang-barang dados sagriya, kareta-kareta, wonten karetanipun ingkang kadamel kesahan tebih, kapal tumpakan tuwin kapal rakitan, sarta sanes-sanesipun.

Katandhan tuwan W.Phelman en ko (& Co).



Angka 15, 13 April 1865

Pagelaring pamedalipun saking Taberen wonten ing Batawi salebetipun ing tahun 1865.

Pakalempakan ing Indhiya Nederlan ingkang amarsudi kaindha-kaning kawruh bab lalampahing kodrat, sampaun anamtokaken badhe anyukani kados ing ngandhap punika.

Medhali mas, dhateng tiyang ingkang angladosaken barang-barang ingkang dados sela, wedalan ing Indhiya Nederlan, manawi kakinten pantes ginantungan ganjaran.

Medhali Pethakan, `dhateng tiyang ingkang angladosaken kalempakipun bangsaning tosan ingkang anyekapi, tuwin prunggu wedalan ing tanah Indhiya.

Medhali Sanguban, dhateng tiyang ingkang angladosaken pinton semen ingkang kawastanan sor lan semen, kadamel saking maujud wedalan ing Indhiya, pinton wau entheng-enthengipun kawawrat 4 kilo.

=====

Cariyos bab pamulangan ing tanah Indiya Nederlan.

Nalika panjenenganipun Kanjeng Tuwan Besar Gubernur Jendral Marsekal Dhandheles, ingkang anglangkungi kenceng pangastani-pun parentahing tanah jawi, karaharjanipun dumugi samangke, inggih punika ingkang awit amarsudi bab pamulangan jawi kaebut ing bab kaping 13 yasanipun serat Setruksi cecepengnipun para bupati ing tanah jawi pasisir eler.

Pamulangan wau kangge dhateng para neneman jawi, amulangaken lalampah sarta adat sae, angger tuwin agami Islam pamulangan wau amesthi kaadegaken ing kitha-kitha kabupaten sarta dhis-trik-dhistrik, para bupati ingkang kajibahan anyukani guru tiyang ngretos sarta saged mulang, panyeratipun setruksi wau katandhan ing samawis tanggal kaping 29 September 1808.

Nalika kanjeng tuwan Dhandheles yasa serat Setruksi punika, kados boten mawi dangu dhateng para bupati, saged utawi boten tumindakipunkatemtuwan punika, awit nalika samanten ing tanah jawi dereng wonten pamulangan, saha boten wonten tiyang

ingkang saged nedhahaken pangggenanipun tiyang mulang adat tuwin mulang sae angger sarta agami Islam kanjeng tuwan boten kantos anggalih yen kala samanten sanget kangelanipun tiyang jawi wau pantes kapuji ing ngakathah, awit kala jamanipun parentah kumpeni boten pindhah-pindhah anggaliya makaten. Kikiranganipun pergatan punika boten andadosaken punapa, amargi taksih katemben boten wonten polanipun ingkang katelad ananging ingkang sayektos punika andadosaken margi ingkang prayogi katelad kadadosanipun taksih enggal ing jaman punika, Parentah ingkang kaping kalih kang amratelakaken bab pamulangan jawi kasebut ing serat wawaton panyepengipun tanah Indiya Nederlan kaundhangaken tanggal kaping 22 wulan Dhesember taun 1818, yasanipun kanjeng tuwan Komisaris Jendral LOT Baron Pandher Kapellen sarta Beisnes.

Bab kaping 99 tuwin 100 ing serat angger wau amratelakaken ing ngandhap punika:  
Parentah inggil supados angadegna pamulangan ing satunggil-tunggilipun panggenan ing tanah Indiya Nederlan dene para gurunipun badhe kablanja dening parentah medal saking wragad pamulangan.  
Parentah amurih majengipun pamulangan wau sarta supados tiyang ing tanah Indiya Nederlan sami kalilan nama lebet ing pamujangan Walandi.  
Parentah amaringana jalaran supados para tuwan-tuwan Walandi saged kathah kawuninganipun ing tembung jawi mlajeng utawi sanesipun.  
Kanjeng Tuwan Gubernur Jendral Baron Pandher Kapellen ingkang kawajiban nindakaken pamacak wau, sareng badhe anindhakaken sawatawis kirnag ingkang anyaosi katrangan saking kawontenanipun pamulangan jawi ingkang sampun kalampahan, dene awit sesebutanipun ing bab kaping 100 ing serat papacak wau, kagalih kathah ingkang perlu kadosta: enggalipun ngadeg pamulangan langkung malih supados enggala kathah titiyang jawi ingkang saged nyerat sarta maos sageda tumunten tumindak sadayanipun serat angger tuwin pamacak wau, lajeng amarentahaken kanjeng tuwan wau dhateng para residhen ing tanah jawi, kaliyan serat kakancingan tanggal kaping 8 Maret 1819 angka 9 amesthi amriksa akaliyan temen-temen kados ingkang kasebut

ing ngandhap punika:

Ingkang sapisan lare-lare jawi ingkang wau dipun wulang punapa, sinten ingkang mulang dhateng pundi panggenanipun kados pundi pamulangipun sarta gurunipun ngsal bayaran pinten tuwin sinten titiyangipun ingkang sami mulang.

Ingkang kapung kalih: kados pundi wuwulangsarta pratikelipun amrih gampilaken pamulangan, saha punapa katem tuwanipun ingkang kenging katrapaken ingpamulangan wau.

Ingkang kapung tiga: punapa prelu guru ingkang lami-lami punika sami kapuruh majeng, sarana kaparingan pitulungan tiyang ingkang mulang; utawi punapa prelu kaparingan wewah bekakas ingkang kangge ing pamulangan.

Ingkang kapung sakawan punapa boten prayogi pranatan ing pamulanganipun lare lare wau katemtokaken kados caranipun dhusun piyambak-piyambak.

Kajawinipun punika para residhen wau sami kaparingan wuninga angenipun mriksa sakawan prakawis ingkang kasebut ing nginggil sampun ngantos sami kasupen yen karsaning parentah boten kakarsakaken mulang sanesipun saking maos sarta nyerat tembungipun piyambak tuwin sawarninipun wulang sae, kajawining mwuwulang bab agami Islam.

Punika taksih wonten lajengipun.

---

Amargi saking sih ganjaranipun gusti kang maha agung, kula Raden Purwakusuma, umur 31 tahun sampun sampun tigang tahun laminipun kula gegriya ing padusunan Wareng, wilujeng.

Saking seneng kula, suka wilujeng bab wedalipun Serat Juru-martani punika adamel pirenaning manah ingkang mawantu-wantu, menggah ing awak kula kautamenipun kasusastran kados serat Jurumartani wau.

Punika pikantuk margi tambah ing kena laran kula, angsal

wuwulang pahalan pinisepuh, sakathah-kathahipun ingkang kajarwa, salebetung srat ugi sanget sukur kula, Amin-amin pangeran kang nguwikani.

Katandhan Purwakusuma.

---

Kawula juru serat ing dhusun Luweng Grumung, dhistik ing

Kutaarja, Paresidhenan Paglen, nami Sastra Prawita, klahran utawi asli ing negari Ngayogyakarta Adiningrat umur 33 taun, kula sanget jumurung, bab anggenipun genahaken, murad dipun juru mertani, anggitanipun Raden Purwakusuma, mila kula raos-raos mupakat kula pyambak, leres pemanggilipun Raden Panji Puspawilaga, ing pan negari Surakarta Adiningrat, bab mirat-mirat wauteksih kathah kang kiranganipun, manawi boten kamar-sudi para saget jaman sak punika, kadosta tyang ahli Pekih, punika gadhah anggitan, sulayanipun ambudi kawruh dados pangabekti sedaya, mila ingkang bodho lajeng trimah milang tembe kemawon, ngaken iman angimani lare-lare kang sami ngaos, pathekah apal-apalan, dora ngaosna sejatosipun, kurup-ing kur'an, pinencaraken dados pinten-pinten, baita kapal, destun sareng purun, ngonus namung kajujug ungelipun, kidungan kados punika. Wiji sawijimulane dadi, pinancar dadi isining jagat, punika yen kaprasudiya malih, kados saged rujuk, kelayan kitab Jurumartani, utawi ngelmu kabar sak panunggilanipun, kula raos kados sakolahan ing saben negari, yasanipun kanjeng gupremen, punika wonten sedaya, ngelmubumi kitab etang cariyos miwah dongeng kang aneh-aneh, boten wonten bedanipun kaliyan pepethikan, dhawuh andikanipun para nabi, methikkimiratipun Kur'an, kautamenipun malah trang genah, anggitanipunpara saged jaman punika, saged ngutamekaken paramasastra.

Panuwun kula dhumateng tuwan, supados serat Panjurung kula punika kaecapa sampun kantos sulaya, aksaranipun utawi sand-hanganipun.

Sinerat ing Luweng Grumung kaping 30 Maret 1865.

Katandhan Mas Sastraprawita.

---

Cariyos aneh

Wonten sudagar amangangge sakalngkung sae, rusakipun sutra cemeng mawi kancingmas, lumampah-lumampah dhateng ing peken panuju sawegtu mawon, sareng makaten benikipun mas satunggil kasebrot ing tiyang durjana, badhe kabekta lumajeng, ananging celak kacepeng dening sudagar, ingkang sampun angutus dhu-wung, sarta lajeng amerung kupingipun tiyang durjana satunggil, nunten durjana wau asasambat awit saking angraos sakit, kaliyan amangsulaken benik dhateng sudagar, pitembunganipun makaten: Sumongga benik sampeyan, sudagar sasampunipun anam-peni wangsuling benik, lajeng wicanten makaten: enya kuping-mu.

=====

Wonten lare kesah dhateng pacinan atumbas gendhis pasir sakatos, sareng rare wau aningali manawi kasukanan kirang

sakedhik saking sakatos, lajeng apitaken dhateng Cina ingkang wade gendhis, wicantenipun makaten: babah, gendhis punika punapa leres sakatos, Cina amangsuli: iku kowe benere ora praduli, manawa kurang sathithik saka sakathi, awit bakal luwih entheng panggawamu, rare tumunten ambayar pengaosing gendhis, ananging arta pangaosipun kakirangan sakedhik, sarehning cina punika sakalangkung saged angetang, lajeng enggal sumerep manawi arta nipun kirang, awicanten dhateng rare makaten: E, bocah dhugal, dhuwitmu isih kurnag , rare amangsuli: punika babah leresipun boten praduli manawi arta-nipun kirang sakedhik, awit badhe langkung gampil pangetangi-pun.

=====

Sumilih sekar-sekaran, utawi taneman sami, utawi siti kajengan, utawi toya myang angin, prayogi ingkang uning, paedahahe ingkang bagus, amrih dados arja, kang sarira myang paling-gih, kadi uwoh kang sae miwah kang lema. Utawi pait leginya, miwah asrep panas malih, utawi ta jembotenya, miwah gatel amranani, punika ingkang uni, kadi janma ingkang arju, sampun patos lujengan, saecane sawatawis, kadamel bungahipun pawong sanak. Kang mupakat ing pandhita, utawi pujangga luwih, amriya ngelmu sampurna, kang wageda tata krami, andhap asor kang wiwit, kang dados manah kang arum, sampun adamel nistha, tan uninga tatakrami, kang prayoga nastiti saparing pola. Yen tiyang boten uninga, rasaning pahit lan gurih , miwah sedhep asinika, tuwin manis kang luwih, dados sring kateledir, gagap-gagap andelurung, yen tiyang tanpa sastra, yen wonten raosan tulis, pijer kendel lir pendah janma atapa. Malonga pan kadi guwa, wirange aameratani, kedah ngucap tanpa sastra, tingkahipun kadi kucing, andhekem ke-thip-kethip, kedah mundur dereng tutur, kewedan manahira, kadi pundi kang prayogi, nanging janma yen wira sak raras. Prayoga angulah sastra, punika damaring ati, sadaya tiyang

kang gesangEropah miwah ing Mesir, Arabi tuwin Persi, apa prikah mrikanipun , sanajan bumi cina, sadya samyah li tulis, wit ing reja inggih saking sastra Palak. Kadi ta pandhita kina, damel kitab inggih tulis, pujangga kang kina-kina, anganggit criyos inggih tulis, kadi ta para kaji, kang masyur panjenengipun, gih ahli sastra endah, milane dados awingit, jendral pernag Marsekal ahli sastra. kang nami janma utama, taberi sarengan tulis, waged damelmanis basa, arum tibane alindri, wonten cariyos kedhik, wonten tiyang ngaken punjul, waged damel karya, kauntungan miwah kawis, pandamelan dados dados tanpa sastra. Yen nuju nyerat daluwang, asil lan dungki tan nulis, milane dadi pocapaan, sanagari sami sengit, kathah sami anangis, margi sakit manahipun, yen tiyang ingkang wigya, dadosa ambelah ati, tan karaos amung bungah lakah-lakah. menawi wonten rarasan, sampun enggal tumut wingking, nunten les sakeh ika, yen tan terang amranani, menawi margi sakit utawi margi tekabur, utawi rebat mulya, punika kedah amikir, sampun kadi tiyang tan agadhah akal.  
Candhakipun punika badhe kalajengaken.

Bupati alit ing Sampang: Raden Ariya Kusuma Adiningrat.

Angka 16, 20 April 1865`

Kulawisudhan sapanunggulanipun  
Ingkang kasebut ing serat kakancinganipun kanjeng raja,  
katitimangsan kaping 30 Januawari 1865 angka 41 Kanjeng Tuwan  
C.P.Senim Litnan Jendral Kumendhan ing prajurit ing Nederlan  
Indiya sedaya, ing mangke kaundur saking kalenggahanipun  
kalayan kurmat sanget, amawi adarbe leres apikantuk pensiyun,  
sarta kasukanan tarima kasih bab anggenipun sampun anglampahi  
damelanipun lami sarta sakalangkung prayogi tuwin temen-  
temen.

Ingkang kasebut ing serat kakancinganipun kanjeng raja,  
katitimangsan kaping 1 Pebruawi 1865 angka 48 kanjeng tuwan  
Mister A.Prines, ing mangke kakula wisudha malih dados Pise  
Presidhen ing Rat Nederlan Indiya, dene kanjeng tuwan Prines  
wau ing sapunika taksih wontening negari Walandi, kala wauni-  
pun sampun anglampahi dados Pise Presidhen ing Rat Nederlan  
Indhiya, ananging awit saking panuwunipun kamantunan kalayan  
kurmat sanget.

Kanjeng Tuwan O.Pan Polanen Petel, Residhen ing Bantam , ing  
mangke kaparingan pamit kalih taun dhateng nagari Walandi  
utawi dhateng sanesipun panggenan ing sajawining tanah jawi,  
amargi saking sakit.

Tuwan I.Ghadhe, Kontelir Irseteklas, ing mangke kaparingan  
pamit kalih taun dhateng nagari Walandi, amargi saking sakit.

Kanjeng Tuwan C.N.H.Panlawik Panpap, priyantun ingkang angsal  
wahgel, kala waunipun dados asisten Residhen ing tanah kilen  
saubenging Batawi, ing mangke awit saking panuwunipun kaundur  
saking kalenggahanipun kalayan kurmat mawi darbe leres  
apikantuk pensiyun.

Tuwan W.H.Winmalen Kontelir Irsteklas, ing mangke kakula  
wisudha dados Asisten Residhen ing Majalengka Paresidhenan  
Cirebon.

Tuwan Y.Kenipores kontelir Irsteklas, ing mangke kakula  
wisudha dados Asisten Residhen ing Cianjur Paresidhenan

Priyangan.

Kanjeng Tuwan Y.Y.W.Bures ingkang wau dados Asisten Residhen ing Lebak Paresidhenan Bantam, sarta dereng lami wangsul saking oamit dhateng nagari Walandi, ing mangke kakula wisudha dados Asisten Residhen ing Sukapura Paresidhenan Priyangan angiras dados Pendhimeister.

Kanjeng Tuwan Y.C.G.S.Pan Kraiyennored sekretaris ing Paresidhenan Basuki, ing mangke kakula wisudha dados Asisten Residhen ing Madura paresidhenan madura, angiras dados pendhimister.

Pawartos ingkang medal saking telegrap ing Batawi tanggal

kaping 28 Maret ingkang sampun kapengker.

Kanjeng Tuwan Mister, L.W.C.Koeniyus sampun adarbe panuwun kamantunan anggenipun dados Lit ing Rat Pan Indiya.

Kanjeng tuwan A.Y.Andresen Jendral mayur, ing mangke kakula wisudha dados kumendhaning prajurit ing Nederlan Indiya sadaya.

---

Dhumateng tuwan ingkang ngarang serat jurummartani ing nagari Surakarta.

Panuwun kula supados kapacak a ing serat Jurumartani. kanjeng Rahaden Mas Tumenggung Ariya Suryacondranagara, Bupati ing nagari Kudus, kersa angaturaken badhe pagelaripun, barang taberen, ing nagari Batawi, sampun yasa barang rupi-rupi, padamelanipun para tiyang tani, utawi tiyang dagang utawi kriya, gendhagi, ingkang saklangkung sae-sa, rupenipun nanging masih kersa angudi, pikantukipun rarupen ingkang medal saking maujud kajeng utawi sela , ing ngriku lajeng angutus wadana kitha, kinen ngupados rarupen wau, margi badhe ginantungan ing Madhalimas, pethakan, miwah sanguban, saking tumemenipun ggening mundhi ing dhawuh, wadana kitha wau, ngajeng-ngajeng pikantukipun madhali, lajeng abudidaya ngupados akal, nyubi satunggalipun Kanjeng

Kingkang saklangkung ageng witipun, kawastanan ing tanah ngriku kajeng bulu, kajeng wau kapendhet getahipun, lajeng kadamel karet, ing wusana dados ugi, menggah rupi utawi kanggenipun, kaangge nyekrap, potelot inggih lajeng knging, sami ugi karet ingkang kawade ing toko-toko, ananging kaot cemeng kalayan pethak, pramila andadosaken gumunipun ing kathah, satunggal nagari ingkang waget angedalaken karet, sarehning tiyang-tiyang dereng biyasa damel tuwin nanem, punika andadosaken kuciwanipun.

Saking kersanipun Kanjeng Rahaden Mas Tumenggung, karsa anggalih bab tengkaripun kanjeng ingkang kadamel karet wau, amrih ing tembe wageta nambahi kauntunganipun tiyang tani, tuwin tiyang dagang,mekaten ugi wadana kitha wau, masih abudaya akal ngupados tambahipun rarupen wau, ingkang maujut kinging nga kasaosaken ing ngupatosiipun ing tembe yan pikantuk badhe pratelakaken .

Katandhan Jayengwasita.

---

Dhumateng Tuwan ingkang ngarang serat Jurumartani.

Kula sampun ningali seseratanipun Panji Puspawilaga ing Jurumartani kang mastani kula tiyang Hindu, kawastanan Mayur sarta kyai ageng tuwin nyriyosaken panjenenganipun sampun supe, ingkang makaten punika boten pindhahan dadosaken manahj kula, mlah kula gumujeng sarta bingah ningalipanjenenganipun karsa nyerat makaten amargi dados anocogi kaliyan panyerat kula ing jurumartani enggal mangke punika, ingkang mratelakaken panjenenganipun tiyang kina katondha anggenipun sampun supe, tiyang sepuh ingkang sampun supen makaten kawastanan pikun inggih awit saking pangakenipun piyambak kados ing

nginggil langkung terang malih supenipun wau awit saking anggenipun nyukani jujuluk dhateng kula wau, amargi tanpa wawaton sarta boten mawi saged anyababaken, dados criyos ingkang makaten wau anglengkara kemawon, kathah tiyang ingkang ngangge naa awon utawi sae, sanajan nganggeya nama cara puwah-puwah pindhah, ananging punika boten pindhahan damel cacad kjuciwaning tiyangipun.

Anggenipun anyukani jujuluk dhateng kula tigang warni wau,  
sami ugi saupami kula dipun sebut nama rja utawi dipun parabi  
ingkang anglangkungi awon punika sami ugi boten wonten sane-  
sipun awit kalih pindhah tan wawaton sarta sabab.

Anggen kula nyerat punika aming anedahaken saking kinanipun Panji Puspawilaga kemawon, sasampuning serat punika tuwan ecapaken ing jurumartani, saupami wonten jawabipun Panji Puspawilaga malih, kula boten pindhah-pindhah niyata amangsu-li, amargi badhe boten wonten sampuningipun anggen kula anjawab seseratanipun tiyang kina-kina ingkang sampun supe.  
Katandhan Mas Ngabei Weda Paenarma.

---

Mijil.

Sabab kathah ingkang damel nyengit, dhateng sami uwong, milanipun kedah mikir sae, sabab ajrih dados amranani, yen amireng angling, tan pikir rumuhun. Kathah tiyang ingkang mendhet asil, kathah dados bongkok, awit manah tan emut salahe, milanipun kedah sami ngerti, mikir sabda angling, pun kantos kaliru. Sabab ingkang tan rangkep kang galih, tuwin ingkang bodho, tan amikir tan kena anglinge, lajeng duka tan kanten surupi, tan waged tan sai, kedah meksa nepsu. Yen tan wigya miwah ngrenah anglinmg, tan ngantos garoboh, datan kaget tan ewet galihe, lajeng waged anyirepi angling, dipun daya wingking, uninga galundhung. Sampun wiwit lalandheping kasli, prayitna kalangon,. kang nastiti sumreping galihe, ingkang wigya prawireng sakalir, kang raharja budi, kang alusing kayun. Kang kaesthi makawising kardi, sampun sisip artos, ingkang sigid kang weteng kaptine, kang sampurna sampun kenging wandi, dayaning sasami, kang nganteping kayun. Ambawana kalangenan sai, kebon ingkang ngatos, kang dalemi myang resik kasaе, ingkang kekah kang pants linirik, karema ing nggalih, kang katingal yun-yun. Sampun damel musakating ati, miwah damel ewah, adamel susah bingung driyane, dados papawekasane nenggih, tan agunaneki, tuwas dadi satru. Wonten petha janma marang ingling, tan arsa raraos, kedah dhugal angkuh pinasange, datan ajeng saeya ing janmi, pangrasane luwihi, tan ana kang agung. Mingus-mingus yen ngulati janmi, tan wonten kang surop, pangraosa tan wonten samine, lami-lami kenging susah mangkin, tan ana kang nyandhing, janma samya nyokur. Den gugujeng den wiwirang malih, den tingali uwong, samya ngucap rah kena awake, bara weruh iki rasa pait, rasa kena mangkin, biyen banget angkuh. Biyen sira ngaku uwong

luwih, tan arsa tatakon, ngaku pinter tan ana tandhinge, lah saiki rasakena kaki, oleh endhi dhuwit, sapa ingkang tulung.  
Lah angku waluh Idak kamungkin, aja dhemen uwong, mapan biyen tan karep pikire, ora gelem cerak marang janmi, saiki ja

mikir, kayaha kang angkuh. Wonten malih janma kang ngesemi, miwah lajeng menga, dene biyen kapati angkuhe, saiki mari tan gelem luwih, tan agawe malih, angkuh meneng lesu. Kudu jaluk tulung marang janmi, sapa ingknag kerong, rehning biyen wis angrasa luwih, lah saiki pasangen wahneki, kang agatel jail, kaya janma luhung. Milanipun tiyang ingkang urip, emuta ing pungkur, angengeta purwa wekasane, bok manawi ing wingking amanggih, kamlaratan ragi, sampun ta kaduwung. Wonten reke wonten ratu mandureki, Jeng Sultan Kumendar, sugih arta myang p[utra putrine, kathah wayah ingkang dadi luwih, ewa ta ing mangkin, boten karsa angkuh. Lemes luwes pangandika manis, karsa asisiwe, wadyanira warna-warna kabeh, sami kedhep pangajrih ng dasih, langkung trisnaneki, pangestuning luwur. Karsa apawong sanak lan malih, gatos ing dhadhayoh, tuwin dana nyakra maning mngke, datan milih angsal tiyang sae, den raketti-yekti, kadi ingkang sunu. Datan karsa pitenah myang jail, tan karsa amronggol, datan karsa anyilip tindake, karsa terang arum lawan manis, jenenge asigit, tan wonten aniru. Awelasan dhateng tiyang sakit, ngusadani yaktos, andikane tan wonten gorohe, ngupadosa ing sewu nagari, temtu boten manggih, kadi gustiningsun. Yen marentah arum lawan manis, saleres sayektos , nanging bala tan manggih karsane, yen tan nalar tan manggih kang sae, tur nyatane mangkin, tibane rahayu. Lajeng getun kang manggih sae, ecane kanggo pol, lajeng enget yen dipun amane, adhuh tuwan kang murbeng jati, gusti kula mangkin, pinanjang na umur. Ingkang nagri arja mulya luwih, tanem tuwuh dados, myang dagangan ing sabrang dhatenge, citalaken Baludrulan Setin, kersa ilane-grim, Cindhelawonalus. Songket lemar seper lawan genis, kasaha lus-alus, sutra kembang warna endah winget, mandah setop miwah plangi-plangi, sinjang bathik adi, kurasi bramu-rub. Tan kaetang warnane kang piring, panjang tuwung mangkok, dhampar-dhampar glas glas adi kabeh, paregulan endah-endah warni, myang minuman manis, tetedhan tan kantun. Barang

kajeng Eropah dhatengi, bangku kenapsetol, pasareyan almari maune, kalawanawan Welandi, lawan malih warni, Setulep lan ekrup. Barang emas salaka dhatengi, inten mirah jumrot, tan kaucap liyaning widure, atanapi kancing warni-warni, pedhang polet topi, bah abah lan pistul. Tan kocapa kareta batawi, Tiyola myang Londhon Brusel Nederlan samyawatenge, delasan kuda Eropah Persi, sami ageng nginggil, warna bagus bagus. Amung ingkang aneh sawetawis, warnaning panganggo, wontening-kang kadi encik-encah, wonten ingkang walandi sapalih, sabuk koncar wingking, sumenep pan dhuwung. Amung ingkang kula tedha mangkin, muga-mugi anom, kasukana tatakrama sae, sampun lipya angulati tulis, anggraiteng kawis, ambek kang raharja. Ngupdos saprawireng kang luwih, pinter kang sayektos, sampun kantos karemung warnine, myna gngangge kang tan yucti ing janmi, andamela wingit, ambek kang rahayu. Katandhan, Bupati alit ing Sampang Raden Ariya Kusuma Adinigrat.

---

Asmaradana.

Ambedhingkrak, yen bedhingkrik tundha bema, yen bedhingkrak

kalothek kekarya ram kang tembe mulat, de kang wus wikan lama, amung sami aguguguyu, guyune cemplang kewala. Onangan-ing dhankethuplik, akeh wongkang apepasar, wade bale nyiklan gereh kucing gering gadhekena, kuwi bujel tebusna, tembang wong gunung kidul, sarundeng semaradana. kaki putra tudang-tuding, dene enggal sira nyambela, muliya mring kali pepe tata-tata asugata, peksi burcet yen angsal, karya sadhiyaning tamu, benjing sira antuk pangan.

katandhan kaki SUkra, ing Gedoya.

---

Peken kewan ing Samarang.

Para tiyang ingkang anggadhahi pikantuk dhateng peken kewan, punika sami kaengetaken, manawi benjing ing dinten Senen tanggal kaping 1 Mei ing ngajeng punika badhe wonten peken kewan ing Samarang.

=====

Angka 17, 27 April 1865

Kula wisudhan sapanunggilanipun.

Kanjeng Tuwan H.Dhesaopasi, Asisten Residhen ing Jepara  
Paresidhenan nagari ing Japara ugi, ing mangke kaparingan  
pamit kalih taun dhateng nagari Walandi, amargi saking sakit.

Pawartos ingkang medal ing Telegraf.

Tuwan C.A.L.Pantrusetenbureg, pandita ing Surakarta, ing  
mangke kpariringan pamit kalih taun dhateng nagari Walandi  
margi saking sakit.

Kanjeng Tuwan Y.H.Pandherpalem Asisten Residhen ing Sidaarja,  
ing mangke kakula wisudha dados residhen ing banten.

=====  
Pawartos warni-warni

Pawartos saking nagari Walandi ingkang medal saking telegraf  
dhumateng kanjeng tuwan ingkang wicaksana guprenur jendral,  
katitimangsan kaping 18 Maret ingkang sampunkapengker,  
anyariyosaken bab sedanipun Kanjeng Ratu Annah Pulonah,  
ibunipun kanjeng maharaja Walandi sapuniqa, menggah kanjeng  
ratu anggenipun dados randhaniun Swargi kanjeng maharaja ing  
Nederlan Willem kaping II, punika sampun kala tanggal  
kaping 17 Maret 1849.

=====  
Kanjeng Ertoh ing Braban kala tanggal kaping 17 Maret ingkang  
sampunkapengker, lampahipun sampun alangkung ing Singapura,  
anitih baita asep prang Inggris dhateng tanah Sus ingkang  
anepangaken Asiyah kaliyan Afrikah, dados kangjeng Hertoh wau  
sande anggenipun badhe karsa tindhak dhateng ing Nederlan  
Indiya.

=====  
Ing Niweyorek (Newyork) tanah englan wonten mangkok kopi  
tuwin surudipun wade, pakantuk kangee dhateng tiyang ingkang  
sami gadhah brengos, sampun kacariyos manawi ewen tuwin boten  
sakeca dhateng titiyang ingkang gadhah brengos wau, bilih  
angombe kopi ngangge mangkok limrah, utawi manawi anedha  
ngangge suru limrah kemawon, menggah mangkok kopi wau katut-

up, amung kadekekaken bolongan cekap ing cangkem kemawon, makaten ugi pandamelipun suru wau.

=====

Ing Paris tanah Prangkrik wonten tiyang akintun Setiwel sapasang dhateng Kanjeng raja ing Prangkrik supados katingalana, setiwel wau manawi kaangge kapetelaken ing suku satindak-tindakipun lajeng amungel gendhingan, upami ingkang ngangge adhansah walesda panunggilanipun ingkang amungel inggih gendhing wales salajengipun.

=====

Cariyos bab pamulangan ing tanah Indiya Nederlan ingkang bubukanipun sampun kapacak wonten ing serat jurumartani,

katitimangsan kaping 13 wulan April 1865 angka 15 punika ingkang angarang Raden Mas Tumenggung Ariya Surya Condranagara, bupati ing Kudus, mengkah candhakipun cariyos wau kdos ing ngandhap punika:

Namung wonten para residhen kalihwelas (12) ingkang anjawab pandangan wau.

Panjawanban ing bab kapiing 1 badhe kacariyosaken sawatawis panjang, amargi ing ngriku anelakaken cekapipun pamulangan jawi ing taun 1819.

BANTEN. Namung ing Serang kaliyan Banten wonten kaum ingkang amulang maos sarta nyerat kaum mau kadhang kawis asring tampil pasukanipun para murid sawatawis sumerep dados berahan anggeling mulang, ing Serang inggih ugi wonten titiyang ingkang amulang sarta asring-asring tampil berahan sawatawis, kathahipun mandhor 800 ingkang saged maos sarta nyerat namung 1/8 (sakprowolon).

BOGOR, Anakipun titiyang ingkang cekap sami dipun wulang ngaos Kur'an tuwin nyerat sawatawis.

KRAWANG. Lurah-lurah distrik ingkang katah sami saged maos sarta nyerat sakedhik malah guru-guru kathah ingkang boten saged, boten wonten kaum punapa malih priyantun ingkang saged mulang.

PRIYANGAN. Menawi wonten titiyang sepuhipun lare ingkang pikajeng badhe aken mulang nyerat sarta maos anakipun lajeng

kapasrahaken dhateng guru sarta wicanten: kula anyumanggakaken anak kula ing sampeyan amung ngantos andamel calaina ing mripat sarta balungipun kemawon, sampunipun pratela kados punika wau, lajeng sirna kuwasaning bapa dhateng anak.

Yen guru purun anampani, tumunten aprajanji badhe amulang lare wau saben dintenipun awit jam 7 dumugi 11 , 2 , dumugi 4, kajawinipun dinten Jumuwah.

Saupami tiyang sepuhipun lare wau sugih, lajeng sami andamel prajanjian bab belahanipun, dene yen boten makaten wajib murid wau angladosi gurunipun sadanguning boten kawulang.

TEGAL. Pangagengipun kaum amulang para priyantun jawi, nyerat maos cara jawi, wicantenan cara mlajeng utawi wawatonipun bab etangan, dene panggenanipun mulang wau boten tamtu, terkadang wonten giryaning tiyang sepuhipun utawi ing gryanining kaum inggih nitik-nitik muridipun menggah berahaning kedah ningali kawontenipun tiyang sepuhipun.

Lurah-lurah dhusun kirang langkung 850 kinten-kinten ingkang saged nyerat namanipun piyambak namung wonten 3 utawi 4 makaten wau ingkang taksih tedhakipun priyantun.

PAKALONGAN. wonten pasantren ageng , 8 guru-gurunipun ing ngriku anggening mulang mawi wonten titiyang ingkang angrencangi, kinten-kinten wonten titiyang 180.

Ingkang mulang wau kaum dene ingkang kawulangaken ngaos kur'an sarta kitab-kitab.

Menawi ownten murid ingkang badhe dados kaum pangaosipun kitab-kitab langkung kathah anggening ngaos ing pasantren ngriku langkung lami tinimbang kaliyan murid liyanipun ingkang boten badhe dados kaum.

Titiyang ingkang sami nyantri boten mawi katedhanan berahan, dene yen pikajeng anyukani, inggih katampanan ananging boten nate langkung saking 10 ringgit

Ingkang sinau maos utawi nyerat jawi, kang mulang sami kancanipun santri ingkang sami saged ananging tanpa berahan.

REMBANG. Para kaum ingkang sami mulang dhateng ing langgar utawi masjid serat-serat ingkang kaangge mulang wonten ing ngriku, Alip-alipan, turutan, patekah, yassin, Kur'an, Aliplam, Kitab Asmrakanthi, Kitab Sitin, Kitab Durat, Kitab Nawu, Kitab Sarab, Kitab Amil, Kitab Jurumiyyah.

Murid-murid sampuning sinau kitab sakawan kasebut ing ngging-gil kawingking pindhah, saweg dipun retosaken maknaning Kur'an.

Pamulangipun wau utawi awit enjing jam 1/2 7 (setengah pitu) dumugi 10 dene murid ingkang sasmpun kathah pangretosipun sadinten kawulang kaping 2.

Bayaranipun boten tamtu, ingkang limrah bakda siyam wulan Ramelan nyukani pitrah uwos 5 kati, ing mangsaniopun panen anyukani jakat pantun 1/10 (sakprosapuluh).

Ing salebetipun kabupaten Rembang wonten kaum 32 ingkang sami mulang muridipun anglangkungi kathah.

Ing kabupaten Lasem wonten guru 13ingkang mulang ing salebet-ing kitha kemawon wonten murid 200.

Kabupaten Tuban inggih wonten guru 13 ingkang ngakathahipun murid 180, dene ingkang wonten dhusun boten kantenan etanganipun.

Pasanren ing Kabupaten Jipang:

- Panolan ingkang mulang Ketib 1
  - Pandhangan ingkang mulang Modin 2
  - Bauterna ingkang mulang Modin 1
  - Rajekwesi ingkang mulang Modin 2
  - Blora ingkang mulang Modin 8
- 

Gunggung

14.

Ing Pasantren ingkang kathah muridipun amesthi wonten murid titiga ingkang dherek mulang.

Kathah-kathahipun patinggi mandhor (lurah) ingkang saged maos sarta nyerat jawi 10, dene titiyang ingkang cekap pikantuk wulang saking sanak sadherekipun utawi amrelokaken kesah dhateng Surabaya utawi Samawis.

Menawi titiyang kedah sumerepa agami ingkang inggil sami kesah dhateng Mediyun utawi Panaraga, kala rumiyin taksih kabawah Yogyakarta.

KEDHU, ing ngriku ugi wonten titiyang ingkang amulangaken agami, dene ingkang dados guru kaum 10.

Ingkang kawulangaken kitab Nawu, Tasrip usul pekih, lan tapsir.

Gurunipun maos cara Arab ing ngajenganing para murid lajeng kajawekaken.

Wonten ugi murid-murid ingkang kawulang maos kitab Nahu.

Putra-putranipun priyantun sami kawulang maos sarta nyerat cara jawi dening tiyang sepuhipun utawi santana utawi abdini-

punm piyambak.

GRESIK. Para putranipun priyantun sami saged maos sarta nyerat cara jawi sadaya, kasagedanipun wau anggneiing mulang carik ingkang derek tiyang sepuhipun.

Menawi sampun umur, 7 taun sami kawulang agami, ananging sarehning guru-guru boten nate nedha berahan dados medal saking pikajenganipun piyambak asring-asring anyukani rupi uwos utawi wowohan dhateng gurunipun.

Para kaum ingkang sami dados guru boten nate nedha epahan.

Punika taksih wonten lajengipun.

katandhan Raden Mas Tumenggung ARiya Surya Condr Nagara.

---

Ingkang dados pamanggih kula punika, menawi kepareng rujuk, ingkang mugi kulanuwun kapacak wonten ing serat Juru Mratani, bab lampahipun ing tetanen, kula anggadhahi panengeran kados dene ngandhap punika pratelanipun:

1. Awit ingkang sapisan, yen pinuju ing mongsa sekawan, manawi labuh jawah wiwit saking kidulwetan, lampahipun ing tiyang sesabin tanemipun mawi kadho-kadho, amargi saking jawahipun kirang, saha mawi kendhat, anaming sareng sampun mongsa kanem jawahipun lumintu, sapa wingkingipun saya anyekapi, awekasan wenenipun taneman pantun wulu kathah prayogi, amergi merkatekipunsampunkelangkung sangking grubugan angin ing mongsa kawolu, namung pantun cempa ingkang boten patos lema, amargi saking kacenthet kirangipun jawah ing ngajeng wau, mekaten ugi palawija inggih boten patos landhung, gejawi siti ingkang tanah sorotan toyta, mila prayoginipun, yen jawah wiwit saking kidul wetan, sanajan dereng anyekapi toyanipun, konca tetanen wau sami adamela lahan ingkang dhayung, supados saya wewah sae tanemanipun.

2. Bab kaping kalih, yen jawah labuhipun sekawan, wiwit saking ler wetan, adat ingkang sampun kalampahan, jawahipun lajeng wradin, sarta lumintu, dados lampahipun tiyang tetanen boten mawi kendel, menggah taneman pantun utawi palawija sae, amargi angnipun daweg, anami ugeripun anggenipun macul garu tuwin maluku purun lebet, sabab boten patos kathah ama, dene taneman pantun wulu, utawi sempat inggih sae.

3. Bab kaping tiga, menawi ing mongsa sekawan wiwitipun labuhipun jawah, wiwit, saking ler kilen adat ingkang sampun kalampahan kagengen jawah, ing sawernenipun lepen kerep banjir, lampahipun tiyang sesabin, yen boten bantas urusani-pun toya, boten prayogi , amargi bascek, dene wiji ingkang prayogi adat pantun cempa, tuwin pantun slamet, sabab kuwawi ing toya, taneman palawija ing an ingkang sae, yen atanah pasabinan ragi bacek, yen kirang pamurihipun ing bucalan toya.

4. Bab kaping sekawan, yen ing mongsa sekawan wiwitipun labuh jawah, awit saking kidul kilen , adat ingkng sampun kalampa-han, jawah ageng anginipun inggih ageng, asring kathah ama, sabab cakipun benter, mila prayoginipun konca tani prayogi angagengena taneman palawija, kadamel jagi tiwasipun ing pantun.

Anaming kula enget saking piwulangipun Kanjeng Tuwan Residhen Eben, menggah srananipun wijining pantun, ingkang supados tebihipun ama wau, mawi dipun kum ing ngawu 2 dalu saha ingkang asring wentala ing mongsa nomer 4 wau.

Prayogi wiji ipukan, yen tanah sakilen pragi, nama Tiparan, tuwin cocohan.

Saking bab punika menawi wonten ingkang karsa anggalih saking pamanggih kula wau, pengraos kula sampun dumugi anggen kula ames paosaken ing mongsa wau, sabab antawis sam[pun wonten saking 15 taun, klampahan punika, anggen kula kakersakaken atetengga, wonten kagungan dalem siti pemaosan dalem ing sakilen pragi, menggah lageyanipun ing siti, utawi kedadosa-nipun tanem tuwuh, ugi kados atur kula ing ngajeng wau, ewadene kula sumongga, sabab ter tamtonipun ing sanesipun bawah, mawi agadhah watak piyambak piyambak.

Nanggulan kaping 11 Dulakidah Wawu, angka 1893  
Katandhan Raden Riya Mertadipura, Abdidalem bupati ing Nang-gulan.

---

Punika Cangkriman ingwang, wanodya pan andon jurit, mungsuh atanpa wilangan, aneng tengah wonadri, langkung ramemening jurit, saputripan datan tatu, sigra angamuk ngrampas, lang-

kung prawiraning sami, menang aprang wanodya gawa boyongan.  
Katandhan ATmareja.

=====

Angka 18, Kemis kaping 4 Mei 1865

Kulawisudhan sapanunggilanipun

Kanjeng Tuan W.A.Jellinghaus, Residen ing Tegal ing mangke kula wisudha dados Ridher saking Orde Nederland Seleyo, kasebut ing serat kakancinganipun Kanjeng Raja katiti mangsan kaping 8 wulan Maret 1865, angka 44.

Kanjeng Tuan Mister F.M.C. Dellesreiken luitenants luhur ing Nederland Indiya, ing mangke kula wisudha dados Pise Residen Luhur ing Nederlan Indiya wau.

Kanjeng Tuwan Y.E.Pillard, Asisten RESidhen ing demak karesidhenan Semarang ing mangke kula wisuda dados Asisten Residhen Sidoarjo Residhen Surabaya.

Tuan F.H.C.Markgilapri, priyantun tweedeklas, ing mangke kareh ing Kanjeng Tuwan Direktur saking tanem tuwuh.

Tuan L.C.E.Knipoors, Kontelir Derdeklas ing mangke kaelih saking karesidhenan Kedu dhateng karesidhenan Surabaya kareh ing Kanjeng tuwan Residhen ing ngriku.

Tuan J.Tennis kapiten prajurit Infantri ing mangke kaparingan pamit kalih tahun dhateng nagari Walandi.

Tuan Y.C. Laonsedah ingkang sapunika awit saking pamit taksih wonten ing nagari Walandi, ing mangke kula wisuda ddos Mayor saking Prajurit alteleri.

---

Nederlan

Ingkang maos serat punika sami kasukanan pawartos ingkang damel kasengkelaning manah, bab sedanipun kanjeng ratu randhanipun Kanjeng Maharaja walandi Willem ingkang kaping kalih, kala tanggal kaping 1 wulan Maret ingkang sampun kapengker, amargi gerah mboten antawis lami seda, andadosaken sengkelaning galih ingkang para putra santananipun sadaya, tuwin para abdi santana nagari Nederlan. Dene kala badhe sedanipun para putr santana sami angadhep sadaya.

kanjeng Ratu Anna Paulonna Grootporsettin ing Ruslan, wiyoسانipun kala tanggal kaping 19 Januari 1765 sarta dados putra-nipun wuragil kanjeng raja Paul ing Ruslan, kaliyan Kanjeng Ratu Mariah Feodoronah putri saking Wijtemberg, sareng Kanjeng Ratu Anna Paolona yuswa kalih dasa tahun akrama angsal Willem Prins van Orange, ingkang sampun tepang kaliyan Kanjeng Raja Aleksander ing Ruslan. Ingkang raka kanjeng Ratu

Annah Paolona kala wonten ing Paris tanah Prangkrik, menggah pikramanipun wau wonten Peterjurg kithanipun ageng ing Ruslan kala tanggal 21 Februari 1816, punika sasampunipun krama elet sawulan ingkang embok ayu anama Katerine, Paolona randhanipun Kanjeng pangeran Peter ing Holsethin Oldeberg, angsal kanjeng Pangeran Adipati ing Wijrtenberg dados ingkang ibu kanjeng ratu garwanipun Kanjeng Maharaja Walandi sapunika.

Kanjeng Maharaja Walandi Willem ingkang kaping II apatutan putra 5 saking Kanjeng Ratu Annah Paullona ingkang 2 sami kakung sami seda, satunggal yuswa 29 tahun ingkang satunggilipun saweg yuswa 4 wulan.

Anggenipun jumeneng kanjeng ratu Annah Paullona, dados garwanipun Kanjeng Maharaja Willem ingkang kaping II amung sawatawis tahun laminipun, kala tanggal 7 wulan Oktober 1840 kanjeng Maharaja Willem ingkang kaping I jumeneng nata, angsal sanga tengah tahun laminipun lajeng seda.

Salaminipun perang kaliyan kraton Belgi, Kanjeng Ratu Annah dawah asaya griya ingkang kadamel panggenan titiyang ingkang sami kataton, wragatipun ayasa griya punika sakingkanjeng ratu Anna Paullona, dene pamulasara saha tedhanipun inggih kanjeng ratu wau ingkang maringi, laminipun ingkang sami tatu wau ingkang maringi, laminipun ingkang sami tatu wau sami saras sadaya; lampah sae punika sampun cekap andadosaken pengemut-emut kanjeng Ratu Anna Paulona kalayan manah pantrimah.

Kala sedanipun kanjeng Maharaja Willem ingkang kaping II kanejgn ratu Anna Paulona adalem gentos-gentos wonten dalem ing Susdeijk tuwin ing Seguhe, wonten ing andadosaken kalang-kung aprih ashipun tiyang miskin wau dhateng Kanjeng Ratu Annah Paulona. Dene sedanipun inggih andadosaken rumaosipun sakalangkung susah ingkang sampun sami kadamel sae dhateng Kanjeng Ratu Wau.

---

Serat ingkang kakintunaken dhateng tuan ingkang angarang serat pawartos ing Semarang ungelipun kados ing ngandhap punika.

Sarehning ingpabrik-pabrik gendhis saben tiyang kedah angangge girik, ingkang kathah sami kadamel saking dalancang, andadosaken ragi kathah ing sawatawis ing wragadipun adamel, awit saking risak meh saben tahun anyantuni girik enggal ing mangke kula gadhah pamanggih bab sarananipun ingkang andadosaken awet sarana punika awarni sepelter siber utawi air keras, kacemplungana arta duitan kalih, manawi arta duitan punika sampun telas wonten salebetting air keras lajeng air keras wau kawastanan Salpeter Silakoper, nunten tiyang amen-

deta seng utawi eblek, lajeng kakethok-kethok kawangon kados girik, seng utawi eblek wau tumunten kaserat kaliyan kalam waos, ingkang katutulaken ing air keras punika seratanipun dados cemeng manawi sampun garing sarta boten gampil ing pambucalipun seratan wau, sanadyan kalebetana ing toya inggih boten saged ical. Ingkang punika pangajeng-ajeng kula awit saking anglebetaken pamanggih kula punika wonten ing serat pawartos sampeyan mugi andadosna sukapirena manahipun para ingkang sami gadhah pabrik wau sami angangge ingkang dados pamanggih kula amasti badhe agadhah girik ingkang awet ing panganggenipun girik tuwin sakalangkung prayogi, punapa dene inggih wonten malih kanggenipun girik seng utawi eblek, punika saged ing ngatasipun tataneman, kembangan utawi pijenan. Manawi girik seng utawi eblek sampun kaserat minongka tetenger kagandulna ing kajeng ingkang lajeng katancepaken wonten prenahipun celak kaliyan tataneman kembang utawi pijenan minongka tetenger, supados ingkang gadhah sampun

ngantos saged kalintu dateng tataneman sapanunggilanipun kala wau.

---

Katur tuan ingkang ngarang serat Jurumartani ngaturaken kabar aneh mergi umur kula sampun 60 tahun, dereng nate mireng utawi wuninga kekendelanipun lare angon, saweg ing tembe punika kula mireng ing dhusun Wanasaoca bawah distrik Undhakan, ing satunggiling dinten ing wanci enjing wonten lare angon 2 dateng wana, ing wusana lare ingkang satunggal wau kajecak ing simo, sareng wuninga kancanipun ingkang satunggal wau lajeng tutulung, simo kacepeng kupingipun kapocoki arit, awir saking kendelipun lare ingkang tutulung wau, ngantos uwal panyepengipun simo saengga simo lumajeng, ing salajengipun lare 2 wau wilujeng sareng katur ing parentah, wadana kengkenan ngajagi simo wau, nanging lajeng ical, pandonganipun ing kathah enggala kacepeng punika kenging kapacak ing jurumartani.

katandhan kartataruna.

---

Ing kampung bawah kabupaten Bojonagara, wonten satunggiling tiyang sepuh wasta Kyai Trunatika, sapunika sampun umur 70 tahun, sanget cilaka saha aneh cariyosipun, kala taksih jajakasanget karemipun dhumateng pawestri, anggenipun imah-imah ngantos rambah kaping gangsal, sareng umur 30 tahun tumut ngubur tiyang pejah, darijinipun panuduh ingkang tengen kalinggis rencangipun dados paruthul, umur 35 tahun sakit

mripaatipun, sauntawis sawulan lajeng mlethus lajjeng wuta kalihipun, lami-lami lajeng budheg boten mireng punapa-punapa, ananging manahipun boten gingsir tetep anggenipun ngibadah.

Kaelokiu Kyai Trunatika wau saged damel griya piyambak, menek inggil griya sarta amuwung saha melit, nganam gedheg, adamel tembeng, urug-urug siti salebetung griya, macul ananem karang kitri palawija, adamel enthong, irus, pacak-pacak kajeng sapanunggilanipun. Menggah padamelanipun wau boten benten kalayan tiyang kasarasan saha manawi wonten margi ingkang sampun asring kalampahi boten munyuk-munyuk iinggih kados lampahipun ingkang kasarasan. Rencangipun Kyai Trunatika wau namung kalayan bojonipun kemawon. Titi ing Bojonagara 5 wulan April 1865.

Katandhan Mangkukusuma.

---

Ngayogyakarta kaping 2 Besar Wawu 1793 utawi kaping 28 April 1865

Wontena kersanipun tuan amacak Juru Martani

Gambuh dikrama, menira tyang sampun sepuh, yen ngabdiya dhateng Hyang Kusnun sawang jiwa amba sampun supun, badhe seleh putranipun, ingkang sampun dados parentah. Sinten badhe cangkrimaningsun, mila klebet ing juru sagub, mila klebet mas mirah juru Martani mugi amba weken dhawuh, sakalangkung bingah ing batos.

Yen nuntena woonten dhawuh angandika iya kaulingsun, mukul

gong saniyaganemung sawiji, undang-undang kecak-kecuk, kaume teka ambengok.

katandhan R.M.Aryadiwirya.

---

Pambade kula cangkriman, kang woten Juru Martani, cangkriman-nya Atmareja, yen kawula mboten silih punika tiyang ni-ani, wanudya kang angsal pantun, yen lepat batang kula, den agung ing pangaksama, rek kawula mboten mawi puruhita.

Punika cangkriman kula, kawontenanipun satunggiling bumi manawi puputra sami, pan darbe nyawa pribadi, warna beda lawan bapa-biyungipun, lawan seje namanira, dupi ageng warna sami nama sami, myang suwara tindak tanduk dora tan beda.

Katandhan Ekamarta.

---

Sun mangkur batang cangkriman, sekar sinom tumrap Juru Martani, mijil tanggal pitulikur, April ingkang kawuntat, wonten

putri sajuga pan andon pupuh, mengsaunya tanpa wilangan,  
aneng tengahing wanadri.

Langkung remening ngayuda, de sang retno tan tatu ing ngajurit,  
denya ngrampas ngamuk punggung, dahat ramening ngaprang,  
yen amenang sang dyah amboyongi mengsaunika pambade kula,  
tiyang angeneni pari.

Ngong gantya darbe cangkriman, wonten sendang kalangkung  
dening wingit, ungyanya madya wanagung, anging taheyehira,  
nora ajeng erob tuwin wedalipun ingkang mesthi saben enjing,  
wungu amrem wijilneki.

Kaping dwi cangkrimaningwang, wonten buron lir yaksa geng  
nglangkungi, netranya kirang mandhuwur, tan bisa noleh wuntat,  
wus busana salebrak lapak tan kantun, katandhan ing  
Surakarta, dening guru Sundhamantri.

=====

Ing Malem Kamis tanggal kaping 1 wulan Besar punika wanci jam  
1, kula gadhah anak estri medal saking ampeyan.

K.P.A.Surya Armaja ing Surakarta.

=====

Toko tuwin pangecapipun Tuan De Groot Kolf en ko ing Surakarta  
ing mangke sampun kaelih wonten ing griya loji wetan,  
ingkang wau kaenggeni dening tuan Swagerlekrij en ko.

Salebeting toko ing ngriku kathah andagang pirantos panyeratan,  
tuwin pirantos anggabar sapanunggilanipun, ingkang  
punika mugi andadosna resep manahipun ingkang badhe atutumbas  
wonten toko wau.

=====

Ing tokonipun Tuan De Groot Kolf & Co ing Surakarta mentas  
atampi figura sakalangkung sae tuwin pulas lisah kadekekaken  
ing eblek menggah reginipun murwat sanget.

=====

Para tuwan ingkang ngecapaken serat Juru Martani badhe kajibahan  
parentah bab sawarnining pawartos ingkang boten mawi

tandhanipun asama ingkang ngintunaken.

Kaecap ing Surakarta wonten ing Pangecapaning De Groot Kolep  
en ko.

=====

Angka 19, 11 Mei 1865

Kulawisudhan sapanunggilanipun

Tuhan W.F.Odepin, Kontelir Vierseteklasse, ing mangke awit saking panuwunipun piyambak kondur saking kalenggahanipun kalayan kurmat.

Kanjeng Tuwan E.C. can Prinswijge, assitant Residhen ing Surakarta, ing mangke kaparingan pamit 2 tahun dhateng nagari Walandi.

Tuhan J.F.Age, Kontelir Vierseteklasse, ing mangke kakula wisuda dados Asistan RESidhen ing Jepara.

Kanjeng Tuwan Mister E.A.J.D. Dijtbetze, Assistant Residhen ing Panaraga, Karesidhenan Madiyun, ing mangke kaparingan pamit 2 tahun dhateng nagari Walandi amargi saking sakit.

=====

Serat saking Sidoarjo karesidhenan Surabaya katitimangsankaping 18 April ingkang sampun kapengker, anyariyosaken kados ing ngandhap punika:

Kala ing dinten wingi kanjeng Tuwan Assisten Residhen, ingkang kakula wisudha dados Residhen ing Banten, masrahaken ing parentahipun ing Sidoarjo dhateng kontrolir ing ngriku, ingkang kajibahan amakili pandamelanipun kanjeng tuwan asisten residhen wau ing sawatawis laminipun, dene enjingipun asisten residhen lajeng mangkat dhateng Sidoarjo, kadherekaken ing para priyantun Jawi utawi para pangageng, para titiyang Cina punapa dene para tuwan-tuwan Welandi ing Sidoarjo, ngantos dumugi ing sawatawis tebihipun, menggah griya-griya patrolan ingkang kalangkungan sami kaengga ijem sadaya, minongka tanda kurmat dhateng kanjeng tuwan asisten residhen wau.

Wondene titiyang sami amujekaken kawilujenganing lampahipun kanjeng tuwan asisten residhen. Ingkang sampun dados assisten residhen lami wonten wonten ing Sidoarjo, sarta kalulutan tuwin kaaji-aji denning titiyang ing Sidoarjo sadaya.

=====

Dereng lami ing Ternate wonten bayi sirahipun kalih kuping tiga, bayi punika taksih genjik sarta tumut ing biyungipun kaliyan sadherekipun 7 ingkang sami sae boten salah kadado-

san, ananging boten gesang ngantos lami lajeng pejah, ing sirahipun satunggil katingal wonten angkanipun ingkang cetha 1861, dene pupunipun ingkang wingking inggih wonten aksarani-pun cap-capan sawatawis ingkang katingal.

---

Para titiyang sami bingah ing manah, amireng pawartos manawi dereng lami anggenipun nyoba anglampahaken kareta asep satunggil ingkang mentas dhateng Semarang kalampahaken wongsal-wangsul saking panggenanipun kareta asep wau boten kirang satunggal punapa-punapa.

Wondene pancen marginipun kareta asep wau kadamel wonten ing panggenan ingkang dereng patos lami taksih dados kalen, tambak ulam, tuwin sakalangkung andhapipun, awit saking panyoba punika sampaun anelakaken manawi angicalaken kuwatosipun ing sawatawis tiyang bab badhe pandelongipun warnining kareta asep ingkang badhe andadosaken sakalangkung kathah wragadipun andadosi, menggah kareta asep wau wawratipun 30000 f Nederlan sarta sampaun kalampahaken wongsal-wangsul ngantos kaping pinten amedal ing marginipun, ewadenten mandelong margi wau sakalangkung kedik akaliyan waradin.

---

Serat saking Surabaya, katitimangsan kaping 6 wulan Mei punika anyariyosaken bab awising uwos ing Surabaya, sapunika ing dalem sadacinipun ngantos regi Rp. 20,-- dene manawi tiyang tumbas sakedhik sadasa kates regi Rp. 3,--pethak. Anglangkungi malih ingkang dados gumunipun titiyang manawi awising uwos punika, boten saking kikirangan uwos medalipun ing panen inggih sae, dene karesidenan kiwa tengenipun ngriku regining uwos boten langkung saking Rp. 9,-- utawi Rp. 10,-- ing dalem sadacin.

Ingkang punika mugi-mugi kaserepan ing pundi-pundi bab awisipun uwos wau, andadosna enggal pambektanipun uwos saking Jawi dhateng Surabaya awis kados pundi kadadosaning panggesangan tiyang alit manawi awising uwos wau langkung lami.

Sapunika ing Surabaya ngrika-ngriki wiwit wonten kolerah malih, ananging titiyang Jawi ingkang sami katrajang ing

sasakit wau.

---

Punika lajengipun carios bab pamulangan ing tanah India-Nederlan

Surabaya, agami ingkang kawulangaken jarwanipun Qur'an, kathah lare-lare ingkang sami sirau ngaos Qur'an kasambi kaliyan dedolanan, para priyantun tuwin tiyang alit kathah ingkang sami ngaos, dene pambabaring dhateng fgrunipun boten katamtokaken, naming medal sapikajengipun piyambak-piyambak, wonten ingkang bayar arta, rupi barang utawi uwos pantun, ugi wonten ingkang boten bayar.

Anak-anakipun priyantun sami dipun wulang maos sarta nyerat cara jawi tuwin etang dening para santana utawi mitranipun piyambak. TEmbung mlajeng punika ingkang saged namung putranipun tiyang ageng-ageng pesisir kemawon.

Pasuruan,maos sarta nyerat cara jawi, ingkang mulangaken carikipun para priyantun pamulanganipun nyerat sarta maos cara arab wonten ing langgar utawi wonten ing griya , dene ingkang amulangaken para kaum.

Ingkang limrah yen dinten riyadi bakda wonten romadhon, enjing kaum ingkang sami mulang tampi sadhekah utawi pitrah arupi uwos, arta, pangangge utawi sapikajengipun ingkang nyukani, kaum-kaum wau inggih tampi zakat yen mangsanipun panen.

Besuki. Para kaum sami kuwajiban amulang sagami dhateng titiyang ingkang sami pikajeng. Ingkang limrah lare-lare ingkang sami malebet ing pamulangan umur 5 utawi 6 tahun,

lare-lare wau sami dipun kengken nyakepaken ayat saking Qur'an, ananging murid punapa gurunipun mboten sumerep artosipun, dene kanggening wau manawi wonten nikahan.

Saseratan Jawi ingkang mulangaken dhateng para ageng mitra karuhipun kang sami saged ing salebetipun karsidhenan ngriku, murid-murid boten nate anyukani arta dhateng gurunipun, nanging uwos utawi pangangge kemawon.

Banyuwangi. Kaum-kaum sami mulangaken maos nyerat tuwin makananipun tembung ARab, ananging kathah kang lepat malah para bupati boten saged nyerat utawi maos ingkang sae ing

basanipun piyambak. Ingkang kasumerepan dados berahanipun kaum-kaum, gelaran enggal, wonten sasinjang, bantal enggal nanging awis kang nyukani arta.

para residhen wau nyaosi panimbangan amrih kasaenan pamulangan, miturut pandangunipun paentah kasebut ing bab kaping 2 ing serat kakancingan ing nginggil, nanging panimbangan amrih saenipun wau kirang sumerepipun kemawon. Para residhen sedaya pikajengipun namung badhe angathahaken pamulangan utawi pesantrwen, kadosta pikajengipun residhen Tegal, nuwun badhe ngadegaken pamulangan 12 kathahipun murid ingkang badhe kawulang 1200.

Dene sababipun panimbangan para residhen wau boten wonten kang katindakaken, nanging sadaya lajeng kasimpen kemawon, manawi awit saking parentah anggalih kakathahen anggenipun sami nuwuhaken pamulangan.

Sanaosa ing tanah jawi ing tahun 1819 dereng wonten pamulangan jawi satunggil-tunggila, ugi ing tahun 1820 nalika adamel serat setruksi utawi papakem cecepengan para bupati ing tanah jawi ing bab kaping 12 katamtokaken kados ing ngandhap punka.

Para bupati kajibahi pamriksaning pamulangan jawi, saoleh-oleha amesthi benering pamulangan wau, sarta amriha akeha bocah nom-noman kang pada malebu ing kono lan pada kawruhana nulis, maca sarta sakehe wulang becik, kang dadi kewajiane manungsa (serat papakeming parentah Staatblad tahun 1820 angka 22).

Sarehning papacak wau boten kawehawan pranatan malih, ingkang lajeng kenging katindakaken, mila boten kenging ginunggung saenipun, mila setruksi kasebut makaten, awit kathah amendhet tuladha saking pandamelipun serat papacak kanjeng tuwan Markleg Daendels.

Ing salebetipun tahun 1822 kanjeng Tuwan Gubernur Jendral Baron van der Kappelen, rawuh saha lereh sawatawis dinten ing karesidhenan TEgal, sanget anggeipun andhawuhaken dumateng tuwan Residhen supados amuriha kamajenganipun pamulangan jawi, awit saking punika tuwan residhen ing wulan Agustus 1822 badhe anyaosi lepiyan pamacakipun pamulangan ingkang badhe kangge tiyang jawi ing karesidhenan ngriku. pamacak wau ingkang kaleresan sae pranatanipun kasilep saking kathahing padamelan dados lajeng kasupenan amindhahaken.

Enggal-enggal lumajeng Tuwan gubernur Jendral Van Der Kappelen andhawuhaken dhateng tuwan J.C.JellingEricson, Residhen ing Pamekasan, anyoba supados utusan mulang nyerat maos dhateng para nem-neman jawiingkang pantes. Ananging sarehning boten mangretos daos parentah wau boten saged anindhakaken.

Wulan Juni 1823 Tuwan REsidhen wau anggalih kaleresan pikan-

tuk tiyangkang mulang nama REksodiwiryo, ingkang wau dados lurahipun upas ing Pasuruan, kang sasampunipun lereh anggenipun dados upas lajeng mulang agami dhateng lare-lare saha saged maos sarta maos tembung jawi.

TuwanResidhen andhawuhaken tiyang wau dados guru, lajeng parentahaken, netepaken ugi dhateng Reksodiwiryo kaliyan serat kakancingan katiten tanggal kaping 8 wulan Agustus 1823, kaliyan kaparingan blanja Rp. 12,-- sawulan, badhe amulang lare 12 anakipun para priyantun ingkang dipun coba punika sae, saha wingkingipun badhe kaagengaken pamulangipun, kaparingan tiang ingkang mitulungi mulang, sarta piyambakipun badhe kawewahan ing blanjanipun.

Cariyos punika taksih wonten lajengipun.

---

Ing dhusun Banagara, bawah kabupaten Kudus, wonten satunggal-ting tiyang sampun sepuh, wasta Kyai Kaji Jahet, sapunika sampun umjur 65 tahun, mawi calahina mripatipun kalih pisan wuta, tiyang wau saged ngaos Qur'an ing salebetting 8 jam sampun katham sadaya, nanging pamaosing Qur'an wau sarta apal-apalan kemawon manawi kasimak kaliyaningkang bekta Qur'an pamaosipun boten wonten ingkang galap sadaya absah, punapa dene saged milih krambil ingkang sepuh, saengga sapriki Kyai Kaji Jahet taksih asring mulang santri kathahipun sawatawis ing nalika tahun 1861 wau Kyai Kaji Jahet sampun nate kesah ing nagari Arab minggih kaji, dangunipun wonten Mekah 2 tahun mila ing mangke nama Kaji Jahet awit anggening sampun minggah kaji.  
katandhan Mas Basuki.

---

Panuwun kula dhumateng tuan ingkang nyerat Jurumartani ing nagari Surakarta manawi kersa macak SErat Jurumartani.  
Wayah Dalem Swargi Kanjeng Raden Arya Panular I ing nagari Surakarta, bendara Raden Ayu Dirja Prawiro putranipun Bendara Raden Arya Adiningrat, karabi dening putra kepenakanipun ingkang Bupati Grobogan Raden Tumenggung Adinagoro nama Raden

Ngabei Dirjo Prawiro ing nalika dinten Senen Pon tanggal kaping 14 wulan Dulkhaidah ing warsa Wawu angka 1793, kagungan putra putri wonten ing Kabupaten Purwadadi Grobogan, awit kababaraken dumugi sapunika wilujeng.  
kaserat ing Purwadadi tanggal kaping 29 wulan Dulkhaidah ing warsa Wawu angka 1793, katandhan putra Bupati ing Grobogan R.Ng.Gandadiwirya.

---

Kena kabatang cangkriman kang pinacak ing Jurumartani angka 19, anuju wulan april kang tanggal 29 tahun 1860, sirahnya lima, Admareja ingkang kardi, wanodya kang andon yuda, tiyang derep yekti ingkang jurit, lawanira yuda pantun, leres mangku ing wana, langkung rame sabab sengkud pamrihipun, sang putri datan kebranan,yekti tan ana kang bilahi,pangamukira angram-pas, sami sura pangambilnya, tan bali maju tan amundur, pesti mangsa kalahe, rereyongan sami amboyong menangipun, wus joblah pemanggih kula, punika tiyang ani-ani.

Katandhan putranipun R.T.Natayuda ing Ngayogyakarta  
R.M.Suryaprawiro.

---

Malih cangkriman nusuli sinekar asmarandana, wonten rare geng tangise sabab tiningagal ing bapa, mejahi jalma gesang, biyungipun gupuh nusul, gesangipun tiyang keng pejah. Lah sumangga pyagung sami dipun batanga,kang leres sarta cetha, wus niti.

Pratandhanipun R.M.Surya Prawiro.

---

Gambuh ambadhe ing karsa ulun, cangkrimannya sunda mantri guru ingkang medal ing Jurumartani, sekawan ing tanggalipun, wulan Mei kang kinaot, cangkriman pajuganipun, wonten sedang wingit kalangkung ungyanya madya wanadri, tan ajeg erob tuwin wedalipun, ing tiyang sami batangingong.

Kaping dwi cangkrimanipun yen tan sisip pambatang kula, wonten buron lir yakṣageng nglangkungi, netranya kirang mandhuwur, asalebrak lelapakan sampun cumaos. Punika bulus pambade kula, liyanipun boten wonten kewan kadyeku, penyu

bulus kura iku apan sami, yen lepat pambatang ulun, den agung  
ngapunten mring ingong.

Kawula titiyang dhusun, nanging maksa kumapunggung, angribedi  
cangkriman pra priyayi, milanya nyuwun kang maklum, tulak  
sarik sampun ngantos

Katandhan Ekomarta.

---

Ing tokonipun Tuwan Deputi Pengembangan Bahan Pustaka dan  
Layanan Informasi Groot Kolep en ko ing Surakarta mentas  
tampi pigura sakalangkung sae tuwin pulas lisah, kadekekaken  
ing eblek, menggah reginipun murwat sanget.

---

Angka 21, 25 Mei 1865

Kulawisudhan sapanunggilanipun

Tuhan Jonghir, H.W.F.Orasikamah, Kontelir Isteklas, ing mangke kakula wisudha dados Asisten Residhen ing Demak Paresidhenan Samarnag, ngiras dados Pendhimester ing ngriku.

Kanjeng Tuwan W.Y.Paud Sekretaris ing Paresidhenan Priangan, ing mangke kakula wisudha dados asisten Residhen ing Pnaraga Paresidhenan Madiyun.

Tuhan Y.W.Setamler, komisi ing kantoripun Kanjeng Tuwan Asisten Residhen tanah kilen saubenging bawah Batawi ing mangke kakula wisudha dados sekretaris ing paresidhenan Prabalingga.

Tuhan Jonghir G.F.Panalpen kontelir Tewedheklas , ing mangke kainggahaken dados kontelir Irseteklas.

Tuhan Y.F.W.Sesselse, Kontelir Dherdheklas, ing mangke kainggahaken dados kontelir Tewedheklas.

Tuhan Y.W.M.Panderpalem priyantun kareh ing Kanjeng Tuwan Dhirektur saking tanem tuwu, ing mangke kakula wisuhda dados kontelir Dherdheklas.

Tuhan M.H.C.Magilapri, ingkang kakula wisudha dados priyantun ing mangke kareh ing Kanjeng Tuwan Residhen ing Madiyun.

---

Pawartos warni-warni

Ing Paris kithanipun ageng tanah Prangkrik sakinten badhe kadhatengan tiyang Cina ingkang sakalangkung ageng nginggilipun, menggah inggilipun ing watawis wonten sadasa kaki, sarta tiyang Cina wau sampun kalampahan dados titingalanipun titiyang kathah wonten ing Hongkong tanah Cina laminipun kalih wulan, dene anggenipun angalempakaken angsal-angsalanipun bayaran saking ingkang sami aningali ing sawatewis sampun kathah, ing mangke tiyang Cina punika gadhah

pikajengan badhe dhateng ing Paris Londhon tuwin dhateng kitha ageng sanesipun ing tanah Eropah, supados katingalan ing titiyang kathah.

---

Dereng lami ing Englan wonten tiyang amade sela inten ageng, kawastanan sela inten sansi, amargi ing ngajeng ingkang gadhah tuwan Sansi, selan inten punika kawade pajeng kirang langkung saking, Rp. 260000,- sarta wawratipun 53 1/2 keret, kala rumiyin ingkang kagungan sela inten wau Kanjeng Raja Karel ing Pangkrik, sela inten punika kaagem dening kanjeng raja Karel wau kala aprang ing tahun 1477, wonten ing Nansi tanah Prangkrik, dene poangagemipun kadekekaken ing topi, wonten paprangan ing ngriku kanjeng raja Karel sabalanipun

kasoran, kalampahan kanjeng raja Karel seda wonten paparangan ing ngriku, sareng makaten sela inten wau dipun panggih ing saradhadhu tiyang Suwitser wonten ing paparangan, lajeng kawade dhateng tiyang Prasman anama tuwan Sansi. Menggah sela inten wontenipun ing tuwan Sansi ngantos turun tumurun dhateng anak putu salajengipun. laminipun meh kalih atus tahun tumunten ical, saking cariyosipun sela inten wau kabekta dhateng Switserlan, supados kadamel cecepengan wonten ing ngriku, bab badhe kalampahaning bayaranipun kanjeng raja hendrik ing Prangkrik dhateng para prajurit Suwitser ingkang kaelet dening kanjeng Raja Hendrik wau, wasana ingkang ambekta sela inten dhateng ing Suwitserlan wonten margi dening titiyang durjana, lajeng kapejahan, sareng jisimipun ingkang kabegal wau kadhudhuk saking kuburanipun, sarta lajeng kabedhel, sela inten ingkang kabekta kapanggih wonten ing salebetung wetengipun.saking kinten-kinten manawi sela inten wau kauntal, supados sampun ngantos kapendhet dening titiyang durjana ingkang sami ambegal, wekasanipun sela inten punika dados gadhanipun karaton ing Prangkrik, kanjeng raja Lodhewik ingkang kaping 14 utawi kanjeng raja Lodhewik ingkang kaping 15 sami angagem sela inten wwau, ing nalikanipun jumeneng nata wonten ing prangkrik , sareng wonten Prangkrik sela inten wau ical, nunten sela inten punika dados kagunganipun Kanjeng ratuing Sepanyol ingkang lajeng amaringaken

dateng kakasihipun anama Kanjeng Pangeran Godhi, wasana sela inten wau dados gadhahanipun tuwan Dhemidhop.

=====

Ing tanah Englen dereng lami nyoba anglebetaken ing gagramen warni lisah damelan saking pamanggih enggal, lisah wau ingkang kadamel saking wijining kapas, wiji kapas utawi ingkang kawastanan wuku punika dipun dheplok kadamel rembet, sasampunipun dados lisah, angsal-angsalanipun lisah sakalangkung kathah awit saking sakedhiking reginipun wau katimbang kaliyan Linsat ingkang kadamel lisah, dados langkung mirah saking lisah sanesipun, dene bungkilipun wuku kenging kadamel tetedhaning kewan, menggah lisah ingkang kadamel saking wuku wau sampun kapriksanan dening tuwan dhokter Miller tuwin tuwan dhokter ADriani, kadadosanipun ing papriksan sampun tetela, manawi lisah wau sakalangkung sae kadamel sabun, sarta kadamel pernis ingkang sepuh wrninipun, punapa dene kenging kadamel lintonipun lisah tanyu, manawi lisah wuku wau sampun karesikan, punika kenging kadamel anyemir pirantos, sarta kenging kadamel lisah dilah.

=====

Wonten satunggal tarup kaprenah leripun waringin kurung, kados griya losmen, kapajeng-pajang, kursi meja, sadaya inuman wonten, sareng jeng tuwan besar sampun amriksani sadaya, tatingalan, wangslul malih dhateng tarup paglaran, pinarak kursi mawi kaadhep, para risidhen para asisten risidhen, para mayor kaptin, litnan kumpeni, Cina Bugis, Koja, Arap, para bupati, kang kasebut ing ngajeng, putranipun Bupati Samarang, ARaden panji Suryadipraja, dereng nyepeng damel dereng dados priyantun, angangge kaprabon bupati,

kuluk Kanigara, kampuhan, ananging ingkang dados ojatipun tiyang jaler estri kathah, anamung gsuti, kanjeng pangeran ariya, Surya atmaja, mancur cahya gamilang, lekering wedana, dhasar pidak saha aruruh angagem cara kumpeni, dhestar wulung, polet pethak, mawi wonten ing ngarsanipun jeng tuwan besar, sedaya priyagung, bupati ing pesisir, boten wonten ingkang tuandhing, surem sedaya, punapa dene para gusti ing

Ngayogya, boten wonten ingkang nyameni, sedaya tiyang ngalit, ing samarang jaler estri, sami sek-tinesek sumejabadhe sumer-ap, suryanipun gusti jeng pangeran wau, kantos palalangan ing tarup paseban sami ambruk, jeng tuwan besar nalika rawuh ing Surakarta, rumiyin sampun amriksani srimpi, utawi bed-haya, mongka ing Samarang, boten wonten dados tuwan kontro-lir, sarta mas Angabei pepatih senapatinipun pangaturan, Samarang, Andhawuhaken ingkang putra raden bei, Surakusuma, wadana 2 raden panji, jayasudara, Asisten dikakaken ngusung tledhak utawi openg, sakgangsanipun wonten ing ngarsanipun jeng tuwan besar, sumepa srimpi, utawi bedhaya, topeng mi-nongka wireng, , patih Samarang tuwan Kontrolir Birsemah piyambak wonten panggenan gongsa, kanthi raden panji Jayasu-dira, saking jrih kasesanipun, ngantos gelung udhar wawul-wawul, kuluk kacangking sami ngarat titiyang kang nonton kapurih ngusungi gongsa, Raden Kaliwon Mangkukusma, lan REkadimeja, prentah rencang welandi monggok pethan sumeja purun lajeng klawon angiwati, nyandhak ngarat titiyang sanesipun, jam 12 siyang bibar kondur, ing dalem karisidhenan Bojong, mawi kadherekaken dening Jayengan, tiyang sudagar walandi 12 kang slempang sindur, utawi priyantun wdana mantri lurah dhusun, nanging tanpa mriyem, utawi del, mung tabuwan sadaya mungel.

Dalunipun malem setu jam 8 jeng tuwan besar lenggah dhaharan wonten ing loji Bojong karisidhenan, priyagung priyantun tuwan welandi, wah para gusti ing surakarta, ing Ngayogyakar-ta adiningrat, utawi para sudagar tuwan-tuwan, ing nagari Samarang sedaya, rehning kanjeng raden tumenggung, Panji Suryakusuma, kalebet lit ing krenggal sepurweh, kanjeng tuwan besar angganjar, dhateng raden Tumenggung Panji Suryakusuma, ing ngandhap kasekaken ing ngaluhur, tumenggung kasantunan nama Adipati nami maksih lami, saknalika wonten gandhek upas Residhen, kautus nimbali raden tumenggung Panjisuryakusuma, lanjeng kanjeng tuwan besar ngunjuk satunggal gelas anggur manis, sareng kalayan para tuwan tuwan, wau paring slamet ing kanjeng rahaden adipati Panji Suryakusuma, dalu punika lajeng nimbali ingkang putramantu raden Ngabei, Surakusuma, wedana samarang nuwun nyambet songsong, ingkang raka raden adipati Ariya, natadiningsra pensiyun bupati Lasem ingkang wonten dalem poncol, mundur saking ngarsa dalem, numpak kapal nyander nyuwun nyambut songsong wau lajeng kaparingan, kabekta lurah ingkang ngiringkaen sanalika kaagem.

Jam 9 sonten bibar dhaharan jeng tuwan besar tedhak dhateng ngalun-alun Kabupaten mawi kaderekaken Jayengan, wah para

priyantun Tuncoklang, utawi para priyagung militer, priyagung pangeran para bupati dherekaken nitih kreta, dumugi ing ngalun-alun, ingkang wetan, urut dumugi ing tarup, alun-alun kebak dilah gelas, kados raina, antawis kathahing dilah,

satus ewu, dene tatingalan sekar Apimerson, 7 gantar dene sagantaripun warni-warni, wonten teng wonten griya-griyanan, long pating pancolot, sruwung pating pating palencur, krun dereng mangsanipun kasumet.

Cariyos punika badhe kalajengaken.

Katandhan Dirjaprawira.

---

Kaatur tuwan ingkang ngarang serat jurumartani  
wontena kersanipun tuwan amacak ing serat jurumartani.  
Datan mundur sun adya batang cangkriman kang tumrap jurumartani, tanggal catur wulan Mei angka asthalas, mungguh cacang-krimaneki, dyan ekamarta tarwinrat srinatadi. Ingkang wonten saluhuring maetala, myang kang kasab bandeni, antariksa ana, sajunganing tumitah, aneh lan sameng dumadi, lamun waweka, tang lagya mahya saking. Ing garbini warna seos lawan rena, myang yayah datan sami, lan amanya beda, lawan sudarma rena, nanging yen wus ageng nenggih, rupa myang nama, suwara tanduk sami. Datan pae lawan bapa biyangira, saking pambatang mami, bilih tan sulaya, punika pan antigen yen lepat minta aksami, mring sagung ingkang, maos jurumartani. Gantya ingsun mangke nandhuken cangkriman, lah den batangasami, sipat nganurbuwat, datullah jiktubima, tutondhong jur lagi yasin karwatipanya, lawan isi sepait. Kaki pucung, batangen cangkrimaningsun, wraksa madharwarna, rondhon tebu uwit jali, sekar manggar woh ngrangkesan kakuncungan. Bapa pucung, mayamuyek ingkang wuyung, umalating driya, amemulet-mulet ati, jrone pati nora nemu paran-paran, smpun rampung, punika cangkriman ingsun kula turi batang, katandhan de jurutulis, Kabupaten Kudus Dyan Kramadibrata.

---

Ngayogyakarta kaping 12 Besar Wawu, 1793, utawi kaping 8 Mei taun 1865 kula atrui macak serat jurumartani.

Gambuh Prawira

Menira karsanenuwun, ambatang cangkrimanipun Raden Tumenggung Arya Dirja negari, Ngayogyakarta ranipun, manira teka sum-londhoh. Meniramba kamipurun, ambatang cangkrimanipun, Raden Tumenggung Arya Dirja ing negari, dhuh gusti kula pun sepuh, ngandhap bumi katuingong. Kang sepisan sekar gambuh, pamrihe gampange panuwun, badhe seleh mila terang saking ngati, namung ajrih badhe matur, menawi lepating batos. Kaping kalih wonten dhawuh badhe kaul gongsa badhe kapukul, mokal temen niyaga namun sawiji, sun dugi-dugi puniku, kaum dunga murit ayon. Kumawi nama tumenggung, mila leres namanya puniku, namung kedhikna maharya ing ngriki, boyo wenten namanipun, dugi ambana mapalson. Menawi wonten kalepatan kula, nggen kula ngaturaken serat nginggil punika, kulanuwun pangapunten.

Kawula Raden Ngabei, Pun Mangunpraja.

---

Kasmaran kula miyarsi, binadhe cangkriman kula, saestu tan sisip mangke, punika leres sadaya, nanging lepat pambaatangnya, cangkriman kalih puniku, den batang amung sajuga. Bok

inggih manawi karsi, rahadyan danawinata, kang sinung nugraha mangke, kaliwon kudus ing praja, ambatanga kang sajuga, cangkriman kawula iku, kang nunggil sekar srinata. Ing mangke kula gumanti, ambadhe cangkrimanira, narendra goraya mangke, amdnhirenggeng karaton, kukutha jro maetala, ngreh wadya kalih bongsaku, wadya nyatan pawilangan. Punika lendor kang nami, wadya nyapan kalih bongsa, laron kalayan rayape, kang bongsa mung puniku rayap, kang aneng ing dirgantara, punika laron nameku, milanya manjing jro gatha. Yen sisip pambatang mami, den agung kang pangaksama, reh lagi katemban mangke, kyaine eka marta, akarsa badhe cangkriman, kuwatir remen keluput, kawula tiyang ing desa.  
katandhan Ekamarta.

---

Nyonya Pon Setrakah ing Surakarta asuka uninga dhateng para titiyang, manawi nyoyah Pонsekrah wau darbe pamanah wonten

prelunipun, adamel karampunganing prakawisipun piyambak, ing mangke nyonya Ponsekrah anguiwasakaken tuwan mister, Baron Pandhedhem Adpokat ing Samarang, bab rampunging prakawisipun wau, dene tuwanmister, Baron Pandhedhem sapunika adamel kuwasa dhateng tuwan C.Nunes tuwan W.F.Lukardi, tuwin tuwan C.Pandherlitdhen, bab prakawis barang gagaduhanipun Nyonya Ponsetrakah.

Ingkang punika sinten kang anyambutaken, tuwin ingkang gadhah sambutan dhateng nyonya ponsetrakah, mugi anangih apotangipun tuwin ambayara sambutanipun ing sasaged saged ingkang enggal dhateng para tuwan titiga wau, punapa dene sinten ingkang anggantos barang-barangipun Nyonyah Ponse\trakah, mugi amratelakna dhateng para tuwan tiga punika wau, mawiya aneda-haken barangipun ingkang kagantos.

---

Angka 22, 1 Juni 1865

Kulawisudhan sapanunggilanipun

Kanjeng Tuwan W.E.Krussen ingkang kamantunan kalayan kurmat saking anggenipun dados kolonel saking prajurit infanteri ing Nederlan Indhiya, amargi saking sampun kakula wisudha dados Litrat ing Nederlan Indiya, ing mangke kaparingan pangkating Jendral Mayur, mawi kalilan angagem panganggenipun Jendral Mayur wau, kasebut ing serat kakancinganipun kanjeng raja, ingkang katitimangsan kaping 3 wulan April 1865 angka 49.

Kanjeng Tuwan O.Panris, Litrat ing Nederlan Indiya, kanjeng Tuwan R.Seriyyus ingkang wau sampun kakula wisuda dados Residhen ing Samarang, ananging lajeng pamit kesah dhateng nagari Walandi, Kanjeng Tuwan F.H.A.Pandherphul Residhen ing Cirebon, Tuwan Dokter A.Y.D.Setin Setrah Taosain, dados dokter ing Batawi, tuwin Tuwan H.C.K.Th.Dhereiter, dhokter ing Samarang punika sadaya ing mangke sami kakula wisudha dados Ridder saking Ordhe Nederlan Seleyo, kasebut ing serat kakancinganipun kanjeng raja, katiti mangsan kaping 7 wulan April 1865 angka 53.

Tuwan C.A.Permendhel kontelir Tewedheklas, ing mangke kaparingan pamit kalih tahun dhateng nagari Walandi, amargi saking sakit.

=====

Pawartos warni-warni

Saking pawartosipun manawi sampun katamtokaken, bilih Kanjeng Tuwan Prinse badhe dados guprenur jendral benjing sawangsulipun saking nagari Walandi dhateng tanah Jawi.

=====

Serat saking Surabaya anyariyosaken bab pangapusipun tiyang jawi, kados ing ngandhap punika:

Wonten tiyang Cina ingkang sampun manjing islam, antawis tigang wulan aluwar anggenipun dados paranteyan saking Samarang, punika lumampah-lumampah wonten ing kitha Surabaya, sandhanganipun sakalangkung sae, angange erloji mawi rante mas, kairingaken ing tiyang jawi kakalih, ingkang satunggil amanggul karung isi arta wonten ing pundhakipun, tiyang Cina ingkang sampun manjing Islam wau amratelakaken manawi dados

kemasan, sarta badhe atumbas ringgit damelan kala ing tahun 1850, tembungipun manawi ringgit punika pethakipun sakalang-kung sae, sarta badhe katumbas tigang rupiyah satunggil, nunten tiyang ingkang badhe katumbasan ringgitipun apitados dhateng pitembungan makaten wau, lajeng amedalaken artanipun saking kanthong, kaesokaken wonten ing meja, sarta lajeng angupados ing ringgit damelan ing tahun 1850 dene ingkang mintha-mintha kemasan wau inggih tumut angupadosi, tumunten amanggih satunggil, inggih lajeng kabayar tigang rupiyah, ananging ing nalika nagupadosi ringgit wau ingkang mintha-mintha kemasan angutil ringgit kalihutawi arta pethakan

sanesipun, boten kauningan dhateng ingkang gadhah, arta angge-nipun ngutil wau lajeng kasukakaken dhateng rencangipun. Sasampunipun tiyang tiga wau anandukaken akal ingkang mikan-tuki makaten, dereng lami sami dhateng griyanipun tuwan H., ananging tuwan punika boten apitados dhateng tiyang tiga wau, sareng tiyang tiga punika sampun sami lumebet ing griyanipun tuwan H, tuwan wau lajeng kengkenan angaturi pulisi, lampahi-pun sisingidan, pulisi tumunten dhateng ing griyanipun tuwan Ha, ingkang amintha-mintha kemasan sakancanipun lajeng sami kacepeng, sareng katiti pariksa ingkang rumiyin sami mungkir, ing wekasan kancanipun satunggal angakeni, sarta amratelakaken lampah-lampahing pangapusipun wau, punapa dene amastani namaning kang sampun kenging dipun apusi sadaya, menggah arta angsal-angsalaning saking anggenipun angapusi wau sami kapanggih, sareng makaten kancanipun kakalih inggih lajng sami angangken, wekasan tiyang tiga sami kabekta dhateng ing kunjaran.

---

Saking pawartosipun manawi ing Surakarta badhe kaadegan pabrik adamel es, punika toya kenthel dados atos, menggah raraosaning titiyang, bilih ing tembe pabrik adamel es ing Samarang badhe kaelih dhateng ing Surakarta.

---

Saking pawartosipun ingkang mdal ing telegrap manawi kanejng Pangeran Adipati ing tanah Ruslan seda.

Saking ngumuming pawartos manawi ing mangke poletipun para opsiр badhe kabucal kasantunan bintangan balodiran, dipun dekekaken ing gulon, kathah kedhiking bintangan wau manut pangkating opsiр, wahrokinipun mawi kanci kalih larik, kaangge manawi panganggenn alit kadekekkan kur sutra, dene manawi panganggen ageng kadekekkan kur mas, punapa dene topinipun inggih badhe kasantunan.

Wasana wonten pawartosipun malih, manawi kanjeng tuwan minister saking prakawis prang kagungan karsa, badhe angindhaki balanjanipun para opsiр litnan, menggah indhakan wau kanjeng tuwan minister saking prakawis prang sampun andhawahaken pangandika, ing nalikanipun wonten para opsiр kasowanaken ing ngarsanipun.

Raden Panji Niti Adikusuma patih ing Surabaya, punika ngajal dadakan boten mawi saking rumiyin, kala ing dinten wingi sampunipun tumut anjenengi kaliyan kumisi, bab pambubaking siti, enjingipun lajeng ngajal, saking watawisipun patih wau sakalangkung karaos-raos ing manah, bab anggenipunkecalan sanak-sadherek sawatawis ingkang jalaran sami pejeh kaparag ing sasakit.

Surabaya kaping 18 Mei punika, kagunganipun kanejgn Gupremen baita asep anama: Boni ingkang sampun kadadosan awit saking

sanget risakipun, punika dereng lami anarajang pal ingkang wonten salebetting toya, kadadosanipun lajeng kerem saisinipun sadaya.

Kususing pawartos ingkang medal ing telegrap saking Samarang, Surabaya, Surakarta tuwin saking Purwareja Paresidhenan Bagelen, sarta ngangge titimongsa kaping 20 wulan Mei punika, manawi kala kaping 19 wulan Mei wau ing Samarang, Surabaya, Surakarta tuwin ing Purwareja titiyang sami karaos ebah ing

siti sanget awit saking lindhu.

Ing Surabaya, Surakarta tuwin ing Purwareja ebah ing siti wanci sonten ing saha kawisipun pukul pitu tuwin satengah wolu, dene ing Surabaya ebah siti saking wetan mangilen dangunipun 10 Menut, sarta katingal mendhung, ing kidul kandel sanget, wah thathitipun pating calorot.

Ing Purwareja sadangunipun taksih karaos ebah ing siti titi- yang sami amireng ungel gumludhug ing sangandhaping siti, ing sawatawis pukul tiga dalu tuwin pukul pitu enjingipun ungel gumludhug kamirengan malih, ananging boten patos sanget.

Ing Surakarta nalikanipun wonten lindhu jam-jam sami kendel ing lampahipun.

Ing Samarang ebahing siti saking ler mangidul, waana boten wonten kasangsaran sadya sami wilujeng.

=====

Ing ngandhap punika candhakipun cariyos ngajeng:

Kadhawahan paletikipun sekar apilajng kobong mungel, wau dlancang sasampunipun sirep, ktingal leter Welandi biru sulakipun, wonten aksara mungel asmanipun kanjeng tuwan besar, Baron Pan Selut Pandhebel, kaurmatan ungelung musikan, Raden Panji Suryataruna, Onderkotur Samarang kapenakipun Kanjeng Raden Adipati Panji Suryakusuma, wau ngaturi kurmat, damel teng mumbul 24 iji, gongsa srunen utawi gongsa gelas, ngrangin swaranipun, putra nata Bratan ing nagari, Surakarta, nylamur kanthi abdi kalih, amirsani ngintip gamelan srunen wau, utawi teng umbul, ggenipun mirsani wau karsa anecekaken margi awit wonten gongsa srunen, saking panganggitipun para gusti ing nagari Surakarta, wonten emperipun nangingniyaga utawi teledhekipun boten pikantuk, wau pasang-pasang sekar api ngantos 3 jam telasipun, dene tiyang ningali jaler estri, jawi tuwin ing sanes bongsa Welanda, Yutan, Baran.

Ing nalika punika, nagari Samarang kathah tiyang pejah, margi sakit kolera, ingakng sami ningali wonten Cina dipun thedhong mantuk lajeng pejah, wonten Nyonyah Welandi lenggah kursi wonten ing tarup pagelaran, lajeng kraos sakit, klemper, kainggahaken ing kreta, mantuk....lajeng ajal, dene botohwan warni-warni gimerkecek sapanunggilanipun.....jam 12 dalu-kondur mawi kadherekaken para priyantun miwah jayengan kase-but ngajeng wau.

Dinten Setunipun Jeng Tuwan Besar, enjing tedhak amirsani margi ing sepur weh bonlaut, miyos ing Terbaya, kadherekaken para Jayeng Legunder, priyantun, nanging tanpa jajari.

Tarup ing sepur wehkayuban, mragat maesa 3 ingkang sami

pista, kang sami joget mandhor kuli ing sepur weh wau 6

ongkosipun telas 1800 ingkang borek anak Sajiman, wasta muslikah, kadugi inggih kauntungan, kathah bathinipun, dene ing ngalun-alun pedamelipun ongkos 1500 rupiyah, sanesipun mainan, sanesipun sadaya, yatranipun medal para sudagar para tuwan tuwan, Welandi ing Samarang sadaya.

Dinten Akad Kanjeng Tuwan Besar tedhak ing Kabupaten Kendhal ingkang andherekaken kanjeng Raden Adipati Panji Suryakusuma, Bupati Samarang, boten sipeng tulak prelunipun mirsani margi sepurweh ingkang dhateng mangilen.

Dinten Senen enjing jeng tuwan besar tedhak ing Ngungaran bawah Salatiga, miyos Ngambengan, dumugi Jomblang, Raden Asisten sadaya kurmat, ing gerdhu gerdhu kasukanan gamelan Carabalen, sak urutipun mawi gendera, tan mawi baris jajari, 6, wedana Srondhol methuk ing Jomblang, dumugi Jatingaleh, Mas Angabehi patih, Wedana Samarang, dumugi ing Ngesrep, sami ngangge kampuh nitih kuda, Raden Panji Suryadipraja, putra Bupati Samarang, dherek ugi mawi kampuh wan, kanigara ugi sakreta, klayan ingkang rama, Jeng Raden Adipati Samarang, Jeng Tumenggung Salatiga, wah Asisten Residhen, para wadana sakancanipun priyantun, methuk ing Merak mati, dumugi ngaran, perlu jeng Tuwan besar amriksani margi badhe sepur weh, sonten lajeng kondur ing Samarang.

Dinten Slasanipun, jam 7 enjing kondur ing Batawi, numpak kretna saking Bojong, kadherekaken para Ambtenar, utawi kurmantan kados ingkang kasebut ing nginggil, lajeng numpak baita kapal Unaran wau.

Ing wektu punika amarengi Mas Tumenggung Cakradirja, Bupati Grobogan, kaundur kalenggahanipun kalayan urmat, mawi kapanungan pensiun 250 rupiyah.

Mas Ngabei, Mangundiwirya, papatih ing nagari Samarang, katrimah anggenipun kapercados anata-nata, utawi dados senapatinipun, pengaturan, mekaten ugi nggenipun anglampahi ayahan kanjeng Gupremen sampun 12 tahun ing nalika wulan Agustus 1864 kakula wisudha, dados Bupati, Grobogan, kapitedhan nama, ing kanjeng ingkang wicksana, Raden Tumenggung Merta Adinagara.

Mas Bei Sutanagara, Jeksa Ageng ing nagari Samarang, gumantos

dados patih Samarang amargi sampun 22 tahun dados Jaksa Ageng.

Mas Sastra Sasmita, anjuwin Jaksa, kakula wisudha dados Jaksa Ageng ing nagari Samarang.

Mas Wongsa Semita, Juru Serat Gripir, kakula wisudha dados anjuwin, Jaksa Ageng wau.

Panuwunipun dhumateng ingkang maos cathetan wau, menawi wonten ingkang kirang langkung, ingkang ngagung maklumipun. Katandhan Dirjaprawira.

---

Kanthi.

Punika cangkriman ulun, wonten sato geng nglangkungi, yen paputra sato ika, putranya pejah pan sami, datan adarbe nyawa, yen dereng sacondra iki. Yen wus dugi sacondreku, sadaya gesang kang siwi, lawan bisa anggegona, jumantara ing wiyati, miwah sami aneng ....jeladri tepisneki, namane kang duwe sunu, manusa tan bisa milis, pan kathah .....pan iku

sami ugi, duk jabang tan darbe nyawa, seba prandene gesang sami. namane duk mijilipun, tan memba mirib puniki, ing bapa lan biyangira, yen wus tuwa warni-warni, wonten panjang wonten cndhak, wonten ageng wonten alit. Kaping dwi cangkriman ulun wonten wraksa genga inggil, unggya nyang sabarang wisma, yen awoh miyos rumiyin, sekarira aneng wuntat, yen sepuh gandanya bacin. Para mitra mitra suwawi dipun batanga. Katandhan Dana Asmara, kang Dalem sakilen godhang.

---

Kanthi

Saben saben wedalipun, ing serat Jurumartani, kathah sami cacngkriman, endah endah kang kinardi, pan rengeng ing tiyas amba, miling-miling tan udani. Rehning ambajal majunggul, duk alit datan pinardi, anganggit-anggit ing sastra, mila nyai tyas prihatin, nanging maksa angrumpaka, ing sastra sekar kinanthi. Bok inggih sami panuju, yen karsa batang puniki, kawula darbe cangkriman, mung sajuga kang ing nganggit, yen kadugi den batanga, kawula sukur ing nggalih. Wonten sato pasaja ing dedegipun, adarbe talingan kalih, nanging tanpa pamirengan, sabab buntu karna kalih, datan mawi bebolongan,

mung mripatnya kang udani. Yen ginusah tan lumayu, yen durung mripatnya uning, nadyan nama wisanjata, eca-eca genya guling, dupi mirsa mripatira, palayune sipat kuping. Wedalira saben dalu, mangsane jalma wus sepi, ules ping ngul pan samya, wajanya pan kadya yaksi, yen muni kadya slompretan, lir wales duk kala muni.

=====

Punika wewahanipun Serat Jurumartani kaping 10 Agustus 1865

Pawartos ingkang medal saking telegrap ing Batawi.  
Kanjeng Tuwan F.N.Niwenisen ingkang wau dados Residhen ing Surakarta, ing mangke kakula wisudha ddos rat ing Nederlan Indhiya.

=====

Panuwun kula mugi kabar ingkang saking kula punika pacak ing serat Jurumartani, awit radi wonten anehipun:  
Ing wulan Juli ingkang sampun kapengker punika, Mas Angabei Suramarta Juru serat kantor Madiyun, katiwasan ing satunggal dinten anuju tilem ing griyanipun pyambak ing wusana irungipun kapagas ing semahipun , prothol sapalih sanalika ingkang estri kacepeng kaladosaken ing printah, sareng kadangu nalariipun, awit ingakng wau badhe rabi malih, mila kairis irungipun ingkang supados badhe marunipun sampun seneng, ngemungna pyambakipun pyambak ingkang senengi, ngantos samangke dereng rampung menggah pamariksanipun parentah ageng. Titi, Singasaren Dhistrik Panaraga kaping 6 Agustus 1865.

Katandhan Raden Surakarya.

=====

Wangsulan seratipun Tumenggung Jaganagara, kawrat ing Serat Jurumartani katiti mangsan kaping 3 Agustus punika angka 31.

Kula dereng wanuh, sarta dereng nate tepangan kaliyan raden

Tumenggung Jaganaraga, wujudipun kemawon kula dereng sumerep, sabab punapa yen kula sengit dhateng Raden Tumenggung Jaganagara, sok tiyanga sampun saestu amastani yen pangalembana

ingkang kasebut ing seratipun Raden Tumenggung Jaganagarakang kapacak ing serat Jurumartani angka 26 punika kaladuken sadaya pawartos ingkang kaladuken punika anyulayani ing kayektosanipun mila seratipun wau kula wangsuli amargi kula mitraning sajaten dadosa mitra kula ingkang anyulayani ing kayektosan amesthi ugi badhe kula emutaken kalepatanipun.

Mas Wangsen Darmita

=====

Ngayogyakarta kaping 7 Mulud Jimakir, 1794 utawi kaping 31

Juli tahun 1865

Mnawihha dhangan kula purih amacak serat jurumartani ing ngajeng punika.

Sasampunipun ingkang kadya punika, kula sampun aningali seratipun Mas Jagawerdaya, boten andadosaken suka renanipun manah kula, ingkang mawi nyebutaken ganjaranipun sima lorek ageng kathahipun 25 gelo, sabab kula ingkang anyaosaken, kaatur ing Kanjeng Tuwan Residhen Abose, Ngayogyakarta, katranganipun tuwan Lamslah ingakang amaringaken 30 gelo, sabab sampun tumindak sadangunipun.

Kalih kula suka serep dhateng mas Jagawerdaya, menawi sima tutul ganjaranipun 15 gelo, mila panedha kula mekaten dhateng mas Jagawerdaya, menawi adamel kasusahanipun dhateng ingkang bayar, utawi ingkang ngirid, yen mas Jagawerdaya boten pita-dos kayektosena, dhateng ingkang angsal, wasta among semita tiyang ardi Plawangan utawi ing sanesipun, Mas jagawerdaya puniku koclok glonang-glaneng wicalanipun boten sumerep sabab dede kuwajibanipun Mas Jagawerdaya puniku saking kaengetan kula mekaten.

Katandhan Pa'Dama.

=====

Tuhan ingkang ngarang Serat Jurumartani asuka uninga dhateng para priyantun ingkang sami mendhet Serat Jurumartani, sarehning tuwan wau sakalangkung kathah sanget anggenipun tampi cangkriman saking ing pundi-pundi, awit dening dados panedhanipun ingkang sami kikintun cangkriman wau, kapurih amacak wonten ing serat Jurumartani, ing mangke tuwan ingkang ngarang serat Jurumartani boten saged amacak cangkriman punika manawi kasarenga sadaya, amargi saking kiranging papa nипун wonten ing Jurumartani, sagedipun amacak amung satung-gil utawi kathah-kathahipun kalih, sarta kedah kapilih pundi ingkang pantes piyambak kapacak.

Ingkan gpunika panedhanipun tuwankang angarang serat Jurumartani asanget dhateng para priyantun ingkang sami angintunaken cangkriman kapurih amacak wonten ing Jurumartani, mugi sampun ngantos andadosaken rengating galihipun, manawi cangkriman pakintunipun boten enggal kapacak ing Jurumartani, punapa dene manawi boten kapacak babar pisan, amargi saking kirang saenipun, ewadenten tuwan ingkang ngarang serat jurumartani boten pegat kedah asuka pan narimah sanget dhateng para priyantun ingkang sampun sami akintun cangkriman minongka panjurunging serat Jurumartani.

Wasana tuwan ingkang ngarang serat Jurumartani gadhah panedha dhateg para priyantun ingkang sami amendhet serat Jurumartani, manawi andadosaken parenging galih, mugi asring angintunana kawontenaning pawartos ing nagarinipun piyambak-piyambak, punika langkung prayogi katimbang kaliyan cangkriman.

Katandhan F.W.Winter.

=====

Pawartos warni-warni

Ing serat pawartos saking tanah Dhitslan amrate lakaken bab sarananipun badhe sumerep umuring kapal, manawi sampun langkung wolung tahun, menggah sarana punika wujud jengkerud wonten talapukaning mripat ing nginggil, mindhak ing satahun-tahunipun katingal wewah jengkerut enggal malih wonten talapukaning mripat ing nginggil wau, ing mangke manawi pamanggih punika kayektosan, amesti badhe kathah pikantukipun.

=====

Sarana angicalaken rayap ingkang sampun keyektosan.

Manawi ing gudhang kathah rayapipun, punika tiyang badhe sed angicalaken babar pisan, menggah saranipun angicalaken makaten: sasampunipun karesikan panggenanipun rayap, lajeng kawuwuran ing sarem dene anggenipun angrsiki utawi ngawuwuri sarem punika laminipun tigang wulan.

Para tiyang ingkang sampun anandukaken sarana punika sadaya

sami pikantuk ing kayektosanipun bab icaling rayap, ananging anggenipun angewuwuri sarem sampun ngantos enggal kakendelan.

---

Ing serat pawartos saking Dhitslan anyariyosaken kados ing ngandhap punika:  
Wonten sagawon ingkang remen mendem, sagawon punika saben-saben pukul sakawan ajeg kesah sakin ggriyaning bendaranipun

dhateng panggenanipun tiyang wade inuman, wonten ing ngiku sagawon wau sakalangkung saged anggenipun apikantuk sisa inuman ingkang wonten ing gelas, lajeng kaombe, dene mnawi ingkang gadhah inuman wonten ing gelas kirang waspadanipun, inumanipun ingkang wonten ing gelas wau, lajeng kaombe dhateng sagawon punika, sanadyana taksih kebak gelasipun isi inuman, inggih lajeng kaombe kemawon, wanci pukul sadasa dalu sagawon wau mantuk dhateng griyaning bendaranipun, ananging sampun sakalangkung mendem.

---

Ing Surabaya wonten tutuladanipun tiyang jawi ingkang kalang-kung sanget gugon tuhonipun, awit saking gugon tuhon wau ngantos saged kenging pangapus saking tiyang ingkang amikan-tukaken kauntungan, kados ing ngandhap punika cariyosipun:  
Ing dhusun Majalebak tanah redi Kendheng dhawah Surabaya wonten tiyang estri kekalih, punika sami dhateng griyanipun tiyang jawi ingkang dipun prajangjeni sagah badhe kadamel sugih, tiyang estri kalih wau ambekta kendhil satunggil mawi tutup, pitembunganipun dhateng ingkang gadhah griya, kapurih anutup kendhil punika laminipun kawandasa dinten, sarta ing sandhingipun kadekekaken dilah ingkang kasuled siyang dalu sampun ngantos pejah, wah mawi kadupanan, supados pikantuka sawab, manawi sampun kalampahan ing dalem kawandasa dinten, kendhil wau kabikaka, amesthi kebak isi arta, sareng makaten tiyang estri ingkang anandukaken pangapus punika anedha arta kathahipun 16 rupiyah langkung 60 sen, sumerep patuwasing kangelanipun, arta punika inggh lajeng kabayar, kasukakaken dhateng tiyang estri wau.

Sareng sampun dumugi ing dalem kawandasa dinten, tiyang ingkang angrawati kendhil sumelang ing manah, bab lestantuning kadadosanipun, mila nunten kesah dhateng griyanipun lurah tuwin patinggining dhusun ing ngikru, ingkang sami dipun lapuri bab lalampahan wau, sareng makaten lurah tuwin patinggi punika sami dhateng griyanipun ingkang kaapusan, kendhil lajeng kabikak tutupipun wongten ing sangajenganipun lurah tuwin patinggi, menggah ingkang wonten salebeting kendhil punika sela kakalih, ing wekasanipun kalapuraken dhateng

pulisi, ing ngriku lajeng anyepeng dhateng tiyang estri kakalih wau, ing sanalika sami kalebetaken ing kunjara, sareng katiti pariksa ing prakawisipun, tiyang estri wau kakalih pisan sami kenceng ing pamukiripun.

=====

Wonten tiyang anama nurun punika langkung kathah tadhahipun ing tetedhan tuwin ingkang kaombe, menggah ingkang katedha ing saben dintenipun, anelasaken roti wawrat 6 pun ulam inggih samanten kathahipun, dene sanesipun kados ta setupan inggih timbang kathahipun, ingkang kaombe ing dalem sadintenipun telas bir porter 6 gendul, sanesipun punika ingkang kaombe toya tuwan tuwin narmelek ingkang sakalangkung kathah, tetedhan sanesipun inggih kathah, anjawi saking punika angombe toya wantah sakalangkung, para dhukun ing mangke sami atiti pariksa dhateng tiyang ingkang sakalangkung kathah anggenipun sged anedha tuwin ngombe wau, punapa ingkang ddos

sababipun.

=====

Panuwun kula dhateng tuwan ingakng ngarang Jurumartani: ingkang mugi seratan kula punika kapacak kang wonten ing Jurumartani.

Kawontenaning Pakualaman: nagari Ngayogyakarta: Kanjeng Gusti ingkang jumeneng ing kados Paten Pakulaman ingkang kaping 4 punika, menggah ngadating karsa angleluri ing para leluwur dalem: ingkang rama tuwin ingkang eyang suwargi: tansaah anggalih sebarang indhaking kautamen pamengkuning wadyabala: mamrih tentrem tata karta paedahing kauntungan ingkang kalayan nalar ingkang sayogi: saha ing ngudi ing pamardi kekinten badhe andadosaken kaindhakan: kados dening ingkang kasebut ngandhap punika:

Ing Pakualaman wonten pamulangan sekolah satunggal mester jawi nami Mas Ngabei Wiraaksara: asal kawijilan abdi Kertiya-sa Pakualaman: sampun kawulang saha kaanggep dados guru pamulanganipun kanjeng guprenemen; ing sapunika mulangaken dhateng murid-murid para putra sentana lare alit-alit kathahipun 28 ingkang kawulangaken sastrajawi utawi Welandi ongka sarta petang sak kenging kenging basa melajeng utawi basa sanesipun:

Ing kepatiyan Pakualaman wonten ugi ingkang agiginahu saking kasambi: ugi kawulang maos tuwin nyerat aksara Jawi: wilet-wileting sekar mecapat tuwin sekar ageng: krama kawi ing sak kawontenanipun: ugi angrngkep ginau Sestra Welandi: punapa malih basa bebasan tatkrami angga-ungguh kapriyayening kejawen: punapa dene taberinipun ing sebarang pendamelan ingkang

badhe angansari ing piyambakipun: margining panggaotan: wonten lare 8.

Ing Pekauman Kaji Pangulu Mukamad Muktar: sakancanipun katib Modin: sami amulang ing lare ingkang sami angaos turutan Kur'an: sestra saha basa Arab: wonten lare ingkang ngaos: 22; saha kancanipun pasah merdikan ing padhusunan wonten ugi amulang ngaos: wonten turutan sawenehkitab nami pekih tapisir Nahwu usul saksenengipun lare 25.

kanjeng Gusti Pangeran Adipati ingkang jumeneng kaping 4 punika ing nalika tanggal kaping 15 wulan Mei 1865 sam[un anglebetaken taberening panggaotanipun para abdi ing Pakualaman ; warninipun kados dening ngandhap punika: 2 iji ringgit wayang wacual kattrap ing kothakan kados dening gambar: warni Arjuna utawi Gathutkaca; sunggingan saha tatahan langkung prayogi wangun senengan 3 iji gambar ingkang kadamel saking sulaman benang sayet:1: iji waos tumbak: anggitipun kala ingkang eyang gusti Adipati Rider Pakulaman ping kalih; kawastanan dhapur grundaystra 2 iji panjenengan tongkat: Kanjeng Glugu Menur gadhing ukir karah jene kanaja wardi: Kanjeng Sadhang Menur singat kapindha peksi mencok; karah mripat jene mawi sela: 1 kandelan loka katatrap silih asih jene kanaja wardi 1 bumbung pring tutul tutup kajeng tanjung kaukir karah sloka tatahan mawi sestra Welandi mungel Pakualaman 8, renda pethak warni-warni sesekaran anaman seseg: 1: korap kertas pethikan dhapur gepuran kadamel saking penah: 18 lisah wangi ingkang warni-warni kedadosan jinisipun 1 kothakan ingkang kapulas saking talutuh ng kajeng Ingas;

tangsul-tangsul ingakng kadamel saking lulubing wit widuri: tuwin bnang kasepet kalayan babakan wit turi utawi wit Lo: sage dipun tahan ing toya asin tuwin tawa tuladha tangsuling puraser utawi jawi tangsul badhang:

1 Wadhadh satawewedalan sangking grapot Purwasari tanah kilen Pragi bawah Pakualaman:

Sinerat Kepatiyan Pakualaman tanggal kaping 31 Mei 1865 Katandhan: Bupati Pepatih Pakualaman nagari Ngayogyakarta, Raden Tumenggung Jayengminarsa.

---

Panuwun kula, menawi pareng saking karsanipun tuwan ingkang mangarang serat Jurumartani, ingkang kasebut ing ngadnchap punika mugi wontena karsanipun tuwan amacak ing serat Juru-martani.

Ing salebetingipun wulan besar punika, raden tumenggung, Merta Adinegara, Bupati Grobogan, angsal pamit nyadran ing

Pasareyanipun swargi, Pangeran Pandhananrang ing redi Bregota, Samarang, utawi ing redi Prawata, Kaliwungu, bawah kabupaten Kendhal, kanthi ingkang rayi Raden Ayu, Sawelas dinten laminipun sawetawis kathah angedalaken jriyah arta dhateng para pekir, utawi santri, sarta para kaum kaji.

Pasareyan ingkang wonten redi Bergota , kawangun ing sawetawis kang sami risak, utawi nyekar pesareyanipun ingkang ibu. Wondening pasareyanipun ingkang rama, mara sepu swargi kanjeng Raden Tumenggung Ariya Adinagara, Bupati Demak, ingkang wonten redi Prawata, maksih priyonggi, punapa dene pasareyanipun swargi Kanjeng Sunan Prawata, andadosaken kangen senengipun priyangung ingkang kagungan leluhur utawi kang dhateng ziyarah.

Anglangkung edi malih ing Demak, Kadilangu, Dlaweyan, pesareyanipun Swargi Kanjeng Sultan Bintara, sak panunggilanipun miwah swargi kanjeng Sunan Kalijaga, katingal saingga maksih panjenenganipun Singer Angker, resik pethetan sekar mawarni-warni.

Awit saking berkahipun ingkang sumare, 3 panggenan wau, ingkang kajibahan damel resik utawi baureksa, rumaos menawi pagesanganipun, peparing ingkang sih swargi para nata utawi Waliyolai, priyantun paringan cekap ing pangupajiwaniipun, tuwin wilujeng sak anak-putu akratipun, malah mandar anyaram-bahi, dhateng para ageng-ngagengipun lurah nagari ing ngriku.

Ing dinten Kemis kaping 21 wulan Besar punika, Raden Tumenggung Merta Adinagara, tindak nyadran ing sasela, pasareyanipun swargi Kanjeng Kyai Ageng Sesela, ingkang anedhakaken paranata ing tanah Jawi, tedhak tumedhak ngantos sapunika.

Nuwun pangestu supados anggenipun jumeneng bupati ing Grobongan, manggiha karaharjan, utawi tiyang alit sedaya, tuwuk anggenipun nedha, margi ing nagari Grobongan, mentas kadhatengan babenduning ingkang maha gung, pagering tuwin pamejah, margi kakirangan tedha, sabin boten medal kala ing tahun 1849, 1850, tyang kathah mestani pecumplung, tegesipun kathah tyang pejah, panedhanipun tiyang saingga satu kewan pacandha-kan-candhakipun, supados dadosna karenanipun kanjeng Gupremen

sampun ngantos wonten babendu mekaten malih margi tanah Grobongan Nagari sepuh piyambak, kalebet tanah kraton Medhang kamulan.

Sareng awit malebet karajanipun wawengkon ing siti Sasela dhapur wawangunan tuwin pasang rakitipun Krajan Sumeram menawi wonten priyantunipun ageng.

Para priyantun putra santanipun raden tumenggung wau, ningali sepa-sepi saingga pasetran, margi rungkut jembrung, pendhapi

kliwonan dhoyong, pringgitan katingal mentas kabibrah, griya wingking sirapipun sami risak, wah trocoh, dhusun-dhusun sawetawis kathah kang suweng, sabin kathah kang bera, wonten 3 mriyem kalontaka, wasiyat sumayudan , wonten ing ngajeng pendhapi.

Raden tumenggung wau, lajeng kaaturan kursi, pinarak wonten ing pendhapi kliwonan, klayan sadhakep angraosaken risakipun krajan punika, wonten priyantun panewu satunggal, lajeng animbal Kyai Ijemat, abdi dalem jurukunci, ing Kasunanan, kalih Kyai Mas Pengulu, abdi dalem Ngayogyakarta.

Wondening Kliwon inggal cariyosi[un maksih wonten nagari Surakarta.

Raden tumenggung angatak dhateng Kyai Mas Pengulu, utawi Kyai Jimat, juru kunci dalem Kasunanan, malebet ing cungkup raden tumenggung saputra santanipun dumugi konten ingkang tundha sapisan, sami bikak wingkingan, kaparingaken abdi dugi regol-tundha kaping 2 kaping 3, dumugi ngajeng cungkup, Kyai Jimat munjuk nyembah,unjukipun kados maksih wonten panjenengani-pun, sasampunipun munjuk kori kasorok lajeng menga, raden tumenggung saputra santanipun miwah para modin merbot santri malebet ing cungkup,

Ing lebet cungkup wonten gedhong kemuncu, jurukunci munjuk malih lajeng kasorok katingal kelambu susun pitu, mori pethak , klambu kabikak ingkang sumare katingal sekaranipun, 3 ingakng Tembing Kilen ingkang garwa sepuh, tengah suwargi Kanjeng Kyai, sisih wetan garwa enim.

Raden Tumenggung andhawahaken dhikir, sasampunipun dhikir paring warisan slawat dhateng pangulu, juru kunci, modin, merbot ingkang sami dhikiraken wau.

Mundur nyembah kendel ing Balemangu, pinarak ing siti kima-won, boten dangu kaaturan gelaran, sarta kaaturan ngunjuk wedang, dhateng demang kang kasebut ngajeng.

Raden Tumenggung dangu dhateng jurukunci, pengulu, panewu, wah mantri Sela, sabab punapa pesareyan ngantos risak cungk-up regol, kori, punapa dene mesjit prantos salat Jumuwalah, boten kadadosan, utawi boten kaopenan, mekaten ugi pager banon, kathukulan wah karembeten galing sapanunggilanipun katingal jembrung rungkut.

Mongka panjenengan dalem ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan Sampun pring papesthen priyantun tuwin tiyang dhusun, prantos baureksa utawi raresik ing sawatawis kathah, saha murwat sanget.

Raden Tumenggung wau leres dede kuwajiban tumut taberi bab punika, kajawi mung kapulisen kimawonn, ananging wenang angenegetaken tiyang ingkang kasupen ing kuwajibanipun, Kawilis perlu para priyantun ingkang tentu kajibah baureksa angopeni taberen ing pasareyan, punika margi ingkang paring

lenggah, siti, tedhak tumedhak ddalasan samangke.

Pramila raden tumenggung angeres penggalih, welas dhumateng ingkang sampaun sinare, sangsal-angsal paring mangertos dhateng priyantun ingkangkasebut ngajeng, supados sami adhangana damel kasaenan supados angsal supangatipun, ingkang sampaun sinare wau, utawi manggih atrimah kasih, dhumateng priyagung ingkang kagungan luhur.

Wondening prabot kajeng-kajeng ingkang sami gapug, wah popol, pamendhetipun kenging nuwun lilah rumiyin, dhateng parentah ageng kadamel santun prabot ingkang risak wau.

Boten punapa, anggenipun raden tumenggung, amrih atosaken taberen wau, supados angsala supangating ingkang sampaun sumare, baberkah ingkang sinuhun swargi sdaya, ingakng kagungan papundhen.

Ewadene menawi boten kaestokaken margi saking sanes ing kawajibanipun, sumongga sangking kang sami anguwasani lara gusti, utawi kanjeng parentah, ageng ing nagari Surakarta Adiningrat, titi.

Kaserat tanggal ping 25 Wulan Besar, warsa wawu, angka 1793.  
Katandhan Dirjaprawira.

=====

Angka 24, 15 Juni 1865

Para priyantun ingkang karsa bdhe amendhet Serat Jurumartani wiwit ing wulan Juli dumugi wulan Dhesember ing ngajeng punika, dados amung satengah tahun, punika badhe kasukanan serat Jurumartani wiwit ing dinten punika boten mawi ambayar reginipun ingkang kabayar amung satengah tahun kemawon, wiwit ing wulan Juli wau dumugi wulan Dhesember ing tahun punika.

=====

Kula wisudhan sapanunggilanipun

Tuwan Mister L. Oping, Adpokat Jendral Rat Luhur ing Nederlan Indiya, ing mangke kakula wisudha Gripsiert Luhur ing Nedelan Indiya.

Tuwan Mister E.R.Y.C.Dhekeidher, opsir justisi nagari ing Padhang, ing mangke kakula wisudha dados Rat Asbang ing Samarang.

Tuwan L.Mulok Ower, tuwin tuwan Lihphut kalih pisan ing ngajeng dados Kontelir Twedheklas ing mangke sami kainggahaken ing kalenggahanipun dados kontelir Irsteklas.

Tuwan Y. Mullermeister Tuwan Y.C.F.Krusen tuwin tuwan A.Y.Phut tiga pisan ing ngajeng dados kontelir Dherdheklas, ing mangke sami kakula wisudha dados Kontelir Tewedheklas.

Tuwan E.P.Mentel tuwan F.Mayor Tuwan S.Pandhisel, Tuwan Jonghir, Y.P.P.Rebumpoller Tuwan Y.E.Amen tuwin tuwan W.C.Kasten punika sadaya ing ngajeng dados priyantun kareh ing kanjeng Tuwan Dhirektur saking tanem tuwu, ing mangke sami kakula wisudha dados Kontelir Dherdheklas.

Tuwan H.M.Panreisen Upkomis ing kantoripun Kanjeng Tuwan Algemene Sekretaris, awit saking sakit ing mangke kaundur saking kalenggahanipun kalayan kurmat, mawi kaparingan wah-gel.

Kanjeng Tuwan F.H.A, Pandhepul Residhen ing Cirebon ing mangke kaparingan pamit kalih tahun dhateng nagari Walandi amargi saking sakit.

Kanjeng Tuwan F.Dh. Dhekah Phinyidheblot Sekretaris ing

Paresidhenan Kadiri, ing mangke kaparingan pamit kalih tahun dhateng nagari Walandi amargi sakit.

Tuhan Y.L.Murman Litnan Kolonel saking prajurit Artileri ing Nederlan Indiya, ingkang sapuniknipun taksih pamit wonten ing nagari Walandi, awit saking panuwunipun piyambak ing mangke kaundur saking kalenggahanipun kalayan kurmat, mawi kaparingan pangkating Kolonel saha pensiyun kasebut ing serat kakancinganipun kanjeng raja, katitimangsan kaping 27 wulan Maret 1865 angka 64.

Tuhan Y.Dheblo, Irste Komis ing kantoripun Kanjeng Tuwan Algemene Sekretaris ing mangke kakula wisudha ddos Upkomis ing kantoripun Kanjeng Tuwan Algemene Sekretaris wau.

Tuhan C.M.Dherogemon komis ingkang kabebahan anguwasani arta kas nagari, ngiras dados Pindhimiter ing Bogor, ing mangke kakula wisudha ddos sakrataris ing paresidhenan Priyangan.

---

Kanjeng Tuwan Residhen ing Surakarta angulem-ulemi dhateng para priyantun jawi ageng ngalit ingkang amralokaken bab wuwulang dhateng anak-anak jawi wonten ing pamulangan calon guru jawi ing Surakarta, punika para priyantun sdaya wau sami kapurih dhatengipun wonten ing pamulangan wau, benjing ing dinten kamis ngajeng tanggal kaping 22 wulan Juni punika, supados anyumerepana ing pamriksanipun bab kasagedaning para muridipun Kanjeng Gupremen tuwin para putra ingkang sami kawulang wonten pamulangan ing ngriku, Mengah wiwitipun amriksani wau, ing wanci pukul wolu enjing.

---

Saking pawartosipun sampun yakin manawi ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan ing Surakarta kecalan barang mas sawatawis tuwin dhuwung saprabotipun ingkang sakalangkung kathah pangaosipun ananging tumunten kapanggih malih wonten ing gedhogan kalanipun gedhogan punika karesikan, menggah ingkang manggihaken para tiyang ingkang sami kenging patrapan anyam-

but damel peksa, titiyang wau lajeng sami kaganjar sakalang-kung kathah dening ingkang sinuwun Kanjeng Susuhunan.

=====

Serat ingkang saking Hongkong tanah Cina anyariyosaken manawi ing Hongkong ngriku kecalan arta saking Bang, kathahi-pun arta kirang langkung saking 600000 rupiyah, awarni lan taknan mas tuwin arta mas.

=====

Saking pawartosipun manawi nagari tanah manilah kabesmen ngantos kaping kalih, wiwitipun kabesmen kala kaping 30 wulan April kaliyan kaping 2 Mei ingkang sampunkapengker, ing wanci pukul tiga siyang, dados ing dalem kalih dinten anggenipun kabesmen, anelaskaken griya-griya ing ngriku sapalih, dene titiyang ingkang telas kabsmen griyanipun wonten saking 80000 punika sami boten gadhah pangaaban, sarta bandhanipun telasan sadaya, menggah titiyang ingkang pejah kabesmi 30 dene kewan ingkang pejah saking latu sakalangkung kathah.

=====

Kanjeng Maharaja Walandi amaringi sabet dhateng Tuwan G.F.Rapelet kapitan saking prajurit Infantri, mawi wonten seratanipun mungel makaten: Praandhaning kurmat Raja bab tetelakning kawanteran.

=====

Sawarnining abdi tuwin karerehanipun ingkang sampun sami

angabdi dhateng Swargi Kanjeng Ratu Randhanipun Kanjeng Maha Raja Walandi Willem ingkang Kaping Kalih, punika sadaya sami kaserepaken bab ungel-ungelanipun tetedhakaning serat wasiyatipun Kanjeng Ratu wau, ingkang anamtokaken, manawi para abdi tuwin karerehanipun wau taksih sami purun anglajengkaken angandi dhateng para Ahliwarisipun Kanjeng Ratu, Punika katanggal bab pikantuking balanjanipun lami boten mawi kirang, dene manawi boten purun anglajengaken ing pangandikanipun, para abdi tuwin kareerehanipun punika badhe kaparin-gan sapalih saking balanjanipun lami, sumerep dados pensiyu-

nipun.

---

Wonten pawartosipun ingkang kasebut ing serat pawartos saking Samarang, manawi boten ngnatos lami ing Samarang badhe wonten ingkang amade kapal Sini, kathahipun 35 iji, menggah kapal punika pilihan sadaya, dene baita kapalipun ingkang ambekta kapal wau, sapunikanipun sampun anglangkungi ing banyuwangi, sarta dinten ing pamadenipun kapal ing Tembe badhe katamtokaken tumunten sasampunipun dhateng kapal wau wonten ing Samarang.

---

Kula tuwan Kondhestu, asli ing nagari Surakarta, ngumur kula sampun langkung saking 42 tahun sarta salaminipun ugi dumuning wonten nagari Surakarta, dados kula saged limbang tuwin mastani kalepasaning panggalih saha kautamen ingkang amurih tata tentrem gemah rajanipun titiyang ngalit. Panjenenganipun Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Ariya Mangkunagara ingkang kaping 4 sampun katingal anetepi kados ing nginggil punika, sabab sampun tetela saking ingkang kalampahan wonten nagari wawengkonipun, awit anggenipun kagungan pranata ingkang tumrap ing ngabdi sadaya awawatongalih utami, namung tansah murih ingkang dhateng karaharjan kadosta: sawarnining tiyang ing nagari tuwin ing dhusun manawi sumadya ngangkah kalengganan wiwit bekel dumugining pangkat ingkang inggil piyambak, Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Arya Mangkunegara boten kersa yen mawi srana babekten sapanunggalanipun namung dipun srannana magang samukawis damel tuwin magang dados prajurit dados ingkang mongka bebekten temen mentep taberi, cakep tuwin katrimah ing damelipun yen makaten saestu kalampahan ingkang dados pangangkah, pangkat-pangkat kalenggahanipun yen sampun kaparingan pangkat boten kalilan yen mendhet tappa nganyaranyar bebekten sapanungilanipun dhateng ingkang dipun bawahaken malah kawajibaken murih tatatentrem arjanipun tiyang alit.

Menggah pranatanipun Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Ariya Mangkunagara dhateng dhusun ingkang kataneman kopi, Rosan tuwin Sata, wah ingkang pamajegan tuwin pangrembe wradin prayogi sanget titiyangipun sami seneng tuwin bingah, margi tiyang sadaya mayar, awit damel tuwin tedhanipun saraos, punapa malih ing ngatasing panjagi dhateng raja darbekipun titiyang, saben kareksa, sabab kawradinn ing ngadil, langkung malih titiyang salebetung nagari, dalah abdi panakawan alit

sami kapredi ing pwulang dhateng kagunan tuwin kawruh, mawi

gurujawi, mlajeng tuwin Arab panggenan mulang sapirantosipun sadaya kaparingan utawi ing saben saben mawi kapriksa, sinten ingkang kathah indhaking panyakepipun dhateng wulang, utawi ingkang taberi, mawi kaparingan ganjaran ingkang mikantuki tuwin andadosaken bingahipun kados ta kaganjar serat-sert pangangge, tuwin sanes-sanesipun tur sandhang tedhanipun kareksa, amargi sami kaparingan, mila abdi sdaya, tuwin sanesipun ingkang bawah Mangkunagaran wiwit lare ngantos dumugi sepuh tansah sumungkem dhateng kanjeng gusti langkung malih ingkang nama Priyantun sadaya sami dipun uningani bibibgahipun boten ngamungaken paringipun panci, sanajan pancinipun sampun nyekapi, kauntungan ingkang ddos bibingahi-pun kaparingan ugi, kadosta priyantun wau ingkang gadhah cacepengan garapan rrereksan padamelan tuwins anesipun ingkang kawajiban sami kaparingan kauntungan utawi presen sadaya, mawi kauningan piyambak ing kanjeng gusti, mila abdi sabawahipun ing mangkuenagaran sami temen-temen sarta tansah sami biyantu ing pamurihipun dhateng Taberen tatentrem karaharjanipun nagarisatiyangipun sadaya.

aliya punika ing ngatasing panyepengipun pulisi tuwin aninda-kaken kaleresan sadaya prakawis ingkang katampen sarta ingkang katitipriksa tuwin karampungan dening pangadilan ing mangku-nagaran sami katur kauningan ing kanjeng gusti, makaten ugi bab lampahing pajegen wah sakkathahing padamelan boten keng-ing kalingsir saking dhawahipun kanjeng gusti.

Awit saking kautamenipun kanjeng Gusti sarta agenging pali marmanipun dhateng ingkang abdi, sadaya karsanipun saged kalampahan para abdi ingkang nama priyantun utawi ingkang boten gadhah pangkat sami ngatingalaken panrimah tuwin sumungkemipun dhateng kanjeng gusti , punapa malih sami sabiy-antu amurih kalampahaning karsanipun ingkang boten pisan andadosaken pitunaning kalerehanipun kdosta: ing waktu sapu-nika kanjeng gusti karsa anglempakaken damel yasan ing bawah Mangkunagaran sela kakajengan sami wedalan ing siti wawengkonipun Polagriyajawi, wah Pola bakakas tuwin pirantosing pakaryan kathah panunggilanipun malih, sadaya punika badhe kagelaraken wonten ing Betawi ing salebetipun tahun punika,

sarta pantes katingalan, wonten sawatawis ingkang andadosaken pangeram-eraman awit saking prayogi yasanipun sartaha heng wujudipun. Mila kula purun anglahiraken cariyos ing nginggil punika, mawi kula lebetaken ing Jurumartani amargi kula nyumerepi piyambak prayogining pranatanipun kanjeng Gusti Pangeran ADipati Ariya Mangkunagara, ingkang tumrap ipun sakalangkung andadosaken tat tentrem gemah arjanipun titiyang ing bawah pawngkonipun.

---

Cariyos saking nagari ing Ngawi paresidhenan ing Madiyun, wonten tiyang estri wasta Mbok Samiyah suduk salira.

Nalika tanggal kaping 24 Mei 1865 ing Ngawi wonten tiyang suduk salira, , wanci pukul satengah sanga enjing, jalaranipun bok Samiyah wau anggebagi rare jales wasta sarija, anakipun ing Suramanggala ingkampung Ketanggi, amargi saking paben sareng ing ngantawis dangu, pamanipun Sarija wau mireng

yen Sarija nangis wonten ing kebonan salering griya, lajeng dipun purugi dhateng pamanipun wau, pun Sarija katingal dipun bsta ing gadebog kaliyan dipun gebagi dhateng bok Smiyah wau, pamanipun Murinaning dhateng pun Sarija, Mbok Samiyah lajeng dipun sawat ing lempung kenging pundhakpun, lajeng kasothok kenging talapukanipun ingkang kiwa, bok Samiyah muring-muring lajeng malebet ing griyanipun ingkang nyothoni wau sarta tutup kori, mriksa wonten dhuwung ig gebyog senthong wetan dhuwung kaunus lajeng suduk salira kenging lepeng ingkang kiwa, bok Samiyah lajeng andhawah anjerit sambat pejah, ngantos kapirek saking tangganipun lajeng sami naglayat, bok Samiyah sampun katingal gumaluntung wonten ing jogan, kamisepuh ing kampong ngriku lajeng repot dhateng kaliwon saha mantri nagari, dene priyantun Jawi ingkang sami kumisi 1 Mas Kasbul Bakri, kaliwon Nagari Ngawi 2 Raden MasPanji Jayadirja, mantri nagari ing Ngawi, sareng dhateng panggennaipun ingkang suduk salira wau, Bok Samiyah sampun kaelih wonten ing ngamben mujur mangetan, lajeng dipun kumisi, wiyar kalih dim, lebetipun gangsal dim, bok Samiyah taksih gesang usu medal kathah, lajeng pulisi parentah dhateng kapala kampung,

enggal kabektaha dhateng dhokteran beteng, umur kalih dinten pejah.

Menggah ingkang nyothoni sampun kacepeng ing Pulisi, angentosi dhatenging bapakipun ingkang suduk salira wau dhateng Surabaya.

Gumun kula tiyang estri tatu ingkang kados makaten wau, wicantenipun dereng ewah kaliyan adat saben.

katandhan Mantri Nagari ing Ngawi: Raden Mas Panji Jayadirja.

=====

Kula abdidalem Wiryadimeja, kula ngaturaken kabar, kala wulan Mei kaping 12 tahun 1865, punika wonten satunggil tiyang setri, gegriya ing kampung Jagang, kareh Sasrenegaran bawah Yudanegaran lami, punika damelipun sade sekul semur ulam ayam punika wawrat sareng lair medal lare jaler umur 2 dinten sadalu pejah, ananging sipatipun lare wau aneh klayan lare kathah, anggadhah i asta darijinipun 12 sisih sukunipun darijinipun inggih ugi 12 isih gungung suku kalih asta darijinipun wau 48 driji, cangkemipun sinertas sirung dumugi suluwan mangginggil ipun mengandhapipun dumugi tenggok, sigaripun malang dumugi ngandhap gadhahing kuping, ingkang punika mugi kapacakna serat Jurumartani, kenginga kadamel ila-ila ujari-pun tiyang sepuh, menawi tiyang jaler bojonipun saweg wawrat ampun ngnatos maca damel mawi pepejahan wau asupeya, kedah engetta marang barang kang sinambut damel wau, kedah nyebuta jabangbayi mekaten: aku arepa anu-anu.

=====

Angka 25, 22 Juni 1865

Kulawisudhan sapanunggulanipun.

Kanjeng Tuwan F.Y.A.Yenel ingkang wau dados Sekretaris ing Paresidhenan Kedhu, saha dereng lami wangslu saking pamit dhateng nagari Walandi, ng mangke kakula wisudha dados sekretaris ing Paresidhenan Kedhiri.

Kanjeng Tuwan Jonghir, W.N.L.Panogendhorep ingkang wau dados Asisten Residhen ing Krawang, ing mangke kakula wisudha dados Asisten Residhen ing Surakarta.

Tuwan Y.Panliwen, kasir ing kantor Ldelang Paresidhenan ing Samarang, ing mangke kakula wisudha dados Pendhimeister, ngiras dados kasir tuwin Buk Oder Kantor Lelang ing Surakarta.

Tuwan B.Semiser, Kontelir Dherdheklas, ing mangke kainggahaken ing kalenggahanipun dados Kantelir Twedheklas.

Tuwan D. Dhewit priyantun kareh ing Kanjeng Tuwan Dhirektur saking tanem tuwu, ing mangke kakula wisudha ddos Kontelir Dherdheklas.

Tuwan Y.Minih, Pendhimester ing kantor Lelang Paresidhenan Batawi, ing mangke kaparingan pamit kalih tahun dhateng nagari Walandi amargi saking sakit.

Tuwan C.H.G. Panseindheyong, Kontelir Iristeklas, ing mangke kaparingan pamit kalih tahun dhateng nagari Walandi, amargi saking sakit.

=====

Pawartos ingkang medal saking Telegrap ing Batawi.

Kanjeng Tuwan Asisten Residhen Phis ing mangke kaparingan wahgel  
Kanjeng Tuwan Nindherdhenamerek ing mangke kakula wisudha dados Residhen ing Cirebon.  
Tuwan Bir, ing mangke kakula wisudha dados Pendhimester ing

Batawi.

---

Pawartos warni-warni

Kala wonten lindhu ing Paresidhenan Surakarta, ing wanci sonoten tanggal kaping 18 Mei ingkang sampun kapengker, punika candhi-candhi sewu ingkang sampun risak ing Prambanan sami jugrug ing sawatawis panggenan, wonten selanipun ageng gadhah saking sisih sangginggilipun korining candhi, sarta ing sisih sangjenging sisih wau selanipun ingkang sami jugrug kathahipun wonten wolungdasa kalih, punapa dene candhi-candhi sanesipun ing ngriku inggih kathah karisakan, menggah titi- yang ing ngriku kalanipun wonten lindhu wau sami kawijngan,

sanadyan ebahing siti kawastanan dangu, boten dados bilahin- ing titiyang.

---

Saking cariyosipun ingkang sampun mashur manawi raja ing Siyam ingkang kapisan ajujuluk Prabatsomdhat Prapraramen Mahamongkut punika kagungan garwa 300 sarta kathahing putra- nipun ingkang kakung 35 ingkang putri 33 menggah ingkang gesang jaler estri 58, putranipun pambajeng kakung, lahiripun kala tanggal kaping 6 Maret 1822 dene putranipun wuragil lahiripun kala tanggal kaping 29 Januawri 1854.  
wondening raja ing Siyam ingkang kaping kalih inggih kagungan garwa samanten kathahipun.

---

Kanjeng Pangeran Grutfores Sarowit Nikolas Aleksandrowit putranipun kanjeng Raja Ruslan, ingakng cacalon anggentosi ingkang rama, punika seda wonten ing Nise Tanah Dhitslan kala tanggal kaping 24 wulan april ingkang sampun kapengker, Kanjeng Pangeran GrutFores wau badhe krama angsal putri anama Dhahmar, putranipun Kanjeng raja ing Dhenemarek, menggah putranipun kakung Kanjeng Raja ing Ruslan ingkang kantun gangsal, saking putra gangsal pounika ingkang sepuh piyambak Kanjeng Pangeran Grutfores ing seda wau, lahiripun

kala kaping 10 wulan Maret 1845, dene putranipun putri Kan-jeng Raja ing Ruslan amung satunggil

---

Serat ingkang kapacak wonten ing Serat Pawartos saking Sama-rang anyariyosaken kados ing ngandhap punika:

Kala tanggal kaping 18 wulan Mei ingkagn sampunkapengker jawahipun ing Wana Sumber Waru bawah Banyuwangi, tuwin ing banyuwangi skalangkung sanget deresipun kados kasokaken kanthi galudhug saha baledheg anyamber-nyamber, titiyang ing ngriku dereng nate ameningi jawah ingkang sanget kados makaten wau, ngantos angajrih-ajrihi, upaminipun kados jagad badhe karisakan.

Kala enjingipun ing dinten Jumu wah kaping 19 wulan Mei wau, ing saganten Banyuwangi sakalangkung kathah sanget ulamipun ingkang katingal sami bingung, sarta sakedhap-sakedhap anon-gol medal saking toya, para tiyang mendhet ulam sami kathah angsal-angsalipun ulam, sakedhap kemawon baitanipun kebak isi ulam, ngnatos meh sami kerem baitanipun wau.

Wondening ingkang dados alok sanget, manawi ulam wau sasampu-nipun kenging ing jaring, lajeng sami amutah kither, ambeti-pun boten eca, sareng ing sonten punika, wanci pukul saten-gah wolu, siti ing Banyuwangisakalangkung sanget ebahipun amargi saking lindhu, ngnatos titiyang ing ngriku sami ajrih sadaya.

Saking pawartosipun ing ngakathah sami rujuk sadaya, manawi ebahing siti awit saking kidul mangaler, dene titiyang ing ngriku sami kawilujengan sadaya, boten wonten ingkang amang-gih bilahi dening lindhu wau.

---

Kacarikyos wonten saradhadhu Prasman ing Algeri tanah Aprikah, dereng lami amanggih sarana saged apikantuk arta ingkang sakalangkung elokipun, saradhadhu punika anyambut arta wonten ing panggenanipun tiyang wade inuman kathahipun sadasa rupiyah, sareng sampun angsal arta wau lajeng dhateng ing peken.

Wonten ing peken saradhadhu apitaken dhateng sudagar satung-gil makaten pitembugnanipun: punapa sampeyan ingkang anyambu-

ti arta dhateng kula, kathahipun sadasa rupiyah, ingkang tinakenan wangulanipun manawi boten anyabuti, tumunten saradhadhu apitaken dhateng sudgar sanesipun ngantos angsal sudagar sadasa utawi kalih welas, sadaya wangulanipun inggih sami kemawon manawi boten anyambuti arta dhateng saradhadhu wau, sareng makaten saradhadhu wangsl dhateng panggenanipun sudagar ingkang dipun pitakeni rumiyin piyambak, lajeng wicatten makaten: lah punika dene sampeyan piyambak, tiwas adamel sayah kula wangsal-wangsul boten-boten pikantukipun, sampeyan punapa pandung dhateng kula, sasampunipun awicanten makaten, saradhadhu lajeng angulungaken arta sadasa rupiyah dhateng sudagar, ingkang katingal angemut-emut, wekasan sudagar wau awicanten manawi boten pandung dhayeng sardhadhu, sarta lajeng anampeni arta, kalebetaken ing kanthongipun.

Saradhadhu katingal sakalangkung bingah ing manahipun, sareng arta sampun katampen dening sudagar, minongka panyaurung sambutanipun, ananging saradhahu taksih angentosi wonten panggenanipun sudagar, sareng makaten sudagar apitaken dhateng saradhadhu, punapa ingkang dados sababipun angentosi wau, wangulanipun sardhadhu makaten: amesthi kemawon kula angentosi wangslipun herloji kula mas ingkang sampeyan cepeng minongka gantosan anggen kula anyambut arta sadasa rupiyah kala rumiyin punika, sudagar awicanten : Erloji apa, saradhadhu amangsuli sampun tamtu manawi sampeyan badhe boten mukir, atampi erloji ingkang kula damel gantosan wau, sarta sampeyan punika tiyang ingkang apitados dhateng kula awit saking aningali ing sasawangan kula ingkang temen, sudagar tnsah mukir, ananging saradhadhu angajrih-ajrihi dhateng sudagar, manawi badhe kagugat, sarehning sudagar wau ajrih manawi kagugat, nunten apirukun kaliyan sardhahdu, sarta lajeng kabayar 30 rupiyah dening sudagar.

---

Serat saking kanjeng tuwan Residhen ing Surakarta, dhumateng kanjeng Pangeran Ariya Pringgalaya ing Surakarta, kados ing ngandhap punika:

Serat sarta ingkang tabe akathah-kathah sking kanjeng Tuwan-Residhen ing Surakarta, dhumateng ingkang saudara kanjeng Pangeran Ariya Pringgalaya ing Surakarta.

Sasampuning kdya punika awiyos kula suka uninga dhumateng saudara, manawi putranipun para Pangeran tuwin para pangenging tiyang jawi sapunika kalilan kawulangaken wonten ing griya pamulanganipun Kanjeng Gupremen Kepisan.

Kula boten sumelang, manawi para priyantun kathah ingkang

sami amundhi ingkang dados karsanipun kanjeng Gupremen dene amaringi wulang sae sakedhik wragadipun dhateng para putra-nipun priyantun milapanedha kula mugi saudara ambiyantonana bab prakawis punika, sarta angintunana dumateng kulaserat

pratelan namaning lare lare ingkang badhe kawulangaken wonten ing griya pamulangan wau, mawiya nyebutaken bab namaning tiyang sepuhipun utawi embanipun lare punika, ingkang badhe ambayar wragading pamulangipun.

Menggah bayaran pamulangaipun dhateng lare, aktamtokaken kaos kang kasebut ing ngandhap punika.

---

Pamulangan Bayaranipun lare 1 Bayaran lare 2 Bayaran lare 3

---

|           |            |               |            |
|-----------|------------|---------------|------------|
| pangkat 1 | 10 rupiyah | 16 rupiyah    | 20 rupiyah |
| 2         | 8 rupiyah  | 13 rupiyah    | 16 rupiyah |
| 3         | 6 rupiyah  | 10 rupiyah    | 12 rupiyah |
| 4         | 4 rupiyah  | 6, 50 rupiyah | 8 rupiyah  |

---

Bilih lare badhe kawulangaken serat pratondha yen sampun kataneman cacar kedah kapriksakaken

Surakarta kaping 10 Juni 1865.

---

Panuwun kula, menawi pareng saking karsanipun tuwan ingkang ngarang serat Jurumartani, mugi wontena karsanipun amacak ing serat Jurumartani.

Kula Mas sontareja, umur, 41 tahun salaminipun gesang kalayan wilujeng, menawi kepareng kaleresan sarehning salami-lami kula dereng nate puruita, teka sumantaka: ambadhe serat cangkriman tigang pada sekar asmaradana, ingkang wonten serat Jurumartani angka 16 saking suros kula punika dede cangkriman, dene sesemonan, jarwa suta kimawon nanging dipun memetaken sakedhik basanipun kaenggak-enggokaken namung kasampar-kasampar kimawon, dados ngandhut teges kathah, punika etangan tepsus bahde landheyen, kang kadamel nepus cu nanging ungel-ungelanipun kirang satunggal, leresipun tiga, kang wekasan anggendhelo, pngetangipun mekaten, anggendhingkrlik, anggendhingkrak, anggendhelo, yen tepsus dhawah anggend-

hingkrik, punika awon leksanananipun, yen manggih damel atundhabema, tegesipun anusun bilahi, yen tepsus dhawah anggedhingkrak, punika boten awon boten sae, sedheng, menawi manggih damel ambibarkaken mengsa, nanging boten ambahyani, mengsa sami lumajeng tutunjangan kancanipun, sareng nolih, dipun awasaken dangu-dangu, mengsaipun boten ambujeng, wusana sami gumujeng mila binasakaken kang wus wikan lama gumuyu semplang, yen dhawah anggenthelo, punika langkung sae, dene ki sukra, punika dinten Jumungah, para tukang landheyen kang taksih mumuri tukang kina-kina, yen awit anggarap damel milih dinten Jumungah mekten malih empu, manawi kang teksih mumuri empu kina-kina, yen damel waos dhuwung, panggebagipun milih dinten Jumungah, lan malem anggara kasih, dene pite-dahipun ki Sukara tudang tuding, punika ibart pitedahipun tukang landeyan, pakenipun makaten, yen ana bakal landheyen becik tepusa mengkono iku, yen wus lempeng luk-lukane, ulih adegna kaya duk misih ngadeg ana ngalas, lan pepenen, degna ing latar, utawa ing kebon kang tawang, ing sawetara sasi, mila wiraosipun ki Sukra: dipun ken mantuk dhateng kalipepe, dipun ken ngnatukaken kados kala teksih wonten ing wana dipun ken ngepe, anyambela, punika tegesipun dipun ken nyambeleh,

ing sakwasanipun, kilap ayam satunggal kilap peksi satunggal, gawe sugata tamu, tegesipun dipun ken damel nyelametaken, ing besuk kowe antuk pangan, pangan punika, tegesipun panganti-anti, muradipun yen bakal landheyen kang becik tepusa mengko no iku besuk kena kowe antiyanti mungguh kasilametane, mila saratipun nyalametaken beleyan, boten langkung namung punika: behdekanipun, nanging tengah dipun selani sanes suraos sepa, punika namung saking sagedipun kang cangkriman, kadamel palencat kidang.

Onanganing dhangkethupli, akeh wong kang apepasar,adol balenyiklan gereh, kucing gering gadhekenna, kudhibujel tebus-na, tembange wong gunung kidul sarundeng smaradana, Onang, pawerta gedhe, asal saking kaonang, aning, pawerta sedheng, dhangkathuplik, dhingcilikpisan, tegesipun sabarang pawarta gedhe, pawerta sedheng, pawerta dhingcilikpisan, iku yen pawerta pasaran aja kowe gugu, kaya upamane balenyiklan gereh, rupane beda, nanging karone iku: mung padha rasa asin

bae, mulane pawarta pasaran iku aja rikat-rikat kowe anggep,  
kucing gering gadhekena, tegesipun kacanggaring lan gudhe,  
yen kowe arep tuku ora duwe dhuwit, kudhimu buje iku bae  
urupena, kang pesthi oleh ing samurwate, mung kena kowe enggo  
sarundeng semaradana bae, kedoyan namu wong desa, namung  
punika pethakipun, dene sarundeng semaradana punika, boten  
ngemungaken tiyang dhusun kemawon, delasan koncnagari, kathah  
kng septa, panunggilanipun sambelgoreng jarangin.  
Katandhan Mas Sontareja.

---

Embokipun kiyai Bei, Jakariya, utawi Demang Mertawijaya, nami  
Nyai Jakadiwirya, ing dhusun Menthak sak kilenipun pabrik  
Delanggu, siti kagungan dalem Gusti Kanjeng Ratu Ageng, ibu  
dalem ing Surakarta.

Menggah kaelokanipun Nyai Jakadiwirya wau, sampun anggaad-  
hahi canggah, menawi dulu kawujudanipun selira, dereng pantes  
agadhahana buyut utawi canggah, amargi rigmanipun dereng  
mangluk sanget, saweg nyambel wijen kaot sakedhik, denten  
wajanipun teksih sami kekah dereng wonten ingkang rentah,  
wondenten pandamelanipun punapa cara-caranipun tiyang tani  
tkesih majeng tanem ani-ani pantun anutu, oleh-oleh sekul  
sapanunggilanipun utawi malih lumampah tebih ugi teksih  
kiyat.

Katandhan Mertakarya.

---

Angka 26, 29 Juni 1865

Kulawisudhan sapanunggulanipun

Kanjeng Tuwan Dhokter Y.H.Krokewit, Asisten Residhen ing Priyaman tanah Sumatra sisih kilen amangke kakula wisudha dados asisten Residhen saha Magistraaat ing Padhang tanah Sumatra sisih kilen.

Tuwan Mister F.H.Goritsen, ing mangke kakula wisudha dados Adpokat saha Prokurirrat panjustisi ing Surabaya.

Pawartos ingkang medal saking Telegrap ing Batawi.

Kanjeng Tuwan Bomaower, Asisten Residhen ing Montrodho tanah Borneyo, amangke kaundur saking kalenggahaning mundur kalayan kurmat,

Kanjeng Tuwan Andriwiltenes Guprenur ing Selebes, ing mangke kaundur saking kalenggahanipun kalayan kurmat, amargi saking sakit.

Tuwan Nane ing mangke kakula wisudha dados Asisten Residhen ing Batipu tanah Padhang Nginggil.

Tuwan Kramer, ing mangke kula wisudha dados Asisten Residhen ing Limapuluh Kota tanah Sumatra.

=====

Pawartos warni-warni

Tuwan Susman en ko ing Samarang angajeng-ajeng wewelinganipun kapal Makasar, kathahipun 70 iji kapal punika sadaya sami pipilihan.

=====

Kagunganipun Kanjeng Maharaja Walandi baita kapal asep anama Sindara ing sapunikanipun dhateng wonten muara ing Surabaya, baita kapal asep punika mentas dhateng saking Makasar, sarta badhe kadandosan wonten ing Surabaya, amargi saking wonten ingkang risak ing sawatawis.

Punapa dene baita kapal prang Amerikah ingkang mentas saking Batawi, ing sapunikanipun inggih dhateng wonten muara ing Surabaya, baita punika inggih ugi badhe kadadosan wonten ing Surabaya, menggah mariyesmi baita kapal prang punika kathahi-pun sadasa, ingkang satunggil isinipun mimis wawrat satus pon, dene prajuritipun 200 opsi 10

=====

Pawartos ingkang saking Banyuwangi anyariyosaken, manawi kanjeng Tuwan ingkang wicaksana guprenur jendral kaajeng-ajeng rawuhipun wonten ing Bali, sarta ing Bali sampun sami rumantos bab pakurmatan ing sarawuhipun kanjeng tuwan ingkang wicaksana guprenur jendral wau.

=====

Awit saking kabesmenipun ing Manilah, ing sapunikaipun regin-ing srutu Manila mindhak kathah.

=====

Panuwun kula dhateng tuwan ingkang ngarang jurumartani, ingkang mugi serat an kula punika kapacaka wonten ing jurumartani. Ing Ngayogyakarta, kampung Onggawanggsan wotnen satunggal priyayi wasta Ngabei Permadi, abdi dalem ingkang sinuwun kanjeng sultan, dados mantri Carik, reh ing kadanure-jan, asal wijilan ing nagari Magelang, priyayi punika remba-gipun wekwel sanget, remen dhateng saprenenipun kasagedan, sarta remen dhateng pangan dhateng bopngsa sabrang, malah langkung remen tepangan, dhateng bongsa tuwan tuwan ing salamenipun sanget anggenipun mresudi dhateng sastra Welandi, supados sageada wicantenan cara Welandi, namung meksa dereng saged, awit angel sanget, yen katimbang kalih tembung jawi, anamming boten sekolah dhateng Mester, namung taberining ngaliwur dhenbuk.

Punapa dene taberi nglempakaken bukbuk tembung Welandi. Ing sapunika angsal mitra, satunggal WElandi, peranakan Inggris, dedegipun andhep alit kulitipun cemeng, wasta tuwan Dhespre, gegriya nunggil pemahanipun Ngabei Sasrapermadi, tuwan wautilas militer, ing ngajeng dados suldhadhu panyum-

pret, lajeng dados Sikepader, sarta sampun katrimah anggenipun, nglampahi pendamelanipun wau, angsal madhali perak, sareng lepas skaing kumpeni angsal pensiyun 15 rupiyah 33 sen, tuwan wau ing ngajeng rembagipun juwas sareng dados mitranipun Ngabei Sastrapermadi, lajeng dipun tarik rembag kasaenan sarta kawekelan, kakabar-kabaraken, yen saged amu-lang aksara Welandi, tuwin bab petang ssapanungilanipun, dados tyang kathah kang neja nglebetkaken sekolah anakipun dhateng tuwan wau.

Ing sapunika nagari Ngayogyakarta, awit tumindhak Sastra Welandi tuwin wicanten cara Welandi, saking bayaranipun lare satunggalipun 5 rupiyah r rupiyah utawi 3 rupiyah.

Saking pandugi kula bahe andadosaken renanipun ing nagari awit tyang saget cara Welandi andadosaken pitulungan ageng. Ngayogyakarta 21 Juni 1865. Katandhan Atmareja.

---

Awit saking kmirahanipun gusti keng maha agung, keng sipat rahman keng boten kenging winaosan sakresanipun, ingkang asih tresna dhateng panjenenganipun ratu kula ingkang jumeneng sapunika, milanipun kaparingan kemirahan kelangkung-langkung, amargi ratu kula pamengkonipun dhateng wadya bala Ngayogya sedaya, utawi punapa sakresa dalem ingkang sampun dhawahaken wiyosipun ngagem wewaton sedaya, kados dene asma dalem wewalu, 1 ingkang sinuwun, 2,kanjeng Sultan, 3, Amengkubuwana, 4, Senapatingalaga, 5 Ngabdurahman, 6 Sayidin, 7 Panatagama, 8 kalifatullahing kaping 6.

Punika mirid saking watakipun para dewa wewalu: ingkang kasebut ing serat piwulang Asthabrata, kresadalem inggh kagem sedaya punappa sak kelakuanipun para dewa wewalu wau, mila

sekathahing wadya bala ing Yogyakarta, tiyang jawi utawi bongsa kulit pethak ageng alit sami suyud angunggung panjenenganipun ratu kula, sakresadalem sami angayubagya sdaya sabab sami rumaos keluberan wutahipun kagungan dalem keng boten mawi kendel ing sadinten-dintenipun dumudi tiyang sanegari inggih sami tampi kemirahan dalem wau, kadosta sak wernenipun para sudagar sami kapundhutn tumbas dagang anipun ngantos pinten-

pinten ewu peparing dalem wau, mekaten malih paparing dalem dhateng wadyabala sedaya ugi anyekapi ing ngatasipun tiyang gagriya, saha pangkat pangkat ing sapantesipun pendamelanipun inggih katata langkung prayogi, ing sak sagedipun piyambak ingkang saged dhateng alus boten kalilan garap pedamelan enggal ingkang saged enggal boten kalilan garap alus mila sakathahipun abdi dalem ingkang jujur rembagipun smi sukarena sedaya, ingkang jail saha kabenteran inggih sami ngenes sarta lesu sedaya, amargi boten pasah kabenteranipun sabab ingkang sinuwun jumeneng socabethara, awon sae kauningan sedaya, boten dhahar saking wewadulanipun tiyang keng gadhahi pamrih, mila ing mangke negari dalem sangsaya gemah arja karta tata atentrem saha seneng kathah peleciripun yen kula timbang kalih negari ing monca sapulo jawi kimawon dereng wonten ingkang nyamoni negari dalem Ngayogya, pasitenipun sae, toyanipun bening sarta mirah prenahipun kaleresan utawi sak lebetipun ing kedhaton sangsaya endah-endah wewangunipun sarta murub mubyar saking patrapipun sasunganan sami alus sedaya, utawi garapipun tukang kajeng tukang banon tukang besi, sak penunggilanipun sami alus sedaya, sarta saged anampeni punapa kedados kersa dalem saking brekah dalem ingkang sinuwun langkung kathah abdi dalem ingkang kathah kesagedanipun kados ta bab 1 wonten abdidalem punakawan ing kedhaton kirang langkung tiyang 15 iji, sami saged niru punapa trekahipun Welandi kumidhe kpal an utawi tampar sak senunggilanipun kumidhe, bab 2 wonten ingkang saged dadosi piyano utawi nabuh katunggilan gongsa jawi, yen katabuuh gendhing welandi inggih teksih kenging, panunika wonten saged nabuh harmonika, nunggil laras kalih gongsa jawi, nanging dereng kawentarakken yen sampun kasemuwakaken kados langkung prauyogi dhateng pamirengan awit saking swaranipun harmonika wau gadhah swara werni 3 ingkang 1 kados suling,2, kados rebab , 3 kados swara tiyang sesendhon sak wernenipun abdi dalem ingkang saged -saged punika, boten serana mawi kaperdi ing pamulangan, iba-iba mawiya dipun perdi kados dene kersanipun para ageng ing sakpunika kula dugi saya mindhak kelangkung anipun abdi dalem kengsami saged saged wau, sabab sampun limrah kimawon ageng sagnet pamerdenipun dhateng ing ngagesang sedaya, inggih kathah kasagedanipun senadyan sanesipun manungsa,, yen dipun predi ngantos tetaunan dangu-dangu inggih sagged dados yen mekaten abdi dalem Ngayogya punika kenging kula namani aneh, sabab sagedipun sabarang kawruh boten serana kapredi ing piwulangan daods punika kadondha yen ratukula kinasiyan dhateng keng maha kuwasa,

kaparingan wadyabala landhep graitanipun anglangkungi ing tiyang sanesipun negari, utawi cukupipun ingkang katedha sarta kaangge ing sak pangkatipun ing titiyangan inggih gumunaken, sabab pamedalipun rejeki saking pasiten boten

patos kapulasara namung satitahipun kimawon inggih sami boten kirang sandhang tedha nипун punika inggih kalebet aneh, pandugi kula awit saking kemirahan dalem ingkang sinuwun wau, pamedaliun pasiten bawah Ngayogyakarta sangsaya kathah indhak saha pengaosipun pinten-pinten leksaraja brana peni-peniguru bakal guru dapi ingkang wonten negari dalem Ngayogyakarta saking negari sanesipun namung dipun urupi thethukulan suket godhong kajeng telutuh utawi sela watu kimawon punika wondha sih kemiraha-nipun gusti keng maha agung, dhateng ratu kula wau, wondene penggotanipun para abdi dalem boten wonten malih namung sowan tenggak saos sarta nedha kalih tileman yen teksih kapara nem namung kapredi jejogedan saben dinten wonten ing kedhaton sareng sampun diwasa inggih lajeng gadhah kesagedan piyambak=piyambak wonten dhateng pandamelan kasar wonten dhateng bognsa sarembagan neng alus kados ta saged garap parakawis pulisi rol, utawi landrat saged dados kanthinipun para tuwan tuwan kumisi, sami boten wonten kalintu yen ngetrapaken prangpunganipun utawi dados pulisi dhusun werni-werni pandamelan ingkang sampun kawajiban inggih tamtu lajeng saged sedaya, yen katimbang sangking ngumuripun kados dereng gadhah kasagedanmekaten wau, dados tetela sanget ratu kula kekasihipun ingkang maha agung, amergi sareng jumeneng nata dumugi sapriki, anindakaken punapa pangsaq asmadalem, 8 bab wau, anetepi sak ungelipun ing serat piwulang asthabrata, nalika Prabu Rama, mulang dhateng Prabu Wibisiana 2, Prabu Sugriwa, wonten negari Ngalengkadiraja, kula badhe sumerep prenatan punapa ingkang ngungkuli prenatanipun para dewa wewalu ing Ngasthabrata wau, yen sapulojawi kados namung Ngayogyakarta ingkagn kathah emperipun ewasemanten bilih boten pitados dhateg kabar punika, sae kapriksaha piyambak keng terang, pundi ingkang klintu kawaonana.

Raden Tumenggung Jaganegara wayah dalem ingkang Sinuwun Kanjeng Sultan Kaping 2

---

Punika lajengipun cariyos bab pamulangan ing tanah Indiya Nederlan.

Nalika panjenenganipun Kanjeng Tuwan Besar Guprenur Jendral Andhernagelen ing Cianjur sampaun wonten pamulangan ananging kawontenanipun pamulangan wau boten kaopen, ingkang nyepeng panguwasaning pamulangan wau Residhen Priyangan dene ingkang amesthi mriksani ing saben dintenipun kumisi Welandi satung-gil.

Guru ingkang kaparingan blonjo dening parentah langkung saking satunggal sami amulang maos nyerat cara mlajeng tuwin Sundha, sarta wawatoning etang dhateng lare 20 utawi 30 sami anakipun priyantun.

Nalika panjenenganpun Komisaris Jendral Dhubus dheli Sinyi ingkang karsa angingirangi kawedalaning arta, pamulangan wau lajeng dipun undur, wonten ugi ingkang anyriyosaken yen bibaripun pamulangan punika awit nalika perang Dipanagaran. Serat Papacaking parentah ing tahun 1827: kasebut ing bab kaping 100 kados ing ngandhap punika.

Parentah badhe anyekapi ingkang dados kikiranganipun sarta amrih lulusipun pamulangan Jawi.

Ananging pamulangan wau ing Pulau Sumatra, Borneyo, Selebes tuwin kathah pulau alit-alit ing tanah Indiya Nederlan boten saged lulus awit ing ngriku taksih dereng wonten pamulangan ing tanah Jawi wonten ugi naming kalih utawi tiga, saking kintenipun andamel ing pranatan wau badhe katrapaken dhateng tiyang Srani ing pulo-pulo Molukos.

Ingkang sampaun katemtokaken ing pranatan tahun 1830 bab kaping 97 kados ing ngandhap punika.

Saangsalsal parentah badhe angadegaken pamulangan ing panggenan ingkang pantes ing tanah Indiya Nederlan ingkang kengingkaangge tiyangipun Indiya Nederlan ugi. Saderengipun arta pamulangan anyekapi kangge bayar guru blanjanipun guru badhe kaparingan dening parentah.

Pandamelipun pranatan bab kaping 100 wau, ugi aningali serat papakeming parentah tahun 1818. Ing serat papakem wau anyebutaken lare-lare jawi kenging nunggil sapamulangan kaliyan lare-lare Welandi, seseutan makaten wau, sapawingkingipun

sami boten kaprayogekaken, papaekeming parentah tahun 1836 kirang terang anggenipun amratelakaken tinimbang kaliyan papakem ing tahun 1818 ananging pikajenganipun sami ugi kemawon.

Menawi awit saking karsanipun parentah amrih mjengipun pamulangan jawi punika, dados para tuwan tuwan ingkang sami kaklempakan angudi kaindhakanipun agami Srani ing Betawi, sami apirembag kala ing tanggal kaping 16 srtा 30 Oktober tahun 1830 sami nglempakaken para tuwan-tuwan Kumisi kapurih angadegaken pamulangan kangge tiyang jawi, kumisi wau kaje-nengan tuwan Y.T.C.Gereke, amrih andumugenana pikajenganipun ing ngajeng.

Kumisi punika kaklempakaken malih ing wulan Nopember nunggil tahun ing nginggil, ingkng ddos pangajengipun tuwan Y.M.Fanbesekem ingkang makili dados Sekretarisipun kaklempakan wau twuan pandhita G.Lenteng, amrih prayogining kadadosanipun prakawin kang karembag wau, sareng sampun sami piremagan lajeng anamtokaken amrih prayoginipun pindhah amewahi ing kumisi punika tuwan Medhures.

Sasampunipun kumisi wau maos serat pranatan pamulangan ingkang kadamel dening tuwan Mister Beiske susulihipun pangajenging kumisi, lajeng kaklempakaken Pergandring, anamtokaken kados ing ngandhap punika:

1. Menawi sampun tetela yen pandamelan wau dados prayogi, badhe adamel pranatan malih kang dadosaken indhaking kasae-nan.
2. Serat-serat ingkang badhe kangge ing pamulangan kumisi ingkang badhe adamel katemtokaken wulang ingkang badhe kawu-langaken naming maos nyerat sarta etang, aliya saking punika boten wonten malih.
3. Wuwulang ingkang kangge dhateng titiyang Srani bdhe kawedalaken saking serat punika, dene ingkang kalestantunaken sadaya cacriyosan ingkang leres kemawon kang nyondhonging pamanggihipun ing kathah.

Aliya saking punika tuwan Gereke kapurih damel tuwan malih, pandamelanipun kedah kaliyan pitulunganipun para priyantun jawi. Punika taksih wonten lajengipun.

Kudus 24 Juni 1865.

Angka 27, 6 Juli 1865

### Kulawisudhan sapanunggilanipun

Kanjeng Pangeran Ariya Adinegara, Litnan Kolonel saking prajurit Infanteri, Kumendhaning Prajurit ing Bangkalan Madura, ing mangke kaundur saking kalenggahanipun kalayyan kurmat, mawi kaparingan pangkating Kolonel Tituler, tuwin pensiyun wah kalilan angagem panganggening Kolonel.

Kanjeng Pangeran Ariya Suryatamaja, Kapitan Ajudanipu kanjeng Tuwan ingkang wicaksana Guprenur jendral ing mnagke kainggahaken ing kalenggahanipun dados Litnan Kolonel Ajudan.

=====

### Pawartos warni-warni

Ing Tanah Borneyo ingkang sisih kilen kagunganipun Kanjeng Maharaja Walandi baita kapal asep anama: Apeldhoren saking anggenipun mider-mider angupados si Bajag angsal abita titiga, dipun bektal lajeng kaladosaken dhateng paparentahan ing Pontianak, baita wau ingkang satunggil boten wonten seratinipun baita, dene ingkang kakalih ambekta serat pas ananging palesan saking Sarawak tanah Borneyo.

Saking boten tatanipun isen-isening baita, sarta saking kathah ing titiyangipun baita ingkang boten kirang utawi langkung saking 120 utawi sakingkahahing dadamel ing baita tuwin sanes-sanesipun, tiyang meh boten gadhah sumelang, manawi baita titiga punika sami baitanipun bajag.

Wondening panginten punika sangsaya kekah awit saking kaown-tenanipun, manawi titiyangipun baita wau ing sawatawis ingkang kalebet pangageng, punika ing sawatawis tahun laminipun inggih sampoun nate kabekta dhateng ing Sambas, amargi boten sami ambekta serating baita, sarta kakinten ambegal wonten ing saganten.

Paparentahan ing Pontianak angandhag rumiyin dhateng baita titiga wau, dene titiyangipun baita sami kapriksanan sadaya.

Ingkan gpunika manawi angsal saking papriksanipun wonten pratandhaning kang anyekapi bab kalepatanipun, baita titiga wau badhe lajeng kakintunaken dhateng ing Batawi, supados titiyangipun baita wau sageda kapariksanan wonten ing ngriku dening pangadilan ingkang naguwasaning ngatasing prakawis punika wau.

=====

Kala tanggal kaping 4 wulan Mei ingkang sampun kapengker kajeng ratu ing Trenate tnah Selebes tuwin panggengipun tanah ing ngriku sami tuwi lampah pasamuwan dhateng dalemipun kanjeng Tuwan Guprenur ing Selebes, badhe angaaturaken pratandaning pamundhinipun hdateng kanjeng tuwan guprenur ingkang saweg dados enggal, sarta bdhe angaturi wilujeng ing sarawuhipun wonten ing Makasar, punapa dene lestantuna wilujeng anggenipun angasta paparentahan ing Selebes sabawahipun sadaya.

=====

Saking pawartosipun manawi ing Bima awit sampun kalampahan wonten tiyang ngamuk ngantos angsal pejah tiyang Bima tiga, ing mangke sampun pikantuk lilahipun Kanjeng Sultan ing Bima, angawisi titiyang angangge dadamel lumampah wonten ing radinan.

=====

Ing Kabupaten Kuthaarja Paresidhenan Bagelen wonten lalampahan ingkang damel susah ing manah kados ing ngandhap punika cariyosipun:

Kala ing dinten Sabtu tanggal kaping 27 wulan Mei ingkang sampun kapengker, wanci sonten pukul nem wonten tiyang jawi sawidak gangsal sami anggotong balok ingkang badhe kangege karetek ing lepen Butuh, balok punika naggenipun sami menhet wonten ing redi Kembang.

Sarng dumugi ing lepen Kabutuhan kaprenah salering dhusun lepen Gintung, titiyang wau sami badhe nglangi anyabrang, supados sagesta anyipeng wonten ing dhusun lepen Gintung wau, amargi sampun wiwit peteng.

Tiyang kalih saking dhusun Majir tuwin ing dhusun Galagah ingkang sami angiringaken ing pambektanipun balok wau, sami amenging nglangi anyabrang dhateng tiyang ingkang ambekta balok, amargi lepenipun lebet wah snter apit saking banjir, ananging tiyang tigangdasaa songa sami nekad anyegur lajeng nglangi dhateng sabrang, kadadosanipun tiyang gangsal ingkang pejah kababalag, sarta kakalih ingkang keli kabekta ing toya, ananging kapanggih taksih gesang amung babak banyak kemawon boten sanget, ingkang ical boten kantenan tiyang kakalih, dene ingkang tigang dasa sami wilujeng.

=====

Punika serat ingkang kakintunaken dhateng tuwan ingkng nga-

rang serat Jurumartani, kapurih amacak wonten ing serat jurumartani wau, menggah ungelipun kados ing ngandhap punika: Seratipun Raden Tumenggung Jaganagara ing Ngayogyakarta, ingkang kapacak ing serat Jurumartani, katitimangsan kaping 29 wulan Juni ingkang sampun kapengker angka 26 punika saestu andadosaken gumuning ngakathah.

Raden Tumenggung Jaganagara pikajenganipun, badhe angalembana dhateng ing Sinuhun Kanjeng Sultan ing Ngayogyaiartya, atelad Raden Tumenggung Jayengminarsa ing Ngayogyakarta, utawi Tuwan Kondhektur, ananging kalintu anggenipun anindakaken ing kawajibanipun, raden Tumenggung Jaganagara punika malah adamel pangerang-erang dhateng ingkang Sinuhun Kanjeng Sultan, sarta badhe anyukakaken ing pamundhinipun para abdi ing Ngayogyakarta sadaya dhateng Ingkang Sinuhun Kanjeng Sultan wau, manawi para abdi wau kirang ngasumerepipun dhateng kautaminingipun ingkang Sinuhun Kanjeng Sultan.

Ing sratipun Raden Tumenggung Jaganagara anyebutaken bab para abdinipun Kanjeng Sultan makaten: ingkang saged dhateng alus boten kalilan garapan damelan agal ingkang saged agal boten kalilan garap alus menggah para abdi ingkang saged anggarap padamelan alus wau, boten kalilan anggarap padamelan agal, punika andadosaken pangaleming ngakathah, ananging manawi para abdi ingkang anggarap padamelan agal boten kalilan anggarap padamelan alus, punika badhe andadosaken boten wonten kaindhakakaning kasagedanipun para abdi ing nGayogya-karta, kula sampun boten sumelang bilih ingkang sinuhun Kanjeng Sultan sakalangkung ing kawicaksananipun sarta sakalangkung sanget ing pamurihipun dhateng kaindhakakaning padamelan ingkang medal saking Taberen amesthi boten karsa anindakakenkados ingkang kasebut ing seratipun Raden Tumenggung Jganagara, mila boten pantes, manawi Raden Tumenggung Jaganagara wau badhe kekah amastani, bilih ing tanah jawi boten wonten nagari ingkang nyameni ing Ngayogyakarta, punapa dene manawi pamarsudinipun para abdi ing Ngayogyakarta dhateng kasagedan kapambengan kados ingkang kasebut ing seratipun Raden Tumenggung Jaganagara, amesthi badhe boten wonten nagari satunggil-tunggil, ingkang gadhah kameren dhateng kawontenaning lampah-lampahipun nagari ing Ngayogyakarta.

Raden Tumenggung Jaganagara mratelakaken wonten ing seratipun makaten:wonten abdi dalem punakawan ing kedhaton kirang langkung tiyang 15 iji sami saged niru punapa trekahipun Welandi kumedhi kapalan utawi tampar sak penunggianipun kumidhe bab 2 wonten ingkang saged dandosi piyano utawi kabuh katunggilan gongsa jawi, yen katabuah gendhing walandi inggih

teksih kenging, sapunika wonten saged nabuh Harmonika, nunggil laras kalih gongsa jawi Punika pikajenganipun ingkang nyerat amain utawi angungelaken Harmonika sarta piyano, sak wernenipun abdidalem ingkang saged punika, boten serana mawi kaperdi ing pamulangan menggah punika dene ingkang sinuhun Kanjeng Sultan utawi karetanipun ingkang kaleres pikantuk pangalem saestunipun ingkang pikantuk pangalem wau, punika amung para abdi piyambak ingkang sami saged wau, punapa Raden Tumenggung Jaganagara anginten, manawi sanesipun nagari ing Ngayogyakarta boten wonten titiyang ingkang sami gadhah kasagedan saking anggenipun sinau piyambak, ingkang punika kula angaturi serep dhateng Raden Tumenggung Jaganagara, manawi ing Surakarta wonten pangeran anama Kanjeng Pangeran Ariya Adiwijaya, punika saged anggambar tuwin adamel gambar mawi kapulas, sagedipun kanjeng Pangeran Ariya Adiwijaya wau, boten mawi kawulang dening guru gambar, dados saking ginaiu piyambak.

Kanjeng Pangeran Ariya Adiwijaya ing tahun punika badhe akintun yasanipun gambar mawi pulas cet dhateng badhe pagelaring barang-barang ingkng medal saking Taberen ing Batawi, punika gambaripun Tuwan ingkang wicaksana Guprenur Jendral Baronslut Pandhebena, sanadyan damelipun gambar Kanjeng Pangeran Ariya Adiwijaya boten anyameni saenipun kados damelipun Raden Saleh ing Batawi, ewadenten andadosaken pangeraming tiyang kathah, amargi kanjeng Pangeran Ariya diwijaya wau saged agambaar ingkang sampun kalebet sae awit saking ginaiu piyambak, punapa dene taksih wonten ingkang warni barang-barang sanesipun malih saking Surakarta ingkang badhe kagelaraken wonten ing Pagelaring barang-barang ingkang medal saking Taberen ing Batawi, ingkang pantes katingalan ing ngakathah, amargi barang wau dadamelanipun para tiyang jawi ing Surakarta, ingkang sami saged angadani barang-barang dinipun dhateng padamelan: Nganggur punika dados punika awit saking ginaiu piyambak, dene saening padamelanipun barang-barang wau, punika meh anyameni dadamelan ing tanah Eropah. Kula boten gadhah sumelang ing sakedhik-kedhik, manawi ingkang Sinuhun Kanjeng Sultan ing Ngayogyakarta karsanipun sami kaliyan ingkang sinuhun Kanjeng Susuhunan ing Surakarta, utawi sami kaliyan karsanipun kanjeng gusti pangeran adipati Ariya mangkunagara ing Surkarta, tuwin Kanjeng Pangeran Adipati Suryasasraningrat ing Ngayogyakarta, sadaya sami murih anthanganaken tuwin amumurun dhateng para abdinipun piyambak, igkang sami remen ginaiu, angindhakaken ing kasagedanipun, supados sagedipun anggarap padamelan anyamenana

padamelanipun bongsa Eropah.

Raden Tumenggung Jaganagara ing wekasanipun amratelakaken ing seratipun makaten: Wondene penggotanipun para abdi dalem ing Ngayogyakarta mboten wonten malih namung sowan tenggak saos sarta nedha kalih tileman Manawi makaten punika boten aned-hahaken dhateng kaindhakakning nagari, manawi titiyang langkung mindhak ing kasagedanipun, inggih andadosaken langkung pamardinipun dhateng padamelan.

Wonten paribasan Walandi makaten: Nganggur punika dados kajeng sirah ing setan, punika kajenganipun, tiyang nganggur punika kados atilem wonten kajeng sirah ing setan ingkang ngojo-ojoki dhateng tiyang, anelada ing padamelanipun, tegesipun: manawi tiyang tansah anganggur keawon, kadadosanipun badhe kadhatengan kaengetan awon kedah nandukaken padamelan awon, kadosta: tiyang ngulondaru, punika tansah nganggur kemawon, dados salaminipun tetep tiyang awon, mila kalampahan kaukum dening Kanjeng Gupremen katrapaken ing padamelan paksa wonten ing sajawining tanah jawi, laminipun sawatawis tahun. Tiyang kesed punika analekaken manawi seserepannipun dhateng kasagedan taksih kathah kirangipun, ingkang punika kula sampun boten sumelang, manawi ingkang sinuhun Kanjeng Sultan badhe boten amarengi dhateng lampah awon kados ingkang kasebut ing nggil punika wau. Kula piyambak sampun amireng saking titiyang ing Ngayogyakarta bab pangalemipun akathah kathah dhateng ingkang sinuhun sultan sarta kula inggih sampun cekap saha terang aningali piyambak, kala kula wonten ing Ngayogyakarta ing sawatawis dinten laminipun, kula sampun boten mawi sumelang ing manah sakedhik-kedhik sabab prayoginining patrapipun ingkang sinuhun Kanjeng Sultan ing Ngayogyakarta anggenipun karsa angaymi sabarang padamelan sae sarta kasagedan amurih indhakipun karaharjaning nagari dalem. Wondening panginten kula, Raden Tumenggung Jaganagara anggenipun anyerat makaten punika, mawi gadhah pikajengan sanes, amung murih ing sasaged-saged badhe anyaosi bebakti dhateng ratunipun, sarta badhe amratelakaken, manawi para abdi ing Ngayogyakarta sami rumaos begja kawengku dhateng ingkang Sinuhun Kanjeng Sultan, punapa dene manawi para andi wau sami anginten boten wonten nagari ingkang langkung sae amung nagari ing Ngayogyakarta.

Ingkang punika Raden tumenggung Jaganagara mugi aningalana serat punika, dados sapangemute-emut, ing salajengipun anyaekna pitembunganipun bab ing pangalem, supados titiyang sampun ngantos kalintu ing panamapinipun.

Katandhan Mas Wangsengdarmita, ingkang sakalangkung ing pamundhinipun dhateng ingkang Sinuhun Kanjeng Sultan Ing Ngayogyakarta.

---

Tuwan R Seigel ing Surakarta asuka uninga dhateng para tiyang, manawi wiwit tanggal 2 wulan Juli ing tahun punika, saukawis ingkang kadadosaken wonten ing panggenanipun anyambutdamel tuwan Seigel wau, bilih sampun rampung anggenipun andadosi, punika epahanipun kedah kabayar kenceng, manawi boten makaten barang ingkang sampun kadadosan wau boten kaulungaken.

---

Ing Kathithang celak ing Bayalali Paresidhenan Surakarta, angupados enggal-enggaal tiyang jawi ingkang saged angukur siti. Menggah kathah ing balanjanipun punika badhe katimbang saking kasagedanipun manawi wonten ingkang purun anglampahi padamelan punika, mugi akintuna serat dhateng Administraturipun ingKathithang wau.

---

Angka 28, 13 Juli 1865  
Kulawisudhan sapanunggilanipun

Kanjeng Tuwan P.Panhuk Asisten Residhen ing Ngawi paresidhe-nan Madiyun, ing mangke kparingan pamit kalih tahun dhateng nagari Walandi, amargi saking sakit.

Tuwan C.F. Dheiberet tuwin W.Steinmet kalih pisan mentas kakula wisudha dados kontelir Dherdheklas, ing mangke sami kaprenahaken wontene Paresidhenan Priyangan kareh ing Kanjeng Tuwan Residhen ing ngriku.

Tuwan H.G.Y.G.Prisman ingkang mentas kula wisudha dados kontelir dherdheklas ing mangke kaprenahaken wonten pare-sidhenan Pasuruwan kareh ing kangjeng Tuwan Residhen ing ngriku.

Tuwan F.L. Witenrud ingkang mentas kakula wisudha dados kontelir Dhredheklas ing mangke kaprenahaken ing Paresidhenan Surabaya, kareh ing Kanjeng \Tuwan Residhen ing ngriku.

Tuwan Y.W.M.Pandherpalem ingkang mentas kakula wisudha dados kontelir dherdheklas ing mangke kaprenahaken wonten pare-sidhenan Basuki, kareh ing Kanjeng Tuwan Residhen ing ngriku.

Tuwan G.L.Sekules kontelir Dherdheklas ing mangke kaelih saking residhen Rembang dhateng Paresidhenan Samarang, kareh ing kanjeng tuwan Residhen ing ngriku.

Tuwan G.Pandhephol Kontelir Irsteklas ingkang dereng lami wangslu saking pamit dhateng ing nagari Walandi, ing mangke kaprenahaken dados kontelir malih wonten Paresidhenan Kedhu, kareh ingkang tuwan residhen ing ngriku.

=====

Gugon tuhonipun tiyang jawi  
pigunan badhe dados sugih.

Ing Paaresidhenan Purbalingga wonten tiyang jawikakalih, ingkang satunggil anama Singos, satunggilipun Singol, ing-kang kaprenah anakipun Singos, tiyang kakalih punika kala

tanggal kaping 15 wulan Maret ingkang sampun kapengker sami kaladosaken dhateng landrat ing Purbalingga, prakawis kadakwa angapusi titiyang sawatawis ingkang sami gugontuhon saking dening kapurih apitaddosmanawi ing wanaipun dhusun ing Kalapacung wonten badan alus anama Tingas, punika agriya wonten wana ing ngriku, asring ngatingal dhateng titiyang awarni andhapan, sarta gadhah kuwasa saged adamel sugih dhateng tiyang ingkang gadhah begja, saged arabi angsal anakipun estri Tingas salah satunggil, menggah anakipun estri tingas kathah. pun Singos kaliyan Singol punika dados juru kunci utawi dutanipun Tngas, tiyang kakalih wau saged anedhahaken margi sagedipun kapanggih kaliyan Tingas, manawi wonten tiyang ingkanggadhah pikajengan badhe kapanggih kaliyan Tingas wau, mawi anyukani arta sakedhik dhateng Singos tuwin

Singol kalampahan pun Singos tuwin Singol sami pikantuk arta saking titiyang kathahipun 78 rupiyah langkung 57 sen awit saking anggenipun amumurun dhateng pitadosipun tiyang dhusun ngantos kathah.

Saking pawartosipun saksi satunggil manawi wonten tiyang ingkang badhe kapanggih kaliyan Tingas, punika kedah kalantaraiken dening Singos utawi Singol ing salah satunggil sarta lajeng kabekta dhateng sangandhaping uwit bulu ageng wonten ing wana Kalapasung, ing ngriku Tingas badhe angatingal, dene tiyang ingkang badhe kapanggih wau tumunten amratelakna ing panedhanipun bab anggenipun badhe angrabeni anakipun Tingas wau, manawi Tingas sampun amaengi ngkang dados panedhanipun punika, sarta sampun kalampahan ing paningkahipun, anakipun Tingas ingkang sampun dados bojonipun tiyang wau, saben Jumungah tuwin Salasa Kliwon andhatengi ing griyanipun ingkang jaler, sarta anyukani arta dhateng ingkang jaler, mendhak dhateng anyukani tikel sanga sasaking arta anggenipun anyukani ingkang jaler wau dhateng Singos utawi Singol ing salah satunggilipun kados ta manawi ingkang jaler anyukani sarupiyah dhateng Singos utawi Singol, saben ingkang estri dhateng atampi sadasa rupiyah.

Sareng kapriksa prakaipun, Singos tuwin Singol sampun kathah ing pangakenipun dhateng ignkang dados pandakwa, aturipun Singos dhateng pangadilan, manawi piyambakipun ing

satunggiling dalu anympena, wonten reereka kalih, satunggil  
jaler anama Tingas, satunggilippun estri anama Karung, punika  
sami dhateng ing griyanipun sarta asanjang dhateng Singos,  
sinten-sintena ingkang badhe sugih punika kapurih dhateng ing  
wana Kalapasung, sarta andekek arta wonten sangandhaping uwit  
bulu ingkang wonten ing wana Kalapasung, ing tembe ingkang  
andekek arta badhe pikantuk arta tikel sadasa ssaking arta  
pandekekipun wau.

Saking watawis ipun manawi Singos sampun acariyos dhateng  
tiyang jawi anama Dhedha, bab ing sumenanipun wau, amargi  
awit saking aturanipun Singos tuwin Singol, pun Dhedha boten  
ngantos lami dhateng ing griyanipun Singos tuwin Singol,  
sarta gadhah panedha dhateng Singos tuwin Singol kapurih  
anedhahaken uwit Bulu ingkang wonten ing wana Kalapacung,  
Singos anuruti ingkang dados panedhanipun Dhedha, sareng  
dumugi ing panggenanipun uwit Bulu wau , pun Dhedha tumunten  
andekek arta wonten sangandhaping uwit, kathahipun 2 rupiyah  
tebagi lngkung 80 dhuwit, sarta anyukani 20 dhuwit dhateng  
Singos, sumerepa tuwasing sayah anggenipun anenahaken uwit  
Bulu wau , sareng makaten Singos lajeng wicanten piyambak  
makaten: Mastingas tiyang punika dhateng ing ngriki, anedha  
kasulihan dhateng sampeyan.

Sasampunipun Singos wicanten makaten lajeng kesah saking  
panggenanipun uwit Bulu, tiyang ingkang ngupados kasugihan  
wau kantun piyambak wonten ing ngriki, sareng ingkang ngupa-  
dos kasugihan wau sampun kesah saking panggenan uwit Bulu  
wau, Singos lajeng wangslul malih dhateng ing ngriki, sarta  
lajeng amendhet arta 2 rupiyah tembagi langkung 80 dhuwit,  
ingkang taksih glumethek wonten sangandhaping uwit Bulu,  
amargi saking kuwatos manawi kapendhet ing tiyang sanes, dene  
pikajenganipun, artawau amung badhe karawatan kemawon.

Menggah aturipun hedha ragi wonten sulayanipun sakedhik,  
watawis sampun wonten wolungwulan laminipun dados kala wulan  
|Mei utawi Juni ing tahun 1864, pun Dhedha mireng saking  
raraosanipun titiyang, manawi wonten badan alus anama Tingas,  
gadhah kuwasa saged adamel sugih dhateng tiyang, sarta pun  
Singol dados jurukuncinipun Tingas wau.  
Manawi wonten tiyang ingkang badhe kapanggih kaliyan Tingas,

punika kedah gadhah panedha dhateng Singol supados saged dipun kapanggih, pun Dhedha inggih lajeng amanggihi Singol, wangsulanipun Singol sagah badhe amitulungi ing sagedipun kapanggih kaliyan Tingas, ananging ingkang badhe kapanggih kaliyan Tingas wau abekta atetedhan sawatawis awarni cangkuweh, pisang mas tuwin gendhis batu, punapadene rokok wedhak sekar, dupa, tuwin sanes-sanesipun, weah malih ambektaha arta, sadaya punika kadekekaken wonten ing sangandhaping uwit Bulu ingkang badhe katedhahaken.

Pun Dhedha lajeng mranekaken barang-barang punika wau, sarta ambekta arta 2 rupiyah langkung 50 sen lajeng kaateraken ening Singol dhateng ing gubugipun Singos ingkang boten tebih saking uwit Bulu punika wau.

Singos kapanggih wonten ing gubugipun sarta lajeng sumerepo sking Singol bab preluning dhatengipun Dhedha wonten ing gubugipun Singos amriksani bebektanipun Dhedha sedaya, pangraosipun sampun cekap, nunten pun Singos anggodok wedang, sareng panggodokipun wedang sampun sepuh, Singos wau lajeng apparentah dhateng anakipun kapurih ambekta panedha dhateng panggenanipun uwit Bulu, pun Dhedha inggihlajeng kaater dhateng panggenanipun uwit Bulu wau, dene tetedhan sekar sapanunggilanipun wau, wah malih arta lajeng kadekekaken wonten sagnandhaping uwit bulu, punSingol kaliyan Dhedha sami lengkah wonten sangandhaping ungit p[unika, wiwit pukul sanga dalu ngantos enjing, ing waktu punika boten wonten ingkang katingal punapa-punapa, Tingas inggih boten ngatingal, sareng makaten pun Dhedha lajeng amanggihi malih dhateng Singos, sareng Singos midhanget manawi pun Dhedha boten angsal damelbab anggenipun badhe kapanggih kaliyan Tingas, Singos lajeng pratela, manawi anggenipun boten ngatingal wau, amargi pun Dhedha taksih repot dereng anyukani arta 20 dhuwit dhateng Singos.

Pun Dhedha ing sanalika lajeng anyukani arta 20 dhuwit dhateng Singos, sareng sampun anyukani arta punika, pun Dhedha wanci pukul sanga dalu lajeng kesah malih kalayan kekahing pangajeng-ajeng dhateng panggenanipun uwit Bulu, tansah kaateraken dhateng Singol, sasampunipun lengkah wonten sangandhaping uwit Bulu wau ngantos pukul sawelas dalu, pun Singol llajeng wicanten dhateng Dhedha makaten: kisanak, sarehning andika ing sapunika boten aningali utawi mireng punapa punapa, ewadente kula amratela ing dika, manawibadhe pikantuk ingkang dados pikajengan dika, kisanak badhe angsal bojo anakipun Tingas anama Mas Sajengrainten, punika saben Jumungah kliwon badhe dhateng ing griya dika, atuwi ing dika,

sarta saben dhateng badhe ambekta amal ingkang tikel sadasa saking kang dika dekekaken wonten sangandhaping uwit Bulu. Dhedha lajeng mantuk, ananging mas Sajengraiten dhateng, sareng makaten Dhedha lajeng dhateng ing griyanipun Singos,

sarta apitaken dhateng Singos, punapa ingkang dados sababipun Mas Sajengraiten wau boten dhateng, wangslanipun Singos punika sakingten anggenipun boten dhateng, amargi dika kirang pitadosipun dhateng kaowntenanipun Tingas, mila dika kedah ambukani prakawis punika, sartaambekta atetedhan arta sapanunggilanipun malih dhateng sangandhaping uwit bulu.

Dhedha anglampahi punapa ingkang dados rembagipun Singos punika, lajeng kesah dhateng panggenanipun uwit Bulu, kaater dening Singos piyambak, sareng sampun sami angentosi wonten sangandhaping uwit Bulu, wiwit pukul wolu soneten ngantos dumugi pukul sadasa dalu, pun singos l;ajeng wicanten makaten Gusti pun Dhedha punika angajeng-ajeng tumuntenipun saged kalampahan pikajenganipun bahe sugih, sareng Singos sampun wicanten makaten lajeng apratela dhateng Dhedha ingkang sarta kapurih mantuk manawi pikajenganipun ing magnke badhe kadumugen, sarta pun Dhedha boten amung angsal bojo mas Sajengraiten kemawon inggih ugi badhe angsal bojo malih anakipun tingas ingkang anama Mas Sajengrantan, pun Dhedha lajeng kapurih amarantos ing badhe panampining bojonipun kakalih wau mendhak dinten Salasa tuwin Jumungah, kasadiyanana tetedhan ingkang amesthi kasantunan anggen malih ing dalem kalih dasa dinten sapisan, punapa dene bojonipun wau kasadiyananana wedang teh samangkok ing saben siyang, sarta ambesmiya dupa, Dhedha anglampahi punapa ingkang dados rembag, aananging sareng boten kadadosanipun, pun Dhedha lajeng boten purun wangsl malih dhateng griyanipun Singos tuwin Singol.

Aturanipun saksi sanesipun, manawi saksi punika sasampunipun sapisan angentosi dhatengipun Tingos wonten sangandhaping uwit Bulu ngkang boten wonten kadadosanipun, lajeng wangsl malih dhateng panggenaning uwit Bulu, kaateraken dening Singol inggih awit saking parentahipun Singos, sareng sampun dangu anggenipun sami angentosi dhatengipun Tingos wonten sangandhaping uwit Bulu wau, pun Singol boten saronta, amingser saking panggenanipun lenggah, sarta tingalipun kados

wicantenan kaliyan tiyang ingkang celak kaliyan uwit Bulu, dene saksi wau amireng pun Singol wicanten: Gusti, punika panatus ing dhusun Karangmalang anama Kerta, nyuwun arta tuwin pantun kathah, saksi aningali malih pun Singol kados awicantenan kaliyan tiyang, sakedjap sakedhap amangsuli : inggih, inggih.

Sareng makaten saksi wau mireng saking Singol manawi Singol atampi parentah saking Tingas, kapurih anedha arta sawidak rupiyah saking saksi punika, lajeng amangsuli makaten, O kula boten ambekta arta samanten kathahipun, dados kula boten saged anyukani ing sampeyan, punika kula ngaturi amung kalih dasa uang, sumangga sampeyan tampeni, pun Singol lajeng anampeni arta punika, tumunten kesah saking panggenanipun uwit Bulu, boten dangu wangsul malih sarta wicanten: manawi Tingas boten purun atampi arta pecah, mila saksi wau kapurih anyukani arta sanesipun saksi inggih tumunten anyukani ananging mas Saaaaaaaaajengbanggo ingkang kapacang dados bojonipun boten dhateng.

Kathah titiyang ingkang sampun kenging pangapusipun Singol tuwin Singos, ingkang sami kenging paukuman kawrat ing ing

serat karampungan katitimangsan kaping 15 wulan Maret 1865 prakawis angapus-apusi, katrapaken ing padamelan paksa boten mawi kareante, wonten panggenan ing tanah jawi ingkang badhe katamtokaken dening kanejgn tuwan ingkang wicaksana Guprenur jendral laminipun kalih tahun.

---

Panyuwun kula mugi kapacakka ing Serat Jurumartani  
Kula sampun maos serat Jurumartani angka 24 menggah saking pawartosipun Tuwan Kodhestu, asli ing Surakarta, ingkang saged nimbang tuwin mastani, kalepasaning panggalih saha kautamen ingkang amurih tata trem gemah arjanipun tiyang alit, panjenenganipun Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Ariya Mangkuengara kaping 4 utawi kasebut kathah-kathah rarenggan wau, saestu yektos boten wonten slaya.

Tuwan Kodhestu wau sampun dipun westani angunggung supados murih angsla kang asih, utawi kaalema, kula raos pikajengnipun Tuwan KOdhestu wau, namung murih kasaenan adamel tepe

tuladhaning priyagung sedaya ingkang sampun kaparingan mirah  
ingkang maha suci.

Pramila kula saged mestani yen pawartosipun Tuwan Kodhestu,  
yektos amargi kula sumerep piyambak awit ing nalika tahun  
1860 dumugi 1863 mentas semah kula seda, bendara raden ayu,  
putranipun bendara raden ayu Ariya Citrakusuma, wayahipun  
swargi kanjeng Gusti Pangeran Adipatii Ariya Mangkunegara  
kapisan, ingkang ing mangke maksih sugeng, wonten ing dalem  
Mangkunegaran, kula marengi wonten Adisuryan nunggil ipe kula  
swargi Raden Mas Ngabei Citrawijaya, utawi dados abdi dalem  
priyantun pulisi nagari.

Kula sumerep sedaya, cocok kados dening pawartosipun tuwan  
KODhestu wau, malah marasepuh kula wau kados papundhening  
priyagung sadaya, minongka jajimatan ing kanjeng gusti margi  
putra Mangkunegaran Kapisan kantun satunggal punika ingkang  
maksih sugeng, tur maksih manggih kang sihipun Kanjeng Gupre-  
men pensiyun kawewahan dhaharipun ing panjenenganipunkanjeng  
gusti pangeran Adipati Ariya Mangkuenaagaraaa, jrihyahipun  
saben injing paparing waris dhateng wayahbuyut kakung putri  
ingkang maksih timur ing dalem Mangkunegaran, boten ngowel  
dhateng amal tuwin arta, pramila anumusing mupangatipun  
dhumateng ingkang mengku, yoswanipun antawis kirang langkung  
90 tahun tuwan Kodhestu kasinggiyan snget anggenipun anyriy-  
osaken menggah kautamen, supados para putra sawayahipun  
kanjeng gsuti, sami kagungan penggalih saingga ing panjenen-  
ganipun ingkang rama, sageda tumedhak ing palenggahanipun,  
amurih tat tentrem gemah arjanipun tiyang alit utawi amengku  
dhateng para santana sedaya, ing salebetung nagari, utawi  
dhateng para sentana pesisir tedhakipun kanejgn gusti pang-  
eran ADipati Ariya Mangkunehara Kapisan wondening tatilarani-  
pun semah kula bendara Raden Ayu kang sampun seda, 1, raden  
Ayu Suradiputra, putramantu Raden Tumenggung Suradiningrat  
Bupati Salatiga lenggah mantri nagari, 2,Raden Dirjawnata,  
juru Serat Wdana Distrik Tengaran Slatiga, 3 Raden Dirjaatma-  
ja, magang kontrolir Bahrawa (Salatiga)/.  
Katanthan DirjaPrawira.

---

Nyonyah Upsepuh, ing Surakarta, kumapurun, ngaturi serep

dhumateng para priyantun sdaya, ing sak punika ngadegaken  
panyeratan, sinjang sak panunggilanipun, sogan betawen, sae-  
sae, sinten ingkang kersa tumbas utawi kersa meling damel  
sinjang, utawi sarung, kemben, dhesthar, kampuh sak panung-  
gilanipun, badhe ngladosi regi sedheng, ananging sadaya bayar  
kontan

Katandhan Nyonya UpSepuh.

---

Angka, 29, 20 Juli 1865

Kulawisudhan sapanunggilanipun

Kanjeng Tuwan C.Wigeres, Residhen ing Prabalingga, awit sakin gpanuwunipun piyambak ing mangke kaundur saking kalenggahani-pun kalayan kurmat, mawsi kaleres kapikantuk pensiyun.

Kanjeng Tuwan Y.A.Bakeres ingkang kakula wisudha dados residhen ing Bangkah, ing mangke kakula wisudha dados guprenur ing Selebes sabawahipun.

Tuhan C.Y.Brandan, kontelir Twedheklas saking paparentahan lebet ing paresidhenan Palembang, ing mangke kula wisudha dados kontelir Irsteklas saking paparentahan lebet ing paresidhenan tanah Borneyo sisih kilen.

Tuhan Y.H.C.Pandheik, kontelir Irsteklassaking paparentahan lebet ing Asisten Residhen Bangkahulu, ing mangke kareh ing Kanjeng Tuwan Residhen tanah kidul tuwin wetan ing Borneyo.

Tuhan G.Y.Gersen, kontelir Irsteklas saking paparentahan lebet ing Gupremen Selebes sabawahipun, ing mangke kakula wisudha dados asisten Residhen kakanthekaken ing Kanjeng Tuwan Guprenur ing Selebes sabawahipun.

Tuhan G.A.Pankesterenkontelir tewedheklas, ing mangke kula wisuddha dados kontelir Irsteklas saking paparentahan lebet ing Gupremen Selebes sabawahipun.

=====

Punika pethikan saking seratipun para tuwan ingkang angereh pagelaring barang-barang ingkang ,edal saking Taberen ing Batawi, katitimangsang kaping 20 Juni 1865 dhumateng komisi ing Surakarta bab prakawis badhe panggelaranipun barang-barang wau kados ing ngandhap punika ungelipun.

Para tuwan ingang angereh panggelaring barang-barang ingknag medal saking Taberen ing Batawi, suka uninga dhateng komisi ing Surakarta, manawi tuwan W.Koresdhepris badhe amikantu-kaken dhateng para lit komisi tuwin para pangagenging titi-

yang jawi ing tanah jawi, sagedipun aningali panggelaring barang-barang ingkang medal saking Taberen wonten ing Batawi, sarta saged-saged tuwan Koresdhepris wau badhe amayaraken ing wrageaddipun mangkat akaliyan matuk.

Amurih sdampun ngantos kasareng bab panedhanipun anumpang ing baita kapal api dhateng Batawi mangkat mantuk supados sageda angestokaken ing panedhanipun ingkang sami badhe dhateng Batawi, ing mangke kedah wonten pranatanipun punika, dene bab pranata punika tuwan Koresdhepris gadhah panedha dhateng para komisi wau, mugi katerangna kados ing ngandhap punika:

1. Bab nama tuwin kelenggahanipun Lit Komisi ingkang sami badhe aningali panggelaring barang-barang ingkang medal saking Taberen.
2. Bab nama, panglkat tuwin balanjanipun para pangagenging

titiyang jawi, ingkang sami badhe dhateng ing Batawi, aningali pagelaring barang-nbarang ingkang medal saking Taberen wonten ing ngriku.

3. Bab namaning panggenan ing pundi tiyang satunggil tunggilipun badhe anumpang ing baita kapal api.

Para tuwan ingkang angereh panggelaring barang-barang ingkang medal saking taberen angajeng-ajeng pratelanipun para komisi bab ingkang kasebut ing nginggil punika saking bawahipun piyambak-piyambak, supados para tuwan ingkang angereh panggelaring barang-barang ingkang medal saking Taberen ing Batawi wau saged amangsuli ingkang dados pitakenipun Koresdhepris punika, mengkah pratelan wau mugi kakintuna ingkang tumunten ing saderengipun utawi sapejah ing wulan Juli ing ngajeng punika.

Para tuwan ingkang angereh panggelaring barang-barng ingkang medal saking Taberen angaturi dhateng para komisi mugi sami anggalihabab prlunipun ingkang sakalangkung sanget, anyantosanana malih ing pamadenipun loting loterei ingknag minongka untunganipun pagelaring barnag-barang ingkang medal saking Taberen, amargi rendheting papajenganipun lot wau andadosaken kuwatosing manahipun para tuwan ingkang angereh panggelaring barang-barang wau, sanadyan para komisi sampun sami damel ing sasaged-saged murih pajengipun loting loterei punika wau.

---

Sinten ingkang badhe sugih, badan alus Balorong, punapa tetedhanipun badan badan alus, wangsulanpun: Ampo.  
Kala kaping 8 wulan maret ingkang sampun kapengker ing Landrat Kabumen Paresidhenan Begelen atitipariksa prakawisipun tiyang sakit kakalih.

Awit saking aturipun saksi, kathahipun kawanlikur sarta saking pangakenipun sakitan kakalih wau, sampun tetela, manawi tiyang sakitan sakaliyan awit saking wicantenipun piyambak sami tetepangan sae kaliyan badan alus anama Balorong, ingkang gigriya wonten urung-urung toya ing dhopleng tanah Bagelen, punika gadhah kuwasa saha pikanjengan saged adamel sugih dhateng titiyang, ingkang sami anedha kasugihan nedha kasugihan dhateng Balorong wau.

Saksi kawanlikur wau apitados dhateng wicantenipun tiyang sakitan kakalih, lajeng sami dhateng ing griyanipun tiyang sakitan ingkang satunggil, sareng sampun wonten ing griyanipun sakitan ingkang satunggil wau, dangu utawi sakedhap, para saksi punika ing wnaci pukul sadasa dalu lajeng sami kabekta dening tiyang sakitan ingkang satunggil wau dhateng urung-urung toya ingknag kacariyosaken dados panggenanipun Balorong, awit saking aturanipun para saksi kala wonten ing ngriku, manawi para saksi wau boten aningali punapa-punapa, ananging amung sami amireng swara pitaken ingkang sampun katawis medal saking salebeting urung-urung toya, , kados ing ngandhap punika: Rana, kowe anjaluk apa marang ngaku. pu Rana punika namanipun tiyang sakitan ingkang satunggil. Rana amgnsuli: Putra wayah sampeyan sami dhateng ing ngriki, anyuwun kasugihan dhateng sampeyan Balorong. Balorong awican-ten: Iya becik, anak putu mau ututrana, manawa aku bisa lan arep amaringi kasugihan, nanging sapa kang tompa kasugihan

saka aku, iku ora bisa urip luwih lawas saka ing rolas tahun ewadeneana saranane menawa atompa kasugihan arep urip lawas iku kudu asidhekah amengaji rongpuluh utawa telung puluh rupiyah.

Para saksi sami kadugi anglampahi ingkang dados sarananipun wau, nunten swara ingkang medal saking salabeting urung-urung toya apparentah dhateng para saksi, kapurih wangsl malih

dhateng panggenan ing ngriku benjing ing dinten sanesipun ingkang sampaun katamtokaken deningnswara wau, sarta sami kinjen ambekta arta kalih dasa utawi tigangdasa rupiyah.

Para saksi anuhoni ing pakening swara, lajeng anyukani arta samanten kathahipun dhateng tiyang sakitan ingkang satunggil, awit saking pratelanipun sakitan wau, manawi arta punika sampaun kabucal wonten salebeting urung-urung toya minongka sidhekah dhateng Balorong, yektos utawi botenipun manawi arta sampaun kabucal wonten urung-urung toya wau, punika pra saksi boten saged amastani, amargi boten sumerep awit saking peteng. Sasampunipun anyidhekahaken arta dhateng Balorong, tiyang sakitan ingkang satunggil lajeng anyukani arta awarni ringgit satunggil dhateng saksi satunggil, rupiyah satunggil dhateng saksi satunggilipun, awarni ukon dhateng saksi katig-anipun, dene saksi sanesipun inggih sami kasukanan arta nyatunggil, wicantenipun sakitan, manawi arta punika sadaya jimatan saking balorong, tumunten para sksi sadaya sami kapurih angrawati arta jimatan punika ingkang sae, saha kinjen angutugi, manawi arta badhe saged mindhak awewah-weah, ingkang gadhah saboten-botenipun badhe mindhak kathah pikan-tukipun arta, dene Balorong pendhak Jumungah Kliwon wanci sonten amesthi dhateng ing griyanipun ingkang sami gadhah jimatan arta wau.

Manawi badhe amanggihi Balorong ing sapantesipun, kedah kasadhiyanana jenang Blowok punika jenang abrit, saha kasadhiyanana rujak degan, gendhis akalaiyan ampo, punapa dene kasadhiyanana menyan tuwi sekar.

Ingkang kasebut ing nginggil punika kalampahan sadaya dening para saksi, ananging Blorong boten dhateng, dene ingkang dhateng sanes, punika kapulisi, Jaksa, para Demang lan sapanunganipun ingkang lajeng sami atiti pariksa prakawis Balorong wau, sarta enggal angsal papriksanipun, manawi sakitan ingkang satunggil sampaun arujuk kaliyan sakitan satunggilipun ingkang ddos balorong, sarta umpetan wonten salebeting urung-urung toya, saha amangsuli punapa ingkang dados pitakenipun tiyang sakitan ingkang satunggil.

Kirang langkung saking arta 484 rupiyah ingkang sampaun kasid-hekahaken dhateng Balorong, sampaun tetela, manawi arta samanten kathahipun wonten ing sakitan ingkang satunggil wau, dene sakitan satunggilipun ingkang dados balorong wau kasukanan salangkung rupiyah, minongka patuwas ing sayah anggenipun sampaun dados Balorong, menggah prakawisipun tiyang sakitan kakalih karampungan ing Landrat, tetep ing dosanipun angapus-apusi katrapaken ing padamelan paksa boten mawi karante

wonten ing panggenan ingkang badhe katamtokaken ing kanjeng Tuwan ingkang wicaksana Guprenur Jendral laminipun tigang tahun.

---

Punika serat ingkang kakintunaken dhateng Tuwan ingkang ngarang serat Jurumartani, kapurih amacak wonten ing Jurumartani ungelipun kados ing ngandhap punika:

Kula sareng ningali seratipun Mas Wangseng Darmita, kang tumrap ing Jurumartani angka 27 wulan Juli kaping 6 tahun 1865 suraosipun mangsuli serat kula keng tumrap jurumartani angka 26 wulan Juni kaping 29 tahun 1865.

Asanget sukarenanipun manah kula, saha narima kasih sanget dhateng Mas Wangseng Darmita, sabab sampun jumurung tumut angalembana sarta memundhi panjenenganipun ratu kula, daos sampun mupakat utamenipun panjenengan dalem ratu kula wau, dumugi sanes negari sampun sami memundhi sedaya, kaping kalihipun panrimah kula sanget dhateng Mas Wangseng Drmita anggenipun memaoni ungelipun serat kula ingkang karembag kirang sakeca pitembungipun bab pangalem punika wau, anddosaken indhakipun pengatos-atos kula ing wingking pangrengkuh kula yen pamong mitra purun angenegetaken dhateng kang dereng sakeca, punika tondha sedya tepang sarta remen musawarat anamung kedhik Mas Wangsen Darmita nggenipun ngaosaken serat kula kados ragi kelangkangan, pancenipun kula ngajeng-ngajeng sanget wontenipun pamulangan guru kang ngindhakaken dhateng barang kawruh, kawastanan anyimpahi dhateng bab pamulangan ungelipun serat kula, mekaten iba-iba mawiya dipun perdi kados dene kersanipun para ageng ing sak punika saya mindhak kelangkunganipun punika tegesipun supados sami dipun perdiya, mila saking pandugi kula Mas Wangseng Darmita kirang titi pamaosipun dados lintu raos, pawingkingipun Mas Wangseng Darmita panedha kula yen maos serat dipun tapis sapurwamadya wusananiupunsupados boten kalintu wewwangulanipun, mekaten malih serat kabar kula punika tahun dinten ingkang sampun kelampahan ngadat ingkang sampun katingal boten memancahi ingkang dereng saha badhe kalampahan ing wingking sarta kula sanget erem wonten panjenenganipun para bendara bendara Pang-eran undhagi astanipun saged nunjungi sae sanget saking

Taberen kemawon sampun tamtu yen wonten ngadalipun boten saged kakirangan amargi undhagi astanipun wau ingkang sampun kulasumeepi, para bendara kula piyambak kesagedanipun ingkang langkung dhateng bongsa penggalih kimawonkadosta yasa serat anggitanipun piyambak ngantos kaanggep sae dhateng kanjeng tuwan ingkang wiceksana Guprenur Jendral peparing tondha mandhali jene, saking saenipun anggitan wau, dene bendara ageng sanesipun inggih wonten ingkang langkung saged nganggit anggit saha ngrupaka, saemper kados bujongga mekaten anang-ing lingsem ngatingalaken kasagedanipun namung kapriksakaken dhateng putra wayah kimawon utawi ngladosi ing kersa dalem kathahn kemawon anggitanipun Serat serat wawaosan ingknag dereng kapentari kathah, dadosipun wewaosan ingkang serat sastranipun inggih konca carik-carik kemawon sabab tetap setanipun piyambak sastranipun kirang prayogi, kawical boten undhagi ingngastanipun mila saweg sapuni kula gumun sanget wonten para bendara undhagi astanipun wau, yen celaka saha kerepa pinanggih, boten langkung namung badhe nyuwun wulang, rehning bongsa kauwla yen gesang tanganipun kados boten kapinten tedhanipun.

Mila leres pangalemipun Mus Wangsen Darmita punika, sarehne

kula dereng sumrerep piyambak, inggih namung tunut dhateng pangalemipun Mas Wangseng Darmita wau, dene yen kalintu anggen kula tumut ngalem inggih kawaonan, boten anggadahi serik ing manah, sabab tiyang cugetan punika kula rembagkat-hah pitunanipun sawettawis sae keng ragi sabar, sumongga panimbangipun Mas Wangseng Darmita.

Ngayogyakarta ping 17 wulan Sapar tahun Jimakir 1794

Katnahdan Bopati Wedana Ngajeng Raden Tumenggung Jaganegara.

---

Nyonyah UP Sepuh, ing Surakarta, Kumapurun, ngaturi serap dumateng para priyantun sadayaing sak punika ngadekaken penyeratan, Sinjang sak panunggilanipun, soganbetawen, sae-sae, sinten ingkang kersa tumbas, utawi kersa meling damel sinjang, utawi sarung, kemben, dhesthar, kampuh, sak panunggilanipun, badhe ngladosi regi sedheng, ananging sadaya bayar kontan.

Katandhan Nyonya UF Sepuh.

---

Ing tokonipun Dhegrotkolep en ko ing Surakarta mentas atampi  
srat srat kothongan sakedhikl warni-warni, sarta kertas  
warni-warni, kaliyan kartas ules serat kalam lar, mangsi,  
karet tuwin sanes-sanesipun bongsa pirantosing anyerat.

Punapa dene ing toko wau nalika atampi lajeng kemawon saking  
enggelan awarni ladi panyukuran tuwin lading pangaretan, wah  
malih lading pangaretan sanes warninipun, ing tanah jawi  
dereng patos wonten kathah, dene lading pangaretan wau manawi  
kadamel ngaret kalam arsa kedhap kemawon rampung.

Wasana ing toko wau tampi pethen wacucal pirantos panyeratan,  
sampun wonten isinipun keras lading pangaretan sapanunggala-  
nipun sarta sanes-sanesipun barang-barang inggih wonten saha  
akathah.

Barang-barang punika wau badhe kawade kalayan murwat ing  
reginipun.

---

Angka 30, 27 Juli 1865

Tuhan ingkang ngarang Serat Jurumartaniasuka uninga dhateng Mas AstraOekara ing Ngayogyakarta, manawi tuwan wau boten saged anuhoni ingkang dados panedhanipun, bab pamacaking seratipun wonten ing Jurumartani, amargi serat wau kang manah kirang prayoginipun.

Ingkang punika panedhanipun ingkang ngarang Serat Jurumartni dhteng Mas Sastra Oekara, mugi sampun ngantos andadosaken rengating galihipun mila ing mangke tuwan ingkang ngarang Jurumartani ngaturaken ingkang dados proyoginipun mugi Mas SastraOekara karsa saha sring akintun pawartos ing sawontenipun nagari Ngayogyakarta, sarta ingkang sakinten kagalih sae manawi kapacak ing serat Jurumartani.

Wondening serat ingkang saking Batawi katandhan tanpa teken kapurih amacak wonten ing jurumartani, punika tuwan ingkang ngarang serat Jurumarrtani boten purun amacak, amargi boten kawajiban anuruti pikajenganing tiyang satunggil-tunggilipun ingkang kintun serat kapurih macak ing Jurumartani, saha ingkang seratipun kamanah sakalangkung saru manawi kapacaka ing Jurumartani wau, punapa dene ingkang boten mawi katadhanan namanipun sayektos, wah malih boten mawi kakanthenan seratipun ingkang ngintunaken. Menggah priyantun ing Betawi punika anggenipun badhe boten mendhet malih serat Jurumartani, punika tuwan ingkang ngarang serat jurumartani asuka serep dhateng priyantun ing Batawi wau, manawi saestunipun boten wonten ingkang aken tuwin menging bab boten purunipun amendhet malih serat Jurumartani wau.

---

Kanjeng Pangemanan Arya Suryaatmaja, putranipun Kanjeng Pangemanan Arya Suryaning Ngalaga, wayah dalem ingkang Sinuhun Kanjeng Sultan Kaping 3 Ngayogyakarta, ipe dalem ingkang Sinuhun sapunika, kala dinten Salasa Paing tanggal 18 wulan Juli tahun punika, dumugi ing janji kondur ing Ramatulah, amargi gerah namung 3 jam lajeng sedasakderengipun seda, wanci pukul 7malem Slasawau, pengandikanipun nganeh-anehi, namung dhikir kalih ngapil-lapilaken ayat Kur'an kemawon nalika sugengipun boten nate kersa dhikir utawi nglampahi agama Islam namung sareng badhe seda punika punika wau kemawon kersa nebut dhateng Allah, ingkang punika andadosna kauninganm para

priyantun sedaya.

Ngayogya ping 23 Juli tahun 1865. Katandhan Raden Tumenggung Jaganegara.

---

Dados tintrimipun tiyang dhusun Wekasan sami bingah.

Dhusun Sekar Selak sunukunipun redi Merapi keng kilen bawah kabupaten Suleman rehingipun Panji Natareja ing Klegung.

Wonten tiyang wasta Suradrana kuli dhusun ing Sekar, angen maesa dhateng pategalan celak ing ngriku, tiyang wau sampaun miranti dedamel tumbak pedhang, sebab kacriyos asring wonten sima katingal malah sampaun wonten tiyang 2 sami katubruk ing sima, lajeng pejah pinanggih ing grumbulipun sima, sareng

Suradrana badhe giring maesanipun dumugi saelering dhusun Sekar, wonten sima 1 lorek kapara ageng, lajeng dipun bujung dhateng Suradrana, sapurusing sima, sareng sima ageng badhe kecandhak kawaos Suradrana lajeng katubruk ing sima sanesipun kenging sirahipun Suradrana, kuliting raiseset dumugi ngand-hep mripat ngandhapipun kупing keng kiwa tatu sanget ewase-manten Suradrana teksih saged maos dhateng sima keng nubruk wau kenging bokongkipun sima lajeng lumebet ing wana, Suradrana wanci jam 6 mantuk sarta awakipun gegodres rah kapethuk kalih keng sami nusul sabab maesa sampundangu dhatengipun ing griya, Suradrana criyos sapolahipun ngumur, 3 dinten lajeng pejah, bopati ing Sleman lajeng ngerigaken tiyang sabawahipun ngiter sima wau, nanging boten pinanggih, lajeng sami dipun pasangi bekukung, utawi kala, nanging sima langkung juligipun menda-menda ing Bekukung sami katedha, simoa boten kenging, lajeng angsal tiyang malih saweg ngundhuh jambu kluthuk lajeng katubruk pejah, sak sagedipun tiyang ing ngriku damel asangan inggih meksa boten kenging ngantos kauningan ing negari juliking sima wau, Panji Natareja katimbalan dhateng Residhenan Kanjeng Tuwan Residhen Bos aparing wulan dhateng Raden Panji Natareja, panggenan ingkang asring kaambah ing sima, sami kajugangana ingkang lebet ing ngandhap kapasangan borangpring, nginggiling jugangan kagantungan ulam menda, sarengipun lampahing wulangipun kanjeng tuwan Residhen lajeng

angsal sima agengipun anglangkungi, kalebet ing piluwang wau,  
wonten piluwang satunggilipun inggih kawawrat angsal sabab  
borang sami gupak rah sarta ical 4 nanging sima namung kace-  
peng satunggil pejah, lajeng kaladosaken dhateng loji, kaa-  
panringan ganjaran 25 rupiyah pethak ingkang sami damel  
piluwang wau antawis 2 dinten manggih bathang sima malih 1  
tatu borang ngantos dumugi dinten punika boten wonten tiyang  
utawi kewn katedha ing sima malih bawah ing Klegung wau,  
sampun 3 wulan awit saking piwulangipun Kanjeng Tuwan Bos  
andadosaken pitulungan ageng, ecanipun tiyang ing dhusun  
bawah Klegung sedaya, sirnanipun Sima asring nedha tiyang  
wau.

Ngayogyakarta ping 15 Sapar Jimakir, 1794  
Katandhan NGabej Jagawerdaya, Paneket Ngajeng, ingkang tumut  
garap piranti pasangan sima punika

---

Sesampunipun tabe kula akathah-kathah sayogi katur saudara  
kula Tuwan Dhegrotkolep en ko ing Surakarta.

Wiyosipun kala angaturi kabar ing serat Jurumartani, punapa  
kawontenanipun negari kula ing Ngayogyakarta ingkang sampun  
kula sumerepi, punapa lalampahanipun sedaya, awit anggen kula  
retheti saweg teksih kepara lare dumugi ngumur 41 tahun  
punika anggen kula suwita dados abdidalem kala ngumur 10  
tahun ngantos sapriki dereng mawi pegat repeng pendamelan  
kemawon nanging sapunika rumaos sampun seneng ing manah kula,  
amergi sihipun ratu kula sampun anyekapi ing ngatasipun  
rakyat kula sedaya, sarta kabar wau mawi kula pitakekaken  
dhateng kng sepuh-sepuh, inggih mila leres kados penjurung  
kula punika, kula sumongga kapacak ing Jurumartani sampun

ngantos lintu sastranipun bilih santun raos mila kula aturi  
macak ingkang supados tuladhanipun ing wingking.

Kasrat ping 25 Sura Jimakir 1865  
Katandhan Bopati Anem Wedana Ngajeng, Raden Tumenggung Jaga-  
negara.

---

Wangsulan seratipun Raden Tumenggung Jaganagara ing Ngayogyakarta, ingkang kapacak ing Serat Jurumarani katitimangsan kaping 20 wulan Juli punika.Raden Tumenggung Jaganagara katawis eram sareng sumerep manawi kautamening ratunipun misuwur ngantos dumugi sajawining nagari ing Ngayogyakarta, sebab ing seratipun Raden Tumenggung wau wonten ungel-ungelan mekaten: Dados sampun cupakat utamenipun panjenengan dalem ratu kula wau, dumugi sanes nagari sampun sami memundhi sedaya. Ananging Raden Tumenggung Jaganagara taksih eram wau sabab punapa, mongka Raden Tumenggung piyabak sampun purun amestani yen karaton ing Ngayogyakarta awit saking kautamening ratunipun angungkuli bagari sanes-sanesipun ing tanah jawi, ratu tuwin karaton ingkang mekaten punika sampun amesthi kondhang ing tanah jawi sadaya, kajawi saking punika ingknag Sinuhun Kanjeng Sultan ing Ngayogyakarta kaangkat dados Komandur ing Bintang Leyo ing Nederlan dening Kanjeng Raja ing nagari Nederlan punika sampun saestu wonten sababipun, bilih ratu ingkang makaten wau boten nami suwur, sinten malih ingkang kedah kondhang.

Ingkang kaping kalih Raden Tumenggung Jaganagara amastani angge kuka maos seratipun ingknag kapacak ing serat Jurumarani katitimangsan kaping 29 Juni ingkang saweg kapengker punika, kirang patitis sabab anggen kula amangsuli seratipun wau mawi anilar ungelan ing ngandhap punika: Ing Baiba manawiya dipun perdi kados dene kersanipun para ageng ing sakpuniya saya mindhak kelangkunganipun lesesipun: kula dugisaya mindhak kelangkunganipun abdi dalem keng sami saged punika. Ing seratipun Raden Tumenggung wau kapacak ing serat Jurumartanikatitimangsan kaping 20wulan Juli punik, ungel-ungelan ing nginggil punika katerangaken makaten: Punika tegesipun supados sami dipun perdiya Yen makaten anelakaken bilih abdi dalem ing Ngayogyalkarta ingkang sami saged wauing sapuniya dereng kaperdi ing wulang, mila kula pitaken dhateng ingkang sami maos serat jurumartani, punapa kula lepat anggen kula anjawab wonten serat kula ingkang rumiyin ungelipun mekaten: Menggah punika dede ingkang Sinuhun Kanjeng Sultan utawi karatonipun ingkang kaleres pikantuk pangalem saestunipun ingkang pikantuk pangalem wau, puika amung para abdi piyambak ingkang sami saged wau, ing seratipun Raden Tumenggung Jaganagara, kapacak ing serat Jurumartani katitimangsan kaping 29 Juni wonten ungel-ungelan makaten: dados yen makaten abdidalem Ngayogyakarta punika kenging kula namani aneh-

sabab sagedipun sabarang kawruh boten serana kapredi ing piwulangan dados punika tondha yen ratu kula kinasiyan dhateng keng maha kuwasa, kaparingan wadya bala landhep graitanipun anglangkungi ing tiyang sanesipun nagari bilih

Raden Tumenggung Jaganagarasampun purun anglairaken samanten wau leresipun sampun mawi anyerat kados ing ngandhap punika:Yen kula timbang kalih negariing ngamonca pula jawi kemawon dereng wonten ingkang nyameni nagari Dalem Ngayogyo awit saking punika sampun tetela manawi raden Tumenggung Jaganagara dereng nate ngambah nagari ing ngamonca, saupami yen sampun angambah nagari ing ngamonca, anggenipun kakesahanwau boten wonten paedahipun awit Raden Tumenggung Jaganagara boten ayektos sebab kawontananing nagari ing ngamonca, bilih ayektosana sampun amesthi boten purun anyerat kados ingkang kasebut ing nginggil wau, sabab punika angudaraken kiranging saserepanipun, Raden Tumenggung Jaganagara ing ngajeng prayogi amratelakna yen karaton ing Ngayogyakartaboten kantun ananging nyameni kaliyan nagari sanes-sanesipun ing tanah jawi.

Ingkang kaping tiga, ing seratipun Raden Tumenggung Jaganagara kapacak ing serat Jurumartani katitimangsan kaping 20 wulan Juli punika wonten ungel-ungel makaten: Mekaten malih serat kabar kula punika katahun dinten ingkang sampun kalam-pahan ngadat ingkang sampun katingal boten mencahi ingkang dereng saha badhe kalampahan ing wingking punapa sababpi[un Raden Tumenggung Jaganagara nyerat kadops makaten, punapa kula amastani, yen Raden Tumenggung amemancahi ingkang dereng saha ingkang badhe kalampahan ing tembe, kula namung amrate-lakaken boten andadosaken pangaleman manawi tiyang ingkang anggarap padamelan enggal boten kalilan aggarap padamelan alus sebab yen yektos makaten punika boten badhe angindhakaken kasagedanipun titiyang, Raden Tumenggung Jaganagara anyariyosaken bab kasagedanipun tiyang ing Ngayogyo sawatawis mawi mastani yen karaton ing Ngayogyo angungkuli nagari sanesipun ing tnah jawi, kula lajeng anyerepaken dhateng Raden Tumenggung Jaganagara, bilih anggenipun mastani makaten punika kalisir sahaboten leres mila kula anyariyosaken ugi

bab kawontenanipun tiyang ingkang saged ing nagari sanesipun kadosta nagari ing Surakarta, amargi kula gagriya ing nagari punika, dados saged amastani tiyang ingkang lepas kasagedanipun, , kasagedanipun tiyang ing Ngayogyakarta kaliyan tiyang ing Surakarta, sami utawi boten punika boten susah kamanah, ananging Raden Tumenggung Jaganagara saestunipun boten kenging yen angajeng-ajeng, tiyang sajagad punika kedah sami kasagedanipun.

Ingkang kapung Sakawan ing seratipun Raden Tumenggung Jaganagara wonten ungel-ungelan makaten:kula sanget eram wonten panjenenganipun para bendara-bendara pangeran undhaging astanipun saged nyunyunggi sa sanget saking taberenan kemawon sampun tamtu yen wonten ngadalipun boten saged kakirangan kaliyan cuwaning manah, kula kedah amangsuli dhateng Raden Tumenggung Jaganagara, kula kapara langkung eram saserepanipun Raden Tumenggung wau dhateng kawontenaning lalampahan ing jaman sapunika taksih kathah kakiranganipun, mongka Raden Tumenggung lenggahipun dados priyantun ageng, mila Raden Tumenggung kula serepaken kasagedan anggambar mawi pulas cet, anggendhing, anganggit tembang tuwin anembangaken serat

punikakala kina kemina ing tanah Eropah sampun kawastanan kagunan endah, anggambar amawi puls cet punika dados dede padamelaning undhagi, para ageng ing tanah Eropah kathah ingkang kawulang, sarta saged anggambar, boten kadamel pangupajiwa, ananging awit punika kagunan endah sanget, mila lajeng Pangeran Ariya Adiwijaya asinau kasagedan wau, boten andadosaken kalingsemanipun malah pikantuk pangaleman.

Ingkang sampun kalimrahan para tiyang kedah sinau padamelan beda-beda, sarta ing ngalamdonya kdah wonten titiyang ingkang gadhah kasagedan dhateng bongsa panggalih, ingkang mredi dhateng kagunan sae, tuwin dhateng pakaryan sanes-sanesipun malih, ananging titiyang wau sampun sami anyidham kasagedanipun prayogi kalimrahna, amurih paedah ing ngakathah.

Ing nGayogyakarta sapunika wonten Kanjeng Pangeran Ingkang kaparingan medhali jene dhateng kanjeng tuwan ingkang wicasana Guprenur Jendral minongka ganjaran anggenipun nganggit serat, kala rumiyin ing Surakarta inggih wonten tiyang anama

Raden Bagus Mukarad ingkang ugi kaparingan ganjaran makaten milakalih pisan kedah kajenan ananging kagunan anggamar mawi pulas cet punika inggih kajen ugi, Raden Saleh awit saged gambar mawi pulas cet ingkang sakalangkung sae, kaparingan bintang Eikenkrun dhateng Kanjeng Raja ing nagari Nederlan punapa malih kaparingan bintang sanesipun malih dhateng Ratu ing nagari Saksen, mila sakathahing kasagedan ingkang maedahi dhateng tiyang kathah, punika kaganjaran sedaya.

Ingkang kaping gangsal ing seratipun Raen Tumenggung Jaganagara wonten ungel-ungel makaten: mila saweg sak punika kula gumun sanget wonten para bendara undhagi astanipun wau yen celaka saha kerep pinanggih, boten langkung namung badhe nyuwun wulang, rehning bongsa kawula yen gesang tanganipun kados boten kapinten tedhanipun Raden Tumenggung Jaganagara ing waktu sapunika punapa kapitan tedhanipun raden Tumenggung kados boten angraos anggenipun nyerat kados makaten wau, punika anglairaken yen kaparingan tedhan kirng saking ratunipun ananging kula boten sumelang, yen tedhanipun Raden Tumenggung Jaganagara sampun cekap sanget.

Ing wusana kula angrabagi dhateng raden tumenggung Jaganagara, sarta dhateng ing tiyang sanesipun sampun angalem kawrat ing serat ingkang kalimrahaken tumrap dhateng akrabipun utawi dhateng ingkang dipun ngengeri, sabab pangalemipun wau asring kawastanan ilon-ilonen mila pangalembana punikakaborongna dhateng titiyang ingkang boten kenging kawastanan gadhah melik.

Katandhan Mas Wangseng Darmita.

---

Boten dados renaning manah kula, kalebet ing saseratanipun Raden Tumenggung Jaganegara, karana seratipun wau boten badhe tuhunipun kalih dene malih boten pantes Raden Tumenggung Jaganegara, mastani Pangeran ingkang Undhagi astanipun yen wonten ngadalipun boten saged kakirangan.

Ngayogyakarta kaping 23 wulan Juli tahun 1865

Katandhan Kanjkeng Pangeran Litnan Kolonel Arya Suryanagara.

Tawan ingkang angarang Serat Jurumartani asuka uninga dhateng Mas Ngabei Panamun Astra, manawi seratipun ingkang kakintunaken kapurih amacak wonten ing Serat Jurumartani, punika tuwan ingkang angarang serat Jurumartani boten kadugi amacak, amargi serat wau boten katandhanan nama ingkang sayektos, utawi boten mawi kakanthenan seratipun ingkang angintunaken.

---

Kulawisudhan sapanunggilanipun  
Tawan Y.Ph.F.Gerike, Kontelir Irteklas ing tanah Bangil  
Paresidhenan Pasuruwan, ing mangke kakula wida dados Asisten Residhen ing Ngawi Paresidhenan Madiyun.

Kanjeng Tuwan L.B.Panpolanen Petel, Asisten Residhen ing Tanah Datar bawah Padhang nginggil, ing mangke kakula wisudha dados Asisten Residhen ing Priyaman tanah Sumatrapasisir kilen.

Tawan S.Setibe, Kontelir Irlsteklas saking paparentahan lebet ing Sumatra Pasisir Kilen, ing mangke kakula wisudha dados Asisten Residhen ing Tanah Datar bawah Padhang Nginggil.

Tawan P.E.Keiser, Asisten ingkang nglampahi padamelanipun Aspiran Bansinyur ing Surakarta, ing mangke kakula wisudha dados Arsitem Tewedheklas.

Tawan Jonghir, Y.F.W.Panther Willigepon Semit Of alten setad ingkang sampun kakula wisudha dados kontelir Dherdhekla, ing mangke kaprenahaken wonten ing Paresidhenan Madiyun kareh dhateng Kanjeng Tuwan Residhen ing ngriku.

Tawan W.P.Mentel ingkang sampun kakula wisudha dados kontelir Dherdhekla ing mangke kaprenahaken wonten ing Paresidhenan Samarang, kareh dhateng Kanjeng Tuwan Residhen ing ngriku.

Tawan S.Panthiselem ingkang sampun kakula wisudha dados Kontelir Dherdhekla, ing mangke kaprenahaken wonten ing Paresidhenan Banyumas kareh dhateng Kanjeng Tuwan Residhen ing ngriku.

Tawan F.Mayor ingkang sampun kakula wisudha dados kontelir Dherdhekla, ing mangke kaprenahaken ing Paresidhenan Rembang, kareh dhateng Kanjeng Tuwan Residhen ing ngriku.

Tawan Y.P.Perebumpeler, Tuwan Y.E.Amen tuwin Tuwan D.Dhewit ingkang sampun sami kakula wisudha dados kontelir Dherdhekla, ing mangke tiga pisan sami kaprenahaken wonten ing pare-

sidhenan Bagelen, kareh dhateng ing Kangjeng Tuwan Residhen ing ngriku.

Tuwan W.C.Y.Nasten ingkang sampun kakula wisudha dados Kontelir Dherdheklas, ing mangke kaprenahaken wonten ing Pare-sidhenan Madiyun, kareh dhateng Kanjeng Tuwan Residhen ing ngriku.

Kanjeng Tuwan P.T.Nupherus Residhen ing Basuki, ing mangke kakula wisudha dados residhen ing Prabalingga.

Kanjeng Tuwan F.M.G.Natenbureg Residhen ing dhistrik-dhistrik Lampung, ing mangke kakula wisudha dados Residhen ing Bangkah.

---

Pawartos warni-warni

Pawartosipun bab lindhu ing Banyubiru tuwin ing Ombarawa kala kaping 17 wulan Juli ingkang sampun kapengker, kados ing ngandhap punika.

Griya sakit ing Ombarwa kaliyan griya-griya panggenanipun prajurit Artileri tuwin Infateri saking Batalyon Kalih saha Batalyon Sakawan sami karisakan saking dening lindhu.

Ing Banyubiru iringanipun griya kalih pisan panggenanipun prajurit infanteri smi jugrug, dene tembokipun griya pnggenanipun infanteri bengkah sadaya, ngantos boten kenging dipun enggeni, sarta pondhokanipun para opsir ing ngriku inggih boten kenging kaenggonan.

Gedhong Sandawa ing Bayubiru inggih kariskan ngantos boten kenging kadamel waduh sandawa, sarta sandawanipun kedah kaelih dhateng panggenan sanesipun.

Para prajurit ing Banyubiru sami kaprenahaken wonten ing ara-aranipun griya panggenaning prajurit ingkang karisakan-saking dening lindhu wau, sarta sampun kapranata bab ruman-tosipun ing samukawis sampun ngantos wonten kikiranganipun.

Menggah ingkang pejah kala wonten lindhu Sersan Sapirsa Tunggil, punika pejah amargi saking tatunipun.

Kala ing dinten Rebonipun tanggal kaping 19 wulan Juli wau wonten lindhu malih, ananging boten dados punapa, dening ing Salatiga boten wonten ingkang karisakan saking dening lindhu wau punika.

Kala ing dinten Saptu enjing ing tanggal kaping 22, wulan Juli ingkang kapenmgker baita kapal asepnama Brama dumugi ing Samarang, katitiyan ing Kanjeng Tuwan ingkang Wicaksna Guprenur Jendral tedhak saking baita minggah dhateng dhara-tan, dene para priyantun kathah sami wonten ing Ebum angentosi ing rawuhipun Kanjeng Tuwan Ingkang Wicaksana Guprenur Jendral wonten ing ngriku. Sareng enjingipun kanjeng tuwan ingkang wicaksana guprenur jendral tedhak dhateng ing Ombara-wa saha dhateng ing Banyubiru, dene ing dinten Selasa tanggal kaping 25 wulan Juli wau panggenan kakalih punika ingkang karisakan saking dening lindhu sami kapariksanan dening kanjeng tuwan kamendhaning para prajurit sadaya tuwin dening kanjeng tuwan Direktur saking Seni (zeni). Ing dinten Senin tanggal kaping 24 wulan Juli wau Kanjeng Tuwan ingkang wicaksana Guprenur Jendral tedhak dhateng Kedhungjati tuwin tempuran, supados saged aningali pandamelipun Sepurweh,

sareng ing dinten enjingipun kanjeng tuwan ingkang wicaksana guprenur jendral wangsl saking panggenan ngriku, ingkang punika tiyang boten sumelang, manawi kanjeng tuwan ingkang wicaksana guprenur jendral sakalangkung tarimah ing ggalih bab samukawis sadaya ingkang sampun katingalan, punapa dene kala ing dinten Rebonipun anyoba nglampahaken kareta asep, punika amesthi andadosaken langkung sanget sukaning galihipun kanjeng tuwan ingkang wicaksana guprenur jendral wau.

---

Kala ing dinten Kemis tanggal kaping 13 wulan Juli ingkang sampun kapengker Mas Ngabei Driyamenggala ing Surakarta, saantukipun saking pacinan wanci jam satengah nem sonten dhateng griyanipun ing kampung Mesen, aningali clak ing dhapuran dening kaprenah wonten sangajenging pemahanipun Tuwan Winter ing Kampung Mesen wau, wonten kukus kumelun kados uwuh kabesmi, pangintenipun Mas Ngabei Driyamenggala, manawi wonten latu ingkang dhawah ing dhapuran Deling wau, tumunten angundang tiyang ingkang tengga pemahan punika, sarta aken mendhet toya kadamel anyirami panggenan wedaling kukusa wau, nunten kathah titiyang ingakng tandang tulung, sami tumut amendhet toya, sarta lajeng kasiramaken ing panggenan wedaling kukus, ananging kukus wau boten saged ical, andadosaken kuwatosipun titiyang ing kampung ngriku, kamanah manawi saking mindhak kathah ing kukus latunipun ingkang boten katingal badhe andados, boten wande amraman dhateng ing pagriyan ingkang wonten sakiwa tengenipun ing ngriku. Sarehning kukus boten saged ical, sanadyan panggenan

wedalipun sampun kasiram ing toya, titiyang taksih sami anenggani, ing ngantawis saprapat jam dangunipun, kukus lajeng ical piyambak, menggah ambetipun kukus wau boten eca, dene panggenan wedaling kukus sareng dipun parisani kaosak-asik, boten wonten labetipun latu, enjingipun tiyang ingkang tengga pemahan andhudhuki panggenan wedaling kukus wau, watawis lebetipun wonten saking tigang kaki, ananging boten amanggih punapa-punapa.

---

Kesah Kelor.

Manawi sakinten wonten prelunipun anyumerepaken dhateng ingkang sami maos serat punika, bab pikantukipun saking uwit kelor ingkang sakalangkung kathah ing tanah jawi, saha sampun dipun serepi ing titiyang kathah, uwit kelor punika woh godhong tuwin sekarpun kenging katedha ing titiyangsaderengipun sepuh, punapa dene oyodipun ugi inggih katedha ing tiyang kadamel Moster mila ing mangke manawi tiyang sakinten dereng anyoba ing pikantukipun saking wijining woh Kelor, ewa denten wiji kelor wau kenging kadamel lisah ingkang sakalangkung sae, kawastanan lisah Kalenthang, ing Tanah Eropah lisah kelor punika kapilih piyambak, saenipun angungkuli lisah Oleipe, amargi lisahkelor wau boten saged tengik, sanadyan karawatan ngantos lami inggih boten saged tengik.

Kala Kanjeng Tuwan Baron Pan Raderes angereh tanah Indhi

Kilen asumerep dhateng wawateking uwit Kelor, sarta lajeng pikantuk wiji kelor sakedhik, ingkang tumunten kacoba dipun tanem wonten ing Surasawda (Surasao), Bonaire, tuwin ing Erupah sedaya tanah ing Amerikah, kadadosanipun sae, sareng wonten sawatawis tahun laminipun saged ananem kelor kathahipun 148.000 uwit, menggah sagedipun pikantuk lisah kelor, punika wijinipun kaplepet ingkang sawantah pandamelipun, ing nagari Prangkrik lisah punka sakalangkung awis, awit saking kathahing reginipun lisah kelor wau punika anelakaken ing pagunanipun ingkang masthi kedah kaajenan anjawi saking punika tuwan dhokter, G.Y.Muldher ing sawingkingipun sampun amariksani lisah kelor wau, menggah ingkang dados pamanggihipun tuwan dhokter Muldher, bilih lisah kelor punika warninipun jene nem, boten wonten ambetipun, sarta manawi kenging angin ngantos lami boten saged tengik, mila lisah kelor wau saenipun angungkuli lisah sanes-sanesipun, sarta boten kawon eca tuwin watekipun.

Lisah kelor wau sakalangkung sae kadamel anyemir dandosan

ingkang alus, inggih kangge ugi manawi tiyang adamel lisah wangsi.

Ingkang punika mugi para tiyang ing tanah jawi sami dhangana anyoba damel lisah saking wijining kelor wau.

---

Undhang-Undhang.

Iki layang Manira undhang-undhang, Kanjeng Raden Adipati Danureja, awit teka karsanine Kanjeng Tuwan Bos, Residhen ing Ngayogyakarta. dhawuh amarang priyayi pulisi kabeh.

Liring layang manira undhang-undahng, ing Kanjeng Tuwan Residhen, kerep-kerep anampani aturan teka para pulisi, angladekakeke repotan maling akeh lumadi mati, ing saiki para pulisi ora pareng amateni maling, yen ora ana sababe, dene yen angladekake maling kacekel mati, iya dipratelakna katerang sabab kacekel mati wau, para pulisi banjur andhawuh-na menyang bawah rehe, aja kanti kakurungan, dikelakon poma. Ngayogyakarta 3 Mulud Jimakir 1794.

---

Wangsulan Seratipun Mas Wangseng Darmita, kawrat ing Jurumartani ongka 30.

Ing sak pawingkingipun kula boten nedya mangsuli malih dhateng Mas Wangseng Darmita, sabab kula rembag tanpa damel amargi yan bongsa Islam kawastanan Erukupu: dados sanes pemanggih sebarang keng kalampahaken paribasan Kencana wingka, yen remen wingka kawastanan kdos kencana, yen sengit kencana kawastanan kados wingka, mila boten saged awor yen toya kakumpulaken kalih lisah namung punika wangsulan kula, Ngayoga ping 7 Mulud Jimakir 1794 Raden Tumenggung Jaganegara.

---

Penjurung Kabar ing Jurumartani.

Lelampahan gumunaken teksihipun gesang saget angungsi, wana

ing redi kidul Kademangan Karangmaja, bawah Kabupaten ing Wanasaki, wonten satunggal tiyang sak punika karan pun Pagas asli dhusun ing Jodhok Kabupaten Bantul pun Pagas wau penggotanipunmendhet kajeng obong dhateng redi kidul ngantos sipeng 10 utawi langkung, ananging bawah Karangmaja sareng dipun saba tiyang punika, kerep-kerep sami kepadungan raja kayanipun Demang Karangmaja, gadhah panyana dhateng pun Pagas wau ingkang dados weweri, lajeng aken dhateng rencangipun

anyirnakna dhateng pun Pagas ing sak saged-sagedipun piyambak yen sirna badhe kaepahan 4 reyal tiyang kekalih anyagahi lajeng sami ngupadosi dhateng pun Pagas pinanggih wonten ing wana, lajeng dipun penthung kenging githokipun lajeng dhawah mengkurep, lajeng katangsulan gulunipun pun Pagas kadugi sampaun pejah lajeng kuping 2 sami kaperung, utawi ngakaripun inggih kapagas ngantos ngepok tiyang kekalih sampaun mantuk sarta bekta dhaging irisan dakar kuping wau, minongka tondha yen sampaun anglampahi sak pakenipun demang, nedha janji epahan wau, taksih kasemadosan pun Pagas sareng wanci pukul 5 enjing saged gesang malih rumaos dipun kaniaya dhateng tiyang kekalih wau, saking girising manahipun Pagas lajeng sedya mantuk dhateng kabupaten Bantul ngantos tigang dalu dumugi griya, sabab nggenipun lumampah namung mendhak dalu kimawon sareng pulisi ing Bantul mireng wonten tiyang tatu dhateng saking kekesahaan lajeng kacepeng lajeng matur belaka punapa saklampahipun amargi ngaken dipun niaya wau, lajeng kalado-saken ing negari, kajampenan dhateng tuwan dhokter Bol antawis 20 dinten saras sedaya tatunipun kuping utawi dakar wau, sampaun boten katawis yen punika ing ngajeng gadhah apejaleran sabab papak kimawon lajeng matur dhateng negari anggenahaken ingkang nganiaya wau, tiyang kekalih sami kacepeng, inggih lajeng ngaken sedayapunapa keng dipun lamahi, namung demang ingkang mungkir boten rumaos aken mekaten wau, sareng kalandrat tetep tiyang kakalih kenging ukuman sapu sarta kabucal sajawining pulo jawi, dene demang Karangmaja namung pocot saking lenggahanipun sabab dakwanipun sakitan boten terang tanpa seksi, dene pun Pagas sarehne sampaun dados tiyang aneh lajeng kaparingan tedha pansiyun gagriyaha ing Pakauman sakderengipun bilahi awakipun ragi kera, sapunika sanget lemanipun ewasemanten semahipun teksih ngetutaken tumut griya Mekauman ing ngajeng sampaun patutan 3 jaler 2 estri satunggil sampaun sami nrimah sakalih-kalihipun kados sadherekn kimawon sami anglampahi ngibadah saha wadat sadangonipun punika anelakaken pejah gesang punika dados saking mendamelipun ing kawula.

Istingarahipun tiyang wau sampaun pejah, kuwasaning Allah teksih gesang ngantos sapriki, asring dados tontonan ing lare kathah. Ngayogyakating 7 Mulud Tahun Jimakir, 1794 Raden Tumenggung Jaganegara.

---

Ing dinten Sabtu, wanci jam 10 siyang, tanggal kaping 6 wulan Mulud Tahun Jimakir angka 1794, utawi tanggal kaping 29 Juli 1865, Kanjeng Pangeran Arya Adiwijaya ingkang Kaping III ing Surakarta atilardonya kondur ing rahmattullah, amargi saking gerah sarira sadaya.

Sareng enjingipun ing dinten Ahad wanci jam 10 siyang, tanggal kaping 7 layon kaangkataken saking dalem ing Ngadiwijayan bahde kasarekaken dhumateng pasareyan ing redi Mangadeg bawah Mangkunegaran, mawi kaurmatan ing Kanjeng Tuwan Residhen Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Arya Mangkunegara, para tuwan Amtenar tuwin militer saha para tuwan sanesipun, utawi para pangeran, punapa dene kanjeng Raden Adipati, para bupati, wadana kaliwon jawi lebet, punapa malih kapitan tuwin Letnan Cina utawi sanesipun ngantos dumugi ing kori ngajeng saking dalem Ngadiwijayan anggenipun sami kurmat lumampah wonten sawingkinging bandhusanipun kanejgn Pangeran Arya Adiwijaya wau.

Wondening abdidalem ing kasunanan tuwin abdidalem ing Mangkunegaran ingkang andherekaken tuwin anjajari lampahing bandhusa ngantos dumuginipun pasareyan ing Redi Mangadeg akathah, Raden Mas Arya Gandaatmaja, Raden Mas Arya Tondhakusuma, kaliyan kaliwon ing Kasunanan kakalih jawi lebet sapanekaripun sami andherekaken lampahing bandhusa dumugi ing pasareyan ing redi Mangadeg.

Sareng bandhusa dumugi pasanggrahan ing Jurug mawi kaurmatan drilling prajurit infantri, kajawi saking punika para abdi dhusun bawah ing kadipaten Mangkunegaran sami kadhawahan andherek methukaken ing bawahipun piyambak-piyambak, sadaya ngantos dumugi ing redi Pandhan, lajeng kapethuk dening abdi dalem Jagaastana, abdidalem prajurit utwai sanesipun saking redi Pandhan sami wangslu dhateng nagari, amurang den mas Arya Gandaatmaja, raden Mas Arya Tondhakusuma, kaliwon ing Kasunanan kakalih wau, sarta abdidalem punggawa ing Mangkunegaran ingkang ngnatos dumugi pasareyan ing redi Mangadeg.

---

Nyonyah Uf sepuh ing surakarta, ngaturi serep dumateng para priyantun, sinten ingkang karsa mundhut ajegan warni sinjang wiyar, sarung, dhestar, semekan, kampuh, sakpanunggilanipun badhe ngladosai regi sedheng, bayar kuntan.

---



Angka 32, 10 Agustus 1865

Tuhan ingkang ngarang serat Jurumartani asuka tarimakasih dhateng ingkang nama: Set bab anggenipun amamanceni dhateng kiranging pawartos ingkang alebet ing jurumartani, ing mangke tuwan ingkang ngarang serat jurumartani anyatheti wawancanan punika minongka pepemut, dene lalampahan ing Ombarawa ing Banyubiru prakawis lindhu, saha bab lawuhipun Kanjeng Tuwan ingkang Wicaksana Gubernur Jendral wonten ing Samarang tuwin tindhakipun dhateng Ombarawa, Banyubiru, ing salajengipun punika sampun kalebet ing Jurumartaniingkang sampun medal kala tanggal kaping 3 Agustus angka 31 Menggah lalampahan ing sapanunggilanipun wau, boten saged dipun tumunten ing Jurumartani, amargi saking kathahing serat kikintunan saking anah ing pundi-pundi, ingkang kapurih macak wonten ing Jurumartani, serat kikintunan wau kedah inggih kadamel sami ing pamacakipun wonten ing Jurumartani kaliyan pawartos pepethikan saking serat pawartos Walndi ingkang katedhak ing basa jawi, kaprelokakaken wonten ing pamacakipun wau, manawi kamanah sae cariyosipun.

=====

Kulawisudhan sapanunggilanipun.

Kanjeng Tuwan Y.Panseloten Sekretaris ing paresidhenan tanah Borneyosisih kilen, ing mangke kaundur kalenggahanipun kalayan kurmat, amargi saking sakit mawi kaparingan wahgel.

Tuhan C.S.Winter, Jurubasa ing nagari Surakarta, ing mangke awit saking panuwunipun piyambak kamantunan kalayan kurmat saking anggenipun dados jurubasa, mawi kaleresi kantuk pensi-yun.

Tuhan Y.Phis priyantun ingkang pikantuk wahgel kala waunipun dados asisten residhen kareh dhateng kanjeng tuwan Residhen ing tanah Borneyo kidul tuwin wetan, ing mangke kakula wisuda dados asisten residhen sarta magistrat angirasm dados piskal ing Palembang.

Tuhan H.W. Setinbergen irstekomisi ing kantoripun kanjeng Tuwan Residhen ing Surabaya, ing mangke kakula wisudha dados sekretaris ing Paresidhenan Borneyo sisih kilen angiras

dados Pendhimester.

Tuhan H.N.H.Wilkes ing mangke kakula wisudha dados jurubasa ing nagari Surakarta.

Tuhan F.L. winter, ing mangke kakula wisudha dados sajung Juru basa ing kantor Jurubasa Surakarta.

Tuhan C.E.Dh.Winter, Elpe jurubasa ing Surakarta, ing mangke kakula wisudha dados Aspiran Jurubasa sawatawis laminipun ing kantor jurubasa Surakarta.

Tuhan C.DH. Winter, ing mangke kakula wisudha dados Elpe Jurubasa sawatawis laminipun ing Kantor Jurubasa sawatawis

laminipun ing kantor Jurubasa Surakarta.

Kanjeng Tuwan O.Pensolanen Petel, ingkang wau dados Residhen ing Banten awit saking panuwunipun piyambak angggenipun kaparingan pamit kalih tahun dhateng Erophah, utawi dhateng sajawining Indiya Nederlan ing mangke kasandhekaken.

kanjeng Tuwan O.Pansolanen Petel ingkang wau dados Residhen ing Banten, ing mangke kaundur saking kalenggahanipun kalayan kuramt mawi kaleres apikantuk pensiyun.

Tuhan DH. Meyer kontelir Twedheklas ing mangke kainggahaken ing kalenggahanipun dados Kontelir Tewedheklas.

Tuhan F.C.E, Weines priyantun kareh dhateng Kanjeng Tuwan Dhirektur saking tanem tuwuh, ing mangke kakula wisudha dados Kontelir Dherdheklas.

---

Pawartos warni-warni.

Kanjeng Tuwan Ingkang Wicakssana Guprenur Jendral kala tanggal kaping 29 wulan Juli ingkang kapengker sampun rawuh ing Batawi saking Samarang.

Kanjeng Tuwan ingkang Wicaksana Guprenur Jendral sampaun amranata wonten ing Ombarawa tuwin ing Banyubiru ingkang sami karisakan saking dening lindhu, saha ingkang prelu ing sana-likia, menggah pranatanipun wau karumantosan griya-griya ingkang wonten salebetung beteng ing Ombarawa, ingkang kawasanan betng Willem Kapisan, wah griya-griya panggenanipun prajurit supados sampaun ngantos wonten ingkang jugrug malih, wasana katamtokaken sasaged-saged enggaling pangelihipun para prajurit, titiyang ingkang sakit sakitan kapal saha bakakas artileri, sadaya ingkang sami wonten salebetung beteng tuwin ing griya panggenanipun prajurit, anjawi saking punika para p[rajurit Infanteri sabataliyon saweg karumantosan panggenanipun.

=====

Saking pawartosipun ingkang kantun kawedalaken saking Telegrap ing Samarang, bilih kala tanggal kaping 28 wulan Juli ingkang sampaun kapengker, wanci pukul satengah kalih welas siyang, titiyang sami kraos ebah ing siti saking dening lindhu, andadosaken bengkah enggal temboking salebetipun beteng tuwin temboking gedhong sandawa ing Banyubiru. Sapunika titiyang sawg sami angelih sandawa saking Banyubiru sabekta dhateng Salatiga tuwin ing Kedhungkebo, kala tanggal kaping 30 wulan Juli wau titiyang sami kraos ebah ing siti malih saking dening lindhu ingkang langkung sanget. Para prajurit Artileri ing sakinten badhe kaprenahaken wonten ing Magelang, bataliyon pitu sami dhateng ing Salatiga, sarta bataliyon satunggil kakumpulaken wonten ing Surakarta, punapa dene ing mangke tiyang saweg angupados panggenanipun bataliyon sakawan wonten ing Ngayogyakarta, para prajurit

ingkang kaandhev wonten Ombarawa mangke saweg kaupadosaken panggenan ing Samarang.

=====

Serat saking Samarang anyariyosaken kados ing ngandhap punika:

Samarang kaping 1 Agustus 1865.

Ing Ombarawa tuwin ing Banyubiru titiyang saben dinten taksih sami kraos ebah ing siti saking dening lindhu, dene ing Banyubiru ing mangke katingal karisakan sanget griya-griya panggenan prajurit dadamelan tuwin gedhong sandawa, punapa dene griya-griyaning para opsir kathah ingkang katingal risak kados dening kamariyeman,, boten wonten griya satunggil-tunggil ingkang wetah boten anandhang karisakan, saking pawartosing ngakathah, sampun boten wonten satunggil-tunggila ingkang kenging kaenggonan, malah ing Banyubiru sapuniка sampun katilar, sarta badhe kajugrugen sadaya. Wondening ing Ombarawa boten patos karisakan sanget, ananging manawi aningali risaking santosaning dadamelanipun griya-griya tuwin kandeling tembokipun inggih ugi katingal sanget karisakan, punapa malih griya-griya ing ngriku kathah sami anguwatosi, manawi kaenggenan ing tiyang, ing mangke beteng ing Ombarawa kawatawis boten kenging lestantun dados beteng.

---

Pawartos ingkang kenging kapitados amratelakaken manawi tuwan Gores badhe dhateng ing Surakarta, supados sageda aningalaken kabangkitanipun adamel sekar latu wonten ing ngriku.

---

Cariyos saking Nagari Ngawi, Paresidhenan Madiyun.  
Kala tanggal kaping 21 wulan Juli 1865 ing dhusun Templek dhistrik Sepreh bawah kabupaten Ngawi, wonten satunggl tiyang nami Sutametja kinten umur 32 tahun, gadhah anak tiga iji estri sadaya, ingkang bajeng umur 6 tahun, panggulu umur 4 tahun ingkang ragil lebar sapiyan punika sami katilar emboki-pun kesah kurung derep dhateng bawah Dhistik Jagaraga Kabupaten Ngawi ugi, sarta sonten wanci pukul satengah wolu dalu pun Sutametja anakipun sami kakeloni wonten patileman sen-thong korinipun katutup, sareng dangu Sutametja tilem saanakipun ugi sami tilem sadaya, antawising dangu griyanipun kabesmen leres empyaking griya wingking ingkang ngajeng dados angsal griya ngajeng wingking kabesmen sareng, sareng brama sampun nyukebi patileman pun Sutametja bingung pados margi boten angsal brama sampun sanget anggenipun lajeng lumajeng medal tengah brama, sareng dumugi jawi pun sutametja saknali-ka boten emut kalemper, saking sangetipun lonyoh, awakipun dene anakipun ingkang sami kantun pejeh sadaya, sareng pulisi tandang sami dhateng bangkenipun lare, meh ical sipatipun lare, tangan suku sami luluh mretheli sadaya, maing sanenem iji kakanthanging wonten griya ngajeng pejeh saaya, sak

nalika biyungipun lajeng kajujul ing pulisi dhateng Jagaraga,  
sareng biyungipun dhateng priksa bangkenipun lare wau dhawah  
mawon saking kapal ngantos boten enget, lajeng katulungan  
dhateng para priyayi kumisi supados sageada emut sareng dangu-

dangu emut lajeng Sutametja jaler kacaosaken ing negari  
supados kadhokter kang wonten griya sakit ing beteng Ngawi.  
Kajawi saking punika bab kabesmenipun griya wau panimbanging  
kumisi kabesmi ing durjana pandung, amergi nglaras ingkang  
kobong rumiyin.

Cariyos punika kula aturi macak ing Serat Jurumartani.

Ingkang pratondha Mantri negari Ngawi Panjijayadirja.

=====

Kula Tuwan Katenbel, ingkang wau gegriya ing Surabaya: kala  
ing tahun 1864 kula ngalih wonten ing Tawangsri bawah negari  
Ngayogyakarta; kula mireng yen benjing wulan Agustus utawi  
September: tanggal dereng tamtu; Kanjeng Gusti Pangeran  
Adipati Sasraningrat ing Ngayogyakarta badhe krami: angsal  
putranipun Raden Adhipati Cakranegara ing Banyumas ingkang  
sampun tilar dunya:

Katandhan Tuwan Katenbel.

]=====

Kula sampun maos serat Jurumartani katiten kaping 15 Juni  
tahun 1865 angka 24 sedayaning cariyos inggih punapa ngadat:  
namung perlu kula kedah amrima kasih kalayan tabe kaurmata  
akathah-kathah, dhateng tuwan Konthostu, ananging saking  
taminipun ing manah naminipun tuwan wau bok menawi kengingna  
wedhar ing jarwa crita kang tamtu: dugi=dugi ing negari  
Surakarta boten wonten tuwan ingkang nama punika, dados ugi  
menawi saking panggitting para bijakswa tuwin sujana, ananging  
inggih kedah kula sangsuli trimakasih: pramila kula anrimaka-  
sih awit dening kasinggiyan ing pamanggihipun ingkang sampun  
kawrat ing Jurumartani nggen kula mastani kasinggiyan liripun  
ngandhap punika:

Awit dene nastiti ing kuwajibanipun kuwajiban wau wajibing  
pengalem gunggung dhateng ingkang ngingoni: Senajan tuwan wau  
saupami dede abdi ing kamangkunegaran: saking wetewis tepang

prasobat ingkang sakelangkung sae saha raket.

Wondene ing bab punika: senajan tiyang sepuh bapakula Tumenggung Pepatih Pakualaman; inggih srng tumut amastani sae; ing panjenenganipun kanejing Gusti Pangeran Adipati Arya Mangkunagara ingkang kaping 4, punika: kirang langkung sampun wonten 6 tahun tiyang sepuh kula wau nate nunggil dhahar sakmeja nalika wonten Brosot utawi ing Glaeng, saha Kanjeng Tuwan Residhen Niwen ing Sasen.

Ananging menggah sae wau boten saged marinci wijang-wijangi-pun sabab tiyang negari Ngayogya, dados boten saged priksa sadintenipun mila dados anyariyosaken ingkang kapriksanan piyambak: menggah ingkang mekaten wau ing saestunipun sampun mupakat ing ngakathah: wondening menggah saestunipun kados boten wonten ingkang nama langkung: sipat ngaralbapsariyah: kejawi ingkang sipat rahman jejuluk Ngaji Julkakim, ing kawi makna wicaksana jarwa jawi ingkang sampun manggen kaluhurani-pun wondene menggah ing kelahiran namung Kanjeng Gupernemen ingkang angrenggani sasebutan luhur: sekti sura tebih saking Goraghodha: mekaten ugi kanjeng para Pyahgung ingkang sampun-kapiluh dening kanjeng Gupernemen: boten kenging boten tamtu kedah kawastanan sae: wodening saenipun tamtu kedah wonten

parincenipun ing bab: saking tampining manah ugi gegandhetan awon kelayan sae: ing kawiswarkararupa memanis: madunin gtawon celak kelayan antup: sih kanthi deduka: ingkang ngebaki ing buwana namung kalih prakawis: sumongga anggenipun sami galih pyagung para binangkit.

Wondene jurumartani ingkang angka 23, wonten anyariyosaken ngadat karsanipun kanjeng gusti Pangeran Adipati Sasraningrat punika namung mamrih mupakat kapireng ing ngakathah: boten mamrih kaungkulaken ing sesami saminipun: saha boten mamrih ngalem ing litnanging negari ngamonca, saestunipun ingkang kenging kapurih ngalem punika namung ingkang dipun ingoni nanging inggih ugi wonten prayginipun malih Tuwan Konhestu wau, dening angenggeni patrap utami angulahing kaluhuranpun langkung prayogi yen katimbang ing tiyang ingkang budi andhap: senajan ingkang serat punika saking barkah ing pangwalan tuwin werdining sudarma inggih sanget tiyang budi andhap punika boten sumerep raosing manah.

Yen wonten kirang langkunging tatakrami diksuraning sestra  
sampun ngantos kagalih kumawi utawi kumaki: mugi pangaksami-  
nipun ingkang agung ing para pyagung ingkang maos Jurumarta-  
ni.

Sinerat tanggal kaping 12 Juni 1865.

Katnahdan mas Panjijayeng Taruna.

=====

Menira aturi macak ing Serat Jurumartani.

Menira Raden Ngabei Danukrama, ngaturi priksa sobat menira sedaya, menawi wonteningkang gadhah kambangan pethak cocori-pun cemeng, sukonipun cemeng, kulitipun biru, menawi wonten sarta dhangan, menira gedugi anglintoni kapal ingkang pen-gaosipun satus rupiyah pethak, sabab menira purun semanten wit kathah damelipun ing ngriki, yen mila wonten lajeng kakintuna dhateng wisma menira kidul asowan Tanjung Kada-nurejan, sanget-sanget panuwun kula.

Parentah Kedanurejan

Katandhan: Danukrama

=====

Panggenan adamel gambar sorot. Ingkang katondha astaz ing ngandhap punika sami amratelakaken manawi wiwit ing dinten punika angadegaken panggenan adamel gambar sorot wonten Kabalen ing griyanipun Tuwan Dhongker.

Sareng aben-abenipun adamel gambar sorot ing sapunika dereng dhateng, mila panggenan adamel gambar sorot badhe badhe kabikak benjing tanggal kaping 16 wulan Agustus sapunika.

Menggah regining gambar sorot punika ing sasaged-saged kada-mel mirah kemawon, dene manawi boten saha warninipun ing gambar wau kenging kawangsulaken.

katnahdan Tuwan Dhongker tuwin tuwan H. Mangillapri.

=====

Ing tokonipun Tuwan Dhegrootkolep en ko ing Surakarta mentas atampi pirantos anyerat warni-warni, kados ta, kertas warni-warni, kalam elar tuwin waos, mangsi abrit biru, ijem tuwin cemeng, kadekekaken ing ples alit-alit, ingkang ngiras kening

kadamel wadhab mangsi pisan, jidaran kajeng tuwin gelas, saha  
cap serat punapa dene sanes-sanesipun.

Ingkang punika panedha kula para priyantun mugi karsaha  
aningali dhateng ing toko wau, saha atutumbasa ingkang dados  
senenging galihipun.

Katandhan Tuwan Dhegrootkolep en ko.

---

Angka 34, 24 Agustus 1865

Pawartos warni-warni

Surabaya kaping 11 wulan Agustus 1865 kala wingi dalu wanci pukul satunggil, ing Pacinan Surabaya wonten griya kabesmi, dene ingkang kabesmi punika griya ingkang wonten ing ngirinanipun griya ageng, gadhahanipun tiyang Cina anama Coacingho.

Awit saking gumederipun swaraning titiyang kathah ing nalika wonten griya kabesmen, ingkang gadhah griya kaget lajeng tangi, aningali ing sanalika lalu mulad-mulad wonten sanggingilipun lotenging griya ingkang wongten ing ngiringanipun griya ageng wau, nunten kathah titiyang sami dhateng tandang tulung, sareng mireng panjelihing ngakathah anedha tulung, saha ungeling kendhongan, kadadosanipun ing wanci pukul tiga dalu titiyang kathah sami saged amejahi lalu.

Babah Coacingho ing nalika smanten sumerep, manawi tromelipun kakalih ical ingkang isi mas inten, ananging sareng Babah Coacingho angupadosi, tromel kalih kapanggih wonten ing Galdri wingking, kaumpetaken wonten sangandhaping benet ingkang pance damel panggenan angrawati tetedhan.

Sareng prakawis punika kalapuraken dhateng Tuwan Asisten Residhen Pulisi, kanjeng Tuwan Asisten Residhen lajeng anglampahaken utusan tuwan Upsekot Pan Sepreh, sasampunipun atiti pariksa bab prakawis punika, tuwan Pan Sepreh tumunten gadhah panginten dhateng rencangipun Babah Coacingho gangsal ingkang lajeng sami kabekta dhateng griyanipun Tuwan Spreh.

Saweg kala wingi sonten tuwan Spreh saged pikantuk pangakenipun tiyang estri gangsal wau, saha sampun tetela sakin g titi pariksanipun, manawi titiyang estri wau ing dalem wolung dinten laminipun sampun sami gadhah sedya ambesmi griyaning bendaranipun, mengkah pikajenganipun manawi ing salebetipun wonten rame-rame bab griya kabesmen, badhe lajeng amendhet barang mas inten wau sadaya ingkang regi gangsal yuta rupiyah.

---

Dereng lami ing Wilnah tanah Ruslan wonten kere tiyang Yaudi anama Simel Sligol pejah kabekta dhateng kuburan badhe kapendhem kairingaken titiyangngipun kitha ing ngriku sapalih, kere punika anggenipun angangge sandhanganing kere sarwi

awon saha anglampahi dados kere laminipunn tigang dasa tahun, kere wau lumampah papriman wonten ing lurunging kitha ing Wilnah, mawi awicanten makaten: Mugi-mugi engeta dhateng titiyang ingkang sami miskin sarta engeta dhateng para rondha tuwin rare yatin, wondening anggenipun anglempakaken arta ing dalem tigang dasa tahun kathahipun kirang langkung saking 171.000 rupiyah, arta samanten punika boten kapendhet ing sasigar-sigara, kere Yaudi wau sumerep ing Wilnah pundi panggenanipun tiyang sakit nunten kapurugan saha pitulung dhateng tiyang sakit punika, dene padamelanipun kere ingkang kaprelokaken punika ambayari arta pamulangipun para rare ingkang sami miskin sarta anumbasaken serat-serat ingkang kangege dhateng para rare wau. Menggah tatedhane rare Yahudi ing samongsa-mangsanipun arawat, tatedhan punika saben dinten

kabekta dhateng panggenan ingkang sampun katamtokaken, wonten ing ngriku kaedum-edumaken dhateng titiyang miskin, dene ingkang katedha piyambak ing saben dintenipun punika saking angsal-angsalaning anggenipun adamel senggruk ingkang kawade, angsal-angsalanipun anggenipun priman sigar sadhuwit punika kapancekaken dhateng titiyang miskin, sandhangan ingkang ragi sae anggenipun anyukani titiyang dhateng kere wau, sadya inggih sami kasukakaen dhateng titiyang miskin dening kere wau punika.

---

Serat saking Surakarta kasebut ing Serat Pakabaran saking Surabaya, amratelakaken kados ing ngandhap punika:  
Saestu boten wonten sumelangipun, manawi griya-griya ing Ombarawa tuwin ing Banyubiru sapanduman kadamel ing siti ingkang ngandhap wonten telaginipun, ingkang lami-lami lajeng amendhelong. Supados amurih sagedipun anelakaken bab wontenipun telagi ingkang sakalangkung lebet tuwin boten ketinggal, punika sampun sawatawis tahun laminipun ing nalika wonten Dragunder Walandi angajari kagunganipun titiyan kan-jeng Pangeran Adipati Arya Mangkunagara, titiyan punika sakalangkung saenipun, supados sageda adamel sayah tuwin tututing kapal wau ingkang sanget ringasipun, kapal punika lajeng katumpakan dening Dragunder Walandi wau, kabekta

dateng ing pawedhenanipun Banawi ing Surakarta, pangintenipun Walandi wau, manawi sitining wedhen punika kekah, anang-ing lepat ingkang dados pangintenipun, kapal kaliyan ingkang anumpaki sami wonten ing wedhen ingkang ngandhap wonten telaginipun, kadadosanipun kapal kaliyan ingkang numpaki lajeng sami ical wonten ing ngriku.

---

Serat ingkang saking Surakarta, katitimangsan ka[ping 11  
wulan Agustus punika, anyriyosaken kados ing ngandhap punika.  
pakabaran ingkang saking parentah medal ing telegrap bab  
ganjaran dhateng para Ufopsir, opsir, Onderopsir, kopral  
tuwin para saradadu, ingkang sami anandhang pitunan kalanipun  
wonten lindu ing Ombarawa tuwin ing Banyubiru, menggah ganja-  
ran punika ing mangke sampun dhateng, dene pamerangipun kados  
ing ngandhap punika.

Letnan Kolonel angsal 1000 rupiyah  
Mayor angsal 800 rupiyah  
Kapitan angsal 500 rupiyah  
Litenan angsal 300 rupiyah.

Onder Opsir kopral tuwin para saradhadhu sami pikantuk balan-  
janipun ing dalem gangsal dinten.

Ing wasana kurmat tuwin panrimah dhateng kanjeng Tuwan ing-  
kang wicaksana Guprenur Jendral, saha dhateng kanjeng Tuwan  
Jendral Kumendhaning para prajurit sadaya, bab utamining  
patrap ing ngatasipun prakawis punika.

---

Ingkang serat saha ingkang tabe akathah kathah ingkang sauda-  
ra raden Ngabei Padmadipura mantri Nagari ing kitha Bojanaga-

ra, mugi kaatur ing Panjenenganipun ingkang saudara tuwan  
Pris Winter ing Nagari Surakarta Adiningrat.

Punika wewahanipun Serat Jurumartani kaping 24 Agustus 1865  
Kala ing dinten Rebo tanggal kaping 26 wulan Juli tahun 1865  
Raden Tumenggung Panjinata Amijaya, Bupati ing Kendhal Pare-

sidhenan Samarang, kaparingan pangkat inggahing kalenggahan  
anama kanjeng Raden Adipati dening Kanjeng Tuwan Ingkang  
Wicaksana Guprenur Jendral, Kadhwahaken piyambak wonten  
dalemipun Kanjeng Tuwan Residhen ing Samarang.

---

Semawis kaping 20 Agustus 1865

Dhumateng tuwan-tuwan utawi para priyantun. Saking tiyang  
Cina wasta Owicuntik, saking negari Sala sarta kula angsal  
kuwasa trima arta-arta saking tiyang kang gadhah sambutan  
dhateng piyambakipun. Kalayan punika kula nuwun dhateng para  
tuwan-tuwan supados nyaur sambutanipun kang kalayan enggal  
dhateng kula, utawi dhateng tuwan C.Kunes ing negari Sala,  
kang nyepeng dhateng panguwasan kula narima arta-arta, sarta  
mertandhani serat kuwitansi, saking tiyang kang kagungan  
sambutan kalih Owicuntik. Saking Serat Katrangan punika kula  
suka uninga dhateng para tuwan-tuwan, kang langkung sangkng  
tigang wulan sangking waktu punika sedayanipun rekening,  
inggih badhe kula sukakaken dhateng astanipun tuwan Pokrul  
kang narima arta wau.

Serat punika kalayan kaurmatan

E.C.Edhor

J.C.Gelman.

---

Tuwan Dhegroot Kolep en ko ing Surakarta angaturi para priyantun ingkang sami angarsakaken badhe tumbas serat pananggalan ing tahun 1866 kaanggit dening Tuwan F.W.Winter, mugi karsa amratelakaken rumiyin bab badhe panumbasipun serat pananggalan wau, menggah serat kalowonganipun serat pananggalan punika sampun kapencaraken sawrat ing serat Jurumartani angka 33.

Ing mangke panuwunipun Tuwan Dhegrot Kolep en ko, mugi para priyantun ingkang sami mendhet serat Jurumartani, karsaha enggal angintunaken wangsl serat kalowongan ingkang sampun katampenan, manawi sampun katandhan sapinten anggenipun mendhet serat pananggalan wau.

Katandhan Tuwan Dhegrotkolep en ko.

---

Benjing dinten Rebo ing ngajeng tanggal kaping 30 wulan  
Agustus punika, ing Surakarta badhe amade griyanipun Nyonyah  
Pon Setrakah, ingkang wonten Setrat ing ngajeng, sapunika  
dipun enggeni tuwan Kasperen.

---

Sasampuning ingkang kadya unika wiyosipun kula angaturi  
uninga kala malem dinten Salasa Kliwon tanggal kaping 15

wulan Agustus punika, pulisi ing Bojanagara nyepeng pandung wonten sangginggilipun loteng Kantor Uang Bojanagara, purwani-pun pukul 1/2 1 dalu prajurit Jawi ingkang jagi ing kantor wau, Cekilwak ing sawingkingipun griya kantor wau, wusana ing saeleripun kantor, wonten ondha deling salonjor, sumendhe ing taritisan sareng katingalan ing nginggil katingal wonten satunggal tiyang badhe mudhun saking nginggil payon, ondha lajeng katarik dhumateng prajurit wau badhe kabucal, ing nginggil kagendholan pandung, dados tarik tinarik, prajurit ingkang narik ondha lajeng nedha tulung dumatng kancanipun 3 prajurit 1 kopral lajeng sami nulungi ondha kenging kabucal, wau pandung sumeda badhe anjlog ing siti, ananging kajrih-ajriyan badhe kasangkuh dados pun pandung lumebet ing sale-beting loteng malih, boten antawis dangu kathah pulisi dha-teng, saha kanjeng Tuwan Asisten Residhen, kanjeng Raden Adipati sami rawuh, pandung lajeng kakepang kadangu dhumateng Kanjeng Raden Adipati, matur saking salebetipun loteng, nama tuwin griyanipun, kadangu malih punapa nuwun gesang punapa nuwun pejah, saupami nuwun gesang kakersakaken medal saking loteng sarta nunten muwun ing siti, pandung matur kalayan dharedheg nuwun gesang, sarta lajeng medal saking loteng muwun medal andhanipun lami, sadhatengipun siti lajeng kace-peng, kadangu lumebetipun kala punapa, sarta sinten rencangi-pun, aturipun lumebetipun kala wingi dalu malem Senen Wage tanggal kaping 14 wondening ingkang lumebetaken Kopral prajurit ingkang jagi kala malem Senen wau, pandung lajeng kalebe-taken ing sepir, sarta prajurit ingkang katarik wau inggih lajeng kacepeng. kantor Uang lajeng kabikak, ingkang ical namung arta sen 1 karung isi 25 rupiyah perak, sarta nginggi-lipun loteng labet kaeebur bolong namung sacekaping tiyang, loteng lajeng kainggahan arta 25 rupiyah wau taksih kantun wonten salebeteng loteng, bekakasipun pandung ingkang ka-panggih ing loteng 1 bur ageng 1 pangot, 1 upet merang, 1 rasukanipun pandung.

Kejawi saking punika kula nuwun mugi sampeyan lebetaken ing serat jurumartani. Ingkang saudara Patmadipura. Bojanagara kaping 16 Agustus 1865.

---

Serat saking Batawi ungelipun kados ing ngandhap punika: Ingkang serat sarta ngaturaken tabe akathah, saking kula raden Panji Nata Wikara, juru serat sarta kumisi sastra sangking kantor Pangecapanipun kanjeng Guprenemen ing Nagari Batawi, mugi kaatur panjenengan paduka, Tuwan Dhegroot Kolep en ko. Sasampuning kadya punka awiyos kul akami purun gadhah penuwun ingkang supados kapacak wonten ing serat Jurumartani, sampun ngnatos wonten ingkang suda tuwin wewah ing tetembunganipun, kados denten serat ing ngandhap punika. Emas Wangseng Darmita, bok inggiya sampun sanget-sanget anggen sampeyan anjelir-jeliraken dhateng raden tumenggung Sasradiwirya, ingkang samangke wasta Raden Tumenggung Jagane-gara, sangking pangraos kula mas serat sampeyan ingkang rumiyin punika kimawon sampun anyekapi ing ngatasipun penyar-u, malah-malah sampun kapara langkah dhateng bongsa keng wicaksana, ing wusana serat jurumartani angka 30 Kemis kaping

27 Juli wonten malih malah kelangkung-langkung, inggih ugi langkung leres karsa sampeyan punika anamung toh. Dene sangking kayektosanipun ing tanah Betawi pundi priyantun ngkang maos serat Jurumartani saking tapak astanipun Raden Tumenggung Jaganegara sanget sami eram, sarta sak warnining abdi lan santananipun Kanjeng Guprenemen ingkang sak wetewis gadhah kasagedan sami ngungun, anaming toh boten purun anjelir-jeliraken kados sampeyan punika mas, mila saking pandugenipun Mas Ngabe PartaWirana ing Batawi sampeyan punika kawawrat trang dede tiyang sak beresipun.

Wondene menawi sak estu estunipun mila terang Raden Tumenggung Jaganegara dereng nate sumerep ing nagari Monca, inggih ugi Raden Tumenggung wau sampun nate ngubengi negari ing pundi-pundi, kdosta mengetan dumugi ing Prambanan candhi Sewu lan Bayat mengilen redi Kelir tanah sak wetanipun Pragi-wonta, mengaler ing lepen Krasak sak urutipun, mengidulipun ingkang dipun sumerepi kula sumangga.

Batawi kaping 18 Agustus 1865, katandha Mester Sastra Cithak  
ing Batawi Raden Panji Natawikara.

---

Panuwun kula mugi panjenengan tuwan pacak wonten Serat Jurumartani.

Saking kawula pun Kyai Darmayasa, abdi dalem priyantun Guprnemen sepuh, ngaturake kawruh, bab caranipun nagari pasisiran, ingkang sampun kula sumerepi, ingkang prayogi, namung pengaturanipun tiyang alit ing kampung, miwah dhusun afdeling Kudus kalebet aneh pyambak katimbang sanesipun afdeling bawah residensi Jepara.

Bilih marapake nami julukan dhateng anakipun mawi nayuban kawetanan nayuban, tegesipun datan mawi uleman.

Ngangge gongsa, satunggal rancak pelok mawi ringgit tandak kekalih, sami ngangge oncek sekar menur, cundhuk sekar goyang jeni, kalung rante loji jeni, tapihipun kapraos jeni.

Sasampunipun byawarakaken ppangalihipun nami, alit dhateng tiyang sepeh-sepeh kang sami lenggah ing tratak mriku, lajeng brondong mercon rentengan, gongsa kapukul mungel sepena

Lere kang kaparapake wau lajeng ngunjung, dhateng tyang sepeh sepahipun kang lenggah sedaya, mundur gongsa lajeng kapukul gendhing lala, lajeng besa.

Wondenten panganggenipun cara penganten, bakda lajeng tyang kalih ingkang dados pengawit, sami ngadek besa, kaungelaken gendhing, rangu-rangu jepara, bakda beksa gongsa kapukul cara wangsul klayan brondong mercon.

Lajeng tyang kang ningali, ingkang sami kajat badhe metoni, lajeng malebet ing tratak, ing ngajenganipun ingkang kaparapake wau, klayan ngajengake sasajen pepanganan, kanan kering diyan ajuk.

Satunggalipun gendhingan kadosta sumyur, mesthi kabeksani tyang kekalih, lajeng ringgit kalih majeng, bekta sampur plangwi sutra.

Bilih sesahatipun ingkang metoni, katondha dhateng sampuripun sutra jenar, wau sampur kang kabekta dipun kalungna ing jongga, lajeng sami ngadek besa.

Patrapipun sami ajeng-ajengan kados denten tiyang dhansah, mawi tombakan arta kathahipun 1 rupiyah, kedhikipun 1/2 rupiyah petak, satunggilipun pikantuk arta 100 rupiyah petak kadarbe dhateng ringgitipun pyambak-piyambak.

Terkadang wonten ingkang banjetan, tombokan kathahipun 100 rupiyah kedhikipun 50 rupiyah pethak, ringgitipun mangsuli, sekar puspa karna, gantenmasan, ses satunggil bengket.

Mila kajagi dening pulisi patroli, kuwatos menawi wonten tiyang damel rareshan.

Mawi kawaleri boten kenging tiyang malebet trtagk sade-rengipun tiyang bakda besa, bilih paksa kalokake badhe nyelni, lajeng katangkep pulisi kajagi wau.

Kajawi bilih sampun bakda besar, pikantuk tiyang kathah sarweng malebet.

Wondening ringgit kang onjo piyambakpangigel tuwin panggendhingipun 1 golek 2 manis 3 konang, 4 langensari, 5 lipursari, 6 lali jiwa, sedaya tandhak kang sae sedheng asor, kalebet kang taksih wulangan, wonten saking 5 dhusin, mawi kabawah-lurah pyambak-pyambak, tetepan saking kantor kadunungaken wonten kampung Panjunan dhistrik kitha Kudus, saha mawi kaparingan griya, panggenan, pirantos pangoresan saking ongkos guermen, kaparingan 1 mantri korek ngiras dadosdhok-ter jawi, tetepan skaing knagjeng Guermen, kaparingan blonja kang satunggal santunipun 25 rupiyah pethak, mawi setangsi songsong dhasar wungu nginggil biru seret satunggal tengah pratos.

=====

Kanjeng Pangeran Arya Adipatisurya, ing Surakarta, darbe dhumateng bongsa Jawi, tuwin bongsa sabrang sapanunggalanipun sinten ingkang anyambutaken dhumateng kanjeng Pangeran Arya Adiwijaya, ingkang sampun seda kala tanggal kaping 21 Juli 1865, mugi asuka apratela dhumateng Kanjeng Pangeran Arya Adisurya wau.

Katandhan Kanjeng Pangeran Ariya Adisurya ing Surakarta.

Angka 35, 31 Agustus 1865

Kulawisudhan sapanunggilanipunKanjeng Tuwan Y.W. Panreik, Asiten Residhen ing Kabumen paresidhenan Bagelen, ing mangke kaparingan pamit kalih tahun dhateng nagari Walandi.

Kanjeng Tuwan Mister Y.N.Dhewit, Residhen ing Tapanoli tanah Sumatra pasisir kilen ing mangke kakula wisudha dados residhen ing Padhang tanah inggil bawah Sumatra pasisir kilen.

Tuwan C.Preis Pandherumen, ingkang wau dados Asisten Residhen ing Mandheling tuwin Ankolah tanah Sumatra Pasisir kilen saha dereng lami wangslu saking pamit dhateng nagari Walandi, ing mangke kakula wisudha dados Asisten Residhen ing Bangkahulu.

Tuwan E.C.Panploten tuwin Tuwan C.W.P.Perkeik Pistebiyus kalih pisan sami dados priyantun kareh dening Kanjeng Tuwan Guprenur ing Sumatra pasisir kilen, ing mangke sami kakula wisudha dados kontelir Dherdheklas saking paparentahan lebet ing Sumatra pasisir kilen.

=====

Pawartos warni-warni

Kanjeng Tuwan ingkang wicaksana Guprenur Jendral kala ing dinten Senen ingakng saweg kalampahan punika karsa badhe tedhak dhateng anyer, anitih baita kapal api anama Brama, saking ngriku karsa tedhak dhateng Banten.

=====

Kala tanggal kaping 17 wulan Mei ingkang sampun kapengker ing saganten Kapdhegudheup tanah Aprikah, wonten angin ageng, kalampahan angandhasaken baita kapal kathahipun 18 iji, sami kabucal dhateng pinggir, sarta meh sadaya kerem, baita kapal api pos anama Etten satitiyangipun kelem wonten ing saganten wau, boten wonten ingkang gesang.

=====

Ing London dereng lami wonten tiyang pejah anama Risarte,

ingkang ngumur wolungdasa pitu (87) tahun, tiyan gpunika sugih piyambak ing ngatasipun para saudagar, dene bandhanipun kamurwat 50uta rupiyah, salaminipun gesang tiyang sugih wau dereng nate anglampahi rabi, ewadenten anakipun kathah, ananging anak punika sadaya salaminipun dereng kaaken anak saking bojonipun, menggah anak-anakipun wau sadaya jaler, taksih sami gesang, sarta kawulangaken supados saged lumam-pah damel wonten ing baita-baita kapal, sareng anak-anakipun tiyang sugih punika sampun umur 25tahun katumbasaken baita kapal satunggil, kauntunganipun ingkang saking baita kapal punika kaedumaken dhateng anak-anak wau. Sareng tiyang sugih pejah baitanipun kapal sadaya dados gadhahaning para kapita-nipun piyambak-piyambak, dene barang titilaranipun dados gadhahaning para prenah kapanakanipun, ingkang sanalika sami

lajeng sugih sadaya, dados anak-anakipun wau boten pikantuk punapa-punapa.

---

Ing Numon tanah Prangkrik wonten rencangan sudagar nuju wanci sonten angiseni Brenduwin ing gendul amendhet saking Legger, sarta wutah sawatawis kathahipun sami dumawah ing Jrambah. Bojonipun sudagar lajeng anyrengeni dhateng rencang punika, bab anggenipunkirang pangatos-atos, sarehning rencang boten ngakeni amutahaken, bojonipun sudagar tumunten mendhet lilin ingkang kasuled, lajeng anedhahaken Brenduwin ingkang wutah wonten ing jrambah dhateng rencang wau, sareng makaten Brenduwin amurub saing dening kasaladan ing latuning lilin, urubipun wau lajeng anyaladi Brenduwin ingkang wonten ing Leger, ingkang lajeng baledhos, ambeleberi dhateng titiyang gangsalwelas, ingkang sami tandang tulung badhe amejahi urubing Brenduwin wau, titiyang sadasa pejah ing sanalika kabeleberan Brenduwin ingkang murub, dene tiyang ingkang gangsal saking watawising titiyang kakinten boten saged gesang.

---

Pinten majajinipun susuh ing paksi ingkang sami anedha uler. Ing ngandhap punika amratelakaken prakawis susuh paksi ing-

kang anedha uler dhateng titiyang dhusun kados makaten: anak-anakmu padha anjupuki susuh ing manuk kang padha mangan uler, mongka susuh iku wus padha isi endhok utawa anaking manuk wau, saupamane ing susuh iku wus ana anaking manuk kehe lima, lah kapriye manawa anaking manuk siji-sijine kamurwat sedhengan kudu mangan uler seket iji ing dalem sadina, kaloloh ing bapa biyunge, enggone oleh saka ing pakebonan, dadi manuk lima ing dalem sadina angentekake uler 250 mungguh panglolohe mau lawase 4 nganti 5 akad, manawa kaetung susuh siji angentekake uler 7500 ing dalem telung puluh dina, dene uler siji manawa kamurwat sedhengan angentekake mnongka pangane kembang siji ing dalem sdina, dadi telungpuluh dina angentekake kembang 30 iji, kang bakal padha dadi uwoh, ing dalem telung puluh dina mau iya telung puluh uwoh, dadi uler 7500, mau kamurwat padha angentekake kembang kang bakal padha dadi uwoh mau kehe 225.000, ing dalem telungpuluh dina, kang iku manawa anak-anakmu ora padha anjupuki susuh kowe utawa tangga mu bakal padha angundhuh wowohan kehe 225000 iji, dene manawa uler siji-sijine amangani kembang 10 utawa 20 nganti 30 iji ing dalem sadina ananging mung dikrikiti bae, andadekake alum utawa gogroking kembang, amsthi pitunamu utawa pitunan-ing tanggamu luwih akeh, ing saiki kowe bisa angetung gampong, pira majajine susuh ing manuk kang pdha mangan uler.

---

Wonten tiyang jaler nepsu dhateng bojonipun, sarta gadhah sedya angendelaken dhateng bojonipun wau ngantos lami, dene pikajenganipun angendelaken punika sampun kalampahan ing sawatawis dinten laminipun, sareng wanci sonten tiyang jaler wau minggah dhateng patileman bdhe tilem, sarta kethunipun kaangge ngantos dumugi ing kuping, supados anutupana kuping

punika, amurih sampun ngnatos mireng, manawi ingkang estri wicanten akathah, utaw kadamel api-api boten amireng ingkang dados wicantenipun wau. Sareng makaten ingkang estri lajeng nyuled lilin, sarta anyoloki panggenan ing pojok-pojok, para panggenan sami kacolokan ing lilin sadaya, kursi, meja tuwin barang sanesipun ingkang kenging kaingser, punika sami kaingseran saking panggenanipun, kacolokan ing ngandhap tuwin

ing iringanipun, nunten ingkang jaler alenggah wonten ing patileman, sarta aningali ingkang dados solahipun ingkang estri sadaya, ciptanipun manawi boten ngantos dangu anggenipun anyoloki wau, ananging lepat ingkang dados ciptanipun, ingkang estri tansah anyoloki kemawon, ing wekasan ingkang jaler ical kasabaranipun, lajeng pitaken dhateng ingkang estri, makaten: kowe anggoleki apa. Ingkang estri amangsuli: aku anggoleki ilatmu, nanging sarehning ilatmum wus katemu, saiki aku takon, sabab apa olehmu nepsu marang aku. Ingkang jaler lajeng sae malih dhateng ingkang estri, awit jalaran skaing sasembranan wau.

---

Ngaturi pekabaran, mugi kapacakka ing serat Jurumartani. Kasla tanggal kaping 28 wulan Mulud ing tahun Jimakir 1794 Rehipun Raden panji Natadirja, Kepala Dhistrik ing Ngangin-angin, 1. wasta pun Kramatruna, tyang alit dhusun Turga, celak wana sak ngandhapipun redi plawangan tanah ing resi Mrpi, siti tebasanipun tuwan Bugarten, pabrik ing Wringin, pun Kramatruna wau pinuju tilem wonten ing griya, sareng wanci pukul tiga dalu, katubruk sima, ingkang setri lajeng lih nedha tulung, katulungan lurahipun wasta Sapada, lajeng sami kabujung tyang kathah, mawi bekta abor kepanggih pejah, wonten sakidule wtan griya, sarta mawi nandhang tatu raeniun risak, gulu nglocop, pun Kramatruna wau kadugi umur 65 tahun, lebetipun sima babah gedhek, sak punika negari inggih lajeng dhawahaken paang klawang kados ing ngadatipun. Katandhan Pandama.

---

Ing ngandhap punika anggitanipun Raden Atmadikara, abdiudalem Urdenas Kasepuhan.

Ing mangke karsa dalem Ingkang Sinuhun Pakubuwana Senapati ing Ngalaga Ngabdurahman Sayidin Panatagama ingkang kaping IX ing nagari Surakarta Hadiningrat, awit sajumeneng dalem nata ngantos dumugi samangke tansah karsa ambangun rerengganipun ing kadhaton, utawi kathah wewahipun wawangunan salabeting kadaton, sakalangkung endah wawarnenipun. Ing jawi saha ing lebet sami amirantos sae sadaya, ing dalem Prabasuyasa kabangun cetipun ing ngajeng sami cet tutulis parada, samangke kasantunan cet pethak ris parada, ukir-ukirane kori byar kancanan manawi dinulu saking katebiyan saengga prabaning

surya, nalika medal saking pucuking ardi, utawi rerengganing dilah Krun Setroli sami mawi lentera barleyan pating galebyar, saengga pancaring lintang, pantes kasebutaken kadhaton Nawaretna, jobin jarambah sami mawi marmer sadaya, salebetung

dalem jandelanipun 12 sami mawi kalambu sutra pethak, sben jandela satunggal dipun apit kaca ageng kakalih, dene kamari-pun salabeting Prabayasa sakawan 1 kamar ingkang wetan piyambak, kaparingan nama ing Kadhaton Adipurwautama, sakalang-kung sae rerengganipun, punika kagem pasareyan dalem, 2 kamar kilenipun malih, nama ing sarena ageng Sucidarumulya, upa rengganipun sami ugi kaliyan ingkang wetan wau, kagem dandos enjing sonten, sasaosanipun pasareyan langkung endah, 3 ing kamar kilenipun malih, nama ing Ngarjapusaka, sadaya wasiyat ing karaton wonten ing kamar punika, akamar ingkang kilen piyambak nama ing sasanamanik Mutyara Adikusuma, punika kadaleman gusti kanjeng ratu ageng, ibu dalem ingkang sinuhun kanjeng susuhunan ingkang kaping IX punika.

Krobong papajangan kawangun ing tengah jarambah, antawising Konten kamar, kaparingan nama ing Sasanaprabaretna tilam nata adi kang minulya, sakalangkung endah rerewngganipun, pajangan karengga ing kaca, babalungan sami ing ngukirlunglungan linuding parada jene, papayonipun winangun wisma limasan, wuwung bungkak sami ingukir minetha naga kencana, rinengga ing mandrawa, jarambah nginggil puput ginelaran babut retna.

Wonten malih wawangunan nggal, prenah sakiduling dalem ageng, wonten wisma alit caket kaliyan Prabasuyasa, kaparingan nama ing Sasanaprabu punika sakalangkung peni rerengganipun, kagem pasareyan dalem, mawi kori butulan ingkang anjog ing dalem ageng, Ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan ing mangke kulina wonten ing Sasanaprabu punika saha apara biyada, mawi pandhapa alit kaparingan nama ing Sasanapadmakancana, kagem manawi dhahar siyang, kaliyan para ratu ibu, saha para putri, kiwa tengening mandhapa sami pininta patamanan pinantesa sesekaranipun, utawi kathah rerengganipun sae-sae, kaparingan nama Arjamanismadu,. Caket kaliyan dalemipun Kanjeng Ratu Pakubuwana, garwa dalem suwargi ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan Pakubuwana ingkang Kaping VII, banjaran kaliyan ing Parang-

tirta Argayasa Saptarengga, taman ingkang caket kaliyan  
ingkang kidul prenah sakilenin ggapura Wimba Sukendra, sakid-  
uling Sasanaprabu, wonten wawangunan malihnama ing mandrasa-  
sana, wetanipun malih, ing Langen Gupit Mandragini, sakidul  
kilen gupit kawangun panggung alit inggilipun 40 kaki, mawi  
kamaprasareyan nginggil, kaparingan nama Kamar Jayengkatong,  
panggungipun nama ing Sukendrabawana, pangandhaping panggung  
jamban pasiraman, nama ing Mandranirmala, kilen panggung mawi  
plat alit, nama ing Mandrakaskaya, punika manawi terang,  
sonten utawi dalu pajar wulan kagem pinarak ing papanggungan  
punika, kaliyan para putri, utawi lajeng sare ing panggungan  
punika. Onten malih wawangunan nama ing Sasanadayita, prenah  
sakilen dalem ageng, kawangun lolojan majeng mangetan saka-  
langkung endah rerengganipun, kamar utawi pasareyan amiranti  
dene para panggenan priyantun selir wonten ing Genthan ler,  
samangke nama ing karaden ayon sabab kadaleman para raden  
ayu, pethaning capuri 200 kaki mesagi, ing tengah mawi griya  
limasan ageng, punika ingkang kadaleman raden ayu 12 kiwa  
tengen dalem kawangun lojen pisang salirang turut banon  
capuri,panggenaning para priyantun nem 12 para andayan 6 dene  
para manggung katanggung, jajakan para rara-rara, utawi

bedaya srimpi, sampun pinetak-petak ing sakidul-kilening  
karaden-ayon, celak lan patamanan dalem ing Tanjung Wanita,  
utawi ing Langen Kusuma, ing Parang Ganda, salering karaden  
ayon wonten kori bubutulan anjog ing taman Bandengan, ing  
Bandengan wiyaripun 400 kaki pasagi, ing tengah mawi talum-  
bang sinungan pulo, saha wisma alit-alit rinengga ing taman,  
toyaning balumbang saking sumur burburan, toyanipun langkung  
wening, mawi baita sakoci, 2, pirantos kagem baitan kaliyan  
para priyantun selir utawi par putri, salering balumbang  
kagem lesan sanjata, kaliyahna para pangeran para santana,  
saben ing dinten Jumungah, awit enjing dumugi sonten. Ing  
mangke salebeting kadhaton utawi sajawining kadhaton sampun  
sami sae sadaya, kados ingkang kasebut ing Swarga Ngendraba-  
wana, kados-kados punika, boten angungkuli kadhaton dalem ing  
Surakarta Adiningrat, rerengganipu sembada kaliyan ingkang  
jumeneng nata, dhasar bagus anem karengga ing busana, pantes  
siniweng garwa dhomas, saengga Prabu Arjunasasra ing Maes-

pati, kawibawanipun para santana para wadyabala ageng alit, sami sumuyud sumungkem ajrih asih sadaya, saking para martaning narendra asih, ing dasih, agung apura dosaning wadya, tebih ing duduka, parek ing pangaksamanira ambek sadu budya tansah amundhi ing kautaman, sadinten-dinten agung gaganjar ing wadya ageng alit, utawi angula wisudha wadya ingkang utama ing karya agal alus, mila manahing para wadya ageng alit sami ayem suka bingah, boten wonten satunggal punapa, mila sangsaya tambah-tambah kaluhuraning karaton, kapracaya ing kanjeng Sri Maharaja Walandi, saha angsal kaurmataan bintang utawi mendhali, ajujuluk Jendral Mayur, saha karengkuh ingkang saudara kanjeng Guprenemen. Katandhan Raden Mas Panji Suryawijaya, juru basa tembung Jawi ing Negari Batawiyah.

---

Kanjeng Pangeran Arya Adisurya, ing Surakarta, darbe panedha dhumateng bangsa Jawi, tuwin bangsa sabrang sapanunggilanipun sinten ingkang anyambutaken dhumateng Kanjeng Pangeran Arya Adiwijaya, ingkang sampun seda kala tanggal kaping 29 Juli 1865 mugi asuka apratela dhumateng Kanjeng Pangeran Arya Adisurya wau.

Katandhan Kanjeng Pangeran Ariya Adisurya ing Surakarta.

---

Samawis kaping 20 Agustus 1865

Dhumateng tuwan-tuwan utawi para priyantun. Saking tiyang Cina wasta Owicuntik, saking negari Sala sarta kula bangsal kuwasa trima arta-arta saking tiyang kang gadhah sambutan dhateng piyambakipun. Kalayan punika kula nuwun dhateng para tuwan-tuwan supados nyaur sambutanipun kang kalayan enggal dhateng kula, utawi dhateng tuwan C.Kunes ing negari Sala, kang nyepeng dhateng panguwasan kula narima arta-arta, sarta mertandhani serat kuwitansi, saking tiyang kang kagungan sambutan kalih Owicuntik. Saking Serat Katrangan punika kula suka uninga dhateng para tuwan-tuwan, kang langkung sangkng tigang wulan sangking waktu punika sedayanipun rekening, inggih badhe kula sukakaken dhateng astanipun tuwan Pokrul

kang narima arta wau.  
Serat punika kalayan kaurmatan  
E.C.Edhor  
J.C.Gelerman.

---

Tuhan Dhegroot Kolep en ko ing Surakarta angaturi para priy-  
antun ingkang sami angarsakaken badhe tumbas serat panangga-  
lan ing tahun 1866 kaanggit dening Tuwan F.W.Winter, mugi  
karsa amratelakaken rumiyin bab badhe panumbasipun serat  
pananggalan wau, menggah serat kalowonganipun serat panangga-  
lan punika sampun kapencaraken sawrat ing serat Jurumartani  
angka 33.

Ing mangke panuwunipun Tuwan Dhegrot Kolep en ko, mugi para  
priyantun ingkang sami mendhet serat Jurumartani, karsaha  
enggal angintunaken wangsl serat kalowongan ingkang sampun  
katampenan, manawi sampun katandhan sapinten anggenipun  
mendhet serat pananggalan wau.

Katandhan Tuwan Dhegrotkolep en ko.

---

Angka 36, 7 September 1865

Pawartos warni-warni

Pawartos saking ing Demak amratelakaken kados ing ngandhap punika.

Wonten Walandi anama L. dados administratur saking padamelan sepur weh, kala tanggal kaping 10 wulan Agustus ingkang sampun kapengker akecalan serat pirantos wadhab arta kertas isi arta kertas tiga iji, gunggung regi 225 rupiyah, wonten ing antawisipun panggenan margi kareta asep ing dhukuh Karang kaliyan ing Tanggung.

Ing wanci sonten taksih taksih tunggil dinten wau tiyang jawi anama pun Tradana, gigriya ing dhusun Patebon, ambucal jalnipun wonten ing lepen celak panggenaning margi kareta asep wau, sareng jalanipun katarik mentas angsal serat pirantos wadhab arta kertas ingkang ical wau, andadosaken sakalangkung gumunipun, sarehning Tradana boten sumerep dhateng pangaosing arta kertas punika, mila arta kertas wau kasukakaken dhateng anakipun, kakintun gambaran, awit saking enggaling anggenipun ambayawarakaken wonten ing dhusun panggenanipun agigriya pun Tradana, bab prakawis icaling arta kertas, pun Tradana tumunten amireng ingkang dados bayawara, saha lajeng anyaosaken dhateng parentah serat pirantos wadah arta kertas saisinipun taksih wetah ingkang kapanggih punika wau.

=====

Serat ingkang saking Makasar anyariyosaken kados ing ngandhap punika.

Makasar kaping 3 Agustus 1865.

Wau enjing wanci pukul sadasa raja ing Gowa tanah Makasar tedhak ing dalemipun Kanjeng Tuwan Guprenur ing Makasar, supados atuwi lampah pasamuwan dhateng Kanjeng Tuwan Guprenur, Y.A.Bakkres ingkang saweg kakula wisudha dados Guprenur wonten tanah ing ngriku, Kanjeng raja ing Gowah asuka wilujeng dhateng kanjeng tuwan guprenur qwau bab anggenipun dados guprenur, punika sakalangkung andadosaken sukaning galihipun kanjeng raja ing Gowah, dene saged asuka wilujeng dhateng kanjeng tuwan Guprenur, ingkang sampun dipun uningani, bilih

kanjeng tuwan guprenur langkung sumerepipun dhateng tanah gupremen Makasar, sampaun sumerep babar pisan anglangkungi saking tiyang sanesipun, mila kanjeng tuwan ingkang wicaksana guprenur jendral boten kagungan pamalih dhateng sanesipun ingkang langkung prayogi, dene kanjeng raja ing Gowah kedah amrasahaken sariranipun dhateng paredhanganan karsanipun kanjeng tuwan guprenur ingkang saweg dados enggal, sarta amratelakaken, badhe anglampahi saungelipun serat prajangjian prasobatan kalayan temen-temen.

Sareng makaten kanjeng tuwan guprenur amangsuli ing pangandikanipun kanjeng raja ing Gowah, bilih kanjeng tuwan guprenur asuka panrimah dhateng kanjeng raja ing Gowah, bab ingkang dados panggalihipun ingkang prayogi wau, sarta kanjeng tuwan gujprenur anggalih begja, dene badhe saged anglampahaken ing pikantukipun, ingkang akathah-kathah awit saking sampaun sumerepipun dhateng tanah Selebes, punapadene kanjeng tuwan guprenur inggih boten kendhat-kendhat anggenipun kedhah badhe anguningani ing samukawis prakawis ingkang andadosaken raharjaning tanah ing Gowah, salaminipun manawi kenging karujukaken kaliyan prakawisipun kanjeng Gupremen.

Dereng lami ing Dhordrah tanah Walandi titiyang sami aningali jam wonten ing griyanipun tiyang anama: N.S.Ridherhop, jam punika dadamelanipun sakalangkung sae saking dene saening pamanggihipun, dene wonten jam ingkang kados makaten, saben anedhahaken mongsa, tahun wulan dinten tuwin titimongsa, ing saben wulan kedah kaingser panudhuhipun, amargi saben wulani-pun boten sami menggah kathahing dinten, mongka pangingsering panudhuhipun wau amung sapisan ing dalem kawan tahun ing tahun wuntu.

=====

Ing dhusun suweto tanah POlen wonten tiyang estri anama: Manataliyamonsanop, punika kala tanggal kaping 8 wulan April ingkang sampaun kapengker manak medal jaler satunggil, kala kaping 9 angrintenaken kaping 10 wulan april awu medal malih rare kakalih jaler satunggil estri satunggil, ananging rare ingkang jaler lajeng pejah, kala tanggal kaping 13 angrintenaken kaping 14 taksih tunggil wulan amedalaken malih rare estri, dados tiyang estri wau manak medal rare sakawan, sareng rare ingkang sakawanipun lair, embokipun lajeng pejah, tiyan gestri punika anggenipun dados bojonipun ingkang jales sampaun wonten 22 tahun laminipun, anggenipun manak ingkang kapipitu saben medal rare satunggil, ingkang kaping nemipun

medal rare kembar, ingkang kamping sapisan rare tiga, dene ingkang kaping sakawanipun rare sakawan, dados anakipun sadya gunggung nemlikur (26) ingkang jaler nembelas ingkang estri sadasa, menggah anak samanten punika ingkang pejah sangalas ingkang taksih gesang pitu.

---

Pawartos aking Japara kados ing ngandhap punika.

Dereng lami ing pasiten Sumbring celak ing Japara, wonten tiyang sadasa sami kenging sasakit sanget, titiyang ing ngriku sami amastani, bilih anggenipun sait punika kaganggu ing badan alus, sanadyan ingkang sami sakit wau mawi dipun tumbali sidhekanan saha kawilujengan inggih ugi boten saged angesahaken badan alusipun, dados ingkang smi sakit punika boten wonten saged saras.

Sareng makaten ing waktu punika kalebet begja dene saged pikantuk pitulung jampi saking dhokter, tuwan Kelap ingkang dados dhokteripun saged anyarakasaken tiyang pitu ingkang sami sakit wau, ingkang punika titiyang sami sukaha panrimah dhateng tuwan Kelap bab anggenipun anabereni ing panyukanipun jampi dhateng ingkang sami sakit wau. Menggah sakitipun titiyang punika sampun tetela, manawi awit saking kakathahen anggenipun sami anedha traos.

ing kampung panggenanipun tiyang adamel traos sakalangkung kathah tiyang sakit, ingkang wau titiyangsami anginten bab kathahing sasakit punika saking sampun lami boten jawah, nunten titiyang anginten manawi saking awoning prenahipun kampung ing ngriku, ingkang boten anyakecani, boten ngantos lami titiyang lajeng sumerepmpunapa ingkang dados sababipun wonten sasakit wau, awit saking titipariksanipun tiyang punika kalajeng sumerep manawi sakitipun titiyang wau saking anggenipun anedha traos, punapa dene ing panggenan adamel traos kathah sagawon ingkang sami pejah wonten ing ngrika-  
ngriki, amargi saking anggenipun anedha traos.

---

Kaserat ping 24 Agustus 1865.

Ingkang mugi kersa amacak ing serat Jurumartani:  
Wedalipun serat Jurumartani prayogi sanget ing ngatasipun para mangun kasidaning ngarsa.

Langkung prayogi malih bab wedalipun almenak ing saben tahun mawi karengga, anggitan warno-warni , tuwin asmanipun para luhur ingkang binedha.

Saupami ing tembe wingking kawewahan anggitanipun kados sanadyan pengaosipun kawewahan mindhak kathah klayan kang sampaun lumampah kinten kula badhe sangsaya kathah kang tumbas, amargi ingkang saupami, anggitan ingkang wonten almenak kasukanan serat pranatan bab pulisi, utawi bab kepala desa, piunapa malih sosoran pulisi, utawi liya-liyanipun serat pranatan kang kadugi maedahi, utawi serat pranatan enggal kados kang kasetat seblat bab Irendhines punika dados pitulungan dhateng para pulisi. amargi para kepala dhusun wajib kedah winantu-wantu ing penget, netepi dhawuhing salebetung pranatan kang sampaun kadhawuhaken, bilih kelampahan makaten, sampaun saestu sadaya kepala dhusun ing dhistrik Kuthaarja, kumedah sami tumbas, sabab upami boten purun tumbas, badhe manggih pituna, anggenipun baten, sumerap dhateng kagunan, utawi kwajibanipun piyambak.

Katandhan Panithen Gebog Dhistri Kuthaarja, Wongsasonta.

---

Serat saha ingkang tabe kathah-kathah kula Rahaden Mas Panji Jayadirja mantri nagari Ngawi ingkang nyepeng kapal rakitan pos kagungan dalem kanjeng Gupermen ing Ngawi saha Purwadadi, sayogi katur saudara tuwan Dhegrootkolep en ko, ing nagari Surakarta Hadiningrat, sasampuning ingkang kadya sapunika wiyosipun menawi kapareng dhangan saking penggalihipun saudara serat kula punika mugi kapacak ing serat Jurumartani.

Pawartos saking Afdeling Ngawi Paresidhenan Madiyun.

Kala tanggal kaping 11 Agustus 1805 wanci pukul sawelas dalu griya Lus kampung Ngambunan beteng Ngawi kabesmen telas-telasan cacahing griya ingkang sami kabesmen 76 iji ageng alit, wondening jalaranipun kabesmen wau wonten satunggal nyai-nyai bojonipun suradhadhu Wlandi, punikasaben dinten wewadeyan ulam goringan saha tatedhan panganan inggih gorongan, punika kala tanggal kaping 14 dalu wanci pukul satengah sadasa sampaun wiwit gorig panganan sareng dangu-dangu lisah selot sepuh umobipun brama kagengan tiyang ingkeng goreng kirang prayitnanipun lajeng katilar pados toya brama mubal manginggil bawanipun wektu ketiga angin benter kambengan saklangkung garing punapa malih griya-griya Lus sakelangkung dheketipun benggang-benggangipun griya Lus sacengkal utawi kalih cengkal mila brama boten saged katututan tandang amargi

langkung perkewet saking dheketing griya brama katiyub angin  
sanget mila para pulisi saha para prajurit ajrih tetulung  
manengah, dene barang-barang gagaduhanipun para prajurit  
saha nyai-nyai kirang langkung sadaya ingkang boten katututan  
regi 1500 rupiyah, dene ingkang sami tandang pengagenging  
beteng tuwan mayur saha kapitan, satunggaling letnan gangsal  
iji lan ajidan bataliyun satunggal, dene pejahing brama margi  
sangking pumba toyak saking jaganbg dhapur ingkang kidul dene  
para priyantun pulisi salebetung nagari dhateng sadaya,  
wanci pukul 4 brama sampun sami pejah margi saking pumba saha  
kasiraman ing para pulisi.

Ngawi kaping 29 Agustus 1865, ingkang pratondha mantri negari  
Ngawi Rahaden Mas Panji Jayadirja.

---

Ing ngandhap punika cariyoipun, wonten satunggaling tiyang  
sakelangkung damel resah dhusunan saha sring purun begal  
wonten margi satengahinng wana; mila ngantos dados pengga-  
lihipun negari, dene cariyoipun kados ing ngandhap punika.

Ing dhistrik Jagaraga bawah kabupaten Ngawi wonten satunggal-  
ing tiyang nami Danauda punika sampun misuwur sring nglempa-  
kaken tiyang durjana: kaajak bebegal saha mandung dalu;  
punapa malih sring ningara rajakaya siyang wonten panginan  
wana, wondening dedamelipun Danauda wau sakelangkung saking  
rumantos; tiyang satunggal ngangge dedamel warni-warni, 1  
waos, 1 sanjata piston, 1 lameng, 1, dhuwung, 1, cundrik,  
punika mesthi saben dinten kabekta sadaya, rumiyin sampun  
dados bujenganipun negari seprandosipun saged sabin wonten  
dhusun Jagaraga ngantos panen: wit saking tiyang dhedhusunan  
ngriku sami ajrih ering dhateng Danauda wau: sareng wulan  
besar ingkang sampun kepengker punika Danauda saged mantu  
anakipun stri dhistrik inggih boten purun nyepeng, sareng  
lami-lami kepareng saking negari yen Danauda sagedmantun  
dhateng pagriyanipun saha saged sabin punapa malih ngantos  
mantu anakipun estri punika lajeng dhistrik Jagaraga Mas  
Suryadimejakatimalan Kanjeng Raden Adipati saha Kanjeng tuwan  
asisten Pepanhuk, kadukanan saklangkung sanget amargi kagalih  
kirang kenceng dhateng pulisi dhistrik punapa malih kawesta-  
nan ajrih nyepeng pun Danauda: punika Mas Suryadimeja dhis-  
trik Jagaragaparingan anggeran 15 dinten upami boten saged  
nyepeng Danauda manggih resawulan : wonten kantor parisidhe-  
nan Madiyun: lajeng dhistrik Jagaragasapala bekelipun sami  
mundur mantuk dhateng Jagaraga ngerigaken para pulisi dhis-  
trik utawi dhusun Ngepang griyanipun Danauda wau sareng para

pulisi kanan kering sampun dhateng saha dhistrik: wonten lare anakipun Danauda kinten umur 12 tahun sareng priksa dedamel kathah werti dhateng bapakipun: Danauda sareng mireng lajeng ngiseni sanjata sarumantosipun dedamel lajeng medal saking griya sarincangipun durjana babal nyerak baris pulisi ingkeng tebih kaliyan dhistrikipun lajeng lumajeng dhateng satengahing wana bekta rencangm5 iji rumantos dedamel sadaya: pun Danauda lulus icalipun sareng dumugi anggeranipun 15 dinten wedana Jagaraga katimbalan dhateng kantor Ngawi lajeng kakintunaken dhateng kantor parisidhenan Madiyun kaparingan res sawulan: sapengkeripun dhistrik Jagaraga dhateng Madiyun; Kanjeng Tuwan Asisten Papanauk nimbali Raden Panji Pringgakusuma patih negari Ngawi kakersakaken nyebar tiyang mawi kaparingan sangu arta utawi candu apyun supados angsala katrangan dhateng pundi plajengipun Danauda wau: sareng saantawis dinten Raden Panji Patih angsal katrangan yen Danauda wonten Karangpandan lajeng repot dhateng kanotr nyuwun permisi dhateng kabupaten Sragen negari Surakarta badhe nyepeng Danauda wonten Karangpandhan: malah kabar sampun gadhah rencang tiyang 9 iji, sareng raden Panji Patih dhateng Sragen Danauda sampun kesah mangetan dhateng bawah Ngawi malih. wusanipun ngantos sapriki Danauda dereng kacepeng, para pulisi bawah kabupaten Ngawi rumaos wegah nyepeng Danauda saking lecetipun saha prayitnanipun saking perkewet lelampahanipun durjana wau, saha wonten satunggaling tiyang nami Sapangi punika sampun sobat dhateng pun Danauda wau: punika nyaosi priksa dhateng negari yen Danauda punika, mila-mila saking sampun jajahipun salebetting wana Afdeling Ngawi saha redi Lawu punapa malih jurang-jurang utawi guwa-guwa ingkang rungkat: ingkang awis kaambah tiyang: nanging sapuni sampun wonten kabar terang yen Danauda sampun linggar saking bawah Ngawi mangaler dhateng bawah dhsitrik Ngandhutlatung Kabupaten Blora: mila para pulisi negari Ngawi sami lagi wonten wana salering negari Ngawi: utawi redi Kendheng mangetan dumugi bawah dhistrik Caruban kabupaten Madiyun teksih sami kapadosan.

Ngawi kaping, 20 Agustus 1865, ingkeng pratondha Rahaden Mas Panjijayadirja jaman trinegari Ngawi.

Angka 37, 14 September 1865

Pawartos warni-warni

Serat saking Purwadadi bawah Semarang anyariyosaken kados ing ngandhap punika.

Nyonyah Cina ingkang gagramen wonten ing Purwadadi dereng lami badhe dhateng peken ing Wirasari, ambekta brang gagramen warni sinjang tenunan lurik akathah, regi kirang langkung saking 1000 rupiyah, kawrataken ing grobag, sareng dumugi ing margi ingkang dhateng sela celak ing distrik Wirasari, kape-thuk ing durjana ambegal kathahipun tiyang kalih welas, titiyang durjana ambegal punika sami angajrih-ajrihi dhateng nyonyah Cina, manawi purun suwala badhe kapejahanan, barang gagramenipun lajeng kapendhetan ing tiyang begal sadaya, wonten tiyang jagi ing margi ageng amung satunggil, punika sumerep kala tiyang estri wau kabegal, ananging ajrih atutulung dhateng ingkang kabegal, amargi tiyang satunggil boten saged anglawan tiyang kalih welas, mila lajeng enggal lumajeng kemawon.

Dereng ngantos dangu para tiyang ambegal anggenipun manedheti barang, saha lumajeng malebet ing wana ingkang celak pangge-nan ing ngriku, tumunten para abdi pulisi sami tandang tulung, ananging boten wonten pikantukipun, lajeng para abdi pulisi wau sami anglapuraken dhateng lurahipun bab prakawis-kabegalan wau, dene lurah punika ing sanalika mangkat angupadosi titiyangipun durjana.

Para pangageng ing Pacak sami angjupadosi tiyang durjana begal kalayan bibiyantonan, laminipun wolung dinten, ananging boten saged anyepeng dhateng tiyang durjana wau, wasana wadana ing Wirasari angandhev tiyang satunggil awasta Naganalata saking distrik Galonggong paresidhenan Pathi, nunten enggal saged pikantuk kayektosanipun, manawi pun Nagalanata angumpetaken sapanduman saking barang-barang ingkang kapendhet ing durjana begal wonten salebeting siti, kawadhahan ing kendhil siti, wondening titiyang ambegal, ingkang gangsal sareng mireng manawi kancanipuningkang satunggil wau kace-peng, lajeng sami minggat tebih saking bale griyanipun, ananging pulisi inggih saged anyepengi dhateng tiyang gangsal

punika tuwin kancanipun ingkang sanes, punapa dene anyepengi titiyang ingkang sami ambiyantoni kala pambegalipun sadya, menggah durjana begal wau sadayanipun ing sapunika sumpun wonten ngastanipun jaksa ing Grojogan.

---

Serat saking Paresidhenan Rembang, katitimangsan kaping 3 wulan September punika, anyariyosaken kados ing ngandhap punika:

Kala akad ingkang sumpun kapengker ing Tuban wonten Walandi nem-neman anama: John Kaiser dhateng anumpak baita Panjalan, sanjangipun Walandi nem-neman wau, manawi dados Irstesetirman wonten ing baita kapal anama Ciptain, baita kapal punika kala tanggal kaping 2 wulan Agustus ingkang sumpun kapengker karem

ing saganten ing Pakalongan awit saking katanggrik ing parang, menggah cariyosipun kados ing ngandhap punika.

Baita kapal Ciptain baita ing Singapura, kapitanipun anama Dhehton, saha baita wau gaduhanipun piyambak, wondening setirmanipun titiga anama: John Kaiser, Manguwer, tuwin Ansot, sarta matrusipun jawi kalih welas, baita punika mangkat saking singapura kala kaping wulan 11 Agustus ingkang sumpun kapengker dhateng Riau, tutumbas gambar tuwin uwos wonten ing ngriku, sareng tanggal kaping 15 agustus wau bedhol jangkar mangkat dhateng Tegal, kala tanggal kaping 23 taksih tunggil wulan ing wanci sonten baita kapal Ciptain dumugi salering Tegal, sareng wancidalu pukul kalih welas baita kapal wau boten saronta ananggrik parang, saha lajeng wiwit badhe kerem.

Ingkang suka kabar wau sasampunipun luwar saking padamelaning baita, nunten tilem wonten panggen ing baita wingking, angraos katanggrik ing baita ing parang ngantos sanget, saha amireng gumretek ingkang saking dening badhe manggih kasangsaran, ing sanalika ingkang suka kabar lajng mancolot saking patilemanipun, tumunten sumerep, manawi ing baita kapal sumpun kathah toyaniipun, sareng makaten ingkang suka kabar minggah dhateng jrambahipun baita kapal ing nginggil, wonten

ing ngriku sarehning petengan aningali bingunging para titi-  
yang ingkang sakalangkung sanget, ingkang suka kabar boten  
sumerep punapa titiyang punika badhe angedhunaken utawi  
sampun angedhunaken baita alit saking saking baita kapal ,  
lajeng ambyur ing saganten kalayan ambekta balabag wau,  
sakedhap ingkang suka kabar kabekta ing ngalun ngantos tebih  
saking panggenanipun baita kapal ingkang katanggrik ing  
parang wau.

Menggah kadosanipun titiyanging baita kapal sanesipun,  
punika tiyang ingkang suka kabar boten sumerep, awit sareng  
sampun bangun enjing tiyang ingkang suka kabar wau boten  
aningali tiyang satunggil tunggil, dene ingkang katingal  
amung kajenging baita kapal wonten ing ngrika-ngriki sami  
kumambang ing saganten.Sareng ingkang suka kabar keli kabekta  
ing toya wonten sanginggiling balabag laminipun kalih dinten,  
nunten saged dumugi ing pinggir saking dening kabekta ing  
ngalun, punika wonten ing pinggiring saganten ing Demak,  
sareng makaten wonten ing ngriku tiyang ingkang suka kabar  
kapanggih kaliyan Walandi pranakan satunggil, ingkang lajeng  
anyukani sandhangan dhateng ingkang suka kabar, sareng sampun  
aso sarta anyakecakaken badan, ingkang suka kabar wau kabekta  
dhateng Demak katumpakaken ing baita alit, saking Demak  
lajeng kabekta dhateng Tuban awit saking panedhanipun katum-  
pakaken ing baita sanesipun, amargi pikajenganipun badhe  
dhateng Surabaya.

Paparentahan ing Tuban anyerati aturipun ingkang suka kabar,  
ingkang punika pangajeng-ajenganipun titiyang, supados sageda  
enggal amireng pawartosipun bab titiyanging baita kapal  
sanesipun ingkang sami anemahi kasangsaranwau punika.

---

Panuwun kula ingkang mugi panjenengan tawan karsa amacak  
wonten serat jurumartani.

Kula sampun maos serat Jurumartani, angka 34 kenis kaping 24  
Agustus, 1865, kasebut saking pangalembananipun Kyai Darmaya-  
sa, bab caranipun nagari pasisiran, kang sampun piyambake  
nyumerepi, punika sadaya leres.

Ing mangke kula ngaturaken lajengipun cariyos punika, bab

saking rukun tuwin kaberaganipun konci tiyang alit bawah  
dhistik kitha afdeling Kudus, rsiden ing Japara.

Wonten satunggal kampung Pagungan kalebet onjo kiyambak  
katandhing ing sanesipun, sembada katulada bab utamining  
patrap, ing ngatasing prakawis punika.

Bilih satunggal tiyang ing kampung ngriku gadhah damel mantu  
wragadipun sadaya kasanggi dhateng tiyang konca siti, patra-  
pipun sami gilir gumanti, kadosta: gongsa wayang sapanunggal-  
anipun, jodhang rampadan saisinipun pisan.

Wondene rare ingkang kaimah imahaken wau, sampun adat carani-  
pun nagari ing ngriku, panganten sawg ngumur 4 utawi 5 warsa,  
menggah ingkang tumanggel paningakh ing wau rare, inggih  
tiyang sepuhipun, pramila asru sanget panitinipun mas pangu-  
lu, bab kupu, badhe boten katampen upu, amargi p[anganten  
dereng baleg; bilih inggil kupunipun estri, badhe boten  
katampen kawinipun.

Wonten malih kampung ingkang damel iripan kpyah-kopyah,  
tegesipun sinoman kuluk, kathahipun tiyang 100 iji, sami  
maujudaken sndhangan kados ing nginggil, sadiyan ngiring  
pangarakipun pnganten. Samya ngangge kuluk pethak, kampung  
modang tengah pethak, sami boreyan susumping cundhuk suri  
sekar malathi, ing wingking kairing tabuhan karembat ing  
tiyang, sarancak gongsa pelog, mawi satunggil ringgit tandhak  
lumampah dharat srwi gendhenging.

Ambekta sajuga plosopi,sajuga glas alit, parantos kadamel  
minum salametaning samargi-margi, mawi kondisi makaten:  
Jepara, Jepara, pathi, Pathi, rukun-rukun, surak ambal kaping  
tri.

Sajuga glas kang mesisomi minongka tondha salamet rukun,  
kaminum gentos-gentos lajeng sareng keplok asta, gongsa  
katabuh mongga, mawi kurmat samargi-margi, masang mrecon  
long, kasalah ing wadhab karahtosan, kadanganan kanjeng Jatos  
Bubutan, katanting dhateng asta kareka sanjata, dalu katayu-  
bake.

Tratag kajang kaluwur jinggalaka, palisir plangipita, sasaka  
binuntel ing kartasota, pinulet ing sekar prada, pajangan  
dalancang rakta, rineka kadya gedhongan, prapat papan sine-  
karan grenjeng muncar, tamu-tamu samya lenggah nginggile  
ladhak dhapur bale-bale, inggilipun nyami kursi, wiyar 6  
kaki, panjang 100 kaki, joblah gladhak, 8 iji, kalemekan  
gelaran pandhan kaatur ajengan, mawi lampu aglam miwah se-  
tralelam, kanan-kirinipun lentera.

Panganten jaler mangangge kopyahjangkang jene, kalungklat bau  
gelang kanajene, selempang renda jene, nganggar nyangkelit

dhuwung cara bali ukiran lo mas jene, kandel lan topengan jene, panganten estri, ngangge jamang jene, kalung klat bau gelang kana jene, sengkang pending jene, kapeliksola inten barliyan, ngangge rasukan anaman sekarmelati,s arimbit samya

lenggah mungging kursi, sarta ngajengaken meja, kaatur cara walandi.

Ingkang gadhah griya estri, mangangge gelung sekar malathi, cundhuk mentul jene, rasukan kabayak sutra jene, sinjang songket benang jene, lenggah ing ngajenging pjangan, sarwi nyanting,: 1; peti, sadhiyan wadhah arta buwuhan, mawi setang silasilasi perak ceplok jene, paidon kuningan adi.

Ingkang gadhah griya jales, mangangge kuluk kanigara, rsukan sikepan laken cemeng, mawi kalung sekarmalathi, manggihi mungging gladhak, sasampunipun sami metoni lajeng sami bukti.

Ingkang tiyang kapesthi jubungsekul ulam amik-amikan, kadha-wahan kranjang anama Mandeling, kawastanan kranjang sinoman, lajeng sami mundur mawi kurmat bronsdong mrecon rentengan. amba nuwun pangaksama, manawi wonten ingkang sulaya, sarehning abdimerdi kawruh. Katandhan Bagus Kadarman ing Pasiraman.

=====

Ngayogyakarta, kaping 2 Rabingulakir 1794

Mugi saudara kula amacak ing serat Jurumartani ing ngajeng punika kabar trang.

Kala tanggal kaping 17 Rabingulakir tahun punika, peken Ngayogyo, wonten tyang wasa, Mbok Kartadinama, bakul lawon ing kitha ageng: winci pukul 2 siyang kedhatengan rncang Walandi, istri, wade kertas, pengaos 10 rupiyah pethak katumbas 10 rupiyah kirang, 10 dhuwit, sareng sampun mantuk Kartadinama wau, rispis kapendhet, katingalan, rispis dados atusan, Kartadinama wau lajeng dherodhok tansah poyang-payingan ing manah; saking asih ing rispis kalangkung ajrih, ciptanira makaten, dene aku tuku rispis puluhan dadi atusan.

Tyang sepuhipun pitaken makaten: ya gene dhenok, wong mentas seka pasar mulih banjur bingung apa kang dadi rasaning ngatimu, kala wau kula dhateng peken tumbas rispis, pengaos 10 rupiyah, sareng sak punika kula tingali dados satus rupi-

yah, sareng dipun tingali ramakipun: yetos pengaos 100 rupiyah. Saking geteripun ing manah lajeng repot dhateng ki Kramadongsa lurah peken, lajeng karepotaken dhateng ing parentah raden panewu Danukrama, lajeng katitipriksa atrangsedaya, sareng sampun rampung katitipriksa trangipun, sarehning gepok lan bongsa rencang Walandi, dhawsuhipun kanjeng raden adipati dhateng dhateng raen panewu.

Kakersakaken repot dateng kantor, yen sak punika wontu tiyang mekaten, dhawuhipun kanjeng tuwan lajeng kawradinaken para tuwan tuwan antenar utawi maliter utawi sak panunggila-nipun, wondene sak punika, perkawis dereng angsal katrangan ingkang ngaken, yen para tuwan tuwan lajeng juwun dhateng kantor, yen priyayi jawi, lajeng dgateng pasowan mangu.

Sanget panuwun kula, katandhan F.mangunpraja.

---

Cariyos saking afdeling Ngawi Paresidhenan Madiun.

Wonten tiyang nyenjata dhateng wana lajeng pejah kenging senjatanipun piyambak, ing ngandhap punika pratelanipun anggenipun pejah wau.

Kala tanggal kaping 1 September 1865, wonten satunggil tiyang nama Cakrametja griya dhusun Klithik bawah dhistrik Sepreh kabupaten Ngawi ugi, kesah nyenjata sangsam dhateng wana Gelung dhistrik Spreh ugi, sareng dumugi wana pyambakipun menek kajeng waru saha nyangking sanjata sareng satengahi-punmenek angsalipun nyangking senjata gregeli, senjata rentah ngadek, platukipun anjlok lajeng mungel piseripun kenging tiyang wau lempeng kang tengen trus dumugi pundhak ingkang kiwa: lajeng dhawah sanalika pejah, sareng kancanipun dhateng lajeng kabekta mantuk dhateng griyanipun saha lajeng repot dhateng bekelipun dhusun Klithik lajeng bekel nyaosi priksa dhateng dhistrik Sepreh dhistrik lajeng repot dhateng kanjeng rahaden adipati, lajeng kanjeng tuwan Asisten residhen saha kanjeng rahaden adipati punapa malih tuwan dhokter besar beteng Ngawi sami tindak kumisi dhateng dhusun Klithik sakidulipun negari Ngawi, sareng rawuh ing dhusun Klithik lajeng bngke kapriksa labetipun lajeng piser kepanggih wonten

pundhak ipun ingkeng kiwa, sha tuwan dhoker lajeng amriksani  
badanipun bangke ingkang risak, balung ingkang katrjang piser  
remek saha kinten-kintennipun tuwan dhokter pantes yen pejah  
sanalkika amergi nerajang puluh manah punika kintenipun tuwan  
dhokter besar wau.

Mila menawi dhangan saking penggalihipun tuwan-tuwan ingkang  
ngarang serat Jurumartani mugi kapacakka ing serat jurumarta-  
ni. Ing keng pratondha mantri negari Ngawi, Jayadirja.

Angka 38, 21 September 1865

Kula wisudhan sapanunggalanipun

Kanjeng Tuwan W.L.H.Brokes ingkang wau dados Residhen ing Timur, saha apikantuk wahgel sapunikanipun taksih wonten ing nagari Walandi amargi saking pamit, awit saking panuwunipun piyambak ing mangke kaundur saking kalenggahanipun kalayan kurmat mawi kaparingan pansiun kasebut ing serat kakancinganipun kanjeng maharaja Walandi, katitimangsan kaping 30 Mei 1865, angka 60.

Kanjeng Tuwan E.WeigenResidhen ing tanah Borneyo kilen, ing mangke kaundur saking kalenggahanipun kalayan kurmat.

Kanjeng Tuwan C.L. Pankuperdhen, Asisten Residhen ing Surabaya ing mangke kakula wisudha dados residhen ing Tapanuli tanah Sumatra pasisir kilen.

=====

Pawartos warni-warni

Serat saking Cirebon anyariyosaken, manawi bupati ing Majalengka, Raden Adipati Dhendhanagara awit saking sampun kaliyan dening kanjeng Gupremen angagem asmanipun ingkang rama ingkang sampun seda, dados sapuniwa anama raden adipati Ariya Sura Adiningrat Bupati ing Cirebon, mawi kaleres dipun wenanggaken angagem songsonggilap, punika minongka dados tondha kirimah tuwin ganjaran anggenipun anglamaphi padamelanipun ingkang kalayan taberi, para kalerehanipun raden ADipati Ariya Sura Adiningrat sami sakalangkung rumesep ing manah, bab prakawis panggula wisudhaning lurahipun wau.

Raden Adipati Ariya Surya Adiningrat wau tumunten lajeng kemawon anglampahi padamelan sae, awit saking pandarbe panuwun dhateng Kaneng Gupremen, kalilana adamel seluwis wonten prenah celak ing lepen, punika inggih kalilan dening kanjeng gupremen, mawi kaparingan wragad kathahipun 4000 rupiyah. Titiyang alit ing Cirebon sami bingah, bab anggenipun sampun kalilan adamel seluwis wau, amargi awit saking badhe kathah ing toya in gsabin, manawi sampun panen sabini-

pun wau kenging kataneman pala kapendhem sapanunggilanippun, andadosaken indaking karaharjanipun.

Para titiyang ing Cirebon sami gadhah pangajeng-ajng ing pawingkingipun ingkang dereng kalampahan, sarta badhe rurukan ing panyambutipun damel, supados sageda angundhakaken ing pamajenging nagarinipun, sarta awit saking pandamelipun karetek sapanunggilanipun badhe andadosaken gampil sakecanipun piyambak, tuwin dhateng titiyang sanes ingkang sami kekesahan lumampah medal ing Cirebon wau.

---

Dereng lami ing Wenset tanah Honggari wonten lare estri ngumur 12 tahun kacolong ing tiyang panuju ing dinten peke-

nan, boten dangu embokipun dhateng peken ing ngriku, lajeng amanggih anakipun ingkang ical wau, anunggil kaliyan kere kathah, ananging tanganipun sampun kakethok kalih pisan, titiyang ingkang nyolong rare amastani, manawi rare estri punika buntunging astanipun awit dening kacokot ing andhapan, ananging pangadilan lajeng anyepengi titiyang wau punika, sami kakunjara sdaya, ing nalika samanten pawartosipun ingkang kasebut ing serat pakabaran saking Honggari, manawi ing sawatawis tahun laminipun, wonten rare jaler saweg ngumur 8 tahun kecolong ing tiyang, sareng rare punika badhe kacuplak mring pati pun kalih pisan dening tiyang ingkang nyolong wau, rare lajeng saged lumajeng, andadosaken begjanipun piyambak.

---

Pawartosing titiyang, manawi ing tanah Eropah wonten tiyang dhusun estri dhateng peken, ambekta tigan mentah kalih tanggok, sareng makaten tiyang estri punika kasamber ing baledheg ngantos dhawah ing siti, antawwis saprapat tiyang estri wau tangi saking anggenipun dhawah, lajeng andumugekaken lampahi-pun dhateng ing peken, amargi boten patos karaos sanget anggenipun kasamber ing baledheg wau, sarta tiganipun boten wonten ingkang pecah, nunten tiyang estri punika ssakalang-kung gumunipun, sareng para tiyang ingkang atumbas tiganipun sami enggal mangsulaken tigan, kayektosanipun manawi tigan

ingkang wade dhateng titiyang wau sadaya ing pucukipun kalih pisan sami ambalentong cemeng, sarta sami mateng awit saking kasumukkan panasing baledheg.

---

Menggah pawartosipun ingkang kasebut ing serat pakabaran saking Ruwan tanah Prangkrik, panuju jawah baledheg anyamber-nyamber, wonten tiyang ingkang sakit balungipun saaya kasamber ing baledheg, wekasaning kadadosan sakitipun balung wau ing sanalika lajeng saras babar pisan.

---

Wonten tiyang Inggriskakalih sami badhe tukaran wonten ing tapel watesipun tanah Belgi, para saksinipun tiyang Inggris kakalih wau sami angrujukaken sampun ngantos kalampahan anggenipun badhe tutukaran punika, ananging sampun boten kenging. Menggah anggenipun badhe tutukaran inggih kalampa-han, ananging boten atutukaran kalayan pedhang suduk utawi kestul, ingkang kadamel gaman srutu kakalih. wondering srutu kakalih punika kadekekaken wonten ing baki lajeng kasukakak-en dhateng ingkang sami badhe tutukaran, kapurih amendheta, nyatunggil sewang, saking pawartosipun manawi srutu ingkang satunggil saestu kaisenan sandawa, sarta panjeblosipun srutu amejahi tiyang, sareng makaten srutu lajeng kapendhetan dhateng ingkang sami tutukaran, boten ngantos dangu srutu ingkang satunggil anjeblos, ingkang nyepeng gadhah ing siti, ananging lajeng enggal tangi, kadadosanipun tiyang ingkang tutukaran wau sami wawuh saha pajeng sae malih, dene para saksinipun sami amratelakaken, manawi ingkang tutukaran wau kalih pisan sampun sami amintonaken kapurunanipun.

---

Saking pawartosipun manawi ing Limah tanah Amerika kidul wonten tiyang anem Dhonpedronandhamo, punika pejah, kalebet tiyang sugih piyambak wonten tanah ing ngriku, titilaranipun bondha kamurwat 192 yuta rupiyah.

---

Wonten tiyang ingkang remen gigriya wonten ing sajawining

nagari, amaosi siti ingkang sakalangkung sae, kaprenah celak ing dhusun ingkang tiyangipun kathah ngantos tigang ngatus, sarehning titiyang punika badhe cukur, mongka boten saged acukur piyambak, mila lajeng kesah dhateng ing dhusun wau, supados kacukura dening tiyang tukang cukur salebetung dhusun ing ngriku, sareng makaten tukang cukur punika panuju boten wonten ing griya, nunten bojonipun tukang cukur anggentosi ing pdamelanipun ingkang jaler, lajeng badhe anyukur dhateng tiyang wau. Kala wiwit bdhe anyukur sae, ladingipun panyukuran kaasah, dene ingkang badhe kacukur lajeng lenggah ing kursi, saha anggentosi ing panyukuripun tiyang estri wau, nunten tiyang ingkaang badhe kacukur sakalangkung gumun, sareng aningali tiyang estri amendhet wadhab sabun ingkang badhe kadamel anyukur, mawi kaidonan kaping tiga utawi sakawan, tiyang ingkang badhe kacukur apitaken dhateng tiyang estri wau; geneya dene wadhab sabun nganggo kaidonan, wangsunipun tiyang estri, manawi badhe kadamel anyabun ingkang badhe kacukur, awit panggenanipun toya saking dhusun ing ngriki tebih, mila idu ingkang kadamel anoyani sabun, makaten punika manawi tiyang amonca ingkang kacukur mawi angangge sabun ingkang katoyan idu. Tiyang ingkang kacukur apitaken malih lah kapriye panyukurmu marang para wong kang wus padha alengganan karo kowe, tiyang estri amangsuli: wa, punika kula damel gampil kemawon, rainipun kula idoni, lajeng kula cukur, saking pawartosipun manawi tiyang ingkang badhe kacukur wau ing salajengipun angingah brengosipun.

=====

Sera saking Surakarta anyariyosaken kados ngandhap punika.

Sarehning manawi dalu ing Surakarta asrep sanget, ing siyangipun sakalangkung panas, punika andadosaken kathahing sasakit, kadosta: panastis wawratan rah, tuwin kolera, ananging sakit kolera punika maung sawatawis, dene wontenipun sasakit wau, punika saking enggal lestantunipun asrep kaliyan panas, saha panas kaliyan asrep.

=====

Kala tanggal kaping 29 angrintenaken kaping 30 Agustus 1865, wonten griya kabesmen ing celak dalemipun Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Arya mangkunagara, kados ngadat titiyang boten sami manah amejahi latu, ewadenten titiyang saged enggal nyirepaken latu awit saking angrebahaken griya griya sawatawis, menggah pitunanipun para tiyang ingkang sami

kabesmen griyanipun, punika amesthi sakalangkung kathah amargi griya-griya ingkang sami kabesmi, sadaya griya sirap, raganganipun kajeng jatos ageng-ageng.

---

Serat saking Anyer katitimangsan kaping 31 Agustus 1865, anyariyosaken kados ing ngandhap punika.

Kala tanggal kaping 21 wulan Agustus 1865, wanci sonten titiyang ing Anyer sami bingah-bingah, aningali dhatengipun baita kapal api anama Brama wonten muhara Anyer, katitiyan ing Kangjeng Tuwan ingkang wicaksana Guprenur Jendral sagarwa putra sadaya, tuwin ingkang sami andherekaken, sareng baita kapal api Brama ambucal jangkaripun, ing sanalika Kanjeng tuwan ingkang wicaksana guprenur jendral tedhak saking baita kapal api wau dhateng dharat, saha kapethuk mawi pakurmatan kados ngadat, sarawuhipun kanjeng tuwan ingkang wicaksana guprenur jendral kakurmatan ing ungeling mariyem saking para baita kapal prang tuwin saking beteng-beteng.

Ing Anyer salaminipun kanjeng tuwan ingkang wicaksana guprenur jendral wonten ing ngriku, sadaya sami karengga ijem, dalemipun kanjeng tuwan asisten residhen ing Anyer kadekekan plengkung, saha kasuledan dilah sewu, wah anyuled sekar latu ingkang sakalangkung sae, andadosaken kaindhakaning kabingah-anipun titiyang kathah, punapa dene ing para baita kapal kagunganipun kanjeng gupremen ingkang sami wonten muara ing Anyer sami kasuledan dilah, sarta titiyang amendhet ulam sami anyuled dilah wonten ing saganten, saaya punika sakalangkung sae katingalan, sanes panggenan ing tanah jawi anjawi ing Anyer boten badhe kados makaten, sareng enjingipun kanjeng tuwan ingkang wicaksana guprenur jendral amriksani gedhong-gedhong kagunganipun kanjeng gupremen, punapa dene amriksani panggung ingkang sakalangkung sae wonten prenah ingkang selak kaliyan supitan ing Sundha. Sampun katawis manawi kanjeng tuwan ingkang wicaksana guprenur jendral anrimah bab anggenipun sami kurmat ing panampini-pun dhateng kanjeng tuwan ingkang wicaksana guprenur jendral

wau wonten ing Anyer, ing Anyer wau andadosaken kasenenganing satunggilipun tiyang ingkang sami dhateng ing ngriku, bab tata resiking nagari tuwin anggenipun anyaeni margi-margi ageng saha griya-griya sadaya, punapa malih ing Anyer badhe andadosakengumun dhateng tiyang ingkang sampun nate sumerep ing Anyer ing kala rumiyin sampun lami, lajeng aningali sapuni, menggah ingkang andadosaken sakalangkungkathah kaindhakanipun sae ing anyer, punika saking kawontenanipun paparentahan sampun kalih tahun ingkang ajeg tuwin santosa lampahipun.

Kala tanggal kaping 23 Agustus wau kanjeng tuwan ingkang wicaksana guprenur jendral lajeng tindhak dhateng Serang, karsanipun badhe aningali paresidhenan Banten, sareng tanggal kaping 29 taksih tunggil wulan kanjeng tuwan ingkang wicaksana guprenur jendral lajeng wangslu dhateng Anyer malih, enjingipun tedhak dhateng baita kapal api Brama badhe kondur ing Batawi malih, mawi kakurmatan ungelung mariyem kados ngadat.

---

Ing ngandhap punika cariyos ingkang kalebet aneh:

Atur abe kula akathah-kathah kanthi kaurmatan.  
Panuwun kula dhumateng saudara mugi kabar kula punika kapaca-ka ing sert Jurumartani.

Ing bawah kula padhusunan Kertasari wonten satunggal tiyang nami Kyai Mustari nalika tanggal kaping 27 Agustus ingkang sampun kapengker punika ing wanci dalu piyambakipun kesah dhateng sabin sak kidulipuning dhusun Kertasari wau, badhe ngelep taneman dhekeman, ing wusana sareng dumugi Wangsan caket tanemanipun dhekeman kapethuk tiyang estri satunggil ayunipun ngelangkungi, badhe amencolot ngaler nangingboten saged nedha tulung dhateng kyai Mustari, ugi lajeng dipun tulungi, sareng sampun katulungan lajeng pitaken dhateng kyai Mustari, punapa inggih piyambakipun ingkang nami mustari, kyai Mustari mangsuli inggih, lajeng tyang estri wau nying-lak gigiripun Kyai Mustari, klayan wicanten dhasar iki sing tak goleki, Kyai Mustari sak nalika punika semaput, sareng sampun enget tyang estri taksih ngemploki kemawon, kadamel

budi sakrosanipun, nanging tiyang estri boten saged uwal-uwal, ngantos pletheking surya tiyang estri wau lajeng ical boten kantenan, Kyai Mustari sasampunipun mantuk ngantos sadinten sadalu dereng saged wicanten, sak punika sampun saras. Sinerat Tawangsari, Panaraga kaping 11 September 1865. Katandhan Mantri Distrik Panaraga, Raden Mas Canra amijaya.

---

Ingkang serat sarta ngturaken ingkang tabe akthah-kathah, sakiing kula Raden Panji AStranagara, ing nagari Kudus, mugi kaatur ing panjenenganipun tuwan ingkang mengarang serat Jurumartani ing kantor pangecapan nagari Surakarta Adinigrat.

Awiyosipun, kula akamipurun gadhah panuwun ingkang supados kapacak wonten ing serat Jurumartani, yen kula sampun nyubi blasteraken anem wiji wit pisang, kedadosan saged awoh aneh, kados ing ngandhap punika rekenipun:

Mundhut 1 wit pisang raja; 2 uwit pisang sanga, 3 wit pisang mas, 4, wit pisang garaita, 5 uwit pisang gabu, 6 wit pisang Ijem, 7 uwit pisang ampyang, dipun tanem satunggil luwang, sumaos sampun miyos anakipun, lajeng kapapal kalayan pacul, dalah bokipun bilih sampun thukul satunggil inggil ing tengh saweg kaingah, saengga awoh.

Wohwohanipun ingang satunggal tundhun, sacengkeh cengkehipun gadhah rupi piyambak piyambak, kadi dening pisang papitu wau, ingakng sampun katanem ing nginggil.

Kakancingan tanggal kaping 7 September 1865, katandhan Rahaden Panji Astranagara.

---

Angka 39, 28 September 1865

Ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan Pakubuwana Senapati ing Ngalaga Ngabdurahman Sayidin Panatagma ing Kaping IX ing Surakarta, ing mangke kakula wisudha dados Kumandhur saking Wderdhe NederlanSeleyo, kasebut ing serat Kakancinganipun Kanjeng Raja Walandi, katitimangsan kaping 26 wulan Ju;i 1865 angka 33.

Pawartos warni-warni

Ing Anwordhen tanah Walandi wonten lare yatim taksih dipun ingoni dhateng sadherekipun estri ingkang miskin saha panggesanganipun saking anggenipun anyambutdamel, punika akala Akad ingkang sampun kalampahan lare yatim wau nuju malampah-malampah aningali wadhah arta kertassumeleh ing siti, lajeng kapendhet, sareng kabikak wadhah arta kertas wau wonten isinipun artakertas kathah, sarta ing kaca ngajeng piyambak kaserat mungel namanipun ingkang gadhah, menggah ingkang gadhah punika Kapitan Be, ingkang mentas saking Bremen tanah Dhitslan, saweg satengah jam dangunipun lare wau sampun lajeng saged kapanggih dhateng ingkang gadhah arta kertas, nunten lare punika anyukakaken wadhah arta kertas saisinipun, wondening arta kertas wau saking papajenganing baitanipun kapal Kapitan Be, ingkang kawade wonten ing nagari walandi, kathahipun kirang langkung saking 25.000 rupiyah, minggah lare punika boten ajeng anampeni ganjaran saking ingkang gadhah arta kertas bab anggenipun amanggihaken wadhah arta kertas saisinipun. Kala wingi ejing Kapitan Be, dhateng griyaning sadherekipun estri lare punika, lajeng lare wau kapendhet anake dhateng kapitan Be, sartabadhe kabekta dhateng Bremen, menggah kapitan punika boten gadhah anak saha dhudha, dene sadherekipun estri wau saestu lajeng kasukanan balanja tahunan dening kapitan wau punika.

---

Menggah panggelaring para tiyang stri ingkang ayu wonten ing Sisago bawah Engglen punika tiyang estri anama Anah, L.Wilson pikantuk ganjaran 1000 uang mas kawastanan dollar, tiyang estri wau ingkang kawastanan ayu piyambak, dene ingkang sami aningali dhateng panggelaring para estri ayu wau sakalangkung

sangget kathahipun, sarta tampinipun, sarta tampinipun bayaran saking ingkang sami aningali, tiyang satunggil ambayar sadhollar, punika kaetang sadaya gunggung 300000 dollar, sareng Jendral anama Pran aningali dhateng panggelaring para tiyang estri wau, wonten lalampahan ingkang elok, ing ngandhap punika pratelanipun.

Wonten tiyang estri wicanten dhateng jendral makaten: Para tiyang estri punika sadaya sakalangkung kapencutipun badhe ngambung dhateng sampeyan, ananging sami ajrih, Jendral Gran amangsuli: manawa para wong wadon kabeh iku dhemen angambung marang aku, ya gene teka ora padha dilakoni, dene saiki durung ana sing ngambung marang aku, sareng jendral sampun wicanten makaten, ing ssanalika titiyang estri kathahipun satus sami angambungi dhateng jendral, ing waktu punika

jendral badhe angesahi saking titiyang estri wau, ananging boten saged uwal saking ingkang sami angambungi, wasana jendral amratelakaken manawi sampun kawon, sarta angentosi kalayan sareh ing manah bab ing kadadosanipun, wondening pasuryanipun jendral boten wonten ingkang kalangkungan, waradin sami kaambangan sadaya, sareng para titiyang estri sampun anggenipun sami angambungi, ing wekasnipun jendral lajeng kesah, ananging pasuryanipun katingal ambaranang mangar-mangar.

=====

Wonten serat cathatanipun para titiyang ing jaman kina miong-ka dados pratondha , manawi titiyang jaman kina wau sampun ameningi jawah prahara akanthi galudhug tuwin baledhek anyambar-nyamber ingkang sakalangkung sanget, ing sapunika boten wonten titimbanganipun, kapratelakaken ing ngandhap punika.

Kala tanggal kaping 1 wulan Agustus 1674 ing wanci pukul 08.00 sonten, wonten prahara ngantos angajrih-ajrihi, kanthi jawah deres galudhug tuwin baledheg anyamber-nyamber, kasebut ing serat cathetan wau, kaupamekaken kados Gusti Allah badhe anumpes dhateng para manungsa ingkang kalayan angajrih-ajrihi, wit-witan tuwin griya sami rebah, para gilingan

ingkang wonten sajawining kitha Amsterdham sami karisakan snget, gareja ing Utrecht tanah walandi ingkang sampun misi-wur ing saenipun punika jugrug babar pisan, panggunganipun greja gansalutawi nem sami jugrug, saha payoning gareja sami remuk, salebetung kitha ing ngriku boten wonten griya eket ingkang boten karisakan, ing Prangkrik inggih makaten ugi, ing ngriku jawah wuh, toyaning jawah atos kados sela saha ageng ipun talethiking toya wawrat 3 utawi 7 pon, griya-griya tuwin wit-witan sami rebah kadhawahan ing jawah, titiyangngipun manawi kadhawahan ing jawah wau inggih kathah ingkang sami pejah.

---

Tuhan dokter Lerutte sampun amratelaken bab jampiniun rare watuk garing, ingkng enggal saged anyarasaken babar pisan, sakit watuk punika kawastanan ing tembung Walandi: Kinghus. Wondening tiyang sanes ing Ngayogyakarta amratelakaken jampi watuk garing punika sanes kaliyan jampiinipun tuwan dhokter Lerutte wau, kawrat ing serat pakabaran saking Samarang, menggah jampi punika langung bares tuwin mirah reginipun, saha pratelanipun kados ing ngandhap punika.

Sarehning titiyang jawi ing dhusun boten gadhah arta ingkang cekap kadamel tumbas jampi wonten panggenanipun tuwan ingkang adamel jampi, mila ing mangke wonten kaol bok manawi saged amikantukaken sakahahing titiyang jawi, saking dening anggenipun anglimrahaken ing ngakathah, bilih woh jeram kingkit kenging kadamel jampi rare watuk garing, woh jeram kingkit punika dipun worri gndhis pasir sakedhik.

Sarehning uwitipun jeram kingkit amung taman sari ing Ngayogyakarta ingkang wonten, kaliyan ing siti dhusunipun para tuwan satunggil kalih, ingkang punika boten wonten awonipun,

manawi pananeming uwit jeram kingkit kapencarna wonten siti ing padhusunan, turusipun jeram kingkit punika gampil ing pikantukipun, sarta badhe anyudakaken dhateng titiyang anggenipun kenging pangapusung para dhukun, kados ingkang kasebut ing ngandhap punika tutuladhanipun:

Dereng lami anakipun rencang kula titiga sami sakit watuk

garing, saben dinten titiyang sepuhipun kengkenan dhateng tamansari, atumbas woh jeram neng kitab ngaos kalih sen, sareng makaten boten ngantos let lami kula mendhet rencang tukang menjahit estri, ppunika anakipun ingkang wau gadhah saking watug garing, kacariyosaken dhateng titiyang sepuhipun rare titiga wau, menggah cariyosipuntukang menjahit, menawi wonten dhukun Cina, ingkang sampun anyarasaken anakipun skaing anggenipun watuk garing, boten ngantos lami lajeng saras, ing sanalika embokipun rare satunggil ingkang watuk garing wau kesah dhateng griyanipun dhukun Cina, kairingaken dening tukang menjahit, nunten Dhukun Cinaaken ajampeni woh jeram kingkit kgodhog kaliyan gendhis pasir dipun ombeknad-hateng anakipun ingkang watuk garing, nanging pamendhetipun keram kingkit kapurih dhateng griyaning sobatipun dhukun Cina, amargi namung sobatipun punika ingkang gadhah uwit jeruk kingkit taksih tulen, dene uwit jeram kingkit ingkang wonten tamansari punika sampun sepuh, saha wohipun boten sae, wicatenipun dhukun kalayan ngatingalaken susah ing pasemon, bilih embokipun rare amesthi badhe anyumerepi piyambak, manawi taksih kengkenan tumbas woh jeram kingkit dhateng ing tamansari. Embokipun rare wau amiturut ingkang dados rembaging dhukun Cina, wiwit kala samanten atumbas jeram kingkit dhateng sobating dhukun Cina punika, ananging reginipun awis, wondening embokipun rare ingkang kakalih wau sami kaget bab awising jeram kingkit ingkang katumbas saking sobatipun dhukun cina, Mila teksih Istantun atumbas jeram kingkit dhatne ging tamansari, punapa malih amargi kapnakakanipun estri ingkang sami watuk garing saha mentas saras, punika boten kajampenan sansing jeram kingkit amung wedalan saking tamansari wau.

Sareng sampun wonten kalih Akad laminipun emboke rare ingkang atumbas jeram kingkit dhateng sobating dhukun Cina, sumerep manawi rare kakalih ingkang sakit watuk garing wau sami wonten sarasipun, sarta amireng saking sadherekipun sepuh, bilih dhukun Cina apatungan kaliyan sobatipun bab arta regining jeram kingkit, amargi awit saking pitulungani-pun dhukun Cina sobatipun wau kala rumiyin, saged pikantuk turusing jeram kingkit kalih iji saking tukang gambar, salajengipun emboking rare ingkang tumbas jeram kingkit dhateng sobatipun dhuukun Cina, atumbas malih jeramkingkit dhateng tamansari, kadadosanipun rare titiga wau punika sami enggal saras.

---

Tuhan Be, dadasa pokat gadhah sagawon angin, punika dereng lami Tuhan Be wau malampah-malampah kakintihil ing sagawoni-pun, sareng makaten segawon punika kantun wonten ing wingking, kasingsotan ing bendaranipun boten dhateng, nunten

bendaranipun mangsuli sagawon, kapanggih sampaun kacepeng wau mila kdah kaluwaran, parentah pulisi anngalih sanes boing tiyang, ingkang saged abungkem cangkeming sagawon, , kalampahan sagawon boten saged anjugug sarehning Tuhan Be punika sakalangkung rosanipun, lajeng anyet dhateng durjana pandung sagawon wau, ing sanalika boten saged suwala, tumunten Tuhan Be, ....dhateng durjana punika, kapurih milih punapa angambung sagawon sapisan punapa kaladosakendhateng parentah pulisi, pandung sagawon amiih angambung sagawon, andadosaken ramining titiyang ingkang sami wonten p[anggenan ing ngriku, angepang dhateng durjana pandung sagawon wau, ing wekasanipun segawon lajeng kaambung dhateng tiyang durjana, ing nalika punika para pulisi ingkang panuju wonten ngriku, inggih sami amreduli ing prakawis ipun, saha anyepeng dhateng durjana pandung lajeng kabekta dhatengkantor pulisi, wonten ing ngriku tuhan Be anyuwun luwaring durjana pandung saking paukuman, mawi amratelakaken, bab wawatoning angge ing Borgondhiye tanah Prangkrik ingkang dereng kasuwak, manawi anamtokaken, sinten sintena ingakng nyolong sagawon angin punika kenging patrap an kadhendha gangsal uwang mas, utawi angambung sagawon ingkang colong saking wingking, dene durjana pandung sagawon lajeng anglampahi ingkang sampaun katamtokaken ing angger wau , mila kedah kaluwaran, parentah pulisi anggalih sanes boten kados makaten, sarta angintunaken durjana pandung sagawon dhateng paparentahan ing kitha.

---

Sampaun sawatawis tahun laminipun ing Boston tanah Amerika wonten titiyang badh tutukaran ngantos sapriki dereng kalampahan tansah kainahaken kemawon, menggah cariyosipun kados ing ngandhap punika:

Tuhan A. ing kala samanten dereng rabi, anantang tutukaran dhateng Tuhan Be, ingkang sampaun gadhahbojo tuwin anak sa-

tunggil, awit saking sabab punika tuwan Be boten purun tukaran kaliyan tuwan A, sareng sampun let satahun saking anggenipun anantang tutukaran tuwan A, dhateng tuwan Be, tuwan A anantang malih dhateng tuwan Be, mawi amratelakaken bilih sampun rabi saha gadhah anak satunggil, andadosaken sami ing babagipun, ananging tuwan Be nunten amangsuli kawrat ing serat, manawi bojonipun sampun gadhah anak malih, dados kalih anakipun ing waktu punika, mila taksih sulaya ing babagipun, let satahun malih tuwan A, kintun serat dhateng tuwan Be, angambali ing panantangipun, mawi amratelakaken bilih sampun gadhah anak kalih, ananging atampi wangsulan saking Be, manawi Be punika sampun gadhah anak tiga, makaten kemawon kadadosanipun prakawis tansah geseh ing babagipun, ing wekasanipun tuwan A, sasampunipun gadhah anak enenem anantang tutukaran maloih dhateng tuwan Be, ananging tuwan A cuwa ing manah, sareng atampi wangsulan manawi tuwan Be sampun gadhah anak pitu.

=====

Wonen tiyang kakalih ingkang satunggil anama: We, Be, ingkang satunggilipun Ye, Be, kalihpisan dados tukang kajeng, punika

dereng lami sami wade tinumbas,. We, Be gadhah bojo, saha Ye, Be dados bathihipun We, Be Sarehnipun We Be remen angombe jenewer, langkung remen katimbang kaliyan remenipun dhateng ingkang estri, nunten aprajanjeyan sagah anyukakaken anak bojonipun dadosan griya sadaya dhateng Ye be, manawi Ye, Be purun anyukani arta kathahipun salangkung rupiyah bayar kenceng. Sareng makaten pamadenipun anak bojo tuwin dandosn griya wau mawi kawrataken ing serat saha mawi katandhanan ing nama, saha sasampunipun kalampahaning pamadenipun wau, tuwan We, be, lajng kesah.

=====

Karampunganing pamainipun loterei ing Sindhanglaya wontn nagari ing batawi, ing ngandhap punika kapratelanipun:

kauntungan kapisan, angka 734 angsal, 21200 rupiyah  
-----kaping kalih,----923 angsal, 10600 rupiyah

-----kaping tiga,---1745 angsal, 5300 rupiyah  
-----kaping sakawan---346 angsal, 2650 rupiyah  
-----kaping gangsal---898 angsal, 1060 rupiyah  
-----kaping nem -----789 angsal 530 rupiyah

Kauntungan kathahipun kalih dasa satunggil tunggiling angka angsal 265 rupiyah, kadosta: 587, 89, 320, 1941, 192, 142, 816, 252, 424, 960, 1789, 1946, 807, 1801, 113, 880, 534, 157, 1840.

Kauntungan kathahipun seket satunggaling angka angsal 106 rupiyah, kadosta, angka 593, 740, 1106, 505, 337, 607, 163, 895, 356, 674, 288, 419, 936, 769, 402, 1216, 949, 169, 699, 1892, 562, 701, 606, 363, 1849, 935, 362, 229, 1857, 758, 309, 4513, 177, 1877, 170, 545, 20, 302, 849, 709, 1904, 597, 162, 1194, 745, 1985, 1862. 802, 1702.

Ganjaran kalih satunggiling angka angsal 530, rupiyah, kadosta 839 tuwin 756.

=====

Angka 40, 5 Oktober 1865

Kala wiwitipun tahun 1860, ing Balekarang Mas tanah Borneyo, kaprenah peranganing siti Sanggada ingkang sisih elee, tapel wates kaliyan Brunei tuwin Sewarak, wonten tiyan ghateng angaken dados sultan ing Brunei. Tiyang punika lajeng aimbalii dhateng pangagenging Sakayam, kawrat ing serat kalayan aparentah anggenipun animbalii wau, pangageng punka kapurih amanggihi dhateng tiyang ingkang mendha mendha sultan wau wonten ing Sanggangda.

Tuwan kontelir ing Sanggangda sareng tampi pawartos, manawi ingkang mindha-mindha sultan punika badhe dhateng ing Sanggangda , ambekta titiyang Dayak kaliyan titiyang malajeng kathahipun 500 saha angundhangaken wonten ing ngriku, bab karsanipun badhe anundhung para Walandi saking Kapusis, punapa malih sadherekipun jaler ingkang mindha-mindha sultan sampun kadhawahan medal saking kantungan dhateng Sintang, ambekta titiyang kathahipun sawatawis wonten saking 6000 saha kadhawuhan animbuli para pangageng saurutipun ing Kapusen sami kinéñ dhateng Sanggangda. Tanah ing ngriku titiyangipun sami ajrih sadaya dhateng ingkang mindha-mindha sultan, dene pangeran ing Sanggangda ing nalika samanten boten saged pikantuk titiyang ingkang kenging dipun ken amelahi baita, badhe kange ambekta serat katur kanjeng tuwan Asisten Residen ing Sintang, sarta badhe angemutaken dateng tuwan kontelir, sampun ngantos dhateng ing Tayan, sareng tuwan Letnan Kolonel Nangdatah, ingkang dados wakil Residhen wonten tanah Borneyoing sisih kilen amireng pawartos punika ing sanalika kala tanggal 2 wulan Pebruawi ingkang sampun kepengker ing tahun 1860, lajeng mangkat dhateng Sanggangda, ambekta baita nenem opsi kalih saha prajurit seket, Pangeran Bandahara ing Pontianak, saha Pangeran Paduka, Sawangan Sultan ing Sanggangda, sami tumut ing lampahipun Tuwan Letnan Kolonel wau, dene dhatengipun tuwan litnan kolonel wonten ing ngriku kala tanggal 8 taksih tunggil wulan, awit saking utusan pangeran paduka saha saking pranatan sawatawis boten ngantos amedalaken sarta ajarah rayah, nunten tuwan letnan kolonel majeng anglangkungi kampung ing Sanggangda , saha lajeng amanggen wonten prenah celak ing griyanipun tuwan kontelir, wonten ing ngriku tuwan letnan kolonel animbalii dhateng panembahan tuwin para pangagenging Sanggangda, ingkang sami kadhawahan ambekta ingkang mindha-mindha sultan ing Brunei wau, kadadosanipun adamel pakewedding palajengipun ingkang mindha mindha sultan.

Sareng anggenipun sami amanah-manah antawis sajam dangunipun bab purunipun sowan tuwin boten, ing wekasan panembahan wau kaliyan para pangageng sami dhateng wonten ing ngarsanipun

tuwan Litnan kolonel, dene ingkang mndha-mindha sultan inggih tumut dhateng, mawi upacaraning ratu, wah kajherekaken ing para abdinipun, kanejng tuwan residhen angaturi lenggah dhateng panembahan tuwin para pangageng wonten ing panggenan prenah celak kaliyan kanjeng tuwan residhen, dene ingkang mindha-mindha sultan boten dipun ken lenggah, malah kadhwahan ngadeg kemawon wonten sangajenging meja, sareng makaten

ingkang mindha-mindha sultan kadangu ing kanjeng tuwan residhen, punapa piyambakipun ingkang ngangge nama sultan ing Brunei, sarta purun-purun lumebet dhateng ing Brunei, punapa dene wonten ing ngriku purun-purun anedha urmat kados pakurmataning ratu, saha matrapi dhendha, amendheti sawarnining paos-paos, anedha arta tuwin barang-barang dhateng titiyang mawi pangancem-ancem manawi boten suka. Sareng ingkang mindha-mindha sultan aprasaja ing balakanipun, bilih yektos dados sultan ing Brunei, nunten Kanjeng Tuwan residhen amundhut dhuwungipun sarta lajeng dhadhawah angunjara dhateng ingkang mindha-mindha sultan wau. Ing nalika samanten andadosaken oreging titiyang sawatawis, ananging boten ngantos dangu lajeng tentrem malih, boten mawi angempakaken dadamel ing pandamelipun tentrem wau. Ingkang mindha-mindha sultan ajrihan ing titiyang ageng utawi alit, ngantos katurutan kemawon punapa ingkang dados pamundhutipun, ingkang wakil raden adipati ing Sanggangda kateksa dening kang mindha-mindha sultan ingkang ambekta titiyang Dhayak tigang atus, kapuruh anyukakna anakipun estri, badhe kadamel garwa dening ingkang mindha-mindha sultan manawi boten suka dalemipun badhe kabibrah, ing wekasnipun ingkang mindha mindha sultan kabekta dhateng Pontianak, saking ngriku lajeng kakintunaken dhateng Batawi katumpakaken ing baita kapal api.

---

Kaatur tuwan ingkang ngarang serat Jurumartani ing nagari Surakarta, serat kula ing ngandhap punika mugi sampeyan pacak ing Jurumartani.

Kula sampun aningali serat Jurumartani tanggal 14 ssi punika angka 37 kacariyosaken Tuwan Jhon Kaiser, ing Stesterman baita kapal Ciptain, kang sampun peah katanggor karang ing Pakalongan, nalika tanggal 23 Agustus 1865 tuwan Johnkaiser wau kumambang kalayan numpak papan ing laut, antawis kalih dinten waget minggir, dhawah kisik pasisir ing Demak kapanggih walandi pranakan, kasukani snadhangn, lajeng kabekta ing Demak, lajeng kabekta malih numpak baita sanes ing Tuban, salajengipun.

Dene wau tuwan Johnkaiser, crita mawi mentas ing dharatan bawah Demak punapa malih ngantos pinanggih walandi pranakan lajeng kabekta ing nagari Demak, saking pamanggih kula ngenipun mestani ing Demak, Johnkaiser punika wonten kalintunipun, margi salebeting afdeling Demak ingkang gadhah laladan pinggir laut namung 1 dkstrik Demak 2 dhistri Wedhung, mongka tebihipun Demak saking laut, 10 pal punapa malih krajan distrik Wedhung dumuginipun pinggir laut tebihipun 25 pal mong kapinggir laut sadaya lumpur dharatanipun wana kajeng api-api kalayan Druju, boten wonten tiyang kang purun gagriya ing pinggir laut, wonten ugi walandi knag kapercados kanjeng guermen lagi 2 lak kalenggahan Riserse 2, ing mara Demak tuwan Al kang 1 ing babalan distrik Wedhung caket ing Japara tuwan S mongka wau 2 tuwan Riser se boten rumaos mireng utawi kadhatengan bab punika boten.  
Punapa malih wau tuwan Johnkaiser, ngaken sampun kabekta ing Demak lajeng katumpakaen baita alit kaateraken ing Tuban,

punika boten cocok ing dalem nalaripun margi sangking Demak dumugi Tubin boten kenging dipun lampahi baita alit medal laut, punapa malih baita penjal, margi tebih nglangkungi caket medal dharat punapa malih ing Demak wonten panjenengnipun kanejgn tuwan asisten residhen sarta kanejgn Pangeran bupati nagari demak sampun boten kemawon wonten prakawis mekaten lajeng katriwal tentu kapriksa aturanipun utawi lajeng kakintuna ing Samawis ing sarehning wau Tuwan Johnkaiser dereng nate wuninga jajahan ing Demak tur bongsa Inggris dhaar totok, pinanggih bangsa Walandi pranakan sami kalintung pamireng namining panggenan, menawi Riser sebahaw Rembang, utawi Juwani, sumerep caketipun dhateng Tubin kenging kalampahan baita alit penjalan.  
Ingkan gpunika mugi sampun dados panggalihipun Tuwan kang ngarang serat Jurumartani.

Kaserat tanggal 20 September 1865. Katandhan Mas Murina.

---

Ngayogyakarta kaping 26 September tahun 1865 Saudara kula purih macak ing serat Jurumartani, ing ngajeng punika.Kala tanggal kaping 24 wulan punika wanci pukul 12 siyang wonten Welandi, pethak, 2, Welandi cemeng, rejata, kalong wonten ing dhusun Salakan, kathahipun legsan utawi kethen, sareng jejata kaping sekawan boten angsal lajeng nepsu, welandi kekalih wau, ciptanipun mekaten, Ya Tuhanku, pigimana saya pasang, ampat kali tiyadapat, ini dhesa, pohon besar ada jimnya,ya Tuhan ku, serebu hapun.

Boten antawis dangu, lajeng konangan kaliyan Tuwan Pernis, 2,

Tuwan Dhelop pabrik Salakan , seja, 2, iji lajeng kace-pengwelandi kekalih, wau, lajeng lumajar boten kantenan purugipun, sun apan lajeng katilar, Tuwan Pernis lajeng repot dhateng pulisi, utawi regent Kalasan, Kalajengaken dhateng ing parentah negari, raden Panewu Danukrama, lajeng katitipriksa, sahatrang dhateng ingkang ngladosaken senjata, wasa Mertadiwirya, bekel Salakan, ngaturaken mila radi angker dhusun Salakan panggenan kalong wau, ing ngadhat yen senjata lajeng sakit, sareng sampun terang raden panewu, anggenipun titipriksa lajeng matur kanjeng raden adipati.  
Dhawuhipun lajeng kakersakaken repot dhateng kantor matur tuwan Jurubasa, kaliyan nyaosen senjata 2 iji, ingkang satunggal, lub kalih ingkang satunggal godhog lub satunggal.  
Sakpunika prakawis dereng trang, menawi-menawi-menawi para tuwan-tuwan senjata, ingkang lumajar waulajeng nyuwuna, dhateng ing kantor, anget-sanget pangajeng kula,ing panjenengganipun saudara. Katandhan Mangunpraja.

=====

Katur dhumateng tuwan ingkang angarang serat Jurumartani

Kula sampun maos serat kintunan saking Paniten Gebog wong sasonta ingkang kapacak ing serat Jurumartani angka 36, ingkang dados pirembagipun wong sasonta wau kula mrayogekaken bab wedalipun serat Jurumartani, ing ngatasipun dhateng kula ingkang taksih kathah kacingkrangan kula, botn angamingaken sumerep dhateng wartos ingkang proyogi kemawon, ananging

dados piwulang ageng bab ukaraning srat anggitanipun tuwan piyambak sangt andadosaken oweling manah, wedalipun serat Jurumartani wau, dene nami sapisan ing dalem 7 dinten saupami tuwan kersaha angedalaken kapingkalih ing dalem sangahad: kados-kados angindhakaken tumunten jembaripun nalar kula, kula manah kados ta lare kakawulang sangahad kaping kalih, temmtu enggal saged dipun tinibang kang kawulang sangahad sapisan, wondening wragatiun serat Jurumartani, kenging karegenan 20 ing dalem satahun kados ing dalem sawulan namung bayar 1.66 2/3 kados dening reginipun serat kabar ingkang kanamenan Dhe Lokomotif pangraos kula manawi tiyang ingkang badhe amarsudi sastra jawi kaetang boten awis regi samanten. Wusana kula ngaturaken tabe kula sarta kaormatan, kaserat ing Banyumas tanggal kaping 15 September 1865, saking kula Raden Angabehi Reksaningrat.

=====

Ing ngandhap punika kula aturi ngarang.

Kula Raden Riya Jayalelana, ing nagari Ngayogyakarta, kaleres dadi abdidalem Riya kliling kula sampaun anampeni serat Juru-martani ingkang wedal kemis kaping 31 Agustus 1865, wonten seseratanipun Raden Atmadikara abdi dalem Urdenas ing nagari Surakarta, saha mawi katandhan raden Panji Suryawijaya, jurubasa tembung jawi negari Batawi, pramila kula saweg angaturi serat sak punika sabab mawi kula tingali wernenipun rumiyin, serat wau angrengga lan anjunjung dhateng karaton dalem ing nagari Surakarta, saha kapratelakaen kawontenanipun gambar-gambar tuwin kaca-kaca, dipun samekaken karaton ing Ngendrabawana.

Ing sarehning kula sampaun anggega sanget lajeng kula tuweni kados ing ngandhap punika kawontenaipun, ing purbanegaran punika pangabeyan lami sampaun celak kaliyan kadhaton, mongka sawetan tuwin saking lening regol pageripun sami gedheg tur bobrok ramot-ramot, sangajeng Mangkubumen lami sakilening Suryabran inggih songkro, mangidul griyanipun abdidalem konca Urdenes Raden Atmadikara sapanunggalanipun inggih ramot saha ngantos dumugi kori gapit kidul, sawetanekori gapit mangetan dumugi kamung Warunggunung inggih makaten, ing Pringgalayan dumugi kori gapit Erlan Adinegaran inggih sami ramot. Ingkang teksih katingal sae namung badalemanipunpara bendara pangeran, liyanipun punika kekathahen ingkang songkro tuwin ramot, dora sanget pangunggungipun kaliyan kawujudan punapa inggih karaton Ngendrabawana songkro tuwin ramot. Ewa semanten manawi salebetipun kagungan dalem Capuri mila saestu sae tikel kaliyan ingkang wahu-wau, apit ingkang sinuhun Kanjeng susuhanan sak punika dereng kendel anggenipun karsa mamangan.

Wangsul raden mas Panji Suryawijaya ngaken dados Jurubasa ing tembung jawi negari Batawi, punika ingkang dipun jurubasani tiyang punapa, lan angsal wewenang sangking sinten nyepeng beslitipun sinten. Klipun tiyang Betawi wicantenipun caramlar-jar, mlajaripun mawi enggak tuwin kagak punapa anjurubasani kagak dereng nelas cara mlajar, klayan yektosipun ing Batawi jurubasa wlandi wonten Ridhekalridekal wonten, menawi juruba-sa jawi sepen. Dados dora sanget mawi nama jurubasa punika, katranganipun raden mas Panji wau juruserat saking berahan tuwan Kohen Stuwar, yen jurubasa dede.

Lan malih kula suka serep boten andadosaken karsa dalem kagungung kados seseratanipun raden Atmadikara wau, yen badhe karsa kagungung negari Surakarta boten kirang pujongga, lan boten kirang priyantun saged saha boten kirang Juruserat, saking pamireng kula abdidalem ing nagari Surakarta sk wetawis kathah ingkang ngertos, mas Wangsengdarmita punika kimawon pandugi kula saged yen wonten dhawuh dalem kakersakaken ngrengga ngarang kasekaraken tuwin gancar, sabab Wangsengdarmita punika sampunkawical tiyang saged, toh boten angunggung dosa serat ngajeng wau, dados ing sakpunika 1 Raden Mas Panji Suryawijaya, 2 Raden Tumenggung Jayanegara, kenging dipun

wastani sak kestel menggah seserepanipun tur sami darah ing ratu, anamung kalih pisan boten kenging katiru, dene Mas Wangsengdarmita punika terangipun nama palsu. Sinerat Ngayogyakarta kaping 26 September 1865. Katandhan Raden Riya Jayalelana.

Angka 41, 12 Oktober 1865

Pawartos warni-warni

Saking pawartosipun manawi wonten Cina mentas saking nagari Cina dhateng ing tanah Australiyah, ambekta bojonipun tuwin rencang estri ingkang taksih nem satunggil, tiyang estri kakalih punika sakalangkung ayu warninipun, saha sukunipun alit sanget, menggah rencang estri wau anggenipun tumbas tiyang Cina regi sadasa tukon mas, sadhatenge tiyang Cina wonten tanah ing ngriku, punika rencangipun estri lajeng kawade pajeng 120 ukonmas, ingkang tumbas Rencanging Cina tumunten angrabeni dhateng rencang wau, dene ingkang Wade sanalika angatingalaken saking solah, manawi badhe anglajeng-gaken ing padagangipun tiyang ingkang sakalangkung amikantuki, kadamel ageng ing padagangipun, kalampahan titiyang Cina sanesipun sami amanut ingkang dados patrap makaten wau.

=====

Dereng lami ing Paris kithanipun ageng ing Prangkrik wonten tiyang estri sampun sepuh anumpak kereta tunggil kaliyan titiyang estri nem-neman sawatawis, boten dangu tiyang estri sepuh tilem wonten ing kareta, ananging lajeng kaget saking dening Panjali ing titiyang estri nem-nemanajrihipun, tiyang estri sepuh sareng sampun sumerep ingkang dados sababing Panjaliyah, tumunten angundang makaten: Marenuya kosote, lan pipe, kowe padha gawe apa ana ing kono, sasampunipun makaten sawer kakalih lajeng kacepeng, sami kalebetaken wonten ing kanthong, nunten tiyang estri sepuhapratela dhateng titiyang estri nem-neman, manawi sawer kakalih puunika kalan-genanipun wonten ing griya, ingkang adamel kabignahaning manah sami kaliyan kewan sanesipun kados ta: Kucing utawi sagawon.

=====

Wonten titiyang jaler nem-neman saking asli sae saha bagus warninipun, ananging boten gadhah, anedha anakipun tiyang sugih ing RRangadawan tanah Prangkrik, badhe karabenan, bapa biyungipun tiyang estri ingkang taksih nem, amarengi ingkang dados panedhanipun wau, wondening tiyang nem-neman punika saderengipun aningkahan, sampun kaingongan dening titiyang

badhe mara sepuhipun, wasana dinten badhe paningkahipun katamtokaken, sanak sadherekipun ingkang estri sami angalem-pak wonten griyaning panganten estri, badhe tumut dhateng gdhong panggenanipun badhe aningkahan ing waktu punika badhe panganten jaler ataken dhateng badhe bojonipun, punapa boten gadhah arta sakedhik, awit piyambakipun boten gadhah arta ingkang cekap kadamel ganjaran badhe paningkahipun kados ingkang sampun dados ngadhat, badhe panganten astri lajeng ambukakaken kanthongipun ingakng kebak isi arta, sareng makaten badhe panganten jaler wicanten manawi badhe kesah tumbas srutu skedhap wekasanipun wiwit kala semanten sampun wolung dinten laminipun badhe panganten jaler wau boten wangsul malih.

---

Singa Barong ing Algeriya tanah Afrikah.

Menggah dadamelipun serat tuwan Nasing ingkang dereng lami kawedalaken, punika anyariyosaken bab anggenipun kekesahan tuwan Nasing lumebet dhateng tanah Algerije, badhe amemejahi sakathahing Singabarong, pamanggih anggenipun kekesahan wau kathah ingkang elok bab Singabarong, bab traping panggesanganipun Singabarong, pratelanipun kados ng ngandhap punika. Sangandhaping pareden Lasailah prenah sawatawis pal tebihipun saking Batnah tnah Algerije, wonten wanaipun ingkang sakalangkung wiyar, wit-witan ageng-ageng akathah warnipun, ing dalem satahun muput wit-witan punika tansah katingal ijem, sangandhaping wit-witan garumbul bobondhot botenkenging dipun lebeti ing titiyang, wna ing ngriku kaenggenan ing Singabarong ingkang sakalangkung remenipun sami amanggen wonten ing grumbul Bobondhotan wau.

Ing wanci siyang Singbarong sami wontn salebeting grumbul, menggah cariyosing titiyang kathah, manawi Singabarong punika sami remen amanggen wonten ing guwa, punika dora, awit saking angendelaken karosanipun Singabrong amanggen wonten garumbul Bondhot iangkang peteng, boten purun amanggen ing sansipun panggenan, wonten garumbul Bondhot Singabarong sami gigriya ing saben dinten, awit saking landheping pangambetipun Singa-

barong boten gadhah kumawatos bab anggenipun agigriya wonten ing grumbul Bondhot, manawi wonten sabawa kemresek sakedhik kemawon, Singabarong tuunten amaspadakaken, kadadosanipun boten kenging kacelakan.

Menggah ingkang sampun dados ngadhat, Singabarong ing wanci dalu medal saking grumbulipun, kesah lumampah urut margi alit ing wana ingkang pundi-pundi wonten.

Manawi Singabarong karegonan ing sato sanesipun, punika tumunten anggero, ananging amung sakedhap lajeng kendel dene pangartosipun Singabarong, manawi mengsahipun utawi sto ingkang dados mamangsanipun sami boten saged acelak kaliyan piyambakipun bilih taksih anggero makaten, Singabarong asring kemawon lumampah anggrumut kados kucing, utawiamancolot mancolot boten saronta, lajeng kendel sakedhap anningali mubeng, boten purun angaljengaken lamah saderengipun sumerep ingkang kayaktosanipun bab boten wontenipun ingkang mutawatosi.

Manawi ing waktu punika wonten panjuguging sagawon, anedha-haken manawi wonten Singabarong anyelak, punika Singabarong lajeng wngsul lumebet dhatng grumbul malih, amargi Singabarong punika sumerep, manawi sagawon ngadat kados kanthinipun tiyang, wonten ing grumbul Singabarong kendel kemawon, dngunipun ngantos kakinten sampun boten wonten kuwatosipun, lajeng medal malih.

Manawi Singabarong kraos luwe, ing wanci dalu lajeng dhateng padhusunan, nurut pangambetipun dhateng kewan ingkang wonten padhusunan ing ngriku, saha badhe kamongsa. Pager ingkang inggiliipun 8 utawi 10 kaki boten saged angambeng-ambengi lampahing Singabarong, punika tumuntenipun lupati, sacolotan kmawon sampun dumugi salebetting pager, ingkang kadamel ambengi ngantos kewan punika katedha ing Singabarong tuwin

sapanunggalanipun, boten dangu Singabarong manecolot medal sajawining pager, inggih nurut ing marginipun lami, sarta ambekta kewan mangsanipun kasampiraken ing gigir ibata karosanipun Singabarong.

manawi Singabarong mboten saged ambekta mamangsanipun wau, amargi saking wonten pambenganipun ing sawatawis, punika rahing kewan ingkang badhe kamongsa nunten kadilatan dening

Singabarong, saderengipun kesah saking panggenan ing ngriku, asring kemawon Singabarong ing waktu punika amejahi kewan ngantos langkung saking satunggil.

Manawi Singabarong sampun kraos luwe, saha botenn kaoyak ing titiyang kalanipun ambekta buburukan, punika burukanipun kabekta tebih saking panggenaning pamendhetipun nunten kasuwek-suwek, lajeng katdha ngantos tuwuk snget, let tiga utawi sakawan dinten buburukan wau kawangsulaken malih dening Singabarong dhateng panggenanipun andekek, wondening cariyos-ing titiyang, mnawi Singabarong boten purun mangsuli burukanipun ingkang sampun katedha, punika dora, sara ingkang cacariyos makaten punika, amargi saking boten sumerep dhateng traping panggesanganipun Singabarong, wangsl bilih Singabarong boten angsal mamangsan enggal punika lajeng amangsuli burukanipun lami, sanadyan sampun bosok inggih katedha ugi, sinten-sintena ingkang kapethuk ing singabarong kalanipun ngupados mamangsan, punika lajeng kapejahan dening Singabarong, kapal lembu, bihal ingkang sami wonten ing panggenan Singabarong boten purun anubruk, amung kagigiro kemawon, supados samu lumajenga, dene manawi wonten ingkang lumajeng dhateng pareden utawi dhateng wana, punika sakedhap dados mamangsanipun Singabarong. Dene singabarong punika boten narimah amejahi kewan amung satunggil sampun kasumerepan ing kathah, manawi singabarong satunggil amejahi kapal menda sapanunggalanipun ing dalem sadinten ngantos 45 iji. Ing Algeriye wonten Singabarong tigang warni, sadaya dados paunggilanipun sami amutawatosi.

Singabarong ingkang abrit sepuh punika ageng piyambak, nunten ingkang cmeng, Singabarong ingkang cemeng punika langkung lema tuwin singseting awakipun katimbang kaliyan ingkang abrit sepuh, dene singabarong ingkang dhawuk punika alit piyambak.

Singabarong ingkang taksih alit tuwin ingkang taksih neneman punika kathah ingkang jaler katimbangkaliyan ingkang estri, manawi sampun sepuh kathah ingkang estri kaliyan inkang jaler, sakdhik-kedhikipun manawi ingkang jaler satunggil ingkang asring estri sakawan, menggah ingkang dados sababipun, sampun kaupadosan punika awit saking pambuta ajenganipun Singabarong jaler, dados sami kerah ingkang sakalangkung sangat ngantos pejah salah satunggil prakawis anggenipun sami arebatan ingkang estri, supados dados sabojonipun.

Mnggah singabarong punika salaminipun meh boten purun anubruk tiyang, manawi kapregok saha kamunasika, punika singabarong lajeng nepsu, kalampahan tiyang kapejahan dening singabarong,

ananging boten kemongsa, jisimipun lajeng katilar, wekasani-pun dados tatedhanipun bubujengan wana sanesipun.

Singabarong tuwin sima ingkang kawastanan panter, punika boten saged menek ing witwitan, mila wit-witan punika dados

pangungsening titiyang, manawi tiyang menek ing uwit inggili-pun sampun ngantos dumugi ing pancolotipun singabarong, menggah inggilipun anggenipun amenek kedah wonten 4 elo, amesthi pancolotipun Singabarong boten dumugi. Ing Angwares prenah celak ing Batnah tuwin ing sanesipun panggenan tanah Algeriye punika sakalangkung kthah singbarongipun, mila titiyang ing ngriku sami anandhang pituna kathah sanget, menggah sakathahing pituna wau, kenging kamurwat sking pnge-tang ing ngandhap punika:

Singabarong satunggil anedha menda satunggil ing dalem sadin-ten, menda satunggil punika murwat pangaos kirang langkung saking Rp. 6,-- dados ing dalem satahun kirang langkung ..... Rp. 2.190,--

Anedha lembu ing dalem sawulan kirang langkung,  
dados ing dalem satahun kirang langkung..... Rp. 300,--  
Kapal utawi bihal satunggil ing dalem bilih wulan  
kamurwat pangaos kirang langkung saking Rp. 200,-  
ing dalem satahun kirang langkung.....Rp. 1.200,--

-----  
gunggung.....Rp. 3.690,--

Dados pitunaning titiyang ing Angdares saking  
dening singabarong, kamurwt ing dalem satahun  
kirang  
langkung.....Rp.  
.....Rp.96.400,--

Ing  
Buarip.....Rp.239.500,--

-----  
gunggung.....Rp.335.900,--

Manawi wonten tiyang satunggilipun ingakng ambubujeng Singa-barong ing saenggen-enggen salebeting tanah Algeriye, punika sami kaanggep mitra tuwin pitulung dening titiyang ing

ngriku, boten mawi suumelang ing kayektosanipunn bab pangang-  
gep wau, awit sking ungel-ungelan ing nginggil wau punika .

=====

Kula ngaturi priksa jawilan manawi sak punika rden Tumenggung  
Jganagara badhe kapocot., angsl pansiyun 25 rupiyah. Ktandhan  
Mangunpraja.

=====

Tuwan Degrootkolep an ko amurih dhateng para priyantun ing-  
kang sami karsa amendhet serat pananggalan ing tahun 1868,  
mugi angintuna wngsul serat kalowonganing serat pananggalan  
wau ingkang sampun katampenan saha manawi sampun kaseratan  
bab kathah kedhiking pamendhetipun, benjing tanggal kaping 16  
Oktober punika. Katandhan Tuwan Dhegroot Kolep en ko ing  
Surakarta.

=====

Loterei minongka untunganipun komidhi ing Samarang, menggah  
ingkang kaloterekaken arta kathahipun Rp. 100.000,--  
Dene panutupipun loterei punika katamtokaken benjing tanggal

kaping 18 wulan Nopember 1865.  
Menggah loting loterei ingkang kantun akedhik titiyang taksih  
saed pikantuk wonten ing tokonipun Tuwan Degrootgolep en ko  
ing Surakarta.

=====

Angka 42, 19 Oktober 1865

Jurumartani

Pawartos warni-warni

Dereng lami wonten tiyang Jawi dhateng griyanipun Tuwan Kunas Apoteker ing Surakarta, apitaken dhateng Tuwan Kunas makaten, punapa gadhah wisa ingkang sakalangkung mandosipun, manawi Tuwan Kunas gadhah wisa punika, pinten reginipun, sasampuni-pun kasanjangan bab regining wisa, tiyang jawi lajeng kesah, sarta aprangjanji sagah badhe wangsl ing dinten enjingipun, saha badhe ambekta arta. Ing nalika punika Tuwan Kunas tumun-ten asuka uninga dhateng pulisi bab prakawis makaten wau, dene tiyang Jawi punika enjingipun lajeng wangsl, sarta anedha tumbas wisa ingkang sakalangkung mandosipun saha regi kalih rupiyah, Tuwan Kunas anyukani punapa-punapa, kadekekaken ing dhus alit ingkang kabuntel kaliyan kertas kandel, mawi ananjangi dhateng tiyang punika, kapurih angatos-atos ing panggarapipun, amargi salebetung dhus wonten wisanipun ingkang sakalangkung mandos kados ingkang dados panedhanipun, dereng ngantos dangu anggenipun kesah tiyang jawi wau saking ngajenganipun Tuwan Kunas, mawi ambeta dhus ingkang kakinten isi wisa, lajeng kacepeng dening pulisi, sareng kapriksa tiyang wau aturanipun, manawi wisa punika badhe kadamel amisani sadherekipun jaler, ingkang anyambutaken arta dhateng piyambakipun.

=====

Serat ingkang saking Surabaya amratelakaken kados ing ngand-hap punika.

Surabaya kaping 28 September 1865.

Kala winginipun ing Landrat Surabaya anggarap prakawisipun tiyang Jawi, ingkang adamel resah wonten kitha Surabaya kala ing wulan Juni tuwin Juli ingkang sampun kapengker, amargi saking anggenipun amamandung kaping pinten-pinten, sarta sasampunipun kacepeng, saged los ngantos kaping kalih utawi kaping tiga, ananging wekasanipun kacepeng malih boten saged los, punika sasampunipun anglampahi mandung kaping sadasa, asring mawi ambabah, tuwin amenek tembok wah lumebet kori ingkang menga.

Kala tanggal kaping 11 wulan Agustus 1863, tiyang wau kapa-

trapan paukuman dening Landrat, kenging padamelan sak salamnipun kalih tahun boten mawi karante, amargi sampun tetep dosanipun kadakwa amandung salebetung griya wanci dalu, ananging paukuman punika kaindhakan dening pangadilan inggil, durjana katrapaken padamelan paksa laminipun tigang tahun, boten mawikarante. Sareng wonten kunjaran ing Samarang, panggenaipun badhe anglampahi paukuman, tiyang durjana wau saged aminggat, lajeng kesah dhateng Surabaya, wonten ing ngriku wanci dalu angrintenaken kaping 9 Juni, tiyang durjana amandung arloji mas tuwin pethakan satunggil, saha sandhangan sawatawis wonten griya prenah celak margi ingkang dhateng Gresik, Kapendhet saking loteng, dene andhanipun ingkang kadamel minggah dhateng loteng punika katilar ing nalika kesahipun.

Kala ing dalu punika tiyang durjana amandung wonten griyanipun tiyang kalih ing Krambangan, akala tanggal kaping 21 Juni wanci dalu mandung malih lumebet griya medal saking jandhela, sarta lumebet ing griya sanes tunggil kampung, wedal amenek tembok tuwin ambukak jendela lumebet ing griya. Sareng enjingipun tiyang durjana kacepeng ing upas puisi, saha kabekta dhateng griyanipun Sekngdat, ingkang lajeng kabalakanan bab anggenipun amandung wau, sarta amratelakaken traping anggenipun mandung, sasampunipun makaten tiyang durjana kabekta dhateng kunjaran, leting tigang dinten tiyang durjana saget minggat saking panggenanipun amulasara anjampeni titiyang sakit wonten kunjaran, amargi tiyang durjana wau ka-jampenan wonten ing ngriku. Boten ngantos lami tiyang durjana kacepeng malih wonten ing Gresik, sarta lajeng kakintunaken dhateng Surabaya, sareng wonten griyanipun Tuwan Sakngdatma, tiyang durjana ing dalunipun saged minggat malih.

Kala tanggal kaping 10 Juli tiyang durjana kacepeng malih dening rencangipun Tuwan Y. ingkang palataranipun griya kalebetan dening tiyang durjana, lebetipun menek tembok, rencang wau ambekta tiyang durjana dhateng griyanipun wadana, ingkang lajeng apparentah ambelok dhateng tiyang durjana. Sreng enjingipun panuju wadana boten wonten ing ngriya, tiyang durjana anedha pamit badhe dhateng lepen sakedhap , tiyang ingkang jagi angiliani, sareng makaten tiyang durjana

boten wangsul, lajeng dados minggat malih.

Kala tanggal kaping 18 wulan Juli tiyang durjana wanci dalu angekrek pagering griyanipun tiyang jawi, ingkang lajng lumebet dhateng ing griya, let sadasa dinten tiyang durjana lumebet dhateng griyanipun tiyang Arab. ingkang korinipun griya boten kakancing, dene angsal-angsalanipun barang in-jingipun kang tawekaken dhateng tiyang jawi anama Mas Ari-wongsa, ing nalika samanten pun Sariwongsa apratela dhateng upas pulisi, ingkang tumunten sami anyepeng dhateng tiyang durjana, saha lajeng kalebetaken ing kunjaran. landrat ing Surabaya amatrapi paukuman dhateng tiyang durjana, kawedalaken ing padamelan paksa laminipun wolung tahun mawi karante wonten ing sajawinipun pulo jawi, katingalaken rumiyin ing akathah dangunipun saprapat jam.

=====

Tuhan Gelle awit saking sampun amrasudi lami, punika saged anerangaken bab adamel rasaning sandawa sampun ngantos mempan ngantos manawi kenging ing latu, boten mawi angicalaken kukuwatanning sandawa wau, bilih kabucal momoranipun ingkang adamel boten mempan punika. Tuhan Gelle dereng lami anyoba ingkang dados pamanggihipun, panyobanipun wonten ing ngajengipun para tiyang ingkang sami saged, kadadosanipun adamel skalangkung gumun ingkang para saged wau, sandawa boten saged amempan kasuled ing tosan mangagah. Menggah ingkang dados sarananipun adamel boten mempan ing sandawa, punika boten sanes saking bubukan gelas, manawi badhe ambucal bubukan glas saking sandawa wau, punika kaayakan kaliyan ayak ingkang alus, sasampunipun bubukan gelas kapisah saking sandawa, lajeng sndawa punika kamantuk ing wawatekipun lami. Menggah pamanggih ingkang dados makaten punika sakalanbgkung kathah

ing pikantukipun saking panggarap tuwin pambektanipun sandawa, dene tuhan Gelle punika pikantuk lilah saking paparentahan Inggris, kenging andaganga ingkang dados pamanggihipun wau.

=====

Kula purih saudara amacak Serat Jurumartani, ing Ngajeng punika.

Sasampunipun ingkang kadya punika, awiyos kula asuka kabar anggunaken inggalipun damel ing sak punika saking karsanipun Kanjeng Raden Adipati, kersa mulyakaken bendungan ingkang kawastanan ing Pingit inggih punika bendungan kina, awit nagari Ngayogya ambendung lepen Winonga, sak laminipun risak, dereng lami kadugi 3 tahun sampaun kamulyakaken lajeng risak malih mula ing sak punika kersa kamulyakaken malih, sawab bendungan ing Badran sapunika sampaun risakkatrajang toya banjur ageng, kala Jumungah Kliwon rumiyin.

Wondene penggarapipun bendungan wau, amurih kencengipun ing pandamelan Kanjeng Raden Adipati kersa tugur, klayan patihipun Raden Tumenggung Ranadirja, menggah penggarapipun kadugi 1 tahun, rampung awit ing dinten Jumungah Kliwon tanggal kaping 3 wulan Rabingulakir, ingkang katrapaken pandamelan wau trucukipun kanjeng semboja, jati, trenggulingipun glugu, jatirami dhundhuk, lajeng kauruk ing sela, dene trucuk kajeng semboja wau, supados awetipun sawab semboja punika, tahan kapetak sarta kakum ing toya, kawestanan pandemen kajeng, dene trucuk wau, tundha kalihwelas ingkang nomer 1, 2, 3, kajeng semboja, nomer 4, 5, 6, 7, 8, 9, 10, 11, 12, kajeng jati, ingkang nomer 13 nginggil piyambak dene kapetang trucuk namung kapetang damele kuwat, ing salarikipun trucuk wau ngantos 40 utawi 50 saben sak tundha, trenggulang, 1, sarta saben truvruk satunggal mawi pangeret, 1, bau danyang, 2, iji, wondening pemasangipun trucuk wau, boten kadhudhuk ing sitenipun, memasangipun mawi kabruk tosnkadugi wawratipun 10 dhacin ingkang masang trucuk wau kadugi langkung tyang saking 100 mawi kakerek, lajengkapulaken serana lantaran; wondening ingkang nyambutdamel ing dalem sadinten kuli, kalebet gowong, mergongsa, tukang batu pandhe, Upsinder, gandheg kadugi tiyang 400 sadinten sakelangkung rame saengga tiyang ngaken sima, kalih mes, suwaranipun, saben trucuk satunggal manjing, mawi surak sarengan, punika lelampaahan, kalebet pandamelan ageng, namung boten ngebahaken pandamelanipun negari ingkang patuh.

Sawab pandamelanipun ing negari, Prence, kados ta ing kedhaton, ing masjid ageng, tratag pasanggrahan Gowok, Maliyobara, punika nama pandamelan ageng, suprandoipun boten ewah, awit ing saderengipun tumapak ing pandamelan dipun gendhing lumin-tonipun awit kapresudi, bau, kapundhutaken penjuru, saking tuwan tanah, ingkang maos ing lengghaing kapatianyan, sarta-

penjuru saking siti methakan jurukunci, utawi saking putra  
sentana ing kapanungan, sarta Ranadirjan sapanunggilanipun  
sentana ingkang kacelak boten sranateksa kados lampah pasum-  
bangsan sesanggenipun priyayi gadhah damel mantu, kapundhutan

50 sdintenipun dumugi kemputipun mal rampunging pandamelan,  
ing sapunika pandamelan sampun nipis kantun larikan trucuk  
ingkang nginggil pisan sampun awit pasang trenggulang. kadugi  
antawis dinten rampung.

Malah ing celangabipun ingkang nginggil mawi dipun pasangi  
reca banon inggih punika sengkala namanipun ting tahun welan-  
di punika, awak denawa, sirah liman mawi tlale siyung jatha,  
sirah mawimakutha, Ingkang rumiyin ugi mawi sengkala, sawer,  
makutha, naga, gumarang, katranganipun punika sampun ram-  
pung: namung kagarab, 2 wulan. Katandhan Pa Dama.

=====

Ingkang tabe akathah-kathah sayogi katur tuwan ingkang  
ngarang Serat Jurumartani, mugi serat kula punika kapacak  
kawonten Serat Jurumartani, kula sedangonipun wonten Serat  
Jurumartani dereng nate kula nglebetaken, sak punika saking  
sumelangipun manah kula dados kula kedah nglebetaken,  
Awit kula ningali seratanipun Raden Atmadikara abdi dlem  
Urdenas ing Surakarta, kasebut ngalembana dhateng kraton  
dalem ing Surakarta, punika kula sampun nglambak semelang,  
kenya tahan lajengipun wangslu dhateng raden Riya Jayalela-  
na, abdidalem Riya klilinmg ing negari Ngayogyakarta, punika  
kayektosanipun boten wonten ingkang nami makaten abdi dalem  
Ngayogya, Riya kliling inggih boten wonten, ingkang punika  
saking panuwun kula dhateng priyayi ingkang sami kersa  
nglebetaken kabar, bok inggih sampun mawi ngalem dhateng  
negarinipun piyambak, utawi dhateng gustinipun, sabab mindhak  
dadosaken kusutipun keprabon dalem, sabab sedaya kemawon  
tiyang, ingkang sami ngewula inggih sampun tamtu pados sihi-  
pun bendaranipun piyambak, wondene sak punika panuwun kula  
sedaya kemawon priyayi-priyayi, kula aturi rujuk, sampun  
mawi selaya, senadyan namanipun priyayi wau boten kacethahka-  
na; nanging inggih priyanggi ingkang rujuk kok sedhiih manah  
kula, sareng mawi poyok-poyokan, dangu-dangu sutaken gustini-

pun piyambak-piyambak, aluwung sami gegujengan, ingkang klayan wonten perlonipun punika kula bingah. Ngayogyakarta kaping 9 Oktober 1865. Maslaratluki, ing Kamulyan.

---

Katur ingkang Saudara Tuwan ingkang ngarang Serat Jurumartani ing nagari Surakarta.

Katur tuwan ingkang ngarang serat Jurumartani, kula aturi macak ing serat jurumartani ngajeng punika Ngayogyakarta 22 Jumadilawal Jimakir 1794.

Kala wau dalu wanci jam 12 kula sumerep tyang gadhah lare kalebet ageng, wonten ing griyanipun tiyang ngindhungipun Ngabei Setrawirona, tyang nami, Kertataruna, awit injingpun Kertataruna wau kedhatengan sedherekipun nami Mbok Trunasemita, saking dhusun Manggal Kabupaten, Kalasan sareng dumugi dalu wanci jam 12 Mbok Trunasemita wau gadhah lare medal jaler, wedalipun jingkrung sareng dumugi jawi lajeng pejah, drijenipun kdugi panjangipun 1/2 kaki agengipun boten limrah kados lare lare ingkang kathah-kathah saengga drijenipun tiyang sepuh. Katandhan Rayuda.

---

Ngayogyakarta kaping 3 Oktober 1865

Kula purih saudara macak Jurumartani.

Kala tanggal kaping 13 Jumadilawal tahun sapunika, griyanipun tyang wasta Ranamenggala, bekel ing dhusun Karangplasa, Regent Kalasan.

Kabesmen, telas griya 18 iji, tiyangipun pejah wasta Amat Santri, ugi kabesmen sabab boten wwonten ingkang nulungi. Wondene anakipun boten saged wicanten, getunngungunipun awit mbokipun kabesmen ngantos dugi pejah wau, kula sumongga. Katandhan: Pa Dama.

Angka 43, 26 Oktober 1865

1. Kula wisudhan sapanunggilanipun

- Tuwan H. Idsardhi, Sekretaris ing Paresidhenan Bandhah tuwin Magistrat ngiras dados Pendhi tuwin Apenmister, ingkang kagantung kalenggahanipun, ing mangke kaundur pisan saking kalengganipun.
- Tuwan Mr.Gh.Y.Neiser, Sipsetitit, opsi Panjustisi ing Rat Panjustisi Batawi, ing mangke kakula wisudha dados-Presidhen Rat Panjustisi ing Ambon.
- Kanjeng Tuwan Gh.Y.Pandhertik (Van der Tik), Asisten Residhen ing PamalangParesidhenan Tegal, ing mangke kakula wisudha dadasisten Residhen ing Majakerta, paresidhenan Surabaya.
- Kanjeng Tuan Jonghir, Mister Wd.E.Nissen Asisten Residhen ing Anyer Paresidhenan banten, ing mngke kakula wisudha dados Asisten Residhen ing Sumedhang tuwin Limbangan ngiras dados Pendimester wonten ing ngriku.
- Tuwan C.S.Wilkes Kontelir Dherdheklas, ing mangke kakula wisudha dados Kontelir Twedheklas.
- Tuwan Dh.C.Dheroge, priyantun kareh ing Kanjeng Tuwan Guprenur ing Celebes sabawahipun, ing mangke kakula wisudha dadosKontelir Dherdheklas saking paparentahan lebet ing Guipremen Celebes sabawahipun.
- Tuwan R.N.Panoldhen (Van Oldhen)Kontelir Irsteklas, ing mangke kaelih saking Paresidhenan bagelen dhateng Paresidhenan ing Pasuruwan.
- Tuwan F. Solewin Gelepeke, Kontelir Twedheklas, ing mangke kaelih saking paresidhenan ing Pakalongan dhateng Paresidhenan ing bagelen.
- Tuwan P.BaronPanredhepan Ngdadoren Kontelir Twedheklas, ing mangke kaelih saking Paresidhenan ing Banten dhateng Paresidhenan ing Surabaya.
- Tuwan Mr. F.C.Dhalek Kontelir Dherdheklas ingkang dereng lami wangsul saking pamit dhateng nagari Walandi, ing mangke kaprenahaken ing padamelan wonten Paresidhenan ing Banten kareh ing Kanjeng Tuwan Residhen ing ngriku.

2. Pawartos warni-warni.

Dereng lami salebeting nagari ing Ngawi wonten tiyang kakecu, tiyang Jawi anama Dermawongsa ingkang gigriya wonten ing kampung Kauman, wanci pukul sadasa enjing griyanipun kalebetan ing durjana kecu, kathahipun watawis

wonten tiyang salanakgung, prenah griyanipun Dermawongsa punika antawis tebihipunsaking daleming Bupati tuwin Kanjeng Tuwan Asisten Residhen saha panggenanipun prajurit ing Ngawi, boten langkung saking 1000 tindak, menggah ingkang kenging kapendhet ing durjana kecu kamurwatpangaos kirang langkung saking Rp. 2000,--, dene ingkang dados benggoling kecu, punika tiyang anama Danuyuda, ingkang sampun misuwur lami wonten ing Madiyun bab anggenipun amamandung tuwin angeku, punapa malih ngantos sapriki pun Danuyuda dereng saged kacepeng. Menggah pun Drmawongsa punika dados tukang anglampahaken wewedalan saking Madiyun kabekta dhateng Surbaya, sarta sakalangkung kacekapanipun, bojonipun Dermowongsa ing waktu enjing punika kalanipun

griyaning Kang jaler kalebetan ing durjana kecu, lajeng pejah awit saking kaget tuwin ajrihipun, ing sapunika titiyang dereng saged pikantuk eler bab puruging kecu, dene saking pawartosipun titiyang, manawi pun Danuyuda kaliyan kancanipun kecu sadaya sami andhelik wonten wana kandhublalang ing Blora Kembang.

Cariyos saking Surabaya kados ing ngandhap punika. Kala ing dinten Rebo ingkang sampun kapengker panggelaring kewan ing Bangkalan sampun kalampahan. Menggah ganjaran warni-warni kapancekaken dhateng ingkang sami gadhah kapal lembu jaler tuwin estri, menda jawi sapanunggilanipun ingkang sami piyambak, kados ingkang kaundhangaken wonten serat pakabaran saking Surabaya, manawi ugi angadegaken peken kewan, wondene ingkang suka kabar wau anyariyosaken, bilih ing waktu punika aningali kewan kathah, ananging boten wonten amperipun manawi badhe katumbas utawi kawade, pitik iwen botenn wonten, ingkang wonten amung suwari kakalih, punika andadosaken pratondha, manawi pikajengan-ing panggelaripun kewan sapanunggalanipun wau boten dipun sumerepi ing akathah, punapa malih inggih boten wonten pawartosipun, bilih amantekaken ganjaran dhateng titiyang ingkang ambekta kewan saking panggenan tebih, utawi lam-

pahipun kados peken kewan ing Nagari Walandi, amanceni ganjaran dhateng titiyang ingkang sami tumbas utawi made kewan kathah.

Panggelaring kewan waukabikak dening Kanjeng Tuwan Asisten Residhen wonten ing ngarsanipun Kanjeng Tuwan Residen ing Madura, Kanjeng Tuwan Asisten Residhen ing Sumenep tuwin Kanjeng Tuwan Asisten Rsidhen ing Sampang, para panembahan , saha para priyantun tuwi para titiyang sanesipun akat-hah, bongsa warni-warni. Kala samanten sadinten muput boten wonten sanesipun ingkang katingalan amung titiyang abingah-bingah wonten salebetung pasamuwan punika, saweneh wonten ingkang sami ama menek tuwin abingah sanesipun, punapa dene ingkang kathah sami bingah bingah angabotohan. Ingkang suka kabar mastani perlu piyambak kala wiwitanipun panggelaring kewan saweg sadinten, ingkang suka kabar wau boten kapengin pisan aningali ing waktu punika pangaben-aben Sima kaliyan Maesa, amargi tingalan makaten punika adamel welasing manah, boten adamel prelu bab pamaringing ganjaran, saha bab panyuleting sekar latu,punika sadaya ingkang kalampahan ing kalih dintenipun, ingkang suka kabar saged amanah bab ingkang sampun dipun tingali utawi kamirengaken, punapa malih amanajh ingkang prelu piyambak awit saking rosing pangandikanipun kanjeng tuwan Asisten Residhen ing kala samanten,punika amratelaken, manawi panggelaring kewan kadamel angarjakaken ing titiyang alit, makaten punika ingkang suka kakaba apitaken, manawi panggelaring kewan adamel kaindhakaning karaharjanipun titiyang alit,punika karaharjan boten sageda kaindhakaken dening samukawis ingkang wonten ing panggelaring kewan wau, punapa pandamelipun griya-griya ingkang pancen kada-mel panggenanipun para pangagenging ngriku sami kadamel medal saking pikajengan boten kalayan paksa, saha punapa

cekap ing bayaranipun, punapa makaten ugi bab pandamelipun kandhang pangabeanan sima kaliyan maesa, punapa malih pendamelanipun rerenggan ijem punika punapa medal saking pikajengan ingkang boten kalayan paksa, saha cekap ing

pambayaripun, punika ingkang suka kabar wau amung anginten kemawon makaten, manawi yektos amedal saking pikajengan ingkang boten kalayan paksa, saha kacekapan ing bayaripun, inggih ugi ngabotohan punika boten saged adamel kaindha-kaning karaharjaninipun titiyang alit.

=====

Pikramaning tiyang sugih ing satanah Eropah boten wonten titimbanganipun punika badhe kalampahan ing wulan punika wonten ing Paris kithanipun agng ing Prangkrik, Grapsolti-nop badhe krama angsal putranipun Tuwan Yanulep ing Moskow tanah Ruslan, Tuwan Yanulep punika gadhah pelikan mas tuwin tembagi wonten tanah Ruslan (Rusia) ingkang saka-langkung kathah pamedalipun, saha kamurwat kirang langkung wonten saking Rp. 200 juta. Wondening putranipunestri Tuwan Yanulep amung satunggil, inggih punika ingkang badhe kakramakaken angsal Grapsoltikop, putra estri wau medal saking semah ingkang dereng kaningkah denning Tuwan Yanulep, ananging sampun kaaken putra dening kang rama, kada-mel sami kados putra medal saking bojo ingkang sampun kaningkah, mila dados ahli warisipun ingkang rama amiyambaki. Tuwan Yanulep ing sapunkanipun agrigriyawonten ing Paris, sarta boten amarengi, manawi pamantunipun agigriya wonten ing Paris, mantunipun punika katumbaskan griya ageng kalih, ingkang satunggil wonten ing Londhon, satung-gilipun wonten ing Peterburen tanah Ruslan, dene Grapsolikop gadhah sadherek jaler kakalih, saha gadhah pamedal saking anakaning yatra, kathahipun kirang langkung saking 10 utawi Rp. 12 juta. Menggah ingkang rama Grapsoltikop inggih ugi adalem wonten ing Paris, saha sugih piyambak katimbang kaliyan para ingkang sami gadhah pasiten ing ngriku, sanadyan titiyang sepuh sakaliyan ingkang rama Grapsoltikop tuwin Tuwan Yanulep besanipun kalih pisan sampun sepuh saha dhudha, sami boten amarengi Grapsoltikop kaliyan ingkang garwa adalema celak ing titiyang sepuhipun wau.

=====

Pawartos saking Makasar kados ing ngandhap puika.  
Makasar kaping 9 Oktober 1865, menggah pawartosipun saking Sumbawa ingkang kenging kapitados manawi kala kaping 15 September ingkang sampun kapengker ing Kampung Sumbawa

kabesmen, ngantos telasgriya sakampung, kathahipun watawis wonten saking 2500 iji, kadhatonipun Kanjeng Sultan ing Sumbawa, saha dalemipun para ageng ing ngriku sami telas kabesmen sadaya.

Barang-barang tuwin pantunipun titiyang ing ngriku, mentas angsal-angsalaning anggenipun panen, sami telas kabsmen sadaya, dadosan dalem ing kadhaton inggih telas kabesmen sadaya, boten ngantos kalih jam dangunipun, boten wonten sakedhik-kedhika ingkang dipun pitulungi.

karetanipun Kanjeng Sultann tuwin kagunganipun Kanjeng Sultan Panjatos mawi Pentholmas anggenipunamarangi Kanjeng Tuwan ingkang wicaksana Guprenur Jendral, agem-ageman tuwin dhadhaharan kagunganipun Kanjeng Sultan punika sadaya sa,i telas kabesmi, awit saking panasing Itu kagunganipun Kanjeng Sultan Mariyem kakalih sami luluh babar pisan.

Saking pawartosipun manawi titiyang ing ngriku satunggal ingkang dados jalaranipun kabesmen wau, tiyang punika sakit panastis mawi andaleming, sareng amanasi lajeng ngamuk, ambesmi griyanipun piyambak. Menggah tiyang ingkang pejah kabesmi amung kalih, punika tiyang estri picak kalih pisan, anggenipun sami amitulungi dhateng tiyang estri kakalih wau sampun kasep, dados kalampaahan sami pejah kabesmi, menggah sakedhiking pepejah punika awit saking siyang anggenipun kabesmen, manawi dalu anggenipun kabesmen wau, abesmi sapalih titiyang ing kampung ngriku ingkang sami pejah kabesmi.

Ewadenten anggenipun kabesmen wau andadosaken kasangsaran ageng ing ngatasipun titiyang ing Sumbawa, punapa dene langkung malih kasangsaranipun amargi saking pantun angsal angsalaning anggenipun panen sami telas kabesmen sadaya.

Kanjeng Sultan ing Sumbawa, para ageng tuwin titiyang alit ing ngriku saestu badhe lami anggenipun saged pulih saking kasangsaran wau. Ing tanah Sumbawa punika asring kemawon kaambah ing cilaka makaten.

Sinten ingkang boten sumerepa, manawi ing tanah Sumbawa

kala ing tahun 1815, kasangsaran, ing nalika redi Tambara murub angrisak ing tanah punika, andadosaken Pailan, kathah titiyang ingkang sami pejah kalireh.

Ing tanah Sumbawa saweg pulih kemawon, sapunika anandhang kasnagsaran malih, kadadosanipun saestu badhe Pailan, manawi Kanjeng Tuwan ingkang wicaksana Gubernur Jendral boten aparinga pitulung dhateng titiyang ing ngriku.

=====

Menawi amarengaken , atur kula punika mugi kapacakka ing Serat Jurumartani.

Kairing sakathahipun kaurmatah, mugi linepatna ing deduka, cinelana ing pangaksama, winantuwa panjurung ing panedyah punika, atur kula dhumateng anyuwun, ing para priyantun, sadaya, manawi amarengaken panujonipun ing karsa, ing pundi-pundi wonten priyantun amtenar Jawi, ingkang mawi nawalanipun Kanjeng Gupermen, mawi nawala utawi tanpa anawala, ingkang dados karsa dalem Ingkang Sinuhun, Kanjeng Susuhunan, Ingkang sinuhun Kanjeng Sultan, wah ingkang mawi beslitipun, kanjeng Tuwan Residhen, punapa dene ingkang mawi nawala dalem, kanjeng Gusti Pangeran Adipati, Ariya Mangkunagara, tuwin nawala dalem, ing Pakualaman, nagari Ngayogya, ingkang winastanan Serat Piyagem, utawi Serat Partisara, sapanunggalanipun, panglawisudha indhakipun kalenggahan utawi kendel saking pandamelan punapa ingkang dados sababipun, pamrayogi kula mugikalebetna panjurung serat Jurumartani, sairip kados

kula wisudhanipun para Amtenar Walandi, amargi saking pamanah kula, amikantuki kang sami mireng pawartos terang, ing sanesipun karesidhenan, utawi ingkang tunggil saparisidhenan, saking kawontenaipun para priyantun Militer Jawi, wh para amtenar Jawi sadaya, manawi-manawi andadosaken, tepe pangenget-enget, ing ngatasipun tiyang, sami lumampah ing damel, sabab menggah ing kula, pantes limrah ing ngakathah, sapek angsalipun, angatingalaken katemena-

nipun, amurih sihipun ing gusti, ing salajengipun ginanjarra mindhak kalenggahanipun, ewa sapunika kula nyumangga-kaken.

Sinerat ing Surakarta kaping 30 Jumadilawal tahun Jimakir, sinengkalan, dados terus swaraningrat. Katandhan abdidalem Panewu Surati, Raden Angabehi Puspadirada.

=====

Kula ngaturaken kabar kaelokan, ing ngandhap punika pratelanipun.

Kabupaten Bantul bawahipun Raden Panji Jayasemantri, Cepit, nalika dinten Jumungah Paing tanggal ping 16 wulan Jumadilawal punika, wonten satunggil tiyang, nami Setramenggala, ginanjar sakit bentertis, sareng dinten Rebo paing tanggal ping 21 ugi wulan Jumadilawal punika, Setra Menggala, wau tilem wonten griya wingking, kang nenggani anakipun jaler 1, nami Setrawijaya, kancanipun tiyang 2 iji, 1 wasta, kertawijaya, 2 Singadrana, sami tyang ngalit dhusun Kentholan, sareng kadugi wanci jam 15 dalu, Setramenggala wau medal saking griya, badhe tetoya wusana, ngantos dangu, boten wangsl lumbet dhateng griya malih, lajeng sami dipu upadosi, dhateng Jawi boten sak nginggilipun wit klapa bok Setramenggala lajng ngundang anakipun jaler wau kng nami Setrawijaya, 2, kertawijaya, 3 Singadrana, Setra wijaya lajeng menek wit klapa manginggil sareng dumugi nginggil sun Setramenggala, sampun kepanggih pejah, lajeng kaudhunanken mangandhap, gumun kula waude-reng natemanggihi tiyang pejah wonten nginggil witwitan sawek sak punika. Kaserat tanggal ping 25 Jumadilawal Jimakir, 1794. Katandhan Surayuda.

Angka 44, 2 Nopember 1865.

1. Italiya. Menggah pawartos ingkang saking Termini ing Pulau Sisiliya tanah Italiya, punika amratelakaken bab parekenanipun Prinano ingkang sakalangkung sanget kapurunanipun, dereng wonten reserah satanah ing ngriku kados pandameling para kecunipun Prinano wau, ing samangke para kecu punika sampun sami kacepeng an sadaya, menggah pejahiripun benggoling kecu ingkang nama Prinano, pratalanipun kados ing ngandhap punika: Benggol kecu Prinano sampun lami kabujeng badhe kacepeng, ananging saben-saben saged oncat, titiyang sami anginten bilih Prinano amanggen boten tebih saking Termini, amargi ingkang nama kecu punika awis purun kesah tebih saking tanah panggenanipun lahir, apanggenan lahiripunwau amesthi gampil saged pikantuk konco tuwin pangayom, awit saking panginten punika dereng lami titiyang sami ngubres angupadosi dhateng Prinano wonmtent ing redi Monterkordong, badhe kacepeng sakancanipun sadaya, mila pangajeng-ajenging titiyang, sageda kalampahan kapanggih wonten ing redi Monterkordhog wau. Kapitan Gustineli, dados kumendhaning Kumpeni satunggil kaliyan Mayor Stephani sami abibiyantonan, nunten angepang redi MOnterkordhog, pangepangipun wanci enjing taksih umun-umun sareng pukul satengah nem enjing saradhadhu sawatawis kathahipun sampun dumugi ing pucaking redi, wonten ing ngriku saradau punika boten amanggihi punapa-punapa , aanging sareng dumugi pucaking redi ingkang inggil piyambak sami aningali rasukan tiga iji wonten sangandheping padhas ingkang moncol, titiyangipun ingkang gadhah rasukan dhateng pundi purugipun punika boten kantenan , awit saking rasukan wau katawis, menawi dereng dangu anggenipun katilar wonten panggenan ing ngriku, dene ingkang sami gadhah ical boten kantenan, kadadosanipun kakinten boten pikantuk damel anggenipun sami angupadosi dhateng benggoling kecu sakancanipun, nunten para saradhadhu sami wangsul, amargi saking boten angsal damel, sareng makaten wonten saradhadhu satunggil ing waktu punika ningali guwa malompong prenah padhasing redi, ing salebetung guwa katingal wonten maripat kakalih ingkang amandeng dhateng saradhadhu wau, ing sanalika sradhadhu alok-alok sarta aminggah dhateng padhas ingkang wonten guwanipun, ananging saradhadhu punika katiwasan dipunsanjata saking salebetung guwa, dhawah lajeng pejah, dados punika ganjaran labet saking anggenipun kirang angatos-atos, boten dangu tumunten mimis kathah ingkang medal saking guwa, kalampahan wonten saradhadhu satunggil malih ingkang kataton, wekasnipun saradhadhu ing sawatawis amiminggah dhateng padhas panggenaipun guwa wau, mubeng medal sanesing margi punika, kadadosanipun sarad-

hadhu wau sami saged angasungaken welahing sanjatanipun dhateng salebetung guwa, nunten wonten ingkang sami wonten salabeting guwa dipun undang, kapurih anututa, wonten tiyang jaler tuwin estri satunggil anutut, titiyang kakalih punika tumunten sami dipun medal saking guwa, dene tiyang jaler wau anama Geuseppe Milanesi, punika ddos panunggilanipun tiyang sangalikur ingkang sampun sami

kapatrapan ing paukuman, saha lajeng los saking kunjaran ing Sansal Patore, Menggah tiyangestri wau namanipun Angelisah Lentini, dados simahipun Prinano, tiyang estri punika sakalangkung ayu, pawakipun lencer, mripatipun cemeng kados rambutipun, sareng tiyang estri wau sampun kacepeng, lajeng angrerepa dhateng ingkang jaler, kapurih anututa, ananging ingkang jaler awiweka, tansah taksih wonten salebetung guwa kemawon.

Kala samanten gampil sanget manawi badhe amejahi dhateng Prinano wonten salebetung guwa, ananging Kapitan Gastinelli badhe anyepeng gesang kemawon, sarta boten purun angajengaken saradhadhunipun manawi kamanah wonten kuwatosipun saha manawi boten kabetah, mila Kapitan Gastinelli anandukaken sarana, kados ingkang sampun kalampahaken wonten Algeriya tanah Afrika, katandhukaken dhateng titiyang Arab ing ngriku, Menggah sarana punika makaten: kapitan Gstinelli dhadhwah dhateng saradhadhunipun, kapurih angupados kajeng tuwin epang kajeng ingkang sampun garing, kajeng tuwin epang kajeng garing punika kapurih andekekaken wonten sangajenging guwa, saha lajeng kabesmiya, pangajeng-ngajengipun Kapitan Gastinelli, manawi awit saking kenging kukusira, tu benggoling kecu wau badhe kabentel amedal saking guwa.

Benggoling kecu Prinano sampun ana anaken anggenipun kapegan dangunipun ngantos kalih jam, menawi Prinano danguning anggenipun ana anaken kukus wau amargi saking prakawis ingkang sae, amesthi badhe andadosaken pangajeng-ajenging akathah. Angelisah ing waktu punikatansah kendel anggenipun anangis anggung angrerepa dhateng ingkang jaler, kapurih amedala saking guwa, wasana Prinano medal saking guwa, warninipun cemeng kados angus, pethaking mripat dados abrit awit saking kenging kukus, dene mripatipun kalih pisan mendelo, cekakipun warninipun angajrih-ajrihi dhateng ingkang sami aningali. prinano punika ageng inggil sarta rosa, katingalipun saestu sampun sembada manawi dadosa kecu.

Kalanipun para saradadhu taksih sami amitulungi dhateng kancanipun ingkang pejah wau, Prinano boten saronta amedal

saking guwa, lajeng amalumpat badhe gumujeng, manawi boten wonten saradadhu kakalih ingkang sumerep wedalipun Prinano saking guwa, amesthi Prinano saged oncat malih, saradhadhu kakalih sami anyanjata dhateng Prinano, kenging ula-ulanipun lajeng pejah. Ing waktu punika kecu Milanesian anjlok saking nginggil dhawah ing padhas ngandhap, saked-hap engkas kemawon Milanesia mesthi badhe saged lumajeng, manawi boten enggal katututan mimising Buwis, Milanesi kenging, lajeng pejah.

Anggelisah piyambak ingkang kacepeng gesang, snesipun kecu sampun kepejahan kala rumiyin, saha wonten ingkang sami kabuyaraken, kalampahan ing tanah Termini sapunika sampun tentrem, andadosaken kabingahanipun titiyang kathah.

2. Mugi kapacak ing Serat Jurumartani. Ing Serat Jurumartani kaitimangsa kaping 2 Oktober 1865 angka 43 Sarayuda anyariyosaken manawi ing Kabupaten bantul bawahipun Raden Panjijayasemantri, cepit wonten tiyang anama Setra Mengga-

la sakit benter tiss ing wanci bangun enjing jam 4.30 (setengah lima) medal saking griyanipun lajeng menek wit klapa menginggil kaupadosan boten kapanggih, ananging enjingipun Setramenggala kapanggih wonten sanggingile wit klapa sampun pejah, lajeng kaudhunaken mengandhap. Kula sakalangkung eram bilih wonten tembung menek kacethahaken menginggil tuwin medhunkacethahaken mangandhap, ingkang punika kula kapiadreng badhe sumerep punapa wonten tembung menekmangandhap tuwin tembung medhun menginggil. Katandhan Mas Susastra.

3. Mugi panjenengan Saudara Tuwan, karsa amacak wonten ing serat Jurumartani. Kados pundi ingkang dados ngadat, kabiyasanakanipun tiyang, ingkang sampun kalampahan kathah kemawon, tiyang damel tatedhan saking wijnipun Semongka, kabeksem kalayan sarem, kawestanan kuwaci, kingkang mesthi ngagengaken nedha, tatedhan kuwaci punika, bongsa Cina, Jawi inggih wonten ugi. Ingkang punika, wau wiji semongka, kula sampun nyobi, kadamel soklat, dipun goreng bilih sampun abrit sepuh, lajeng kabebeg alus, kacampuran cengkeh pala sakedhik lajeng kaayak kadamel kopi, menggah rupi tuwin raosipun boten prabenten, klayan soklat ingkang dipun wade ing toko Wlandi.

Saha kula sampun nyobi wau wiji semongka kadamel lisah, menggah pendamelipun sami ugi tyang damel lisah kacang kagoreng sawetawis lajeng kacepet, saged medal lisahiun, wau lisah semongka sak langkung asrep, asaripun, amrgi nuju wonten tiyang kenging latu tuwin kawutahan wedang, ingkang panas sanget saeengga mlocot kulitipun, kajampenan

wau lisah semongka, lajeng boten angraosaken panas, inggal saged saras, labetipun kang licet boten mawi cacat kados pundi kalimrahanipun mawi blang pethak. Nagari Kudus tanggal 24 Oktober 1865 ingkang pratondha Rahaden Panji Hastranagara.

4. Serat saking Kudus anyariyosaken kados ing ngandhap punika: Dinten malem senen tanggal kaping 16 Oktober 1865 pukul 1 kala wingi dalu, wonten 1 Wlandi, westa Tuwan Pran, mantunipun Seli, ing Nagari Kudus, pejah mergi jalanan saking tilem, tindhinen, kagugah-gugah dhateng Nyonyahipun, saengga kacakot jempolipun suku, boten mawi ebah. Wau Tuwan saweg umur 35 tahun, nanging gadhah penyakit, asring-asring abuh, yen melampah kaseret suku ingkang kiwa, sampun lami, nalika dinten Minggu enjing, maksih bergas, pake-pake, sonja dhateng pagriyanipun Tuwan Gnipir, sami minum grog, sontenipun inggih maksih dherek manggihi tamu, wonten pagriyanipun Tuwan Seli, jam 9 piyambake mundur rumiyin, suka selamet tidhur, dhateng sobatipun ing Pajagongan ngriku. Saking pratelanipun, Nyonyah Pren pukul 12, dalu nglilir, suka printah masang lampu, ingkang pejah, sarta printah kapurih benahi piring, menawi kapendhet Maling, lajeng rokok utawi minum toyta, lajeng tilem malih, andadosaken gumunipun, para ingakng sami pinanggih ing pajagongan, enjing manggih pratelanipun kengkenan, suka wuninga bilih sampun pejah, dinten Selasa tanggal 17 kakubur wonten ing Kerkop Nagari Kudus.

5. Mugi kula aturi nglebetaken ing srat Jurumartani Ngayogyakarta kaping 26 Oktober 1865. Kula andumugekaken serat kula ingkang kasebut ing Jurumartani angka 42 titikaping 29 Oktober 1865. Sareng lampetipun kagungan dalem dhawahan ingkang kawastanan ing Pingit, karsa dalem ingkang sinuwun Kanjeng Sultan, mawi miyos, amriksani penglampetipun ing bendungan wau, wiyo san dalem antawis jam 8 enjing pukul 8 lampetipun. Wondening ingkang sami rembad damel, awit Raden Kanjeng Adipati, saha para bupati nayaka, Kliwon Rio, panewu mantri sapanunggalanipun sedaya, kadugi wonten saking abdi dalem 200 sami sowan angarsa dalem sedaya.

Ingkang Sinuhun lajeng andhawuhaken dumateng Kyai Pengulu, kakersakaken dedonga, sak bakdanipun donga lajeng dhawuhaken kakersakaken awit nglampet para abdi dalem sedaya ingkang sami tumandang damel, ingkang sinuhun karsa anjenengi wonten celakipun dhawahan wau, dene tiyang kuli

watawis wonten saking 5000 tyang, sami kendel kemawon, namung sudiya sami ngadhep bekakasipun kemawon, boten antawis dangu sampun lampet, lajeng sami bibar para abdi-dalem sami minggah sedaya, sarta mawi junati menda lajeng kakethok, wonten ing bendungan wau, sak dangunipun sami rembad damel wau, ugi wonten titingalanipun kadamel rame-rame, kados Tagong Sarontek, gandera prajurit Bugis, Ringgit sarta Reyog, Gendruwo, Kapal Kepang kiteran kathah warenanipun, sarta kathah tiyang negari tuwin dhusun=dhusun ingkang sami ningali, andadosaken suka pirenanipun wau sedaya, sabibaripun sami rembad damel wau, boten antawis dangu, lajeng sami kaparingan patedhanan dalem, sekul tumpeng ambengan sapanunggilanipun, watawis wonten saking 700 kabage prdin sedaya lajeng ingkang sinuwun karsa kondur.

Sareng sampun bibar sakondur dalem, kanjeng raden Adipati dhawuhaken dhateng panewu Danukrama, kakersakaken dumuge-kaken, nayubaken para kuli, Bugis sarta Macanan, kapalani-pun lelucon, anama Ngabei Sastra Permadi, tumut momor ing tayuhan wau, kathah salahipun, purun jenggog, kados dene segawon leres, awit sampun mabuk, dene kepalanipun ingkang ngabani gendruwo sapanunggilanipun, punika anama Ngabei Sinduwiraga, ugi andadosaken sukaning tyang sami ningali, kathahing Tayuhan wau 5 gen, Raden Panewu namung Kumingsi kemawon, sareng pukul 5 sonten lajeng sami bibaran sedaya, dalonipun kakersakaken slawatan Maulud, wonten celak lepen bendungan wau.

Sampun taup: Wondening anggen kula cumendhak nganggit ing nginggil wau, rehning tyang satunggil kirang langkung sumerepipun kedhik boten dados punapa, boten langkung awit saking suka bingahipun ing manah kula, dene bendungan wau enggal saged rampung, saha sae, sentosa, toyaniipun sampun mili lumebet Kraton sarta ing Masjid punapa derene ing Loji, andadosaken mupangatipun ing ngakathah. Katandhan Mangunpraja.

6. Para tiyang ingkang taksih gadhah sambutan dhateng kantor Lelang ing Surakarta kala ing wulan Juli ingkang sampun

kapengker, ing mangke sami kaemutaken, mugi ambayara sambutanipun wau saderengipun utawi satelasing wulan Nopember, manawi boten anglaksanani ing pambayaripun, para tiyang wau badhe katagih medal saking pangadilan. Surabaya kaping 1 Nopember 1865. Ingkang nguwasani Kantor Lelang. Katandhan Tuwan Panongendhorep.



Angka 45, Kemis 9 NOpember 1865

Jurumartani

Pawartos warni-warni.

1. Serat saking Makasar anyariyosaken kados ing ngandhap punika.

Makasar kaping 9 Oktober 1865.

Pasamuwan ingkang ageng saha sae piyambak dereng wonten titimbanganipun satanah ing ngriku, kados kala ing malem jumuwalh ingkang sampun kalampahan Dhaeng ing Patombo tuwin lamuri adamel pasamuwan, nalika pikramaning putranipun jaler raja ing Waja tanah Makasar, angsal putranipun estri Dhaeng Patombo tuwin Lamuri, menggah raja ing Waja punika kathahipun wonten saking Kawandas. Ing margi panggenan- ing dalem ing lamuri ingkang kadamel pasamuwan wau, ka-dekekan plengkung mawi dilah sewu, wsonten seratanipun mungel makaten: Pakurmatanipun Kanjeng Tuwan Guprenur ing Selebes (Celebes) sabawahipun ingkang saweg kakula wisudha nggal, dene sangajenging dalem ksuledan ing dilah kathah sakalangkung padhangipun. Para tuwan-tuwan tanah ing ngriku sabojo-anakipun meh sadaya sami ngalempak wonten salebetung dalem, ingkang kasrasah ing banon saha klangse, mawi kadekekan bandera, punapa dene kacawisan panggenan badhe kadamel kasukan. Sasampunipun sami asuka tabe dateng panginten jaler estri saha para akrabipun sadaya, wanci pukul wolu sonten para tuwan sami dangsa(h), ing waktu punika boten kikirangan bab tetedhan sapanung-gilanipun. Sareng wanci pukul kalih welas dalu sasampuni-pun adhahar, kanjeng tuwan guprenur andhawahaken pangandi-ka paring kawilujengan, saha amratelakaken ing prelunipun, manwi pikraman punika tamtu badhe andadosaken pikantukipun tanah Selebes, sarehning ing waja ngantos sapriki taksih miji jumeneng piyambak kabawah ing sanesipun, punika badhe sarawungan ing gagamen kaliyan para sudagar tanah ing ngriku, andadosaken ing tembe badhe celak kaliyan kanjeng gupremen. Sareng makaten para tuwan taksih sami dhingga [h] ngantos sami dalu sanget, kanjeng tuwan Guprenur sagarwa putranipun inggih taksih wonten pasamuwan ing ngriku ngantos dalu. Titiyang sami suka akurmatan dhateng ingkang kagungan damel wau, punika anedahaken anggenipun amrelokaken dhateng para tuwan-tuwan tanah ing ngriku, punapa dene titiyang angurmatan dhateng kanjeng tuwan

Guprenur ingkang anedahaken ing waktu punika kados kala rumiyin bab anggenipun badhe angindhakaken ing rurukuning para tiyang ing Makasar sadaya.

2. Serat pakabaran saking Madras tanah Benggala, anyariyosaken bab raja pejah ingkang gigirisi. Wonten Muhara ing Madras, pratelanipun kados ing ngandhap punika. Kapitaning baita anama Gularite, kapejahan kalayan siya sanger dening matrusipun piyambak tiyang malajeng, sasampunipun sami garejegan kapitan kaliyan matrus punika, bab anggenipun Matrus boten purun tumut ambedhol jangkaring baita kapal, kapitan lajeng kabelek wetengipun ngantos tatas, aliya saking punika kapitan kataton satunggil ing dhadha tuwin githokipun, irste setir baita kapal arit ingkang panuju kantun wonten baita kapal ing ngriku, inggih katempuh

dhateng Matrus wau, saha kataton sanget, menggah anggenipun botem ngantos kalampahan pejah Irste Setirman punika, awit saking lajeng anjegur ing saganten, saha lajeng kapitulungan baita alit saking baita kapal anama Barham, baita kapal punika inggih wonten muhara ing Madras prenah celak kaliyan baita kapal arit wau, sareng makaten kaptaning baita kapal Barham kaliyan Irste setirmanipun tuwin tiyanging baita satunggil sami dhateng baita kapal arit, nanging sareng bahe minggah dhateng baita kapal punika, matrus tiyang malajeng kang soroh amuk amethukaken dhateng kapitan sakancanipun, mawi ambekta lading kakalih, kapitan lajeng anyanjata sapisan dhateng matrus punika, kadadosanipun matrus andhawahaken ladingipun satunggil saking tanganipun, tumunten kapitan anempuh dhateng matrus ingkang soroh amuk, wekasnipun matrus kacepeng, menggah kapitan wau kataton cethikipun, dene ingakng kaangah ing pulung manahipun, ananging lepat dados kenging cethikipun, jrambah ing baita kapal nginggil sampun katingal rah kemawon, saha sapinggiring baita kapal toynipun saganten abrit saking dening rah. wondering matrus tiyang malajeng ingkang soroh amuk lajeng kaladosaken dhateng parentah polisi, sarta matrus sanesipun ingkang wonten ing baita kapal Arit sadaya tiyang malajeng inggih sami kacepengan saha kakunjara.

3. Saking pawartosipun manawi kapitan keli, dados kapitan wonten baita kapal anama Rokawah, anyariyosaken, bilih kapitan punika kala tanggal 14 wulan Maret ingkang sampaun kapengker kacepeng dening bajag tiyang Cina. Baita kapal Rokawah kala tanggal kaping 4 Maret wau mangkat saking Linggo dhateng Poso tanah Cina, sareng enjing wanci pukul sadasa anginipun ageng saha mendhung kandel, mila kapitan Keli amanah prayogi kendel wonten prenah sangginggil pulo Setu, ing ngriku kathah baita Cina kendel, kawatawis sami bdhe dhateng ing Linggo, punapa malih wonten baita Cina saking Nan Ton kakalih. Sareng enjingipun wanci ebyar titiyang ing baita kapal Ronowah sami tata-tata badhe alayar, ananging boten dangu tiyang aningali jrambah ing nginggil baita Cina ingkang saking Nan Ton kathah titiyangipun sami amirantos ing dadamel sadaya, sarta sampaun sami amirantos badhe anyanjatani, nunten kapitan Keli dipun wicanteni cara Inggris, kapurih dhatenga ing baitanipun Cina kakalih wau, ananging kapittan Keli amangsuli, boten saged dhateng ing baita Cina, amargi boten gadhah baita alit, ingkang badhe katumpakan kanggedhateng ing baita Cina, sareng makaten ing sanalika kaudhunan baita alit alit saking baita cina kakalih wau, supados anjara rayah wonten baita kapal Rokawah. Kapitan Keli angandeg wonten ing baitanipun kapal, kancanipun walandi ingkang numpak ing baitanipun satunggil, sarta tiyang saking Ling Nggo kathaipun wolulas (18), sami angajengaken titiyangin baita Cina kakalih ingkang sami miratos ing dadamel, kapitan andugi manawi boten pisan sageda anglawan, mila inggih ugi boten purun anglawan, saha boten badhe anyoba ing panglawananipun. Sareng makaten para bajag Cina apitaken

dhateng kapitan, punapa ingkang dados wawrataning baitanipun, sarehning wangslulanipun kapitan boten adamel sakecating manahipun para bajag Cina, kapitan kaliyan walandi ingkang anumpang baitanipun kapal kapitan, sami bekta kalayan peksa dhateng ing baita Cina, wonten ing ngriku lajeng sami kagedhong, sareng panggedonging kapitan tuwin walandi numpang angsal kawan dinten, nunten wonten baita

kagunganipun Gupremen Cina, watawis kathahipun wonten saking kalihwelas, punika smi anempuh baitaning bajag Cina kakalih wau, ananging baitanipun gupremenCina boten kacunggah, lajeng sami mundur sadaya, tumunten baita bajag Cina sami layar mangaler, sarta kendel wonten ing Wansiyu, wonten ing ngriku laminipun sawatawis dinten, lajeng mangkat layar malih, wonten ing margi kapethuk kaliyan baita Cina sanesipun kakalih, ingkang lajeng katempuh saha kapendhetan wawratanipun sadaya, wawratan punika badhe kawade wonten muhara ingkang prenah celak panggenan ing ngriku, boten ngantos lami baita bajag Cina anempuh baita Cina satunggil malih, wawratanipun inggih kapendhetan sadaya. Manawi wonten ing saganten kapitan tuwin walandi ingkang numpang sami kalilan amalampah malampah wonten jrambah ing baita nginggil, ananging kedah tutulung ing damel wonten ing ngriku, manawi ownten ing MUhara, kapitan tuwin Walandi numpang saben lajeng kagedhong malih. Sawatawis dinten laminipun bajag Cina wau anyepeng baita Cina satunggil malih, wawratanipun gndhis ing baita Cina punika katumpakan dening pangagenging Cina satunggil saha saradhadhu Cna tuwin tiyang estri sawatawis, pangagenging Cina tuwin saradhadhu wau tiyangipun esri sami kapejahan, ingkangkantun boten kapejahan amung tiyang estri tuwin rare satunggil, nunten baita bajag Cina alayar dhateng Pormosa, wonten ing ngriku kendel tigang dinten, tumunten alayar mangidul, sareng sampun angsal tigang akad laminipun, lajeng wonten baita kapal inggris katingal mawi angangge bandera inggris, ing waktu punika kapitan Keli kaliyan walandi numpang lajeng kagedhong ing sanalika, baita kapal inggris ambujeng dhateng baitaning bajag Cina nagntos kalih dinten laminipun, kacandaksatunggil ingkang lajeng kakeremaken wonten ing saganten, ananging baita satunggil panggenaipunaggedhong kapitan tuwin walandi nupang wau saged lumajeng, dados kapitan kaliyan walandi numpang boten saged luwar saking panggedhongan. Baita bajag Cina ingkang satunggil wau anglajengaken lampahipun, nunten dhateng ing pulo Dhikisan, sumedyo andadosi baitanipun punapa ingkang risak wonten ing ngriku, sareng makten ing wingking baita bajag Cina punika anempuh malih basanibaita Cina kathahipun wolulas, ingkang lajng samikajarah rayah, let sawatawis wulan laminipun baita bajag Cina alabuh wonten ing Muhara Telesan, wonten ing ngriku kapitan tuwin walandi numpak sami saged luwar, cariyosipun kados ing ngandhap punika: Sareng wanci sonten pukul wolu

, kalanipun titiyang ing baita bajag Cina sami anyeret utawi kasukan, kapitan aningali baita alit satunggil wonten ing wingking salbetung baita bajag Cina, ing waktu punika nuju pehut tuwin peteng sanget, nunten kapitan tuwin walandi

numpang sami anumpak ing baita alit wau, kawelahan dhateng ing pinggirring saganten, sadhatengipun ing ngriku, baita alit punika lajeng kakelekaken, kapitan tuwin walandi ingkang numpang sami tilem sadalu wonten//ing parang sapinggiring saganten, sareng enjingipun kapitan kaliyan walandi anumpang wau sami dhateng ing kitha Tampah, awit saking pratingkah kemawon kapitan tuwin walandi numpang amratelakaken dhateng titiyang kitha Tampah, manawi bahde dhateng ing Poso, sarta anedha tiyang satunggil kapurih anedahaken marginipun, mila kapitan tuwin walandi numpang sami amratelakakenn ing pikajenganipun awit saking pratingkah, amargi boten sumerep bsanipun titiyang ing kitha Tampah wau, dne ing panedhanipun kapitan tuwin walandi numpang punika dipun laksanani dening tiyang gangsal ingkang isinipun mimis wawng ing ngriku. Menggah baita bajag Cina wau ambekta mariyem gangsal ingkang isinipun mimis wawrat 16 utawi 18 pon, saha mariyem 7 ingkang isinipun mimis wawrat 12 pon. Mugi kapacakna ing Juurumartan kemis ing ngajeng punika. Yen sak punika Raden Tumenggung Jaganegara, Ngayogyakarta, kresa dalem kakendelan anggenipun nyepeng pendamelan amargi lepat saha asring sulaya kalih lurahipun bab lampahing prabeya negari, sarehning anggenipun suwita ing ratu, sampun angsal 20 tahun awit ngumur, 10 tahun dumugi sak punika jengpeng pendamelan kimawon mila mangke kaparingan tedha pansiyun sepalihipun belanja, ing saben wulan ing sak sumerep kula, kala umur 10 tahun sampun dados tukang wang ing kedhaton dumugi umur 16 lajeng dados prajurit langenastra, dumugi ngumur 18 dados wedana ageng Jengpeng punakawan kedhaton sedaya, namung 2 wulan lajeng dados Bodhati anem keparak tengen ngereh konca gerji, dumugi ngumur 24 dados sosoranipun raden tumenggung Mangundipura, jejeneng saklebetung kedhaton mangun prabayeksa sakpanunggilanipun sareng ngumur 23 tahun Jengpeng pendamelan kiyambak dados jeje-

neng pamangunipun dlem pengabeyan ngiras asring kautus titipriksa prakawis toyawutawangkit ing padhusunan, sareng ngumur 37 dados Bodhati komisi lanir, angrukunaken sebarang prakawisipun tuwan-tawan tanah, sareng ngumur 41 dados wedana ngajeng, saha jengpeng kagungan dalem prabeya nbegari sedaya, angsal 10 wulan lajeng kapangsiyun punika. Bilih bilih ing wingking angsal pendamelan malih, sabab boten lirip ing rembagipun nglampahi punapa ing sak kresa dalem kimawon. Ngayogya ping 22 Oktober tahun 1865. Katandhan Mer Es Dhe.

4. Para tiyang ingkang taksih gadhah sambutan dhateng kantor lelang ing Surakarta kala ing wulan Juli ingkang sampun kapengker, ing mangke sami kaemutaken, mugi ambayara sambutanipun wau saderengipun utawi satelasing wulan Nopember punika, manawi boten anglaksnani ing pambayarani-pun para tiyang wau badhe katagih medal skaing pangadilan. Surakarta kaping 1 Nopember 1865. Ingkang nguwasani kantor Lelang, Katandhan tuwan Pen Ogendhorep.

angka 46, 16 Nopember 1865

1. Kula wisudhan sapanunggalanipun

- Tuwan W.Ligut kontelir Iristeklas ing mangke kaparingan pamit kalih tahun dhateng nagari Walandi, amargi saking sakit.
- Kanjeng Tuwan T.Y.Kanterdhiser, Asisten Residhen bawah paresidhenanning Surabaya, ing mangke kakula wisudha dados Asisten Residhen ing Baweyan bawah paresidhenan ing Surabaya, ing mangke kakula wisudha dados asisten residhen ing Ciriwit bawah paresidhenan ing Banten, ngiras dados Pendimester wonten ing ngriku.
- Tuwan H. Pan Amestel, kontelir irsteklas saking paparentahan lebet ing paresidhenan Palembang, ing mangke kakula wisudha dados asisten residhen ing tanah Ranjai utawi distrik wetan bawah Celebes sabawahipun, ngiras dados Pendhimester wonten ing ngriku.
- Kanjeng Tuwan R.Wihinen ingkang sampun kaundur kalayan kurmat saking anggenipun dados Residhen wonten tanah kilen ing Borneyo, ing mangke kaparingan pamit kalih tahun dhateng nagari Walandi, amargi saking sakit.
- Tuwan Mr.Y.Lublengwedhik priyantun ingkang kapancekaken ing Nederlan Indiya, ing mangke kakula...Kanjeng Tuwan Algemene Sekretaris.

2. Pawartos warni-warni

Pawartos saking Kedhu kados ing ngandhap punika. Kala tanggal kaping 24 Oktober ingkang sampun kapengker, wanci sonten redi Marapi murub malih, ananging boten sanget, sela, awusa panunggilanipun smi medal saking kawah ing redi, wedaling sela, awu sapanunggilipun wau kalayan sora swaranipun saha sami dhawah prenah celak ing redi. Pucaking redi kalimputan ing kukus ngantos boten katingal punapa-punapa, ing Magelang para titiyang boten sumerep bab urubing redi, ingkang dipun sumerepi amung jawah awu, ananging boten sanget, menggah dhawah ing jawah awu punika kala tanggal kaping 28 tuwin 29 Oktober, ing wanci siyang. Wana ingkang prenah celak ing redi Marapi sapanduman kabesmi awit saking ladhu ingkang mrangangah kados latu. Saking pawartosipun manawi titiyang ing dhusun ingkang inggil prenahipun, amung siyang kemawon purun wonten ing dhusunipun, ing wanci dalu sami ngili dhateng padhusunan

ingkang andhap prenahipun.

3. Saking pawartosipun ingkang kenging kapitados manawi balanjanipun para residhen Asisten Residhen Kontelir tuwin para priyantun ageng jawi badhe kaindhakakan sadya, dene pikantukipun presen saking tanem tuwu, punika badhe kasuwak, menggah tumindakipun bab prakawis punika, benjing wiwitipun wulan Januari ing ngajeng punika. Punapa malih saking pawartosipun manawi kanjeng Gupremen bahde adamel Kabupaten tuwin asisten residhennan enggal.
4. Ing wanci sonnen Pablompreting prajurit Kapaleri, alenggah nedha kaliyan mitranipun ingkang dados rencang rondha sugih, boten dangu rondha ingkang gadhah griya dhateng mantuk ing griyanipun, ananging antukipun wau ambekta

bedhangipun, Pablompret lajeng asingidan wonten sawingkinging bangku, rondha tuwin bedhangipun wau tumunten smi lenggah jejer wonten salebeting kamar ingkang kadamel singidanPablompret punika, sareng makaten rondha kaliyan bedhangipun sami wicantenan, sami aprajanjeyan ingkang kalayan tetmen-temen, nunten bedhangipun wicantenan makanan: "Kowe sapisan amesthi bakal lali marang aku, kowe ajangji gelem dadi bojoku, ananging aku kabentel alulungan, dadi bakal pisah karo kowe, kuwatirku mbok manawa kowe ora bakal temen-temen marang aku". Anggenipunn wicanten bedhang makaten punika, katingale enggalenggalsaha saking buta ajenganipun, rondha amangsulin makaten: "Manawa aku ngantiya lali marang kowe muga-muga kaukuma ana ing ngalam dunya tumeka ing akherat, kowe dhewe kang bakal amalehake ing culikaku, manawa aku ngalanjak ing patiku", sarta manawa unining salompret, amratelake pandungkap ping pat iku. Pablompret ingkang wonten sawingkinging bangku wau sakalangkung anggenipun susah, ananging sareng amireng pitembunganipun rondha ingkang kados makaten punika, nunten amanggih akal, amendhet salompretipun lajeng kaungelaken ingkang saka-langkung seru, andadosaken kageting rondha, ingkang lajeng kalenger ing sanalika, dene Pablompret ing waktu punika saged kesah kalayan gumujeng saking panggenanipun

asisngidan wau.

5. Hertoh ing Brunsewiek tanah Duitsland ingkang sampun misuwur bab anggenipun angalempakaken sela inten sakalangkung kathah, dados kagunganipun sadaya, punika ing mangke gerah sanget wonten ing Sehahe tanah Nederlan, saking pawartosipun manawi kanejng raja ing Prangkrik kadadosaken ahliwarisipun Hertoh wau, menggah kagunganipun bondha ingkang sakalangkung kathahipun, punika kamurwat kirang langkung saking seket yuta rupiyah (Rp. 50 juta).
6. Serat saking Londhon amratelakaken bab potheh ingakng sangsaya sanget wonten tanah ing ngriku, nboten amung lembu kemwon ingkang pejah katedha ong potheh, kewan saleresipun ingkang asesingat inggih ugi sami pejah katedha ing Potheh. Para sudagar kewan sami bobrok awit saking kewanipun kthah ingkang katedha ing Potheh, wonten sudagar kewan satunggil agadhah lembu kathahipun 190 iji ing dalem saakad ingkang pejah katedha ing potheh boten kirang saking 114 iji, dene panularing sasakit punika kalangkung enggalipun, manawi tiyang lumebet sakedhap dhateng kandhanging kewan ingkang kenging sasakit Potheh, tumunten lumebet dhateng kandhanging kewan ingkang taksih saras, kewan ignkang sami saras punika lajeng katularan ing sasakit Potho wau, akathah kemawon bab cariyosing panularipun sasakit Potho, ananging ngantos sapriki titiyang dereng saged amanggih ingkang dados jampinipun, supados sampun ngantos anular sasakit wau, dados sapunika titiyang sami kabentel amragad kewanipun ing sanalika, manawi kadugi katularan sakedhik ing sasakit Potho, punika andadosaken jampi, amurih smpun ngantos pejah kewan sanesipun

ingkang taksih sami saras.

7. Cariyos bab sasakit Kolera ing tanah Egyp ingkang sakalangkung anggigirisi pratelanipun kados ing ngandhap punika. Titiyang ing tanah Egyp kenging sasakit Kolera ingkang sakalangking anggigirisi, anggenipun kinging sasakit punika, amargi saking kirang rumeksanipun Gupremen

Egyp, para tiyang ingkang wangsul saking tanah ing ngriku margi anggenipun badhe minggah kaos dateng Mkah, punika sami ambekta sasakit Kolera(h), punapa dene wontenipun sasakit kolera(h) punika, inggih ugi saking sangeting reeregedanipun titiyang ing Egyp, saha saking awoning tetedhan tuwin kiranging rumeksanipun sadaya punika andadosaken kathahing titiyang pejah ngantos awon sami kenging sasakit kolera(h) wau. Titiyang ing tanah Egyp ing Alek-sandri tuwin ing Kairo sami kasusahan bab wontenipun sasakit kolera(h), dereng ngantos kalih wulan laminipun titiyang ingkang pejah kenging sassakit kolera langkung saking 80000 wonten dintenipun ing Kairo titiyang pejah ing dinten punika kathahipun ngantos 1500, raja alit ing Kairo lolos anilar negarinipun, puika saking sagedipun, raja alit ing Kairo wau sareng mireng menawi tanah ing ngriku kaambah ing kolera, ing sanalika lajeng lolos saking nagarinipun, menggah kesahipun raja alit wau boten adamel sae, malah andadosaken muring-muringipun ing ngakathah, alangkung malih kesahipun punika lajeng kaettut wingking ing titiyang kathah, ngntos awon ingkang sami kesah, titiyang ingkang amung gadhah bondho sakdhik kema-won, inggih lajeng kesah dhateng tanah sanesipun, anang-ging sapunika bekja dene sasakit kolera satanah ing ngriku sampun boten patos sanget, sasakit punika sampun suda, malah ing panggenan satunggil kalih sampun ical babar pisan.

8. Serat saking Makasar anyariyosaken kados ing ngandhap punika: Makasar kaping 12 Oktober 1865. Kados pundi tarekahipun titiyang ing Torayah tanah Celebes anggenipun amandung kapal. Minongka tutuladhaning titiyang mandung ingkang sakalangkung kapurunanipun, pratelanipun kados ing ngandhap punika. Dereng lami tuwan Dhege ing Botain tanah Celebes akintun kapal kakalih dhateng Makasar, kabekta deningkengkenanipun tiyang tiga ingkang sami kenging kapitadosan. Sareng tiyang tiga punika dumugi ing margi saweg sapalih saking Torateyah, sami anyipeng wonten ing wana, saking boten purun anyipeng ing kampung. Titiyanging Torateyah ing waktu punika amireng yen tiyang titiga wau smi anyipeng wonten ing wana, boten ngantos dangu nunten wonten kapal estri sawatawis kathahipun sami kauculaken wonten wana ing ngiku, sanalika kapal satunggil ules bopong ingkang kabekta tiyang tiga punika tumunten amedhot saking cangcanganipun, saha lajeng ambujeng dhateng kapal

estri. Wondening ingkang sami ambkta kapal punika leresipun anututi kapalipun ingkang ucul, suprandonipun punika boten makaten, tiyang tiga pisan tansah sami lenggah angeca-eca kemawon, sareng makaten boten antawis ddangu

nunten wonten tiyang satunggil dhateng ing panggenanipun tiyang tiga wau, mawi angatingalaken anggenipun tumut susah bab pambedhaling kapal, saha lajeng wicanten makanen: kapal sampeyan punika mugi sampeyan paringaken skedhap dhateng kula, badhe kula tumpaki kadamel anyepeng kapal Bopong ingkang ucul, mangke sakedhap kapal ingkang ucul punika kula bekta wang sul mriki. Tiyang tiga sakalangkung kapareng ing manah bab ingkang dados penedha punika, boten mawi kamanah pakewedipun rumiyin, tiyang tiga lajeng anyukakaken kapalipun ules dhawuk cemeng dhateng tiyang ingkang julig wau, ing sanalika kapal punika lajeng kacengklak dhateng tiyang julig, tumunten kapljengakenkalayan gumujeng. Sareng wanci bangun enjing sasampunipun angajeng-ajeng wang suling kapal ingkang saestuboten wang sul, tiyang tiga nunten sami anglajengaken lampahipun dhateng ing Makasar, wonten ing ngriku anyariyosaken dhateng ingkang gadhah kapal bab icaling kapalipun wau. Saking pawartosipun manawi prakawis punika sampun kalaporaken dhateng parentah polisi bab icaling kapal kakalih, ingkang saestu titiyang boten sumelang, bilih parentah polisi punika sasaged-saged badhe anglampahi, murih sagedipun kacepeng durjana pandung kapal wau, ingkang sakalangkung purun anggenipun amandung kapal, supados kenging lajeng kapatrapan paukuman ing saleresipun.

9. Mugi tuwan kersa amacak wonten ing serat Jurumartani.  
Raden ADikusuma, Wdnder Kolektur Afdeling Kudus, karesidhenan Japara, sang juru seratipun mas Wiryakusuma, kaundur saking pendamelanipun boten kelayan kurmat, amergi uwang kas gupremen kirang 2000 rupiyah, katrangan saking aturipun piyambak, wau arta kapendhet dhateng anakipun jajaka kakalih. Ingkang punika wau arta inggih sampun dipun torogi, dhateng kantor Klayan jangkep. Bandara Raden Mas Tranggana, putranipun Kanjeng Pangeran Bupati Nagari

Demak Karesidenan Semarang, kakula wisudha gentosi dados Wdnder Kolektur Kudus. Mas Dermakusuma, juruserat partikulir, Kantor Asisten Nagari Kudus, kakula wisudha gentosi dados Juruserat Wdnder Kolektur Kudus. Katandhan M.Sukarengu.

10. Punggawa ing kitha Kudus pantes dados tutuladhan nggenipun marsudi ing kagunan sarana taberi, pamuji kula dhumanteng para punggawa ing pundi pundiya, sami amarlokena marsudi ing kagunan pencaring kawruh, ingkang mikantuki dhateng kawagedan tuwin kauntungan. karena indhaking kagunan wiyaring kaweruh, pencaring kawagedan cukuling kauntungan punika sami andadosaken karaharjaning Nagarinipun sarta anluhuraken dhateng ingkang dipun suwitani, sanadyan kagunan tuwin kauntungan wau medal saking papesthen ananging ugi kenging dipun purih-purih. Ing wusana ingkang sami merlu kaindhakan wau, amartandani yen sakalangkung angluhuri ngluhuraken dhateng ingkang murwa ing jiwa anggenipun. Ngayogyakarta kaping 24 Jumadilakir Jimakir angka 1794 Katandhan Dha (8)): Kartika.

11. Para tiyang ingkang taksih gadhah sambutan dhateng kantor lelang ing Surakarta kala ing wulan Juli ingkang sampun kapengker, ing mangke sami kaemutaken, mugi ambayara sambutannipun wau saderengipun utawi satelasing wulan Nopember punika, manawi boten anglaksanani ing pambayaranipun, para tiyang wau badhe katagih medal skaing pangadi lan. Surakarta kaping 1 Nopember 1865. Ingkang nguwasani Kantor Lelang, Kathandhan Tuwan FanOgendhorep.

angka 47, 23 Nopember 1865

1. Para priyantun ingkang mendhet pawarta Jurumartani, saha dereng ambayar pangaosipun, sami kaaturan tumunten angintuna arta pangaosing serat Jurumartani awarni Wesel Pos medal ing Pos dhateng Tuwan F.H., Jaspress ing Surakarta, punapa malih para priyantun ingkang sampun tampi kalowonganing serat pananggalan ing tahun 1866, inggih sami kaaturan, angintunaken wangsulan serat kalowongan punika medal ing Pos dhateng Tuwan Jaspress wau, ingkang tumunten, manawi sampun mawi katandhanan ing nama, saha kasera-tan sapinten anggenipun badhe amendhet serat pananggalan wau punik.
2. Pawartos warni-warni. Dereng lami wonten tiyang tigangdasa sami jajagongan wonten griya pasewan ing Sainkamon tanah Amerika, menggah ingkang sami kagunem prakawis ungelung gongsa, nunten wonten tiyang satunggil ingkang mastani, menawi Juru Tembang saderengipun badhe anembang, punika kedhah nguntal tigan mentah satunggil, sareng makaten tumunten wonten tiyang satunggil ingkang saweg kasukan amangsuli wiraosan punika, wicantenipunmakaten: "Manawi wiraosan makaten punika kayektosanipun amesthi kula badhe dados juru tembang ingkang angungkuli sajagad boten wonten titimbanganipun, awit kula pitados, bilih boten wonten titiyang ingkang nguntal tigan mentah kathahipun ngungkuli kula, malah anggen kulanguntal tigan mentah sakulitipun, pitembungan makaten punika andadosken pangeram-eram saha adrenging titiyang kathah, kalampahan ingkang wicanten wau kasadhiyanan tigan mentah wonten ing ngajenganipun, kathahipun wolulas iji, tigan punika ing sanalika kauntal an sakulitipun ngantos telas sadaya, sareng sampun telas, tiyang ingkang nguntal tihgan tumunten angombe bir sage-las wasana anglajengaken anggenipun kasukanan wau.
3. Tuwan Glori ingkang sakalangkung kapurunanipun apapara wonten ing ngawang-awang kabekta dening uluking eting, punika kala tanggal kaping 27 wulan Agustus ingkang sampun kapengker tuwan Glori apapara medal ing ngawang-awang wonten ing Tormondhe tanah Prangkrik kabekta ing Eting, jkang kaulukaken sareng makaten udhuniun saking ngawang-awang wonten panggenan prenah ing Padhekahan alit, ing ngriku panuju wonten titiyanging Padhekahan kakalih, sami aningali udhunipun Tuwan Glori saking ngawang-awang,

andadosaken sakalangkung gumunipun tiyang kakalih punika, sami boten saged anggayuh lalampahanian Tuwan Glori ingkang kdos makaten, nunten tiyang kakalih wau enggal sami anginten ing kayektosanipun, manawi Tuwan Glori ingkang papara medal ing nggawang-awang dede tiyang sayektos, inggih punika kakinten setan, ingkang badhe angresahi tentremipun titiyang Padhekahan ing ngriku, ing waktu punika titiyang Padhekahan sami guyuban sadaya, amurih mambengi dhateng setan anggenipun badhe adamel reresah wonten ing Padhekahan wau, titiyang punika sami ambekwanter sadaya, tumunten titiyang wau amurugi setan kalayan sanget ing kawanteranipun, setan katempuh dening titiyang-ing Padhekahan, sarta lajeng anyuwek-nyuwek eting, saha sami angrebat eting punika, manawi ing waktu punika boten

wonten tiyang Padhekahan kalih tiga ingkang sampun sumerep dhateng Tuwan Glori, bilih tuwan punika ingkang asring papara ing ngawang-awang, dados dede setan, amesthi badhe wonten lajenging kadadosanipun Tuwan Glori, Tiyang kalih tiga ingkang sampunsami sumerep dhateng Tuwan Glori lajeng sami tutulung angayomi dhateng Tuwan Glori, wekasanipun Tuwan Glori saged luwar saking panempuhipun titiyang Padhekahan ingkang kathah-kathah wau, namung etingipun kemawon ingkang karisakan.

4. Dereng lami ing Korsika(h) pulau bawah Prangkrik wonten tiyang estri nemneman kaladosaken ing pangadilan, amargi saking kadakwa amejahi remenanipun, tiyang estri punika anama Maridhe Pothe Wdeisih, saweg ngumur 22 tahun alus ing budi, tiyang estri nemneman wau kabedhang dhateng Tuwan Piretusan Albani, ngumur 47 tahun, menggah pambedhangipun punika, punapa kalawan lampah paksa, punapa saking lampah karimuk mawi kaprangjanjeyan badhe kapendhet bojo, punikatiyang boten sumerep, ananging saestunipun manawi tiyang estri nem-neman wau sampun trisna dhateng Albani. Pun Mari angakeni ing Kalepatanipun dhateng sanak sadherek, manawi sampun kalampahan kenging kabedhang dhateng Albani, dene Albani anamtokaken dhateng sanak sadherek wau, manawi badhe angrabeni dhateng pun Mari, ananging paningkahipun tansah kaubeng-ubengaken kemawon

dhateng Albani, sareng lami-lami Albani ngatingalaken sangsaya kembanipun ing prakawis wau. Sarehning pun Mari asring katetah dhateng sanak sadherek bab anggenipun sampun kenging kabedhang dhateng Albani lajeng medal kaengetanipun badhe males Albani. Kala tanggal kaping 9 wulan Januari ingkang sampun kapengker Albani kesah dhateng pareden ingkang kataneman wit anggur, saha prenah tebih saking dhusunipun ingkang dipun griyani, pun Mari angetut wingking ing lampahipun Albani, mawi ambekta Kestul ingkang sampun kaetengan, sareng Albani aningali dhateng pun Mari, lajeng angrogoh ing rasukanipun ingkang kaisenan Kestul tuwin Patrem satunggil, awit pun Mari sampun asring angancem-ancem dhateng albani, nanging ing waktu punika pun Mari angecani manahipun albani, tumunten Albani amariksani kanthonganing sandhanganipun Mari, ananging boten amanggih Kestul, ewa denten pun Mari andhelikaken Kestulipun wonten ing sandhanganipun ingkang kaangge ing jawi, sareng makaten Albani kaliyan pun Marisami wawuh saha sae malih, lajeng Albani aprajangji malih dhateng pun Mari, sagah badhe angrabeni, ing waktu punika pun Mari medal katresnanipun malih dhateng Albani, saha lajeng wangsl kaliyan Albani dhateng dhusun ingkang dipun griyani, sareng dumugi ing satunggiling panggenan ingkang kala rumiyin sampun kawanlikur tahun laminipun albani amejahi mitranipun wonten ing ngriku, pun Mari lajeng ngantun sawatawis tindak tebihipun saking albani, sanalika angrogoh kestulipun, tumunten angstul dhateng Albani, kenging lajeng dhawah pejah, menggah ingkang dados sababipun Mari angstul dhateng Albani, amargi saking Albani sareng dumugi panggenan ing ngriku amratelakaken kalayan tembung sereng, manawi boten purun angrabeni

dhateng pun Mari, mila makaten Albani anginten bilih sampun boten wonten kuwatosipun adumugining panggenan ing ngriku, dene pun Mari kala wonten pareden ingkang katane-man wit anggur, sampun boten anggadahi cipta awon bab anggenipun badhe amejahi dhateng Albani, sampun ical saking kaengetanipun, ananging sareng mireng pitembungani-pun Albani ingkang kados makaten wau, ing sanalika saka-

langkung napsunipun, mila kalampahan Albani kakestul dados pejah. Sareng pejahipun Albani wau kapirekeng ing dhusun, titiyang ing dhusun lajeng oreg, sanak sadherekipun Albani mirantos ing dadamel, badhe anglebeti giryaniipun Mari, ananging kapambengan dening prajurit, ingkang sami amurih smpun ngantos mutahaken rah. Ingkang para angasta pangadilan sami welas dhateng pun Mari, mila kalampahan paukumanipun kaendhangaken, pun Mari amung kakunjara laminipun gangsal tahun, sareng seratipun karampong kawaos, boten dangu sadherekipun Albani anyuduk prenah sanakipun Mari kaliyan lading, kenging dhadhanipun , sanalika tiyang ingkang nyuduk kacepeng lajeng dipun lebetaken ing kunjara, sadumuginipun ing kunjaran sadherekipun Albai aningali pun Mari wontening ngriku, sareng makaten sadherekipun albani wau lajeng angrebat pedhangipun prajurit satunggil, saha badhe amedhang dhateng pun Mari, ananging lajeng kapambengan, sareng sadherekipun Albani kapariksa, wangslanipun manawi boten saged amekak ingkang dados pikajengnipun bab anggenipun badhe amales ukum dhateng pun Mari. Menggah tatuning sanakipun mari wau kaantawis boten ngumowatosi.

5. Saking watawis boten wonten tanah ingkang kathah griyaniipun kabesmen kados tanah bawah ing Gresik, awit saking panginten, bilih titiyangipun tanah ing ngriku sakalangkung kirang pangtos-atos bab ing rumeksanipun dhateng latu, sumpun wonten saking antawis laminipun tiyang anyariyosaken bab kabesmening dhusun kakalih ing dalem gangsal dinten gentos-gentos, ngantos telas griya kathahipun 141 utawi 161 iji, sarta pantun sakalangkung kathah ingkang tumut kabesmen , anjawi saking punika kala ing wulan Oktober ingkang sumpun kapengker wonten griya ingkang kabesmi kathahipun 300 iji, sareng dumugi telasing wulan punika griya ingkang kabesmi wonten saking 170iji, saha pantun 400 amet.
6. Serat saking Surabaya amratelakaken kados ing ngandhap punika. Surabaya kaping 11 Nopember 1865, kala wingi salebeting Rat Panjustisi ing Surabaya anggarap prakawisipun Jaksa Landrat ing Baweyan ingkang kadakwa anyumpet barang-barang ingkang dados prakawis saha karawatan dening Jaksa punika, watawis wonten saksi kathahipun pitulikur ingkang samikatimbalan dhateng pangadilan saking prakawis wau, dene pamriksanipun para saksi ing dinten punika.
7. Serat saking Surabaya wau amratelakaken malih kados ing ngandhap punika. Ing wanci enjing punika pukul 08.00 ing

dalemipun angenglang pamaosing apyuning dalem satahun kawade sakedhik-sakedhik wonten Paresidhenan ing Surabaya, wondene ingkang badhe amaosi apyun wau benjing tahun ing ngajeng punika Litnan Cinaing Gresik anama Lim Ne Sun,

menggah maosipun ing dalem sawulan Rp. 80.200--, wah ambayar regining apyun 950 kati, ing dalem sakatinipun pangaos Rp 20--, saben wulan ambayar dhateng kanjeng Gupremen, pamaosing apyun wau suda ing reginipun katimbang kaliyan ing tahun ingkang sampun kalampahan, ananging kathahing apyun ingkang kapaosaken mindhak 150 kati.

8. Serat saking Surabaya amratelaken kados ing ngandha punika. Surabaya kaping 9 Noopember 1865, kala dinten Senen ingkang sampun kalampahan wanci siyang titiyang kampung Bataputih sami sumerep, manawi rare jaler umur 10 utawi 12 tahun badhe ambesmi pagering griya kasuled kalayan Tumper ingkang murub, sareng titiyang saweg sami tandang tulung amejahi latu, wonten titiyang ingkang ambujeng dhateng rare ingkang badhe ambesmmi pagering griya, salajengipun rare lumebet dhateng dapur Randeling, sarehning titiyang ingkang ambujeng wau sami angangkah sampun ngantos lepat ing panyepengipun dhateng rare, dhapur Randeling lajeng kakepang, saha kalebetan ing akathah medal margi ing saubenging dapur Randeling wau, ananging rare boten pi-nanggih wonten ing ngriku. Menggah titiyang kampung wau sami aprangjanjeyan, manawi wonten griya kabesmen ing kampung ngriku, ing sanalika kedah samiya tandang tulung amejahi latu, saderengipun anyingkiraken gaduhanipun barang piyambak-piyambak.

9. Kula sampun aningali ing seseratanipun katandhan Padama, ingkang kalebet ing serat kabar, Jurumartani, angka 42. Padama wau suka kabar bab pambendungipun lepen Winonga ing Pingit, punika sedaya cariyosipun Padama wau leres. Namung tawu rugi toya ingkang kabendung kok boten dipun pratelakken utawi perlonipun ing toya, punika dados tkesih kirang trang, utawi bab wiyosan dalem ingkang Sinuwun Kanjeng Sultan kala mriksani panglampitipun toya bendung an ing Pingit wau, inggih dereng kasebutaken. Langkung sae, padama wau sageda suka kabar katrangan

selasihipun sedaya, sampun ngantos kakirangan kok cuwa manah kula yen kirang selsih punika. Ngayogyakarta tanggal kaping 6 Jumadilakir Jimakir angka 1794. Katandhan Bok Rara Gebyar.

10. Mugi panjenenganipun kula aturi macak wonten Serat Jurumartani, Mas susastra, dika mancahi tetembungan kula, banget bungah kula rehning kula dereng nate puruita, dika mancahi serat wau napa dika pun punjul banget, kula rak mung ngaturaken.. wonten tiyang pejah sakdhuwur wit klapa, dika lajeng mancahi tetembungan kula, kajeng dika napa maringi wulang, napa nyenges. Ngayogyakarta 12 Nopember 1865. katandhanmas. Sarayuda.
11. Panyuka kabar ingkang mijil saking lih kiyun ing Kadipaten Mangkunegaran Surakarta, kalaing dinten tingalan dalem Akad Legi kaping 1 wulan Rejep ing warsa Jimakir, angka 1794, wonten kula wisudhan kados ing ngandap punika: (1)Raden Mas Ariya Suryasmara, putra sampeyan dalem swargi, Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Ariya Mangkunegara, ingkang kaping III, urutipun saking putra pambajeng kakung kaleres angka 6, ingkang wau dados Twede Litnan Infantri, ing mangke kinula wisudha dados Irste Litnan. (2) Mas

Sokasrana, ingkang wau dados Wdander Ajudan Infantri ing mangke kinula wisudha dados Twede Litnan. Katandhan kanjeng Pangeran Mayor Ariya Gonda Suputra.

12. Tuwan sewaler asuka uninga, manawi loterei kareta, barang emas barang peni-peni, sapanunggilanipun badhe kamain benjing ing dinten Selasa tanggal kaping 28 wulan Nopember, wanci pukul 09,00 enjing, menggah ingkang nglotrekaken barang wau, Tuwan Sewagerlengkringano. Katandhan Tuwan Sewager.

angka 48, 20 [evidently error for 30] Nopember 1865

1. Undhang-Undhang. Ing Kantor Lelang Surakarta angundhangaken dhateng ingakng sami gadhah pikantuk, menawi ing mangke dumugi salajengipun, ing Kantor Lelang badhe amranata ingkang sampun mesthi, miwah anamtokaken bab panedha badhe adamel lelang ing salebeting Akad ngajeng, punika kedah saben dinten Rebo, dados botten dinten Jumungah, ing wnci leres pukul 12.00. Ingkang nguwasani Kantor Lelang. Kandhan Tuwan Ogendhorep. Surakarta kaping 22 Nopember 1865.
2. Pawartos warni-warni. Serat saking Surakarta anyariyosaken kdos ing ngandhap punika. Kala ing dinten Senen tanggal kaping 13 wulan Nopember punika, Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Ariya Mangkunagara kaliyan op siripun, awatawis tuwin militer kumendhan sakalerehanipun para op sir beteng ing Surakarta para op siring prajuritmardika, para priyatun Walandi tuwin tuwan-tuwansanesipun ing Surakarta, sami dipun ulem-ulemi dhateng kanjeng Tuwan Residhen, kapurih angalempak wonten dalem Paresidhenan wanci pukul satengah sadasa (9.30) enjing, supados tumuta ing tindakipun Kanjeng Tuwan Residhen dhateng Karaton, saha sami wonten a ing waktu anggenipun badhe amaringaken tetenger pakurmatan Kumandhuring Wdardhe Nederland Selyeo dhateng ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan, menggah para pangeran, kanjeng Raden Adipati sakalerehanipun wadana Kaliwon ing Surakarta sadaya sami angalempak sowan wonten ing karaton, dene para prajurit dalem andher sami wonten ing ngalun-alun, sarta para abdi dalem alit anjajari wonten ing alun-alun sami nyepeng waos ingkang mawi lalajeng, sareng pukul sadasa ening Pangeran kakalih dhateng ing dalem Paresidhenan, sami angaturi uninga dhatng kanjeng Tuwan Residhen, manawi ingkang Sinuhun sampun rumantos badhe panampinipun dhateng kanjeng Tuwan Residhen tuwin para ingkang sami kaulema-uleman sadaya. Ing sawatawis dangunipun Kanjeng Tuwan Residhen tumunten bidhal skaing dalem Paresidhenan, tindakipun dhateng karaton kalayan pasamuwan, kadherekaken ing dreng gunder sawatawis sarta para ingkang sami kaulem-uleman tumut wonten ing sawingkingipun Kanjeng Tuwan Residhen, kumendhaning Dreng Gunder numpak kareta wonten ing ngajeng piyambak ambekta tetengering pakurmatan, inggih mawi kadherekaken Dregunder sawatawis, sareng dumugi ing sangajenging beteng, kanjeng Tuwan Residhen

ingkang dados susulihipun Kanjeng Tuwan ingkang wicaksana Guprenur Jendral Kakurmatan ungelung mariyem ageng ing beteng rambah kaping sawlas, sadumuginipun ing ngajeng sitihingga kumendhaning Dreng Gunder amrasahaken tetenger pakurmatan dhateng wadana kakalih, ingkang lajeng ambekta tetenger punika lumebet dhateng karaton, kanjeng Tuwan Residen atindak wonten sawingkinging wadana kakalih wau, kadherekaken dhateng ingkang samikaulem-uleman, sareng dumugi salebetung karaton, Kanjeng Tuwan Residen saha para ingkang sami kaulem-uleman angaturi kurmat dhateng ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan, sarta lajeng tata lenggah, sasampunipun alenggah sakedhap, Kanjeng Tuwan Residen

tumunten amratelaken ingkang dados dameling anggenipun lumebet, saha lajeng amaos Serat Kakancinganipun Kanjeng Maharaja, ingkang mungel angangkat ingakng Sinuhun Kanjeng Susuhunan dados Kumandhuring Wdardhe Nederlan Seleyo, punapa malih Kanjeng Tuwan Residhen amaos seratipun Kanse-lir saking Wdardhe Nederlan seleyo kalih pisan, saampuni-pun amaos serat kakalih punika, nunten tetedhakanipun seratkakalih ingkang katembungaken ing basa jawi kawaos, lajeng tetenger pakurmatan kaagemaken dhateng Ingkang Sinuhun, ing waktu punika Kanjeng Tuwan Residhen andhawa-haken angandika ingkang anujoni bab prakawis punika, sareng makaten para prajurit dalem kurmat angungelaaken sanjata rambah kaping tiga, kasauran ungelung mariyem ingkang wonten ing pagelaran rambah kaping salikur, tumun-ten kakurmatan kalih saking ungelung mariyem ing betheng rambah kaping salikur. Saampunipun angunjuk kawilujengani-pun Kanjeng Maharaja, Kanjeng Tuwan ingkang wicaksana Gupernur Jendral, ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan saha kanjeng Tuwan Residhen miwah karaharjaning Tanah Jawi, kanjeng Tuwan Residhen lajeng pamit dhateng Ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan, badhe mundur dhateng dalem Paresidhenan kadherekaken dhateng para ingkang sami kaulem-uleman, saunduripun saking karaton lajeng Tuwan Residhen kakurmatan ungelung mariyem ingkang wonten ing pagelaran rambah kaping sawelas, sareng dumugi ing dalem Paresidhe-nan, ingkang sami kaulem-uleman lajeng pamit mantuk dha-

teng kanjeng Tuwan Residhen sontenipun wanci pukul saengah nem (17.30) ingkang sami kaulem-uleman wangslu malih dhateng dalem Paresidhenan, Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Ariya Mangkunagara ing sonten punika kaphathuk dening kapitan ing beteng satunggil, saeng langkung ing sanga-jenging beteng, Kanjeng Gusti Pangeran ADipati Ariya Mangkunagara wau, kakurmatan ungelung mariyem saking ngriku rambah kaping sanga. Sareng ing sonten punika Kanjeng Tuwan Residhen lumebet dhateng karaton, angaturi dhahar ingkang Sinuhun wonten ing dalem Paresidhenan, pukul nem sonten ingkang sinuhun tindak saking karaton dhateng dalem Paresidhenan, anitih kareta dalem pasamuwan, kadherekaken ing para pangeran, para abdidalem priyantun ageng tuwin prajurit, sareng tindak dalem dumugi sanga-jenging beteng, ingkang sinuhun kakurmatan ungelung mariyem saking beteng rambah kaping salikur, dumuginipun in g dalem Paresidhenan, Kanjeng Tuwan Residhen anganthi ingkang Sinuhun Dhateng panggenaipun pinarak dalem, saha kanjeng Tuwan Residhen lajeng pinarak caket kaliyan ingkang Sinuhun, para pangeran sami tata lenggah wonten sisihipun ing ngajeng Kanjeng Tuwan Residhen, dene para tuwan sasampunipun angaturi wilujeng dhateng ingkang Sinuhun sami alenggah wonten sisihiu ngajeng ingkang Sinuhun, sawatawis dangunipun ingkang Sinuhun dhadhawuh amedalaken kalanganan dalem badhaya, lajeng samikagebyagaken beksa ngantos pukul pitu, sareng sampun rampung anggenipun badhayan, ingkang Sinuhun kaliyan Kanjeng Tuwan Residhen tuwin para ingkang sami kaulem-uleman sami dhateng emper ing ngajeng dalem Paresidhenan ngantos dumugi

ing wancinipun abojana, ing waktu punika lajeng dhahar, sarta angunjuk kawilujengan kados ngadatipun, sarampungi-pun dhahar, tumunten sami kasukan, wondening anggenipun sami kasukan dangunipun sawatawis jam, nunten ingkang sinuhun kundur dhateng karaton, Kanjeng Tuwan Residhen andherekaken ing kondur dalem dhateng karaton, boten ngantos dangu Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Ariya Mangkunagara inggih kundur kadherekaken ing kapitan beteng satunggil, sareng makaten pasamuwan ing dinten wau punika

lajeng bibaran, menggah ing dinten punika ing karaton wontenpasamuwan dinten panjenengnipun Ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan, dene benjing tanggal kaping 25 Nopember punika inggih badhe wonten pasamuwan malih ing salebetung karaton tingalan dalem dinten wiyoan, wasana badhe wonten pasamuwan ing dinten pikraman dalem, punika ing tembe inggih badhe kapratelakaken malih.

3. Cariyos saking Surakarta pratelanipun kados ing ngandhap punika. Kala ing dinten Rebo Paing tanggal kaping 15 Nopember punika 1865, wanci pukul sanga (9) enjing, wonten tetiyang awasta Kertasetika saweg ngumur 32 tahun dados Narakarya Kalongan ing Kadipaten Mangkunegaran, punika klithikan awadesan dawa wonten salebetung bango majeng mangaler, wonten ing peken Karanganyar bawah Kawedanan ing Karangpandan, boten antawis dangu wonten tiyang awasta Singwijaya dhateng bango ing ngriku kaliyan udud rokok, pikajenganipun badhe tumbas jungkat, andhodhog pangajeng-ing dasaran, nunten pun Kerrtasetika anawekaken dagangani-pun, ananging Singwijaya boten saestu anggenipun badhe tumbas jungkat saha lajeng kesah, sareng kesahipun wau tegesanipun rokok taksih wonten latunipun kabucal, anda-wahi sandawa ingkang panuju kaeler wonten ing dasaran, ing sanalika sandawa punika murub, saha ambesmi sandawa sane-sipun ingkang kadhwahan ing Epun kathahipun tiga iji, sandaw 3 Epun wau lajeng anjeblus, nyalati dhateng pun Kertasetika ngantos malonyoh badanipun, pun Singwijaya inggih kenging, badanipun tatu amalonyoh, ing waktu punika panuju wonten tiyang sanes titiga ingkang wonten ing ngriku, satunggil awasta Kramasetika, Narakarya ing dhusun Grogol, badhe tumbas jungkat, inggih kenging panjeblus sandawa, ngantos malonyoh badanipun sadaya, kalih tiyang estri anama Saminah saking dhusun Sentulan, punika badhe atumbas bolah, inggih kasaladan rainipun kemawon, tiga tiyang estri anama Sarijem inggih saking dhusun Sentulan, badhe tumbas bolah ugi kasaladan rainipun kados pun Saminah wau. Menggah titiyang ingkang sami kabesmi ing Sandawa wau, sadaya sampun kapasrahaken dhateng sanak sadhereki-pun, dene tatunipun boten anguwatosi.
4. Baita kapal kagunganipun Kajeng Raja ing Prangkrik ingkang kaparingan nama Isis, kapitanipun anama Tuwan Binet, punika kala tanggal kaping 23 Agustus ingkang sampun kapengker wangsul saking kekesahan alayar ngubengi jagad laminipun sangang wulan langkung kalih welas dinten saged

panggih gelang ing pangubengipun, menggah ingkang sampun kasumerepan ing ngakathah, dereng wonten tuladhanipun bab

enggaling lampahipun baita kapal Isi angubengi jagad wau,  
baita kapal punika anggenipun lumampah ing dalem sadinten  
angsal 143 mil.

5. Dokter Brandini ing Florence tanah Itali dereng lami gadhah pamanggih, manawi toyaning jeram sitrun ingkang sampun kaisikan saged saged amayaraken kraos sakit sakalangung sanget ingkang ngadat andadosaken tatu, menggah ingkang kajampenan Tuwan Dokter Brandini kaliyan toyaning jeram sitrun ingkang sampun karesikan, punika tiyang jaler ingkang sampun ngumur pitungdasa satunggil (71) tahun sampun wiyar ngantos, agadah saki ttatu ilati-pun, ingkang boten kenging pisan kabedhel, amargi sasaki-tipunsampun wiyar ngantos anglangkungi poking ilat, dumugi sanggingiling ilat saha palanjering nguwang ing ngandhap, tiyang ingkang sakit punika sareng kraos sakitipun saka-langkung sanget, anedha jeram sitrun, inggih lajeng kasukanan, sampun ngadhatipun makaten manawi tiyang sakit tatu ingkang kawastanan ing tembung Walandi: Kangker, asring karem anenedha kekecut, sarehning sasakiipun wonten salebetung cangkem, tumunten wonten lalampahanipun ingkang lajeng kasumerepan, manawi boten makaten amesthi boten kamanah bab jajampi wau, kraosipun sakit tiyang wau sareng anedha toyaning jeram sitrun sanalika lajeng amayar. Sareng ingkang sakit kraos sakeca saking anggenipunanedha toyining jeram sitrun, enjingipun anedha jeram sitrun malih, ingkang katedha toyanipun, nunten kraos langkung sakecakatimbang kaliyan ing dinten wingi. Tuwan Dokter Brandini lajeng medal pambuudinipun, badhe anyoba toyaning jeram sitrun ingkang sampun karesika kadamel anjampeni kangker, nunten aken damel jampi kemu, toyaning jeram sitrun ingkang sampun karesikan wau kathahipun 4 grin, kamoraken ing toya 350 grin, saking kinten-kinten sagrin punikawawratipun sami kaliyan salas uwos, kalanipun kada-mel kemu dhateng ingkang sakit, kraosipun sakit lajeng amayar bayar pisan, sareng ingkang sakit kraos sakitipun manggih, lajeng kakemono ing jampi wau, sakedhap amayar

sakitipun, sareng angsal sawulan anggenipun ajajampi wau. Boten amung kraosipun sakit kemawon ingkang ical, dalah abuhipun ilat inggih kathah sudanipun, sareng makaten Tuwan DokterBrandini awit saking pikantuk anggenipun anjampeni kaliyan toya jeram sitrun jampi punika tumunten kaangge anjampeni tiyang estri ingkang sampun ngumur 73 tahun, tiyang estri punika sakit kangker wonten ing dhadha, laminipun sampun taunan, sasakitun wau sampun kapratelakken boten saged sars, sareng tiyang estri ingkang sakit saweg kapulasara dhateng tuwan dokter Brandini, sakitipun ing waktu punika sakalangkung sanget ngantos nboten betah, siyang dalu ingkang sakit boten saged tentrem, tansah angrintih saking sakitipun kalampahan andadosaken boten saged tilem dhateng titiyang sakit sansipun ingkang tunggil sapanggenan kaliyan tiyang estri ingkang sakit wau. Tuwan Dokter Brandini andekeki sinjang suwekan ingkang kateles kaliyan jampi toya jeram sitrun wonten panggenanipun tatu ing dhadha wau, sakedhap kraosipun sakit ical, sareng sampun angsal nem utawi pitung jam

dangunipun, sakitipun kraos malih, ananging sareng sinjang suwekan kasantunan enggal kateles ing toya jeram sitrun saha katutupaken ing tatu, punika smpun anyekapi damel kamayaranipunn kraosing sakit, menggah ingkang suka kabar bab prakawis punika wicanten, manawi tuwan Dhokter Brandini sampun anjampekaken toya jeram sitrun ingkang sampun karesikan dhateng titiyang ingkang smigadhah sakit kangker akathah, kadadosanipun saras sadaya, ingkang punika manawi panyoba angangge jampi toya jeram sitrun kathah ing pijkantukipun anyarasaken, ing saestunipun toya jeram sitrun wau kenging kawastanan ganjaran ageng sarta sae dhateng bongsa manungsa.

6. Pratelaning lelang kados ing ngandhap punika. Benjing ing dinten Jumuwah tanggal kaping 1 wulan Dhesember ngajeng punika, badhe wonten lelang ing dalemipun swargi Kanjeng Pangeran Ariya Adiwijaya ing Surakarta. Benjing ing dinten Rebo tanggal kaping 6 wulan Dhesember ngajeng punika, badhe wonten lelang ing giryaniipun Tuwan S.G.Sensis, ing

loji wetan Surakarta.

Angka 51

Kamis, 21 Desember 1865

### JURUMARTANI

Serat Jurumartani wedalipun saben Kemis reginipun ing dalem setahun 12 rupiah petak.

Pambuka kabar ingkang kakentunaken ing griya pangecapan ing dinten Rebo enjing, badhe kapacak ing serat Jurumartani. pangaosing pamacak wau salarikipun 50 sen kajawi regining serat segel.

Tegecipun salarik larikan ingkang isi gangsal tembung 26 sen ing dalem 50 dumugi 100 tembung, 60 sen pangaosing pamacak wau kedah kabayar rumiyin.

#### Pawartos warni-warni

Pawartos saking dukuh gawok bawah Surakarta kados ing ngandhap punika. Kala ing dinten Akad tanggal kaping 3 wulan Desember punika ing dhusun ingkang kapaosan Tuwan The Bring satunggil ing kaworan, kalih ing kopen, tiga ing Sendhen, satunggil ing Brajan, gangsal ing Mandhungan, sadaya punika sami katrajang ing prahara ageng, griya kathah sami ingkang rebah, wit-witan kathah ingkang sempal utawi sol.

Serat saking Surakarta amratelakaken kados ing ngandhap punika. Kalang tanggal kaping 4 wulan Desember punika, dhusun tanah ing Baki bawah Surakarta wonten angin ageng, menggah griya ingkang sami katrajang ing angin ngantos rebah pratelanipun kados ing ngandhap punika:

Ing dhusun Ngragah griya rebah 2 iji  
ing dhusun karang griya rebah 1 iji  
Ing Baki tigen griya rebah 2 jji  
Ing Baki Blateran griya rebah 7 iji  
gunggung griya rebah 12 iji.

Dene wit-witan ageng ingkang rebah katrajang angin 17 iji, ananging titiyang ing ngriku sami wilujeng saha boten wonten ingkang karebahan ing griya utawi wit-witan.

Serat priksan saking Surakarta, pratelanipun kados ing ngand-

hap punika.

Ingkang suka tandha asta ing ngandhap punika, satunggal Raden Ngabei Martawijaya, Panewu Jaksa ing Kartasura, kalih Mas Mangunsatra, juru seratipun mas ngabei Karyadi praja ing Babelan, tiga Mas Ronggasastramarga, polisi ing Kartasura, kala ing dinten Rebo tanggal ping 6 wulan Desember punika, wanci pukul kalih siyang sami lumampah atiti pariksa dhateng dhusun Prampelan wonte ing griyanipun tiyang jawi awasta Prayadongsa, ing ngriku aningali tiyang estri bojonipun Prayadongsa wonten ambening griya ngajeng, saha mujur ngilen

tiyang estri punika watawis ngumur 48 taun, ing waktu punika tiyang estri wau anangis, sasambat kraos sakit bathukipun tatu, panjanging tatuipun 3 dim wiyar, 1/2 dim, kuliting bathuk bedhah dumugi ing daging trus dhateng ing balung, medal rahipun dene talapukaning pipi kiwa, utawi bau tengen sami pepes, kulitipun aboh boten mawi tatu, ugел-ugeling tangan kiwa abuh, suku kiwa sangandhaping dengkul pepes balungipun putung, kulitipun boten bedhah, ananging tiyang estri wau taksih saget wicanten, sareng kapriksa aturipun tiyang estri, manawi kala tanggal kaping 16 Rejeb punika watawis pukul sakawan sonten, tiyang estri punika saweg angliwet wonten salebetung griya, anakipun jaler panuju wonten ing ngriku, boten ngantos dangu nunten wonten angin ageng saking wetan, anrajang wit dhuwit ingkang wonten sawetanening griya, wit dhuwet punika sol angrebai griya panggenanipun angliwet tiyang estri wau, lajeng karebahan griya boten saged medal, saha ngantos kalenger, sareng tiyang estri sampun enget malih, tumunten saged jelih-jelih anedha tulung, ananging taksih atutupan payoning griya, saha kadhwahan uwit dhuwet, sareng tumunten katulungan ing ngakathah, griya tuwin uwit dhuwet kaingser ing titiyang kathah, kalampahan tiyang estri kenging kawedalaken, saking anggenipun karebahan ing griya tuwin uwit dhuwet, menggah anggenipun tatu tiyang estri, punika saking dening kadhwahan andering griya kajeng jatos, tangan tuwin suku kadhwahan andering utawi payoning griya, dene abuh tanganipun punika kawutahan tajin anggenipun angliwet wau.

Sareng sampun amariksani tiyang estri wau, anunten amariksani tiyang jawi anama Dayadrana watawis umur 33 tahun, asli saking dhusun Prampelan, punika darijinipun kiwa satunggil bedhah kulitipun dumugi ing balung, saha medal rahiipun, menggah anggenipun kataton darijinipun punika kala griyanipun mbok Prayadongsa karebahan ig uwit dhuwet, awit saking solipun uwit dhuwet, tanganipun kadhawahan payoning griya, asareng kaliyan anggenipun kadhawahan payon Mbok Prayadongsa, ananging pun Prayadrana ing waktu punika saged medal, dene mbok Prayadongsa ingkang kaprenah marasepuhipun taksih kantun wonten salebetting griya. Kyai Prayadongsa sareng kapriksa, aturanipun manawi anggenipun kataton bojonipun wau, awit saking karebahan ing griya ingkang kadhawahan uwit dhuwet katrajang ing angin ageng.

Sareng makaten nglajengaken papriksan malih, tiyang jawi anama Mas Sontadimeja, bekel ing dhusun Prampelankapriksanan satitiyangipun alit sadaya, aturanipun manawi kala ing dinten Senen tanggal kaping 4 wulan Dhesember punika, watawis pukul sakawan sonten wonten angin ageng saking wetan, griyanipun titiyang ngalit kathah ingkang karisakan ngantos rongsok babar pisan katrajang ing angin sageng, wit-witan ageng alit tuwin wit kalapa kathah ingkang sami sol utawi sempal, ing dhusun Jethis utawi inggih ugi katrajang ing angin ageng, ananging titiyangipun sami wilujeng, amung wit-witan tuwin griya kemawon ingkang sami rebah.

Para priyantun ing nginggil wau tumunten atiti pariksa dhateng dhusun Kaluyon woten griyanipuntiyang estri rondha anama mbok Ta Semita, watawis umur selangkung prah tahun, kalairanipun ing dhusun Kaluyon saha agrigriya wonten ing ngriku, tiyang estri punika kataton ing sirah, kulite sirah bedhah dumugi ing balung ngantos medal rahiipun, ananging mboten sanget, menggah anggenipun kataton ing sirah mbok Ta Semita wau inggih kala ing dinten Senen tanggal kaping 4 wulan desember punika, wanci pukul sakawan sonten, Mbok tasemita panujuwonten salebetting griya, kala wonten angin ageng saking

wetan, ing waktu punika mbok Tasemita medal saking griya, dumugi sangajenging griya wonten uwit Bendha sempal epangi-pun, andhawahi sirahipun mbok Tasemita, uwit Bendha punika kaprenah wonten sawetaning griya, ingkang kadhwahan ugi ing sempalaning epang Bendha ngantos ambruk, punapa malih griyan-ing bekel ing Kaluyon saha griyaning titiyang alit ing ngriku inggih sami rungkad katrajang ing angin ageng, wit-witan ing dhusun Kaluyon sami sol sadaya.

Sasampunipun atitipariksa ing dhusun Kaluyon, lajeng atitipariksa dhateng dhusun ing Bandangan, tranggan, jamus tuwin ing Kramat, punika inggih sami katrajang angin ageng, wit-witaning dhusun ing ngriku wonten ingkang sami sol, ananging titiyangipun sami wilujeng.

Sareng sampun titi pariksa ing siti dhusun sakawan wau, lajeng para priyantun punika atiti pariksa dhateng ing dhusun Batagawok, leneng, jaran, lampanggrangan tuwin isa kiwa tengenipun dhusun Iwok sadaya sami katrajang ing angin saking wetan, menggah wit-witan tuwin griya inggih wonteng ingkang rebah, ananging titiyangipun sami wilujeng.

Ingkang dhusun gangsal wau anggenipun titi pariksa para priyantun kalajengakendhateng dhusun Mayang, punika ingkang katrajang ing angin ageng, wit-witan salebetung dhususn ing ngriku kathah ingkang sol, ananging titiyangipun sami wilujeng.

Menggah tiyang titiga iingkang kataton saking dening karebah-an ing griya tuwin wit-witan sapunikanipun taksih sami gesang, saha tatunipun saged saras.

Wasana griya tuwin wit-witan ingkang sami rebah katrajang angin ageng, kados ingkang kasebat ing serat pratelan, gungung kathahipun griya 49 iji, witwitan 226 iji.

Kaserat kaping 8 Desember 1865. Panewu Jaksa Polisi ing Kartasura, Katandhan mawi cap raden Ngabei Martawijaya. Juru Seratipun Mas Ngabei Karyadiprada, Katandhan Mangunastra. Rongga Polisi ing Kartasura, Katandhan mawi Cap Mas Rongga-sastramarga.

Ing wana paresidhenan Rembang wonten witipun Kosambi ingkang kajengipun sakalangkung sae kadamel areng, dereng lami wonten

tiyang kalih welas ing dhusun Kemiri Distrik Jedon Kabupaten

ing Blora sami anedha woh tuwin wijinipun kasambi, kadadosanipun titiyang wau sami mendem ngantos nenem ingkang pejah, ingkang mendem wau kawatawis menawi amung sakedhik anggenipun anedha woh tuwin wijining Kusambi, sasampunipun amendem saha mutah lajeng sami saras.

Pawartos saking Telukbetung ing distrik Lampung adamel susah ing manah, manawi panggenan ing ngriku kabesmen ngantos telas kalih pratigan, sarehning ing waktu punika anginipun ageng, dados titiyangboten saged amejahi latunipun, menggah pitunanipun para tiyang kala kabesmen wau, kamurwat wonten sayuta rupiah, para sudagar ingkang sugih barangipun telaska-besmi sadaya, dene anggenipun agagramen titiyang angriku sami abayar kenceng ing wade panumbasipun.

Kala ing dinten Rebo tanggal kaping 29 wulan Nopember ingkang sampun kapengker, wanci sonten watawis pukul sakawan utawi gangsal, ing margi ingkang dhateng malang prenah clak ing dhusun Cadhang distrik Purworeja, wonten tiyang jawi anama pak Painah kasamber ing Baledhek, tiyang punika kesahipun badhe atuwi dhateng sanak sadherekipun.

Baledheg punika anyamber geger medal ing dhuwungipun tiyang wau, kaleres ingkang kenging ukiraning dhuwung anrajang sarunganing dhuwung medal malih saking pucukking sarungan, anrajang urut suku kalih pisan, lajeng dumugi ing siti. Sarunganing dhuwung ing pucuk kabesmi, saha malethok, pucuk-ing dhuwung bengkung ngantos dados kethul.

Geger tuwin sukunipun tiyang wau kalih pisan ing wingking gosong kados kabesmi ing labu, utawi sami kados kabesmi ing sandawa.

Tiyang ingkang kasamber ing Baledheg dhawah kalenger ing siti, sareng sampun emut amratelakaken, manawi boten karaos mireng utawi aningali punapa-punapa, saha boten sumerep babar pisan bilih piyambakipun nglampahi punapa-punapa.

Serat saking Srengange tanah Cina anyariyosaken, manawi sakiwa-tengenipun ingdheking salangkung karisakan saking dening boten jawah wiwit kala ing tahun punika, Kanjeng Raja cinaturan para pangeran Cina sami siyam saha mumudya dhateng gusti allah anuwun jawah, ananging boten wonten pikantukipun, panggalihipun sang prabu, manawi awit saking kether anggenipun anglampahi ing kawajibaning ratu, andadosaken dudukanipun ingkang maha kuwasa, amurih lilih ing dudukanipun ingkang maha kuwasa, Kanjeng Raja Cina andhawahaken pangandika kawrat ing serat aprajanji badhe anyaekaken pratingkahipun, saha angendaki ing rumeksanipun dhateng abdinipun ingkang sami miskin, punapa dene Kanjeng Raja dhadhwah dhateng para priyantunipun, kapurih sampun ngantos amingser saking margining leres utawi temen-temen, para priyantun ingkang angasta pengadilan sami kadhwahan, amayaraken paukumanipun titiyang ingkang sami kalepatan, saha angluwari sanalika para titiyang ingkang kakunjara boten tetep dosanipun, punapa malih

sawarnining prakara kang gumantung kapurih angrampungi tumunten, ing mangke ingkang maha kuawasa manawi aningali taber lampahan punika, badhe suka ing galih, saha welas dhateng kasusahaning para abdinipun sang prabu saestu lajeng akintun jawah.

saben tiyang mastani angetang rambuting tiyang sami angeli-pun kados angetangi lintang ing ngawang-awang, utawi ange-tangi lasing pasir sepinggiring seganten, wasana wanten tiang ingkang saged angetang rambut bau, kalampahan angetang ram-buting tiyang estri sakawan, ingkang sami beda warninipun, sareng makaten angsal-angsalaning pangetan, bilih rambuting sirah ingkang buleh wonten 140419, iji rambut cemeng sulak abrit 100440 rambut cemeng 102962, tuwin rambut abrit 83740 iji ing dalem sasirahipun, ewa denten sampun tetela manawi rambut kawan-warni wau sami wawrattipun, dados bedanipun kathahing rambut katimbangan dening kandelipun, dene ingkang sampun dados kalimrahan, manawi wawrating rambutipun tiyang estri kamurwat, 14 wanes, suwanesipun langkung sakedhik saking wawrat saringgit.

Ing tokonipun tuwan Dhe Groot Kolef and Co ing Surakarta  
tiyang saged pikantuk tumbas sekur setin sanjata, reginipun  
sakalangkung mirah ananging bayar kenceng.  
Katandhan tuwan F.H. Jasbres.

Tuwan Dhe Groot Kolef enko mentas tampi barang komisi awarni  
erloji mas sakalangkung sae, kawade bayar kenceng.  
Katandhan tuwan Dhe Groot Kolef enko.

Para tuwan ingkang ngecapaken serat Jurumartani badhe kajiba-  
haken dening parentah, bab pamacakipun sawarnining pawartos  
ingkang boten mawi tondha astanipun ingkang ngintunaken.

Kaeecap ing Surakarta wonten ing pangecapanipun Tuwan De  
Groot Ko lef en ko.

Angka 1, 7 april 1864

Komedhi ing Surakarta

Undhang-Undhang

Kanjeng Gupremen sampun angiliani dhateng para tuwan ingkang angereh komidhi ing Surakarta, adamel loterei yatra kathahipun 100.000 rupiyah.

Kathahing lot 2000 iji, satunggil-tunggilipun regi 50 rupiyah.

Lot wau badhe kadamel papaliyan tuwin tiyang kenging tumbas lot wetah satunggal , utawi sapalihipun.

Ing ngandhap punika pratelanipun kauntungan ingkang medal saking loterei wau.

kauntungan ingkang kapisan ..... 40.000 rupiyah

kauntungan ingkang kaping kalih..... 20.000 rupiyah

kauntungan 500 rupiyah 10 iji gunggung 5.000 rupiyah

Kauntungan 200 rupiyah 50 iji, gunggung..... 10.000 rupiyah

Kauntungan 100 rupiyah 50 iji gunggung.....5.000 rupiyah yah

Wah malih nomering lot ingkang medal rumiyin sarta ingkang medal wekasan satunggil-tunggilipun angsal ganjaran 1600 rupiyah, gunggung..... 2.000 rupiyah

---

sadaya gunggung..... 100.000 rupiyah

Sinten ingkang badhe tumbas lot sami akintuna serat dhateng para tuwan ingkang kasebut ing ngandhap punika, serat wau kedah kabayar dening ingkang angintunaken, panumbasipun lot mawi kabayar kenceng.

Ing Samawis dhateng tuwan Dhegroot Kolep en ko tuwin tuwan Y.G.Sedhering

Ing Surakarta dhateng Tuwan Jonghir, C.L.J.Panogendhorep

Ing Batawi dhateng Tuwan J.P.Tidheman

Ing Samarang dhateng Tuwan G.C.T.PANDHOREP

Ing SALATIGA dhateng Tuwan w.k..EIGENDHERAT

Ing Ngayogyakarta dhateng Tuwan G.Weinsekeng

Ing Surabaya dhateng Tuwan J.H.Rosemeiyer

Samongsa loterei wu sampun kamainanken ingkang gadhah lot wetah utawi papaliyan ingkang kaleresan angsal kauntungan utawi ganjaran kenging anampeni arta pamenangipun saking Tuwan Jonghir C.L.J.Panogendhorep ing Surakarta kawangenan lami-laminipun ing dalem kawan welas dinten ananging tiyang wau amawi anedhahena sarta amangsulna lotipun punapa malih arta pamenangipun mawi kacengklong ing dalem satusipun 25 ruipiayah minongka dados kauntunganipun komedhi tuwin kadamel wragadipun loterei punika.

Sapejahipun wulan Mei taun punika tiyang sampun boten kenging angsal lot malih menggah dinten pamainipun loterei badhe kalimrahaken ing tembe, pamainipun badhe kalampahan wonten ing griya komidhen katingal ing kathah, patrapipun kados adat ingkang sampun kalampahan mawi kajenengan dening notaris.

Bilih sampun dumugi ing wawangen mangsanipun amainaken Loterei, mongka cacahing lot 2000 iji dereng pajeng sadaya, pamainipun loterei punika inggih badhe kalampahan ugi, ananging kathah ing arta kauntungan tuwin ganjaran badhe kasuda, katimbang kaliyan kathahing lot ingkang boten pajeng wau.

Terang saking para tuwan ingkang angereh komidhi ing Surakarta

Surakarta Pebruari 1864.

Katandhan pangagengipun komedhi wau  
Tuwan R.C.PanPrinwise  
Katandhan Sekretarisipun Komidhi wau  
Jonghir C.L.J.Pan Ogendhorep.

---

Kulawisudhan sapanunggilanipun.

Kanjeng Tuwan O.Panris Residhen ing Surabaya, kakula wisudha dados Rad Pan Nederlan Indiya

Tuwan C.Panpres, Opsindher ingkang nguwasan panggenan Kanjeng Tumpukan kagunganipun nagari ing Samawis.

Tuwan J.W.Dringusen, Juruserat ing Wiskammer Semawis, awit saking panuwunipun kaundur kalayan kurmat saking kalenggahanipun amargi saking sakit mawi kaparingan pensiyun.

Tuhan A.Y.Anemat awit saking panuwunipun kaundur saking anggenipun dados lit ing Gedhong padagangan tuwin padamelan amargi kesah saking Surabaya.

Tuhan H.A.L.Ponsialopseki, Pask Is mister sarem tuwin administratur ingkang nguwasani panggenan Kanjeng Tumpukan kagunganipun nagari ing Mentok kaundur saking kalenggahanipun.

Tuhan J.C.J.PuikIrsete kumisi pun Kanjeng Tuwan Dhirektur saking pamedalipun tanem tuwu tuwin Sipil Lemagasin kaparingan pamit kalih taun dhateng nagari Walandi, amargi saking sakit.

Tuhan Dhokter F.W.Jonghun Inspektur ingkang amriksani pae-dahipun kawujudan ingkang medal saking kakki siti tuwin ingkang kapatah amriksani pananemipun wit kina ing tanah jawi, kaparingan pamit kalih taun dhateng nagari Walandi, amargi saking sakit.

Tuhan J.F.Dhinger, Irsete Kumisi pun Kanjeng Tuwan Dhirektur ingkang nguwasani padamelanipun yasaning nagari, kaparingan pamit kalih taun dhateng nagari walandi, amargi saking sakit.

Tuhan H.G.J. G. Prisman Amstenar pangkat kalih, kaereh ing kangjeng Tuwan Dhirektur saking Tanem Tuwu.

Tuhan C.Munek awit saking panuwunipun kamantunan anggenipun dados Rid ing Risidhensi Rad ing Riyo, kalayan kasukanan trima kasih bab anggenipun sampaun anglampahi dados Rid wau.

Tuhan C.A. NirenApen mister ing Riyo (Riau) kakula wisudha dados Lit ing Residhen Sirat ing Riyo.

Tuhan F.P.G.Puse, ingkang wau dados Tuwedhe Kumis ing Algeman Rekenkamer, sarta ingkang sawek dhateng ing tanah jawi saking pamit dhateng nagari Walandi, kakula wisudha dados Posmister ing Padhang tanah ing Sumatra pasisir kilen.

Tuhan A.Ponler, ing tokonipun ageng tuwan Praser Eton, toko (rusak, sambungan) kakula wisudha dados lit ing gedong padangan tuwin padamelan ing Surabaya.

Tuhan K.W.Pangorkum kontelir pangkat kalih kapatah amriksani

pananemipun uwit kina.

---

Nederlan Indiya

Batawi

Dereng lami parentah ageng ing Batawi angrembag prakawis satunggiling kenthal, ingkang kanamanan lisah sunthi, dede panunggilanipun empon-empon wedalan saking tanah Siyak ngrik-ukathah sanget ingkang kadamel saking wohipun uwit sunthi. Sareng kapriksa, uwit sunthi wau panunggilanipun uwit Tengkawang wedalan saking tanah Borneyo sisih kilen punika amedalaken lisah tengkawang, kenging kadamel olah-olah dados lilintonipun mertega, sarta kathah ...dhateng ing Singapura, lisah kakalih wau prayogi kadamel nyemir tosan ingkang karesikan rumiyin ngantos pethak, sarta kadamel nyemir sapanunggilanipun wosan bekakasing pabrik setum tuwin kapal asep. Awit saking sakedhiking pangaosipun kaot kawandasa utawi seket rupiyah ing dalem sapikul mila parentah ageng ing Batawi badhe anyoba kadamel nyemir bekakasing kapal asep kagunganipun kanjeng gupremen ingkang wonten seganten tanah jawi, bekakasing kapal asep wau sapanunggilanipun ing sapunka taksih kasemir kental lembu, ingkang kalelang ing Surabaya, sadhacinipun lebetan pangaos sawi.....rupiyah, tuwin.....satus rupiyah, awit saking kadadosanipun.

Medhali mas 1, dhateng tiyang ingkang angladosaken pinton sata jawi ingkang pangolahipun kamanah sae piyambak sarta kenging kasade wonten ing tanah Eropah.

Medhali pethakan 1, dhateng tiyang ingkang anyerat sinjang bathik ingkang kamanah sae piyambak.

Medhali Sanguban 1, dhateng tiyang ingkang angladosaken wacual lembuingkang sampun kamasak, kakinten sae kiyamyak.

Pakalempakan ing Indiya Nederlan ingkang amarsudi dhateng kaindhakaning kawruh bab lampah ing kodrat, sarta pakalempa-

kan ing Batawi ingkang angudi amikantukaken lampahing gagamen tuwin taberen, punika satunggilipun sami badhe anyukani medaling mas, 1 medali pethakan 1 tuwin medhali sanguban 1, minongka ganjaranipun barang-barang ingkang badhe katamtokaken ing tembe.

katandhan dening komisi ingkang badhe angereh pagelaring barang pamedalipun saking Taberen.

---

Dhumateng Tuwan ingkang Ngarang Serat Jurumartani.

Inggal mangke kula sampun ngaturaken jawab kula bab wawaona-nipun aliyas baut asli samawis ananging ing serat Jurumartani ingkang kula tampi kala wingi katitien tanggal 16 wulan punika, kula dereng aningali jawab kula wau, ananging kula amaos wawaonanipun mas Ngabei Puspa Wilaga dhateng seseratan kula, mratelakaken yen kula ambibrah papan tulis anglebur sakathahing reraosan katondha saking panjawatan kula ing wuwulangipun Kanjeng Pangeran Candradiningrat.

Ingkang makaten punika, sarehne mas Ngabei Puspawilaga sampun sepuh, yuswa sawidak taun tur seseratanipun ing jurumartani boten nate kula gepok, bok sampun mawi entherek-therek, salaminipun kula boten nate anggadahi pikajengan jawat seseratanipun awit ingkang sapisn kula remen angaosi dhateng tiyang sepu-sepuh, ingkang kaping kalih kula manah-manah boten wonten damelipun amargi kula piyambak sampun angenegeti yen kaengetanipun tiyang sepuh punika boten saged anyonthongi ing kaengetaning tiyang samangke, awit panggalihipun sadaya taksihkina, dene samangke punika sampun gentos jaman ewaden-ten yen titiyang neneman samangke boten sumerep jamanipun punika ingkang pantes kawaonan.

Mila mas ngabei Puspawilaga punika prayogi sampun mawi karsa dherek-dherek maoni seseratanipun tiyang nem-neman samangke, awit yen boten makaten mindhak andadosaken kirang prayogining saliranipun piyambak, inggih kikirangan punapa panggalihipun priyantun sepuh tur kina.

Ing wasana sanget panuwun kula mugi serat kula punika sarta ingkang kula aturaken rumiyin mugi tuwan ecapaken ing Serat jurumartani.

mas Ngabei Weda Paekarma.

---

Ing Kina: Wonten satunggal pandhita, langkung gentur tapanipun, testik ing paningalipun, nyata; ing papestunipun, sang pandhita wau dados pangungsening patanenan titiyang ingkang tebih tuwin kang sami celak saking ngriku, sadinten-dinten boten wonten towangipun titiyang kang sami sowan ing Sang Pandhita.

Inga lami-lami: Sang Pandhita, kapanjingan reregeding galih, asring adarbe osik angunggung sariranipun, ing mongsa mengko, ora nana pandhita kang luwih gedhe kaya aku, kang dadi tondha ingsadina-dinane, wong kang padha sebamarang aku, ora nana pedhote.

Kacariyossang Pandhita: lajeng kenging sisiku, awit anggenipun adarbe osik agunggungsaliranipun wau, putranipun sang pandhita, jalu titiga, lampahipun salah sadaya, boten sami amintuhu: ing wuwulanging rama, putra ingkang sepuh, dados pethuting durjana, kang sami saba dalu, ngecu, mandung, ambesmi griya, sapanunggilanipun. Adhnipun tumunten dados kepaling durjana; kang sami saba siyang, ambegal, ambarak, ambradhad, angutil, amethet, colong, cenger, sapanunggilanipun. adhnipun kang nem piyambak, ddos kepalandane tiyang madati, tiyang kang remen mabuk anginum badheg, remen ngestri, remen kasukan angaben sawung, ngaben puyuh, ngaben dherekan, keplek sampak, kecek, gimer, sapanunggilanipun.

Sareng kawentar yen putraning sang pandhita jalu titiga: sami mangulah salah sadaya, titiyang kang sami sowan sang pandhita, saya suda kathah, awit sami rnu-rangu sande ing manah, sami anarka; yen sang pandhita: ing mangke sampun ical pangwasanipun, kang dados tendha, putranipun piyambak, jalu titiga: sami amurang l'ampah, saya lami boten wonten tiyang satunggal-tunggal, ingkang sowan dhateng sang pandhita: kados ingkang wau-wau.

Mila tiyang gesang punika, Sarinten sadalunipun kedah ingkang enget sampun ngantos sangetangunggung dhirinipun piyambak, tinerusaken ing manah, angunggung kawigyanipun piyambak, angunggung lampahipun piyambak, angekahi leresipun piyambak, angangge sakajeng-kajengipun piyambak, ingkang makaten wau, kenging kasebut tiyang anulayani ing ngakathah sayogyaning agesang, sabarang tindak dudugi lan prayogi, solah muna-muni, priyonggi ingknag mupakat ing ngakathah, watekipun kekah, lan priyonggi kang matra kelas, kados kang kasebut anggit dalem kanjeng gusti pangeran Adipati Surya Sasranin-grat, ing Ngayogyakarta.

Sang pandhita: sasampunipun boten kasowaninan ing ngakathah  
kados kang wau-wau, rumaos yen kenging sisikuning batharani-  
pun, awit enggenipun, angunggung sariranipun, tansah anelong-  
sa ing batharanipun, punapa dene sanget anaena sungkawa, awit  
tranipunjalu titiga, lampahipun salah katiga pisan, mila  
ngantos samangke; panggenan punika karan ing salah tiga,  
Afdeeling Samawis.

Katandhan Panji Puspawilaga, ing Surakarta Adiningrat.

Angka 2, 14 April 1864

Komidhi ing Surakarta

Undhang-Undang

kangjeng Gupremen sampun angilani dhateng para tuwan ingkang  
angereh `komedi ing Surakarta adamel loterei yatra kathahipun  
100.000 rupiyah.

kathahing lot 2000 iji satunggil-tunggilipun regi 50 rupiyah.

Lot wau badhe kadamel papaliyan tuwin tiyang kenging tumbas  
lot wetah satunggal utawi sapalihipun .

Angandhap punika pratelanipun kauntungan ingkang medal saking  
Loterei wau.

kauntungan ingkang kapisan ..... 40.000  
rupiyah

kauntungan ingkang kaping kalih..... 20.000 rupi-  
yah

Kauntungan 500 rupiyah 10 iji, gunggung..... 5.000 rupiyah

Kauntungan 200 rupiyah 50 iji gunggung.....10.000  
rupiyah

kauntungan 100 rupiyah 50 iji gunggung..... 5.000 rupi-  
yah

Wah malih nomering lot ingkang medal rumiyin  
sara ingkang medal wekasan satunggil-tunggilipun  
angsal ganjaran 1000 rupiyah, gunggung..... 2.000 rupi-  
yah

---

sadaya gunggung..... 100.000  
rupiyah

Sinten ingkang badhe tumbas lot sami akintuna serat dhateng  
para tuwan ingkang kasebut ing ngandhap punika, serat wau  
kedah kabayar dening ingkang angintunaken, panumbasipun lot  
mawi kabayar kenceng.

Ing Surakarta dhateng Tuwan Jonghir, C.L.J.PanOgendhorep

Ing Batawi dhateng J.P.Tidheman

Ing Samarang dhateng tuwan G.C.T.Pandhores

Ing Salatiga dhateng Tuwan W.K.E.Eigendherat

Ing Ngayogyakarta dhateng Tuwan G.Weinsekeng

Ing Surabaya dhateng Tuwan J.H.Rosemeiyer

Samongsa loterei wau sampun kamainanken ingkang gadhah lot wetah utawi papaliyan ingkang kaleresan angsal kauntungan utawi ganjaran kenging anampeni arta pamenangipun saking Tuwan Jonghir, C.L.J.Panogendhorep ing Surakarta kawangenan lami-laminipun ing dalem 14 dinten ananging tiyang wau amawi anedhahena sarta amangsulna lotipun punapa malih arta pamenangipun mawi kacengklong ing dalem satusipun 25 rupiyah minongka dados kauntunganipun komedhi,tuwin kadamel wrageadi-pun loterei punika.

Sapejahipun wulan Mei taun punika tiyang sampun boten kenging angsal lot malih, menggah dinten pamainipun lotereinipun lotere badhe kalimrahaken ing tembe, pamainipun wau badhe kalampahan wonten ing griya komidhe katingal ing kathah patrapipun kados adat ingkang sampun kalampahan mawi kajenen-

gan dening komisaris.

Bilih sampun dumugi ing wawangen mangsanipun amainaken Loterei, mongka cacahing lot 2000 iji dereng pajeng sadaya, pamainipun loterei punika inggih badhe kalampahan ugi, ananging kathah ing arta kauntungan tuwin ganjaran badhe kasuda, katimbang kaliyan kathahing lot ingkang boten pajeng wau.

Terang saking para tuwan ingkang angereh komedhi ing Surakarta.

Surakarta, Pebruwari 1864.

Katandhan Pangagengipun komedhi wau  
Katandhan Tuwan R.C.PanPrinwise  
Katandhan Sekretarisipun Komedhi wau  
Tuwan Jonghir C.L.J.Pan Ogendhorep.

---

Awit saking panedhanipun para tuwan-tuwan ing nagari Surakarta tuwin ing Ngayogyakarta Tuwan Dhegrootkolep en ko sami angelih tokonipun sapanduman dhateng ing Surakarta, kajawi saking bekakasing panyeratan pangecapan panyamakan sapanunggilanipun ingkang wonten toko wau, inggih ugi medalaken saben Akad sapisan serat pawartos jawi ingkang kanamanan Juru Martani.

Menggah ingkang kakuwasakaken dening Tuwan Dhegrootkolep en

ko anyepeng toko sapanunggilanipun wau, punika Tuwan Jaspres.

Wondening tuwan J.F. Philip ing Ngayogyakarta sampun anyagahi, amikantukaken wawelingan sadaya ing Ngayogyakarta saking tokonipun tuwan Dhegrootkolep en ko sarta badhe enggal anampeni samukawis ingkang sampun wonten ing toko wau, tuwin ingkang prelu kanggenipun.

---

Kulawisudhan sapanunggilanipun.

Raden Mas Sudibya, putranipun Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Arya Mangkunagara ingkang kaping Sakawan ingkang saking padmi, putranipun swargi Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Arya Mangkunagara ingkang kaping tiga, kakula wisudha dados Pangeran anama Pangeran Arya Prabu Sudibya.

Raden Arya Gondasewaya, putranipun Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Arya Mangkunagara ingkang kaping sakawan saking padmi ingkang sampun seda, kakula wisudha dados pangeran anama Pangeran Arya Gondhasewaya.

Tuwan C.F.W.Samiel komisi pun Kanjeng Tuwan Residhen ing Madiyun ingkang kalenggahanipun kumis kagantung, ing mangke kaundur saking kalenggahanipun.

Tuwan Y.F. Mirandholle, Adpokat tuwin prokuring ing Rad Panjustisi ing Samawis awit saking panuwunipun kaundur saking kalenggahanipun.

Tuwan C.F. Slut Mester Sekolah nomer satunggiling griya

pamulangan nomer kalih ing Samawis kaparingan pamit kalih taun dhateng nagari Walandi , amargi saking sakit.

Tuwan Domeni, P.L.Dhegaiporetman pandhita ing Makasar sabawhipun ing tanah Selebes kakula wisudha dados pandhita ing Samawis.

Tuhan Dhegrut kontelir.....parentahan lebet ing  
Borneyo sisih kilen kakula wisudha dados Asisten Residhen ing  
Kute tuwin ingkang.....wetan.

Tuhan W.E.L.P.Fonendhe, komisi pun Kanjeng tuwan dhirektur  
saking tanem tuwu kakula wisudha dados upkomisi pun kanjeng  
tuwan direktur wau.

Tuhan L.F.Dheseriyerse, kontelir pangkat satunggil ingkang  
dereng lami wangsl saking pamit dhateng nagari Walandi kareh  
ing kanjeng tuwan residhen ing Priyangan.

Tuhan Y.W.Moyen Kontelir pangkt kalih, ingkang dereng lami  
wangsl saking pamit dhateng nagari Walandi, kareh ing kang-  
jeng Tuwan residhen ing Kadiri.

Tuhan C.F. Dhebrut ingkang kula wisudha dados priyantun kareh  
ing kangjeng tuwan residhen ing.....(rusak)

Tuhan Dhokter, A.Nisnes ingkang kakula wusidha dados priyan-  
tun kareh ing kangjeng tuwan residhen ing Banyumas.

Tuhan W.F.N.L. Dhepel kontelir pangkat satunggil kaelih  
saking Kadiri, kareh ing kanjeng tuwan residhen ing Samawis.  
=====

#### Nederlan Indiya

Kacariyos tanggal kaping 1 april kareta Lonomobil dhateng ing  
Samawis saking kali Alang celak ing ngaran bten mawi kasang-  
grob ing lampahipun kawawratan kopi kirang langkung saking  
satus kalih dasa pikul, menggah kareta Lonomobil punika  
panunggilanipun kareta Asep kaotipun kareta Lonomobil lumam-  
pah ing margi boten mawi kadekekan Talangtosan ingkang pance  
kalangungan ing rodhaning kereta asep sarta lampahipun rind-  
hik kados lampahing tiyang, ananging saged ambekta wawratan  
kathah.

Kayektosan manawi lisah sunthi utawi lisan tengkawangmeh sami  
ing prayoginipun dados kenthel lembu, punapa malih pangangge-  
nipun inggih boten kaot ing kathah keliyan kenthel lembu wau,  
kajawi saking punika pangetangipun regining lisah sunthi  
ingkang sae utawi lisan tengkawang ingkang sangking bor-  
neyosisih kilen wau, sakedhik sanget kati...gining kenthel  
lembu.

Paparentah ageng ing Batawi anemtokaken, manawi pangenglangi-pun wonten ing Batawi, Surabaya samukawis ingkang kangge ing baita kapal asep sapanunggilanipun kagunganipun....sapunikanipun badhe boten kalelang lelebetanipun kenthal lembu, dene

ingkang lisah sunthi utawi lisah tengkawang, badhe kadhaten-gaken saking Siyak tuwin saking Borneyo....Palembang kathah kedhiking reregining peken.

=====

Krawang

Naskah ini bagian korasnya patah-patah, sehingga bagian kiri teks tidak terbaca.

nem.....kaping 22 angrintenaken 23 Pebruwari, lepen ing Cikao celak ing na.....ben, boten dangu toyanipun ambeleber dha-teng ing kampung Cikao tuwin Bongas, sapanggenan ngantos gangsal kaki lebetipun, dene ingkang pejah kablabag kathah ing...., griya kampung warung sapanunggilanipun 30 ingkang ambruk tuwin kala ....toya,...sakawan ingkang pejah, maesa 4, kapal 2, menda.....dene sabin ingkang karisakan 4 utawi 5 bahu, isi pantun ingkang meh sepuh.

=====

Surakarta

Saking papriksan nagari prakawis tiyang ingkang sami pejah kablabag kala bena ing nagari Surakarta, .....tanggal kaping 29 Januwari ingkang sampun kapengker, ing Wanagari tiyang satunggal, ing Siyam...puh jaler, 1 tuwin lare 2, menggah kewan ingkang sami pejah dening toya, ing nagari....3, menda jawi 4 ayam: 68, tuwin kambangan 28, ing Kartasura maesa 2, .....maesa 1, ing Wanagiri maesa 2 lembu 1, kapal 1, menda jawi 5 a.....tuwin kambangan 25.

Griya ingkang ambruk ing nagari: 27 ing Kartasura 13, ing Karangpandan 3, tuwin ing.....12 menggah ;pantun ingkang ical dening toya ing Kertasura 30 bau, ing Karangpandhan..., tuwin ing Wanagiri: 16 bau.

---

Pawartos warni-warni

..... tanah Galisiye wonten satunggiling jajaka umur 12 taun badhe sumerep raosing...manawi tiyang kagantung, mila lajeng anggantung baanipun piyambak sarehne anggenipun gadhah ta....makaten punika boten wonten tiyang ingkang sumerep kadadosan inggih lajeng pejah.

Inggris tanah Dhitslan sapunikanipun kathah tiyang ingkang sepuh, wonten satunggaling tiyang lair kala ing taun 1740 dados sapunika umuripun 123 taun.

Ing Barlin wonten tiyang estri bojoning sudagar, pejah amargi saking sakit sawatawis dinten ananging sayektosipun saweg kalenger sanget kemawon sareng tiyang estri wau ing ....dugi sampaun pejah, wanci sonten bojonipun amedal saking griya badhe sawi....watakipun boten para tetangganipun sami kaget amireng ing salebetipun griya wau wonten swaraning tiyang jelih-jelih anedha tulung, sarehning tansah kendel ing ....anedha tulung, sarta korining griya kakancing wah ing

sanalika kedangon andhatengaken ....rih ambikak kori wau, mila kori lajeng kajebol, para toya wau sami ....ya, lajeng aningali tiyang estri ingkang pejah wau medal saking kamar ngajeng panggenanipun ....la pejah, lumampah dhateng kamari-pun patileman lampahipun angremet sareng dumugi...manipun ingkang jaler, tiyang estri wau lajeng dhawah kalenger, katulungan ing jampi sana....sapunikanipun tiyang estri wau sampaun saras babar pisan.

Ing Banjarmasin kacariyos wonten satunggiling kraman anama Demang Leman ingkang langkung keringan wonten ing Banjarmasin, menggah kacepengipun sanget agugumunaken kados ....ngandhap punika cariyosipun.

Ing Ba....pun sami sumerep sadaya, ing nalika kaplajengipun pangeran ing da....tanggal kaping 3 Pebruwari 1863 Demang Leman ambalek malih dados ...wonten ing tanah Riyamkanan ing Alsi tuwin ing Balangan sasampunipun nungkul dhateng Kanjeng ...sampaun kerep kemawon Demang Leman kabujeng ing

prajurit badhe kacepeng, ananging tansah kawon, sanadyan boten kantenan purugipun demang Leman wau, tiyang inggih saged andu....manggen wonten ing tepis wiringing Riyam Kanan ing Nusen ing Batulicinging ing Canthang, pawartosipun awit saking parentahipun Demang Leman sawatawis kados kecu sami ang....padhusunan akathah ingkang sami kajarah rayah saha kabesmenan griyanipun, para tiyang bubar, angupadosi edhokipun Demang Leman wau boten saged pikantuk ler, amargi.....andhelik mrika-mriki akaliyan kancanipun kraman sakedhik wonten ing panggenan...boten kenging kaambah ing tiyang, candhakipun badhe kalebet ing serat Jurumartani ingkang ....benjing kemis ing ngajeng punika.

---

Saupami wonten priyantun ingkang badhe karsa anglebetaken pawartos ing serat Jurumartani bab kalairaning lare, utawi palakrama, miwah sedan punapa dene ingkang nama wawa...sapanunggilanipun punika inggih kenging.

---

-

Angka 3, 21 April 1864

Awit saking panedhanipun para tuwan-tuwan ing nagari Surakarta tuwin ing Ngayogyakarta, tuwan Dhegrootkolep en ko sami angelih tokonipun sapanduman dhateng ing Surakarta, kajawi saking bakakasing panyeratan pangecapan panyamakan sapanunggilanipun ingkang wonten ing toko wau, inggih ugi medalaken saben akad sapisanserat pawartos jawi ingkang kanamanan Jurumartani.

Menggah ingkang kakuwasaaken dening Tuwan Dhegrootkolep en ko anyepeng toko sapanunggilanipun wau, punika Tuwan Jaspres.

Wondening tuwan J.F.Philip ing Ngayogyakarta sampaun anyagahi amikantukaken wawelingan sadaya ing ngayogyakarta saking tokonipun tuwan Dhegrootkolep en ko sarta badhe enggal anampani samukawis ingkang sampaun wonten ing tokonipun wau, tuwin ingkang prelu kanggenipun.

---

Kulawisudhan sapanunggilanipun.

Tuwan W.Dhewall, Opsinder ing panggenan adamel sarem ing Maringen Paresidhenan Madura, kakula wisudha dados Kumisipun Kanjeng Tuwan Residhen ing Pathi, paresidhenan Japara.

Tuwan L.C.Phanerekwik kapitan Seni tuwin sardhadhu Sapir ing Ambon kakula wisudha dados Lit ing Rad Panjistisi ing Ambon.

Tuwan A.Phapho Grifhir ing landrat ing Batawi, kakula wisudha dados Gropir ing Landrat ing SDamawis.

Tuwan H.P.BarekmeiyerAlgemenbuk Opderipun Kanjeng Tuwan Direktur ingkang nguwasani arta, tuwin Tuwan Y.C.Delanonga, rumiyin dados residhen sami kakula wisudha dados Lit Komisi anguwasani arta nagari, ingkang katamtokaken ing bab 49, statblad ing taun 1831 angka 71.

Tuwan G.F., dherapalet, Kapitan Inpanteri, kamantunan anggenipun dados Lit ing Rad Panjistisi ing Makasar, kalayan kasukanan terimakasih bab anggenipun sampaun anglampahi padamelanipun Rid wau.

Tuwan P.Y.Brunsepelpanulten, kapitan Inpanteri, kakula wisud-

ha dados Rid ing Rad Panjistisi ing Makasar.

Tuhan P.Krupman sampaun kalilan anjampeni tiyang sakit, tuwin andhukuni tiyang gadhah rare wonten ing Sumenep paresidhenan Madura.

Tuhan P.A.Bir Telegrapis pangkat tiga, kaundur saking kaleng-gahanipun.

Tuhan A.L.H.Arenes telegrapis pangkat tiga ingkang kawahgel sapuniya kadadosaken malih, anyambut damel wonten ing kantor telegrap ing Samawis.

Tuhan W.N.Tingkes murid telegrapis kaelih saking kantor

telegrap ing Samawis dhateng ing kantor telegrap ing Ambarawa.

Tuhan A.H.Seiner, juruserat ing kantoripun Algemene Sekretaris kakula wisudha dados Opsindernila pangkat tiga.

Tuhan H.C> Suwab rumiyin dados Opsindernila pangkat tiga , ingkang lajeng kawahgel kadadosaken opsindernila pangkat tiga malih.

Tuhan H.C.Dhumas Opsinderkaningar pangkat tiga, kaundur saking kalenggahanipun kalayan kurmat amargi saking sakit.

Tuhan W.Kesiser, murid Opsinder, kakula wisudha dados op-sinder pangkat tiga ing padamelan yasaning nagari, mawi katamtokaken agriya wonten ing Cerbon sarta kaparentah dening Insiyur ing ngriku.

---

Amerikah.

Ing Amerika kidul kacariyos manawi gareja ing Santiago tanah Sili, kala tanggal kaping 8 Dhesember 1863, kabesmen, ing dinten punika gareja wau kaengga sakalangkung sae, sarta kathah wragading pangrengganipun amargi ing waktu wau panuju

dinten pambobotipun dening mariyem, gareja kalangse sadaya ing muslin punapa malih ingkang celak ing panggenan mumudya...ingggih kalangse, sarta kasorotan ing dilah saka-langkung saking padhang, ing nginggil kemawon dilahipun kalih leksa, kapasang rakit kados sesekaran sareng wekasaning dinten punika ingkang wonten ing gareja tiyang estri langkung saking tigangewu, tuwin tiyang jaler sawatawis atus, boten antawis dangulangsenipun ing satunggiling panggenan kabesmi, latu rikat snget ing pamremenipun amrika-mriki, ngantos aggugumunaken, sakathahing tiyang sami kaget lajeng lumajeng dhateng kori ageng ing ngajeng, amargi kori sanesipun kadugi dipun kancing kados ing ngadat ananging ing waktu punika kori ageng wau inggih kakancing, awit saking uyeking tiyang kathah kori ageng wau boten kenging kaengakaken mila para tiyang wau kados kaurugan ing latu saking langse ingkang kabesmi uruting pinggir tuwin ingkang dhawah saking nginggil mangandhap punapa malih kasarengan tumetesing lisah panas saking dilah pating calorot sami anetesi sirah ing titiyang kathah, sawatawis kathah ing titiyang wonten ingkang saged medal saking kamar butulan, rekaos sanget wedalipun ananging kathah ingkang boten saged medal saking ngriku, awit saking kabesmening sandhanganipun para estri, ingkang kathah bongsa luhur, punika andadosaken wewahipun bingunging kathah, mila kadadosanipun antawis satengah jam para tiyang ingkang taksih wonten ing gareja, watawis tiyang kalih ewu, boten wonten ingkang gesang sedaya pejah kabesmi.

Menggah ingkang dados sababipun kabesmen wau, punika tetela, ing wanci sonten langkung sakedhik saking pukul 06.00(nenem) sareng wiwit garejanipun wonten dilah satunggil nyaladi ambesmi celak panggenan mumudya, menggah ingkang kaangge lisah dilah dilah wau, punika lisah sela, kanamanan petroliy-

um, sakedhap tiyang ingkang celak wonten ing panggenan mumudya tumandang badhe amejahi latu, ananging saderengipun saged dumugi ing panggenan ingkang kabesmen wau, latu sampun murub manginggil wonten antawising langse Muslin tuwin rerenggan sapanunggilanipun, sakedhap kemawon wingkinging panggenan mumudya tuwin ngiringanipun sadaya murub inggilipun kalih dasa elo, sarta ingkang celak ing ngriku sami mundur

sadaya, ananging saderengipun titiyang sami gadhah pamudi daya amedal latu sampunmurub maradini ing loteng, sarta langse m,uslin ingkang kabesmi sami dhawah mangandhap punapa dene tangsuling dilah enggal sami kabesmi, lisah ing dilah ingkang sami anjomplang, tumetes ing ngadhap pating calorot, sareng satengah ing reresah tuwin ing panjerit wonten titiyang sawatawis ingkang saged medal saking kori alit ing gareja, sakedhik ingkang medal saking kamaring gareja bubutan utawi saking raming jandela, dados margi alit punika sampun kawedalan ing tiyang sawatawis atus kathahipun ingkang rekaos wedalipun lajeng boten kenging kawedalan malih, awit kakepung ing latu, ing kori geng ingkang ngengani pun malebet pipit tiyang, dene ingkang saged miyak inggih boten saged dumugi ing kori, awit saking esuk-esukan, dangu-dangu wonten ingkang saged ngengakaken kori ragi wiyar sakedhik kalayan kateksa, ananging ing sanalika wau kathah tiyang ingkang sampun pejah.

Rare pejah gesang malih, ananging kayektosanipun dereng pejah sayektos saweg kalenger sanget kemawon.

Bojoning punakawanipun Raden Tumenggung Onder Mayor Wiryadi-ningrat ing nagari Surakarta, anama embok Setrawijaya, agadhah anak jalewr pututanipun akaliyan ingkang jaler wau, menggah namaning rare pun Sadu, saweg umur watawis sangang taun punika sakit wawratan rah umbel laminipun sammpun kawan wulan kala ing dinten Rebo kaping 28 wulan Sawal ingkang sampun kapengker punika, wanci pukul gangsal enjing rare wau pejah, sareng rare kadugi sampun pejah, embokipun enjing punika lajeng sowan dhateng kadhaton badhe ngunjuki uninga prakawis pejahing anakipun dhateng kalangenan dalem para selir, ingkang kasuwunan arta kadamel wragading pamendhemipun, mila embok Setrawijaya purun-purun anyunuwun dhateng ing kadhaton amargi ing ngajeng anesepi putra dalem dados palihanipun pun Sadu, menggah paparing saking kadhaton bok(t)en kekirangan wonten ingkang amaringi arta, wonten ingkang amaringi mori kadamel ulesantukipun embok Setrawijaya saking kadhaton watawis pukul sawelas siyang, sadumugining griya ingkang sami ngedusi, sarehning boten sumerep manawi rare taksih gesang, mripat lajeng kaeremaken ing asta, eleking mripat ngantos kaping tiga tansah kaeremaken ing asta kemawon, sareng sampun kaping tiga eleking mripat rare ingkang kadugi pejah anyuwara, titiyang wau sami kaget sarta lajeng sumerep manawi rare gesang malih, ing sanalika rare kabekta malebet ing griyaning tiyang sepuhipun....badhe ngombe cao, ing sanalika titiyang sepuhipun ical susah ing

manah, sarta lajeng bingah wasana rare wau kabekta ing embokipun malebet dhateng kadhaton badhe kapriksakaken dhateng ingkang sami maringi wragading pamendhem wau, amargi saking ajrihipun bilih kawastanan damel-damel bab pejahing anakipun

sarta badhe amangsulaken paparing ingkang saking kadhaton ananging ingkang samipaparing boten karsa anampani wangsuling wragadmalah sami amewahi ing paparingipun, wondening panjenengan dalem ingkang sinuhun ing nalika punika lajeng amaringi dhokter, kapurih anjampeni rare wau, ingkang sapunikanipun dereng saras.

---

Ing ngandhap punika candhaking cariyosipun Demang Leman,

Kapal ing Batulicin ingkang saweg kadadosaken kala wonten ing ngriku dening parentah Banjarmasin, punika ttmpi dhawah sampun ngantos kendel ing pangangkahipun anyepeng gesang utawi pejah dhateng Demang Leman, menawi kepanggih wonten ing tepis wiringing bawahipun punapa malih sasaged-sagedakena dhateng tiyang paranteyan ingkang sami wonten tepis wiringing batulicin tuwin Kusan sarta ingkang rumiyin sampun anglampahi los saking kalangan kapuriha anyepeng Demang Leman mawi kaprajanjeyan nilih saged anyepeng, badhe kaluwran saking anggenipun dados paranteyan.

Prajanji punika enggal amikantuki, amargi ingkang dados kepalaning pranteyan ingkang lajeng angangge nama Tumenggung saged pikantuk titik manawi Demang Leman akaliyan kancanipun kraman sakedhiksami amanggen ing guwa wonten sapucukung redi Tunggul, Tumenggung Pranteyan wau lajeng anumbasi uwos tuwin tatedhan sanesipun, , ngantos Demang Leman boten saged pikantuk tatedhan sarta angraosaken luwe sanget lajeng medal saking guwa, badhe ayektosaken punapa ingkang dados sababipun boten saged pikantuk tatedhan malih, tumenggung wau sareng katamuwan demng Leman sakalangkung pradhahing manah, lajeng kapondhokaken ing griya ingkang suweng, sarta kaprajangjeyan badhe kasukanan sekul, Dmang Leman angangge dhuwung wasiyat anama Senis tuwin waos anama Kalibil, anggenipun amaringi Pangeran Idayat kala wiwit wonten perang, mila tumenggung

Parnteyan boten purun anukup ing sanalika punika, ananging sareng Demang Leman ing dalu tilem dhuwung tuwin waoslajeng kapandungan dening satunggiling tiyang anama Braim ingkang rumiyin dados Paranteyansareng demang tangi tilem saha aninggal dhuwung tuwin waos boten wonten lajeng soroh amuk ananging tumenggung Paranteyan sanalika angecani manahipun badhe amangsulaken dhuwung tuwin waos ingkang ical wau, sarta lajeng anyukakaken dhuwungipun dhateng Demang Leman supados kaanggeya rumiyin saderengipun kapanggih dhuwung tuwin waos wasiyat ingkang ical, sareng dhuwung tuwin waos wasiyat wau sampun ical Tumenggung Parranteyan boten rumaos ajrih dhateng Demang Leman sareng Demang Leman wau saweg wiwit sembahyang sonten lajeng kakepang dening Tumenggung Paranteyan sarencangipun, kalampahan tangled Ariwud wasana Demang Leman kacepeng tuwin kabesta, nunten kabekta dipun ladosaken dhateng kapala ing Batulicin supados anampani ganjaran ingkang kaprajangjekaken ing ngajeng, lampahipun sasampuning anyabrang lepen Batulicin lajeng medal ing sagantendumuginipun ing nagari Banjarmasin kala tanggal kaping 21 Pebruwari, wanci sonten, sanalika Tumenggung dados wadaning perang, adamel rad perang, supados angrampungi prakawisipun Demang

Leman menggah karampunganipun, Demang Leman kenging patrapan ukum pejah kagantung, amargi saking balila ing nagari tuwin angangkah risaking panguwasanipun kanjeng gupremen, serat karampunganipun katindakaken wonten ing alun-alun nagari ing Mertapura kala tanggal kaping 27 Pebruwari, katingalan ing titiyang nagari tuwin sakiwa-tengenipun angatos awon kathahipun.

Tuhan wadaning prang punika kaaturan wilujeng, amargi sage angicalaken Demang Leman ingkang damel reresah wau, wondening demang Leman sakalangkung teteg ing manah sarta ayem kemawon amirengaken kala kaundhangaken karampunganipun sarta nalika badhe kapatrapaken paukumanipun pejah punika.

---

Regining barang dagangan ing Semawis.

Kopi wedalan ing tahun 1864, kaajengan 40 rupiyah sadhacin

Gendhis pasir 17 rupiyah sadhacin ingkang nomer 16  
Nila, 4 rupiyah 40 senn sa pun ingkang sae piyambak  
Wacucal lembu 56 rupiyah sakodhi  
Wacucal maesa, 45 rupiyah sakodhi  
Kemukus, 35, utawi 40 rupiyah sadhacin mawa-mawa sae awonipun  
Uwos pethak 160 utawi 170 rupiyah  
Uwos abrit 130 utawi 140 rupiyah  
Lisah kalentik 45 rupiyah sadhacin  
Lisah kacang 31 rupiyah sadhacin  
Panjatos 10 utawi 12 rupiyah sadhacin mawi-mawi sae awonipun.

---

Angka 4, 28 April 1864

### Amerikah Kidul

Pawartos ingkang saking Santiago, manawi lalabeting kasangsaran kala kabesmenipun gereja ing ngriku, sapunikanipun taksih kados kala enggal-enggalan, menggah kadadosanipun tansah adamel kalangkung sanget karaos ing manah, amargi para tiyang ingkang kasangsara kala kabesmenipun gareja sami kataton kenging latu, wekasnipun sami pejah, punapa dene cacahing titiyang ingkang sami kabesmi wonten ing gareja, langkung saking 2000 kados ing papriksanipun wonten 2100 punika kajawi saking titiyang ingkang sampun ajur kabesmi namung kantun balungipun kemawon, manawi para tiyang ingkang sami pejah saking kataton kenging latu, tumut kaetang gungungipun sadaya titiyang ingkang sami pejah kirang langkung saking 2400 ssampunipun wonten pawartos makaten elet kalih dinten gareja ing Sanisidro, inggih badhe kabesmen, inggih ugi rerenggan seseukan ing panggenan mumudya, kasaladan ing dilah satunggil lajeng kabesmi, ananging begja titiyang ingkang samingadeg celaking ngriku saged amejahi latunipun, reregan ingkang murub lajeng saged pejah, sanadyan latu sampun pejah ing waktu punika para titiyang sami oreg ura-ura lumajeng medals adaya, andadosaken kageting titiyanging Santiago, awit saking badhe kabesmenipun gareja wau, parentahing nagari lajeng anamtokaken manawi boten kenging anyuled dilah ingkang langkung saking kathah wonten ing gareja-gareja, sarta adamel reregan ingkang nguwatosi, punapa dene parentah anamtokaken malih, manawi ing salebetung gareja-gareja kedah omber papnipun tuwin wiyar marginipun lumebet ing gareja tuwin amedal wasana parentah ,ranata, bab wontening titiyang ingkang pancek kedah sami tandang tulung manawi wonten kabesmen para titiyang wau sapunikanipun boten wonten.

---

Pawartos warni-warni

Pikantukipun Sima manawi sampun pejah.

Kala tanggal kaping 21 Maret ingkang sampun kapengker, ing dhusun dhusun Krikilan kaprenah sakilenipun dhusun Wirasari

bawahing Grobogan wonten sima lorek sakalangkung saking ageng kapejahan, saderengipun sima wau pejah, eled kalih dinten sima punika kaoyok dening titiyang ing dhusun tambah sela, kalih pal saking Wirasari, sima wau sampun tatu kata loreng ing waos tuwin kasanjata, enjingipun sima katinggal malih celak wonten ing dhusun Benu, lajeng kasanjata kaping kalih nunten oyok malih, kala kaping 21 Maret wau, sima kapethukaken liyan lurah ing Benu, tuwinlurah ing Welahan sarencangipun tiyang nenem wonten celaking dhusun Dhunukrikil lan wau, sanadyan sima sampun kataton tuwin sayah, sareng aningali titiyang wau, lajeng ngadeg anggero, nunten anyander dhateng lurah ing Benu ingkang wonten ing ngajeng, lurah wau lajeng amaos sima kenging kawaos anggenipun maos lurah ing Benu kaliyan amancolot ing ngiringan mila landheyani putung

sawatawis panjangipun kantun wonten badaning sima, lurah ing Welahan ingkang angadeg wonten sawingkingipun lurah ing Benu, lajeng katubruk ing sima dhawah ing siti, kalampahan ajur amoh awakipun kagarut tuwin kacokot ing sima, ing sanalika katulungan dhateng tiyang alit ing dhusun Benu satunggil ingkang anyuduk dhateng sima, ewa denten lurah ing Benu ingkang saweg amendhet putunganing waosipun ingkang rentah saking badaning sima, lajeng kasander ing sima, ingkang anilar dhateng lurah ing Welahan ingkang sampun kagagahan wau, sima lajeng anabok sirahipun lurah ing Benu akaliyan sukunipun ing ngajeng, ananging kaendhanan, namung iketipun ingkang kenging kasudhut ing sima, lajeng kabekta lumajeng ngantos dumugi ing Galagahan saking sangeting pangamukipun sima wonten ing Galagahan iket wau kasuwek-suwek dados sawalang-walang, sasampunipun makaten boten antawis dangu sima lajeng pejah, sakinten pejahipun wau saking sangeting panga-mukipun,  
Wondene sima ingkang pejah kagotong dhateng griyaning wadana, kakeletan angatos-atos lajeng kulitipun kapentheng, manawi sampun garing badhe kabekta dhateng ing Purwa dados tebihipun 13 pal supados anampani ganjaran saking tumenggung ing ngriku, ingkang sampun katamtokaken dening kanjeng gupremen, kados tiyang amendhet kauntungan saking awade ulam maesa ingkang sampun banger, makaten ugi ulaming sima wau lajeng

kawade, ulam sima cariyosipun sae katedha ing tiyang ingkang katrapen mila ulam sima wau kawade dening tiyang ingkang angeleti, punika eca anyarasaken, kulitipun kados pundi, O punika kapadosaken kauntungan sanesipun, kulit punika amikan-tuki ing ngatasing manungsa, ing Samawis tiyang purun tumbas kulit satunggil 10 utawi Rp. 15,-- utawi langkung saking samanten.

Menggah ing tanah Grobogan kathah pamedalipun kulit sima, cariyosipun wonten maesa malih ingkang katedha ing sima, ingkang wonten celak ing dhusun Godhong, sakawan pal prenah salering Wirasari.

---

Jendraling prajurit ing tanah Amerikah ler, ingkanganama Leslinom amacak seratipun wonten ing serat pawartos menggah ungelipun serat makaten: kalerehana aku prajurit kabeh wis kerep prang, nanging ora ana sawiji kang lumayu, ora kaya Karel senur lan prajurite padha lumayu nalika prang ana ing Nanselorphil, pangerang-erang makaten punika lajeng kajawab dening Karel senur ing sampunikanipun inggih dados jendraling prajurit ing Amerikah ler, menggah anjawabipun inggih katung-gilaken kapacak wonten ing serat pawartos wau, ungelipun makaten: Jendral Laslinom angarani, yen aku lumayu nalika prang ana ing Nanselorphil iku goroh, kang iku aku angarani jendral Laslinom iku wong dhemen goroh, mulane...oncati badhe pejah ngantos tumpukan amepeti margi, saking esuk-esukan kathah tiyang ingkang pejah kaidak-idak utawi pejah palepekan, wonten tiyang estri satunggil akaliyan anakipun estri gangsalsami pejah kapipit ing tiyang kathah.....

rusak-rusak sekali, hancur

Pawartos warni-warni

Ing nagari Menado kala tanggal kaping 3 Januari ingkang sampun kapengker punika, wonten lindusaget ebahipun celak-celak tuwin gonjinging siti saking ler mangidul.

Kala tanggal kaping 2 Januari ing kemah inggih ugi wonten lindhu, wanci sonten pukul satengah pitu, punapa dene ing

Tondhano, kala kaping 3 Januari pukul satengah nem sonten tuwin ing Belang kala kaping 4 Januwari, wanci sonten pukul nem inggih karaos ebahing lindhu.

Kala tanggal kaping 8 Pebruari wanci enjing pukul sadasa, utawi kala kaping 11 Pebruari wanci sonten pukul satengah nem ing Longgowan tuwin ing Nakas inggih wonten lindhu saderengi-pun karaos lindhu wau, para tiyang sami amireng swara gumlud-hug ing ngandhap salebetung siti.

Ing tanah Belang kala tanggal kaping 8 tuwin kaping 10 Pebruwari inggih wonten lindhu, ananging boten sanget makaten ugi ing Nemah, kala kaping 19 Pebruwari, wanci sonten pukul sadasa inggih wonten lindhu, gonjinging siti saking kidul mangaler.

---

Panggenanipun adamel gambar sorot

Tuwan A.Ledhebur.

Wonten ing losmen saben dinten bikak wiwit enjing pukul 8 ngantos dumugi pukul 11 .

Gambar kadamel wonten pisitekarces 6 iji, 18 rupiyah

Gambar kadamel wonten pisitekarces 12 iji 30 rupiyah.

Para tuwan upsir ing sangandhapipun kapitan angsal pisudan saking regi smantan wau.

Angka 5, 5 Mei 1864

### Pikantukipun Toya

Ing ngalamdunya manawi boten wonten toya enggal karisakan sadaya dados awang uwung, kados ing saganten wedhi tanah Aprikah ing mongsa katiga, manawi boten wonten toya, tanem tuwuh sadaya sami pejah, manungsa, sato kewan kutu-kutu walang ngataga sapanunggilanipuningkang ngagesang inggih badhe samipejah sadaya, toya punika mili wonten ing lepen-lepen tuwin ing kalen-kalen, ana raja siti mring ka mriki.

Toya angukur minggah manggingil ing ngwang-awang, lajeng dhawah malih dados ebun utawi jawah wonten ing siti, tuwin dhawah dados seneo, utawi jawah uwuh ingkang atos kados sela, Seneo punika panunggilanipun ebun warninipun kados jujutan ingkang sampun dipun pethuti. Ing redi-redi ingkang asrep toya anglempak dados talaga-talaga utawi kalen-kalen, toya punika adamel gesang ngrika-ngriki, amili dhateng panggenan ingkang lebet, menggah ing panggenan ingkang lebet utawi sapucuking redi ingkang asrep toyani punkawontenan saminipun awa malebet ing toya ingkang lajeng katingal ical wonten ing ngriku, makaten ugitoya minggah dhateng ing ngawang-awang, lajeng anyirami tanem tuwuh ingkang sami wonten ing redi-redi, tuwin sawarnining lumut ing redi boten ngantos kikirigan, ebun-ebun ingkang kadosanipunsaking toya wau boten saged garing kapanasaen dening surya ing wanci siyang, dene ing ngalamdunya tamtui kathah toya, langkung saking tigang prapating siti sami dados saganten sadaya. Ing ngrika ngriki akathah lepen ageng ageng, talaga-talaga, rawa-rawa sapanunggilanipun, ewadenten kewan boten gampil saged pikantuk toya, kados anggenipun pikantuk awa ingkang kadamel ambekan, wangslul kewad kewan wau kedah ngupados toya kalawan kangelan sarta pangupadosipun tebih. Toya ingkang angukus wau minggah manggingil gumantung ing awang-awang, angicalaken ngelaking kesan-kewan dene toyaning saganten adamel lweh ing ngelakipun mila boten kaombe. peksi katitahaken gadhah elar, supados sageda mabur angupados ingkang dados kikiranganipun makaten ugi kewan agadhah suku, supados sageda lumampah angupados kikiranganipun, peksi kadhali ingkang samiha nusuh wonten ing guwa-guwa, sakedhana anggenipun amabur saged pikantuk toya manawi angaosaken ngelak, bubujenganipun wana ing tanah Aprikah panunggilanipun kidang sami kesah papandhanan kathah, amurugi mrika mriki dhateng panggenan jawah ingkang dhawahi-pun kados kaesokaken, saben enjing tuwin sonten para kidang wau amurugi panggenan toya, ingkang nglempak sami angombe wonten ing ngriku, menggah panggenanipun toya wau tebih anggenipun sami amurugi kidang wau punika. Ing ngatasing tanem tuwuh sanes anggenipun mikantukaken toya kados sato kewan tanem tuwuh wau boten saged kesah saking panggenanipun

angupados toya, kedah sami angentosi dhatengipun toya piyambak ewa denten tanem tuwuh wau betahipun katendhagan toya anglangkungi saking sato kewan ingkang saged amayaraken ngelakipun saking toyaning gogodhongan sapanunggilanipun ingkang sami katedha, peksi ingkang anedha daging saged pikantuk toyaning daging ingkang katedha, tuwin rahipun ingkang katedha wau, makaten ugi bubujengan wana ingkang

sami anedha gogodhongan oyod-oyodanakipun, sapanunggilanipun sadaya sami saged angicalaken sawatawis ngelakipun, ing ngatasing tanem tuwuh toya punika boten namung dados wewahaning tetedhanipun ananging kalebet prelu sanget saminipun toya tuwan ingkang kasesep ing rare, kados pundi susahipun rare ingkang angajeng-ajeng toya puwan wau, manawi angupados satetedhan piyambak, pangajeng-ajengipun rare dhateng toya puwan lajeng kadumugen dening embokipun ingkang rumaos kagendeng ing katresnan dhateng anakipun langkung saking panggendinging rare dhateng embokipun saking karaosing luwe, makaten ugi tanem tuwuh, toya boten namung lumebet ing siti angocori oyoding tanem-tuwuh wau, inggih ugi toya ingkang boten katingal wonten ing ngawang-awang dados jawah utawi ebun dhawah magnandhap andhawahi tanem-tuwuh wau, pundi ingkang kathah rurungkudipun utawi pundi ingkang katingal ijem ing ngriku wonten kalen-kalen tuwin sendhang-sendhang sarta toya jawah kathah ingkang rumesep ing siti ingkang kathah tanem tuwuhipun, ing pundi ingkang wonten rurungkudipun pondhak-pondhak tuwin jurang-jurang ingkang kabababadane dening manungsa awit saking boten sumerepipun kalen-kalen tuwin sendhang-sendhangipun lajeng sami asat dene siti wau lajeng kados angendhak-endhak.

---

Pawartos warni-warni.

Ing Roterdham kala tanggal kaping 1 Pebruwari kacariyos elokipun pangglindhingga keneker, punika tetela saking cariyos ing ngandhap punika:

Wonten rare kalih sami kenekeran wonten sawingkinging gareja, kenekeripun satunggil anggalindhing dhateng wingkinging satunggilipun griya ingkang celak ing gareja wau, sareng rare ingkang satunggil malajengi kenekeripun ingkang anggalindhing punika, lajeng aningali celaking panggenan kendelipun pangglindhingga keneker wau, congoting pucukipun satrunggiling sinjang, ingkang lajeng kadudut ing rare, nunten ingkang katingal barang-barang suwekan kathah, ing waktu punika wonten pulisi ingkang sumerep lajeng barang-barang suwekan

kawawrataken in gkareta, kabekta dhateng kantor, saking pawartosipun barang-barang suwekan punika anggenipun ical wau dalu kapendhet ing pandung, ingkang lajeng kadhelikaken wonten ing panggenan ing ngriku wau punika.

---

Raden Mas Tumenggung Ariya Surya Condranagara, bupati ing Kudus akintun pawartos supados pamacak ing serat Jurumartani, kdos ing ngandhap punika:

Mas Tumenggung Cakradirja , Bupati ing Grobogan kamantunan kalayan kurmat anggenipun dados Bupati, sarta kaparingan pansiyun.

Raden Tumenggung Panji Condranagara, bupati ing Majakarta, Paresidhenan Surabaya, kamantunan kalayan kurmat anggenipun dados bupati, sarta kapringan pansiyun.

---

Lalampahan ingkang adamel susah ing manah, kados cariyos ing ngandhap punika:  
Wonten tiyang jawi anama Singawongsa ing dhusun Kudhu bawah ing Samawis ambelok anakipun ingkang anama Sawija, laminipun wolungdinten amargi gadhah sakit ewah  
Kala tanggal kaping 17 wulan April punika Sawija wau saged ucul saking belokkan kados pundi akalipun saged ucul, punika titiyang boten wonten sumerep, sareng uculsaking belokan sawija wau aningali bapakipun punika lajeng kasander kaliyan ambeta pethel, bapakipun wau lajeng kapethel kenging sirahi-pun pejah sanalika, sasampunipun Sawija amejahi bapakipun, manahipun taksih dereng marem lajeng ambujengi dhateng sawatwis titiyang dhusun ing ngriku, sarehning boten wonten ingkang kacandhak lajeng ambesmeni griya telas sakawan kalebetgriyaning bapakipun, manawi tiyang ingkang ewah wau sampun enggal kacepeng dening pulisi ingkang tandang tulung, amesthi badhe adamel wewahing kasangsaran, sapunika pun Sawija kapulasara wonten ing griya ingkang pancer kadamel mulasara tiyang sakit ewah, ewah denten pulisi wau lajeng atitipriksa sanget bab prakawis ingkang ewah punika.

---

Cariyos saking ing kados paten mangkunagaran kados ing ngandhap punika:

Kala tanggal kaping 27 wulan Maret ingkang sampun kapengker, wonten tiyang awasta mangun Suta, sawatewis umur 50 taun

dados narakarya ing dhusun Dhawunganbanaran, bawah Kasunanan ing Surakarta, pejah dipun antup ing tawon siring, menggah cariyosipun: kala tanggal kaping 26 wulan Maret wau pun Mangun suta sumedya badhe mantuk dhateng griyanipun ing dhusun Dhawunganbanaran, saking kekekesahan atuwi anakipun ingkang wonten ing Madiyun nuju ing wanci asar lumampah saking wetan, sareng dumugi ing margi sawetanipun dhusun Dhawuhan sumedya badhe mampir ing n\griyanipun tiyang ingkang awasta Samenggala, Narakarya ing dhusun Dhawuhan wau, bawah kapulisen ing Karangpandhan lajeng dipun krumpyung ing tawon siring ingkang sami angantupi sakalangkung kathah, Mangunsuta lumajeng dhateng ing dhusun Dhawuhan dumugi ing lataring griyanipun tiyang ingkang wasta Jatrunwa, Narakarya ing dhusun Dhawuhan tawon taksih ngrumpyung angantupi, pun mangunsuta sanget ing sasabatipun anedha tulung, sanalika titiyang dhusun ing ngriku sami atutulung, tawon lajeng kaoboran tuwin dipun pithesi, tawon ingkang taksih gesang lajeng sami kesah wangsl dhateng ing panggenanipun malih, mangunsuta wonten ing lataring griya wau lajeng boten enget tumunten kabekta malebet ing griyanipun Samenggala ingkang badhe dipun ampiri wau, sumedya badhe kajampenan dangu-dangu Mangunsuta beda sanget ananging badanipun sami bintul sadaya, sasampunipun enget wau, sanalika karaos senep sarta badhe tilem kemawon, sareng enjingipun wanci bangun lajeng pejah. Wondening tawon wau saderengipun angrumpyung ngantupi dhateng tatiyangan dhusun awasta Singadrana, Samenggala tuwin rare estri awasta Soni, ananging boten sanget amargi tawoni-

pun namung sakedhik, wasana tawon sami wangsul dhateng panggenanipun ing Kajeng Kebak ingkang wonten satengahipun jurang ingkang nboten nate kambah ing tiyang, kaprenah leres kidul wetanipun dhusun Dhawuhan ing watawis satengah pal tebihipun saking padhusunan, menggah ingkang dados jalaranipun angamuk tawon wau, talanipun katedha ing peksi Badhol, kathah tiyang ingkang sami sumerepa ing panedhanipun wau.

Ing griyanipun tuwan Pandherwah ing Gondhangwinangun kekecalan ingkang mendhet rencangipun anama Wongsadiwirya utawi Sidin

Ingkang ical erloji akersa tunggil mawi kas rangkep ing nglebet wonten angkanipun 14636, kaliyan inten kareta kakalih, ingkang pancen kaangge mawi buslisah, damelan Inggris. Ingkang punika sinten ingkang katawenan atumbas barang kalih prakawis wau, kaaturan lajeng asuka uninga dhateng pulisi wondening ingkang saged amangsulaken erloji dhateng tuwan

Pandherwah, badhe kasukanan selangkung rupiyah pethak,  
Gondhangwinangun kaping 23 April 1864

---

Ing griyanipun Nyonyah Miski ing Kabalen  
Tiyang saged pikantuk tumbas tetedhanan warni-warni, tuwin  
beskuwit kawaduhan ing trommel katumbas trommelan utawi  
sakedhik-sakedhik inggih kenging.  
Surakarta kaping 4 Mei 1864.

Regining barang dagangan ing Semawis.

Kopi, kaajengan 40 rupiyah sadhacin  
Gendhis pasir 17 rupiyah sadhacin ingkang nomer 16  
Nila, 4 rupiyah 40 senn sa pun ingkang sae piyambak  
Wacucal lembu 56 rupiyah sakodhi  
Wacucal maesa, 45 rupiyah sakodhi  
Kemukus, 40, rupiyah sadhacin  
Uwos pethak 165 utawi 175 rupiyah  
Uwos abrit 145 utawi 150 rupiyah  
Lisah kalentik 45 rupiyah sadhacin  
Lisah kacang 27 rupiyah sadhacin  
Panjatos 10 utawi 12 rupiyah sadhacin.

---

Angka 7, 19 Mei 1864 (Kondisi koran hancur, yang disalin yang terbaca saja)

Hawa

Manawi tiyang atataken mrika-mriki, punapa ingkang kakinten dados isaratipun agesang satunggil-tunggiling tiyang, tamtu wangsulanipun sanes-sanes, tiyang nagari ingkang sugih, katemben mukti wibawa, boten kikirangan ing samukawis, pikiripun boten saged agesang, manawi boten anedha ulam tuwin tatedhan sans-sanesipun ingkang akathah, sarta manawi boten angombe anggur tuwin bir, punapa dene ciptanipun boten kuwawi, manawi boten tilem ing kasur mawi bantal tuwin manawi boten amanggen ing griya ingkang karengga langkung sae, wangsl tiyang dhusun sampun marem manahipun manawi anedha amung sekul kaliyan jangan utawi sambel punapa dene anedha katasapanunggilanipun manawi tilem angelethek ing ngamben sampun rumaos sakeca, malah anglangkungi sakecanipun saking tiyang sugih ingkang tilem wonten ing kasur mawi bantal tuwin mawi kemul ingkang prayogi wau. manahipun tiyang dhusun wau inggih ugi bingah kados tiyang sugih, malah asring rumaos langkung saking bingahipun tiyang sugih.

kondisi rusak/hancur.....

Peksi balekok karemanipun daginging kodhok cacing sapanunggilanipun langkung karem saking sanesipun tatedhan, bodhot eri ingkang dados gayemanipun unta, punika kapal menda utawi lembu sami angendelaken kemawon boten puran anedha, ulam lodhan tatedhanipun bubujengan toya ingkang ayiyid, ulam cicut boten purun anedha bubujengan punika, menggah tatedhanipun sato kewan sapanunggilanipun ingkang sami agesang meh sanes-sanes sadaya, kados wateg tuwin warni, panggenan tuwin tnaahipun inggih sanes-sanes, ananging ingkang boten kenging katendhagan sato kewan sapanunggilaning agesang, kedah kapijengan sadaya, punika Hawa, manawi boten pikantuk hawa, sato kewan sapanunggilaning agesang wau sami tumpes sadaya.

Hawa punika boten kados tatedhan tuwin omben-omben mawi kalebetaken ing wadhuk tuwin ing jerohan rumiyin, ingkang wonten ing ngriku lajeng dados dudu igkang amikantukaken ing ngagesang, rumesep mencar dhateng ing rah, hawa punika lajeng kemawon amor piyambak akaliyan etuking gesang wau, sato kewan sapanunggilaning agesang, anedha arumput, gogodhongan anedha adaging utawi ulam wonten ing toya utawi ing

dharatan sadaya sami ambekan, bilih badhe antuk kukuwatan, saged angebahaken badanipun, saged anedha tuwin angombe, cekakipun saged agesang.

Wondening ingkang amikantukaken gesang, boten namung saben dinten kemawon kasantunan enggal inggih ugi saben jam tuwin sakedhap-sakedhap asantun enggal, punika sampun kacawisan wonten ing ngalamdunya saprayoginipun.

kondisi nasakah hancur.....

Ing Ambureg tanah Dhitslan wonten lalampahan kados ing ngandhap punika.

Wonten tiyang padamelanipun kriya ingkang angrabeni mara sepuhipun piyambak kagugat dening parentah. menggah anggenipun aningkahan wonten ing Englan, mara sepuh punika sampun sepuh, ananging sugih, mila kriya wau purun aningkah saking anggadhai pamelik dhateng bandhanipun ingkang badhe dados warisanipun manwi mara sepuh pejah. Anggenipun badhe aningkahan wonten ing Ambureg parentah boten amarengi, amargi sulaya kaliyan anggering nagari, mila kalampahan jaler estri sami dhateng ing Englan, wonten ing ngriku lajeng kaningkahajen, sasampunipun aningkahan titiyang kakalih wau sami wangslu dhateng ing Ambureg lajeng kagugat dening parentah ing ambureg, menggah karampunganipun ingkang jaler kapatrapan paukuman kakunjara nem wulan ingkang estri kawan wulan sarta paningkahipun kadamel boten dados, wasana ingkang estri sasampunipun medal saking kunjara, lajeng katundhung boten kenging agriya wonten ing Ambureg.

Benjing kaping 2 Juni ngajeng punika Kanjeng Tuwan Residhen ing Surakarta, F.N.Niwenhusen badhe damel lelang wonten ing damipun amargi badhe kesah saking Surakarta, menggah ingkang badhe kalelang, kapal kareta, dadosan kapal kareta tuwin kapal tumpakan lembu peresan dadosan griya, dilah-dilah,

kaca, pigura, gelas-gelas kristal barang plit tuwin pethakan,  
serpis dhahar porselin pethak sanjata warni-warni, utawi  
sanes-sanesipun ingkang badhe kawedalaken ing lelang.  
Ingkang badhe kalelang walu kenging katingalan kalih dinten  
saderengipun lelang.  
Surakarta 20 Mei 1864.

---

Angka 8, 25 [sic: error for 26 probably] Mei 1864

Kulawisudhan sapanunggilanipun

Kanjeng Tuwan A.A.M.N. Koeniyus Residhen ing Tegal kakula wisudha dados Residhen ing Samawis.

Kanjeng Tuwan Dh.F.Senep Residhen ing Batawi, awit saking panuhunipun kaundur saking kalenggahanipun kalayan kurmat mawi kaparingan pensiyun.

Tuwan L.F. Winter, L.P. Jurubasa ing Surakarta, kakula wisudha dados Aspiran Jurubasa.

Tuwan C.E.Dh, Winter, Saunikanipun amagang wonten ing kantoripun Kanjeng Tuwan Residhen ing Surakarta, kakula wisudha dados Eleme Jurubasa.

=====

Dhitslan

Wonten tiyang ingkang rumiyin padamelanipun amelik mas wonten ing Sibei tanah Ruslan sarta dadose rancang tutumbasan punika kala taun ingkang rumiyin asuka arta kirang langkung saking kalih yuta rupiyah, supados kadamel wragading griya pamulangan ageng enggal wonten ing Ruslan kajawi saking punika asuka malih arta kirang langkung saking kalihleksa rupiyah, kadamel wragad andadosi griya pamulangan ageng wau, laminipunm sadasa taun, punapa dene anyaosi arta kirang langkung saking, 4 uta rupiyah, dhateng kanjeng raja ing Ruslan sumerepna kasambut boten mawi bingahan supados kadamel cawisan wragad bilih ing tanah Ruslan.

Prangkrik.

Wiwitipun wulan Mei punika badhe amriksani prakawisipun Dokter Nurtidhelah Pomerais wonten ing pangadilan, menggah prakawisipun dhokter Nurtidhelah Pomerais kadakwa amisani embokipun kuwalon tuwin bojonipun piyambak ingkang taksih nem kala ing tahun 1862, tiyang kakalih wau sami pejah, wondening ingkang angembani prakawisipun supados anglawan ing pandakwa wau, punika tuwan Lasan.

=====

Pawartos warni-warni.

Ingkang kasebut ing serat pawartos ingkang medal saking parentah, kawastanan serat pawartos Bairising, anyariyosaken bab ....jalaraning gerahipun Kanjeng Raja ing Beyesan tanah Dhitslan ingkang kadadosanipun kaangsaran kala tanggal kaping 9 wulan Maret ingkang sampun kapengker, wanci tengange Kanjeng Raja karaos gerah jajanipun ingkang kiwa, jalaranipun kacocog ing peniti dhasi, panggenan ingkang kacocok wau nunten abuh, lajeng kapriksanan dening dhokteripun kanjeng raja, sareng sampun dhokter wau anyuwun mugi kalilana anedha rembag anggenipun anjampeni kanjeng raja, dhateng dhokter Ratmun ingkang sampun putus ngelminipun padhukunan sareng wanci sonten gerahipun kanjeng raja sanget sarta kakinten

boten saged waluya, wasana kanjeng raja engal seda.

=====

Pawartos saking Banjarmasin kapalanipun ingkang sam adamel reresah ing Banjarmasin awassta Gusti Kasen ing sapunikanipun sampun karampungan prakawisipun dening pangadilan prang, kapratapan paukuman kakunjara, 10 taun wonten ing sajawinipun Pulau Borneyo, sarta katingalaken ing titiyang kathah, gulunipun mawi kakalungan tangsul panggantungan dangunipun saprapat jam.

Ing salebetipun taksih wonten reresah, sarta sasampunipun Gusti Saren wau asupaos ing katemenanipun dhateng kanjeng gupremen, tuwan Puik pangagengipun ing Margasari kacidra, tuwin prajuritipun jajagi tuwan Irste Litnan Krus wonten ing Baninangan katempuh ing mengsa, punika sadaya saking pandalipun Gusti Karen, wondening anak anakipun jaler gusti Karen ingkang sami biyantu ing reresah wau, kala wiwitipun taun 1863, sampun kaicalaken ing pandamelipun resah wonten ing Margsari dening tuwan Irste Litnan Ruter.

=====

Wonten tiyang Inggris pejah awit saking susah manahipun anyukani warisan arta sakalangkung kathah dhateng tiyang ingkang gumujeng tatkalaning pame...mipun, amung notarisipun

ingkang sumerep bab warisan ingkang aneh kados makaten, notaris wau kawelingan asanget sanget dening ingkang pejah, kadamelia wados prakawis punika lajeng notaris sakalangkung sanget anggenipun angrawati wawados wau, amargi manawi boten wonten ingkang gumujeng tatkalaning pamendhemipun jisim tiyang Inggris wau, warisan badhe kaalap piyambak, notaris lajeng angatingalaken sanget kenuting manahipun dhateng susah ing titiyang ingkang sami wonten ing panggenaning jisim sarta jumurung dhateng patembunganipun pandhita duk kala badhe pamendhemipun, nunten wonten kucing ingkang amedal saking celak panggenaning jisim amancolot ing pundhaking rencangipun estri ingkang pejah, rencang estri punika angadeg wonten ing pojoking panggenanipun jisim sarwi anangis ananging boten anangisi ingkang pejah, king kang katangisan bab badhe icaling pdamelanipun awit saking pejahing bendaranipun, sareng kucing katingal ingkang boten saronta dhatengipun rencang estri wau lajeng gumujeng seru, matanipun taksih akaca-kaca, andadosaken kakening manahipun ingkang sami wonten ing panggenaning jisim sarta lajeng sami anundhung medal saking panggenan ing ngriku dhateng tiyang estri wau, ananging kakening manah wau lajeng asantun dados gumun tuwin kuwur sareng notaris ingkang lajeng kuwur manahipun amratelakaken dhateng sanak kadangipun ingkang pejah, bilih rencang estri punika angsal warisan ingkang sakalangkung kathah saking ingkang pejah wau punika.

---

Serat pawartos ing Englan anyariyosaken wonten satunggiling tiyang estri taksih nem ingkang sakalangkung ayu warninipun dipun bedhang kabekta kesah rangkat ing satunggiling tiyang Inggris, tiyang anemtokaken manawi tiyang estri ingkang

kabekta kesah rangkat wau, bilih sampun umur 16 tun amsthi badhe angsal warisan kathahipun kalih kethi saleksa nemewu rupiyah, menggah warisan wau saking bibinipun dene umuripun ingkang dipun bedhang kabekta kesah rangkat wau, sapunika sampun 17 taun 11 wulan, mila tiyang lajeng sumerep bilih tiyang Inggris wau enggal ambekta kesah rangkat ingkang kabedhang wau punika.

=====  
Awit saking pawartos ingkang satuhu menawi ing pulau Lu Nang Lu , kaprenah saleripun ing Saleyer, wonten Walandi gangsal kapejahan dening titiyang ingkang sami gigriya ing kiwatenegenipun Pulo Lu Nang Lu wau, saking panginten manawi walandi gangsal wau panunggilanipun ingkang sami anumpak baita kapalipun tiyang Dhin kanamanan baita kapal Jupiter, ingkang kerem wonten ing supitan Saleyerkala ing tanggal kaping 23 wulan Januwari ingkang sampun kapengker, menggah kapitanipun baita kapal wau awasta Lorensen.Sareng tampi pawartos punika, paparentahan ing ngriku sanalika kadhawah, anyepengi titiyangipun durjana, ingkang sami kaembet dening tiyang satunggil ingkang sampun kakunjara, tuwin kainten tumut anangani dhateng ingkang sami pejah wau.

Awit saking pratelanipun ingkang kakunjara punika, manawi para Welandi wau kapejahan ing kapakanipun samitilem, para Walandi punika sasampunipun sami angombe anggur, ingkang kawatawis anggenipun ambekta saking baita kapal, lajeng sami tilem, jisimipun kawawrataken ing baita ingkang lajeng kalabuh dhateng ing saganten.

Boten wonten sumelangipun sakedhik-kedhika, mawi wonten lalampahan ingkang agigirisi makaten, awit saking wawatekanipun titiyang ing Salayer ingkang sampun dados kalimrahanipun sami angecu tuwin amemejahi.

Wondening Prasidhenipun ing Landrat ageng saged anedhahaken manawi prakawis paukuman ingkang kagarap wonten ing landrat wau, meh sadaya saking Saleyer.

Lalampahan punika amrate lakaken manawi boten gadhah rumaosing manah, sarta saged anelakaken tegeging panganiyanipun titiyangipun ing Pulo Saleyer ingkang makaten patrapipun dhateng titiyang ingkang kerem baitanipun, menggah anggenipun amejahi Walandi gangsal wau ingkang anggigirisi, sakinten pamrihipun amendheti panganggenipun ingkang sami kaangge kala samanten.

Menggah ingkang dados leresing pikantukipun adil tuwin tiyang gesang, manawi parentah saged anyepengi titiyangipun durjana, supados paukumanipun pejahan dadosna tuladha ewanipun dhateng titiyang ing sakiwa-tengen ing Pulo Saleyer, anggenipun amejahi tiyang, sarta andadosana saka.....ing karma tuwin ajrihipun titiyang wau dhateng kanjeng gupremen.

=====

Kala tanggal kaping 22 wulan Mei punika, wanci pukul sanga

sonten para pasakitan salebeting kunjatan ing Surakarta sami  
ambabah ing payoning kunjaran, ananging dereng ngantos saged  
medal celak konangan, pasakitan satunggil ingkang sampun  
medal wonten ing nginggil payon kasanjata dening satunggiling

prajurit ing Kang Mangkunegaran ingkang sami ajagi wonten ing  
kunjaran wau, kenging sirahipun lajeng pejah ing sanalika.

---

Kala tanggal kaping 13 wulan Besar punika, Raden Mas Ariya  
Londa Atmaja akrama angsal Raden Ajeng Nuning, putranipun  
swargi kanjeng Gusti Pangeran Adipati Ariya mangkunagara  
ingkang kaping 3.

---

Ing dinten malem Rebo tanggal kaping 4 wulan Besar punika,  
wanci pukul Sanga, Kanjeng Pangeran Suyar Amijaya seda,  
amargi gerah sepuh.

---

Benjing kaping 2 Juni ngajeng punika kanjeng tuwan Residhen  
ing Surakarta, F.N.Niwenhusen badhe damel lelang wonten ing  
dalemipun amargi badhe kesah saking Surakarta, menggah ing-  
kang badhe kalelang, kapal kareta, ddosan kapal kareta tuwin  
kapal tumpakan lembu peresan dandosan griya, dilah-dilah,  
kaca, pigara, gelas-gelas kristal, barang plit tuwin petha-  
kan, serpis dhahar porselin pethak, sanjata warni-warni,  
utawi sanes-sanesipun ingkang badhe kawedalaken ing lelang.  
Ingkang badhe kalelang wau kenging katingalan kalih dinten  
saderengipun lelang.

Surakarta 20 Mei 1864

---

Regining barang dagangan ing Semawis.

Kopi, kaajengan 40 rupiyah sadhacin  
Gendhis pasir 16 rupiyah sadhacin ingkang nomer 16  
Nila, 4 rupiyah 40 senn sa pun ingkang sae piyambak

Wacucal lembu 56 rupiyah sakodhi  
Wacucal maesa, 45 rupiyah sakodhi  
Kemukus, 41, rupiyah sadhacin  
Uwos pethak 165 utawi 175 rupiyah  
Uwos abrit 135 utawi 150 rupiyah  
Lisah kalentik 43 rupiyah sadhacin  
Lisah kacang 27 rupiyah sadhacin  
Panjatos 9 utawi 12 rupiyah sadhacin.

---

.

Angka 9, 2 Juni 1864

Kulawisudhan sapanungggilanipun

Tuhan W.A.Yelinghus, Asisten Residhen ing Bandhung tanah Priyangan kakula wisudha dados Residhen ing Tegal.

Tuhan Y.C. Korengel, Sekretaris ing Paresidhenan Cerbon kakula wisudha dados Residhen ing Timur.

Kanjeng Tuwan H.Y.C. Ogepen Inspektur saking Pinansi, kakula wisudha dados Residhen ing Kedhu.

Kanjeng Tuwan Residhen ing Kecu, G.M.Pandhegrap kaparingan pamit kalih tahun dhateng nagari Walandi, amargi saking gerah.

=====

Nagari Cina

Sawatawis tahun laminipun titiyang Cina sami paprangan kaliyan bangsanipun piyambak, para kraman ingkang balila ing ratu, sami badhe anglungsur panjenenganipun kanjeng Raja Cina, kadadosanipun adamel pitunaning nagari Cina ingkang sakalang-kung raharjanipun, Raja Cina sapunikanipun kaliyan tonan ing prajurit Pras tuwin Inggris, menggah para kraman wau kanamanan Taiphing, kithaning nagari Cina ingkang ageng-ageng kathah sampun kabedhah dhateng kraman, punapa dene kithaning nagari ing Nang Ning ingkang titiyangipun wonten sayuta, inggih sampun kenging ing kraman.

Wondening serat saking Pening ingkang katiti mangsan kaping 15 Dhesember 1863, anyariyosaken manawi kitha Sono sampun kenging ing kraman, kitha punika kaprenah celak ing wangan ageng ing tanah Cina ingkang lampahan tigang dasa jam saking ing Saai, sakalangkung aranipun tuwin kathah sanget titiyangipun, menggah anggenipun kenging dhateng kraman sampun kawan tahun laminium, ing kitha ngriku kadamel panggenan mirantos ing prang dhateng para kraman alalawanan kaliyan gupremen Cina.

Menggah icaling kitha Sono ingkang sampun kenging ing kraman wau, punika anddosaken sanget kaosing para kraman anggenipun apapranjan, sarta manawi kitha Songseau ingkang anyantosani kitha Nang Ning ing sisih wetan ingkang sampun dados gadhaha-

nipun kraman kenging karebat malaih, prajuritipun kanjeng raja kalih pontha, ingkang wonten ing tanah Ni Yang Su aprang kaliyan kraman amesthi bahde sami saged anglempak wonten sangandhaping pager banon ing Nang Ning.

Serat ingkang saking Phening wau inggih anyariyosaken, manawi titiyangipun ing nagari Cina ing sisih ler kilen ingang sampun sami dados islam sarta ingkang taksih angraman pinten pinten prajuritipun kanjeng raja sami tangled akaliyan kraman punika laminipun sampun satahun, sakinten para kraman wau badhe sami anunggil kalayan kraman ing Yunnan, manawi kalampahan saged anunggil, badhe anguwatosi ing ngatasing papartentahanipun kanjeng raja Cina, sarta ing pranatanipun

prakawis ing nagari Cina, kados pangramaning Taiphing.

---

Englan.

Ing Englan anyoba mariyem ageng alit padamelan saking pamanggihipun tuwan Aremstrong (Amstrong), menggah ingkang sanget angeram-eramaken punika mariyem ingkang kanamanan Bigwil, mimisipun wawrat 600 pun punika isenan sandawa wawrat 90 pun mimisipun wawrat 844 pun lajeng dipun ungelaken kale-saken ing tosan gepeng ingkang kandelipun 11, dim kengin glajeng butul, butulanipun angsal balok kajeng jatos walandi satunggil ingkang tumpukan wonten sawingkinging tosan wau, taksih angremukaken.

---

Nederlan

Ing Posruyen wonten kalampahan ingkang adamel susah ing manah, tiyang awasta A.E.agigriya ing Tilbureg tanah Nederlan wanci enjing makaten dhateng Ruyen anumpak kareta asep sarta badhe mantuk sakin g ngriku, anumpak kareta asep ingkang angkatipun siyang , awit saking kuwatosipun manawi badhe katilar ing kareta asep wau, lajeng alumajeng dhateng panggenanipun kareta asep wau ngantos adrewesan karignetipun, sadhatengipun ing panggenan ngriku dereng kasep, saking ngorongipun lajeng angombe toya telas sagelas, sanalika angraos boten sakeca badanipun, boten dangu lajeng pejah.

=====  
Pawartos warni-warni

Ing Itali sakalangkung kathah titiyang pejah saking asrepi-pun, kala wiwit tanggal kaping 1 Januwari sadumuginipun kaping 10 Desember, ingkang sami pejah saking asrep wonten tiyang 2000 dados kaetang ing tatengahanipun saben dinten tiyang ingkang sami pejah wonten 40 ing ngatasing tiyangipun kalih kethi ingkang pejah ing mongsu wau, kathahipun langkung kaping sanga kados ing sabenipun, .

=====

Ing Tilsi tanah Polen wonten tiyang cebol umur 26 tahun inggilipun 1 kaki, 9 dim, punika arabi angsal tiyang estri, umur 18 tahun ingkang inggilipun 5 kaki 2 dim.

=====

Ing Amerikah wonten rare salah kadadosan, saubenging sirahi-pun gangsal tengah kaki, bathukipun boten kirang saking wolutengah dim inggilipun tuwin wiyaripun kirang langkung saking nembelas dim, dene sanesipun punika sami sedheng sadaya, rare punika estri, umur kalih tahun kala lairipun boten wonten cacadipun mendhak ageng, ingkang dados sababipun tiyang boten sumerep menggah engetanipun rare sae, sarta seger kasarasan, titiyang sepuh ipun sami gadhah sedya, badhe angatingalaken rare wau ing titiyang kathah mawi bayaran.

=====

Dalemipun Raja ing Singapura kados ing pawartos ingkang

kantun piyambak kabesmen ngantos telas sadaya, dene pitunani-pun kala dalem wau kabesmi, kamurwat wonten sayuta kawan kethi kawan leksa rupiyah, , wondering kala dalem punika kabesmi, titiyang ingkang sami tandang tulung ewon, ananging titiyang wau boten ingkang ambekta toya, malah sami ambucali seseukan, tuwin sanes-sanesipun dhateng ing latu, ingkang minongka sidhekah, pamurihipun anglipur dukanipun dewaning latu, menggah rajanipun wau pinarak ing sawatawis tebihipun saking dalem ingkang kabesmi, ayem panyawangipun dhateng

ingkang kabsmi, dangunipun ngnatos dalem wau telas kabesmi sadaya, menggah dalem punika yasanipun ingkang eyang-eyang sampaun wonten 250 tahun.

---

Pangemut-emut dhateng ingkang sami ambubujeng sato wana.

Cariyos saking Surabaya: Kala wingi amendhem jisimipun tuwan Rosbah, komis marine ing Surabaya, atilar semah tuwin anak wolu, para sobatipun kathah ingkang sami angeteraken ing pamendhemipun jisim sarta sami kenut ing susah, bab kasangsaranipun ingkang pejah wau, kala ing dinten sabtu malem akad anyanjata andhapan wonten ing Namal tanah Madura, sobatipun ingkang pejah, tuwan Truwebah, komis pulisi ing Surabaya, sampaun cilakanipun boten sumerep dhateng tuwan Rosbah, ingkang kakinten andhapan kasanjata, kenging lajeng pejah ing sanalika.

---

Serat ingkang saking Singkawang anyariyosaken kados ing ngandhap punika:

Ing sapunikanipun tuwan Operstedhenephe taksih wonten pa-prangan ing Sintang tanah Borneyo, prajurit sakumpeni bidhal dhateng ing ngriku, para kraman sami purun purun agebag baita ingkang jajagi wonten ing sangginggiling Malawi, ananng sareng katadhahan lajeng sami mundur, saradhadhu tuwin Matrus satunggil kataton, saking Pontianak ngintunaken saradhadhu 50 dhateng ing tanah pareden, menggah kanjeng tuwan residhen ing Pontianak sapunikanipun seda, dene kumendhaning prajurit tuwan Mayor Peper akaliyan opsir pitu sami wilujeng dhatengipun ing Singkawang.

---

Saking pawartosipun manawi titiyang ingkang sami amejahi walandi gangsal ingkang sami anumpak baita kapal Dhin ingkang kerem wonten ing saking kiwa tengening pulo Lunanglu, sapunikanipun sampaun sami kacepeng, ananging kantun satunggil ingkang sampaun genah tiyangipun, ereng kacepeng, menggah cacahing titiyang durjana sadasa, sarta kacepengipun titiyang punika wonten ing pulo Saleyer tuwin ing Lu.....pejahan wau kapanggih wonten ing panggenanipun tiyang durjana, awarni pethi satunggil isi sandhang pangangge, kaca, kestul alit erloji mas tuwin sanes-sanesipun , wasana para titiyang durjana wau sampaun sami kaladosaken

dateng ingkang angasta pangadilan ing tanah ngriku.

---

Ing Samawsis wanci enjing pukul sanga apasrah parentahan nagari, para priyantun opsir tuwin tuwan tuwan Toko, tuwin sanesipun tiyang akathah, sami anglempak wonten ing pasamuwan.

Sasampunipun Kanjeng Tuwan Residhen ingkang kendel dados residhen ing Samawis Jonghir Phan Kapelen asuka tarima kasih dhateng ingkang sami wonten pasamuwan ing ngriku, bab angge-nipun sami tumut abiyantu ing panindaking paparentahanipun lajeng amratelakaen bab gegentosanipun punika kanjeng tuwan Koeniyus ing ngajeng sampun dados Residhen wonten ing Tegal, Kanjeng tuwan Residhen Koeniyus wau lajeng angandika, bab ageng preluning kalenggahanipun ingkang kapitadosaken dening kanjeng Gupremen dhateng Kanjeng Tuwan Residhen punika, sarta panedhanipuj dhateng titiyang ingkang wonten pasamuwan sadaya, samiya tumut sabiyantu ing panindaking paparentahani-pun, punapa dene para priyantun jawi inggih samiya tumut ambiyantoni, murihh karaharjanipun ing nagari Samawis, sasam-punipun makaten mariyem kaungelaken musikaning prajurit mardika, tuwin prajurit militer, batalyon katiga, sami nagungelaken kidung: sinten ingkang bayunipun kadunungan darah nederlan, lajengipun kanjeng tuwan Koeniyus ajumeneng Residhen wonten ing Samawis.

Ingkan gpunika pangandikanipun kanjeng tuwan residhen Koeniyus wau mugimugi kaleksanan, sarta kalampahan ingkang dados sedyanipun punapa dene mugi ing salajengipun kajurungan ing panindaking paparentahanipun wau punika.

---

Tuwan Jaspres angaturi uninga dhateng ingkang sami amendhet serat Jurumartani, manawi tampanipun serat Jurumartani ngantos kasep punika boten saking lepatipun tuwan Jaspres sabab wedalipun serat jurumartani wau saking pengecapan sampaun mesthi saben kemis siyang, dados lepatipun punikasaking kathahing padamelanipun kantor pos.

---

Regining barang dagangan ing Semawis.  
Kopi, kaajengan 40 rupiyah sadhacin  
Gendhis pasir 16 rupiyah sadhacin ingkang nomer 16  
Nila, 4 rupiyah 40 senn sa pun ingkang sae piyambak  
Wacucal lembu 56 rupiyah sakodhi  
Wacucal maesa, 45 rupiyah sakodhi  
Kemukus, 41, rupiyah sadhacin  
Uwos pethak 165 utawi 175 rupiyah  
Uwos abrit 135 utawi 150 rupiyah  
Lisah kalentik 43 rupiyah sadhacin  
Lisah kacang 27 rupiyah sadhacin  
Panjatos 9 utawi 12 rupiyah sadhacin.

---

Angka 10,.9 Juni 1864

Kanjeng Tuwan Residhen ing Surakarta, F.N.Niwen Hussen kapanungan pamit kalih tahun dhateng ing nagari Walandi, amargi saking gerah.

---

Belgi

Ing Belgi dereng lami wonten rare anglindur ingkang elok sanget lalampahanipun.  
Wonten rare jaler umur 13 tahun anyupena ing dalu mejahi sadherekipun jaler, sareng rare wau atangi enjing pukul pitu, engetanipun lajeng kuwur, kados rare nglindur, amancolot medal saking jandelaning kamaripun tilem ingkang inggilipun langkung saking tigang elo, nunten lumajeng dhateng ing ppataamanan menek pager banon ingkang inggilipun sadasa kaki, lajeng lumajeng malih angleres dhateng ing satunggiling sumur, ingkang tebihipun saking griyaning titiyang sepuhipun sawatawis wonten 200 elo, wonten titiyang satunggil ingkang anyambut damel celak ing panggenan ngriku, punika sareng punika aningali solahe rare, lajeng angundang datheng rare wau, kapurih dhatenga ing pangenanipun, pamanahing tiyang wau kodheng bab solahing rare makaten punika, nunten sanget kagetipun sareng aningali rare lumajeng rikat dhateng ing sumur, sarta tanganipun kalih pisan acecepengan banon sapingsiring sumur, lajeng ajungkel lumebet dhateng ing sumur, menggah sumur punika lebetipun 55 kaki, toyanipun kala samanten kirang saking saelo lebetipun, wondening tiyang ingkang aningali solahing rare wau lajeng gugup amendhet tangsul sarta anedha tulung, sasampunipun enggal amurugi sumur akaliyan titiyang sanesipun kakalih, panginteripun titiyang wau, manawi rare boten kenging boten amesthi pejah, ananging sareng rare anyuwara, lajeng ical sumelanging manahipun, nunten sami mireng swaraning rare anedha tulung, pitembunganipun, anedha kaentasa sasaged saking sumur, punapa dene rare amratelakaken bilih boten kirang punapa-punapa. Titiyang wau sami anglebetaken tangsulipun dhateng ing sumur, ingkang kakolongan boten mawi kapejahan, rare anyandhak tangsul punika, sukunipun kalebetaken ing kolongan tanganipun kalih pisan acecepengan tangsul wau, lajeng aceluk-celuk supados katarik kaminggah tangsulipun, sanalika inggih lajeng kata-rik, manahipun titiyang wau kuwatos sanget manawi mrucut anggenipun acecepengan rare, ananging wilujeng rare kaetas mangginggil, wondening ingkang anggugumuna.....menggah ingkang dados sababipun anggenipun boten bucik wau, punika boten wonten ingkang saged anggayuh.

=====

Pawartos warni-warni

Ing Mempel tanah Nederlan wonten tiyang estri pejah ingkang sampun umur langkung saking 60 taun punika panyirikipun dhateng titiyang jaler awis wonten titimbanganipun, pikajen-

ganipun kala taksih gesang, manawi tatkala ing pamendhemipun sampun ngantos wonten tiyang jaler ingkang dhateng ing griyanipun amargi kala taksih gesangipun boten nate asrawungan kaliyan tiyang jaler, menggah pikajengan wau inggih kalaksanan, amargi tiyang estri punika atilar arta, kathahipun sawatawis sewu rupiyah dhateng sanak sadherekipun mila katurutan ingkang dados wawelingipun.

=====

Serat pawartos ing Prangkrik anyariyosaken manawi ing Pasel tanah Prangkrik wonten lalampahan ingkang anggirisi. Wonten rare estri umur gangsal tengah taun kaliyan rare jaler umur kalih taun katilar piyambak wonten ing salebetung griya dening titiyang sepuhipun, sareng angsal sajam dangunipun wonten tiyang estri tangganipun langkung ing sangajenging griya punika, aningali kukus kumelud medal saking salebetung griya wau, lajeng ajelih-jelih anedha tulung, sanalika kordin ggriya kajebol titiyang lajeng sami aningali dadosan ingkang wonten ing salebetipun kamaring griya kabesmi, dene rare jaler ingkang umur kalih tahun wau sampun pejah gosong, sarta rare estri kataton sanget kenging ing laku, wondening ingkang dados sababipun kabesmi wau, manawi rare estri punika, sareng katilar dening titiyang sepuhipun amendhet Rekbulsawus sarta lajeng ambesmi dami sabentel ingkang wonten panggenan celaking patilemaning adhinipun amarengi tilem wonten ing ngriku, menggah wicantenipun rare estri, manawi dhasar gething dhateng adhinipun mila badhe kabesmi, inggih lajeng kalampahan punika, sareng adhinipun wau kabesmi, rare estriboten gigrig manahipun amireng panjeriting adhinipun ingkang wicantenipun wekasan angundang-ngundang dhateng bokayunipun, wasana latu lajeng amraman dene rare estri sampauna lajeng katulungan inggih masthi badhe pejah kabesmi

=====

Celak ing Bordho tanah Prangkrik wonten tiyang ingkang padamelanipun angresiki sapatu, umur 76 taun amejahi bojonipun kasanjata, bojonipun wau sampun umur 80 taun, menggah ingkang dados sababipun elok sanget, ingkang estri kabuta ajengaken.

=====

Wonten Grap satunggil ing nagari Prangkrik anama Presler, sampun umur 70 taun punika akrama angsal anakipun tiyang alit ingkang kacekapan, tiyang estri punika sakalangkung ayu, sarta umuripun dereng tetep wolulas tahun, kasugihan tuwin kaluhuranipun Grap adamel pikantuking pikramanipun kaliyan tiyang estri ingkang sakalangkung..... boten saking dening boten sahipun ananging saking angguggujengaken ing pikramanipun ngantos adamel supe sawatawis dhateng Grap awit saking ayuning tiyang estri, menggah anggenipun anedhak damel garwa dhateng tiyang estri wwau, pitembunganipun makaten: gendhuk aku iki wis gerang dene kowe isih bocah, apa kowe gelem dadi randhaku, wangulanipun tiyang estri sarwi gumujeng inggih.

=====

Sudagar sosotya ing Paris tanah Prangkrik sapunikanipun kenging ing weweka dening rekanipun kapandungan, tiyang durjananipun angangge sandhangan sakalangkung sae, sarta mawi tesmak rekanipun kados tiyang boten patos sasaged aningali, punika anedha ningali inte tuwin mutyara ingkang alit-alit dhateng sudagar wau. Inten tuwin mutyara punika saking sanget alitipun anggenipun angrawati kabuntel ing kertas dene durjana wau awit saking badhe waspada anggenipun aningali inten tuwin mutyara punika, tumungkul ngantos celak sanget akaliyan kartas lajeng ilatipun kawedalaken boten katawis nunten kadilataken ing inten utawi mutyara wau, ngantos angsal kathah ing panyolonganipun ingkang kados makaten trapipun, sampun nate kalampahan manawi konangan anggenipun anyolong, inten utawi mutiara lajeng kaulu dereng lami wonten durjana ingkang mangangge sakalangkung sae dhateng ing griyanipun sudagar sosotya bahde atumbas inten alit-alit, ananging sudagar punika gadhah panginten manawi badhe kacolong intenipun anunten wicanten manawi ing waktu punika boten gadhah inten alit-alit panedhanipun dhateng ingkang amangangge sakalangkung sae wau, kapurih wangsl ing dinten enjingipun sareng enjingipun durjana wangsl anang-ing sudagar sampunarumantos, kertas tuwin intenipun kadekekan duduh ingkang raosipun pait sanget tuwin ingkang sakalangkung boten eca raosipun sarta sampun angaturi pulisi ingkang santun pangangge wonten ing griyanipun, sareng durjana andilat inten alit-alit wau, lajeng kalepehaken awit saking pait tuwin boten ecaning raosipun sanalika kacepeng dening pulisi wau punika.

=====  
Ing patamanan tanah Dhitslan saben dalu kadhatengan kancil kathah, ingkang sami angrisak tatanemanipun, ingkang gadhah patamanan amasangi jeplakan akathah, sarehning tiyang punika remen ambubujeng sato wana, sarta manawi kesah ambubujeng ngantos dalu antukipunn ameling dhateng semahipun angulatna manawi wonten kancil ingkang kenging ing jeplakan, ing sawatewis dinten semahipun wau amireng sabawa wonten ing patamanan nunten medal saking griya dhateng ing patamanan, pangintipun manawi ownten kancil ingkang kenging jeplakan lajeng tumungkul ing siti nginceng jeplakan, ing nalika punika ingkang jaler mantuk saking anggenipun abubujeng sato wana, sareng dumugi ing panggenanipun ingkang ngestri wau, aningali cemeng-cemeng ebah wonten ing siti, pangintenipun sato wana lajeng dipun sanjata, sareng sanjata mungel tiyang wau lajeng amurugi dhateng panggenanipun aningali semahipun kenging ing sanjata amecati badhe pejah.

=====

Pawartosipun bab palakramanipun bongsa Balan ing tanah Apri-kah sisih kilen bilih tiyang jaler rabi, badhe semahipun kasukanan rasukan panjang palakraman punika boten saged pegat manawi rsukan panjang wau dereng amoh ambebret, menggah semahipun manawi remen dhateng ingkang jaler, boten purun amasuh rasukan punika, supados sampun ngantos amoh ambebret, ananging manawi boten remen rasukan wau saben enjing kawasuh

wonten iing lepen dipun keplok tuwin kaperes lajeng kaepe dipun jereng wonten ing bondhotan eri, dereng sampun sampun anggenipun amasuh ing saben enjing wau, manawi rasukan dereng pating saluwir, pamurihipun saged pegat akaliyan ingkang jaler, titiyang ngamonca inggih lajeng sumerep pundi ingkang sae anggenipun laki-rabi, rasukanipunpanjang boten kapasuh ngantos sanget regedipun punika andadosaken pratondha manawi tiyang esri sakalangkung begjanipun , balik rasukan pangkang ingkang sakalangkung resikipun punika ingkang ngangge tiyang estri ingkang kirang sumerepipun.

=====

Benjing ing dinten Kemis tanggal kpaing 16 wulan Juni punika badhe wonten lelang ing griyanipun tuwan Pelman.

Menggah ingkang badhe kalelang barnag toko warni-warni, tatedhan inuman tuwin barang suwekan warni-warni, punapa dene kaca ageng, 2 kareta Piktoriyah, 1 kareta kadamel kesahan

tebih 1 nyu wismnye, 1 sapirantosipun teleskup sawadhahipun 1  
, marteha, 30 tong, bir ayam, bir Inggris kawaduhan ing  
kruwik tuwin porter kawaduhan ing gendul alit brendu win  
tuwin jenewer mawi tenger warni-warni.  
Wasana kareta-kareta, kapal dadosan griya warni-warni, tuwin  
sanes-sanesipun barang ingkang bahe kawedalaken ing lelang.  
Katandhan W.Pelman en ko.  
Surakarta kaping 7 wulan Juni 1864.

---

Regining barang dagangan ing Semawis.  
Kopi, kaajengan 40 rupiyah sadhacin  
Gendhis pasir 16 rupiyah sadhacin ingkang nomer 16  
Nila, 4 rupiyah 40 senn sa pun ingkang sae piyambak  
Wacucal lembu 56 rupiyah sakodhi  
Wacucal maesa, 45 rupiyah sakodhi  
Kemukus, 45, rupiyah sadhacin  
Uwos pethak 170 utawi 190 rupiyah  
Uwos abrit 130 utawi 150 rupiyah  
Lisah kalentik 42 rupiyah sadhacin  
Lisah kacang 29 rupiyah sadhacin  
Panjatos 9 utawi 12 rupiyah sadhacin.

---

Angka 11, 14 Juni 1864

Kulawisudhan

Kanjeng Tuwan Lamres Pantoren Bureg kakula wisudha dados residhen ing Surakarta.

Kanjeng Tuwan Pansepal Enkolman kakula wisudha dados Inspektur ing tanem tuwuh.

---

Engelan

Ing Englan anyoba ngetang bab kukuwataming pambadalipun wulu menda, kadamel anadhahi mimising mariyem tuwin bom, awit saking punika tiyang adamel grobog tosan ingkang inggil tuwin wiyaripun 8 utawi ngantos 10 kaki, lebetipun 11 kaki, kaisenan wulu menda, ingakng katetelaken dening pirantos mawi kasekruup, dene panetelipun wau sakalngkung madhet ngatosatos kados galondhongan jujutan ingkang saking tanah Amerikah, menggah wenganing grobog katutup ing ruji kajeng, lajeng kairingaken ing ngandhaping grobog kasendhekaken ing pageripun siti beteng, dados wenganing grobog ingkang karujenan wau wonten ing ngajeng, lajeng kamriyem akaliyan mariyem ingkang mimisipun wawrat 68 pon, nunten kaliyan mariyem damelipun Tuwadaremstrong, ingkang mimisipun wawrat 110 pun tebihipun 300 elo, kadadosanipun boten amung ambutulaken walu menda ingkang kadnelipun 11 kaki, inggih ugi ambutulaken tosan dhasaring grobog bubutulanipun taksih lumebet ing siti, lebetipun kalih welas kaki, sasampunipun anyoba makaten wau, inggih lajeng anyoba malih grobog wulu menda kamriyem kaliyan mariyem ageng alit, tebihipun kaindhakan ananging tansah butul kemawon kados ingkang sampun, dados wulu menda wau boten kuwawi ambadali mimising mariyem pandamele enggal.

---

Ing ngandhap punika cariyos Komidhi, badhe kamain minongka ngturi wilujeng ing margi lampahipun kanjeng tuwan residhen F.Niwen Hussen.

Riringkesaning cariyos komidhi, ingkang badhe kamain ing Surakarta benjing kaping 16 juni punika.

Bab gelaring palakraman

Ingkang kasebut ing cariyos komidhi titiyang ing ngandhap punika:

1. Nasini
2. Germansi dados kolonel kapeleri
3. Belmon Twedhe Litnan kapeleri
4. Pedro, rencangipun Nasini
5. Rosalinah, Lanjar, prenah kapenakanipun Nasini.

Nasini kuciwanipun manawi gampil remenipun dhateng titiyang, ingkang saweg katepangan sarta enggal anggenipun anggelar pikraman dhateng tiyang ingkang saweg katepangan wau, badhe kaangsalaken akaliyan kapenakanipun anama Rosalinah. Nasini wau angajeng-ajeng dhatengipun satunggiling tiyang anama Belmon wonten ing pasitenipun, mengkah Belmon punika anaking

sobatipun lami. Kolonel Germansi, ingkang dados lurahipun Litnan Belmon dhateng ing griyanipun Nasini, sart Litnan Belmon punika dados bendaranipun Pedro Kapitan, Pedro angawonaken bendaranipun dhateng Nasini, dene dhatengipun Kolonel Germansi wonten ing griyanipun nasini, punika badhe ambebeda dhateng Nasini, minongka wawales amargi Nasini angawonaken dhateng Kolonel wau, nunten Kolonel amindha-mindha Litnan Belmon angangge panganggenipun Litnan, Pedro wau angecani manahipun kolonel Germansi, pangangkahipun supados kadamel lalampah ing weweka, sarta kasukanan arta, inggih lajeng pikantuk 30, wang mas saking Germansi, ingkang amindha-mindha litnan Belmon, Nasini kenging ing weweka, awit pitados manawi kolonel Germansi punika litnan Belmon sarta lajeng lulut dhateng ingkang mindha-mindha Belmon nunten adamel gelari badhe pikramanipun Belmon punika akaliyan kapenakanipun wau, wasana Belmon ingkang sayektos dhateng griyanipun Nasini, Belmon wau inggih kenging pangicuk-icukipun Pedro, supados adamel lampahing pikajenganipun dhateng Pedro ingkang kala-jeng angsal arta, kolonel Germansi sakedhap kalimputan sarta lajeng amikir-mikir, badhe anandhukaken weweka, sanalika andorani dhateng Nasini, Belmon kaawadaken Kolonel GERMANSI, kabiyantonan ing Pangawadaipun wau dening Pedro, ingkang angojok-ojoki ing ngatasing prelunipun amurih kesahipun Belmon ingkang sayektos saking griyanipun Nasini, ingkang

boten apradhah dhateng Belmon sayektos malah kauman-uman bab anggenipun api-api Belmon pamurihipun adamel gugujengan dhateng Nasini, nunten Belmon kaatag supados balakaha, bilih piyambakipun punika Kolonel Germansi, manawi abalaka, Nasini badhe pradhah ing panyegahipun, Belmon kenceng ing manah, bilih piyambakipun dede kolonel Germansi, sarta badhe anedha-haken serat manawi piyambakipun Belmon sayektos anaking sobatipun lami Nasini, ananging Nasini boten amirengaken sakathahing wicantenipun andadosaken rengating manahipun Belmon ingkang lajeng badhe mantuk, nunten Belmon wau kapanggih wonten ing patamanan akaliyan Rosalinah, ingkang boten pandung dhateng opsi punika, manawi sampun nate aningali wonten ing Ploren tanah Itali, sarta kala samanten sampun rumaos remen dhateng Belmon, menggah Belmon inggih makaten ugi sampun rmeen dhateng Rosalinah. Belmon kapurih wangsl dhateng griyanipun Nasini, supados angicalna sumelanging Nasini dhateng Belmon ingkang sayektos, Belmon amiturut lajeng lumebet malih ing griyanipun Nasini, kapanggih akaliyan Kolonel Germansi ingkang mindha-mindha Belmon wicantenipun dhateng kolonel punika, kados amicanteni dhateng litnanipun, kolonel kauman-uman, awit purun-purun kesah boten mawi pamit lajeng katundhung mantuk. Kolonel Germansi boten angajeng-ajeng pitembungan ingkang kados makaten sarta lajeng bentel angangkeni, bilih dede Belmon sayektosipun Kolonel Germansi, pikajenganipun makaten punika amung badhe ambebeda kemawon dhateng Nasini, sasampunipun sakathah ingkang anddosaken rengating manah lajeng ical nunten Belmon kadhaupaken akaliyan karolinah, punapa dene Pedro inggih lajeng saged kadumugen ing pikajenganipun badhe rabi, amargi sampun pikantuk arta-saking Germansi tuwin Belmon ingkang kalyan weweka.

---

Riringkesaning cariyo komidhi  
Bapa titiga pisan.  
Titiyang ingkang kasebut ing cariyo komidhi, kados ing ngandhap punika pratelanipun:

1. Peper, Tukang Jampi
2. Surete, kapenakanipun Peper

3. Pris muridipun Peper
4. Nonah Pandhersenip ingkang kapitadosan dening Peper anye-peng prakawising griya.
5. Ansemisel anakipun Peper
6. Semol Bapakipun Pris
7. Dhidherik Pamanipun Pris.

Peper aprajangjeyan kaliyan sadherekipun jaler, bapakipun Surete, manawi anakipun sampun diwasa, badhe kadhaupaken angsal anaking sadherek wau, sarta Peper purun kajibah, angopeni tuwin amulangaken dhateng anaking sadherekipun wau, sadherekipun punika inggih kajibah amulangaken anakipun Peper, sarehning sadherekipun Peper agigriya wonten ing kitha, dados pikantuk sanget anggenipun amulangaken kape-nankanipun, dene Peper ingkang gigriya wonten ing dhusun inggih ugi saged amulangaken Susete, amargi rarre estri boten prelu kawulang kados rare jaler, ing wekasan Ansemisel akaliyan Surete sampun sami diwasa, nunten bapakipun Ansemisel angajeng-ajeng dhatenging anakipun ingkang bahe kakramakanen ngsal Surete, ananging Surete sampun remen dhateng Pris sarta boten purun kaangsalaken kaliyan Ansemisel, menggah Ansemisel wau inggih lajeng dhateng, sandhangnipun awon kebak baledug, nunten kapanggih rumiyin akaliyan Pandhersenip ingkang dipun cariyosi, manawi dhatengipun lumampah kemawon sarta kabektanan bondha ingkang kadamel babektaning palakramanipun Surete, ananging sampun katelasaken kadamel mendhet tiyang estri ingkang kapanggih wonten ing margi, sarta sampun lajeng karemenan, Pandhersenip kuwatos ing manah, manawi badhe andadosaken sangeting dukanipun Peper, bilih aningali anakipun mangangge awon kebak baledug, mila Ansemisel lajeng kabekta dhateng ing kamaripun badhe kasantunan sandhangan, wondening Semol akaliyan Dhidherik sami ngrembagi dhateng Peper, amurih parenging pikramanipun Pris angsal Surete, ananging Peper kekah ing manah, boten purun amiturut, nunten Semol akaliyan Dhidherik sami damel wewaka, supados sageda kalampahan ingkang dados pikajenganipun, sareng Peper kesah dhateng ing kantor pos, angajeng-ajeng dhatenging anakipun Semol nunten angrumiyini kapanggih kaliyan Ansemisel pangake-nipun manawi ingkang sarira punika bapakipun piyambak lajeng ambentelaken dhateng Ansemisel, supdos angakena, bab anggenipun anelasaken babektaning pikramanipun Surete, anjawi saking punika adamel sambatan dhateng titiyang, Ansemisel inggih lajeng angakeni sadaya punika, ananging Semol boten anguri-uri sakedhik-kedhika dhateng Ansmiselmalah kaprajangjeyan

badhe kabayaran sambutanipun, sasampunipun Semol aprangjanji makaten lajeng kesah, boten dangu Dhidherik dhateng ing panggenanipun Ansemisel inggih ngaken manawi ingkang sarira punika bapakipun Ansmisel, punika andadosaken gumunipun

ananging Ansemisel wau apitados awit saking wicantenipun Dhidherik manawi Semol adamel gugujengan dhateng Ansemisel nunten angaken manawi smapun angsal tiyang estri ingkang sampaun karemenan sarta lajeng anyuwun panglilahing bapa anggenipun badhe krama, Dhidherik sanalika inggih nyagahi anyukani serat panglilah, wicantenipun serat wau badhe kakin-tunaken piyambak dhateng ing pos, wasana Peper dhateng, badhe aningali tuwin angrangkul dhateng anakipun ingkang saweg dhateng, ananging Ansemisel anggenipun amanggihi bapakipun boten rumesep ing manah, malah ewa, boten purun angaken bapa, kaanggep tiyang remen gugujengan lajeng badhe katundhung medal saking griya, bapakipun wau nepsu, Ansemisel kacepeng badhe kawedalaken saking griya, nunten Ansemisel ambengok nedha tulung Semol lumebet , Ansemisel amastani manawi punika bapakipun, ananging Semol boten angakeni, pratelanipun manawi adamel gugujengan dhateng Ansemisel, sarta Semol lajeng amangsulaken serat cacathetaning sambutanipun Ansemisel nunten Peper sumerep manawi Ansemisel anelasaken babektaning pikramanipun Surete, anjawi saking punika adamel sambutan dhateng tindak sakalangkung sanget napsuning bapa, kasaru lebetipun Dhidherik, nunten Ansemisel anyariyosaken ,manawi punika inggih bapakipun, Dhidherik inggih ugi boten angakeni, pratelanipun adamel gugujengan kemawon dhateng Ansemisel sarta amangsulaken serat dhateng Ansemisel ingkang kasanjan-gaken atampi saking bojonipun, sareng Peper amireng manawi Ansemisel sampaun gadhah bojo sakalangkung sanget nepsunipun-lajeng angundang dhateng Surete tuwin Pris, sakaliyan kapurih anandhani serat Prajangjeyaning palakraman, Surete wau badhe kadhaupaken akaliyan Ansemisel ananging lajeng kasadekaken, nunten Pandersenip lumebet ing griya, kataknan dhateng Ansemisel punapa Peper punika bapakipun, wangslanipun PandherSenip, manawi sayektos bapakipun wasana Peper amaos serat ingkang kasajangaken dening anakipun atampi saking ingkang estri dhumateng bapakipun, menggah serat wau katand-

hanan dening Dhirekturipun ing komidhi, ingkang asuka uninga dhateng Peper, bilih dhirektur wau akaliyan kancanipun ingkang dados komidhi sadaya sami damel gugujengan dhateng Ansemisel ingkang sampaun ksuba-suba, sarta kakramakaken angsal tiyang estri, inggih tumut dados komidhi, ananging notarisipun ingkang panceñ kajibah angrramakaken punika inggih ugi tiyang ingkang dados kumidhi, dados pikramanipun Ansemisel wau amung kadamel gugujengan kemawon, sareng Ansemisel mireng pitembungan makaten sakalangkung gumunipun sarta lajeng awicanten manawi kadugi salaminipun agesang boten akrama.

Sasampunipun main komidhi, lajeng dansah balet, menggah ingkang sami dhansah punika nonah sadasa.

---

Kulawisudhan

Kanjeng Tuwan ingkang Wicaksana Mister L.C.Y.W.Baron Slot Pandhebele, Guprenur Jendral ing Nederlan Indiya tuwin Kanjeng Tuwan MisterA.Prinse, Pise Presidhen ing Rat Nederlan Indiya, sami kakula wisudha ddos Kumandhur saking Ordher Nederlan Seleyo.

Tuhan W.Koresdhepris Kanjeng Tuwan E.Netser, Residhen ing Riyo, Tuwan H.Tisman tuwin Tuwan P.Omlan sami kakula wisudha dados Ridder saking Ordhe Nederlan Seleyo.

=====

Punika cariyosipun tiyang jawi ing Samawis awasta Bestam ingkang kathah lalabetipun sae dhateng Kanjeng Gupremen.

Kula ing tahun 1708, nlika jumenengipun Kanjeng Tuwan ingkang wicaksana Guprenur Jendral Johan Panoren sarta ingkang dados kumandhur wonten ing Samawis kanjeng Tuwan Johan Predherik Gobiyus, wonten tiyang Jawi awasta Bestam ingkang kala samanten saweg umur 27 tahun Bestam punika tiyang saged sarta sanget ngibadahipun ing ngagami Islam, punika katimbalan dhateng bupati ing Samawis ingkang anama kyai Adipati Suraadimenggala, Bestam kadhwahan kaliyan pameksa, kinen lumebet dados juruserat ing kantor Samawis amargi kala samanten awis awin tiyang jawi ingkang purun angabdi dhateng walandi, utawi tunggil damel kaparentah ing Walandi, ananging Bestam amiturut ingkang dados karsanipun priyantun ageng, kalampahan dados juru serat wonten ing kantor Samawis kaparingan balonjo tuwin sabin sareng angsal tigang tahun anggenipun dados juru serat nunten kaparingan indhakan balonja, kadamel sami akaliyan balanjaning buk Oder mawi kaparingan papancen sabin bawah ing kendhal ingkang pamedalipun 400 rupiyah boten antawis lami kaparingan indhakan balonja malih, kasami akaliyan balanjaning Onderkupman utawi komis, ananging taksih ugi anglampahi padamelanipun juruserat.

Wasana wonten prng ageng, titiyang Cina purun purun anyawalan ni dhateng Kanjeng Gupremen sarta sami ambiyantoni Ingkang Sinuhun kanjeng Susuhunan ing Kartasura, apa sulayan kaliyan Kanjeng Gupremen kala samanten sakathahing para Bupati inggih sami amba baluhi ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan wau, Awisawis ingkang tumut Kanjeng Gupremen malah titiyang alit ing salebetung nagarri, utawi para rencang walandi sadaya medal

saking nagari, sami ambiyantoni dhateng titiyang Cina ingkang anglawani dhateng kanjeng Gupremen ananging kyai Bestam ingkang taksih tulus katemenanipun dhateng Kanjeng Gupremen anglampahi padamelanipun wonten ing kantor Samawis, malah ing nalika punika sakalangkung kathah padamelanipun amargi dening anampani serat serat utawi anglampahaken serat ingkang perlu-perlu, kadosta ingkang katampenan wau serat saking ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan tuwin saking sanesipun ingkang dhumateng Kanjeng Gupremen utawi dhateng Kanjeng Tuwan Ingkang wicaksana Guprenur Jendral ing Batawi, kala samanten Jurubasanipun Walandi kaleresan pejah, sarta dereng wonten gegentosanipun, Kyai Bestam ingkang anglampahi padamelanipun Jurubasawau.

Sareng bakdanipun prang Pacina, sarta sasampunipun ingkang

Sinuhun Kanjeng Susuhunan abedhami kaliyan Kanjeng Gupremen, Kyai Bestam kakula wisuda dening kanjeng gupremen dados sekretaris tuwin jurubasa jawi, kaparingan ganjaran siti, ingkang lajeng dados gaduhanipun siti persil ngantos sapriki siti wau kanamanan Kampung Bestaman ing Samawis anjawi saking punika paringan papacen sabin saking siti dhusun ing Grogol ing Lebahawara, tuwin ing Sonaraja, sami kabawah ing Demak, sareng makaten Kyai Bestam ing wingking kaparingan pangkat Onder Regen ing Terbaya, sarta kaparingan nama kyai Ngabei Kerta Basa Terbaya, ananging padamelanipun taksih dados sakretaris tuwin juru basa, mawi kaparingan papancen sabin ing Genuk akaliyan ing Karangmalang ingkang pamedalipun 1200 rupiyah pethak, sanadyan Bestam sampun kaparingan pangkat tuwin nama, para tuwan Walandi taksih sami angundang Bapak Bestam kemawon awit saking rumesepipun dhateng kyai Ngabei Kertabasa wau.

Kyai Ngabei Kertabasa sangsaya wewah ing katemenan tuwin sumungkemipun anglamahi karsa tuwin parentahipun Kanjeng Gupremen menggah ingkang prelu sanget bab padamelanipun punika kala Kanjeng Pangeran Mangkubumi ngraman adamel prang ageng, kala samanten Kanjeng Gupremen ngantos lami boten saged anelukaken Kanjeng Pangeran Mangkubumi wau, ing wekasanipun Kanjeng Pangeran Mangkubumi anedha bedhami dhateng kanjeng gupermen, menggah ingkang kautus amundhi sakathahing

pangandikanipun kanjeng tuwan ingkang wicaksana guprenur jendral dhateng kanjeng Pangeran Mangkubumi, punika kyai Ngabei Kertabasa, kadadosanipun Kanjeng pangeran mangkubumi anungkul saha sampun tobat dhateng kaneng Gupremen punika kanjeng gupremen anampeni dhateng kanjeng Pangeran Mangkubumi, saha lajeng kajumenengaken sultan wonten ing Ngayogyakarta, kala ing tahun 1755 Kanjeng Gupremen amaringi serat pangemut-emut dhateng kyai Ngabei Kertabasa, menggah ungel-ungelanipun kadon ing ngandhap punika:

Penget iki layang pangeling-eling.

Wong jawa kang aran bapak Bestam wis anglakoni ngabdi marang kanjeng Kumpeni walonda, nalika jumenenge kumandhur Kanjeng Tuwan Johan Predherik Gobiyus nganti tumekaning sedane, kagentenan Kanjeng Tuwan Deller Ossen Brugggen, bapak Bestam mau wis akeh pitulunge, agawe kauntungane kanjeng kumpeni walonda, mulane kanjeng kumpeni mau aprajangji kalayan temen-temen yen srengenge lan rembulan isih padha madhangi jagad, sarta yen kanjeng kumpeni gupremen walonda isih bekelan amarentah tanah jawa, amesthi bakal amales kabecikan marang anak putu lan saturun-turune bapak Bestam kang isih padha ana becike.

---

Sareng kyai ngabei Kertabasa angsal 50 tahun anggenipun anyepeng padamelanipun kanjeng gupremen ingkang kalayan temen-temen ing manah, ngantos dumugi ing pejahipun boten....punapa-punapa, wondening sasampunipunpejah kyai Ngabei kertabasa wau, nak-anakipun ingkang sami nyepeng padamelan kapratelakken kados ing ngandhap punika:

1. Anakipun pambajeng anama kyai Wongsadirja, dados patih wonten ing Pakalongan.
2. Kyai Tumenggung Wiryanagara, dados bupati ing Batang.
3. Kyai Ngabei Kertabasa ingkang kaping 2, anggentosi bapaki-pun dados sakretaris tuwin jurubasa jawi ing Samawis.
4. Tuwan Kanjeng Muhammad Bestam utawi tuwan Agung, dados ngalami ageng tuwin anyepeng padamelan ddos pangulu ageng ing Samawis.
5. Kyai Ngabei Suradirja, dados patih ing Batang

6. Mas Wongsadiwirya , anakipun wuragil kala pejah ing bapakipun Mas Wongsadiwirya taksih alit amagang wonten ing kantor Samawis kala samanten ingkang dados Deller wonten ing Samawis Kim Jeng Tuwan Jangripen, Mas Wongsadiwirya punika ingkang ngturaken serat pangemur-emut cecepenganing bapakipun dhateng kanjeng tuwan Deller wau, ingkang sae pangrengkuhi-pun, sareng angsal 14 wulan Mas Wongsadiwirya kaangkat dados Ngabei ing Terbaya, kaparingan nama Kyai Ngabei Kertabasa, anggentosii sadherekipun Kyai ngabei Kertabasa ingkang kaping 2 wau, punapa dene dados biskalipun kanjeng tuwan Deller, tuwin Jurubasa Jawi,s alajengipun ing wingking kaangkat dados bupati ing Lasem anama Kyai ADipati Yudanagara, anakipun dados bupati ing Majalengka paresidhenan ing Cerbon anama raden ADipati Ariya kertadinignrat dene anakipun adipati ing Majalengka dados patih ing Galuh sapunika, anama raden mas Panji Kusuma Adi Nagara,

=====

Pawartos warni-warni

Ing kraton Sakpen tanah Dhitslan wonten jajaka satunggil ewah, tanganipun kakethok piyambak ing wadung, sareng sampun kakethok tanganipun wau kabekta lumebet dhateng kamaring embokipun kalayan ayem ing manah, bab pangethokipun punika, lajeng tanganipun ingkang dipun kethok kadekekaken ing meja ingkang wonten salebetung kamar wau.

=====

mariyem ingkang kanamanan Bigwil dadamelanipun tuwan Williyam ARemstrong, isinipun mimis wawrat 600 pun ing sawatawis dinten punika kacoba kalesaken ing lostosan kandelipun sawelas dim kaisenan mimis waos wawrat 334 pun sandawanipun wawrat 90 pun sareng mungel kaleres kenging tengahing les ingkang sakalangkuing sora swaranipun, manawi kaetang rikating palajengipun mimis wau, ing dalem sasekon 1560 kaki, panyoba wau amung angungelaken sapisan lajeng rampung, amargi lesipun remuk.

=====

Ing Prangkrik wonten lampahan kados ing ngandhap punika: Prajurit ing Pangkrikangandheg pandung sato wana ing nalika saweg anglebetaken sato wana ingkang kapendhet wonten ing kasang, sarehni gpandung wau andugi boten saged lumajeng, nunten lumampah sakecanipun dereng ngantos tebih lampahipun prajurit lajeng aningali tiyang durjana sanes ingkna gsampun

kawertos awonipun sarta ingkang sampun lami kaupadosan ing pulisi boten saged kapanggih, sanalika prajurit kewedan ing manah, ananging boten dangu kapanggih ing pikiripun, sanadyan boten acondhong ing manah, manawi angculna pandung sato wana

ingkang awrat paukumanipun ing sanalika amikir, sasaenipun angculaken tiyang durjana ingkang sampun kathah awonipun taksih sae angculaken pandung sato wana, mila lajeng wicatten dhateng pandung wau, makaten tembungipun: aku arep nyekel wong durjana kae, dene kowe dak endel keri ana ing kene dhewe, ngentenana kongsi durjana iku wis kena dak cekel, wangulanipun pandung sato wanamakaten: sarehning sampeyan apitajeng dhateng kula, sapuni kula inggih badhe anedhahaken panrimah kula dhateng sampeyan sarrt badhe amitulungi ing panyepeng sampeyan dhateng tiyang durjana punika, sareng makaten pandung sato wana enggal lumajeng anututi titiyang durjana, sarehning pnganggenipun boten awrat kados panganggeling prajurit wau, mila enggal saged anututi tiyang durjana ingkang nunten kenging kacepeng, sarta lajeng kabesta dhateng prajurit.

---

Ing tokonipun Tuwan Dhegrotkolep en ko, saben dinten saged pikantuk manawi karsa tumbas: kertas warni-warni, kadosta: kertas walandi parsan tuwin ingkang boten kertas pelin tuwin kertas pos warni-warni, wonten ingkang ageng tuwin ingkang alit.

Punapa dene mangsi, wadhah mangsi, potelot, pen waos garan pen waos penlar, tutup serat saperat sapanunggilanipun.

Menggah pamadenipun barang-barang wau bayar kenceng, dene reginipun boten awis.

Wasana ing toko wau sged pikantuk mangsi abrit ingkang sae sarta kenging kadamel ngecap punika langkung sae saking gincu ingkang sampun limrah kanggenipun kadamel ngecapi serat ing ngatasipun para priyantun jawi.

---

Regining barang dagangan ing Semawis.

Kopi, kaajengan 38 rupiyah sadhacin  
Gendhis Pasir 16 rupiyah sadhacin ingkang nomer 16  
Nila, 4 rupiyah 50 sen sa'pun ingkang sae piyambak  
Wacucal lembu 56 rupiyah sakodhi  
Wacucal maesa, 45 rupiyah sakodhi  
Kemukus 45 rupiyah sadhacin  
Uwos pethak 160 utawi 180 rupiyah  
Lisah kalentik 53 rupiyah sadhacin  
Lisah kacang 32 rupiyah sachacin  
Panjatos 9 utawi 12 rupiyah sadhacin.

---

Angka 14, 7 Juli 1864

### Batawi

Kala malem kaping 2 wulan Juni ingkang sampung kapengker punika wonten tiyang durjana anama Arbi ingkang sampun kawertos awnipun tuwin ngulandara, sakancanipun tiyang durjana sawatawis sami anggebag griyaning lurah pulisi ing Maok pikajenganipun badhe amejahi dhateng lurah pulisi wau tuwin kalerehanipun kapala upas satunggil amargis aking sangeting-sengitipun, menggah Arbi punika sampun kaping kalih kacepeng dening pulisi ing Maok tanah Tangerang: amargi saking anggenipun asring asring mandung, ananging saged minggat saking kunjaran kala kacepengipun ingkang kantun.

Lurah pulisi pikantuk serep bab badhe panggbaging durjana dhateng griyanipun wau, mila begja saged kesah sakin g griya sadrengipun kalampahan boten antawis dangu titiyang durjana sami andhatengi, griya nunten kabesmi ing titiyang durjana, wontedening kapalaning pasiten ingkang celak ing ngriku, tuwin upas satunggil wah wonten malih tiyang satunggil sadaya ingkang sami ananjangi lurah pulisi bab badhe panggebagipun wau, punika sami kapejahan dening tiyang durjana.

Sasampunipun tiyang durjana anjebol kunjaraan sarta meksa titiyang pasakitanipun kapurih sami angombyongana, nunten sami dhateng ing pacinan ing panggenan ngriku, anjarah rayahipun dhateng pasiten Karangasem dalem saking ngriku dhateng ing Cipondhok wonten ing Cipondhok sami angrayah ing arta ingkang wonten ing ngriku, sarta ambesmeni serat serati-pun kongsi.

Sareng pandamelipun reresah tiyang durjana wau kawertos ing Batawi, sanalika nunten anglampahaken prajurit dhateng Tangerang, kathahipun 30 katindhihan dening Irstelitnan Timmerman supados ambiyantonana ing pangupadosipun pulisi dhateng tiyang durjana wau.

Awit saking panedhanipun parentahan ing ngriku, para prajurit kapurih enggal-enggalan dhateng ing Curuk, Tuwan Asisten Residhen Lawik Pan Papstu tumut salampah ing prajurit inggih badhe nyepeng dhateng Arbi ingkang kacariyos amanggen wonten sakiwatengnipun ing Curuk wau.

Boten ngantos dangu Ajing Jeksa Adikesuma ingkang lumampah rumiyin badhe nyepeng dhateng Arbi ambekta titiyang jawi sawatawis sadadamelipun punika nunten pikantuk serep bab

panggenanipun andhelik Arbi wau wonten ing panggenan ingkang rungkut, panggenan punika katedhahaken dhateng litnan Temermen, sareng makaten pun Arbi kapurih nutut ananging monggak kalampahan anglawan sakuwawinipun, nunten kasanjata dening tuwan Asisten Residhen kenging lajeng dhawah, saderengipun saged amenggak para prajurit sami angrocok dhateng Arbi, dene kancanipun satunggil ingkang purun-purun anglawan inggih kapejahan dening prajurit sakancanipun titiyang durjana sami lumajeng buyar, menggah jisimipun sami kabekta dhateng Tangerang, andadosaken bingah ing tiyang kathah.

=====

Pawartos warni-warni

Wonten tiyang estri ing tanah Belgi kapatrapan paukuman pejah, punika kadakwa sakalangkung panganiyanipun dhateng anakipun estri ingkang umur 14 tahun Rden estri wau katangslan tangan tuwin sukunipun lajeng kagedhong ngantos wulanlan laminipun dene pawadanipun manawi rare restri punika anyolong.

=====

Ing tanah Dhitslan dereng lami wonten randhaning tiyang Yahudi pejah, ingkang kala taksih gesang padamelanipun apepriman ing salebeting sandhanganipun rangkepan kapanggih wonten artanipun 6000 ringgit, kere wau atilar anak jaler satunggil ingkang kasebutaken wonten ing seratipun wasiyat manawi boten kapikantukaken warisan prakawisipun anak wau boten anguluri tedha nalika mesakatipun.

=====

Ing tanah Nederlan wonten lalampahan ingkang snget elokipun Kades ingkang kacariyos ing ngandhap punika:  
Wonten Mester Sekolahan pikantuk warisan arta kathahipun 15000 rupiyah, punika andadosaken bingahipun Mester tuwin semahipun ananging boten ngantos lami Mester wau pejah, menggah wawelingipun dhateng ingkang estri, manawi pejah sampun ngntos kauculan panganggenipun ing nalika pejah punika, lajeng kalebetna ing Tebela sapanganggenipun, semahipun anglaksanani ingkang ddos pikajenganipun ing jaler, ingkang lajeng kapendhem sareng amranata titilaranipun mester wau, arta, 15000 rupiyah boten kapanggih, andadosaken kaget-ing ngakathah, ananing lejeng wonten rembag kapurih anyuwun pitulunging paentah, sreng makaten parentah dhadhwahah, andhudhug jisiming mester, sasampunipun arta nunten kapanggih,

ingkang sapalih kapanggih wonten ing panggenan manahipun  
ingkang sapalihipun wonten sngandhaping baunipun tengen:  
menggah nalar makaten punika tiyang boten saged anggayuh.

---

Pawartos saking Amerikah anyariyosaken kados ing ngandhap  
punika:

Wonten sudagar satunggil ing Cisago tanah Amerikah kesahan  
anumpak kareta asep awit saking lampahing padamelan dhateng  
ing Niweyoreg, nunten apitepangan kaliyan tiyang estri anem  
ingkang tumut anumpak kareta asep wau, inggih badhe dhateng  
ing Niweyorek (Newyork) tutuwi dhateng sadherekipun jaler,  
ingkang kawulang ngelmi padhukunan wonten ing Niweyoreg tuwin  
ingkang sampun lami boten pinanggih, anggenipun atetepangan  
sudagar kaliyan tiyang estri wau dangu dangu saya rumaket  
sarta amratelakken wontenipun tuwin lampah ing prakawisipun  
ing wekasnipun amratelakken manawi remen snget dhateng  
tiyang estri punika, awit saking antenging tiyang estri,  
sudagar taksih amangu-mangu, badhe ambelakakken manawi  
tiyang estri wau badhe karabenan wasana itembunganipun kairip  
saking punika, apratela manawi umuripun 35mtahun ing mangke  
badhe kendel agesang kados tiyang nem sarta sedyanipun ing-  
kang asanget sanget badhe palakrma, tiayng estri semu isin,  
ananging boten ngntos dangu lajeng amesem andadosaken mumurun  
dhatneg sudagar, sareng dumugi ing Niweyoreg (Newyork) suda-  
gar, sareng dumugi ing Niweyorreg sudagar sakalangkung  
rekaos anggenipun saged pikantuk lilah, kengingipun atutuwi  
dhateng tiyang estri wau wonten ing griyaning sadherekipun  
sampun kalilan atutuwi, enggal sudagar dhateng griyaning  
sadherekipun tiyang estri, nuinten kapanggih kaliyan sadhrek-  
wau, ingkang katingal utami tuwin sumeh kados sadherekipun  
estri, sudagar sangsaya lami sangsaya kerep anggenipun atu-  
tuwi dhateng tiyang estri, wasna tiyang estri purun karabe-  
nan, ing tanah Amerika tiyang palakrama boten kakathahen  
prakawis, tiyang jaler estri sami sowan ing sangajenganipun  
priyantun ingkang pancek wajib aningkahaken utawi sowan  
dhateng pandhita, ambayar wragading paningkahipun amung  
sakedhik lajeng kaningkahaken, inggih makate lampahing pan-  
ingkahipun sudagar kaliyan tiyang estri wau, amung sadhereki-  
pun jaler kemawon ingkang wonten kala paningkahipun wau,  
sareng sampun angsal sawatawis dintn sudagar akaliyan semah  
tuwin ipenipun sami kesahan dhateng Albani, wonten ing ngriku  
amondhok ing losemen ageng, kala samanten sudagar amranata  
prakawisipun wonten ing kutha Albani, atampi arta kathahipun

4000 ringgit sawangsulipun dhateng ing pondhokan arta kated-hahaken dhateng semahipun nunten kalebetaken ing kepekipun wacucual sasampunipun lajeng kesah malih, antawis sajam dangunipun wangsul, ananging kamaripun kapanggih suerng, sudagar aningali serat sumeleh ing meja, sareng serat punika kawaos ungelipun makaten: Sobatku, kowe iku edan, wong kang dak akokake sadulurku, iku bedhangku, aku saiki lunga karo bedhangku mau, dene dhuwit 4000 ringit dak gawa, sabab aku arep anganggo dhuwit, kang ngiku ing tembe kowe prayitnaha, ing sanalika sudagar anglapuraken prakawis punika dhateng pulisi, ananging tiyang ingkang kesah dereng saged kacepeng, awit saking susah ing manah sudagar anedha apyun supados pejaha, sapuniknipun sudagar wau sakit sanget.

---

Punika pepethikan saing cariyosipun Kanjeng Maharaja Predher-ik ing Pruti.

Panuju terang wanci sonten Kanjeng maharaja Predherik ing Pruti ameng-ameng dhateng ngara-ara ingkang boten tebih saking kuthaning nagari Berlin, boten wonteningkang andhere-kaken sarta pangagemanipun pasaja kaliyan awon, saemper kados para dhadhu, kanejng Raja wau pinuju kabentel ing pangenget-enget kasaru amireng kidung ingkang baleros swaranipun sanalika ical pangengeteng-engetipun wau, menggah ingkang ngidung tiyang kakalih ingkang lampahipun saleyoran katawis manawi mentas dhateng saking kantin, sareng tiyang kakalih wau dumugi celak ing panggenanipun kanjeng raja, nunten sami salaman lajeng pisah, ingkang satunggil lumampah medal ing margi panggenanipun jumeneng sang nata, sareng sampun celak kanjeng raja ngandika dhateng tiyang wau: "e konca, kiraku kowe ing dina iki katemu karo kango dadi rumereping atimu.

Ingkang dipun pangandikaning amangsuli: O, iya mengkonoaku katemu karo mitraku lawas" Kanjeng raja sumambung: mitramu kang wis anyugata marang kowe, wangsulanipun tiyang wau: "Disuguh karo dhuwiku dhewe, amarga wonng iku malarat kaya aku, dene dhuwitiku ora makewuh marang dheweke, kanjeng raja ngandika malih: "kapriye basamu iku, kowe teka gawe gumuning atimu, apa kowe kango ambayari mau, aku caturan dhewe karo kowe, balnjaning srdhadhu sathithik. Wangsulanipun: iya bener, nanging wong ora ngilangkake saradhadhu kawak, katemene emas wis kawengen aja amengkono, kowe arep tak caritani apa-apa, aku anamtokake yen kowe bakal lumayu.

Kanjeng raja adreng ing manah badhe sumerep cariyosipun Saradhadhu, lajeng ngandika: saiki kiraku durung kawengen,

sarehne kowe iya arep mnyang ing kutha kang saka ing kene  
isih lakon sajam mulane kowe isih bisa acarita kambi lumaku,  
wangsulanipun saradhadhu kaliyan anyeblak pundhakipun kanjeng  
raja: iya becik, dhapurmu wong becik mulae kowe bakal tak  
caritani kang dadi lalakoning prakara, sasampunipun saradhad-  
hu awicanten makaten, lajeng angunes pedhangipun sapalih,  
katedhahaken dhateng kanjeng rja, ingkang saged gumunipun  
ningali manawi pedhang punika wilahipun kajeng, nunten  
saradhadhu wicanten malih: lah kapriye apa kowe sumurup  
tegese pedhang iki, wangsulanipun kanjeng raja: kira ku  
wilahe wesi kedhekake, gumunku wani-wanine kang anggawe  
wicantenipun saradhadhu: Wani pisan karana....dak gadhekake  
marang wong adolinaman kang temen-temen atine, iku sumurup  
lalakone wong ddi sardhadhu, sarta wis anamtokake, manawa aku  
palaur disigar papat karo ora anebus pedhang ku ing sapatine  
sasi iki, sadurunfge mati sasi iki ora ana kuwatire, amarga  
kancaku prajurit kabeh wis kapriksanan mulane nganti lawas  
bakal ora kapriksanan maneh, mara konca tutura, manawa ka-  
nejng raja Predherik uninga yen wilahe pedhangku kayu mendhah  
gumune, awit kanjeng raja durung tau ningali pedhang kayu  
dene yen aku sajege anganggo pedhang kayu, amesthi lawas aku  
ora bisa dadi sarsan, kanjeng raja ngandika: 6,6, yen mengko-  
no kowe iku sersan, koewe dadi sersan iku ana ing kramadapi-  
ra.

Sarehning sersan wau remen awicanten mila kanjeng raja lajeng  
sumerep dunungipun sersan wonten ing bragada, sarta wonten  
ing kumpeni pundi, kanjeng raja sanget anggenipun gumujeng  
akaliyan sersan wau, bab wewekanipun sarta aprajanji, manawi  
badhe angagem wewekanipun wau, sarng lampahipun sampun dumugi  
ing kithaning nagari Berlin kanjeng raja akaliyan sersan sami  
saman lajeng pisah, kala pisahipun kados mitra ingkang saka-  
langkung sae.

CAriyos punika badhe kalajengaken sawrat ing Srerat Jurumar-  
tani ingkang kemis ngajeng punia tanggal japing 14 Juli.

Angka 16, 21 Juli 1864

Kulawisudhan sapanunggilanipun

Kanjeng Tuwan N.G.Pritsen, Mayoring prajurit Infanteri kaewonaning Bragada ing Nederland Indiya, ingkang sapunikanipun taksih wonten ing tanah Nederlan amargi saking pamit kakula wisudha dados Ridhersking Militer Willem Twede Phirdheklas jalaraning katarima prakawis pratingkahipun kala prang wonten ing nagari sisih ler tuwin kidul laminipun wiwit ing wulan September, Oktober, NOpember dumugi wulan Dhesember ing tahun 1860.

Kanjeng Tuwan C.N.H.Panlawik Pan Pabse, Asisten Residhen ing tanah kilen saubenging Batawi, kaudur saking kalenggahanipun akalayan kurmat mawi kaparingan wahgel.

Kanjeng Tuwan Mister G.Omgrodhe, Dhirektur saking tanem tuwu, kaparingan pamit kalih tahun amargi saking sakit wah kalilan wonten ing tanah Walandi utawi ing pundi kemawon sajawanng tanah Nederlan Indiya.

Kanjeng Tuwan R.Seriys Residhen ing Prabalingga, kaparingan pamit kalih tahun dhateng Nederlan amargi saking sakit.

#### ITALY

Benggoling kecu anama Sipriano.... kancanipun kecu sadaya ing wekasnipun sami katrapaken ing paukumanipun prakawis lampahing panganiyanipun amemejahi titiyang, Si Priano kaliyan sadherekipun....sami kaukum pejah, kancanipun tiyang kalihlikur kapatrapan paukuman kenging padanelan kalayan papeksan laminipun 20 tahun menggah lampahing panganipun kados ing ngandhap punika:

Wonten pandhita titiga sami kenging kabandhang dening kecu kancanipun Sipriano, kabekta dhateng ing pareden panggenaning kecu, wonten ing ngriku katedhanan arta sumerep panebus ing luwaripun, kathahipun 12000 ringit, sarehning para sanakipun pandhita ingkang kakalih amung saged amernekaken arta kathahipun sawetawis atus ringgit tuwin tatedhan sakedhik, pandhita ingkang satunggil sampun sepuh anama Gianomo lajeng kagebagan dening Giwana, kinen jengkeng, nunten kaperung kupingipun satunggil ingkang nunten pendhet ing kecu satung-

gil lajeng katedha, gipun gugujeng ing kancanipun kathah, kuping wau boten ngnatos katedha telas sakantunipun kakintunaken dhateng sanakipun pandhita wau, sanak-sanak punika sami anglempakaen arta angsal 3500 ringgit ingkang badhe kasuklakaken dhateng kecu minongka panebus ing luwaripun pandhita, ananging boten kaajengan amargi kamanah sapele, sasampunipun pandhita wau kasudukan ngantos pejah, menggah ingkang anyariyosaken lampahipun amejahi pandhita wau kalyan saget ing panganiyanipun punika inggih pandhita ing kang sampun sepuh, umuripun 70 tahun wondening kapenakanipun para pandhita ingkang cacariyos wau kapejahan dening kecu waktu punika mawi kaaniaya sanget, kapenakakan punika kaundang dening benggoling kecu, kapurih dhateng ing pareden panggenanipun kecu, sanadyan sampun kapenggak dhateng pamanipun piyambaki-

pun inggih lumampah ugi dhateng ing paredenan wau, sareng dumugi ing panggenan ngriku, kapenakakan wau karangkul dening Sipriano tuwin Giona, sasampunipun lajeng kasanjangan manawi kapejahan, ingkang dipun sanjanging gumujeng kemawon awit kamanah gumujengan, wasanakalampahan sukunipun kalih pisan katangsulan lajeng kasanjata pejah, sirah kakethok sanalika, cangkemipun kaseselan pipa, nunten kadekekaken ing jandela, kadamel titingalan ing ngakathah, sareng makaten bau tuwim sukunipun sami kakethok-kethok sadaya, kagantung ing wit-witan mawi kadekekaken serat ungelipun makaten: sarupaning wong kang padha dadi telik mangkono patrapana, gagantungane papesthening para wong kang padha balila mangkono katemune, sakathahing kecu dereng marem ing manah bab panganiyanipun makaten wau, gembung lajeng kacakah kapanggang sanginggiling latu ageng, lajeng katedha ngnatos telas, pamanipun ingkang kapejahan apratela dhateng pangadilan mawi kasumpah, prakawis lampahipun panganiyaning kecu amejahi dhateng kapenakanipun wau, malah piyambakipun kinen tumut anedha daging kapenakan ananging boten purun, lajeng kasanjangan ing kecu, manawi dagingipun ing dinten benjing-enjing inggih bdhe katedha kados makaten wau.

---

Awit saking pawartos ingkang kantun piyambak redi Rawon ing Basuki, sapunika tiyang saged anyariyosaken bilih kala ing dinten Sabtu kaping 2 wulan Juli punika wonten jawah awu dhumawah prenah sawetaning pasiten ing Sunakerta ingkang sami kataneman sata, punapa malih dhumawah wonten sapandumaning siti ing Sukawana ingkang kataneman sata, dene ingkang sakalangkung kathah dhawahipun awu, punika wonten psiten ing Sunakerta wau, swaraning redi gumladug boten kendel malah sangsaya sanget, kala malem kaping 5 angrintenaken kaping 6 Juli wonten angin ageng saking kidul kilen, ing dinten Rebo akaliyan Kemisipun angin wau taksih, sarta sakalangkung asrepipun, para tiyang dereng nate angraosaken asrep ingkang kados makaten, punapa dene para tuwan Walandi sami amastani, manawi asrepipun wau kados ing tanah Nederlan ing wulan Februawari, kala ing dinten Jumungah kaping 8 Juli punika swaraning redi ingkang gumuludhug suda, kamirengaken amung lamat-lamat kemawon, punapa dene angin tuwin asrepipun inggih sampun kathah sudanipun mila ing mangke pangajeng-ngajengipun para tiyang ing ngriku, wangsl kados ingkang wau waunipun.

---

Serat saking Kendhal Paya tanah Malang bawah Paresidhenan ing Pasuruwan wonten angin ageng tuwin jawah kados kasoaken kanthi baledheg anyamber-nyamber, nagntos angarjih-ajrihi, wiwitipun pukul satunggil siyang ngantos dumugi pukul pitu sonten , sareng wanci pukul nem enjing tiyangn medal sking griya mambet walirang sakalangkung sanget malah adamel boten sakeca dhateng raosing badan, ambetipun walirang wau ngantos pukul wolu enjing ing dinten punika, kala ing dinten Saptu ingkang sampun kapengker wonten jawah awu ingkang kandhel

dhawahipun, punika redi Sumeru ingkang murub saben dinten, titiyang sepuh tanah ing ngriku boten wonten ingkang kaenge-tan manawi wonten lalampahan angukus ingkang sanget makaten kados ing ngandhap punika.

---

Serat saking Mentok anyariyosaken manawi ing Pallembang

kaambah ing sasakit Kolera, ananging ing Pulobangnah begja ngantos ing dinten punika boten kaambah ing sasakit wau, ewadenten sampun kajagenan ing jajampi ingkang kaparing-aringaken dhateng titiyang ngriku, supados sagesta dados pitulung ing sanalika manawi kenging sasakit kolera wau.

---

Ing tanah bawah Malang Paresidhenan Pasuruwan wonten lembu grobagan ucul ing wanci sonten pukul gangsal menggah ingkang gadhah lembu wau tiyang ing dhusun Bermulan anama Caridin, lembu wau panunggilanipun kathah, kadamel anggrobag ngusungi kajeng pagering sabin, sarehning panggenanipun ucul lembu punika celak kaliyan panggenan ingkang wonten galagahanipun wiyar, sarta lembu lumebet dhatenggalagh amlajeng ical, dados tiyang ingkang darbe boten saged anyepeng ing sanalika, sasampunipun angupadosi dangu, sarta kaubres ing wanci pukul sanga sonten lembu kapanggih wonten ing galagahan boten tebih saking panggenanipun ucul wau, sampun kagagahan ing sima kakalih ingkang saweg badhe amongsa lembu wau. Ing waktu punika boten wonten tiyang kathah ing panggenan ngriku, mila boten saged anyembadani sima kakalih wau, boten dangu kadhattenan titiyang ingkang sami tandang tulung, kahahipun salangkung, punika sami angoyak dhateng sima, sarta angrebat lembu saking sima ananging sukuning lembu ngajeng kalih pisan sampun telas katedha ing sima, sarta singatipun satunggil sampun kabethot ing sima, anunten lembu karembat dhateng griyanipun ingkang gadhah, sanadyan taksih gesang, dumugi ing griya lembu lajeng pejah, sarehning ing waktu punika sampun peteng, mila titiyang boten saged angoyak sima kakalih, sareng enjingipun sima kaoyak ing titiyang kathah, ananging boten kapanggih, labetipun kemawon sampun boten wonten.

---

Kala ing tanggal kaping 9 wulan Juli punika Kanjeng Raden Adipati Ariya Danuningrat bupati sepuh ing Malang seda, andadosaken susah ing ganggalihipun ingkang putra, sapunikanipun ingkang sampun anggentosi, sarta andadosaken susah ing para putra sansipun tuwin santanaipun sadaya.

---

Loterei Arta

Andadosaken kauntungan komidhi ing Surakarta.

Tuhan C.Y.PanOgendhorep asuka uninga dhateng para tiyang ingkang badhe sam,i tumut main loterei arta, manawi taksih

saged pikantuk lot wonten ing griyanipun Tuwan Ogendhorep wau.

Terang saking para tuwan ingkng angereh komidhi Surakarta Katandhan Sakretarisipun Komidhi wau.

Tuhan C.L.Phanogendhorep.

=====  
Ingkang sami mendhet serat Jurumartani, kaaturan angintunaken arta kathahipun 9 rupiyah sumerep pangaos serat jurumartani wau ing dalem 9 wulan utawi 6 rupiyah ing dalem 6 wulan dhateng tuwan C.H.Jasprerss ing Surakarta, sarehning sapunika gampil piantuk Wesel kabayar ing kantor pos mila inggih gampil ngintunipun arta wau, sami kakintunaken wrat ing serat kabayar dening ingkang ngintunaken.

Katandhan Tuwan Dhegrotkolep en ko.

Pakalempakanipun main musik wonten komidhi ing Samawis.

Undhang-Undhang

Kanjeng Gupremen sampun angiliani dhateng pakalempakanipun main musik wonten komidhi ing Samawis adamel loterei yatra kathahipun 150000 rupiyah.

Kathahing lot 3000 iji, satunggil-tunggilipun regi 50 rupiyah.

Lot wau badhe kadamel saprapatan sartas tiyang kenging tumbas lot wetah, utawi sapalih tuwin saprapat lot.

Ing ngandhap punika pratelanipun launtungan ingkang medal saking loterei wau.

kauntungan ingkang kapisan ..... 50.000 rupiyah

kauntungan ingkang kaping kalih..... 25.000 rupiyah

kauntungan 1000 rupiyah 10 iji gunggung 10.000 rupiyah

Kauntungan 500 rupiyah 20 iji, gunggung..... 10.000 rupiyah

Kauntungan 300 rupiyah 40 iji gunggung..... 12.000 rupiyah

kauntungan 200 rupiyah 40 iji gunggung..... 8.000 rupiyah

yah

Wah malih nomering lot ingkang medal rumiyin  
sara ingkang medal wekasan satunggil-tunggilipun  
angsal ganjaran 1500 rupiyah, gunggung..... 3.000 rupi-  
yah

---

sadaya gunggung..... 150.000 rupi-  
yah

Sinten ingkang badhe tumbas lot sami akintuna serat dhateng  
para tuwan ingkang kasebut ing ngandhap punika, serat wau  
kedah kabayar dening ingkang angintunaken, panumbasipun lot  
mawi kabayar kenceng.

Ing Samawis dhateng tuwan Dhegroot Kolep en ko tuwin tuwan  
Y.G.Sedhering

Ing Batawi dhateng Tuwan G. Kolep en ko

Ing Surabaya dhateng Tuwan Timekolep en ko

Ing Salatiga dhateng Tuwan W.Igendherat

Ing Surakarta dhateng Tuwan F.H.Jaspres

Ing Ngayogyakarta dhateng Tuwan C.F.Philip.

Samongsa loterei wu sampun kamainanken ingkang gadhah lot  
wetah utawi papaliyan tuwin saprapatan ingkang kaleresan  
angsal kauntungan utawi ganjaran kenging anampeni arta  
pamenangipun saking Tuwan Y.G.Sedhering ing Samawis kawangan  
lami-laminipun ing dalem wolungdinten ananging tiyang wau  
amawi anedhahena sarta amangsulna lotipun punapa malih arta  
pamenangipun mawi kacengklong ing dalem satusipun 25 rupi-  
yah minongka dados kauntunganipun sakalempakan main musik ing  
komidi Samawis, menggah dinten pamainipun loterei badhe  
kalimrahaken ing tembe, pamainipun badhe kalampahan wonten  
ing Samawis katingalaken ing ngakathah mawi kjenengan dening  
Notaris.

Bilih sampun dumugi ing wawangen mangsanipun amainaken  
Loterei, mongka cacahing lot 3000 iji dereng pajeng sadaya,  
pamainipun loterei punika inggih badhe kalampahan ugi, anang-  
ing kathah ing arta kauntungan tuwin ganjaran badhe kasuda,  
katimbangkaliyan kathahing lot ingkang boten pajeng wau.

Ingkang sami ngereh pakalempakan main musik ing komidhi  
Samawis.

Katandhan tuwan H.H.Borel

Katandhan Tuwan Y.P.Ossenbriggen

Katandhan Tuwan Y.G. Sedhering Tesurir

Katandhan Termir Sekretaris.

---

Angka 18, 4 Agustus 1864

Ingkang sami amendhet serat Jurumartani manawi sami apitaken apunapa amawi abayar rumiyin sangaosing serat jurumartani wau, punika kaaturan serep manawi lampahipun ingkang sami amendhet serat pawartos basa walandi sapanunggilanipun sadya, punika sami ambayar rumiyin sangaosing serat serat pawartos wau, makaten ugi lampahing bayaranipun pangaosing serat jurumartani, inggih kedah kabayar rumiyin, mongka sapunika panampanipun serat jurumartani wau sampun wonten kawan wulan.

Menggah pangaosipun serat Jurumartanikados ingkang sampun kapratelakaken ing dalem satahun 12 rupiyah saerehning wiwitipun amedalaken serat jurumartani kala ing wulan April ingkang sampun kapengker, dados amung kaeetang sangang wulan pangaosipun 9 rupiyah, manawi 6 wulan 6 rupiyah.

Wasana ingkang sami mendhet serat jurumartani saha ingkang boten wonten ing salebetting nagari Surakarta, inggih ugi kaaturan serep, bilih pangintunipun arta sapunika gampil sanget sarta wau kabayarna dhateng kantor pos, manawi sampun lajeng kasukanan serat dening pos komis, serat punika kawasanan serat wesel dene serat wau kakintuna dhateng tuwan Jaspres ing Surakarta, ingkang dados kuwasanipun Tuwan Degrootkolep en ko supados arta punika kenginga katampenan dening tuwan Jaspres wau wonten ing kantor Surakarta.

Tuwan Dhegrotkolep en ko.

=====

Pawartos warni-warni

Kala tanggal kaping 2 wulan Juli punika redi Rangun ing tanah Bondawasa bawah Paresidhenan Basuki murub, wanci enjing pukul sanga ing ngawang-awng wiwit peteng, sareng pukul sawelas sangsaya peteng, awit saking petengipuning distrik Jembner salebetting griya tiyang ngantos boten sagedambakaken dandasaning griya, punapa dene ing waktu punika sajawining griya amambet walirang ngantos sanget, sarta kamirenganipun ing salebetting siti kados galudhug tebih, kala kaping 12 Juli redi wau taksih katingal poeteng dening kukus, dene kawah ing redi asring asring medalaken latu pating calorot, sarta jawah awu ingkang kathah dhawahipun punika wonten ing dhistrik Jember tuwin ing Sunakerta, ing payoning griya-griya tuwin ing wit-witan sapanunggilanipun ngantos sdariji kandeling awu, ananging boten adamel karisakaning tanem-tuwuh, wasana kala kaping 6 wulan Juli punika ing dhistrik Jember wau salebetting siti, kamirengan gumaludhuk boten kendel-kendel, sarta asra-asring karaos oreging siti.

=====

Pawartosipun manawi Mas Ngabei mangundiwirya, patih ing tanah bawah Samawis awit saking sampun.....ing padamelanipun ing dalem tigangdasa tahun akalayan temen-temen kakula wisudha minongka ganjaranipun dados Bupati wonten ing Grobogan.

=====

Ing Surabayawonten Maatrus jawi satunggil saking kapal sep

Brama, kagebagan tuwin kabandheman sela dening matrus sanesipun titiga ngantos kataton sangt, matrus wau badhe lumajeng boten saged pikantuk margi sanesipun kejawi anggebyur ing lepen mila kalampahan ambyur ing open ananging boten saged dumugi ing pinggir lajeng silem kaantawis saking sampun kathah anggenipun amedalaken rah, menggah jisimipun dereng kapanggih, dene ingkang anggebag i wau sami lumajeng, ananging kacepeng dening pulisi, lajeng kalebetaken ing kunjara.

=====

Wonten tiyang jawi satunggil saking dhusun Gondarasa dhistrik Majasari Paresidhenan Surabaya panuju saweg angrembang rosan kasronggot ing andhapan kenging kempungipun lajeng pejah ing sanalika. wondening panggenan ing ngriku wonten tiyang kaka-lih ingkang sami sumerep ananging boten saged atutulung.

=====

Pratandhaning pangadilanipun Gusti Allah

Kanjeng Raja Dhiyonisiyus ing Portegal akrama angsal Elisabet putranipun kanjeng raja Petrus ing Aragon, kanjeng ratu elisabet wau sakalangkung ayu warninipun, ananging warni ayu punika kalindhiih ing kautaman tuwin kawekelan.

Sanadyan kanjeng raja kathah kuciwanipun sarta boten maksud dhateng agaminipun inggih tansah agunggung ing kautaman tuwin kawekelaning garwanipun, mila ingkang garwa boten kaarubiru anggenipun anglampahi ibadah, ewa denten kanjeng ratu wau kaawonaken ing tiyang, malah ngantos andadosaken icaling katresnanipun kanjeng raja, menggah piawon wau kados ingkang kacariyos ing ngandhap punika:

Kanjeng ratu kagungan abdi jaler satunggal ingkang dipun sihi , sarta asring kautus apaparing dhateng titiyang miskin ingkang sampun kapratelakaken rumiyin satunggil-tunggilipun, mila asring kautus abdi wau, amargi sampun wonten teteladani-pun bilih abdi punika sakalangkung welas dhateng titiyang miskin, ing wekasanipun abdidale wau kapitadosan tuwin kaajenan dening kanjeng ratu. Wonten abdinipun kanjeng raja satunggil ingkang taksih enim ananging awon kalakuanipun,

punika merekaken sihipun kanjeng ratu ingkang dhumateng abdinipun wau, mila abdi punika kakaawonaken dhateng Kanjeng raja, ingkang apitados dhateng piawon wau, kalampahan andadosaken dudukanipun kanjeng raja dhateng abdidalem kakasihipun kanjeng ratu wau, mila karsanipun abdi punika kadhwahan amejahi.

Panuju satunggil dinten kanjeng raja ambubujeng dhateng wana, anglangkungi tobong ageng kadamel ambesmi sela gamping, nunten dhadhwah animbali dhateng ingkang nguwasanipun pambesmining sela gamping wau, sapunika sowan ing ngarsanipun sang nata, kadhwahan nyemplungaken abdi ingkang badhe kautus .....benjing enjing dhateng ing panggenan ngriku, mawi samudana amundhut wangslan bab parentahipun kanjeng raja ingkang sampun dhumawah, sareng enjingipun kanjeng raja angutus abdi kakasihipun kanjeng ratu dhateng ing panggenan ambesmi sela gamping wau, kautus pitaken dhateng ingknag nguwasanipun ing panggenan ngriku, punapa dhawahipun kanjeng

raja sampun linampahan, sanalika abdimngkat, sarehning wonten ing margi anglangkungi gareja, abdi wau kados ngadat lajeng lumebet ing gareja, badhe amirengaken pamaosipun Pendhita, bab lampah-lampahing agami, nunten amuji ing Gusti Allah wonten salebeting gareja, ngantos dangu anggenipun wonten ing ngriku, ing nalika samanten abdinipun kanjeng raja ingkang awon manahipun sampun amireng ingkang dados pangandikanipun kanjeng raja, lajeng ical kasabaranipun kedah badhe sumerep ing kadadosaning parentahipun kanjeng raja, amargi ing batos sakalangkung bingah anggenipun badhe kecalan konca ingkang dipun sengiti wau, mila lajeng lumampah dhateng panggenaning pambesminiun sela gamping, pikajenganipun badhe ayektosaken punapa dhawahipun kanjeng raja sampun linampahan, awit kawatos manawi ingkang nguwasanipun pambesmining sela gamping wau amedala kawelasanipun dhateng abdi kakasih wau punika.

Sareng ingkang nguwasanipun pambesmining sela gamping aningali abdinipun kanjeng raja ketebang-ketebang, rumaosing manah menawi abdi punika ingkang kadhwahakenkinen anyemplungaken ing tobong, mila nunten kacepeng lajeng kacemplungaken ing tobong, sanalika pejah kabesmi.

Boten antawis dangu abdinipun kanjeng ratu dhateng kacariyosan dening ingkang nguwasanipun pambesmining sela gamping bilih dhawahipun kanjeng raja sampun linampahan, abdi lajeng wang-sul asowan ing ngarsanipun sang nata, ingkang sakalangkung ngunguni galih, aningali abdi ingkang sampun kacipta pejah dhatengnunten ndangu dhateng abdi punika, punapa parentahipun sampun linampahan, wangslaning abdi, manawi dhawah dalem awit saking paturanipun ingkang nguwasanipun sela gamping sampun

kalampahan saestu, kanjeng raja sakalangkung ngungun tuwin kuwuring galih, ciptanipun bilih lalampahan makaten punika sampaun dados karsaning Gusti Allah, angukum dhateng tiyang ingkang awon, wasana kanjeng raja ayektosi, bilih kanjeng ratu resik ing galih, mila kanjeng raja ambalakakaken kalepatanipun dhateng kanjeng ratu, ingkang kapundhutan pangapunten, wiwit kala samanten kanjengraja sakalangkung rumesep dhateng kanjeng ratu, sarta lajeng angesahaken para abdi ingkang sami awon manahipun tuwin ingkang purun angicuk-icuk ing padamelan awon dhateng kanjeng raja.

---

Loterei arta minongka kauntunganipun komidhi ing Surakarta, badhe kamainaken benjing tanggal kaping 31 wulan Agustus ing ngajeng punika.

Titiyang taksih saged pikantuk lot wonten ing griyanipun tuwan C.L.Y.PenOgendhorep.

Terang saking para tuwan ingkang angereh komidhi ing Surakarta

Katandhan sekretarisipun komidhi wau

Tuwan C.L.Y.PenOgendhorep

---

Kanjeng tuwan ingkang wicaksana Guprenur Jendral sampaun anamtokaken ngantos kalilanipun ing tembe dening kanjeng raja, manawi para tiyang jawi ingkang gadhahi pikajengan

badhe pikantuk wuwulang, sami kalilan lumebet ing griya pamulanganipun kanjeng gupremen sadaya, panggenanipun amulang basa walandi, punika ingkang supados sami pikantuk kawuwulang wau.

---

Pakalempakanipun main musik wonten komidhi ing Samawis.

Undhang-Undhang

Kanjeng Gupremen sampaun angilani dhateng pakalempakanipun main musik wonten komidhi ing Samawis adamel loterei yatra kathahipun 150000 rupiyah.

Kathahing lot 3000 iji, satunggil-tunggilipun regi 50 rupiyah.

Lot wau badhe kadamel saprapatan sartas tiyang kenging tumbas lot wetah, utawi sapalih tuwin saprapat lot.

Ing ngandhap punika pratelanipun launtungan ingkang medal saking loterei wau.

kauntungan ingkang kapisan ..... 50.000 rupi-

yah  
kauntungan ingkang kaping kalih..... 25.000 rupi-  
yah  
kauntungan 1000 rupiyah 10 iji gunggung 10.000 rupi-  
yah  
Kauntungan 500 rupiyah 20 iji, gunggung..... 10.000 rupi-  
yah  
Kauntungan 300 rupiyah 40 iji gunggung..... 12.000 rupi-  
yah  
kauntungan 200 rupiyah 40 iji gunggung..... 8.000 rupi-  
yah  
Wah malih nomering lot ingkang medal rumiyin  
sara ingkang medal wekasan satunggil-tunggilipun  
angsal ganjaran 1500 rupiyah, gunggung..... 3.000 rupi-  
yah

---

sadaya gunggung..... 150.000 rupi-  
yah

Sinten ingkang badhe tumbas lot sami akintuna serat dhateng para tuwan ingkang kasebut ing ngandhap punika, serat wau kedah kabayar dening ingkang angintunaken, panumbasipun lot mawi kabayar kenceng.

Ing Samawis dhateng tuwan Dhegroot Kolep en ko tuwin tuwan Y.G.Sedhering  
Ing Batawi dhateng Tuwan G. Kolep en ko  
Ing Surabaya dhateng Tuwan Timekolep en ko  
Ing Salatiga dhateng Tuwan W.Igendherat  
Ing Surakarta dhateng Tuwan F.H.Jaspres  
Ing Ngayogyakarta dhateng Tuwan C.F.Philip.

Samongsa loterei wu sampun kamainanken ingkang gadhah lot wetah utawi papaliyan tuwin saprapatan ingkang kaleresan angsal kauntungan utawi ganjaran kenging anampeni arta pamenangipun saking Tuwan Y.G.Sedhering ing Samawis kawangan lami-laminipun ing dalem wolungdinten ananging tiyang wau amawi anedhahena sarta amangsulna lotipun punapa malih arta

pamenangipun mawi kacengklong ing dalem satusipun 25 rupi-  
yah minongka dados kauntunganipun sakalempakan main musik ing komidhi Samawis, menggah dinten pamainipun loterei badhe kalimrahaken ing tembe, pamainipun badhe kalampahan wonten ing Samawis katingalaken ing ngakathah mawi kjenengan dening Notaris.

Bilih sampun dumugi ing wawangen mangsanipun amainaken Loterei, mongka cacahing lot 3000 iji dereng pajeng sadaya,

pamainipun loterei punika inggih badhe kalampahan ugi, anang-ing kathah ing arta kauntungan tuwin ganjaran badhe kasuda, katimbangkaliyan kathahing lot ingkang boten pajeng wau.

Ingkang sami ngereh pakalempakan main musik ing komidhi Samawis.

Katandhan tuwan H.H.Borel

Katandhan Tuwan Y.P.Ossenbriggen

Katandhan Tuwan Y.G. Sedhering Tesurir

Katandhan Termir Sekretaris.

---

Angka 19, 11 Agustus 1864

EDISI INI DALAM KONDISI RUSAK BERAT ANCUR SEKALI  
Ingkang sami amendhet serat Jurumartani manawi sami apitaken  
apunapa amawi abayar rumiyin sangaosing serat jurumartani  
wau, punika kaaturan serep manawi lampahipun ingkang sami  
amendhet serat pawartos basa walandi sapanunggilanipun sadya,  
punika sami ambayar rumiyin sangaosing serat serat pawartos  
wau, makaten ugi lampahing bayaranipun pangaosing serat  
jurumartani, inggih kedah kabayar rumiyin, mongka sapunika  
panampanipun serat jurumartani wau sampun wonten kawan wulan.

Menggah pangaosipun serat Jurumartanikados ingkang sampun  
kapratelakaken ing dalem satahun 12 rupiyah saerehning  
wiwitipun amedalaken serat jurumartani kala ing wulan April  
ingkang sampun kapengker, dados amung kaeetang sangang wulan  
pangaosipun 9 rupiyah, manawi 6 wulan 6 rupiyah.

Wasana ingkang sami mendhet serat jurumartani saha ingkang  
boten wonten ing salebetting nagari Surakarta, inggih ugi  
kaaturan serep, bilih pangintunipun arta sapunika gampil  
sanget sarta wau kabayarna dhateng kantor pos, manawi sampun  
lajeng kasukanan serat dening pos komis, serat punika kawas-  
tan an serat wesel dene serat wau kakintuna dhateng tuwan  
Jaspres ing Surakarta, ingkang dados kuwasanipun Tuwan  
Degrootkolep en ko supados arta punika kenginga katampenan  
dening tuwan Jaspres wau wonten ing kantor Surakarta.

Tuwan Dhegrotkolep en ko.

=====

Kulawisudhan sapanunggilanipun.

Raden Mas Ariya Atmawijaya, Mayor Kapaleri Lesika M  
angkunegaran kaundur saking kalenggahanipun kalayan kurmat  
dening kanjeng Gusti Pangeran Adipati Ariya Mangkunagara.

Raden Mas Panji K.....(rusak)...Atmaja, Ritmester kapaleri  
Lesiyunka Mangkunagaran kakula wisudha dening kanjeng Gusti  
Pangeran adipati Ariya Mangkunagara dados mayor Kapaleri  
lesiyunka mangkunagaran.

Kanjeng Tuwan A.Dhek.....Asisten residhen ing Indramayu  
Paresidhenan Cirebonkaparingan pamit kalih tahun dhateng  
Nagari Walandi, amargi..... sakit

Kanjeng Tuwan C.Wigeres kala.....dados Residhen ing Cirebon  
sarta ingkang saweg wangsl saking pamit dhateng nagari  
Walandi, kakula wisudha dados Residen.....Prabalingga.

Kanjeng Tuwan C.C.Throm kalawa....sekretaris ing Parisidhenan  
Surabaya sarta ingkang saweg wangsl saking pamit dhateng  
nagari Walandi, kakula wisudha.....asisten residhen ing tanah  
kilen saubenge betawi.

---

Pawartos warni-warni.

Ing Batawi sapunikanipun wonten teteladanipun.....bab gugon  
tuhoniun titiyang jawi, kados ing ngandhap punika cariyosi-  
pun.

Tuwan Jonghun kala taksih gesangipun kaanggep dening titiyang  
jawi kados anglangkungi sasamining manungsa, sarta kakinten  
manawi asrawungan kaliyan iblis, sreng makaten kuburanipun  
Tuwan wau kadhudruk dening tiyang jawi, sarta tabelanipun  
kabikak, wekasan titiyang wau sami sumerep ig kayektosanipun  
manawi Tuwan Jonghun saestu pejah, menggah jisimipun boten  
kaarubiru, amargi titiyang wau ljeng sami sumerep manawi  
anggenipun gugon tuhon kalintu.

---

Ing Palabuha Prangkrik sapunikanipun adamel baita ingkang  
kawastanan baita srutu, amargi saking warninipun kados srutu,  
menggah dadamelan baita ingkang kados makaten punika, kayek-  
tosan bilih sakalangkung rikat lampahipun sarta prayogi  
kadadosanipun.

---

Cariyos ingkang satuhu amratelakaken bilih Kanjeng Gupremen

mendhet wah anyaekaken margi alit ingkang amung kenging kaambahi kapal wawratan saking tapel watesing Kedhu utawi ing Rejen dhateng ing Weleri, badhe kawiyarakken kenginga kawedalan ing Grobag, mila manawi katimbang saking kathahing pambektaning kopi medal ing margi punika, kathahipun 50000, dhacin sarta sarem kirang langkung saking 1200 koyan tuwin uwos sakalangkung kathah , punika para titiyang kedah sami angalembana kalayan binghaing manah dhateng pranataning Kanjeng Gupremen bab anyaekaken margi punika wau.

---

Eloking wawalesipun tiyang estri.

Kanjeng Raja Aleksis ing Ruslan boten sanes ingkang kagalih amung karaharjaning abdinipun mila abdi sadaya sakalangkung remen dhateng sang nata, panuju satunggil dinten kanjeng raja gerah sanget para dhukun ingkang sami kondhang ingkang saged dipun anjampeni, boten saged anyengangaken gerahipun sang nata, malah gerahipun sangsaya sanget, kala smanten ing nagari Ruslan sampun kuwatos manawi kanjeng raja boten saged senggang malih, anunten wonten undahng-undhang dhateng para abdi dalem ing Ruslan sabawahipun sinten kemawon ingkang gadhah seserepan dhateng jampi, katimbalan lumebet dhateng kitha ageng ing Moskwo, kapurih kacoba anjampeni sang nata, dene sinten ingkang saged anyengangaken gerahipun Kanjeng raja, badhekaganjar ingkang sakalangkung kathah, boten ngantos lami ing Moskwo kebak dhukun ingkang sami dhateng skaing pundi-pundi, pangajeng-ajengipun para dhukun wau, sageda anyengangaken gerahipun kanjeng raja, sarta pikantuka ganjaranipun ananging gerahipun sang nata malah sangsaya sanget andadosaken kuwatos tuwin susahing para abdi sadaya.

Wonten tiyang estri satunggil punika kasakitaken manahipun dhateng ingkang jaler, mila tiyang estri gadhah kaengetan badhe amales dhateng ingkang jaler, lampahipun wawales elok kados ing ngandhap punika cariyosipun.

Tiyang estri sowan dhateng ngarsanipun pangagenging nagari Ruslan aturipun dhateng pangageng wau bilih ingkang jaler

sumerep wawadosing jampi ingkang saged anyenggangaken gerahipun sang nata, boten mawi wonten sumelangipun, jampi wau manawi kaangge anjampeni kanjeng raja, mesthi boten cidra lajeng senggang, anangging ingkang jaler sanget kedah boten purun anjampeni gerahipun sang nata malah ingkang estri sampun kathah panggubel tuwin panguman-umanipun dhateng ingkang jaler supados anjampenana dhateng kanjeng raja, ananging tansah kekah kemawon boten purun anjampeni mila tiyang estri kalampahan sowan wonten ngarsanipun pangagenging nagari Ruslan amargi saking kuwatosingmanah, bilih kanjeng raja kalajeng seda, punapa dene amargi saking sakiting manah, bab boten purun anjampeni wau.Pangagenging nagari sanalika dadawah animbalii dhateng bojonipun tiyang estri, sareng punika sowan lajeng kaum.....sakalangkung sanget dening pangagenging nagari prakawis anggenipun boten praduli dhateng panjenengan sang nata, ingkang sakalangkung utamini-pun tuwin kapundha-pundhi ing para abdi sadaya, nunten kaancama.....kaukum manawi taksih kekah anggenipun boten purun anjampeni sang nata, pangandika pangagenging nagari wau bilih saged anyenggangaken kanjeng raja punika bahde andadosaken jalanan saged pikantuk pangapunten, tiyang wau sakalangkung gumun amireng pangandikanipun pangagenging ingkang kados makaten wangulanipun manawi kalintu anggenipun amestani dhukun dhateng jampi sayektosipun dede dghukun sarta boten gadhah seserepan sakedhika dhateng .....malih boten sumerep jampinipun ingkang saged anyenggangaken gerahipun kanjeng raja, manawi jampi wau, amesthi sampun rumiyin rumiyin sowan wonten ing ngarsanipun pangagenging .....anjampeni gerahipun sang nata.

Sanadyan aturipun tiyang wau leres tuwin temen-temen pangagenging nagari boten apitados malah kagalih amargi saking anggenipun boten purun kemawon anjampeni dhateng sang nata, nunten kabawayan malih dening pangagenging nagari, kinan anjampeni kanjeng raja, sarta kaancam mancam manawi taksih kekah ing pamponipun badhe tami pidudukanipun pangagenging nagari wau, anananging tiyang punika tansah taksih kekah ing pamponipun wekasnipun pangagenging nagari anglampahaken para priyantun ingkang sami nyepeng pangadilan, kapurih angrembag bab paukumanipun tiyang ingkang sumerep wadosing jampi ingkang saged anyenggangaken gerahipun kanjeng raja, mongka boten purun anjampekan para priyantun ingkang nyepeng pangadilan wonten sawatawis ingkang sami angrujuki dhateng paukuman pejah, wonten sawatawis malih ingkang rujuk dhateng ukuman gebag, tiyang wau kagebagana saben dinten

ngantos amedharaken ingkang dados wadosing jampinipun sang nata, ing wekasan paukuman gebag punika ingkang kalampahaken, tiyang wau lajeng kasapu sareng sumpun kabekta dhateng ing kunjaran enjingipun inggih ksapu malih.,

Sareng sumpun kasapu kalih dinten ingkang kapisakitan apia-taken punapa ingkang dados pratandha piyambakipun ingkang anggep dhukun, nunten kaserepaken bilih saking paturaning bojonipun piyambak ingkang boten wonten sumelangipun, sanalika ingkang jaler sanget nepsu, sarta angancam-ancam dhateng bojonipun badhe kawales bab anggenipun sumpun anglampahi kasakitan awwit saking padamelanipun ananging titiyang sami amanah, manawi anggenipun nepsu wau awit saking kaduwungipun badhe amedharaken wawadosing jampi wau, mila lajeng kasapu langkung dangunipuntuwin sanget, sareng badhe kasapu ing tigang dintenipun sarta ing waktu punika kasanjangan manawi badhe boten sumpunana anggenipun anyapu, ngantos amratelakaken ingkang dados swadosing jajampi, kala samanten tiyang ingkang kasakitan lajeng anyagahi, badhe anjampeni dhateng sang nata, ananging anedha inah kaawanwelas dinten, supados sageeda amernek ingkang dados jampinipun, panyuwunipun inah wau kalilan dening pangagenging nagari sareng sumpun tiyang wau lajeng anglempakaken sawarnining thuthukulan ingkang wonten sapinggairing lepen thuthukulan wau badhe kagodhog supados kadamel siram dhateng sang nata.....sanipun sang nata lajeng senggang, anddosaken gumuning manahipun tiyang kang paring .....dene jampinipun saged anyenggangaken gerahipun sang nata,wasana tiyang wau angsal ganjaran mawi kadhawan pilih piyambakipun purun -purun anganiaya dhateng ingkang estri lan kasapu malih kados ingkang sumpun kalampaahan, amargi para abdi sadaya .....bilih sanggangipun sang nata punika jalaran saking bojonipun.

[.....]: rusak sekali

Angka 20, 18 Agustus 1864

Pawartos warni-warni

Surabaya kaping 3 AGustus 1864. Wonten tiyang jawi satunggil agigriya ing kampung Ampel dhistrik Kota, punika sasampunipun sembah hyang lajeng tilem wonten ing ngamben, semahipun sareng sumerep manawi ingkang jaler tilem wonten ing ngamben nunten kagugah, ananging ingkang jaler wau boten saged ebah, tuwin boten enget amung mriatipun kemawon taksih meleksarta asring-asring kaeremaken, ingkang estri boten sakeca manahi-pun sanalika lajeng angundang dhukun, ananging jampining dhukun boten saged kalebet amargi cangkemipun sampun kancing, kathah kemawon tarekahipun ambikak cangkem wau, ananing tansah kancing kemawon, ngantos pitung dinten tiyang punika boten anedha tuwin boten ngombe, wasana dipun kutugi dening dhukun, ananging boten saged saras, sareng sampun angsal kalih dinten lajeng pejah.

=====

Wonten pawartosipun manawi raja ing Siyam saking anggenipun papara medal ing tanah jawi, punika krs badhe tindak dhateng Samawis, pinten laminipun anggenipun badhe kendel wonten ing Samawis punika dereng tamtu.

=====

Ambon kaping 11 Juli 1864 kala wulan ingkang sampun kalampa-han ing Ambon ambidhalaken prajurit dhateng pulau Seram tuwin anggebag kampung ing tiyang alapuru ing Maraunu. Titiyang alapuru wau sami mopo, angaturi pamundhutipun Kanjeng Gupremen tetempah, bab anggenipun sami angethoki sirah ing titi-yang, ing dalem kawanwelas dinten para prajurit sampun wang-sul, dene kadadosanipun bilih rajanipun akanthi rencang sadasa ing sapunika sami lumajeng mangidul wasana lajeng kacepeng dening kanjeng tuwan Asisten Residhen Niwenassen ing Saparuwah.

=====

Pawartos saking Dhitslan wonten titiyang sadherek titiga wedalan ing Dhitslan sami dadosgrap sadaya, punika titiga pisan angabdi dados militer, ingkang sepuh piyambak awicanten dhateng Onderopsir satunggil bilih piyambakipun salamining gesang boten purun kekerengan kalayan Kestul. Amargi kaawisan ing agaminipun, pawicantenan punika kamirengan ing kumendha-nipun ingkang lajeng dhadhwah animbal i dhateng sadherek

sepuh piyambak wau, ingkang kala samanten sampun dados litnan sareng sowan wonten ing ngarsaning kumendhan lajeng kaangu, punapa yektos ingkang dados wicantenipun manawi boten purun akekekrengan kalayan kestul awit saking lampahing agaminipun, Litnan angakeni, sasampunipun sadherek kakalih sami katimbalan dening Kumendhan inggih kadangu, punapa boten purun ugi kekerengan kaliyan kestul amargi saking lampahing agaminipun, wangsulanipun sadherek kakalih wau inggih sami kados ingkang raka, sareng makaten kumendhan dhadhwah anglebetaken ing serat ingkang dados paturanipun, sadherek titiga inggih sami angleksanani, sareng sampun kumendhan lajeng anglapuraken

dateng pangagengipun, kadadosanipun sadherek titiga sami kaundur saking kalenggahanipun.

---

Sumur Umbul ingkang saweg sapisan wonten ing Surakarta.

Awit panjenenganipun ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan Pakubuwana ingkang kaping IX, ing salebetung kadhaton wonten sumur umbul, menggah ingkang kagungan panggalih rumiyin badhe yasa sumur umbul punika swargi ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan Pakubuwana ingkang kaping VII.

Awit saking pitedahipun Kanjeng Tuwan Jendral Bisken ingkang waunipun dados wakil Residhen ing Surakarta, pangebring sumur umbul wau kajibahaken dhateng tuwan Tessen Arsitet Irsteklas ingkang sampun pensiun, Tuwan Tessen punika kala waunipun dados bau mister wonten ing Ambarawa laminipun langkung saking tiga likur tahun.

Amargi saking kikirangan sawatawis pangeburung sumur umbul wau saweg kawiwitan kala kaping 20 Juni ing tahun 1863. Kala kaping 30 April ing tahun punika pangeburipun wau kakendelaken amargi ngentosi dhatenging srumbung ingkang alit-alit, ing waktu punika lebeting sumur wolung dasa gangsal Lo Nederlan utawi meh 270 kaki rilan, sarta amedalaken toya ingkang sakalakung sae kadamel angunjuk kathahipun ing dalem sadinten sadalu sakethi Eka Netherlan.

Ing sapunikanipun Ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan karsaha yasani sumbur umbul malih wonten panggenan celak ing Masjid Ageng, pangintenipun para titiyang, manawi boten wonten sumelanging manah, bilih karsa dalem ayasa sumur umbul wau teteladhanipun prayogi badhe katurut dening ingkang sinuhun kanjeng Sultan ing Ngayogyakarta, tuwin Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Ariya Mangkunagara ing Surakarta, saha Kanjeng Gusti Pangeran Adiati Ariya Pakualam ing Ngayogyakarta, andadosaken kurmatipun ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan tuwin ingkang Sinuhun Kanjeng Sultan Punapa dene kurmatipun Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Ariya Mangkunagara Tuwin Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Ariya Pakualam sarta andadosaken kauntunganipun para titiyang alit.

Sanajan sitining kang ngandhap ing Surakarta saweg kaserepan sakedhik boten wonten kuwatosipun manawi tiyang purun ngebur damel sumur umbul enggal wonten ing panggenan celak sumur umbul ingkang sampun dados wau, kaebur lebetipun 270, kaki rinlan sarta saged amedalaken toya ing dalem sadinten sadalu sakethi Ekan Nederlan, awit panggenan ingkang badhe kadamel sumur enggal wau langkung andhap kaliyan panggenanipun sumur umbul ingkang sampun dados kaotipun kirang langkung saking 2 1/2 Elo utawi 8 kaki wondening kathahing toya ingkang medal ing dalem sadinten sadalu saben kirang mawi-mawi anggenipun anglangkungi inggiling wedalipun toyakalayan srumbung. Manawi badhe damel sumur embul enggal, punika kapratelakaen rumiyin bilih wrageatipun sumur umbul ingkang wonten salebet-

ing kadhaton kados ing ngandhap punika.

Laming padamelanipun 2014 jam utawi 290 dinten ing dalem sadintenipun anyambut damel 6 ngantos 7 jam dene ingknag sami anyambut damel sadaya ing ngandap punika: Pandhe 528, tiyang satunggilipun kabayar 70 dhuwit gunggung 439 rupiyah tembagi langkung 60 dhuwit.

Mandhor 314, tiyang satunggilipun kabayar 50 dhuwit gunggung 157 rupiyah tembagi.

Kene 1282, tiyang satunggilipun kabayar 40 dhuwit gunggung 872, rupiyah tembagi langkung 80 dhuwit.

Glidhik 100, tiyang, tiyang satunggilipun kabayar 25 dhuwit gunggung 25 rupiyah tembagi, dados gunggung sadaya bayaranipun 1414 rupiyah tembagi langkung 40 dhuwit utawi, 1245 rupiyah pethik langkung 40 dhuwit.

Padamelanipun rumiyin gudhang pandheyan tuwin sanesipun 2707 rupiyah langkung 79 dhuwit.

Atumbas tosan wonten ing Surakarta, 3486 rupiyah langkung 32, dhuwit.

Saking nagari Walandi pirantos bor tuwin srumbung tigang warni kalih setel agengipun wonten ingknag kirang langkung saking 8, 7, tuwin 6 dim rinlan, sasetelipun ingkang regi kirang langkuing saking 3000 rupiyah kaetanga manawi wonten ingkang risak kalanipun kaangge kirang langkung 400 rupiyah saking pengaosing kirang langkung 4000 rupiyah.

Srumbung enggal ingkang langkung alit tuwin bur, ameling dhateng Surabaya regi 3000 rupiyah balanjanipun ingkang amriksani pandameling sumur wau, ing ngriku-ngriki sanes kaetanga kemawon ing dalem kalih welas wulan laminipun 480 rupiyah kawewahan ing wragad manawi pangeboripun langkung dening kalebetaken tuwin manawi wonten pakewed sapanunggalanipun kenging kaetanga manawi adamel sumur umbul ing Surakarta wragadipun mboten langkung saking kalih leksa rupiyah.

Wondening pirantos bur wau manawi sampun damelipun taksih kenging kaangge angebur sumur enggal malih.

Celaking Paris kithaning ageng ing nagari Prangkrik dereng lami angebur sumur satunggil ingkang lebnetipun kalih ewu kaki, wragadipun telas gangsal kethi rupiyah, sumur punika amedalaken toya kathahipun wolua yuta Ekan Nederlan ing dalem sadinten sadalu.

Katandhan Omelah.

---

Pakalempakanipun main musik wonten komidhi ing Samawis.

Undhang-Undhang

Kanjeng Gupremen sampun angiliani dhateng pakalempakanipun main musik wonten komidhi ing Samawis adamel loterei yatra kathahipun 150000 rupiyah.

Kathahing lot 3000 iji, satunggil-tunggilipun regi 50 rupiyah.

Lot wau badhe kadamel saprapatan sartas tiyang kenging tumbas lot wetah, utawi sapalih tuwin saprapat lot.

Ing ngandhap punika pratelanipun launtungan ingkang medal saking loterei wau.

kauntungan ingkang kapsian ..... 50.000 rupi-

yah

kauntungan ingkang kaping kalih..... 25.000 rupiyah  
kauntungan 1000 rupiyah 10 iji gunggung 10.000 rupiyah  
Kauntungan 500 rupiyah 20 iji, gunggung..... 10.000 rupiyah  
Kauntungan 300 rupiyah 40 iji gunggung.....12.000 rupiyah  
kauntungan 200 rupiyah 40 iji gunggung..... 8.000 rupiyah  
Wah malih nomering lot ingkang medal rumiyin  
sara ingkang medal wekasan satunggil-tunggilipun  
angsal ganjaran 1500 rupiyah, gunggung..... 3.000 rupiyah

---

sadaya gunggung..... 150.000 rupiyah

Sinten ingkang badhe tumbas lot sami akintuna serat dhateng para tuwan ingkang kasebut ing ngandhap punika, serat wau kedah kabayar dening ingkang angintunaken, panumbasipun lot mawi kabayar kenceng.

Ing Samawis dhateng tuwan Dhegroot Kolep en ko tuwin tuwan Y.G.Sedhering

Ing Batawi dhateng Tuwan G. Kolep en ko

Ing Surabaya dhateng Tuwan Timekolep en ko

Ing Salatiga dhateng Tuwan W.Igendherat

Ing Surakarta dhateng Tuwan F.H.Jaspres

Ing Ngayogyakarta dhateng Tuwan C.F.Philip.

Samongsa loterei wu sampun kamainanken ingkang gadhah lot wetah utawi papaliyan tuwin saprapatan ingkang kaleresan angsal kauntungan utawi ganjaran kenging anampeni arta pamenangipun saking Tuwan Y.G.Sedhering ing Samawis kawangan lami-laminipun ing dalem wolungdinten ananging tiyang wau amawi anedhahena sarta amangsulna lotipun punapa malih arta pamenangipun mawi kacengklong ing dalem satusipun 25 ruipi-

yah minongka dados kauntunganipun sakalempakan main musik ing komidhi Samawis, menggah dinten pamainipun loterei badhe kalimrahaken ing tembe, pamainipun badhe kalampahan wonten ing Samawis katingalaken ing ngakathah mawi kjenengan dening Notaris.

Bilih sampun dumugi ing wawangen mangsanipun amainaken Loterei, mongka cacahing lot 3000 iji dereng pajeng sadaya, pamainipun loterei punika inggih badhe kalampahan ugi, anang-ing kathah ing arta kauntungan tuwin ganjaran badhe kasuda, katimbangkaliyan kathahing lot ingkang boten pajeng wau.

Ingkang sami ngereh pakalempakan main musik ing komidhi Samawis.

Katandhan tuwan H.H.Borel

Katandhan Tuwan Y.P.Ossenbriggen

Katandhan Tuwan Y.G. Sedhering Tesurir

Katandhan Termir Sekretaris.

---

Angka 21, 25 Agustus 1864

Kulawisudhan sapanunggilanipun.

Kanjeng Tuwan Y.M.Panmerkesetin kala waunipun dados sekretaris Paresidhenan ing tanah Borneyo sisih kilen ingkang dereng lami mentas wangslu saking pamit dhateng nagari Walandi, ing mangke kakula wisudha dados Asisten Residhen tuwin Magistrat ing Makasar.

Tuwan Mayor C.M.E.Phandhedhenmer, awit saking panuwnipun anggenipun dados Mayor kalayan kurmat mawi kaparingan pensiun saha pangkatipun Letnan Kolonel tituler.

=====

Pawartos warni-warni

Padamelan margi kareta asep ing Samawis dhateng Surakarta tuwin Ngayogyakarta sapunikanipun kagelak kalayan tumemen boten mawi kendel, menggah ingkang sami anyambut damel ing margi wau langkung saking tiyang 1700, sarta sampun lebih sanget salajengipun margi medal ing saantawisipun rawi-rawi anrajang wana.

=====

Cariyos ingkang saking Tuban anyariyosaken kados ing ngandhap punika:

Kala kaping 28 wulan Juli ingkang sampun kapengker titiyang ing Tuban sampun sami kuwatos ing manah, bab wontenipun lindhu ngantos rambah kaping gangsal, mawi sabawa gumrubug ing sangandhaping siti, menggah ebah-ebah ing siti ingkang kapisan wanci enjing pukul sadasa, ingkang kaping kalih wanci dalu pukul satengah kalih welas, ingkang kaping tiga, sakawan tuwin kaping gangsalipun wanci dalu pukul satengah satunggil, ebahing siti karaos sanget sarta dangunipun gangsal sekondhe, dandosan griya ingkang gumantung sami mobnat mabit, dene ebahing griya ngantos kori, jandhela tuwin gendhengipun sami mungel kumretek.

Wondening ebahing siti ing waktu punikaelok sanget sanes kados ingkang rumiyin rumiyin, amargi siti ingkang ebah amung swatawis gangsal wonten ing dhistrik Rengel mila kakinten

manawi ebah ing siti wau saking redi-redi ing Tuban, para redi ing Tuban sapunika manawi katimbang kaliyan redi redi ingkang medalaken latu ing tanah Jawi inggilipun sapele saking saganten, ewadenten redi redi ing Tuban punika anganeh-anehi awit saking kathah ing guwa-guwanipun ingkang kenging kasamekaken kados kawah ing redi ingkang sampun ical urubipun, menggah ing redi-redi Tuban punika kathah sanget padhasipun, bilih kapendhet saking ungeling siti manawi kawedalan ing kareta wonten ing margi ageng ing Tuban dhateng ing Bojanagara, kakinten manawi salebetung siti kathah growonganipun, wasana ebahipun siti sawatawis saking ler mangidul.

---

Ing Osterik kala ing wulan Mei ingkang sampun kapengkerwon ten tiyang pejah umuripun 132, tahun, kala ing tahun 1756, tiyang wau tumut perang pitung tahun wonten ing Dhitslan, sabakda-nipun perang nunten arabi, ananging semahipun pejah boten ngantos patutan, sareng ngumur 107 tahun arabi malih angsal tiyang estri ingkang ngumur 19 tahun sarta patutan kalih kaliyan tiyang estri wau, jaler satunggil estri satunggil, ingkang jaler sapunika umur 25 tahun , tiyang wau dumugi ing pejahipun taksih sae kaengetanipun sarta sal;aminipun gesang dereng nate sakit sapisan kemawon.

---

Ing Englan angumbulake ting alit satunggil ingkang kacepengan ing tiyang kalih dasa, titiyang wau sami kirang pangatos-atosipun amargi tangsuling ting wonten ingkang katangsulaken ing bau utawi ing ngawakipun supdos langkunga kuwat anggenipun anyepengi tangsul, sareng ting saweg malendhung sawatawis lajeng amumbul boten saronta, dene tiyang kalih dasa wau katutipun bekta mumbul, ananging panuju bgja ting wau katangrok lajeng suwek dhawah ing ngandhap, andadosaken luwaring para tiyang wau saking anggenipun badhe papara wonten ing ngawang-awang, tiyang kakalih ingkang sami kataton sanget ngantos kakinten badhe pejah.

---

Ing tanah Walandi wonten lalampahan ingkang anedhahaken bilihrare punika boten kenging dipun pitados, kados ing ngandhap punika cariyosipun.

wonten rare kakalih ingkang sami umur kirang saking gangsal tahun, rare kakalih wau sami dolan wonten ing kandhang menda ingkang suweng,. Sareng ingkang gadhah kandhang menda panuju langkung ing ngriku, aningali manawi rare ingkang satunggil dipun gantung dening rare satunggilipun ingkang kaot sepuh, sanalika tiyang wau anguculi rare ingkang kagantung, sarta kabekta dhateng ing salebeting griya, wonten ing ngriku rare wau lajeng enget, ingkang punika pangajeng-ajengipun para titiyang ing ngriku rare wau sageda gesang malih.

=====

Pawartos ingkang saking tanah Prangkrik amratelakaken manawi dereng lami wonten tikus lumebet dhateng patilemanipun rare taksih alit, darijinipun rare sadaya, tuwin kupingipun sapalih telas kakrikitan ing tikus wau.

=====

Kanjeng raja Aleksander ing Ruslan manawi ameng-ameng, atindaka utawi nitih kareta saben kaetut wingking dening kalangan dalem sagawon cemeng ageng, ingkang wedalan saking Phinlan, sagawon punika sakalangkung tumaketipun dhateng kanjeng raja, sarta boten nate pisah, makaten ugi kanjeng raja inggih katingal sakalangkung remenipun dhateng sagawonn wau boten kenging katilapan sakedhap kanjeng raja lajeng kuwatos ing ggalih, asring kemawon para titiyang sami mireng swaranipun kangjeng raja animbali dhateng sagawon punika, menggah ageng-

ing sagawon sami kaliyan Sima barong ingkang taksih nem, sarta tutut kadamel dolanan dhateng para pangeran ingkang taksih sami timur, asring kemawon titiyang sami angemu kuwatos bilih para pangeran timur wau kabanting dening sagawon ingkang rumeksa dhateng panjenenganipun sang nata.

=====

Pawartos ingkang medal saking telegrap anyariyosaken manawi kala tanggal kaping 25 Juni ingkang sampun kapngker, kanjeng raja ing Wirtembureg tanah Dhitslan seda wonten ing kitha Satutgar. Ing sanalika kanjeng tuwan Phanwik Erlin ingkang dados rat tuwin sekretarisipun knjeng ratu garwanipun kanjeng raja, sareng mireng bab sedanipun kanjeng raja wau, gepah bidhal dhateng kalangenanipun kanjeng raja ing lo, dening kanjeng ratu sahabdinipun wanci pukul kalih siyang inggih lajeng bidhal saking ing Lo dhateng Satutgar.

Wondening ingkang anggentosi panjenenganipun sang nata, punika kanejng pangeran adipati Karel Predherik Aleksander, ingkang miyos kala kaping 6 wulan Maret 1823, kala kaping 12 Juli ing tahun 1840, Kanjeng Pangeran Adipati wau akrama angsal putri ing Ruslan anama Olgah Nikolenah, putranipun swargi kanjeng raja Nikolas ingkang kaping 1 ing Ruslan.

=====

Wonten Pujongga anama Tuwan Dresse, pejah wonten ing tanah Wlandi, punika gadhah weweling nalika taksih gesangipun, manawi pejah kinen ambedhel, sareng kalampahan kabedhel lajeng tetela manawi manahipun ing salamining ngagesang boten wonten ing panggenanipun ingkang leres limrahing ngakathah, manah wau dumunung wonten salebetung gembung ingkang sisih tengen dene pejahipun boten saking jalaranipun dumununing manah wau wonten ing panggenan ingkang boten limrah ing titiyang kathah.

=====

Ngantos sapriki dereng kaserepan bilih ampasing rosan agadhadh wawatek ingkang pantes kamanah, dene ingkang sampun kaserepan bab kanggenipun ampas wau amung kabongkokan kadamel kajeng besmi, utawi kadamel tatedhaning kwan.

Lalampahan kapanujon kados sampun kathah lalampahing pamanggih saking saserepan, dereng lami wonten tiyang sumerep wawateking ampas Rosan, ing salaminipun tiyang boten gadhah panginten manawi ampas wau gadah wawatek ingkang kados makaten, mila salajengipun manawi anetepi ingkang dados panyoba, Rosan punika boten amung anyukani gendhis ing ngakathah kemawon inggih badhe andadosaken jampi ingkang sakalangkung sae, kados ing ngandhap punika cariyosipun:

Sawatawis wulan laminipun tuwan dhokter Torsetaon katimbalan dhateng parentah, kapurih amriksani jisiming tiyang jaler ingkang kapanggih kaurugan ing ngampas rosan, sareng kaprik-

san'an tuwan dhokterwau sakalangkung gumunipun manawi jisim  
boten wonten ambetipun tiyang pejah, sarta boten amalembung  
malah garing, Pamanggihing saserepan punika tuwan dhokter ing  
waktu punika dereng purun anyariyosaken ananging sanalika

angempakaken panyoba, amendhet bathang kewan kaurugan anang-ing sanalika angempakaken panyoba, amendhet bathang kewan kaurugan ing ampas Rosan kadadosanipun pamanggih wau kayektosan.

Sareng tuwan dhokter sampun tetep ing pamanggihipun wau, manawi sumuking ampas Rosaningkang taksih enggal dados hawa resik tuwin panulaking karisakan, mila tumunten amanah kang-gening Rosan kadamel jampi panulaking sasakit ambah-ambahan tuwin sasakit ingkang anulari, sarta kalimrahaken dados jampi.

Kala samanten ing griya sakit kathah tiyang sakit ingkang sami gadhah sasakit kadhas-kudhis tuwin sasakit awoningkang nguwatosi, sarta anunulari, tuwan dhokter nunten aken amendhet tong sawatawis kaisenan ing ngampas Rosan dipun dekekaken wonten ing salebetung griya sakit sarta asring asring kasan-tunan enggal.

Boten ngantos dangu hawaning griya sakit dados resik, sasakit awon ingkang nguwatosi sarta nunulari wau ical, boten wonten titiyang ingkang katularan ing sasakit punika, anjawi saking ingkang sampun gadhah sasakit awon ingkang nguwatosi saderengipun ing griya sakit kadekekan ampas Rosan.

=====

Ing tokonipun Tuwan Dhegrootkolep en ko ing Surakarta tiyang saged pikantuk lading panyukuran damelan Inggris lading Pangaretan pirantos panyeratan kadosta kertas kalam mangsi sapanunggalanipun tindhuh serat mawi jam, punapa malih arloji mas tuwin pethahk an sadaya sae lampahipun sarta rante erloji mas.

Barang-barnag punika kawade sakalangkung mirah reginipun bayar kenceng.

=====

Loteri arta minongka kauntunganipun komidhi ing Surakarta.

Pamainipun loterei arta kaunduraken malih awit saking wonten pambenganipun sawatawis, ananging boten kenging boten kedah kamainaken ing dinten Rebo kaping 28 wulan September ing ngajeng punika, wonten ing griya komidhi pukul sanga enjing. Wondening lot wetah tuwin lot paliyan tiyang taksih saget pikantuk wonten ing griyanipun tuwan C.L.Y.PanOndhendhorep. Terang saking para tuwan ingkang angereh komidhi ing Surakarta. Katandhan Sakretarisipun Komidhi wau. Tuwan C.L.Y.Panondhendhorep.

=====

Ingkang kasebut ing serat Jurumartani kala kemis kaping 18 Agustus punika bab balanjanipun ingkang mriksani pandameling sumur umbul kapratelakaken 480 rupiyah ing dalem kalih welas wulan punika lepat leresipun 4800 rupiyah ing dalem kalih welas wulan.

=====

Angka 22, 1 September 1864

Kulawisudhan Sapanunggilanipun.

Ingkang kasebut ing serat kakancinganipun kanjeng Tuwan  
ingkang wicaksana Guprenur Jendral ing Nederlan Indiya,  
katitimangsan kaping 18 wulan Agustus 1864, angka 1a, sampaun  
andadosaken sarengipun Kanjeng Raja, Kanjeng Tuwan Mister  
H.C.Phanderwik Litrat Luhur ing Nederlan Indiya, awit saking  
panuwunipun piyambak ing mangke kamantunan kalayan kurmat  
saking anggenipun dados Litrat Luhur ing Nederlan Indiya,  
mawi katamtokaken taksih anglampahana ing padamelanipun  
ngantos manawi sampaun wonten ingkang anggentosi.

---

Kala ing dinten Kamis kaping 22 wulan Mulud ing tahun Wawu  
angka 1793, awit saking karsanipun ingkang sinuhun Kanjeng  
Susuhunan ing Surakarta, Raden Mas Mayor Ariya Kusumanagara,  
Abdi dalem Mayor Ajidana prajurit dalem jawi lebet kaangkat  
dados abdi dalem Litnan Kolonel prajurit dalem jawi lebet  
sadaya, mawi kapatedhan nama raden mas Litnan Kolonel Ariya  
Cakrawinata.

Raden Mas Kapitan Kudanaratphada, Rit Mister Prajurit Dalem  
Tamtama, kaangkat dados Mayor prajurit dalem tamtama, kapatedhan  
nama Raden Mas Mayor Ariya Pringgawinata.

Raden Mas Mayor Ariya Danu Winata, Mayor Prajurit Dalem  
Jayengastra, kaangkat dados Mayor Prajurit dalem miji pilih,  
taksih anama Raden Mas Mayor Ariya Danuwinata.

Raden Mas Panji Jayeng Kusuma, Kapitan Nem Prajurit Dalem  
Tamtama, kaangkat dados Mayor Prajurit dalem Jayengastra,  
kapatedhan nama Raden Mas Mayor Ariya Bratawinata.

Raden Mas Kapitan Trunakusuma, Kapitan ajidan kaangkat dados  
mayor Prajurit Dalem Trunasura, Kapatedhan Nama Raden Mas  
Mayor Ariya Ranu Winata.

Raden Mas Mayor Ariya Wirya Winata, Mayor Prajurit dalem  
Jayasura, kaangkat dados Mayor Prajurit dalem Jaya Tetona,

taksih anama Raden Mas Mayor Ariya Wirya Winata.

Raden Kapitan Jayapremadi, kapitan prajurit dalem Jayataka,  
kaangkat dados Mayor Jayataka, kapatedhan nama Raden Mayor  
Jayawinata.

Raden Mayor Suralaya, ingkang wau Mayor Prajurit dalem kawandas  
cemeng, kakangkat dados Mayor Prajurit Dalem Jayasura,  
kapatedhan nama Raden Mayor Kertawinata.

Raden Mayor Surawinata, Mayor Prajurit dalem Trunasura,  
kaangkat dados Mayor Prajurit dalem Jagapraja, taksih anama  
Surawinata.

---

#### Pawartos warni-warni

Surabaya kaping 24 Agustus 1864, wonten cariyosipun satuhu,  
manawi Kanjeng Gupremen sampun amaringi lilah dhateng tuwan  
Kwai tuwin tuwan Esuse, adamel margining kareta asep ingkang  
karetanipun katarik ing kapal wonten saantawisipun tanah  
Malang kaliyan pasuruwan kadamel tumpakaning titiyang manawi  
kekesahan tuwin ambekta barang-barang, mawi katamtokaken  
manawi margi kareta asep wau badhe kapaosaken dumugi ing  
Surabaya, punika para tuwan kakalih wau badhe kapikantukaken  
lilah rumiyim akaliyan titiyang sanesipun.

---

Cariyos ingkang saking timur Kupang, anyariyosaken bilih ing  
Timur Kupangkikirangan uwos, manawi boten angel kadhatengan  
uwos saking sajawining tanah ngriku, para tiyang sami kuwa-  
tos bilih badhe boten wonten ingkang katedha.

---

Para tuwan ingkang sampun kalilan adamel margining ambekta  
barang-barnag tuwin pamedaling siti saking Samawis dhateng  
ing Malang, tuwin skaing Malang dhateng Ngayogyakarta,  
punika Tuwan W.Koresdhepris Tuwan Mister, F.Altimis, Tuwan

Jonghir Mister, F.Yuniyupanemer, tuwan Y.Panmanen, tuwan  
F.G.Setik tuwin Tuwan Y.A.Setok.

---

Ing dhusun Wiyara bawah Ngayogyakarta wonten tiyang estri  
ingkang sampun gadhah bojo, manawi kaetang saking anggenipun  
alaki dereng dumugi ing laminipun sampun patutan anak sanga-  
kaliyan ingkang jaler, sapunikanipun anak sanga wau ingkang  
gesang nenem, ing waktu punika tiyang estri wau amratelakaken  
pikajenganipun dhateng dhukunbilih salajengipun boten  
purun amanak malih, nunten dhukun anyukani isyarat jampi,  
wetengipun tiyang estri kaurut kakosok ing asta, tuwin kathah  
kemawon tarekahipun sarta amumule mawi tindhiah arta tuwin  
kadonganana, kadadosanipun tiyang estri taksih amanak malih,  
wanci enjing medal rare satunggil, siyangipun malih satung-  
gil sareng sonten medal malih rare satunggil ing dinten  
enjingipun inggih medal rare malih satunggil dados gungung  
rare sakawan ingkang lajeng sami pejah sadaya boten dangu  
saking anggenipun alair, dene embokipun inggih tumunten  
pejah.

---

Serat saking Surakarta anyariyosaken kados ing ngandhap  
punika:

Ing Klaten tuwin ing sakiwa-tengenipun wonten kecu tuwin  
pandung sakalangkung kathah kacepengan sarta barang barang  
ingkang kapendhet ing kecu tuwin pandung sami kapanggih,  
menggah ingkang sampun kacepeng langkung saking tiyang 40  
dene cariyosipun ing titiyang, manawi kathah tiyang jawi  
ingkang saking turunan ageng sami kaembet tumut angecu.  
Kanjeng Raden Adipati Sasradiningrat anggenipun wonten ingK-

lathen sampun sawatawis dinten laminipun.

---

Serat saking Mentok, anyariyosaken manawi kala kaping 13  
wulan Juli ingkang sampun kpangker, wonten baita kapal Ing-  
gris anama Isleomai, kandhas wonten celak ing Tanjung bawah  
Toboali, ing panggenan ngriku kala ing ahun ingkang sampun

kalampahan punika inggih wonten baita kapal kandhas anama Sarlesenri.

Menggah ingkang dados pangagenging baita kapal wau ingkang anama Grahi, tuwin titiyang ingkang numpak tumunten sami kesah saking baita kapal punika, sarta lajeng anumpak ing baita kapal sanesipun ingkang wonten celak ing panggenan kandhasing baita kapal wau, punapa dene pangagenging baita kapal satitiyangipun sadaya sampun boten sumedyia sami amitulungi baita kapal ingkang kandhas supados sageda kumambang malih.

Sareng ingkang ngasta paparentahan ing Toboali anama Tuwan Administratur Sagipelikan Timah, A.A.Nemper, amireng manawi ing Tanjung Ru wonten baita kapal Inggris kandhas nunten dhateng ing panggenan ngriku, sarta lajeng dhadhwah amitulungi dhateng baita kapal ingkang kandhas, kalebet begja manawi kandhasing baita kapal wau boten angancik parang, lajen gisining baita kapal kapendhetan supados sageda kumambang malih, kadadosanipun baita kapal wau saged kumambang, lajeng kalampahaken dumugi palabuhan ing Toboali.

=====

Sakalangkung andadosaken susahing manah, amireng saking pawartos ingkang satuhu, bilih Kanjeng Tuwan Ingkang Wicaksana Minister Pan Koloni tirah dhateng Kisingen tanah Dhitslan badhe siram wonten ing ngriku, amargi saking gerah puyeng ingkang sakalangkung sanget, ing Kisingen wau wonten toya ingkang kenging kadamel jampi, menggah karsanipun Kanjeng Tuwan ingkang wicaksana Minister Pan Koloni, bilih anggenipun siram wau boten saged senggang, badhe anyelehaken ing kaleng-gahanipun, wondening ingkang badhe kagentosaken dados minister Pan Koloni, punikaKanjeng Tuwan Pan Switen kala waunipun dados kumendhanng para prajurit ing Nederlan Indiya, sarta ingkang dereng lami wonten ing Amsterdam kapilih dados Lit ing Pakalempakaning titiyang kathah ingkang kawatstanan Twedhekamer.

=====

Kala kaping 2 wulan Juli ingkang smapun kapengker ing Belgi tanah Eropah wonten titiyang laki rabi badhe kaningkahaken kados ing ngandhap punika cariyosipun:  
Sareng jales estri dumugi undhakundhakaning griya panggenanipun badhe kaningkahaken ingkang jaler wicanen manawi boten

gaduh pikajengan angraben tiyang estri wau, ingkang estri lajeng amangsuli, bilih ugi boten purun alaki aksal tiyang jaler punika, sanadyan tiyang jaler wau puruna angrabeni, ing waktu punika para sanakipun jaler estri tuwin para saksi

badhe paningkahipun sami angrujuk-ngrujukaken jaler estri, ananging sampun boten kenging, jaler estri kekah ing pikajenganipun wekasan jaler estri wau sami mantuk dhateng griyani-piyambak-piyambak.

---

Dereng lami ing Ninolai wonten titiyang laki rabi, ananging anggenipun laki rabi wau boten andadosaken begjanipun sa-kaliyan, ingkang jaler anedha pegatipun kaliyan ingkang estri, nunten kalaksanan dening pangadilan, menggah semahipun ingkang dados jalaraning pegatipun wau awit saking woning pambudi, punika badhe amales dhateng ingkang jaler bab anggenipun kapegat wau, nunten arembagan kaliyan embok tuwin sadherekipun jaler, bab badhe pamalesipun, kadadosaning rembag manawi ingkang jaler badhe kapejahan, sareng makaten supados sageda kalampahan ingkan gdados pikajenganipun wau, tiyang estrei lajeng api-api rumaos kaduwung, mila kalampahan saged pinanggih kaliyan ingkang jaler wonten ing griyanipun, ing waktu punika jaler estri katingal sampun sami rukun, boten antawis dangu sadherekipun tiyang estri dhateng ing griya punika, nunten angupados paben kaliyan ingkang gaduh griya, wekasanipun sami kekerengan tiyang estri kaliyan anakipun estri sami anulungi dhateng sadherek jaler wau, ddos ingkang gaduh griya kaebut tiga, lajeng kabanting ing siti, weksan boten amung kapejahan kemawon malah badanipun katngker dados tiga. Wondening anakipun tiyang kang ngagadah griya ingkang taksih alit panuju tilem wonten ing kamar, tumunten sumerep punapa ingkang kalampahan wau, ananging kndel kema-won amargi ajrih manawi kapejahan kados bapakipun, wasana tiyang tiga wau lajeng kacepeng ing parentah, menggah patu-ranipun sadaya, sami boten rumaos kaduwung, bab anggenipun amejahi wau.

---

Ing Irlan bawah Englen wonten tiyang kekerengan mawi dadamel kestul ingkang dereng wonten cariyosipun kados makaten, titiyang wau ingkang rumiyin sami kestulan satunggil kening pupunipun, nunten para tiyang ingkang dados saksining anggenipun kekerengan wau sami angrujuki bab rampunging prakawis ananging ingkang sami kekerengan boten amituhu, sarta kedah anglajengaken anggenipun sami kekerengan, ing waktu punika ingkan gkataton kawatawis kados sampun boten kumawi akekerengan malih, nunten ingkang satunggilipun angunus pedhang suduk ananging ingkang kataton boten purun arurukunan malah angarang-arang dhateng mengsaipun wekasan sami kekerengan malih, mengsaipun lajeng kataton, awit saking nepsunipun lajeng sami angunus golok sarta sami ruked suduk-sinuduk ngantos raja-rajah badanipun sakaliyan, lajeng kapisah ing kathah kaliyan rekaos, wasana tiyang ayektosi, bilih ingkang kekerengan punika sami supaos, manawi sampun saras tatunipun badhe akekerengan malih.

=====

Ing tokonipun Tuwan Dhegrootkolep en ko ing Surakarta tiyang saged pikantuk lding panyukuran damelan Inggris lading pan-

gretan pirantos poanyeratan kados ta kertas kalam mangsi sapanunggilanipun tindhih serat mawi jam, punapa malih Erloji mas tuwin pethakan sadaya sae lampahipun sarta rante erloji-mas.

Barang-barang punika kawade sakalangkung mirah reginipun bayar kenceng.

=====

Loterei arta minongka untunganipun Komidhi ing Surakarta. Pamainipun loterei arta kaunduraken malih, awit saking wonten pambenganipun sawatawis, ananging boten kenging boten kedah kamainanken ing dinten Rebo kaping 28 wulan September ing ngajeng punika, wonten ing griya komidhi wanci puku sanga enjing.

Wondening lot wetah tuwin lot paliyan tiyang taksih saged pikantuk wonten ing griyanipun tuwan C.L.Y.PanOgendhorep.

Terang saking para Tuwan ingkang angereh komidhi ing Surakarta.

Katandhan Sekretarisipun komidhi wau.

Tuwan C.L.Y.PanOgendhorep.

---

Angka 23, 8 September 1864

Kulawisudhan sapanunggalanipun

Tuhan Y.A.L. Metin Perdhe, priyantun ingkang kaparingan wahgel, kala waunipun dados Asisten Residhen ing Panaraga, Paresidhenan Madiyun ing mangke kakula wisudha dados asisten residhen ing Indramayu Paresidhenan Cirebon ngiras dados Pendhimister.

Tuhan R.A. Sitop ingkang wau dados asisten residhen ing Ngawi Paresidhenan Madiyun, dereng lami wangsal saking pamit dhateng nagari Walandi, ing mangke kakula wisudha dados Inspektur saking tanem tuwu.

Tuhan Mister, W.Dheboi, Lit ingrat Panjustisi ing mangke kakula wisudha dados Ratsambang ing Samawis.

Tuhan F.W.Buslutjen ingkang ngereh kantor padamelan yasaning nagari, ing mangke kakula wisudha dados asisten Residhen tanah kidul tuwin wetan saubenging Batawi.

Tuhan W.N.F.Palekpalem ingkang wau dados Asisten Residhen ing Pamalang paresidhenan Tegal ing mangke kakula wisudha dados Asisten residhen ing Ledhok Paresidhenan Begelen.

=====

Pawartos warni-warni

Surabaya kaping 20 Agustus 1864 cariyos sakig Makasar anyariyosaken bab reresah ing Jeneponto kados ing ngandhap punika.

Titiyang ing Limbanglu sami mopo amedali padamelan wonten ing margi, nunten ingkang ngasta paparentahan anama Tuwan Kapitan Raphalet angutus tiyang satunggil ingkang saged basanipun titiyang ing tanah ngriku mawi kairingaken ing prajurit sadasa, sareng dumugi ing panggenanipun, jurubasa apitaken punapa ingkang dados babpipun boten purun amedali padamelan wonten ing margi, wangsanipun namung boten purun kemawon, nunten jurubasa aken anedhahaken griyanipun titiyang ingkang sami mopo wau, kalampahan titiyang punika dipun ken dening

jurubasa sami medala dhateng padamelan, ing waktu punika lajeng wonten sabawanipun titiyang kathah rame-rame, nunten titiyang wau sami uyek sarta ambekta sarta ambekta dadamel waos tumunten prajurit sadasa akaliyan jurubasa sami medal saking kampung ingkang kagriyanan titiyang wau, ananging kabereg ing akathah, sanadyan titiyang punika kapurih wnagsul sarta kajrih-ajrihan manawi badhe kasanjata, tansah sami angangsek kemawon, nunten kalampahan dipun snajatani kenging satunggil dhawah pejah, ing waktu punika sangsaya rame angge-nipun sami uyek-uyekan, sareng lampah ing titiyang wau dumugi ing kampung Balang, lajeng sami wiwit anempuh dhateng prajurit amung kaliyan waos, wkasan prajurit ingkang pejah sakawan sarta kakalih ingkang kataton sanget, kapitan Raphalet sareng amireng, bilih ara-ara ing Balang kathah titiyang

anglempak sada damelipun waos, lajeng lumampah dhateng ing panggenan ngriku mawi ambekta prajurit 40, sareng dumugi ing panggenan wau, Kapitan Raphalet angatag dhateng titiyang ingkang damel reresah, kinenn anyelehaken dadamelipun, kadasanipun amung sakedhikingkang miturut, ingkang kathah-kathah tansah taksih asurak-surak sarta angajrih-ajrihi dhateng para prajurit ingkang lajengkatempuh saking ngrika-ngiki. Para prajurit sami lumawan anyanjatani mengsa, kadadosanipun mengsa sami buyar lumajeng asasaran, ing waktu punika tiyang amireng ungelung sanjata kathah prenah wonten ing panggenaning prajurit, sareng makaten Kapitan Raphalet tumunten wangsl dhateng ing Jeneponto, wonten ing ngrikulajeng amranata bab badhe panglawanipun dhateng mengsa. Menggah ungelung sanjata ingkang kamirengan wau, punika saking panggenaning prajurit ingkang sami anyanjatani titiyang kathah ingkang sami langkung ambekta dadamel wonten ing panggenaning prajurit supados titiyang wau sampun ngantos anggebag panggenanipun prajurit, sareng wanci pukul nem sonten kathah ing titiyang kakinten wonten saking 500 punika wonten celak ing panggenanipun prajurit sami ambekta dadamel waos, kaantawis pikajenganipun badhe anggebag panggenaning prajurit wau, sareng kasanjatanan dening prajurit wonten sawatawis ingkang sami wonten ing ngajeng dhawah pejah, sakantunipun tumunten sami mundur amanggen wonten ara-ara ing

kampung Balang. Menggah tangleding prajurit akaliyan titiyang ingkang damel reresah, punika kala kaping 4 wulan Agustus ingkang sampun kapengker.

Sareng enjingipun titiyang wau taksih sami mnggen wonten ara-ara ing Balang, dene kapitan Raphalet amanah boten prayogi manawi amethukna mengsa, prayoginipun angentosi dhatengipun prajurit saking Makasar.

Menggah paturanipun prajurit Pacalang, manawi ing dinten enjing wau titiyang ingkang damel reresah kaantawis wonten saking 1000 punika sami angalempak wonten ara-ara ing Balang, manah wonten ingkang sami anumpak kapal, dene paturan ingkang kaping kalih saking Kraengjene amratelakaken bilih titiyang wau sami gadhah sedya badhe anggebag panggenanipun prajurit tuwin kampung Jeneponto, saantawisipun pukul sadasa akaliyan sawelas para titiyang ingkang damel reresah sami alangkung tebih saking panggenanipun prajurit purugipun dhateng sisih kilening kampung Jeneponto, sareng ing sawatawis smi kasanjatanan wonten sawatawis kathahipun ingkang dhawah lajeng pejah, dene ingkang kathah-kathah sami mundur, ing waktu punika lkapitan Raphaletamranata badhe panglawanipun mengsa wonten ing panggenaning prajurit, wanci pukul kalih welas titiyang kathah sadadamelipun katingal rampak wonten ing sisih kilen ing panggenanipun prajurit, nunten amencar sami ambrangkang badhe anyelaki panggenaning prajurit, kapitan Raphalet dhadhwah dhateng prajurit kinen anyanjata mengsa manawi kakinten sampun dumugi ing panyanjatanipun, para prajurit inggih angstokaken ing dhawuh, kadadosanipun manawi ingkang wonten ing ngajeng piyambakke kenging sawatawis lajeng dhawah pejah wonten ing panggenan.

Panempuh ing mengsa ngantos kaping kalih malih, ananging sareng pukul tiga mengsa wau lajeng mudur, kathah pepejahi-

pun sarta kaelud dening Kraengjene, dumugi sonten mengsa boten katingal malih, dene prajurit Pacalang sami apratela, manawi mengsa kathah ingkang pejah, sarta sampun amundur gusis babar pisan, sareng enjingipun kaping 6 Agustus mengsa boten wonten ingkang katingal, wanci siyang pulkul tiga kapal asep annama Sindara dhateng wonten ing Jeneponto, ambekta prajurit Walandi, 50 prajurit tiyang Makasar, 100 katindhi-

han dening kapitan Kaupman, sanalika para prajurit sapiran-tosipun prang, sandawa mimis tuwin tetdhan sami kainggahaken ing dharatan, pawarrosipun para pangangeng ingkang taksih sami temen-temen dhateng Kanjeng Gupremen manawi para titiyang ingkang damel reresah sami kekes manahipun sarta luma-jeng dhateng Mataere tuwin dhateng Bontotai, wasana Kraeng-jene angundhangaken bili para estri tuwin anak-anakipun titiyang ingkang damel reresah sampun sami ajrih mantuk dhateng griyanipun piyambak-piyambak.

Bupati Banamu kadherekaken dening ingkang putra akaliyan Kraeng sawatawis dhateng wonten ing Jeneponto, sarta angundhangaken bilih boten wonten sababipun adamel reresah, dene titiyang ingkang adamel reresah kaparingan serep bilih titiyang wau ing dalem tigang dinten boten mantuk dhateng kampungiu sarta amedal malih ing padamelan punika badhe katempuh deningprajurit ing kalih panggenan supados katedukaken kalayan dadamel kadadosanipun para titiyang ingkang damel reresah enggal anggenipun sami mntuk dhateng kampungipun ing wekasan sampun tentrem boten mawi amedalaken rah malih.

---

Surabaya, pawartosipun manawi kanjeng gupremen amaringi tatempah dhateng para utusan saking tanah Portegal katahahi-pun 30000 rupiyah, sumerep wragad ingkang sampun kawedalaken tuwin ingkang taksih badhe kawdalaken anggenipun badhe dhateng Timur Dhelhi, para utusan wau anumpak baita kapal asep Nederlan anama Hertobernar, ananging lajeng sande awit saking karsanipun kanjeng gupremen.

---

Serat saking tanah Paos anyariyosaken prakawis Kekecon tuwin kapandungan kados ing ngandhap punika:  
Kanjeng Raden Adipati Sasradiningrat akaliyan Raden Tumenggung Suradirja, wadana pulisi ing nagari Surakarta sami kautus dhateng ing Klathen supados atitipriza prakawis kekecon tuwin kapandungan kadadosanipun akathah titiyang ingkang sami kacepengan sarta kathah pirntosing titiyang durjana kapanggih wonten ing griya-griya, malah kathah ingkang kapanggih wonten ing griya-griyaning ringgit ingkang ngadat sami aremenan kaliyan titiyang durjana.

Manawi kala rumiyin sampun wonten pranatan ingkang santosa tuwin amikantuki kados makaten, amesthi bdhe boten wonten raja pejah kathah, kekecon tuwin kapandungan, ananging kala samanten kanjeng tuwan Ramres Pantoren Bureh dereng jumeneng

dados Residhen wonten ing Surakarta, menggah kanjeng tuwan Residhen punika sampun sumerep wawatakipun para pangagenging jawi, sarta saged anandukaken ingkang kaleresan ing paparen-tahanipun bab prakawis punika.

---

Japara, kala kaping 5 wulan Agustus ingkang sampun kapengker, lurah ing dhusun Ngablak kabupaten Juwana amireng, bilih celaking dhusun Ngablak wau Sima lorek ageng satunggil nunten lurah dhusun wau ambekta titiyang dhusunipun sanga, simi angupadosi sima ingkang kacariyosaken wau, sareng makaten lajeng kapethuk sima punika, ananging sasampunipun anubruk rencangippun satunggil anama Karidin ingkang kataton ngantos gangsal welas, lurah dhusun sarencangipun wau dereng ngantos saged amitulungi dhateng Karidin, sima lajeng lumajeng dhateng ing dhapurran rosan ing dhusun Jembul, sareng lurah dhusun ing Ngablak aningali dhateng Karidin manawi kataton makaten lajeng rumaos manawi kirang kathah ing dadamelipun kadamel mejahi sima sampun ngantos wonten tiyang tiwas malih, mila tumunten kengkenan anedha tulung dhateng wadana ing Mergatuhu.

Awit saking parentahipun wadana ing Mergatuhu, sanalika kathah para lurah dhusun sima lumampah ngupaosi sima dhateng panggenanipun dereng dangu anggenipun angepang dhapurran rosan wau, sima lajeng medal anerajang titiyang ingkang sima nge-pang, wasana babal sarta anatoni tiyang tiga, tiyang ingkang anama Kerta saged anatoni sima dening kasanjata, ananging taksih saged lumajeng andhelik wonten dhapurran rosan sanesipun.

Wonten Walandi anama Binar ingkang anunggil kaliyan titiyang kathah, badhe sumerep dhateng sima saderengipun kapejahan, nunten amurugi panggenanipun sima ngantos celak, sima wau lajeng medal saking dhapurran rosan, tuwan Bikar kabanting ing Sima, sarta kataton baunipun kiwa, ing waktu punika tiyang jawi anama Maradirana anyanjata sima, kaleresan kenging tumunten dhawah, sanalika karampog ing tiyang kathah lajeng pejah. Menggah titiyang kingkang kataton wau sami kajampenan dening tuwan dhokter ing Pathi, Pangajeng-ajenging titiyang, ingkang sima kataton wau enggal saras.

=====

Ing griyanipun tuwan A.Ledhebur.

Tiyang saged pikantuk tumbas dhaharan kangege manawi tiyang gadhah damel siyang utawi dalu.

Katandhan A.Ledhebur.

=====

Sapunika tiyang saged pikantuk tumbas barang-barang sangutban sakalangkung sae ingkang saweg dhateng ing tokonipun tuwan Dhegrotkolep en ko, kadosta: wadah mangsi, tindhuh serat pirantos andekek srutu tuwin arloji, baki srutu tuwin sanes-sanesipun .

Punapa malih pigura ageng alit wonten ingkang kalih sasetol sakawan tuwin nem setel barang barang punika sadaya badhe kawade sakalangkung mirah reginipun bayar kenceng.

Katandhan tuwan Dhegrotkolep en ko.

=====

Sapunika tiyang sagd pikantuk tumbas mangsi abrit kenging kadamel angecap, mangsi punika saweg dhateng ing tokonipun tuwan Dhegrotkolep en ko, kawadahan intlek sablokipn regi 2

rupiyah bayar kenceng.

Katandhan Tuwn Dhegrotkolep en ko

=====

Ing pangecapanipun tuwan Dhegrotkolep en ko, tiyang saged angeapaken sastrajawi tuwin Walandi mawi reregan utawi boten. Wondening titiyang ingkang badhe ngecapaken kathah serat serat iber ingkang sami ungel-ungelanipun tuwin piyagem pethuk sapanunganlanipun punika kenging kaecapaken wonten ing pangecapanipun tuwan Dhegrotkolep en ko, mawi anglowongi nama, panggenaning agrigriya sapanunggalanipun ananging mangecapipun bayar kenceng.

Angka 24, 15 September 1864

Pawartos warni-warni

Para guru Jawi ing griya pamulangan tanah Jawi tuwin Madura, sarta para murid cacalon guru jawi ing griya pamulanganing para murid cacalon guru ing Surakarta tuwin ing Bandhung, sami kaparingan wragad lumampah , kasebut ing serat kakancin-ganipun Kanjeng Gupremen katitimangsa kaping 18 wulan Agustus ingkang sampun kapengker, kados ing ngandhap punika pratelani-pun.

Ingkang sapisan lumampah medal dharatan

Murid ingkang lumampah saking panggenanipun gigriya dhuma-teng ing griya pamulanganing para murid cacalon guru jawi, punika angsal kapal tundhan alus satunggil utawi, 20 sen ing dalem sapalipun akaliyan kuli satunggil, utawi ing dalem saepalipun 3 sen.

Murid ingkang kakula wisudha dados guru, lumampah saking griya pamulanganing para murid cacalon guru jawi, utawi ingkang pangula wisudhanipun kala salebeting libur, lumampah saking panggenaning dumunungipun ing salebeting libur wau dhumateng panggenanipun kakula wisudha dados guru, punika angsal kapal tndhan alus satunggil utawi, 20 sen ing dalem sapalipun akaliyan kuli kalih, utawi ing dalem saepalipun 6 sen.

Guru ingkang kaelih saking panggenanipun gigriya dhumatng panggenaning kaelih, manawi blanjanipun kirang saking 30 rupiyah ing dalem sawulan, sarta dereng gadhah bojo, punika angsal kapal tundhan alus satunggil, utawi 20 sen ing dalem sapalipun akaliyan kuli sakawan, utawi ing dalem saepalipun 12 sen, dene manawi sampun gadhah bojo, punika angsal kapal tundhan alus satunggil, utawi 20 sen ing dalem sapalipun akaliyan kuli nem, utawi ing dalem saepalipun 18 sen.

Manawi blanjanipun guru 40 utawi 50 rupiyah ing dalem sawu-lan sarta dereng gadhah bojo, punika angsal kapal tundhan alus satunggil, utawi 20 sen ing dalem sapalipunakaliyan kuli nem, utawi ing dalem saepalipun 18 sen, dene manawi sampun gadhah bojo, punika angsal kapal tundhan alus satunggil, utawi 20 sen in gdalem sapalipun akaliyan kuli wolu, utawi ing dalem saepalipun 24 sen.

Ingkang kaping kalih, manawi lumampah medal ing toya.

Mara murid sami pikantuk panumpangan pangkat tiga wonten ing baita.

Dene para guru ingkang kakula wisudha enggal, utawi para guru

ingkang kaelih, punika sami angsal panumpangan pangkat kalih wonten ing baita.

=====

Pawartos ingkang medal saking telegrap sawek wonten sawata-wis dinten laminipun anyariyosaken bilih baita kapal ingkang anama Niweolan kabesmi, menggah kala kabesminipun baita kapal wau ing cariyos kasebut wonten ing serat pawartos padagangan Batawi, manawi baita kapal punika ambekta arta kathahipun 300000 rupiyah, ingkang badhe katur ing kanjeng gupremen.

=====

Awit saking panguwasanipun kanjeng raja Paresidhenan Menadho

sapunkanipun boten kabawah malihing paparentahan Moloko, dados sampun umadeg Paresidhenan Piyambak kasebut wonten ing Serat kakancinganipun Kanjeng Tuwan ingkang wicaksana guprenur Jendral ing Nederlan Indiya, ingkang katitimangsan kaping 31 Agustus 1864 angka 9, Statblat angka 128.

=====

Pawartos saking Banjarmasin anyariyosaken manawi kala kaping 3 wulan Agustus ingkang sampun kapengker, wanci sonten pukul sadasa, wonten kraman kathahipun kalihwelas dadamelipun waos kaliyan lameng, sami anggebag panggenaning prajurit wonten ing Barabei tanah Borneyo, ananging katadhahan dening saradhadhu lagi anama Kenipper, sareng makaten saderengipun saradhadhu lagi wau kapitulungan dening kancanipun para kraman ingkang wadananipun anama Kaji Ngabdullah, sami boten saged majeng wonten ing kareeteg tebihipun langkung saking 3 utawi 4 tindak wekasanipun para kraman sawatawis sami kataton dening sangkuh ing sanjataning para prajuritlajeng sami lumajeng, sarta anilar dadamel tuwin pirantosipun ambesmi, menggah asaradhadhu lagi ing waktu punika inggih kataton ig gulunipun labeteing waos dene sirahipun kataton kenging lameng, wasana saradhadhu punika lajeng kadadosaken kopral minongka ganjaranipun sarta tumunten kaundhangaken dening kumendhanipun kados ing ngadhap punika:

Banjarmasin ping 8 Agustus 1864

Parentahe Kumendhan angka 27.

dhek tanggal ping 3 Agustus kang wus kapungkur iki, wayah jam sapuluh bengi saradhadhu jaga siji kang ajaga ana ing dalam lumebu marang panggonane prajurit ing Barabei, andeleng obahing wong akeh angawa geni ana saburine pagering panggonane prajurit dohe 20 tindak, bareng di urdah dning saradhadhu jaga wau, sanalika wong rolas kang gagamane lameng lan tumbak padha angetok, dene kang telu tumuli anemuh marang saradhadhu jaga aran Keniper, sanalika Kenipper ora ilang pikire, tumuli anadhahi karo sangkuh bedhil ing panempuhe kraman mau kambih mundur, sarta angundang-undang kancane, kapurih rumantiya gagamane, banjur saradhadhu loro siji aran Brauwe sijine Sekroder padha andhisiki tutulung marang sa-nardhadhu jaga mau, wekasane kraman padha lumayu, mungguh saradhadhu jaga enggone kataton lameng endase, lan tatu tumbak gulune iku sanalikane katempuh ing kraman, dene panem-puhiung kraman mau amung sadhela banjur buyar.

Awit saka panggawene saradhadhu jaga si Keniper kang anelakake kawane lan rikate tandhange, panggonane prajurit oa nganti kalakon diobongi ing kraman sarta ora ana raja pati. kang iku aku ngurmati lan ngajeni marang kawanane si Keniper kang saiki dak undangake marang kancane kabeh, apa dene aku iya amratelakake panrimaku marang saradhadhu si Sekroder lan si Breuwer, apa maneh marang saradhadhu kabeh kang padha ana ing panggonane prajurit ing Barabei bab rikating anggone padha rumanti gagamane.

Kumendhaning prajurit tanah kidul wetan ing Borneyo.

Katandhan Tuwan Appe.

=====

Kala kaping 24 wulan Agustus ingkang sampun kapengker ing

Surakarta anyarekaken kalayan pakurmatan jisimipun Kanjeng Tuwan Dirsakprensowahsenap ridher saking Ordernederlan Seleyo, ingkang wau dados priyantun ageng Nederlan Indiya.

Kathah ingkang sami badhe dherekaken ing pambektanipun jisim wau dhateng ing kuburan, dene ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan Pakubuwana ingkang kaping IX ing Surakarta, atedhak wonten griyanipun ingkang seda, kadherekaken dening para pangeran ageng ing Kasunanan akathah, punapa malih Kanjeng Gusti Pangeran Adhipati Ariya Mangkunagara akaliyan santana-

nipun sawatawis, sarta para santanaipun ingkang sinuhun kanjeng Susuhunan inggih sami pinarak.

Kala pambektanipun jisim dhateng ing kuburan Kanjeng Tuwan Litnan Kolonel Kumendhan Y.H.Herkuhler ing Surakarta, tuwin para tuwan ingkang dados Rider sami anyepengi poncoting lurubipun tabelan minongka pratandaning anggenipun sami andherek sungkawa.

Sareng dumugi ing kuburan Kanjeng Tuwan Residhen Endhe, Lamres Pantoren Bureh medalaken pangandika bab ingkang seda, kapratelakaken prakawis katrimahipun kala dados priyantun mawi anedhahaken anggenipun pikantuk Ridher saking Ordhe Nederlan Seleyo saking kanjeng raja, punapa dene kanjeng tuwan Residhen lamres Pantoren Bureh amangandikakaken pepemut bab watakipun Kanjeng Tuwan Residhen Senap ingkang sakalang-kung utami ing ngatasipun prasobatan utawi ingatasipun ddos garwaning kng estri, tuwin ddos tiyang sepuh ing putra putranipun.

Wondening ingkang wonten kala anyarekaken jisimipun sami angrujuki sadaya ingkang dados ngandikanipun kanjeng tuwan Residhen Lamres Pantoren Bureh, kathah ingkang sami karaos ing kacekelan malah kathah ingkang sami angrantahaken eluh, minongka pangemut-emut dhateng ingkang seda.

=====

Benjing ing dinten Salasa kaping 20 wulan September punika ing griyanipun Tuwan Pelman anglelang barang gagramen ing toko warni-warni, inuman tuwin barang sanesipun ingkang wonten miwah barang porselin tuwin gelas-gelas.

Punapa malih kareta, bendhi, kapal kareta, kapal tumpakan tuwin bendhi.

Katandhan W.Pelman.

=====

Pakalempakanipun main musik wonten komidhi ing Samawis Undhang-Undhang.

Kanjeng Gupremen sampa angiliani dhateng pakalempakanipun main musik wonten komidhi ing Samawis adamel loterei yatra katahipun 150.000 rupiyah.

Kathahing lot 3000 iji satungil-tunggilipun regi 50 rupiyah.

Lot wau badhe kadamel saprapatan sarta tiyang kenging tumbas lot wetah, utawi sapalih tuwin saprapat lot.

Ing ngandhap punika pratelanipun kauntungan ingkang medal saking loterei wau.

Kauntungan ingkang kapisan..... 50.000 rupiyah

Kauntungan ingkang kaping kalih..... 25.000 rupiyah  
Kauntungan ingkang tiga..... 15.000 rupiyah

Kauntungan ingkang kaping sakawan..... 8.000 rupiyah  
Kauntungan ingkang kaping gangsal..... 4.000 rupiyah  
Kauntungan ingkang kaping nem..... 3.000 rupiyah  
Kauntungan ingkang kaping pitu..... 2.000 rupiyah  
Kauntungan 1000 rupiyah, 10 iji, gunggung..... 10.000 rupiyah  
Kauntungan 500 rupiyah, 20 iji, gunggung..... 10.000 rupiyah  
Kauntungan 300 rupiyah, 40 iji, gunggung..... 12.000 rupiyah  
Kauntungan 200 rupiyah, 40 iji, gunggung..... 8.000 rupiyah  
Wah malih nomering lot ingkang medal rumiyin  
sarta ingkang medal wekasan satunggil-  
tunggilipun angsal ganjaran 1500 rupiyah  
gunggung..... 3.000, rupiyah

---

Sadaya gunggung..... 150.000 rupiyah

Sinten ingkang badhe tumbas lot sami akintuna serat dhateng  
para tuwan ingkang kasebut ing ngandhap punika, serat wau  
kedah kabayar dening ingkang angintunaken , panumbasipun lot  
mawi kabayar kenceng.

Ing Samawis dhateng Tuwan Dhegrootkolep en ko tuwin tuwan  
Y.G.Spering

Ing Batawi dhatng Tuwan G.Kolep en ko

Ing Surabaya dhateng Tuwan Time Kolep en ko

Ing Salatiga dhateng Tuwan W.Igenderat.

Ing Surakarta dhateng tuwan F.H.Jaspres

Ing Ngayogyakarta dhateng Tuwan C.F.Philip.

Samongsa loteri wau sampun kamainaken ingkang gadhah lot  
wetah utawi papaliyan tuwin saprapatan ingkang kaleres angsal  
kauntungan utawi ganjaran kenging anampani arta pamenangipun  
saking tuwan Y.G.Spering ing samawis kawangenan lami-  
laminipun ing dalem wolung dinten ananging tiyang wau mawi  
anedahena sarta amangsulna lotipun punapa malih arta pame-  
nangipun mawi kacengklong ing dalem satusipun 25 rupiyah  
minongka dados kauntunganipun pakalempakan main musik ko-  
midhi Samawis, menggah dinten pamainipun loterei badhe kalim-

rahaken ing tembe, pamainipun badhe kalampahan wonten ing Samawis katingalaken ing ngakathah mawi kajenengan dening Notaris.

Bilih sampun dumugi ing wawangen mangsanipun amainaken loterei, mongka cacahing lot 3000 iji dereng pajeng sadaya, pamainipun loterei punika inggih badhe kalampahan ugi, anang-ing kathah ing arta kauntungan tuwin ganjaran badhe kasuda, katimbang kaliyan kathahing lot ingkang boten pajeng wau.

Ingkang sami wereh pakalempakan main musik ing komidhi Samawis.

Katandhan Tuwan H.H.Borel

katandhan Tuwan Y.P.Osserenbriggen

Katandhan Tuwan Y.G.Spering Tesuri

Katandhan Tuwan Termir Sekretaris.

Angka 25, 22 September 1864

Kula wisudhan sapanunggalanipun.

Tuhan T.Y.W.Litson Grimpir landrat ing Bangkalan paresidhenan Madura kaundur saking kalenggahanipun kalayan kurmatmawi kaparingan wahgel amargi saking sakit.

Kanjeng Tuwan C.Dherdhirrosemon Letnan Kolonel Infantri, kamantunan kalayan kurmat saking anggenipun amakili padamela-nipun asisten residhen ing Amontai ing tanah kidul tuwin wetan ing Borneyo.

Tuhan W.Delanoi, Kontelir Irsteklas ing paparentahan lebet ing Gupremen Selebes bawahipun kaparingan pamit kalih tahun dhateng nagari Walandi.

Kanjeng Tuwan K.W.Itke, sekretaris ing Paresidhenan tanah kidul tuwin wetan ing Borneyo, kakula wisudha dados Asisten Residhen ing Amontai tanah kidul tuwin wetan ing Borneyo.

Kanjeng Tuwan Mister, W.Wedheldher, Auditur militer ing Rat prang wonten ing tanah kidul tuwin wetan ing Borneyo, kakula wisudha dados Litrat Panjustisi ing Samawis.

Tuhan S.S> Dhepris Irste Komis ing Algemen Rekenkamer, kakula wisudha dados Sekretaris ngaras dados Pendhismester ing Paresidhenan tanah ing kidul tuwin wetan ing Borneyo.

Tuhan Y.H.Phelen ingkang wau dados priyantun kareh ingkang Kanjeng Tuwan Residhen ing tanah kidul tuwin wetan ing Borneyo kakula wisudha dados Komis ing kantor Paresidhenan Kadiri.

=====

Pawartos wani-warni.

Serat saking Pontianak katitimangsan kaping 2 September punika anyariyosaken kados ing ngandhap punika.

Ing Sintang tanah Borneyo sapunikanipun wonten prang.

Kala kaping 11 wulan Agustus ingkang sampun kapengker ing Sintang tanah Borneyo katempuh ing mengsa, ananging mengsa punika boten kuwawi, lajeng mundur akathah ingkang amedalaken rah.

Baita kapal asep anama Selebes sampun wonten angajenganipun lepen Malawi ingkang celak ing Sintang, kala baitaning mengsa sawatawis kathahipun sami dhateng wanci pukul sadasa enjing, amilar wonten lepen Malawi ing Sintang wau, dene baitanipun ingkang wonten ing ngajeng piyambak angangge bendera Walandi. Sareng baitaning mengsa kawatawis sampun dumugi manawi kamriyem, lajeng kamriyem dening baita kapal asep Selebes kalayan Mariyem ingkang mimisipun wawrat nem

pun, sanalika baitaning mengsa wau sami mundur, pangintenipun tiyang, manawi pikajenganing mengsa badhe angempakaken weweka, awit ing waktu punika kathah titiyang Dhayak ingkang ngatinggal wonten celaking panggenanipun kendel baita kapal asep Selebes, titiyang wau sami medal saking panggenaning pelikan mas, ananging Tuwan Letnan Dhegrais saprjuritipun smpun manggen wonten ing panggenan satunggil anadhahi mengsa ingkang kasanjatahan wiwit pukul sadasa enjing ngantos dumugi pukul tiga siyang, nunten Letnan Semit seka utus tutulung dhateng Letnan Dhegrais wau, mengsa lajeng katempuh dening letnan Semit sekaliyann sangkuh ing sanjata. Menggah Litnan skaliyan ing waktu punika sakalangkung teteg sanget ing tandangipun amung kaliyan prajurit Walandi 45, saged angunduraken mengsa ingkang kathahipun langkung kaping sadasa, ngantos kalampahan mengsa punika boten saged anyanjata malah boten saged angiseni sanjatanipun, mengsa kathah ingkang pejah, dene ingkang pitu lajeng kakethok gulunipun dening titiyang Dhayak ingkang dados pambelahing baita Walandi, menggah prajurit Walandi boten wonten ingkang pejah utawi kataton, amung Tuwan dokter Tresling ingkang kataton wekasan andadosaken pejahipun, Tuwan Tresling punika ambek wanter, ananging boten gadhah dugi-dugi purun anebih saking prajurit.

Wondening pikajenganipun mengsa kawatawis amung badhe adamel

kuwuring baita kapal asep Selebes supados amundura saged atebih saking beteng, manawi sampun beteng wau badhe kagebag, ananging pikajengan punika boten saged kalampahan, sareng sasampunipun mengsahkagebag ngantos karaos sanget, kuwasanipun Kanjeng Gupremen kenging kawastanan pulih malih.

Ing Sintang sapunika titiyang boten rumawos kuwatos malah sami sakeca ing manah, ingkang wau sami kuwatos ananging tentreming nagari badhe enggal kalampahan awit sampun pikan-tuk biyantu, kumpeni ingkang kawadanan dening Kapitan TermeiteLEN tuwin Kapitan Panupel sami dhateng, kabekta ing baita kapal asep anama Hertoherbernar, dene kala wingi baita Dhelepsil inggih dhateng, ambekta matrus Walandi, 30 ing dinten punika baita Onrus tuwin baita Cirano sami dhateng saking tanah jawi, dadosa punika sampun boten kikirangan biyantu.

---

Ing Surabaya kala kaping 12 wulan September punika, wanci enjing pukul pitu, ing alun-alun Surabaya angetrapaken pauku-manipun pejah tiyang Cina, ingkang anglampahi dosa raja pejah, menggah panuwunipun pangapunten ing sawatawis dinten laminipun boten kapikantukaken.

---

Pawartos saking Sintang anyariyosaken bilih prakawis prang ing Sintang prayogi lampahipun, mengsa sampun kawon sarta kraman ingkang kathah gogolonganipun sampun buyar, amung kraman ingkang sakedhik gogolonganipun taksih angreresahi titiyang ing tanah ngriku. Awit saking dhatengipun prajurit enggal tuwin baita kapal asep alit-alit saking tanah jawi

saha saking tanah sanesipun prakawis prang ing sintang boten ngantos lami saged rampung, sarta panguwasanipun kanjeng gupremen ing tanah ngriku badhe langkung kekahipun kados ingkang rumiyin-rumiyin.

Menggah ingkang andadosaken angelipun punika bab sagedipun kacepeng para lurah ing kraman amargi tanah Borneyo punika

ageng, wondening lampah ing prang kala tanggal kaping 11 wulan Agustus ingkang sampun kapengker sakalangkung prayoginipun, Litnan Semit sekaliyan Litnan Dhegrais kala samanten sakalangkung sae anggenipun sami anindakaken pratingkahipun. mila karampunganing prakawis ing dinten punika kathah saking pandamelipun kakalih wau.

=====

Ing tanah Amerikah ler wonten tiyang estri sampun kawan tahun laminipun angraos boten sakeca pulung manahipun, raosipun elok pating griming ing pulunng manah mawi mindhak-mindhak asaya asanget kalampahan tiyang estri wau andhatengaken para dhokter, sareng para dhokter amriksani sasakitipun tumunten sami apratela, awit saking pamanggihing pikiripun bilih karaosing boten sakeca ing pulung manah wau, punika saking sawer ingkang mindhak agengipun wonten ing salebetung pulung manah, menggah kalebeting sawer wonten ing pulung manah, punika kala wau nipun amor kaliyan toya boten katawis saking alitipun lajeng kaondha dhateng ingkang sakit, ingkang punika manawi sawer wau angraosaken luwe wonten salabetipun puluh manah, sarta manawi amambet tiyang anggoreng daging utawi ulam toya, lajeng anglolor minggah dumugi ing gurung, dene ingkang sakit sanalika rumaos cenggah ngantos meh boten saged ambekan, wekasan para dhokter sami ajrih anyukani jampi, supados anglunturaken sawer, amargi kakinten badhe andadosaken pejah ing tiyang estri ingkang sakit wau punika.

=====

Benjing ing dinten Jumungah tanggal kaping 30 wulan September punika, Tuwan Pitgautbadhe anglelang barang tatilaranipun suwargi Kanjeng Tuwan Residhen Sekap, warnining barang kapratelakaken ing ngandhap punika, kapal tumpakan sae-saesami medalan ing tanah sabrang, lapak Inggris panganggenipun tiyang jaler tuwin tiyang estri, lembu jaler tuwin lembu peresan sami wedalan ing negari benggala, dadamel warni-warni kadosta waos dhuwung, sabet sapanunggalanipun sami damelan alam kina, punapa malih supe warni-warni damelan alam buda, wah prabot rerengganing griya sami sae-sae damelan ing Betawi, anggur alus warni-warni, tatedhan sawatawis warni, tuwin barng sanes-sanesipun malih, wasana gongsa salendro ingkang sakalangkung sae.

Ing saderengipun lelang kirang sadinten dados tanggal kaping, 29 wulan September punika, barang sadaya wau badhe kenging

kapriksanan.

Tuwan Pitgaut kadugi anumbasaken barang wau, pundi ingkang dados welinganipun ing tiyang. (26)

---

Ing dinten malem Salasa tanggal kaping 25 Rabingulakir punika badhe wonten komidhi, wiwitipun wanci pukul wolu, ingkang kalampahaken Rober utawi kraman, menggah serat lalampahani-pun badhe kakintunaken dhateng ingkang sami anampani serat Jurumartani ing salebetipun nagari Surakarta benjing ing dinten Setu ngajeng punika..

Bayaranipun

Tiyang jaler satunggil,,,,,,,,,,3 rupiyah

Tiyang estri satunggi,,,,,,,,,,2 rupiyah

Lare satunggil ingkang dereng umur, 12 tahun,,,1 rupiyah

---

Pakalempakanipun main musik wonten komidhi ing Samawis Undhang-Undhang.

Kanjeng Gupremen sampa angilani dhateng pakalempakanipun main musik wonten komidhi ing Samawis adamel loterei yatra katahipun 150.000 rupiyah.

Kathahing lot 3000 iji satungil-tunggilipun regi 50 rupiyah.

Lot wau badhe kadamel saprapatan sarta tiyang kenging tumbas lot wetah, utawi sapalih tuwin saprapat lot.

Ing ngandhap punika pratelanipun kauntungan ingkang medal saking loterei wau.

Kauntungan ingkang kapisan..... 50.000 rupiyah

Kauntungan ingkang kaping kalih..... 25.000 rupiyah

Kauntungan ingkang tiga..... 15.000 rupiyah

Kauntungan ingkang kaping sakawan..... 8.000 rupiyah

Kauntungan ingkang kaping gangsal..... 4.000 rupiyah

Kauntungan ingkang kaping nem..... 3.000 rupiyah

Kauntungan ingkang kaping pitu..... 2.000 rupiyah

Kauntungan 1000 rupiyah, 10 iji, gunggung....10.000 rupiyah

Kauntungan 500 rupiyah, 20 iji, gunggung....10.000 rupiyah

Kauntungan 300 rupiyah, 40 iji, gunggung.....12.000 rupiyah  
Kauntungan 200 rupiyah, 40 iji, gunggung..... 8.000 rupiyah  
Wah malih nomering lot ingkang medal rumiyin  
sarta ingkang medal wekasan satunggil-  
tunggilipun angsal ganjaran 1500 rupiyah  
gunggung..... 3.000, rupiyah

---

Sadaya gunggung..... 150.000 rupiyah

Sinten ingkang badhe tumbas lot sami akintuna serat dhateng  
para tuwan ingkang kasebut ing ngandhap punika, serat wau  
kedah kabayar dening ingkang angintunaken , panumbasipun lot  
mawi kabayar kenceng.

Ing Samawis dhateng Tuwan Dhegrootkolep en ko tuwin tuwan  
Y.G.Spering

Ing Batawi dhatng Tuwan G.Kolep en ko

Ing Surabaya dhateng Tuwan Time Kolep en ko

Ing Salatiga dhateng Tuwan W.Igenderat.

Ing Surakarta dhateng tuwan F.H.Jaspres

Ing Ngayogyakarta dhateng Tuwan C.F.Philip.

Samongsa loteri wau sampun kamainaken ingkang gadhah lot  
wetah utawi papaliyan tuwin saprapatan ingkang kaleres angsal  
kauntungan utawi ganjaran kenging anampani arta pamenangipun  
saking tuwan Y.G.Spering ing samawis kawangenan lami-  
laminipun ing dalem wolung dinten ananging tiyang wau mawi  
anedahena sarta amangsulna lotipun punapa malih arta pame-  
nangipun mawi kacengklong ing dalem satusipun 25 rupiyah  
minongka dados kauntunganipun pakalempakan main musik ko-  
midhi Samawis, menggah dinten pamainipun loterei badhe kalim-  
rahaken ing tembe, pamainipun badhe kalampahan wonten ing  
Samawis katingalaken ing ngakathah mawi kajenengan dening  
Notaris.

Bilih sampun dumugi ing wawangen mangsanipun amainaken  
loterei, mongka cacahing lot 3000 iji dereng pajeng sadaya,  
pamainipun loterei punika inggih badhe kalampahan ugi, anang-  
ing kathah ing arta kauntungan tuwin ganjaran badhe kasuda,

katimbang kaliyan kathahing lot ingkang boten pajeng wau.

Ingkang sami wereh pakalempakan main musik ing komidhi Sama-wis.

Katandhan Tuwan H.H.Borel

katandhan Tuwan Y.P.Osserenbriggen

Katandhan Tuwan Y.G.Spering Tesuri

Katandhan Tuwan Termir Sekretaris.

Angka 26, 29 September 1864

### Kula wisudhan sapanunggalanipun

Kanjeng Tuwan F.H.Y.Netser, ingkang wau dados residhen ing Pakalongan lajeng ing wingking kakula wisudha dados residhen ing Rembang, sapuniknipun wonten ing nagari Walandi, amargi saking pamit, ing mangke awit saking panuwunipun piyambak kaundur saking kalenggahanipun ing padamelan nagari kalayan kurmat mawi kaparingan pansiyun, kasebut ing serat kakancinanipun kanjeng raja katitimangsan kaping 27 Juni 1864 angka 64.

Kanjeng Tuwan Y.A. S.Retinpardhe, ingkang kala wau dados asisten residen ing Panaraga Paresidenan Madiyun, ing mangke awit saking panuwunipun piyambak sande `mboten kadamel dados anggenipun kakula wisudha dados asisten residhen ing Indramayu Paresidhenan Cirebon ngiras dados Pendhimester, mawi katamtokaken taksih kaparingan wahgel.

Kanjeng Tuwan L.Y.W.Dhewal Irste sekretariipun Kanjeng Gupremen kakula wisudha dados Direktur ing pamedaling siti tuwin Sidhile Magazine.

Pawartos warni-warni.

Tiyang ingkang sampun kekesahan dhateng tanah Hindu, acariyos manawi ing griyaning tiyang satunggil-tunggilipun ingkang sugih saha sampun manjing agama Islam ing tanah ngriku, sami angingah rencangsatunggil-satunggil ingkang pancen padamelanipun amung ngajari peksi dara kemawon, mengkah peksi dara wau sami manut punapa ingkang dados ing pangajaraning tiyang, saminipunkados saradhadhu ingkang sami manut ing aba. peksi dara cemeng kaiberaken, iberipun mangginggil akakalangan manut ing abaning tiyang ingkang ngajari, punika anyepeng teken alit ingkang kadamel anudingi bab pOuruging iberipun, nunten tiyang wau angiberaken peksi dara pethak sapontha, ingkang tumunten anunggil kaliyan peksi dara cemeng aselang-seling, iberipun ing dhateng ing pundi-pundi manut ing aba, pangintening titiyang, kakinten manawi boten kenging kapisah malih ingkang cemeng kaliyan ingkang pethak, sareng makaten tiyang

ingkang ngajari wau amirengaken abanipun ing nalika peksi dara sami ariwut ing iberipun, tumunten peksi punika sami apisah dados kalih pontha, ingkang cemeng anunggil sami cemeng, ingkang pethak sami pethak, sareng sampun, tiyang ingkang ngajari angibaraken peksi dara biru, ingkang lajeng kalangandados tigang pontha, cemeng sapontha, pethak sapontha tuwin biru sapontha, sami terak tinerak iberipun manggingil tuwin mangandhap manut ing aba, sasampunipun peksi sadaya kaundhang medhun ingkang sami uturut lajeng kasukanan tatedhan ingkang sakalangkung sae, kaot kaliyan tatedhan ing saben dintenipun.

Punika pratelanipun titiyang inkang kenging sasakit kolerah,

menawi kasebutaken wiwitipun wonten sasakit wau kala kaping 27 wulan Mei ngantos dumugi kaping 31 Agustus ingkang sampunkapengker, kados ing ngandhap punika.

Walandi Tyang pejah ambon Jawi gunggung sadaya titimbanganipun ingkang pejah tuwin tiyang saras saking ingkang kenging sasakit

Ingkang kenging sasakit 355 7 38 9061 9461 ingkang saras kirang langkung 29 8/9

Ingkang saras 115 2688 2833 Ingkang pejah kirang langkung saking 69 7/9

Ingkang Pejah 150 7 38 6409 6604 Dados kathah ingkang pejah kaliyan ingkang saras

Ingkang taksih sakit 10 22 32

-

---

---

---

Menggah kawontenaipun ing sasakit wiwit kala kaping 25 dumugi kaping 31 Agustus mindhak sangsaya sanget, kala kaping 31 Agustus Walandi ingkang taksih kajampenan kathahipun langkung wolu katimbang kaliyan kala kaping 25 Agustus wau, dene ing dalem nem dinten wau titiyang jawi ingkang pejah 502 ewa

denten kala kaping 31 AGustus titiyang jawi ingkang taksih  
kajampenan kantun 24, mngka kala kaping 25 Agustus punika 43.

---

Kala malem kaping 1 angrintenaken kaping 2 wulan September,  
wartosipun ing dhistrik-dhistrik Lampung tanah Sumatra, awit  
saking agenging jawah ingkang boten kendel kendel lepen  
Telokbetong bena, toyaniipun ngantos ambeleber dhateng ing  
dharatan, andadosaken banjir ageng, ingkang angrisakaken  
salebeting nagari meh waradin sanagari sadaya, kreteg-kreteg  
saha gedhong-gedhong kagunganipun knjeng gupremen tuwin  
sanesipun sami karisakan andadosaken agenging pituna, dene  
kreteg ageng daamelipun Watersetat larut kabekta ing toya  
kados kreteg-kreteg alit sanesipun, punapa malih griya-griya  
ing peken tuwin griya-griya sanesipun akathah sami rebah,  
menggah tiyang dagang ing ngriku kathah sami anandhang pituna  
saking karisakaning barang susuwekan uwos sarem mriyos tuwin  
sanesipun pamedaling siti.

Ing kantoripun kanjeng tuwan Residhen tuwin ing gudhangipun  
kanjeng Gupremen lebeting toyaniipun ngantos sakawan kaki,  
panggenanipun militer ingkang boten karisakan amargi boten  
katrajang ing toya, amung ing griyanipun para opsi lebeting  
toya sakaki utawi kalih kaki.

Menggah ilining toya amiyak dados kalih, wonten ing panggenan  
ingkang kaadegan peken dene wutahing toya dhateng ing sagan-  
ten inggih dados kalih panggenan, ingkang sampun kaserepan  
bab titiyang ingkang pejah kala banjir punika amung sakawan  
ingkang tiga kapanggih jisimipun.

---

Etrap enggal andadosi margi.

Ing Prangkrik wonten tiyang bab andadosi margi kapasangan  
tosan, menggah tosan punika blebakan kandelipun kalih dim  
Nederlan paosipun saelo Nederlan tuwin wiyaripun gangsal  
palem, tosan wau ing nginggil mawi kaukir adhapur bekung,  
pamurihipun sampun ngantos amelesedaken kapal ingkang ngam-  
bah ing ngriku, dene pamasangipun tosan wonten ing sanging-

giling pasir ingkang kamoran kapur sakedhik, etraping tosan wonten ing margi sakalangkung rapet, sarta boten saged ewah manawi kaambah ing kareta sapanunggalanipun, wonten ing papan ingkang radin kasrasah ing tosan ingkang kados makaten amesthi enggal rampungipun.

Margi tosan ingkang kados makaten sarta prenah celak kaliyan panggenan pangluluhan, kerep kaambah ing kareta tuwin grobag ingkang sami komomotan tosan tuwin areng, ing dalem nem wula laminipun pangambah ing kareta tuwin grobag boten angewahaken ing srasahipun tosan, tosanipun balebakan kuwawi anyanggi awratin momotan wau, boten wonten ewahipun saking mandhe-longing tosan tuwin sanesipun ingkang andadosaken ewah, kaot sangat kaliyan margi ingkang kadadosan kados ing ngadati-pun, menggah margi tosan punika andadosaken kauntungan ing ngatasipun ambebeka samukawis ingkang awrat, awit saking radining margi tosan punika anyuda kathah dhateng sayahing kapal sarta angindhakaken kathahing pambektan, gene gonjing tuwin oreging kareta ingkang nguwtosi dhateng titiyang lumampah, sarta ingkang angrisakaken kereta, punika sampun boten wonten malih, wasana pikantuk sangat kareta ingkang kaambahaken ing margi tosan ingkang sakalangkung resik sarta boten wonten sabawanipun kados angambah margi pasiran.

---

Ing tokonipun tuwan Dhegrootkolep en ko ing Surakarta tiyang saged pikantuk lading panyuukuran damelan Inggris lading pangaretan pirantos panyeratan kadosta: kertas, kalam mangsi sapanungguilanipun tindhuh serat mawi jam, punapa malih erloji mas tuwin pethakan saaya sae lampahipun sarta rante Erlojimas.

Barang-barang punika kawade sakalangkung mirah reginipun bayar kenceng. (19)

---

Benjing ing dinten Jumungah tanggal kaping 30 wulan September punika, tuwan Pitgaut badhe angilang barang tatilaranipun swargi kanjeng Tuwan Residhen Sekap warnining barang kaprte-lakaken ing ngandhap punika: kapal tumpakan sae-sae sami wedaling ing tanah sabrang, lapak Inggris sanganggenipun tiyang jaler tuwin tiyang estri, lembu jaler sarta lembu peresan sami wedalan ing nagari Benggala, dadamel warni-warni kaosta waos, dhuwung, sabet sapanunggalanipun sami damelan alam kina, punapa malih supe warni-warni damelan alam buda, wah prabot rerengganing griya sami sae-sae damelan ing Ba-

tawi, anggur alus warni-warni, tatedhan sawatawis warni, tuwin barang sanes-sanesipun malih, wasana gongsa salendro ingkang sakalangkung sae.

Ing saderengipun lelang kirang sadinten dados tanggal kaping 29 wulan September punika, barang sadaya wau badhe kenging kapriksanan.

Tuhan Pitgaut kadugi anumbasaken barang wau, pundi ingkang dados welanganipun ing tiyang. (26)

---

Pakalempakanipun main musik wonten komidhi ing Samawis.

#### Undhang-Undhang

Kanjeng Gupremen sampun angililani dhateng pakalempakanipun main musik wonten komidhi ing Samawis adamel loterei yatra kathahipun 150000 rupiyah.

Kathahing lot 3000 iji, satunggil-tunggilipun regi 50 rupiyah.

Lot wau badhe kadamel saprapatan sartas tiyang kenging tumbas lot wetah, utawi sapalih tuwin saprapat lot.

Ing ngandhap punika pratelanipun launtungan ingkang medal saking loterei wau.

kauntungan ingkang kapisan ..... 50.000 rupiyah

kauntungan ingkang kaping kalih..... 25.000 rupiyah

kauntungan 1000 rupiyah 10 iji gunggung 10.000 rupiyah

Kauntungan 500 rupiyah 20 iji, gunggung..... 10.000 rupiyah

Kauntungan 300 rupiyah 40 iji gunggung.....12.000 rupiyah

kauntungan 200 rupiyah 40 iji gunggung..... 8.000 rupiyah

Wah malih nomering lot ingkang medal rumiyin  
sara ingkang medal wekasan satunggil-tunggilipun  
angsal ganjaran 1500 rupiyah, gunggung..... 3.000 rupiyah

---

sadaya gunggung..... 150.000 rupi-yah

Sinten ingkang badhe tumbas lot sami akintuna serat dhateng para tuwan ingkang kasebut ing ngandhap punika, serat wau kedah kabayar dening ingkang angintunaken, panumbasipun lot mawi kabayar kenceng.

Ing Samawis dhateng tuwan Dhegroot Kolep en ko tuwin tuwan Y.G.Sedhering

Ing Batawi dhateng Tuwan G. Kolep en ko

Ing Surabaya dhateng Tuwan Timekolep en ko

Ing Salatiga dhateng Tuwan W.Igendherat

Ing Surakarta dhateng Tuwan F.H.Jaspres

Ing Ngayogyakarta dhateng Tuwan C.F.Philip.

Samongsa loterei wu sampun kamainanken ingkang gadhah lot wetah utawi papaliyan tuwin saprapatan ingkang kaleresan angsal kauntungan utawi ganjaran kenging anampeni arta pamenangipun saking Tuwan Y.G.Sedhering ing Samawis kawangan lami-laminipun ing dalem wolungdinten ananging tiyang wau amawi anedhahena sarta amangsulna lotipun punapa malih arta pamenangipun mawi kacengklong ing dalem satusipun 25 ruipi-yah minongka dados kauntunganipun sakalempakan main musik ing komidhi Samawis, menggah dinten pamainipun loterei badhe kalimrahaken ing tembe, pamainipun badhe kalampahan wonten ing Samawis katingalaken ing ngakathah mawi kjenengan dening Notaris.

Bilih sampun dumugi ing wawangen mangsanipun amainaken

Loterei, mongka cacahing lot 3000 iji dereng pajeng sadaya, pamainipun loterei punika inggih badhe kalampahan ugi, ananging kathah ing arta kauntungan tuwin ganjaran badhe kasuda, katimbangkaliyan kathahing lot ingkang boten pajeng wau.

Ingkang sami ngereh pakalempakan main musik ing komidhi Samawis.

Katandhan tuwan H.H.Borel

Katandhan Tuwan Y.P.Ossenbriggen

Katandhan Tuwan Y.G. Sedhering Tesurir

Katandhan Termir Sekretaris.

---

Angka 27, 6 Oktober 1864

Kulawisudhan sapanunggalanipun

Kanjeng Tuwan W.L.H.Brokse, kalawaunipun dados residhen ing Timur (Timor), ing wingking kaparingan wahgel, sapunika wonten ing nagari Walandi awit saking pamit ing mangke pamitipun wau kaunduraken laminipun nem wulan, ksebut ing serat kakancinganipun Kanjeng Tuwan ingkang wicaksana Minister Pan Koloni, katitimangsan kaping 2 wulan Agustus 1864 aksara A.P.Z. angka 12.

Kanjeng Tuwan C.Dhewall sekretarisipun Kanjeng Gupremen ingkang kabiyantokaken anyambut damel dhateng rat ing Nederlan Indiya, ing mangke kakula wisudhan dados Irste Sekretarisipun Kanjeng Gupremen.

Kanjeng Tuwan Mister, G.G. Dhan Arsankarsedhel Redhendharis ing kantoripun Kanjeng Tuwan Algemen Sekretaris ing mangke kakula wisudha dados sakretarisipun Kanjeng Gupremen ananging anyambutdamel dados sakretarisipun Rat ing Nederlan Indiya.

Tuhan Y.G. Dheseriyer, Komisi pun Kanjeng Tuwan Dhirektur saking tanem tuwuh, kaundur kalayan kurmat saking kalenggahanipun ing pdamelan nagari.

=====

Pawartos warni-warni.

Sampun kacariyos bab pamirantosing badhe panggebagipun kiha Nanning, ing sapunika pawartosipun bilih kitha Naning wau kala tanggal kaping 19 wulan Juli ingkang sampun kapengker kabedah dening prajuritipun kanjeng Raja Cina, para kraman ingkang kawastanan Taiping sampun wonten sawaatawis wulan laminipun sami kekes ing manah, amargi saking ungguling prang para prajuritipun Kanjeng Raja cina, ingkang sami kawadanan dening titiyang nganmonca, menggah cariyosipun katuhonan bilih raja ning kraman pejah ing ngendhat, nalika mireng, manawi Kolonel Gordhon ingkang sampun kalilan dening Jendral Brown kesah dhateng Naning, supados amaspaakaken pamirantosipun anglawan para kraman Taiping, kalampahan Kolonel wau

saged anyelak ngantos dumugi tebihipun 50 elo saking kitha Naning.

Dereng wonten cariyosipun ingkang terang bab kadadosaning panggebagipun kitha Naning, lampahan saking pirembagipun Kolonel Gordhon, ananging sakitan manawi panggebagipun wau sakalangkung pikantukipun awit saking kageting para kraman sami amireng namaning Kolonel Gordhon wau, dene panggebagipun kitha Naning, punika sangkanipun ing kalih panggenan saking dharatan tuwin saking saganten, ing dintenipun nalika sareng lumebet ing kitha Naning, saderengipun sonten para kraman

sami kakepang wonten ing satengah ing kitha wau, kraman ingkang sana Sung Wang kala waunipun kapalajeng saking So Ho tuwin saking Oso, punika saged pikantuk margi medal saking kitha Naning ingkang sampun kakepang, kraman Sung Wang punika kasebut saged bab lampah ing Militer, mila badhe sakalang-kung andadosaken susah bab anggenipun saged pikantuk margi amedal saking kitha Naning wau, ambekta tiyang kalih ewu, amargi tiyang kalih ewu punika manawi kawadanan dening Sung Wang, bahd eandadosaken reresah enggawl wonten ing dhistik tanah Cina, punapa dene ingkang kalangkung ajrihan bab remenipun anjajarah angrayah, Sarehning para kraman Taiping wau sampun sami kanaten anjajarah rayah laminipun ngantos kalihwelas tahun mila boten saged dados titiyang sa ing ngatasipun padamelan ingkang prayogi, sanadyan para kraman punika sampun boten angajrih-ajr hi malih dhateng titiyang ngamonca, inggih ugi taksih anguwatosi, awit manawi sami angalempak sadadamelipun kathahipun ngantos tiyang kalih utawi tigang ewu.

---

Makasar kaping 25 Agustus 1864 Raja ing Gowa tanah Makasar ing sawatawis dinten laminipun angulem-ulemi para priyantun sawatawis tuwin para opsiing dharatan Sahalaut punapa dene para tuwan mardika, kapurih sami dhateng wonten ing pasamuwan amargi kanjeng raja wau amasahaken wajanipun ingkang wayah estri, punika sampun dados adating ngriku ing ngatasipun titiyang islam manawi para estri umuripun sampun dewasa,

lajeng adamel pasamuwan ageng, amurih agenging pasamuwan wau, wanci enjing musikaning prajurit ingkang wonten tanah ing ngriku sami dhateng wonten karaton ing Gowa(h). Sareng pukul 9,00 enjing kanjeng Tuwan Kolonel Krussen ingkang ngasta p[anguwasa dados guprenur wonten tnah ing ngriku, anitih karet kadherekaken prajurit Kaveleri tuwin para setap dhateng ing panggenan kalempakanipun ingkang sami kaunlem-uleman wau, wonten ing Jongayah, ingkasng dados tapel wates-ting tanah kagunganipun kanjeng gupremen, dene ingkang sami dhateng ing panggenaning kalempakipun para tamu wau, wonten ingkang anumpak kareta tuwin anumpak kapal, satunggil kalih wonten ingkang ambekta nyonyahipun tuwin nona-noah, sareng sampaun nunten asareangan sami lumebet dhateng tanah bawahing Gowah, sareng Kanjeng Tuwan Guprenur Krussen rawuh, lajeng para musikan angungelaken Wilhelmus sarta kurmat angungelaken mariyem kaping tiga welas, sasampunipun sami atabeyan ingkang sampaun dados adat sami pinarak wonten ing pandhapa ageng, ingkang celak akaliyan dalemipun Kanjeng Raja ing Gowah, Menggah pandhapa punika pancen kaya sanandipun damel pasamuwan, ing ngriku dhdadharan sapanunggalanipun akathah sampaun sami katata.

Sasampunipun para tamu Walandi sami dhansah katrik kaping kalih, boten mawi kendel ungelung gangsanipun titiyang ing Gowa, nunten para putri santananipun raja Gowa kathahipun 25, sami ambekta dene para tiyang alit sami bingah aningali jogeding ringgit, sarta titiyang alit wau salamining wonten pasamuwan ingkang sampaun kalampahan satawis dinten saha ing waktu punika taksih sadinten kalih dinten pasamuwanipun sami

angaben ayam tuwin angabotohan ingkang sampaun dados reremena-nipun.

Sasampunipun abeksan wau, lajeng sami pinrak badhe dahar, Menggah dhdadharan cara Walandi tuwin dhdadharan olah-olahan ing tanah ngriku, saha inuman sadaya wonten, Kanjeng Sultan ing Sumbawasakulawarganipun inggih wonten pasamuwan ing ngriku, anggenipun rawuh wonten dalemipun kanjeng raja ing Gowa sampaun ing sawatawis laminipun.

Kanjeng Tuwan Guprenurkurmat angunjuk kawilujenganipun kanjeng raja ing Gowa, sarta ing saening rurukunipun akaliyan kanjeng Gupremen andadosaken suka pirenaning galihipun kanjeng tuwan gupernur wau, sasampunipun kurmat kawulujengan wau ingakng katembungaken ig basa Makasar dening kanejng tuwan Y.A.Y.Pol Sekretaris saking samukawis prakawis ing Makasar, lajeng kurmat kawilujengan wau kaangsulaken dening Kanjeng Tuwan Asisten Residhen Y.A.Baneres, awit saking asmanipun kanjeng raja ing Gowah, kanjeng tuwan guprenur gurmat malih angunjuk kawilujenganipun kanjeng Sultan ing Sumbawa, inggih lajeng kaangsulan dening kanjeng tuwan Asisten Residhen Bakeres awit saking asmanipun kanjeng Sultan ing Sumbawa.

Sasampunipun dhahar, para tamu sami atata badhe kondur, sareng wanci sawatawis pukul tiga siyang sami bidhalan, pangalihipun sadaya sami trima bab panganggepipedun kanjeng raja ing Gowa ingkang kalayan setyaning galih dhateng para tamu, menggah pasamuwan ingkang kados makaten dereng nate kalampahan, mila andadosaken pratondha pra sobat tuwin ruru-kunipun kanjeng raja ing Gowah kaliyan kanjeng Gupremen.

=====

Surabaya kaping 30 Sptember 1864, kala winginipun dalu ing griyanipun Es wonten ing loji kapandungan, pandungipun snaget ambikak Benet sarta amendhet trommel alit isi arta saking ing Benet wau, sareng tromel punika sampun kapendhet Bennet lajeng kakunci malihdening pandung, menggah ingkang kakintun dados pandung wau, punika rencangipun tuwan Es piyambak dene pulisi sapunikanipun atitipariksa bab prakawis punika wau.

=====

Tutuladan ingkang sakalangkung sae bab katesnaning anak dhateng tiyang sepuhipun.

Wonten rondha miskin gadhah anak jaler titiga, ingkang sami sabiyantu angingoni dhateng embokipun, sareng makaten wau tumunten awis padamelan, kalampahan anak titiga wau boten saged pikantuk padamelan andadosaken mindhak sangeting kacingkranganipun nyai rondha, ngantos boten wonten ingkang katedha. Ing waktu punika anak titiga boten saged angraosaken ing manah, aningali embokipun boten anedha, tumunten amedalaken tekadipun ingkang sakalangkung elok kados ing ngandhap punika cariyosipun.

Parenah angundangaken, sinten sintena ingkang saged anyepeng,

sarta angladosaken dhateng pangadilan tiyang durjana ingkang

sampun nandhang awonipun punika badhe pikantuk ganjaran ingkang sakalangkung kathah, kala samanten sadherek titiga sami arurukunan manawi salah satunggil saking sadhereking titiga kapurih angakeni dados tiyang durjana ingkang kaundhangaken wau, supados sageda pikantuk ganjaran, kadadosanipun sadherek titiga sami anggebak loteri , kaleres dhawah sadherek ingkang nem piyambak punika kedah angekena dados tiyang durjana wau, sareng sampun sadherek ingkang nem punika kabesta dening sadherekipun kakalih, lajeng kaladosaken dhateng pangadilan, sareng kapriksanan dening pangadilan wau, inggih angakeni manawi piyambakipun tiyang durjana ingkang samun anglampahi kadurjanan kados ingkang dados pandakwa, sasampunipun angakeni pangadilan lajeng dhadhwah, kinan ambekta sadherek wau dhateng kunjaran, sarta dhadhwah malih amaringi ganjaran dhateng sadherek kalih ingkang sami ngaldosaken tiyang durjana wau.

Saderengipun sadherek nem kabekta dhateng ing kunjaran sarta sadherekipun kakalih aningali manawi panuju boten wonten tiyang, sadherek nem lajeng karangkul dening kakangipun sakaliyan amargi badhe pisah, ananging ingkang ngasta pangadilan sumerep kala pangrangkulipun wau, ing waktu punika ingkang ngasta pangadilan boten saged anggayuh ingkang dados sababipun, mila badhe sumerepa ingkang dados sabab wau, kalampahan utusan abdi satunggil ingkang kenging kapitadosan kapurih angetut wingking dhateng sadhereke kalih ing sapurugpurugipun sampun ngantos katawis, sarta kinan angupados keterangan bab tiyang ingkang kakunjara wau, abdi punika sanalika umangkat anglampahi ingkang dados parentah ing bendaranipun, sareng makaten abdi wau aningali saherek kakalih sami lumbet ing griya alit ingkang sampun meh risak sadaya, ingkang lajeng kaselaka dening abdi punika, wonten ing ngriku abdi amireng sadherek kakalih sami anyariyosaken ingkang sampun kalampahan sarta angulungaken arta ganjaraning parentah anggenipun angladosaken sadherekipun nem dhateng pangadilan.

Sareng embokipun amireng pawicantenipun ingkang kados makanan wau, lajeng anjelih, sarta sanalika anedha wangsuling

anakipun ingkang kaladosaken dhateng pangandilan wau, wican-tenipun luwung pejah akaluwen kaliyan amanjangaken umurium jalaran saking kekecalan anak tumunten anakipun kakalih dipun ken amangsulaken arta sanalika, sareng abdining parentah ingkang ngasta pangadilan sampun amireng pitembungan ingkang kados makaten wau, nunten kesah, anglapuraken sadaya ingkang sampun dipun sumerepi dhateng bendaranipun wekasen andadosaken gumuning kang ngasta pangadilan ing sanalika lajeng anyaosi uninga dhateng sang nata bab lalampahan punika, kadadosanipun sadherek kakalih katimbalan dhateng sang nata, ingkang sakalangkung angalem dhateng sadherek titiga bab katresnaning anak dhateng tiyang sepuhipun, wasana sadherek ingkang anem kaparingan pensiyun taunan dening sang nata, mengah kakangipun sakaliyan sami kaparingaken ganjaran ingkang sakalangkung kathah.

Angka 28, 13 Oktober 1864

Pawartos warni-warni

Serat saking kareh bawah tanah Japan katitimensan kaping 24  
wulan Agustus ingkang sampun kapengker anyariyosaken kados  
ing ngandhap punika.

Sampun wonten tiga welas wulan kala kagunganipun Kanjeng Raja Walandi baita kapal asep ingkang dipun namani Megusah,kamriyemaning mariyem ingkang sampun krakit wonten ing panggenan satunggal tuwin kamriyem an ing mariyemipun para baita kapal kagunganipun pangeran ing Nagato tanah Japan, dene baita kapal asep wau lumampah medal supitan Semonoseki, boten sumerep manawi badhe kaawonan makaten wau.

Salaminipun wiwit kala samanten sampun kaangkah pikantukipun rampunging prakawis lampah saking rerembaganipun para utusan bab anggenipun amirangaken pangeran ing Nagato dhateng bendera Walandi, sarta dipun purih ambikak supitan kenginga kawedalan malih ing baita kapal ananging boten wonten kadadosanipun.

Padagangan ing Nagasai tnah Japan tumunten sangsaya sudanipun sarta badhe ical babar pisan amargi saking pratingkahipun amemengsahan pangeran ing Nagato, ingkang purun-purun amepeti margining baita kapal dagang, kamomotan pamedaling siti ingkang pancen badhe kabekta dhateng Nagasaki, utawi kamomotan barang-barang dagangan damelan walandi ingkang saking tanah ngriku, dene kawontenaning prakawis punika boten saged dumugi ngantos lami.

Jejenengipun para raja ingkang sami aprajangjeyan tumunten arerembagan badhe kintun serat dhateng pangeran ing Nagato, ungeling serat amelehaken bab pratingkahipun pangeran ing Nagato wau ingkang nguwatosi, sarta kasukanan Serep manawi pangeran punika salebetung sakedhik dinten boten ambikak margining baita kapal wonten ing supitan ingkang kasebut ing nginggil wau, badhe anglampahaken taksa.

Anunten serat wau kabekta dening baita kapal asep Inggris kakalih, kanamanan Barosah satunggil, ingkang satunggilipun Kormoran, dene ingkang kapitadosan ing pambektanipun serat-serat wau, punika papatahipun ing Ngari Inggris Prangkrik nagari Walandi, tuwin papatah saking tanah Amerika, sareng

makaten serat-serat wau lajeng katampekaken dhateng para opsiripun Pangeran ing Nagato, ingkang sami sagah badhe ambekta wangsul anipun serat. Baita kapal asep Barosah tuwin Kormoran sami alabuh wonten sangajenging margi lumebet dhateng supitan Semenoseki, ing waktu punika sami amaspadakaken panggenan ing ngriku, tebihipun manawi kamriyem memesipun botn sged dumugi, sareng makaten anunten wonten panggenan satunggil karakitan ing mariyem ingkang boten katingal mariyemipun awit saking kaaling-alingan, saking panggenan ing ngriku baita kapal Inggris kakalih wau lajeng kamriyem kaping kalih.

Pratingkah ingkang kados makaten wau, punika andadosaken pratondha sayekti, bilih pangeran ing Nagato boten apraduli dhateng rerembagipun para jejenenging raja raja ing amonca

wau, kala samanten para jejeneng wau sami arerembagan badhe wangsul boten mawi angentosi wawangsulanipun serat, tumunten kasaru dhatengipun opsi Pangeran ing Nagato, punikasami minggah dhateng ing baitakapal asep Inggris wau, anyariyosaken pangandikanipun pangeran ing Nagato, bilah pangeran ing Nagato wau anglampahi ingkang dados parentah ing rajanipun, sarta boten gadhah sedya ambikak margining baita kapal wonten ing supitan Semenoseki.

Wangsulanipun pangeran ing Nagato makaten wau andadosaken sanget rengating manah, sanalika lajeng karembag, anglampa-haken prajurit sami abibiyantonan badhe angukum dhateng pangeran ing Nagato ingkang anandukaken pamanahanipun piyambak.

Para tiyang ing baita kapal prang Walandi sadaya ingkang wonten ing palabuhan sami bingah-bingah, sareng mireng bilih badhe anglampahaken prajurit bibiyantonan wau, punapa dene titiyanging baita kapal asep Megusah sakalangkung bingahipun. Pangajeng-ajngipun saben dinten kumendhan rembrut sakalerehanipun opsi sadaya mugi wontena mangsanipun saged amales ngantos amedalaken rai pamimirangipun pangeran ing Nagato dhteng bendaranipun baita kapal asep Megusah, ingkang sapisan wonten ing supitan Semenoseki kamriyeman sakalangkung sanget dening mengsa, ananging saged pikantuk margi medal saking supitan wau.

Para baita kapal prang bibiyanton ingkang badhe kaangsahaken dhateng Nagato, sarta angkatipun benjing ing dinten enjingipun kados ing ngandhap punika pratelanipun:

1. Baita kapal prang Walandi sakawan anama Megusah, Jambi, Metalenkruwis tuwin Amsterdam, prajuritipun kawadanan dening kumendhan G.A.Panris.
2. Baita kapal prang Inggris sadasa
3. baita kapal prang Prasman tiga
4. Prajurit ingkang pance nginggah dhateng dharatan 60, kabekta dening baita kapal Amerika, kanamanan James Twdan.

Pangajenganipun tiyang, para ing baita kapal prang samanten kathahipun wau badhe sageda angrisak pamiratosipun mengsa panggenan prang, sarta ambikak malih supitan margining baita kapal ingkang dados prakawis wau.

Ing Pasuruwan kala tanggal kaping 10 wulan September ingkang sampun kapengker punika, baita kapal ingkang kanamanan Patal Air, karehaken dening Sarib Muhammad Nuksin Gared awit saking borot sanget kerem wonten celak distrik Kraton, menggah baita kapal punika gadhahanipun tiyang ingkang gigriya wonten ing Jambrana tanah Bali, mentas dhateng saking Surabaya, sarta badhe layar dhateng ing Sumenep, wondenning momotanipun baita kapal wau telas sadaya tumut kelem ing toya, boten wonten ingkang katulungan, kadosta awarni barang suwekan damelan Walandi, 25 pethi, uwos 12, koyan, malam sapikul tuwin sane-sipun barang-barang remeh, ananging titiyangipun boten wonten ingkang pejah, sareng kamirengan ing nasgari bab keremeng baita kapal wau, lajeng baita ingkang pance ngelelipun angid-eri saganten atutulung, ananging sareng dhateng ing panggenanipun kerem baita kapal wau, sampun boten aningali punapa-

punapa.

---

Serat Pamimirang

Wonten Letnan Kolonel saking prajurit Prusi sasampunipun prang kala ing tahun 1756 kakendelan saking anggenipun dados Letnan

Kolonel, anunten Litnan Kolonel wau boten kendel -kendel anunuwun dhateng kanjeng raja Frederik ingkang kaping kalih (II), supados kang dadosna Litnan Kolonel malih kalampahan panuwunipun wau ngantos kapurunen temahan dadosaken rengat-ing galihipun kanjeng raja, wekasan lajeng raja dhadhawah angawisi dhateng Litnan kolonel punika, boten kalilan anunu-wun malih, sareng Litnan Kolonel mireng, manawi boten kalilan anunuwun malih dhateng kanjeng raja, sanalika lajeng mantuk, sareng makaten elet sawatawis dinten laminipun tumunten wonten serat pamimirang dateng kanjeng raja Frederik kaweda-laken ingakathah, sanadyan kanjeng raja punika panggalihani-pun angawonan, ing waktu punika sakalangkung dukanipun bab serat pamimirang wau, lajeng dhadhawah, badhe amaringi ganja-ran arta 50 uang mas dhateng tiyang ingkang saged anedahak-en ingkang damel serat pamimirang wau.

Litnan Kolonel amireng ingkang dados dawahipun kanjeng raja Frederik bab badhe amaringi ganjaran dhateng tiyang ingkang saged anedahaken ingkang damel serat pamimirang wau, sanalika sowan dhateng karatonipun kanjeng raja, wonten ing ngriku adarbe atur, amugi kalaporna dhateng kanjeng raja, manawi badhe asaos unjuk dhateng kanjeng raja bab prakawis ingkang sanget prelunipun, kanjeng raja amarengi panuwunipun Litnan Kolonel ingkang lajeng kairid sowan wonten ing ngarsanipun kanjeng raja. Sareng dumugi ing ngarsanipun kanjeng raja, Letnan Kolonel lajeng matur: Gusti, panjenengan dalem dhadhawah badhe amaringi ganjaran 50 uangmas dhateng tiyang ingkang saged anedahaken ingkang damel serat pamimirang dhateng panjenengan dalem ing mangke ingkang adamel serat pamimirang wau sampun sowan piyambak wonten ing ngarsa dalem, inggih punika kula ingkang adamel, sapunika kula sumongga ing karsa dalem angukum dhateng kula, ingkang sampun kalepatan ing panjenengan dalem, ananging panuwun kula ing panjenengan dalem manawi kula badhe kaukum ing waktu punika mugi panje-nengan dalem dhadhawaha, angintunaken sarta ganjaran ingkang sampun kaprangjanekaken wau dhateng semah kula ingkang sapunikanipun kacingkrangan sanget boten wonten ingkang katedha akaliyan anak-anakipun, kanjeng raja sareng aturipun Letnan Kolonel sakalangkung dhangan ing ggalih, sarta amumun manawi Litnan Kolonel wau ngantos kacingkrangan makaten, sanalika kanjeng raja boten amangsuli pangandika, nunten anyerat serat satunggil, ingkang lajeng kaparingaken dhateng Litnan Kolonel, dhawahipun kanjeng raja makaten: layang iki wenehna marang kumendhan ing beteng Sepandhau ananging

tampakna ing tangane dhewe, dene kowe dadi pasakitane ingsun ana ing beteng kono, nganti ingsun amatrapke kang dadi pauku-manmu, bab olehmu wani-wani amimirangake marang ingsun, wangsumanipun Litnan Kolonel: Inggih sandika, Gusti, kula

badhe anglampahi ingkang dados dhawah dalem, ananging bab arta ganjaran 50 uwangmas kados pundi. Kanjeng rajaangandika: ing sajroning rong jam bojomu bakal anampani dhuwit iku, sarta ingsun bakal dhawah, anuduhake panggonanmu kakunjara, mara, mangkata tumuli.

Litnan Kolonel tumunten amangkat dhateng ing beteng Sepandhau ingkang badhe dados kunjaranipun, ewa denten Litnan KOLONEL amupus, awit rumaos ing kayektosanipun manawi anak bojonipun bdhe pikantuk pembayaran kacingkranganipun, sareng dumugi ing beteng Sepandhau, Litnan Kolonel lajeng amratelakaken bilih piyambakiun dados pasakitanipun kanjeng raja, sarta aken anglapuraken dhateng kumendhaning beteng wau, manawi Litnan Kolonel punika ambekta seratipun kanjeng raja Frederik dumateng kumendhaning beteng Sepandhau, dhawah dalem serat punika kedah katampekaken ing tanganipun kumendhan piyambak, sareng sampun tumunten kabikak dening kumendhan menggah ungelipun makaten: ingsun maringake paparentahan ing beteng Sepandhau marang kang anggawa layang ingsun iki, dene kumendhaning beteng Spandhau ingsun alih kalawan amunggah kalungguhane marang beteng Posdham dadiya kumendhan ana ing kono, sareng litnan Kolonel mireng ungeling serat kados makaten wau, sakalangkung gumuniun ananging sangsaya wewah gumun malih, sareng aningali anak bojonipun sami dhateng, ingkang acacariyos bilih sampun anampeni arta 50 uwang mas saking kanjeng raja, wekasan lajeng sami tumut agigriya wonten beteng ing ngriku.

Angka 29, 20 Oktober 1864

Kulawisudhan Sapanunggalanipun

Kanjang Tuwan G. D.Serdhasiyus priyantun ingkang kaparingan Wahgel kala waunipun dados asisten residhen ing Galuh Pare-sidhenan Cirebon amangke kakula wisudha dados asisten Residhen ing Indramayu Paresidhenan Cirebon angiras dados Pendhimester.

Tuwan Y.S. Van de Bruk, kontelir Twedeklas ing paparentahan lebet ing Paresidhenan Menado, ing mangke kakula wisudha dados kontelir Irsteklas ing paresidhenan Menadho.

Tuwan W.Gredhe, Kontelir Dherdheklaas ing paparentahan lebet ing Paresidhenan Menadho, ing mangke kakula wisudha dados Kontelir Twedheklaas ing paparentahan lebet ing paresidhenan Mendho.

Tuwan Y.F. Lodhon Kontelir Dherdheklaas ing paparentahan lebet ing Gupremen Celebes sabawahipun ing mangke kakula wisudha dados kontelir Dherdheklaas ing paparentahan lebet ing paresdhenan Menadho.

Tuwan A.W.Desanse, priyantun kareh ing kangjeng Residhen ing Menadho, amangke kakula wisudha dados kontelir Dhredheklaas ing paparentahan lebet ing paresidhenan Menadho.

Tuwan Y.N.Phosmadar, kontelir Twedheklaas ing paparentahan lebet ing Gupremen Celebes sabawahipun ing mangke kakula wisudha dados kontelir Irseteklaas ing paparentahan lebet ing Gupremen Celebes sabawahipun.

Tuwan D.D. Dhegillenidhe, kontelir Dherdheklaas ing paparentahan lebet ing Gupremen Celebes sabawahipun ing mangke kakula wisudha dados kontelir Twedheklaas ing paparentahan lebet ing Gupremen Celebes sabawahipun.

Tuwan Jonghir Mister, Rendhorep priyantun kareh ing Kangjeng Tuwan Residhen ing Menadho, ing mangke kakula wisudha dados kontelir Dherdheklaas ing paparentahan lebet ing Gupremen

Celebes sabawahipun.

Tuhan C.A.Wilkes akaliyan Tuwan G.Meyer, kalih pisan dados priyantun kareh ing kanjeng Tuwan Guprenur in Celebes bawahipun, ing mangke sami kakula wisudha dados kontelir Dhredheklas ing paparentahan lebet ing Gupremen Celebes sabawahipun.

Tuhan D.A.Dherose, priyantun kareh ing Kanjeng Tuwan Asisten Residhen ing Bengkulen, amangke kareh ing Kanjeng Tuwan Guprenur ing Celebes sabawahipun.

Tuhan W.F. Nois juru seratipun Kanjeng Tuwan Algemene Sekretaris ing mangke dados priyantun kareh ing Kangjeng Tuwan Guprenur ing Celebes sabawahipun.

Tuhan H.M. dhekanter, ing mangke kareh ing Kanjeng Tuwan Asisten Residhen ing Bengkulen.

Tuhan D.C.H.Dhuh, Irsete komisi pun kanjeng Tuwan Direktur saking pamedaling siti tuwin Sidhilemagasin ing mangke kapingan pamit kalih taun dhateng nagari Walandi, amargi saking sakit.

Tuhan G.Er.Lunardhi, kontelir Twedheklas ing mangke kakula wisudha dados Kontelir Irseteklas.

Tuhan E.Dh.Ledhasonorman Kontelir Dhedheklas, ing mangke kakula wisudha dados kontelir Twedheklas.

Tuhan C.L.G.Bresler, priyantun kareh ing Kanjeng Tuwan Dhirektur saking tanem tuwuh, ing mangke kakula wisudha dados kontelir Dherdheklas.

=====

Pawartos warni-warni

Surabaya kaping 5 Oktober 1864. Cariyosipun manawi kanjeng Gupremen sampun anetepaken in gserat kakancingan, bilih para

tiyang jawi ing mangke kalilan atumbas kajeng saking kagunganipun kanjeng Gupremen wonten ing panggenan tutumpakan kajeng, punika ingkang badhe katumbas kajeng ingkang boten kenging kaangge ing padamelan yasaning nagari, karegenan sapratigan saking reginipun ingkang kapratelakken ing serat pratela bab reregining kajeng wau, boten ambayar sapalih ing regi kados ingkang taksih kalampahan ngantos sapunika.

Serat kakancinganipun Kanjeng Gupremen wau saestu andadosaken pangalaming titiyang kathah, punapa malih sarehning ing waktu punika kaawisan angangge payoning griya kambengan ingkang celak ing kitha, sarta griya-griya ingkang kadamel saking rossan boten kuwawi anyanggi payon gendheng, mila titiyang jawi kedah boten kenging boten adamel griyanipun manawi boten katembok inggih kedah angangge kajeng kathah.

Wondening kajeng-kajeng ingkang katampik boten kenging kaangge ing padamelan yasaning nagari, punika sayektosipun taksih kenging kaangge, prateandhanipun manawi kajeng-kajeng ingkang katampik wau kawade ing lelang, asring kemawon papajenganipun lakung saking reginipun ingkang kasebut ing serat pratela bab reregining kajeng.

=====

Cariyosipun manawi Mayor Cina Tituler ing Samawis sarta kapitan Cina ing Bagelen tuwin Litnan Cina ing Banyumas ing mangke kaundur saking kalenggahanipun, amargi sami tumut adadagangan apyun peteng, wonten ing tanah jawi Poncotwetan.

=====

Wonten pawartosipun manawi ing tanah Sumatra badhe wonten

reresah, para Pangeran sawatawis tuwin para kapala saking Pasumah tanah Sumatra sami kalempakan wonten ing padhang Ngwalakpandhan, menggah ingkang sami anglempak wonten ing ngriku wonten saking titiyang sewu, sami amraged maesa satunggil sarta aprajangjeyan sami guyub badhe mengsaah Kanjeng Gupremen, dene cariyos ipun ingkang kantun amratelaken manawi titiyang ing Pasumah saweg sami adamel sandawa tuwin beteng

wonten sanginggaipun tanah Kelbonjawi.

=====

Surabaya kaping 2 wulan Oktobr 1864, kala Akad ingkang sampun kalampahan ing dhusun Sinel tanah Sidaarja wonten griya kabesmen ingkang lajeng amremen sangsaya mindhak-mindhak ngantos griya sadhusun kathahipun 250, telas kabesmen sadaya, menggah griya-griya ingkang kabesmen wonten sawatawis griyanipun tembok ananging ingkang akathah kthah griya welit, dene kapitunanipun kala kabesmen wau kamurwat wonten saking 35.000 rupiyah.

=====

Cariyos saking Japan ingkang kantun piyambak dumugi ing tanggal kaping 25 wulan Agustus ingkang sampun kapengker, saking pangintenipun badhe wonten karampunganing prakawis tumunten, kados ingkang sampun kacariyosaken ing ngajeng, bilih ingkang dados jalaranipun prakawis, punika bab margin-ing baita kapl dagang wonten ing supitan Simonoseki ingkang kapepet, menggah marg punika kajagenan ing beteng-betengipun pangeran Nagato, dene beteng-beteng wau sami kasantosanan sadya, pikajenganipun ingkang sampun tetela, amepeti supitan Simonosakiboten kenging kawedalan ing baita-baitanipun kapal para titiyang amonca.

Wonten supitan ing ngriku saweg satahun la,inipun, baita kapal Prasman, baita kapal Amerika tuwin baita kapal Walandi sami kamriyeman, sarta wonten sababipun ingkang kengingkaptados prakawis patrapipun amengmengsahan Pangeran Nagato ing kala samanten dhatengtitiyang ngamonca ingkang boten mawi wonten sudanipun, pratandhanipun dereng lami baitakapal Inggris anama Kormoran alangkung wonten sangajenganing betengipun Pangeran Nagato, lajeng kamriyem sapisan kenging kajengipun baita kapal ingkang ngajeng, punika andadosaken-pratondha satuhu, bilih pangeran Nagato bahde amengmengsahan kaliyan titiyang amonca. Ing waktu punika baita kapal Komoran ingkang kamriye wau lajeng wangsl asareng lampahipun kaliyan baita kapal Barosah, sarta anglaporaken bab anggenipun kamriyem wau, cariyosipun ing ngajeng bab prakawis punika dereng terang, sanadyan sampun kapratelakaken bab dhatengipun baita kapal kalih wau wontn ing saganten bawahipun Pangeran Nagato, boten wonten kadadosanipun ingkang anyekapi, dene pawartosipun bab anglampahaken baita kapal prang dhateng Nagato, punika kayektosan, menggah ingkang sami kalampahaken

baitakapal prang nembelas baita kapal Inggris Presman tuwin baita kapal prang Walandi, kala samanten sampun badhe bidhal dhateng ing Nagato, dene utusan saking Amreika, sanadyan boten saged anglampahaken baita kapal prangipun inggih ugi

anglampahaken baita layar kemawon minongka bibiyantu, supados manawi kalampahan atangled baita -baita kapal prang wau, baita kapal Amerika punika inggih wontena ing Panggenanipun tatangledan wau.

=====

Kalintuning pngintenipun Piron jurunganggit tembang.

Kala ing jaman kina wonten juru nganggit tembang satunggil anama Piron, puunika lumampah lumampahwonten ing wana Tarataban tanah Prangkrik, awit saking sagahipun lajeng alenggah wonten ing sela ingkang wonten sangajenging kori marginipun medal saking wana Tarataban wau, dereng ngantos dangu anggenipun alenggah Piron wonten panggenan in gngriku ingkang celak kaliyan margi geng, nunten wonten tiyang sepuh alangkung ing ngajenganipun ingkang lajeng kurmat ambika topi Sukatabe, pangintenipun juru nganggit tembang, manawi piyambakipun ingkang kakurmatan sukatabe wau, lajeng akurmat sukatabe malih dhateng tiyang sepuh, sareng tiyang sepuh punika sampun kalangkung anggenipun alumampah , Piron tansah amaspadakaken ing pupukiraning rainipun sarta mawi kaenget-enget bok manawi sampun nate panggih utawi atepang kaliyan tiyang sepuh wau, ananging boten kaemutan kapanggih sapisan kemawon, sareng makaten antawis sakedhap malih, wonten tiyang dhusun alangkung wonten ing ngajengipun Piron, punika inggih lajeng kurmat ambikak topi suka tabe kados tiyang sepuh ingkang sampun kalangkung wau, dene ing sawingkingipun tiyang dhusun punika kathah titiyang lumampah, inggih sami kurmat ambikak topi sukatabe, jurunganggit tembang akurmat sukatabe malih, kalampahan ngantos sayah anggenipun ambikak topi.

Wekasan Piron sakalangkung gumunipun, dene akurmatan ing tiyang kathah wau, sarta boten saged anggayuh punapa-punapa

ingkang dados sababipun titiyang wau lajeng sami sumerep dhateng jurunganggit tembang, wonten ing panggenan ingkang awis-awis kaambah, juru nganggit tembang wau sakalangkungsukaning manah, awit saking kogunganipun.

Wasana wonten tiyang dhusun estri alangkung wonten ing panggenanipun alenggah Piron, sareng dumugi wonten ing ngajengipun arta sasampunipun kurmat sukatabe ingkang sakalangkung sanget ing pandhekunipun tiyang estri punika kalajeng ajengkeng, andadosaken sadaya sangeting gumunipun Piron malih, ingkang lajeng ngadeg amurugi tiyan gestri ingkang jengkeng wau, kapurih angadegmalih, sarta kapitakanen punapa ingkang dados sababipun dene sanget anggenipun angasoraken baan, ananging Piron tumunten mireng, bilih tiyang estri punika amumudya dhateng Dewi Mariyem, ing waktu punika Piron anoleh dhateng wingking ningali mangtinggil, tumunten sumerep manawi para tiyang kathah ingkang langkung wonten ing ngajengipun sami kurmat suka tabe wau, sarta kakurmatan malih dening Piron, sayektosipun boten kurmat sukatabe dhateng Piron, ingkang kakurmatan punika reca alit, recanipun Dewi Mariyem ingkang kaddekekaken wonten ing sanggingiling panggenanipun

alenggah juru nganggit tembang.

Wasana Juru nganggit tembang sumerep bilih kalintu ing pangintenipun, nunten gumujeng, sarta awicanten makaten : Pangrisaning ngatine para juru nganggit tembang iku, manawa kpraduli ing sok wonga, saprandeneakeh wong kang padha ora sumurup babar pisan manawi ing ngalamdonya ana jurune anganggit tembang.

---

Panggenanipun anggambar Sorot Tuwan LeDhebur.

Wonten ing losmen punika saben dinten kabikak, wiwit pukul satengah sanga enjing ngantos dumugi pukul kalih dasa siyang, dene regining gambaripun mawi murwat sarta mirah.

---

Ingkang sami amendhet serta Jurumartani katuran angintunaken

arta kathahipun Rp. 9,--, sumerep pangaosing serat jurumartani wau ing dalem sangang wulan utawi Rp. 6,--ing dalem nem wulan dhateng tuwan F.H. Jaspress ing Surakarta, Sarehning sapuniка gampil pikantuk serat Wesel ingkang kabayar ing kantor pos mila inggih gampil pangintunipun arta wau, sami kakintuna kawrat ing serat ingkang wragadipun ing Pos kabayar dening ingkang ngintunaken.

Angka 30, 27 Oktober 1864

Kulawisudhan sapanunggilanipun

Awit saking panguwaosanipun kanjeng raja, Kanjeng Tuwan Y.G. Reis ing mangke kaanggep anggenipun dados kuwasanipun Grut Ertuh ing Essen bab lampahing dadagang wonten ing Surabaya.

Tuwan G.F.W.C.Remit Telegrapis Dherdheklas kaliyan Tuwan C.F.E. Olsinger, Wakil Komiskomtabilitit ing kantoripun kanjeng tuwan guprenur ing Sumatra pesisir kilen, ing mangke sami kaparingan pamit kalih tahun dhateng nagari Walandi amargi saking sakit.

Tuwan C.H.R Gutaret, Apoteker ing mangke kasuwak anggenipun amakili apoteker ing kitha Samawis.

Kanjeng Tuwan Y.A.Oren, Asisten Residen ing Lebak, parresidhenan Banten ingmangke kakula wisudha dados asisten residen ing Sukapura paresidhenan Preyangan angiras dados Pendhimester.

Kanjeng Tuwan G.Fanbak priyantun ingkang kaparingan wahgel kala waunipun dados asisten residhen ing Gorontalo parresidhenan Menadho, ing mangke kakula wisudha dados asisten residhen ing Lebak paresidenan Banten angiras dados Pendhimester.

Tuwan Y.G.Fanrudheroidhaniwal ingkang dereng lami wangsl saking pamit dhateng nagari Walandi, ing mangke katetepaken malih ing kalenggahanipun lami dados apoteker wwonten kitha Samawis

Ingkang kasebut ing serat kakancinganipun kanjeng tuwin ingkang wicaksana Guprenur Jendral ing Nederlan Indiya, katitimangsan kaping 13 wulan Oktober 1864 angka 9 punika kanjeng tuwan guprenur ing Sumatra pesisir kilen kadhwahan anganggep tuwan C.G.C.Vanmursel ing kalenggahanipun dados pastur wonten ing Padhang.

Tuwan Y.H. C. F. Arense, dados Sekut ing Padhang, ing mangke

kaundur saking kalenggahanipun ing padamelan nagari kalayan kurmat.

Kanjeng Tuwan Mister Y.Dhewal litirad luhur Nederlan Indiya, ing mangke kakula wisudha dados prasidhen ing Rat Pnjustisi ing Batawi.

Tuwan H.Sanauten kontelir saking beya-beya ingkang lumebet tuwin medal ing Prabalingga, ing mangke kakula wisudha dados Onvanger saking beya beya ingikang lumebet tuwin tuwin medal ing Padhang tanah Sumatra pasisir kilen.

Tuwan Y.A.Dhim Opsender twedeklas saking tanem tuwuuh ing Sumatra pasisir kilen ing mangke kakula wisudha dados Sakaut

ing Padhang.

Ing griya pamulangan enggal ing Tondano tanah Minahasa pare-sidhenan Menado, kadamel mulang anak-anakipun para kapalan-ing titiyang ing ngriku, tuwin putra-putranipun jaler pangenging tanah ing ngriku, ingkang benjingnipun badhe kenging kacepengaparentahan, punika ingkang kakula wisuda dados guru angka satunggil wonten ing griya pamulangan wau tuwan L.G. Fanderhuk, guru ing pamulangan ing menado dene tuwan L.Mangindhan Wandermite ing pamulangan Menado, kakula wisudha dados guru angka kalih wonten ing pamulangan wau punika.

Pawartos telegrap saking Batawi.

Tuwan Idhen kapitan saking prajurit Infantri amangke kaparin-gan pamit kalih tahun dhatng nagari Walandi.

Kanjeng Tuwan Pandherdhen Upkomis ing mangke kakula wisudha dados dhirektur saking Pinasi.

Tuwan Pinisiyo, ing mangke kakula wisudha dados Irste Koisi pun kanjeng tuwan dhirektur saking Pinansi.

Tuwan Mulder ing mangke kakula wisudha dados Twede Komisi pun Kanjeng Tuwan Dhirektur saking Pinansi.

Tuwan Saripah, ing mangke kakula wisudha dados kontelir Twedeklas.

Cariyos saking Pulobanah, bilih wonten baita kapal ingkang kanamanan Y.G.Dhite, kakapalanan dening Tuwan G.Nayerdhireg saking Sunglon Algowah badhe dhateng ing Singapura, lajeng kakandhas wonten saking dulwetaning pulau Lupidarah ragi mangetan sakedhik, menggah baita kapal wau gadhahanipun tiyang ingkang gigriya wonten ing Hanover tanah Dhitslan, kamomotan balas punika ingkang kadamel angawrat-awrati baita kapal sampaun ngantos anjomplang.

Sareng kamirengan ing Menthok bab kandhasing baita kapal wau, pparentahan ing ngriku lajeng angutus demang satunggil tuwin dhadhwah anglampahaken baita ingkang pancen damelipun angideri saganten dhateng ing panggenanipun kanhasing baita kapal wau, supados amitulungana baita kapal punika, sageeda kumambang malih, angkatipun demang tuwin baita tutulung wau saking Mentok kala kaping 18wulan oktober ingkang sampaun kapengker, dene dumuginipun demang wonten ing panggenanipun kandhas baita kapal kala kaping 20 wulan September punika, ambekta baitanipun piyambak, menggah dhatengipun baita tutulung wonten panggenan ing ngriku enget sadinten kaliyan dhatengipun demang wau, sasampunipun baita kapal kandhas laminipun nemlikur dinten, nunten saged kumambang malih, awit saking kabucalan ingkang kadamel angawrat-awrati wau, boten ngantos bocor, wasana baita kapal punika sasampunipun kamotan balase enggal kadamel angawrat-awrati, lajeng umangkat dhateng ing Singapura.

Prayogining teteladanipun budi utami

Marsekalek Dhemonmoransi atindak lumampah-lummpah kaliyan tetepanganipun priyantun ageng sawatawis dhateng dhusun sarta sami raraosan sauruting margi bab ganjaranipun kabbenjani manungsa wonten ing ngalamdonya, ingkang kapratelakaken ing

kayektosanipun dening Marskal Dhemonmorensi, ananging kapabeanan dening tetepanganipun para priyantun ageng wau, menggah pangandikanipun Marsekal bab kayektosanipun kabekjaning manungsa wau, punika dumunung ing titiyang alit aktahah langkung saking titiyang ageng, pareng makaten anggenipun raraosan ing bab punika tansah kalajengaken ngantos dumugi ing pategilan satunggil, dene pategilan ing ngriku wonten titiyang dhusun sakawan kekepangan badhe anedha, wonten sangandhapipun uwit stunggil wancinipun sampun siyang.

Kala samanten ing waktu surya saweg nedheng panas-panasipun, titiyang ngantos men boten betah saking panasipun wau, Marsekal Dhemonmoransi kaliyan tetepanganipun tumunten sami kendel wonten sangandhaping uwit panggenanipun kekepangan titiyang dhusun wau.

Ing waktu punika Marsekal Dhemonmoransi kaengetan bab anggenipun raraosan kaliyan tetepanganipun para priyantun ageng wau, nunten amanggih margining badhe anedahaken ing kayektosanipun bab kabegjaning manungsa, mila lajeng amurugi titiyang dhusun sakawan ingkang sami kekepangan badhe anedha punika wau, wonten ing ngriku Marsekal angandika kathah kaliyyan titiyang dhusun wangulanipun titiyang dhusun awekta bala kasuta tuwin sayektos kados ngandatipun titiyang tani ingkang pasaja ing manah, wekasan Marsekal kaliyah tetepanganipun sami kjaaturan dening titiyang dhusun kapurih tumuta anedha, Marsekal Dhemonmoransi kaliyan tetepanganipun wau inggih dhangan ing karsa, tumunten sami tumut anedha, awit saking karaos ing panas, pasegahipun titiyangdhusun warni wowohan ingkang kadhahar dening Marsekal kaliyan tetepanganipun andadosaken kamayararaning anggenipun sami karaos panas wau.

Marsekal Dhemonmoransi angandika prakawis panggesanganipun titiyang dhusun, lampah-lampah ing tatanen tuwin bab kawani-pun titiyang dhusun, sasampunipun angandika bab sayahipun titiyang dhusun ingkang sami anyambut damel wonten ing sabin tuwin bab asonipun titiyang wau sasampunipun anyambat damel wonten ing sabin punapa dene bab pasajanipun, tumunten Marsekal andangu dhateng titiyang dhusun sakawan, punapa titiyang wau sadaya sami rumaos benja, wangulanipun titiyang dhusun ingkang tiga makaten: inggih, amesthi kemawon kula rumaos gadhah kabekjan, kawontenan kula ing dhusun boten purun dipun lintoni kaliyan kawontenanipun raja ingkang ageng piyambak ing jagad, kula sami gadhah siti alit, ananging pamedalipun anyekapi ing kabetahan kula wonten ing ngalamdonya, anak bojo kula sami tresna dhateng kula, mila kula sami rumaos boten wonten ingkang andadosaken kikiranganing kabek-

jan, sareng titiyang dhusun tiga sampun wicantgen makaten, nunten Marsekal Dhemonmoransi angandika dhateng titiyang dhusun ingkang sakawanipun, amargi satunggal punika kendel kemawon kala kancanipun titiga sami matur dhateng Marsekal,

menggah pangandikanipun Marsekal Makaten: Kowe tantu ora anduweni kabekjan, wangulanipun tiyang dhusun punika kalayan angunjal ambekan, manawi sayektos boten gadhah kabekjan, nunten Marsekal andangu, punapa ingkang dados kasusahaning manahipun, wangulanipun tiyang dhusun makaten: rumiyin kula rumaos mukti wibawa, amargi kula tarimah punapa ingkang dados titilaranipun bapak kula siti sakedhik, siti punika kula garap kalayan panrimah ing manah, ananging kula nunten kula sakit ngantos lami, malah langkung saking satahun anggen kula boten saged anggarap siti punika, kalampahan kula kabentel amade siti titilaranipun bapak kula wau, dene pangajeng-ajeng kula kala samanten siti punika sageda kula tilaraken dhateng nak-anak kula, wasana icaling titilaranipun siti bapak kula andadosaken kasangsaran kula ngantos sapriki, Marsekal Dhemonmoransi angandika malih: manawa bumi titinggallane bapakmu mau kabalekake maneh marang kowe kapriye , tiyang dhusun amangsuli: wa, kula lajeng mukti wibawa malih ngungungkuli ing titiyang kathah, ah tuwan pandugi kula boten saged wangslul malih dhateng kula, mara aku etuten buri, pangandikanipun Marsekal Dhemonmoransi, pangandika makaten punika sarwi kaca-kaca suryanipun awit saking rumaos welas dhateng tiyang dhusun, ciptanipun Marsekal badhe adamel kabekjaning titiyang mumpung taksihagesang wonten ing ngalandomya, sareng makaten tiyang dhusun wau lajeng kinen anedahaken griyanipun ingkang anumbas siti titilaraning bapak ipun, sareng sampun kapanggih, tiyang punika lajeng kabayar dening Marsekal kathahipun arta langkung saking sewu rupiyah, sumerep regining siti sagriyanipun.

Tiyang dhusun sanalika sakalangkung bingah tuwin panrimahing manah, tumunten angrngkul sukunipun Marsekal Dhemonmoransi, panuwunipun ingkang sanget-sanget mugi Marsekal karsa atumut dhateng ing griyanipun tiyang dhusun supados nguningana ing kabingahaning anak bojonipun bilih mireng bab wangsuling siti wau. Marsekal amitu honi ingkang dados panuwunipun tiyang

dhusun annging amung sakedhap anggenipun nguningani kabingahaning anak bojo wau, ingkang jalaran saking Marsekal Dhemmonmoransi, wekasnipun Marsekal tumunten kesah enggal-engglan, amargiboten karsa amirengaken atur panrimahipun tiyang dhusun saanak bojonipun ingkang akathah-kathah, ananging titiyang dhusun wau sami andherekaken konduripun Marsekal ngantos dumugi ing dalemipun.

=====

Ing tokonipun Tuwan Dhegrootkolep en ko ing Surakarta mentas atami barang-barang toko kados ing ngandhap punika pratelani-pun:

ertas Walandi boten parasan tuwin ingkang sampun parasan, kertas pelin sae utawi kandel, kertas pos, kertas pancen kadamel anggambar, kertas Medhiyan, kertas Rembesan, tuwin sanesipun kertas warni-warni. Pen waos tuwin Penler, wonten panipun ler ingkang ageng-ageng, garan pen waos, gadhah mangsi, potelot cemeng, abrit tuwin biru, potelot pepalihan abrit kaliyan biru, mangsi warni-warni, krit kadamel anggambar wonten ingkang abrit tuwin cemeng, Wawel kancing serat, ules serat warni-warni, wadhah srutu, portipel kandhutan

tuwin kenging kaseratan, serat kadamel anyanyatheti.

Pigura sakalangkung sae, wonten kalih iji sasetel, sakawan tuwin nem iji sasetel.

Punapa malih gambar tnah Eropa ageng, prayogi manawi kaanggge mulang wonten ing Griya pamulangan.

Wasana barang-barang punika sadaya kawade murwat tuwin mirah reginipun sarta bayar kenceng.                           30

Panggenanipun anggambar sorot tuwan Le Dhe Bur.

Wonten losmen punika saben dinten kabikak, wiwit pukul satengah sanga enjing ngantos dumugi pukul kalih welasan siyang, dene regining gambaripun mawi murwat sarta mirah. 28

Ingkang sami amendhet sert Jurumartani kaaturan angintunaken

arta kathahipun 9 rupiyah, sumerep pangaosing serat Jurumartani wau ing dalem sangangwulan utawi 6 rupiyah ing dalem wulan dhateng tuwan F.H.Jaspres ing Surakarta, sarehning sapuniка gampil pikantuk serat Wessel ingkang kabayar ing kantor Pos mila inggih gampil pangintunipun arta wau, sami kakintuna kawrat ing serat ingkang wragadipun ing Pos kabayar dening ingkang ngintunaken. 29

---

Angka 31, 3 Nopember 1864

1. Kala kaping 25 wulan Agustus tuwin kaping 2 wulan September ingkang sampun kapengker ing Kedhu wonten angin ageng, griya-griyanipun para tiyang Jawi sawatawis kathah ingkang rebah, wit-witan tuwin uwit kopi kathah ngkang esol, punapa malih tataneman ing sabin satawis sami karisakan, dene Distrik ing Asinan uwit Kopi wonten saking 32000 karisakan sadya amargi saking kathah gogroging sekaripun tuwin rentahing godhong, awit saking dhawahipun parentah, titiyang sami tutulung angadegaken tuwin andadosi gigriya ignkang sami rebah punika wau.
2. Katresnan tuwin pamardining tiyang sepuh dhateng anakipun. Kanjeng Ratu Dhoroteyah garwane Ertoh ing Saksen tanah Dhitslan, katimbang kaliyan sakathahing putri kalebet sakalangkung sanget ing pamardi tuwin katresnanipun dhateng ingkang putra. Menggah pratandaning pamardi tuwin katresnan wau, punika amunggahing kaputra kawulang piyambak, putri punika anama Erenes sarta kasebut ing cariyos sampun misuwur ing kawekelanipun, Pangeran Erenes punika kala sedanipun ingkang rama, saweg yuswa kawan tahun, kalampahan ingkang ibu karsa amardi tuwin amulang piyambak dhateng ingkang putr wau, menggah pamulangipun, ingkang putra kaserepaken dhateng kawigyan tuwin kautaman, ing wingking kalampahan putranipun saged tuwin utami ing manah, wasana ingkang ibu tumunten seda. Sadherekipun Ertoh ing Reksen dados prenah pamanipun Pangeran Erenes, anglajengaken pamulange ibu wau, sarta anggalih bab kukumpulan kaliyan titiyang sanesipun ingkang sae kalakuwanipun tuwiningkang boten remen dhateng dora, kalampahan ingkang paman wau amilih para guru, kinen amumulang dhateng Pangeran Erenes, kapurih asampun ngantos remen dhateng kabin-gahan ingkang boten prayoga pikantukipun, para guru wau sami titiyang saged tuwin utami pambekanipun, wuwulangipun dhateng Pangeran Erenes supados sageda angicalaken samukawis pamanahan awon sampun ngantos kagalih dhateng Pangeran Erenes, wangslu para guru sami anyumerepaken ing Pangeran Erenes dhateng agami, kautaman tuwin kasetyan, pan apa malih wuwulangipun, murih angisalaken wawaek kogungan, pangeran Erenes kalantahaken ing pratingkah andhap asor, mila makaten awit para guru wau sampun sumerep bilih ing ngatasipun para agng kathah ingkang dabe pangraos ange-gungaken ing manah, ciptaning para guru, manawi sakalangkung prelu anglindhuh pangraosing manah kogungan wau nalika taksih anem. Para guru wau sami angempakaken minongka gagaran ing wuwulangipun supados pangeran Erenes akurmat tuwin iya tandukipun dhateng sawenehing titi-

yang, punapa malih dhateng titiyang ingkang sakalangkung alit babagipun, para guru asring kemawon anyariyosi dhateng Pangeran Erenes bab kuciwa tuwin apesing manungsa, sanadyan titiyang ageng tuwin titiyang ingkang sakalangkung saged inggil sami kadunungan ing kuciwa tuwin kaapesan, mila tiyang boten kenging, awit saking wawaton ing wuwulangipun para guru wau, sareng pangeran Erenes jume-

neng Ertoh anggentosi ingkang rama, sakalangkung utami ing budi, ngantos boten wonten titimbanganipun. Wekasaniipun Ertoh Erenes kagungan putra kathah, ingkang sami kapardi ing wuwulang, patrapipun kados pamardinipun ingkang ibu rumiyin tuwin kados wuwulanging para guru kalanipun taksih anem, putra-putrnipun Ertoh Erenes wau kapuruitakaken dhateng par guru ingkang sampun punjul ing kasagedan tuwin kautaminipun, para priyantun ingkang angasta pangadilan kadhawahan dening Ertoh Erenes, kapurih sring-asring amariksani bab kasagedan tuwin kaindhakanipun para putra wau, sarta samiya rerembagan akaliyan para gurunipun bab traping pamulang ingkang sakalangkungsae dhateng para putra, manawi sampun pinanggih patraping wuwulang wau, lajeng katindhakna, wondening Ertoh Erenes piyambak inggil sakalangkung anggenipun anggentosi ing pamardi tuwin pamulangipun para guru dhateng ingkang putra, sarta kalampanhan tumut amumulang dhateng para ingkang putra wau, wulangipun jalaran saking prayogining pratingkahipun. Ertoh Erenes punika dados mengsaipun samukawis ingkang kaduk ing ngatasipun dhateng dhahar tuwin ngunjuk inuman, pamurihipun supados para putra aneladha lampahanipunwau, mila ingkang putra sami kaparingan serat pranatanipun lalampahaning agesang wonten ing ngalam donya, dhawahipun dhateng ingkang para putr, sami kinen miturut ingkang kalayan nastiti punapa ingkang dados sapranataning ngagesang wau, sampun ngantos purun anerak ing pranatan punika. Para putra smi kalilan abingah bingaha dhateng lampah ingkang prayogi saha megakna samukawis ingkang awon kadadosanipun, kadosta: pratingkah boten mawi wates tuwin ingkang saru-saru, punika sampun ngantos linaampahan, Ertoh Erenes anindakaken pamrih, supados kalampahan dening ingkang putra sadaya bab seserepanipun dhateng agami, tuwin punapa ingkang dados wuwulanging guru, andadosana suka bingahipun ingkang para putra wau. Sareng para putra-nipun Ertoh Erenes sampun diwasa ing yuswa tuwin sampun kathah seserepanipun, nunten kabekta dening ingkang rama dhateng ing griya pamulangan ageng ing nagari, wonten ing ngriku para putra kinensai lenggah, amirengaken ing

nalikanipun taksih sami anem minongka awuwulang, kados pundi lampahipun angindhakaken begjaning para abdi titi-yang alit tuwin karaharjaning nagari, supados para putra wau alanteha ing sakalanipun taksih anem, nunten kacepengan ing padamelan ingkang sae pikantukipun sarta sageda gina ing padamelan punika, kalampahan para putra satunggil tuinggilipun kaparingan pangkat sami kadadosaken priyantun kabawah ingkang rama, menggah padamelanipun katimbang saking kasagedaning para putra satunggil-tunggilipun, padamelan punika kedah linampahan piyambak sarta mawi katuntun dening priyantunipun Ertoh ingkang sakalangkung saged bab anggenipun sami anglampahi padamelan wau. Wondening para abdinipun Ertoh Erenes pundi ingkang amardi mumulang dhateng anakipun punika sakalangkung kaajenan dening Ertoh, sarta para santananipun Ertoh sakalangkung kagumatosan ing pamardinipun, manawi para santana wau kapundhut lumebet dhateng ing kadhaton,

punka sami kadangu, punapa ingkang dados reremenanipun dhateng kapriyantunan utawi dados militer, manawi satunggil-tunggilipun sampaun matur bab ing reremenanipun, para santana wau lajeng kawulangaken, kapangkat ing padamelan ingkang karemenan wau punika, para santana anggenipun kawulang wonten ing kadhaton, manawi saweg kawulang, boten kenging karegonan ing liyan amargi saking lampahing padamelan wonten ing salebeting kadhaton, malah Ertoh amaringi serat -serat ingkang pancen kangege kadamel mumulang, punapa dene para santana wau, kawulangaken wnten ing griya pamulangan ageng ing nagari, sarta kinen apapara dhateng sanesing negari, supados ngupadosa kawigyan mawi kaparin-gan wraged anggenipun papara wau. Ertoh Erenes amaringi arta kadamel angadegaken malih sawarnining griya pamulangan ingkang sami jugrug ing nalikanipun wonten prang ngantos tigang dasa tahun (30 tahun) laminipun, kalampahan anggenipun ayasa griya pamulangan wonten saking 20 (kalih dasa). Para rare ingkang kawulang wonten ing ngriku, pundi ingkang sami taberi piyambak saha sae ing solah pratingkahipun punika sami kaparingan ganjaran serat -serat ingkang amigunani. Ertoh Erenes panuju tindak lumampah-lumampah, amireng sebawaning biyung angemetaken kathah-kathah dhateng anak-anakipun bab anggenipun sami kalepatan, para anak wau sami kaatag amantunan anggenipun sampaun kalepatan wau, sareng makaten Ertoh Erenes dhadhawah, atitipriksa bab biyung wau tiyang pundi, sareng Ertoh sampaun kaaturan serep bilih biyung punika semahipun abdin-ing Ertoh piyambak, lajeng ingkang jaler kaparingan arta

Rp. 100,-- supados kadamela anyaur sambutanipun, mila Ertoh Erenes amaringi arta punia dhateng tiyang wau, supados amumuruna ing pikajenganipun jaler estri, anggenipun anglajengaken ing pamardi mumulang dhateng anak-anakipun. Cariyos punika badhe kalajengaken kang pacak wonten ing Serat Jurumartani ing ngajeng punika.

3. Pakalempakanipun Main Musik wonten komidi ing Samawis. Undhang-Undhang.

Kanjen gGupremen sampun anglilani dhateng pakalempakanipun main musik wonten komidi ing Samawis adamel loterei yatra kathahipun Rp. 150000,-- kathahing lot 3000 iji, satung-gil-tunggilipun regi Rp. 50,-- Lot wau badhe kadamel saprapatan sarta tiyang kenging tumbas lot wetah, utawi sapalih tuwin saprapat lot. Ing ngandhap punika pratelani-pun kauntungan ingkangmedal saking loterei wau.

Kauntungan ingkang kapisan .....Rp. 50.000,--

Kauntungan ingkang kaping kalih,.....Rp. 25.000,--

kauntungan ingkang kaping tiga.....Rp. 15.000,--

Kauntungan ingkang lkaping sakawan.....Rp. 8.000,--

Kauntungan ingkang kaping gangsal.....Rp. 4.000,--

Kauntungan ingkang kaping enim .....Rp. 3.000,--

kauntungan ingkang kaping pitu,.....Rp. 2.000,--

Kauntungan Rp. 1000,-- 10 iji gunggung..Rp. 10.000,--

Kauntungan Rp. 500,-- 20 iji gunggung Rp. 10.000,--

Kauntungan Rp. 300,-- 40 iji gunggung Rp. 12.000,--

kauntungan Rp. 200,-- 40 iji gunggung Rp. 8.000,--

Wah malih nomering lot ingkang medal

rumiyin satunggilipun ganjarannRp. 1500,--

gunggung.....Rp. 3.000,--

Sadaya gunggung.....Rp.150.000,--

Sinten ingkang badhe tumbas lot sami akintun serat dhateng para tuwan ingkang kasebut ing ngandhap punika, serat wau kedah kabayar dening ingkang angintunaken panumbasipun lot mawi kabayar kenceng. .

Ing Samawis dhateng Tuwan De Groot Kolep en ko tuwin tuwan Y.G.Sedering.

Ing Batawi dhateng tuwan G.Nolep en ko

Ing Surabaya dhateng tuwan Timrenolep en ko

Ing Salatiga dhateng Tuwan W.Igenderat

Ing Surakarta dhateng Tuwan F.H.Jaspres

Ing Ngayogyakarta dhateng Tuwan C.F.Phillip.

Samongsa loterei wau sampun kamainaken ingkang gadhah lot wetah utawi papaliyan tuwin saprapatan ingkang kaleres angsal

kauntungan utawi ganjaran kenging anampeni arta menangipun saking tuwan Y.G.Segerig ing Matawis kawangenan lami-lamini-pun ing dalem wolung dinten ananging tiyang wau amawi aned-hana sarta amangsulna lotipun punapa malih arta pamenangipun mawi kacengklong ing dalem satusipun Rp. 25,-- minongka dados kauntunganipun pakalempakan main musik ing komidhi Samawis, menggah dinten pamainipun loteri badhe kalimrahaken ing tembe, pamainipun badhe kalampahan wonten ing Samawis katin-galaken ing ngakathah mawi kajenengan dening Notaris. Bilih sampun dumugi ing wawangen mangsanipun amainaken loteri, mongka cacahing lot 3000 iji dereng pajeng sadaya, pamainipun loteri punika inggih badhe kalampahan ugi, ananging kathahing arta kauntungan tuwin ganjaran badhe kasuda, katimbang kaliyan kathahing lot ingkang boten pajeng wau.

Ingkang sami ngereh pakalempakan main musik ing Komidi Samawis.

Katandhan Tuwan H.H.Borel,

Katandhan Tuwan Y.P.Wasenbigen

Katandhan Tuwan Y.G. Sedering, Tesuri

Katandhan Tuwan Termir, Sekretaris.

angka 33, 17 Nopember 1864

1. Serat saking Tuwan Satunggil ingkangamaosi siti dhusun bawah ing Surkarta, dhateng tuwan ingkang ngarang serat pawartos kados ing ngandhap punika. Panggresulanipun titiyang ing Surakarta, bilih barang-barang ingkang dados cinaning kadurjanaan saben kandheg wonten ing polisi, punika awis kawangsulaken dhateng ingkang gadhah malih, malah titiyang sami acariyos manawi wadana jaksa ing pradata sampun kaundur saking kalenggahanipun amargi kathah barang-barang ingkang dados cinaning kadurjanaan sami ical wonten ing wadana Jaksa wau. Pangintenipun tuwan ingkang maosi siti dhusun wau, bilih sakalangkung gampil ambengi sampun ngantos saged ical barang-barang ingkang dados cinaning kadurjanaan, punika saking pranatan kenceng ingkang kalayan pasaja, sintena kemawon ageng alit ingkang anampani cinaning kadurjanaan kedah apurih anyukanana surat pethuk ing tampining barnag-barang waundhateng ingkang angaturaken juru serat polisi distrik utawi juru serat kabupaten amesthi saking ajrih boten purun anelasna barang-barang ingkang dadi cinaning kadurjanaan, dene kamukawis gugat ingkang sampun limrah salaminipun boten saged boten saget pikantuk keteranganipun amesthi badhe kendel. Manawi sapunika wonten gugat punika para pulisi sami anglepataken ingkang satunggil dateng sanesipun, wekasan dhoking kalepat wonten ingkang sampun pejah, ananging barang-barnag ingkang dados cinaning kadurjanaan lestantun adilipun. Manawi wonten titiyang durjana kalado-saken sarta katedha dhuwungipun punika sampun cekap bilih ingkang mendhet dhuwunging tiyang durjana anyukani serat pethuk atampeni dhuwung dhateng lurah dhusun ingkang ngaldosaken tiyang durjana, supados ing wingking sageda sumerep wonten pundi dhuwung ingkang kapendhet wau, sapunikanipun ingkang sami mendhet dhuwunging tiyang durjana, punika pulisi alit-alit ingkang asring lajeng aminggat, inggih tiyang durjana ingkang boten tetep kadurjananipun kaluwaran sarta lajeng kalilan mantuk dhateng balegriyanipun punapa dene anedha wangsuling dhuwung.
2. Samarnag kaping 28 Oktober, serat ingkang saking tanah Pajang Paresidhenan Surakarta, katitimangsan kaping 25 Oktober ingkang sampun kapengker, anyariyosaken kados ing

ngandhap punika. Sasampunipun Kanjeng Tuwan Residhen ing Surakarta ingkang santosa adamel pranata kenceng, amurih icaling kecu, pandung sapanunggilanipun titiyang durjana, sapunika para titiyang boten amireng malih bab kecu pandung sapanunggalanipun wau, punapa dene bab raja pejah, punika andadosaken pratondha, manawi paparentahan kenceng anamtokaken tentreming nagari. Ing Ngayogyakarta wonten titiyang sawatawis sami kenging sasakit Kolera(h), anang-ing sasakit Kolera(h) wau boten sanget.

3. Pawartos aking Tegal ingkang medal ing Telegrap kados ing ngandhap punika pratelanipun. Kala kaping 28 wulan Oktober ingkang sampun kapengker, wanci pukul satengah gangsal enjing ing Tegal wonten titiyang sairib kados karaman kathahipun, 70 adamel reresah sami anggebag panggenaning

prajurit jawi, sasampunipun amejahi prajurit jawi satung-gil sarta ambandhang sanjata 26, para titiyang wau angesuk abdhe lumebet ing dalemipun ingkang dados wakil bupati ing Tegal, sareng boten saged lumebet ing salebeting dalem nunten sami angrisak dandosan griya ingkang sami wonten ing pandhapa, sasampunipun lajeng mundur purugipun mangidul, ing waktu punika sampun ngajengaken enjing. Wonten cariyosipun malih, ing nalika unduripun wau, titiyang ingkang damel reresah anatoni titiyang sawatawis , malah wonten Walandi satunggil ingkang tatu, menggah pikajengnipun titiyang ingkang damel reresah, punika dereng wonten ingkang sumerep ananging sampun kadhawahaken atitipriksa bab prakawis reresah wau, sarta anyepengi dhateng ingkang sami damel reresah.Awit saking tampi pawartos malih saking Tegal ingkang medal ing Telegrap katitimangsan kaping 21 tuwin 30 Oktober ingkang sampun kapengker, ing mangke saged anyariyosaken bab reresah kala ing tanggal kaping 28 Oktober wau, kados ing ngandhap punika. Sareng titipriksa sampun pikantuk keterangan bab panggebagipun titiyang ingkang damel reresah dhateng panggennaing prajurit jawi, sayektosipun amung angsal bandangan sanjata 7 dados boten 26 sarta boten angemungaken damelipun bupati kemawon ingkang kagebab ing titiyang wau, griyanipun jaksa inggih sami kagebag, sareng anggebag dalemipun bupati, wonten

prajurit satunggil ingkang ktaton sanget, abdinipun bupati satunggil pejah, sarta ingkang kataton tiga, dene kala panggebagipun dhateng griyaning jaksa, abdinipunjaksa satunggil ingkang kataton sarta juruseratipun pejah, saunduripun saking ngriku titiyang ingkang damel reresah, amejahi Walandi satunggil anama Tuwan Dhun dados bas ing padamelan dhateng Setat, sarta anantoni sanget dhateng Wdapsinder Walandi ing Pagongan anama Tuwan Y.Koh tuwin Cina satunggil , dene Wdapsinder Walandi sanesipun anama W.Golman inggih kataton ananging boten sanget. Kanjeng Tuwan Residen ing Tegalsareng atampi pawartos bab reresah wau, sanalika lajeng k arsa angelud sapurugipun titiyang ingkang damel reresah kabereg saking wingking, ananging boten saged angandhegaken unduring titiyang wau, sanadyan titiyang punika asring sami angatingalaken kados badhe kendel anglawan dhateng kanjeng Tuwan Residen dhateng ingkang sami andekekaken, punapa dene manawi badhe dumugi ing kuburan kawatawis bilih badhe anadhahi ing pamberegi-pun kanjeng tuwan residhen wau, ewa denten esuk kemawon dening Kanjeng Tuwan Residhen ngantos dumugi wana ing Gantungan, kalampaahan para titiyang ingkang damel reresah sami kabentel anyandekaken pikajenganipun badhe anjugrugi pabrik ing Panah, sarta boten ngantos saged anglempakaken titiyang kaajak tumut adamel reresah. Menggah etangipuning titiyang ingkang adamel reresah boten kathah, kados pratelanipuningkang sampunkapengker kamurwat amung wonten tiyang 60, sarta kakinten ingkang kathah-kathah sami kateksa tumut adamel reresah. Menggah ingkang dados kepalanipun ingkang sami damel reresah, punika anama Raden Khaji, dene ingkang anunten dhateng tiyang adamel reresah, kapirit saking lalampaahan anggenipun sami kendel wonten

ing kuburan sarta saking pangangge ingkang sarwa pethak punika kaantawis saking kaduking maksudipun dhateng agami. Titiyang ing Tegal ingkang srawungan kaliyan titiyang ingkang sami adamel reresah, kasukanan Serep manawi titiyang kampung sampun sami ajrih, dene titiyang ingkan gdamel reresah pikajenganipun amung anjajaran angrayah tuwin amemejahi dhateng para Walandi, wah para titiyang

Jawi ingkang sami anumuti Walandi, boten mawi aningali kalenggahanipun. Pangeludipun Kanjeng Tuwan Residen kala-jeng-lajeng kala tanggal kaping 30 Oktober dene titiyang ing Pamalang, ing Maribaya, ing Panah kabyantongan ing prajurit jawi, sami tutulung anyageni wonten sapinggairing wana sadaya, inmgkang kadamel umpetan ing titiyang ingkang damel reresah. Kanjeng Tuwan Residhen saged pikantuk anyepeng titiyang ingkang damel reresah wau kathahipun sakawan, Reresah enggal ing Tegal sapuniка sampun boten wonten malih, kala tanggal kaping 28 angrintenaken kaping 29 Oktober ingkang sampunkapengker, ing griyanipun Administratur ing Panggungan ingkang panuju suweng, kalebetan ing titiyang durjana ingkang sami amendhet arta kirang langkung saking Rp. 100,-- tuwin barng mas inten sawat-wis, ananging tiyang durjana punika sanes panununggilani-pun titiyang ingkang damel reresah punika wau. Asareng kaliyan angkataipun baita kapal asep saking Samarang kala tanggal kaping 30 wulan Oktober ingkang sampun kapengker, badhe anglampahaken prajurit Walandi dhateng Tegal kathahipun 100 uspados amitulungana dhateng parentahan ing Tegal. Anampeni pawartos malih saking Tegal ingkang medal ing Telegrap katitimangan kaping 31 wulan Oktober ingkang sampunkapengker, bab lajengipun prakawis reresah ing Tegal saestunipun badhe kapacak wonten Serat Jurumartani ing ngajeng punika tanggal kaping 24 Oktober.

4. Ing ngandhap punia candhakipun cariyo's ingkang kasebut ing Serat Jurumartani kaping 10 wulan Nopember punika. Titiyangipun baita kapal Megusah sami suka ing manah sareng mireng kidunging para abdi Nederlan kaungelaken ing baita kapal Prasman tuwin Inggris ingkang sami langkung. Saka-langkung sanget pangajeng-ajengipun dhateng pawartos bab panglurugipun, sareng makaten kala tanggal kaping 18 September ingkang sampun kapengker baita kapal pran Inggris anama Persus lumebet dhateng palabuhan sarta awawartos kados ing ngandhap punika: Kala Akad kaping 4 September ingkang sampun kapengker para baita kapal sami uangkat saking palabuhan panggenanipun kalempakan wonten ing Imasimah, dumugi ing marginipun lumebet dhateng Supitan ing Simonoseki, lajeng sami alabuh wonten ngriku. Sareng enjingipun ing dinten Senen tanggal kaping 5 wulan September wau, wanci pukul 02.00, para baita kapal sami umangkat amanggen wonten ing panggenan ingkang sampun kaedahaken ing dinten jkala wingi dening Admiral Inggris. Wondening ingkan g katamtokaken manawi baita

kapal Tartar, Dupleis, Metalenkruwis, Barosah, Jambi tuwin Leyoparet, sami kinen amariyemi beteng mengsa ageng titig saking ngajeng, menggah ingkang dados panuntun wonten ing ngajeng, punika baita kapal Tartar, kapitanipun

anama Ayes, dene baita kapal Persus, Megusah, Tenkredhe, Kokuwete, tuwin Bunser inggih sami tumuta amriyemi beteng wau saking ing ngiringan, punapa malih ing waktu punika sami amriyeman beteng alit kakalih, dipun angantos angendelna ungelung mriyemipun beteng alit wau.Para Admiral Inggris tuwin Admiral Prasman sami amanggen tebih sanget saking beteng, wonten sahantawisipun baita-baita kapal ingkang smi majeng wau. Sareng satengah gangsal (04.30) Admiral Inggris dhadhwah angungelaken mariyem sarta nalika anyukani tondha wiwiting panggebagipun para beteng-ing mengsa. Beteng ingkang ageng piyambak kenging kamriyem kaliyan mariyem bom tebihipun 4300 elo, ing sanalika para baita kapal kamriyeman ing mengsa saklangkung sangat, dene banderanipun Pangeran ing Nagato sami kalebat wonten ing beteng. Ungeling mariyemipun mengsa katimbangan kalayan sareh tuwin leres dhawahipun dening baita kapal Tartar, Metalenkruwis Jambi, tuwin sanesipun ingkang mariyemipun sami buwis. Baita Metalenkruwis dereng amalang ujuripun dhateng beteng, ingkang mimising mariyemipun anyampar ing baita Metalenkruwis wau, titiyangipun ingkang kenging lajeng pejah, 2 ingkang kataton 2. Baita kapal Parsus Megusah, tuwin sanesipun smi amriyemi beteng saklangkung sangat saking iringan, dene baita kapal ingkang katumpakan ing Admiral asring-asring amriyemi beteng kaliyan mariyem bom. Sasampunipun beteng kamriyeman kalih tengah jam dangunipun, lajeng beteng tiga sami kendel mariyemipun, nunten baita kapal Parsus tuwwin Megusah sami angedhunaken baita katumpakan ing prajurit dhateng dhartan, supados amantekana mariyemipun beteng mengsa, snadyan para prajurit wau kapethukaken ing mengsa saklangkun kathah, beteng-beteng, inggih kenging ugi kainggahan, sarta mariyemipun tumunten sami kapantekan. Dene titiyangipun ing baita kapal sadaya sami surak surak sareng aningali bandera Walandi tuwin bandera Inggris sami

kapasang wonten ing beteng-beteng wau. Kumendhaning baita kapal Parsus tuwin Megusah wanci sonten sami dhateng ing baita kapal ingkang katumpakan ing Admiral ingkang apar-ing kurmat dhateng para kumendhan wau, bab anggenipun kapurunen ngantos saged ngrebat beteng-beteng mengsa, menggah ungeling mariyem ing dinten punika kendel. Awak-awaking baita kapal Tartar kenging mimising meriyem kaping kalih dasa, sarta banderanipun kenging kalih, dene titiyangipun ingkang kataton sawatawis, sacalon opsi sa-tunggil ingkang tatu. Baita kapal Dhupleis inggih kenging miising meriyem kaping kalih dasa, sarta titiyangipun ingkang kataton sawatawis. Baita kapal Metalen kruwis kasampar ing mimising mariyem pepejahipun kalih, ingkang kataton sanget kalih. Kumendhaning baita kapal Jambi ambrongsong rante panggenanipun mariyem, kalampaahan kenging mimising mariyem kaping nem ingkang malesed mimi-sakawan ingkang lumebet awak-awaking baita ing pinggir satunggil sarta ingkang kenging tosan ing baita satunggil ngantos katut. Mimising meriyem bom ing mengsa anjemblos wonten ing sangginggil karetegipun baita kapal ananging boten wonten tiyang ingkang kenging. Baita kapal Leyoparet

inggih kenging mimising mariyem sawatawis ananng boten wonten ingkang kataton. Baita kapal sanes-sanesipun boten kenging mimising mariyem, amung tangsul tangsulipun ingkang kenging sami risak. Para prajuritipun baita kapal Parsus tuwin Megusah sami amanggih anjawi saking mariyem alit alit, mariyem ageng sanguban 16 tiyang pejah, 14 tuwin sandhangan kuthah rah sakalangkung kathah, punika andhang panganggenipun para tiyang ingkang pejah tuwin kataton ingkang sami kagotong kabekta kesah, punapa dene canela Cina tumpukan ingkang sami kapocutan dening kang ngangge piyambak, supados saged darikat ing tandangipun, awit para tiyanga monca ingkang dipun sengiti ing mengsa, sami murugi beteng kalayan rikatan lampahipun, badhe amendhet beteng, katingalan boten kados titiyang dhateng, badhe angombe wedang teh samangkok. Dinten Salasa kaping 6 September, wanci pukul satengah nem (5.30), beteng-beteng ingkang wonten margining malebet dhateng supitan sami

amriyemi para baita kapal malih ingkang sakalangkung sanget. Baita kapal Tartar kenging mimising mariyem kaping sakawan, mimis ingkang satunggil anatoni titiyang sawata-wis kathahipun, opsi satunggil kataton sanget. Pirantos-ing mariyemipun baita kapal Dlupleis kenging mimising mariyem ananging boten ngantos angsal titiyang, dene mimising mariyem ingkang anyampar baita kapal wau angengingi titiyang, 2 ingkan gpejah, tuwin 4 ingkang tatu sanget, dene ingkang pejah kalih wau, satunggil Matrus. Cariyos punika bdhe kalajengaken.

[note: identified by the PNRI transcriber as being 1865 11 24, but this is evidently an error for 1864 11 24. MCR]

1. Kula wisudhan sapanunggalanipun. (a) Kanjeng Tuwan Y.C.Pansekulenbureg, sekretaris ing Paresidhenan tanah Padhang Nginggil, ing mangke kaparingan pamit kalih tahun dhateng nagari Walandi, amargi saking sakit. (b) Kanjeng Tuwan C.Nastene, Residen ing Bagelen amangke kakula wisudha dados Direktur saking Mindhelen tuwin Domenen. (c) Kanjeng Tuwan F.G.Panbelumen Wanderes, Inspektur saking Tanem tuwuh, amangke kakula wisudha dados Residhen ing Madiyun, (d) Kanjeng Tuwan F.Y.H.Vandense, Sekretarisipun Kanjeng Gupremening mangke kakula wisudha dados Residhen ing Menadho.
2. Angubengaken serat kanthi serat kalowongan wonten ing Surakarta, kados ing ngandhap punika ungelipun: Iber-iber angka 4. Surakarta kaping 31 Oktober 1864. Kala kaping 20 September tahun punika para Komisi ingkang wonten ing Surakarta, ing ngatasing prakawis badhe anggelaraken barang-barang wonten ing Batawi, benjing salebeting tahun 1865, sami atepang pirembag, angiderakan serat kalowongan, supados sagesta aksal arta panjurung, badhe kadamel tumbas barang, ingkang kenging kagelaraken wau. Sabibaripun pagelaripun barang-barang ingkang katumbas wau, badhe kadamel loterei, menggah ingkang kenging tumut loterei, punika ingkang amung sami anyukani panjurung, sarehning lot satunggal karegenan Rp. 3,-- mila arta panjurungwau boten kenging kirang Rp. 3,--, ananging tiyang ugi kenging anyukani panjurung langkung saking samanten, anggeripun kathah ing arta panjurung kenging kapara tiga boten boten wonten langkungipun, dene tiyang satunggilipun ingkang anyukani panjurung, ing tembe badhe aksal lot kathahipun manut arta panjurung ingkang kapara tiga wau. Awit saking tepang pirembag ingkang kasebut ing nginggil wau, serat kalowongan punika kaideraken dhateng para tiyang ing nagari Surakarta. Katandhan Tuwan VanPrinwise, ingkang dados pangajenging Komisi ing Surakarta. Katandhan Tuwan H.K.H.Wilkes Sekretarisipun Komisi Wau. Pangajeng-ngajengipun para komisi ing Surakarta, Ait saking kacekapuning arta Panjurung sagesta anglempakaken barang-barang ingkang badhe minongka pratondha, manawi taberinipun para

titiyang ing Surakarta saben mindhak sangsaya majeng. Kathandan Tuwan F.W.Winter,, ingkang ngarang Serat Juru-martani.

2. Punika lajengipun cariyosing reresah ing Tegal. Kala kaping 30 wulan Oktober ingkang sampun kapengker kanjeng Tuwan Residhen ing Tegal saged pikantuk anyepeng titiyang ingkang sami damel reresah, kathahipun 7 dene titiyang ingkang sami kalempakan wonten ing tapel watesipun ing dhusun Wringin tuwin ing Krndhan kathahipun 80 sami kabuyaraken, punapa malih titiyang ingkang damel rersah kathah sami saged ambolos medal ing wanawanci dalu, mantuk dhateng i ng dhusunipun piyambak-piyambak. Kanjeng Tuwan Residhen kondur dhateng nagari, badhe amanggi kumendhaning prajurit ingkang kaajenga dhatengipun ing Tegal sakin g Samarang, sarta badhe ngawuningani kawontenaning nagari, Bupati ing Tegal ingkang dipun biyntoni dening prajurit

Jawi, kajibahan anyepeng paparentahan wonten ing padhusunan sampun ngantos wonten reresah, wasana mboten wonten reresah malih. Awit saking aturanipun titiyang ingkang sami kacepeng wonten ing pareden, Kanjeng Tuwan Residhen saged anyepeng malih titiyang wolu (8) wonten salebeting nagari, sosoranipun kapalaning titiyang ingkang damel reresah tumut kacepeng, kalebet ing titiyang wolu wu, punika copotan mantri ing Kabupaten, dene kapalaning titiyang ingkang sam damel reresah anama Raden Kaji, punika ing ngajeng anama Singatruna, aslinipun saking tiyang alit kemawon , sarta ing ngajeng dados tukang Godhog Gendhis, wah asring-asring asade jimat-jimat, Raden Kaji wau inggih anama Mas Cilik, srtaangangge sasebutan Raden Kaji, punika manut namanipun Raden Kaji, putranipun Pangeran Semeda, Ingkang pakuburanipun wonten ing wana Maribaya, sarta kadamel pupundhen, Raden Kaji Putrnipun Pangeran Semeda wau, cariyosipun inggih kapendhem wonten ing ngriku, sarta sampun wonten sawidag (60) tahun lami-nipun kabucal amargi badhe damel reresah, Raden Kaji utawi Rengatruna nyagahi dhateng titiyang, badhe adamel sugih, srtia smpun ngantos ananem rosan malih, pangakenipun ang-gadhai kuwasa, amejahi pra Walandi sadaya, tuwin panga-

genging titiyang jawi ingkang sami ajeg katemenanipun dhateng Walandi.

3. Ing ngandhap punika candhakipun carios bab panggembaging beteng-beteng ing Nagato. Sasampunipun prang riwut ing dalem satengah jam, ungeling mariyem kathahipun 18 ing beteng mengsah sami kendel awit dening beteng punika mriyeman saking baita baita kapal, ing sanalika angudhunaken prajurit saking baita baita kapal dhateng dharatan, supados angrebata beteng beteng wau. Anjawi saking prajurit Inggris ingkang aminggah dhateng dharatan, prajurit ing baita kapal Mtalenkruwis jambi, Megusah, tuwin prajuritipun ing baita kapal Amsterdham inggih sami minggah dhateng dharatan, prajurit Walandi asarengan kaliyan prajurit Prasman sami angrebatbeteng satunggil, dene prajurit Inggris inggih angrbat beteng satunggil ingkang celak kaliyan beteng ingkang karebat dening prajurit Walandi tuwin Prasman wau. Prajurit Japan sami aprang papandhanan kaliyan prajurit Eropah sakalangkung rame, ananging namung sakedhap, tumunten prajurit Japan kapala-jeng, ing waktu punika baitanipun ageng baita kapalAmsterdam keli, katumpakan ing Matrus satunggil, sareng baita punika kapanggih, Matrus satunggil ingakng anumpak wau sampun boten wonten. Pangintenipun ing titiyang, bilih Matrus wau sareng baita ingkang katumpakan keli, tumunten anglangi badhe dhateng ing baita kapal, ananging pejah kababak ing toya, dene sandhanganipun kapanggih wonten ing baita wau. Sareng wangsul saking beteng-beteng, badhe dhateng ing baita malih, prajurit Inggris kasanjataan tuwin kamriyem mandening mengsah saking panggenan satunggil, prajuritipun ingkang kataton sampun wonten sadasa, sareng makaten titiyang lajeng sumerep manawi wonten beteng satunggil kadekekan mareyem 6, sarta kajagenan ing prajurit Japan sadadamelanipun sanjata. Beteng punika

alit, sarta kaubengan ing jagang lebet mawi kagrogol ing kajeng skalangkung santos.Kapitan anama Aleksander, dados kapitan ing baita kapal Inggris, sarta ingkang amadanani prajurit Ingrris ingkang sami tumut inggah dhateng dharatan, punika tumunten amajeng kaliyan prajuritipun, sarta

anggebeag beteng alit wau, menggah ingakng angrumiyini saged minggah dhateng grogolipun betenging mengsa, punika titiyang nemeneman kakalih, caclon Opsir, ingkang satunggil kataton kaliyan mimis buwis, dene Kapitan Aleksander kataton ing mimis sukunipun, prajurit Inggris ingkang pejah gangsal, ingkang kataton kalih dasa, koloneling prajurit anama Nurli, tuwin Adhir, wah Litnan Ingelis inggih sami kataton. Sanajan kathah pepejahipun ewadenten para prajurit wau saged angrebat beteng, megsahipun sami kapalajeng, sami anilar pepejahipun sakalangkung kathah, pepejahing mengsa wau ingkang kathah kapejahan kalayan sabet. Kaping 7 Desember, baita kapal Tarter, Dhupleis Metlen Kruwis tuwin Jambi sami amajeng ngantos dumugi ing kita Semonoseki medal ing supitan ingkang ciyut piyambak, titiyangipun ing kitha wau sami keah anilar balegriyani-pun, mila boten ngantos angungelaken sanjata sajedhodan kemawon. Kaping 8 September baita kapal Tarter Duplois Metalenkruwistuwin Jambi ing diten punika sami alangkung ngantos celak sanget kaliyan beteng betenging mengsa kakalih, ingkang kamriyem mungel sasareangan dening baita-baita kapal wau, mimising mariyem bom kathahipun 36 (tigangdasaenm) dhumawah sareng wonten salebetipun tuwin saubenging beteng kakalih wau. Cariyos punika badhe kalajengaken.

4. Undhang-Undhang. Komisi bab prakawis badhe anggelaraken barang pamedaling Taberen wonten ing Batawi benjing salabetipun tahun 1865 awit saking serat kakancinganipun Kanjeng Gupremen katitimangsan kaping 11 wulan Juni tahun 1864 angka 13 sampun kalilan damel loterei arta kathahipun Rp. 200.000,--. Kathahing lot 4000 iji satunggil-tunggilipun regi Rp. 50,--. Lot wau badhe kapara sakawan sarta tiyang kenging tumbas lot wetah, utawi sapalih tuwin apara sakawan, lot sapalih regi 25, sarta lot sapo-rosakawan regi Rp. 2,50,--. Ing ngandhap punika pratelani-pun kauntungan ingkang medal saking Loterei wau. Keuntungan ingkang sapisan Rp. 75.000,--. Kauntungan ingkang kaping kalih Rp. 30.000,--. kauntungan ingkang kaping tiga serta kaping sakawan satunggil-tunggilipun Rp. 10.000,-- gunggung rp. 20.000,--. Kauntungan ingkang kaping gangsal dumugi kaping sanga, satunggil-tunggilipun Rp 5000,-- gunggung Rp. 25.000,--. Kauntungan ingkang kaping sadasa Rp. 3.000,--. kauntungan ingkang kaping sawelas Rp. 2.000,--. Kauntungan ingkang kaping kalih welas dumugi kaping salikur satunggil-tunggilipun Rp. 1.000,-- gung-

gung Rp. 10.000,-- kauntungan ingkang kaping kalihlikur dumugi kaping seket satunggal satunggil-tunggilipun Rp. 500,-- gunggung Rp. 15.000,-- Kauntungan ingkang kaping seket kalih dumugi kaping wolungdasa satunggal satunggilipun Rp. 300,-- gunggung Rp. 9.000,-- Kauntungan ingkang kaping wolungdasa kalih dumugi kaping satus salikur,

satuunggil-tunggilipun Rp. 200,-- gunggung R. 8.000,--. Wah malih nomering lot ingkang medal rumiyin sarta ingkang medal weksan satunggil-tunggilipun angsal ganjaran Rp. 1500,-- gunggung Rp. 3.000,--. Sadaya gunggung Rp. 200.000,--. Sinten ingkang badhe tumbas lot sami akintun serat dhateng para tuwan utawi komisi ingkang kasebut ing ngandhap punika, serat wau kedah kabayar dening ingkang ngintunaken panumbasipun lot mawi kabayar kenceng. Ing Batawi dhateng Tuwan F.J.P.Seorem Pansegrapen Vande sarta dhateng Eskontom matchappy ing Indiya Nederland. Ing Samarang dhateng Komisi ing ngriku bab prakawis badhe anggelar aken barang pamedaling Taberen sarta dhateng Tuwan W. Bos. Ing Surabaya dhateng Komisi ing ngriku bab prakawis badhe anggelaraken barang pamedaling Taberen sarta dhateng Tuwan G.Sehirman, 2 Tuwan Jonghir, C.G.Pan Aften. Ing Bogor, Purwokerta, ing Serang, ing Anyer, ing Sumedhang, ing Sukapura, ing Prabalingga, ing Pekalongan, ing Banyumas, ing Cilacap, Ing Tegal, ing Carbon, ing Magelang, ing Rembang, ing Pasuruwan, ing Kedhiri, ing Pacitan, ing Japara, ing Surakarta, ing Madiyun, ing Banyuwangi, ing Purwareja, ing Ngayogyakarta, ing Besuki, ing Pamekasan, ing Mentok, ing Telokbetung, ing Banjar masin, ing Pontianak, ing Makasar, ing Padhang, iing Poretdhekok, ing Plembang, ing Riau, ing Ambon, ing Bandha, ing Menado, dhateng para komisi ingkang wonten ing ngriku ing Singapura dhateng tuwan Steliuhlan and Co. Samongsa loterei wau smpun kamainanken ingkang ggadhah lot utawi lot sapalih tuwin sapara sakawan ingkang kaleresan nagsal kauntungan utawi ganjaran kenging anampeni arta pamenangi-pun saking Eskontom Maskapai ing IndiyaNederlan wonten ing Batawi, kawangenan let wolungdinten kaliyan pamainipun loterei, ananging tiyang wau anedhahna sarta amangsulna

lotipun punapa malih arta pamenangipun mawi kacengklong Rp. 25,-- ing dalem Rp.100,--, punika minongka ambayarra-wrageding panggelaripun barang pamedaling Taberen. Sinten ingkang manggen sajawining nagari Batawi manawi karsa a nampeni arta pamenangipun warni serat wesel sking Kanjeng Gupremen utawi warni uwang kertas akintuna serat dhateng Maskapai wau, serat punika kedahh kabayar dening ingkang ngintunaken, artapamenangipun inggih lajeng badhe kakintunaken ananging bilih arta wau ical wonten ing margi inggih dados pitunanipun ingkang kaleresan nampeni. katandhan dening Komisi bab loteri minongka ambayar wragadipun panggelaripun barang pamedaling Taberen ingkang badhe wonten ing Batawi benjing salebetipun tahun 1865. Tuwan M.P. Pelles, Tuwan D.swanetwalen, Tuwan N.P. Vandenberg, Tuwan H.H.Olle, Tuwan Jamismaklaklan. Ingkang sade lot wonten ing Surakarta Tuwan P.W.G.Negangdat.